

*Tout
istwa
ki nan* **Bib la**

jan John Walsh rankonte e ranje yo

Premye Liv

Tout istwa biblik yo nan senk liv:

Kòmansman yo

Istwa 1 a 52

Etablisman yon Nasyon

Istwa 53 a 113

Chemen ki te Mennen nan Kaptivite

Istwa 114 rive nan 161

Bèlte ki Sòti nan Sann Dife

Istwa 162 rive nan 219

Travay Sentespwi a Fè

Istwa 205 rive nan 255

©Copyright 2011, John Walsh, Bible Telling (*Rankonte Istwa Biblik*)

Yon moun oubyen yon ministè genyen dwa sèvi avèk istwa sa yo, si yo p' ap sèvi avè l' pou l' fè lajan. Si yon moun pa resevwa pèmisyon otè a, li pa gen dwa repwodwi anyen nan liv sa a pou l' fè pwomosyon, ni pou l' vann yon pwodwi oubyen yon sèvis.

Tout dwa rezève.

www.bibletelling.org

Liv 1: Kòmansman yo

Lis istwa yo

- | | |
|-----------------------------------|--------------------------------|
| 1- Kreyasyon an | 28- Jida |
| 2- Adan Avèk Èv | 29- Jozèf Vin Chèf |
| 3- Chit la | 30- Fanmiy Jozèf Reyini Ansanm |
| 4- Kayen Avèk Abèl | 31- Moyiz Fèt |
| 5- Delij la | 32- Moyiz Jwenn yon Madanm |
| 6- Lemonn Aprè Delij la | 33- Bondye Rele Moyiz |
| 7- Bondye Rele Abraram | 34- Sefora |
| 8- Mèlkisedèk | 35- Pay Pou Fè Brik |
| 9- Bondye Ki Wè M' nan | 36- Dis Plè yo Kont Faraon |
| 10- Bondye Pwomèt Abraram | 37- Fèt Pak la |
| 11- Negosyasyon Avèk Bondye | 38- Travèsè Lamè Wouj la |
| 12- Sodòm Avèk Gomò | 39- Sa Sa Ye? |
| 13- Se Sè Mwen Li Ye | 40- Letènèl Se Banyè Mwen |
| 14- Bondye Tande | 41- Lalwa a |
| 15- Bondye Pase Abraram nan Eprè | 42- Ti Bèf Ki Fèt an Lò a |
| 16- Bècheba | 43- Tabènak la |
| 17- Rebeka | 44- Dife Etranj la |
| 18- Ezaou Vann Dwa Nesans Li a | 45- Sekèy Pou Sa Yo Ki Anvi a |
| 19- Abraram Di Li Se Sè Mwen Ankò | 46- Krache nan Figi Miriyam |
| 20- Nonm Ki Fouye Pi a | 47- 12 Espyon yo |
| 21- Vòlè Benediksyon an | 48- Kore Revòlte |
| 22- De Madanm Jakòb yo | 49- Pale Avèk Wòch la |
| 23- Tachte, Makete e Reye | 50- Bourik Balaram Pran Pale |
| 24- Jakòb Kite Kay Laban | 51- Pwofesi Balaram yo |
| 25- De Kan yo | 52- Moyiz Mouri |
| 26- Dina | |
| 27- Yo Vann Jozèf Kòm Esklav | |

Avètisman pou paran yo avèk pwofesè yo:



Imaj sa a va parèt devan yon istwa ki mande prekòsyon. Istwa a gen materyèl ki kapab sanble pa bon pou timoun piti, nou konseye w pou w li istwa a poukont w avan w rakonte l' a ot vwa pou timoun yo.

Liv 2: Etablisman yon Nasyon

Lis istwa yo

- | | |
|---|-------------------------------------|
| 53- Rarab | 84- David Resevwa Onksyon an |
| 54- Yo Travèse Jouden an | 85- Golyat |
| 55- Jeriko | 86- David resevwa yon madanm |
| 56- Akan | 87- David Pwoteje |
| 57- Solèy la Rete Kanpe | 88- Twa Flèch yo |
| 58- Jozye Di Yo Orevwa | 89- David ap Kouri Poutèt Sayil |
| 59- Twa Zanmi Jòb yo | 90- Yon Moso Nan Manto Sayil la |
| 60- Otonyèl Avèk Eyoud | 91- Abigayil |
| 61- Debora Avèk Barak | 92- Epanye Moun Bondye Te Chwazi a |
| 62- Mirak Jedeyon an | 93- Moun Ki Rete pou Veye Bagay yo |
| 63- Twa San Sòlda yo | 94- Majisyèn Andò a |
| 64- Wa Pye Bwa yo | 95- Sayil Avèk Jonatan Mouri |
| 65- Ve Jefte a | 96- Jorab Avèk Abnè |
| 66- Samson Fèt | 97- David Tabli Kòm Wa |
| 67- Fò e Dou | 98- Vanyan Solda David yo |
| 68- 300 Rena Avèk Yon Zo Machwè Bourik | 99- David Deplase Bwat Kontra a |
| 69- Samson Avèk Delila | 100- David Mete Wayòm li sou Pye |
| 70- Pitit Pitit Gason Moyiz la | 101- Amonit yo |
| 71- Lagè Kont Tribi Benjamen an | 102- Batcheba |
| 72- Madanm Pou Moun Ki Rete Nan Tribi Benjamen an | 103- Istwa Natan an |
| 73- Naomi Avèk Rit | 104- Tama |
| 74- Boaz Avèk Rit | 105- Absalon Retounen |
| 75- Bondye Rele Samyèl | 106- Absalon Revòlte Kont Papa'l |
| 76- Yo Pran Bwat Kontra a | 107- Absalon Pèdi Batay la |
| 77- Bwat Kontra Bondye a Retounen | 108- David Retounen o Pouvwa |
| 78- Ebenezer | 109- Fanm ki Saj la nan Vil Abèl la |
| 79- Sayil Vin Wa | 110- Netwayaj Etnik |
| 80- Lapè pou yon Zye | 111- David Fè yo Konte Pèp la |
| 81- Li Echwe nan Tès la | 112- David Remèt Salomon Pouvwa a |
| 82- Viktwa Jonatan an | 113- David Avèk Jorab Mouri |
| 83- Sayil Dezobeyi Bondye | |

Avètisman pou paran yo avèk pwofesè yo:



Imaj sa a va parèt devan yon istwa ki mande prekòsyon. Istwa a gen materyèl ki kapab sanble pa bon pou timoun piti, nou konseye w pou w li istwa a poukont w avan w rakonte l' a ot vwa pou timoun yo.

Liv 3: Chemen ki te Mennen nan Kaptivite

Lis istwa yo

- | | |
|--|------------------------------------|
| 114- La Sajès de Salomon | 139- Jeou Vin Wa |
| 115- Konstriksyon Tanp la | 140- Jezabèl |
| 116- La Rèn de Seba | 141- Atali |
| 117- Wayòm nan Divize | 142- Joas |
| 118- Peche Jewoboram nan | 134- Elize Mouri |
| 119- Ansyen Pwofèt la | 144- Jonas avèk Pwason an |
| 120- Woboram e Jewoboram | 145- Jonas avèk Pye Maskriti a |
| 121- Abija e Asa | 146- Touf Pikan an Avèk Pye Sèd la |
| 122- Eli Avèk Vèv Sarepta a | 147- Ozyas |
| 132- Eli nan Mòn Kamèl la | 148- Akaz |
| 124- Eli sou Mòn Orèb la | 149- Izrayèl Depòte |
| 125- Pwofèt ki te Blese a | 150- Ezekyas |
| 126- Jaden Rezen Nabòt la | 151- Wa Asiri a |
| 127- Jozafa Avèk Akab | 152- Kenz An an Plis |
| 128- Viktwa Jozafa a | 153- Yon Move Wa Repanti |
| 129- Kapten 50 lan | 154- Yo Jwenn yon Liv |
| 130- Eli nan Toubouyon an | 155- Refòm Jozyas yo |
| 131- Twou Dlo yo | 156- Kannari Kraze a |
| 123- Lwil la, Po a, Pen epi Rach la | 157- Yo Brile Liv la |
| 133- Fanm Sinamit la | 158- De Panye Fig yo |
| 134- Naaman | 159- Babilòn Ansèkle Jerizalèm |
| 135- Gerazi | 160- Pwi Labou a |
| 136- Sòlda Avèg yo | 161- Moun Peyi Jida yo Ale an Ejip |
| 137- Kat Lepre yo avèk Kan Lame Siri a | |
| 138- Elize t'ap Kriye | |

Avètisman pou paran yo avèk pwofesè yo:



Imaj sa a va parèt devan yon istwa ki mande prekòsyon. Istwa a gen materyèl ki kapab sanble pa bon pou timoun piti, nou konseye w pou w li istwa a poukont w avan w rakonte l' a ot vwa pou timoun yo.

Liv 4: Bèlte ki Sòti nan Sann Dife

Lis istwa yo

- | | |
|----------------------------------|--|
| 162- Plenn Zo Sèk yo | 193- Pisin Betesda a |
| 163- Desizyon Danyèl la | 194- Yo Koupe Tèt Jan Batis |
| 164- Rèv Nebikadneza a | 195- Yon Repa avèk yon Ti Mache |
| 165- Yon Fou Chaje Dife | 196- Pen Lavi a |
| 166- Li Tounen yon Bèt Sovaj | 197- Jezi Bay 4.000 Moun Manje |
| 167- Men K'ap Ekri sou Mi an | 198- Fanm Adiltè a |
| 168- Fòs Lyon yo | 199- Jezi Geri Nonm Ki Te Fèt Avèg la |
| 169- Rekonstriksyon Tanp la | 200- Transfigirasyon an |
| 170- Esdras | 201- Jezi Peye Taks nan Tan Plan |
| 171- Rekonstriksyon Miray yo | 202- Nonm Rich la avèk Laza |
| 172- Estè Vin Rèn | 203- Swasann dis Fwa Sèt Fwa |
| 173- Estè Sove Pèp Jwif la | 204- Bon Samariten an |
| 174- Sa Gabriyèl te Anonse yo | 205- Mouton Pèdi a, Pyès Lajan ki te Pèdi a ak
Pitit Gason ki te Pèdi a |
| 175- Nesans Jezi | 206- Moun Ki Genyen Maladi Lalèp, Move Jij la
Avèk Ògèy |
| 176- Kado pou Wa a | 207- Rezireksyon Laza |
| 177- Lè Jezi Vin Gen Douzan | 208- Moun ki Gran an, Moun Rich la avèk Pòv la |
| 178- Batèm avèk Tantasyon Jezi | 209- Antre Triyonfal Jezi a nan Jerizalèm |
| 179- Dlo Chanje an Diven | 210- Dènyè Semèn Ministè Jezi a |
| 180- Nouvèl Nesans lan | 211- Dènye Soupe a |
| 181- Fanm lan nan Pwi a | 212- Jetsemani |
| 182- Yo Rejte'l nan Vil Nazarèt | 213- Jijman Jezi Devan Jwif yo |
| 183- Pechè Lèzòm | 214- Jijman Jezi Devan Women yo |
| 184- Ansèyman sou Mòn nan | 215- Krisifiksyon an |
| 185- Padone Peche yo | 216- Rezirèksyon an |
| 186- Jezi Chwazi Douz Apòt yo | 217- Disip Emayis yo |
| 187- Yon Fanm avèk yon Antèman | 218- De Disip Restore |
| 188- Padone e Rekonesan | 219- Gran Komisyon an, Monte nan Syèl, N'ap
Tann Li |
| 189- Kat Teren yo | |
| 190- Ansèyman pa Mwayen de Istwa | |
| 191- Li Kalme 2 Tanpèt | |
| 192- Malad Depi Douzan | |

Avètisman pou paran yo avèk pwofesè yo:



Imaj sa a va parèt devan yon istwa ki mande prekòsyon. Istwa a gen materyèl ki kapab sanble pa bon pou timoun piti, nou konseye w pou w li istwa a poukont w avan w rakonte l' a ot vwa pou timoun yo.

Liv 5: Travay Sentespwi a Fè *Lis istwa yo*

- | | |
|--|--|
| 220- Vini Sentespwi a | 238- Deziyèm Lèt a Tesalonisyen yo |
| 221- Gerizon Enfim nan | 239- Demonstrasyon nan Vil Korent lan |
| 222- Ananyas avèk Safira | 240- Grèv nan Vil Efèz la |
| 223- Apot yo avèk Dyak yo | 241- Premye Lèt a Korentyen yo (1 ^{er} Pati) |
| 224- Etyèn, Premye Mati Kretyen | 242- Premye Lèt a Korentyen yo (2 ^{em} Pati) |
| 225- Ministè Filip la | 243- Deziyèm Lèt a Korentyen yo (1 ^{er} Pati) |
| 226- Sòl Konvèti | 244- Deziyèm Lèt a Korentyen yo (2 ^{em} Pati) |
| 227- Gerizon Dòkas | 245- Lèt a Women yo (1 ^{er} Pati) |
| 228- Kònèy, Premye Moun Ki Pa Jwif Ki Konvèti | 246- Lèt a Women yo (2 ^{em} Pati) |
| 229- Moun Ki Konvèti nan Vil Antyòch | 247- Pòl ap ale Jerizalèm |
| 230- Prizon an Kraze | 248- Grèv nan Jerizalèm |
| 231- Pwemye Vwayaj Misynè a | 249- Konplo pou tiye Pòl |
| 232- Sòti nan Adorasyon Tonbe Anba Kout Wòch | 250- Feliks, Festis avèk Agripa |
| 233- Eske Nou Oblije Kontinye Kenbe Lalwa Jwif yo? | 251- Tanpèt nan lamè a |
| 234- Lèt a Kretyen Galat yo | 252- Nofraj nan Ale Wòm nan |
| 235- Chante Depi nan Prizon | 253- Onezim |
| 236- Grèv Pa Kapab Anpeche Levanjil Gaye | 254- Nouvo syèl la ak nouvel tè a |
| 237- Premye Lèt a Tesalonisyen yo | 255- Nouvo syèl yo avèk nouvel Jerizalèm nan |

Avètisman pou paran yo avèk pwofesè yo:



Imaj sa a va parèt devan yon istwa ki mande prekòsyon. Istwa a gen materyèl ki kapab sanble pa bon pou timoun piti, nou konseye w pou w li istwa a poukont w avan w rakonte l' a ot vwa pou timoun yo.

1 - Kreyasyon an

Jenèz 1-2:4

O kòmansman, Bondye te kreye syèl la avèk Tè a. Latè pa t' gen lavi, li te vid, epi l' te nwa. Lè sa a Lespwi Bondye t'ap fè mouvman nan gran vid sa a. Bondye di: "se pou limyè parèt". Sibitman limyè parèt toupatou sou latè ! Bondye gade limyè a, epi li di: " sa bon".

Après sa Bondye separe limyè a ak fènwa a. li gade limyè a, li di: "m'ap rele w jounen". Li vire bò fènwa a, li di: "m'ap rele w nwit". Konsa jou a avèk nwit la, se te premye jou a. dezyèm jou a, Bondye gade dlo yo epi li di: " separe !" lamenm, dlo yo te separe. Yon pòsyon monte epi lòt pòsyon an rete anba. Bondye gade dlo yo ki anwo yo, epi li gade sa yo ki anba yo. Après sa li gade espas vid la ki nan mitan yo a li di: "m'ap rele w syèl".

Twazyèm jou a, Bondye gade dlo yo ki anba syèl la, li di: "se pou nou sanble ansanm epi pou nou tounen lamè, rivyè avèk lak. se pou latè parèt" sibatman latè monte sot nan dlo yo. Rivyè yo kouri nan tè a, li separe mòn yo epi li fòmè vale yo. Lak avèk lamè gaye toupatou. Bondye gade tè a avèk lamè yo epi li di: " sa bon". Après sa li di se pou latè pwodwi zèb vèt, se pou l' pwodwi legim avèk tout kalite pye bwa. Yo tout va gen grenn, konsa pou lavi kapab toujou kontinye. Lamenm plant yo te kòmanse pouse sou tout latè. Te gen zèb, flè avèk legim. Te genyen tout kalite pyebwa. Yon pati va vin wo, tandiske yon lòt pati va rete tou ba. Kèk nan pyebwa yo va donner diferan kalite fwi. Tout kalite plant sa yo te kòmanse depi lè sa a pou rive jouk nan tan jodi a, e yo tout te gen grenn pou pèmèt lavi toujou kontinye.

Katriyèm jou a Bondye gade syèl la epi li di: "se pou limyè parèt, yon gran limyè ki pou klere lajounen avèk yon limyè pi piti ki pou klere lannwit, li va separe jou a ak nwit la, epi li va sèvi pou sin yo avèk sezon yo, pou jou yo avèk ane yo". Lamenm solèy la te kòmanse mache nan syèl, li bay latè limyè ak chalè. Lalin nan avèk zetwal yo plen syèl la avèk bèlte, avèk klate. Bondye te gade solèy la, lalin nan avèk zetwal yo epi li di: "sa bon. "

Senkyèm jou a, Bondye gade syèl la avèk dlo yo ki te anba l' la, li di: "pwodwi lavi! Se pou genyen zwazo nan syèl la, avèk pwason nan lamè a, avèk kreyati nan dlo yo. Lamenm kreyati yo te kòmanse ap mache nan lamè yo, nan lak yo avèk nan rivyè yo. Yon pati te gwo epi yon pati lòt te trè piti. Te gen pwason tout tay, tout fòm, tout koulè. Zwazo yo te parèt nan syèl la.

Kèk te vole trè wo nan syèl la, tandiske lòt yo rete toupre latè. Yo te gen diferan kalite fòm, diferan kalite koulè, epi diferan kalite rèl. Bondye te gade bèt lamè yo, pwason yo avèk zwazo yo epi li di: "sa bon". Li te beni yo epi li te di yo: "miltipliye epi ranpli lamè yo avèk syèl la".

Sizyèm jou a, Bondye te di latè: "pwodwi kreyati vivan". Se pou genyen bèt nan dezè epi lòt kalite ki kapab domestike. Lamenm, bèt te kòmanse mache toupatou sou latè. Yon pati te trè gwo, yon lòt pati te trè piti, Bondye te gade yo epi li te di: "sa bon."

Après sa, Bondye di: "annou fè lòm. N'ap fè l' sanble avèk nou. Yo va domine sou pwason lamè yo, sou zwazo yo, epi sou bèt yo k'ap viv sou tout latè a. konsa, Bondye te kreye yon nonm avèk yon fanm. Li te beni yo epi li te di yo miltipliye, ranpli latè. Li te di yo pou yo domine sou tout sa l' te kreye yo. Après sa, li te ba yo fwi yo, sereyal yo, legim yo avèk tout plant ki vèt yo kòm bagay pou yo te manje.

Après sa, Bondye te gade tout sa yo li te fè yo, epi li te di: "yo tout trè bon."

Setyèm jou a Bondye te repoze aprè l' te fin fè tout sa l' te fè yo, li te repoze setyèm jou a epi li te beni l'.

Se konsa, Bondye te kreye syèl la avèk tè a, li te kreye lavi nan pwemyè semèn nan tan an.

2 - Adan Avèk Èv

Jenèz 2:5- 24 e 3:20

Imajine kòman latè te ye lè l' te fèk fèt, avan plant yo te fèt. Nan tan sa a, Bondye pa t' ankò pèmèt lapli tonbe sou latè, men li te fè yon vapè mouye tè a chak jou.

Nan tan sa a, Bondye te pran enpe tè epi li te kreye premye moun nan. Li te soufle nan nen l' epi Adan te vîn vivan.

Bondye te fè yon jaden, yon kote yo te rele Edenn. Li te plante tout kalite pyebwa ladann, epi te genyen yon rivyè ki t'ap koule sòti nan jaden an. Nan mitan jaden an, te genyen de pyebwa espesyal. Yonn te rele pyebwa lavi a, lòt la te rele pyebwa konesans byen avèk mal la.

Bondye te di Adan pou l' okipe jaden an. Li te di l': " ou mèt manje nan tout fwi ki nan jaden an eksèpte yonn nan de yo ki nan mitan jaden an, se pyebwa konesans byen avèk mal la. Pinga ou manje fwi nan pyebwa sa a. Jou w manje l' w'ap mouri".

Bondye di: « li pa bon pou lòm rete poukont li, n'ap fè yon konpay pou li, ki kapab ede l'. Lè sa a, li te fè tout bèt yo pase devan Adan epi li te di l' pou l' ba yo non. Konsa, Adan te bay tout bèt yo non, e tout sa l'te bay non se te non yo sa.

Pandan l' tap ba yo non an, li note ke tout bèt yo te vini pa pè, mal avèk femèl. Men l' te gade toupatou li remake ke pa t' gen yon femèl pou li. Bondye te fè l' dòmi pwofondeman, e li te pase anpil tan ap dòmi. Bondye te louvri bò kote l' e li te pran youn nan zo kòt li yo. Aprè sa li te fèmen l' byen fèmen. Bondye te sèvi avèk kòt sa a pou l' te fè yon fanm.

Lè Adan te reveye, Bondye te mennen fanm nan ba li. Adan te di: « sa se zo mwèn, epi vyann ki sòti nan vyann mwèn. M'ap rele l' Fanm, paske se nan Lòm yo te pran l' ». se sa k' fè yon nonm ap kite paran l' yo epi l'ap atache avèk madanm li, yo va tounen yon sèl chè.

Adan rele madanm li Èv paske l' te va devni manman tout moun.

3 – Chit la

Jenèz 2:25- 3:24

Bondye te kreye Adan avèk Èv e li te mete tout sa yo te bezwen nan Jaden Edèn nan. Menm jan avèk bèt yo, yo pa te bezwen rad, ni yo pa t' wont rete konsa.

Koulèv la te pi entelijan pase tout lòt bèt yo. yon jou li te di Èv konsa: « èske vrèman Bondye pa kite nou manje nan tout pyebwa ki nan jaden an? A, nou kapab manje nan tout pyebwa ki nan jaden an, eksèpte nan yonn ki nan mitan jaden an. Bondye te di nou, pa manje fwi sa a, ni menm touche l'. Li te di jou nou fè sa, n' ap mouri.»

« se pa vre nou p'ap mouri. Bondye di nou sa, se paske l' konnen jou nou manje fwi sa a, nou va vèn menm jan avè l' – n'ap konnen byen avèk mal.»

Fanm nan te gade fwi a. li te bèl epi sanble l' gen bon gou. Li te di nan panse l': «si m' manje fwi sa a l'ap fè m' vèn saj» konsa li te pran fwi a epi li te manje li. Li te bay Adan enpe ladann epi Adan te manje l' tou. Lamenm, yo te vèn wè yo toutouni. Konsa, yo te koud kèk fèy figye ansanm, pou yo te fè rad pou yo te kouvri kò yo.

Lè l' te vèn lannwit, yo te tande Bondye ap mache nan jaden an. Lamenm, yo te vèn dekouvri yo te vèn pè Bondye. Konsa, yo te kache nan mitan pyebwa yo. Bondye te di: «Adan, kote w ye?»

Adan te konnen li te dwe reponn. Li te di: «Senyè, mwen te tande w ap mache nan jaden an, mwen te pè, paske mwen toutouni. Se poutèt sa, mwen te kache.»

« Kimoun ki te di w ou toutouni?» Èske w te manje nan pyebwa mwen te di w pa manje ladann lan? « se fanm nan ki te ban m' li. Li te ban m' fwi a, epi ... wi, mwen te manje l'.»

Bondye te vire bò kote Èv li di l': «poukisa ou fè sa?»

“Sèpan an! Sèpan an twonpe m' pou l' te fè m' manje l'!”

Bondye te vire bò Sèpan an, epi li te di l': «poutèt ou te fè sa, ou modi nan mitan tout bèt yo. Depi kounyea, se sou vant ou ou pral trennen nèt al kole. Oumenm avèk fanm nan, nou yonn va rayi lòt, desandan w avèk desandan l'va goumen ansanm. Desandan fanm nan va kraze tèt ou, tandiske oumenm ou va blese talon l'sèlman.»

Après sa, Bondye tounen gade fanm nan, li te di l': «ou va gen anpil doulè lè w'ap akouche. Ou va anvi dirije mari w, men depi kounyea se mari w k'ap dirije w nèt al kole.»

Bondye te di Adan: «mwen te fè nou konnen byen klèman ke nou pa t' dwe manje nan pyebwa sa a. poutèt nou te dezobeyi a, latè ap modi. Depi kounyea fòk ou travay pou w manje, e tè a va goumen kont ou. La pouse pikan avèk move zèb. Ou va gen pou w travay di pandan tout lavi w jiskaske ou tounen nan tè a kote w te sòti a.» Bondye te fè rad avèk po bèt pou l' te abiye nonm nan avèk madanm li. Après sa, li te mete yo deyò nan jaden an, e kote yo te ye a, yo te travay latè pou yo te jwenn sa pou yo manje.

Bondye te di: «Lòm konnen konnen byen avèk mal kounyea, yo kapab chèche jwenn pyebwa lavi a, konsa, yo va kapab viv pou tout tan.» Alò, Bondye mete yon anj nan antre jaden Edenn nan, pou pèsòn pa antre ladann. Depi lè sa a pou jouk jodi a, lòm separe avèk pyebwa lavi a.

4 - Kayen Avèk Abèl

Jenèz 4: 1 -16

Adan avèk Èv te fè yon pwemye pitit gason, yo te rele l' Kayen. Aprè kèk tan yo te gen yon lòt, yo te rele l' Abèl. Abèl te devni yon bèje – li te konn okipe bèt. Kayen limenm te konn travay latè, yon jou, lè lè a te rive pou yo te pote yon ofrand bay Bondye, Kayen te pran desizyon pou l' fè yon ofrand pou Bondye avèk fwi avèk legim, olye l' te ofri yon mouton. Abèl te pote yon ofrand tou, men se te pi bèl mouton nan twoupo mouton l' lan. Bondye te kontan avèk ofrand Abèl la, men li pa t' kontan avèk ofrand Kayen an. Kayen te fache lè l' te wè Bondye pa t' aksèpte ofrand li an. li te kòmanse joure. Bondye te di: “poukisa ou fache konsa? Si w fè sèlman sa ki byen, m'ap kontan avèk ou epi w'ap byen men si w aji mal, w'ap tonbe nan peche, li kouche nan pòt kay la, l'ap chèche kontwole w', men gade! Chèche kontwole l'oumenm.”

Kèk jou aprè sa, Kayen te kòmanse pale avèk Abèl. Pandan yo te nan jaden ansanm, Kayen te atake frè l' la Abèl epi li te tiye l'.

Après sa te fin pase, Bondye te mande Kayen: kote Abèl, frè w la? “Mwen pa konnen! Eske mwen se gadyen frè m'? Bon, Kayen kisa w fè konsa? San frè w la ap rele sòti sou latè rive jouk bò kote m'. Ou te renmen tè sa a, men depi kounyea li modi, paske l' te resevwa san frè w la. Ou pra l' kontinye travay tè a, men li p'ap ba ou tout sa w bezwen, li p'ap ba ou sa k' ta pi bon pou ou a. ou va yon vagabon k'ap mache toupitou sou latè.” Lè Kayen te tandè sa, li tonbe atè epi li te kriye konsa: “mezanmi, Bondye! Ou ban m' yon chatiman ki twò rèd! Ou mete m' deyò sou tè sa a epi nan prezans ou! Mwen pa konnen kote m' prale, mwen va separe avèk tout lòt moun yo, nenpòt moun ki jwenn mwen kapab tiye m'.” Se sa k' fè Bondye te mete yon mak sou Kayen epi li te di: «moun ki tiye Kayen, y'ap fè vanjans pou Kayen sèt fwa!” Après sa, Kayen te ale lwen prezans Bondye.

5 - Delij la

Jenèz 6 -9: 17

Après ke pèp la te dezobeyi Bondye e tonbe nan peche, yo te vin mechan anpil. Tout panse avèk tout aksyon yo pa t' bon. Bondye te oblije pran desizyon pou l' detwi tout moun li te kreye yo. Men gen yon moun ki te rele Noye ki t'ap sèvi Bondye, Letènèl te di l': "mwen pral detwi latè avèk yon delij, paske lèzòm vin mechan anpil. Se poutèt sa m'ap fè yon kontra (alyans) avèk ou, pou m' kapab konsève lavi sou latè. Bati yon lach (bato), m'ap ba ou egzakteman mezi pou w sèvi pou w fè sa. Lè w fin fè sa, yon delij pral detwi tout moun avèk tout bèt ki sou latè. Men oumenm avèk fanmi w va sove, avèk tout bèt yo ou va pran avèk ou yo tou."

Bondye te di l'jan pou l' bati Lach la. Noye te fè egzakteman sa Bondye te di l'fè. Limenm avèk twa pitit li yo te bati Lach la. Lè yo te fin fè l', Bondye te di l': " Noye, monte nan Lach la, oumenm avèk fanmi w. aprè sèt jou, lapli pral kòmanse tonbe sou latè epi tout moun avèk tout bèt va detwi, eksèpte sa yo ki nan Lach la.

Konsa, Noye avèk madanm li, pitit li yo avèk madanm yo te antre nan Lach la. Menm lè yo te antre ladann nan, bèt yo avèk zwazo yo te kòmanse antre pa pè, mal avèk femèl. Bèt pwòp yo te antre pa sèt pè, ni zwazo pwòp yo tou, men yon pè sèlman nan lòt kalite yo te antre. Lè tout kalite bèt avèk tout kalite zwazo yo te fin antre, Bondye te fèmen pòt la.

Après sèt jou, dlo yo ki te anba syèl la te kòmanse monte sou latè. Menm kote a latè te louvri epi sous dlo yo te pete sòti nan fon anba li a. dlo te kouvri mòn yo e plen plèn yo. Asireman li te kouvri tout tè a. Tout moun avèk tout bèt yo te detwi. Menm dlo sa yo te pwoteje Lach Noye a, yo te anpeche l'detwi. Moun yo, bèt yo avèk zwazo yo ki te nan Lach la te sove, men tout lòt yo ki te nan lemond antye te detwi. Delij sa a te dire karant jou karant nwit. Li te kouvri tout latè, epi aprè sa ... li te rete. Lach Noye a te flote anwo dlo a pandan 110 jou aprè lapli a te rete. Te genyen van ki t'ap vante toupatou sou latè ki te seche l'. Aprè sa, Lach la te rete sou yon mòn ki rele Arara. Aprè sa, Noye te tann yon lòt 4 mwa avan l' te louvri fenèt la, pou l' te wè sa k'te sou latè.

Li te lage yon kònèy, men kònèy la pa t' janm tounen. Aprè sa, li te lage yon pijon ki te vole toupatou, men l' pa t' jwenn kote pou l' te fè nich. San pran tan, li te retounen nan lach la e Noye te pran l' mete nan Lach la.

Après sèt jou, li te voye pijon an ankò. Fwa sa a, li te retounen avèk yon fèy doliv nan bèk li. Sa te pèmèt Noye konprann ke plant yo te kòmanse pouse ankò. Li te tann sèt jou epi li te voye pijon an ankò, fwa sa a li pa t' tounen ankò. Aprè yon mwa, Noye te retire kouvèti Lach la e l' te wè tè a te sèch. Bondye te di l': "fanmiy ou avèk bèt yo kapab kite Lach la kounyea."

Kon Noye te sòti nan Lach la, li te bati yon lotèl pou l' te adore Bondye. Bondye te pran odè sakrifis la, epi li te di: "mwen p'ap janm detwi latè avèk yon delij ankò. Va toujou genyen plantasyon avèk rekòt, chalè avèk fred, lete avèk livè, lajounen avèk lannwit. Depi kounyea, bèt yo pra l' pè nou, men se sou kont nou yo va toujou ye. Kounyea nou kapab manje ni bèt yo, ni plant yo. Men nou pa dwe tiye moun, paske yo fèt nan resanblans ak nan imaj Bondye. Nou dwe miltipliye epi ranpli latè avèk moun ankò.

Bondye te di Noye avèk fanmiy li: "gade nyaj yo epi gade lakansyèl la, lè m' gade l' e lè nou gade l', nou va sonje pwomès la. Latè p'ap janm detwi pa yon delij ankò. Sa se pwomès mwen fè nou.

6 - Lemonn Aprè Delij la

Jenèz 9: 20 -11: 26

Aprè delij la, Noye te plante yon jaden rezen. Yon lè li te bwè nan diven li te rekòlte a epi li te sou. Li te ale nan tant li a epi dòmi te pran l' sou planche a, san l' pa t' gen rad sou li. Pi piti nan pitit gason l' yo te wè papa l' kouche la, li te kouri sòti byen vit al di frè l' yo sa l' te wè. Frè l' yo te pran yon manto, epi yo te mache pa bak, yo te ale nan tant lan, epi yo te kouvri papa yo avèk manto a. Lè Noye te reveye li te aprann sa k' te pase a, poutèt sa li te modi fanmiy pi jèn pitit gason l' lan, epi li te beni fanmiy de lòt yo.

Toulètwa pitit yo te genyen gran fanmiy avèk anpil pitit avèk pitit pitit.

Pami moun sa yo te genyen yon nonm yo te rele Nimwod. Li te devni premye diktatè ki te gouvène nan lemond. Yo te konnen'l kòm yon gran chasè e wayòm li an te rele Babilòn. Pèp Babilòn nan te panse ke si yo te rete ansanm yo t'ap vin pi gran. Yo te santi li t'ap pi bon pou yo pa gaye toupatou sou latè, jan Bondye te mande yo pou yo te fè a. poutèt sa, yo te deside pou yo bati yon tou ki ta kapab jwenn syèl la. Li ta tèlman wo, ke tout moun ta kapab wè l'. Yo te santi sa ta kapab fè yo rete ini ansanm. Bondye te gade tou a epi li te di: "moun yo dezobeyi kòmandman mwen te bay la. Si yo rete ansanm, pa gen anyen k'ap enposib pou yo. Poutèt sa m ap fè yo pale plizyè kalite lang."

Lamenm yo te kòmanse pale lang ki pa t' menm. Yo te tonbe nan konfizyon, paske yonn pa t' kapab konprann lòt. Yo pa t' kapab konprann sa k' te pase avèk yo a. lamem travay pou bati tou a te kanpe. Yo fè gwoup daprè langaj yo epi yo te gaye nan lòt kote nan lemond. Yo te vin konnen tou a kòm tou konfizyon an oubyen tou Babèl la.

Pi gran pitit Noye a se te Sèm. Yonn nan desandan l' yo, se te yon nonm yo te rele pelèj. Non li vle di divizyon, paske se lè l' te fèt la, ke lemond te divize. Pi gran gran pitit li a se te Abraram.

7 - Bondye Rele Abraram

Jenèz 11: 26- 12: 20

Terak te rete yon kote yo rele Ou. Li te gen twa pitit gason epi omwen yon pitit fi. Yonn nan pitit li yo te fè yon pitit yo rele Lot. Lòt gason an se te Abram, li te marye avèk demi sè l'la Sarayi. Aprè lamò papa Lot, Terak te pran tout fanmiy li yo li te al rete nan Nò, yon kote yo te rele karan. Yo te rete la jouk Terak te mouri. Lè Abram te gen swasantkenz an, Bondye te di l': "Abram, mwen vle pou w kite fanmiy ou avèk peyi w pou w ale yon kote mwen chwazi pou ou. Mwen va fè ou tounen yon nasyon e non ou va gran. Mwen va beni w epi mwen va beni lòt moun ki va beni w tou. E mwen va modi lòt moun ki modi w tou. Tout fanmiy ki rete sou latè va beni nan ou. Se konsa Abram te pran madanm li, Sarayi, avèk neve l' la Lot, yo te kite Karan. Lè yo te rive yon kote ki te rele Kanaran, Bondye te di: "mwen bay oumenm avèk pitit ou yo peyi sa." Abram te kwè nan Bondye, menm si li pa t'ankò gen okenn pitit. Li te konnen ke Bondye t'ap kenbe pwomès li. Li te bati yon lotèl nan nouvo peyi a ke Bondye te ba l' la epi li te adore Bondye. Kèk tan aprè, yon gwo grangou te tonbe nan peyi a. Lè sa a Abram pran tout sa l' te genyen epi li te ale an Ejipt. Li te di Sarayi: "Ejipsyen yo va wè ou se yon bèl fanm, yo va chèche tiye m' pou yo pran w. Poutèt sa di yo ke ou se sè m'. Sa l' te di a te vre wi. Ejipsyen yo te wè Sarayi te bèl. Lè Faraon te konnen l' pa t' marye li te pran l' lakay li, li te sèvi byen avèk Abram, paske l' te panse ke li se te frè Sarayi.

Abram te vin rich an Ejipt. Nan riches li yo te genyen, mouton, bèf, bourik, chamo, avèk anpil sèvitè. Bondye te fache kont Faraon, paske l' te pran Sarayi lakay li. Bondye te voye anpil malediksyon avèk gwo maladi kont Faraon an avèk fanmiy li. Aprè sa, faraon an te di Abram: "poukisa ou fè m' sa? Ou te di m' li se sè ou, kounyea mwen vin konnen se madanm ou li ye. Pran madanm ou epi al fè wout ou nan peyi w. Se konsa, Abram te pran madanm li avèk Lot epi yo te retounen nan peyi Kanaran. Yo te rete touprè yon kote yo te rele Betèl. Yo te adore Bondye la.

8 - Mèlkisedèk

Jenèz 13: 10 -15: 24

Ni Abram, ni Lot te rich anpil. Sa pa t' pran tan pou te gen kont ant gadyen bèt toulède mesye yo.

Abram di: "nou pa bezwen goumen antre nou. Dayè nou se fanmiy. Genyen anpil patiraj Isit la. Ou mèt chwazi. Chwazi yon bò, m'ap chwazi lòt bò a.

Lot te konnen ki kote l' te vle ale. Nan plenn Jouden an te gen anpil dlo, e etan l' te an Ejipt li t'ap sonje l'. Anpil fwa li te konn ap di nan panse l': "plenn Jouden an, se tankou jaden Bondye a." Se konsa, li chwazi tout plenn Jouden an. Li te monte tant li toupre Sodòm, malgre moun bò la yo te trè mechan.

Après sa, Letènèl te di Abram: "gade bò Nò epi gade bò Sid. Gade bò Lès epi gade bò Lwès. M'ap bay oumenm ak tout desandan w yo tout sa. Leve, kanpe, mache, mache nan tout tè sa yo, tout se pou ou."

Kèk tan aprè, yon alyans ant kat wayòm t'ap fè lagè kont senk wa ki te toupre avèk Sodòm. Kat premye wa yo ki te fè alyans pou yo te fè lagè a te genyen batay la. Yo te pran tout byen moun yo te genyen, e yo te pran anpil moun, yo te pran Lot tou. Lè Abram te tandè sa, li te pran 318 pami sèvitè l' yo ki te konn goumen, yo te al chèche kote kat wa yo te ye. Yo te jwenn yo, yo te atake yo pandan lannwit e yo te bat yo nèt. Yo te pran Lot avèk tout lòt moun yo. Yo te reprann tout sa yo te pran yo, yo te retounen avèk tout moun Sodòm yo.

Abram te rankontre avèk Mèlkisedèk, pandan l' te nan wout la. Mèlkisedèk se te wa nan peyi Salèm, epi li se te yon prèt pou Bondye trè wo a. li te di Abram: "se pou w resevwa benediksyon Bondye trè wo a, Bondye a ki kreye syèl la avèk tè a. Fè lwanj pou Bondye trè wo a, paske se limenm ki te ba w laviktwà kont lènmi w yo."

Abram te bay Mèlkisedèk ladim sou tout bagay. WA peyi Sodòm nan te di Abram: "ban m' pèp la, men ou mèt pran tout byen yo pou ou."

Abram te reponn: "non, mwen pa'p pran anyen nan yo. mwen remèt ou tout bagay, sof sa sèvitè yo te manje pandan lagè a. Mwen pa vle pou'w di mwen te anrichi Abram."

Après sa, Abram avèk sèvitè l' yo tounen lakay yo. Aprè evènman sa yo, Letènèl te vin kote l' nan yon vizyon, li te di l': "mwen se boukliye w e ou va resevwa anpil rekonpans."

Abram reponn, Senynè jiska prezan mwen pa gen yon pitit gason, men mwen gen yon sèvitè, li se tankou yon pitit pou mwen. Kite l' eritye pwomès ou yo pou mwen."

"Non! Ou va gen yon pitit, e se limenm k'ap eritye w. Abram, gade zetwal yo nan syèl la, menm jan yo pa kapab konte zetwal sa yo, se konsa yo p ap kapab konte desandan w yo tou."

Sa te sanble enposib pou Abram, men li te kwè sa, e Bondye te kontan avè l' poutèt sa.

9 - Bondye Ki Wè M' Nan

Jenèz 16

Après Abram te gentan pase 10 lane ap viv nan Kanaran, Sarayi te gen pwoblèm paske l' pa t'ankò genyen yon pitit gason, jan Bondye te pwomèt sa a. Li te di Abram: "mwen gen yon repons pou pwoblèm sa a. Pran Aga sèvant mwen an, ou mèt ale nan relasyon avè l'. Lè l' fè yon pitit gason, se va tankou se mwen menm ki fè pitit gason an.

Abram te dakò, epi li te fè sa l' te di a. Men, la menm lè Aga te ansent, li te kòmanse aji kòm si li te pi bon moun pase Sarayi.

Sa te fè Sarayi fache. Li te di Abram: "se oumenm ki mete m' nan tout pwoblèm sa yo! Ou fè sèvant mwen an ansent, epi kounyea li panse li gen valè pase m'." Abram te reponn li: "se esklav ou li ye. Fè sa w vle avè l'.

Sa fè Sarayi te kòmanse maltrete Aga epi imilyel' tout jan l' kapab. Aprè sa, esklav la te kouri kite kay la. Li te ale bò yon sous dlo ...

Anj Bondye a te di l': "Aga, kote w prale?"

O Senyè, m'ap kouri poutèt Sarayi, metrès mwen an"

"Non, non, ou pa dwe fè sa. Bondye tande kriye w nan lapenn ou an. Retounen epi desann ou devan Sarayi, menmsi l'ap bat ou. Ou va gen yon pitit gason, e ou va rele l'Izmayèl. Li va yon konbatan, li va gen avantaj tout kote. Mwen pra l' multipliyè desandan w yo tèlman, ke yo p'ap kapab konte yo."

Aga te tèlman sezi, li te di: "mwen te wè Bondye a ki wè m' nan. Konsa li rele sous la Pwi Bondye vivan an ki wè m' nan." Aprè sa, li te retounen epi li te desann tèt li devan Sarayi.

Abram te gen 86 an lè Aga te fè pitit gason l' lan. Li te rele pitit gason l' la Izmayèl, ki vle di: "Bondye tande."

10 - Bondye Pwomèt Abraram

Jenèz 18: 1- 15 e 21: 1-7

Lè Abram te gen 99 an, Letènèl te di l' : "ou va papa anpil nasyon e kèk nan desandan w yo, pra l' wa! Poutèt sa m'ap chanje non w an Abraram, ki vle di papa anpil nasyon. Mwen va avèk ou e mwen va bay oumenm avèk desandan w yo peyi sa a kòm yon sin pou pwomès sa yo, se pou w sikonsi tout pitit gason w yo."

Après Bondye te di l' : "Sarayi va rele Sara. Mwen va beni li, epi li va ansent yon pitit."

Abraram te ri epi l' te di: "kòman yon nonm 100 an avèk yon fanm 90 an ap ka fè pitit? Petèt ke Izmayèl kapab eritye tout pwomès ou fè m' yo."

Bondye te di: "Non, Sara va genyen yon pitit gason e ou va rele l'Izaak. Mwen va ba li pwomès mwen yo avèk desandan l' yo, epi mwen va Bondye yo. Epi tout latè va beni nan yo. Men mwen va beni Izmayèl tou. Mwen pra l' fè yon gwo nasyon avè l' tou. 12 tribi va sòti nan li.

Kèk tan après, Abraram te chita devan pòt tant li an. Sibitman li te wè twa moun ki te kanpe tou pre l' la, epi li te dekouvri ke yonn nan yo se te Letènèl. Li te kouri al bò kote yo epi li te di yo: Mesye, silvoupè, vin chita anba pyebwa sa a. Mwen va bannou enpe dlo pou nou lave pye nou. Après sa nou va repoze pandan m'ap prepare yon repa. Après nou fin manje, nou va kontinye fè wout nou."

Yo te reponn: "ok, n'ap rete pou yon moman"

Abraram kouri al kote Sara, li te di l' pou l' prepare pen pou vizitè l' yo. Après sa, li t'al chwazi yon bèl ti bèf nan twoupo bèf li yo epi li remèt li bay sèvant li yo, pou yo prepare'l pou yo fè manje.

Kon manje a te prepare, Abraram sèvi sèvitè l' yo epi li te kanpe deyè li t'ap gade yo k'ap manje.

Lè yo te fin manje, Letènèl te di Abraram: "kote Sara, madanm ou an?"

"Li nan tant lan wi"

Letènèl te di: "m'ap retounen nan anviron yon lane. Lè sa a Sara va fè yon pitit gason."

Sara t'ap tande sa etan l' te andedan tant lan. Li te gen 90 lane, lè sa a li te ri nan lespri l' lè l' te tande ke l' pra l' fè yon pitit gason. Li te di: "se enposib ! Mwen twò vye pou m' fè pitit."

Letènèl mande Abraram: "poukisa Sara te ri a? Eske gen bagay ki enposib pou Letènèl? Mwen va retounen e li va fè yon pitit gason."

Lè Sara te tande sa, li te kouri sòti deyò e li te di: "Senyè mwen, mwen pa t' ri non!"

"E poutan ou te ri."

Nan yon ti tan ankò, Sara te remake li t'apral fè yon pitit.

11 - Negosyasyon Avèk Bondye

Jenèz 18: 16- 33

Abraram te resevwa twa vizitè. Youn nan yo se te Letènèl. Li te sèvi yo yon repa anba lonbraj yon pyebwa. Après a yo te leve epi yo te kòmanse mache pou yo ale Sodòm. Abraram te mache avèk yo rive nan yon ti distans.

Sibitman Letènèl te kanpe epi li te di lòt mesye yo: “mwen pra l’ di Abraram sa m’ pral fè. Nan tan k’ap vini yo, li gen pou l’ devni yon nasyon gran e pwisan. Tout nasyon sou latè va beni nan li. Mwen konnen li va anseye pitit li yo, pou yo onore Bondye e pou yo fè sa ki byen.”

Li vire bò Abraram, li te di l’: “ Peche Sodòm avèk Gomò gran anpil. Mwen tandè rèl moun y’ap maltrete yo tout tan. Mwen pra l’ nan vil la pou m’ kapab wè sa k’ap pase a avèk de zye m’. Si mwen wè se konsa sa ye vre, m’ap detwi yo.”

Pandan Abraram avèk Letènèl t’ap kontinye pale, lòt de mesye yo te kite yo e yo t’ap mache pou yo ale Sodòm. Abraram te di: “ èske w ‘ap detwi moun k’ap mache dwat la ansanm avèk mechan an? Pa egzanzp, si w jwenn 50 moun k’ap mache dwat nan vil la, èske w’ap detwi l’ malgre ou konnen 50 moun k’ap mache dwat yo ap peri avèk mechan yo? Mwen pa kwè w’ap fè sa. Oumenm ki jij tout latè a, mwen konnen ou toujou jis.”

Letènèl te di: “si m’ jwenn 50 moun jis nan Sodòm, poutèt yo menm mwen p’ap detwi vil la.”

Abraram te di: “mwen vin konprann ke mwen pa t’ dwe prese pale konsa avèk ou, mwen menm ki se sèlman pousyè avèk sann. Men annou di ke vil la manke 5 moun pou l’ fè 50 lan, èske w’ap detwi vil la, paske l’ manke 5 moun jis la?”

Letènèl te di: “mwen p’ap detwi vil la si m’ jwenn 45 jis.”

“Bon, Senyè, e si se 40 jis ou jwenn?”

“Si m’ jwenn 40 jis mwen p’ap detwi l’ poutèt 40 jis yo.”

“Senyè pinga fache avè m’ paske m’ap pale avè w ankò. Kisa w’ap fè si w ta jwenn sèlman 30 jis la?”

“Mwen p’ap detwi l’ si m’ jwenn 30 jis la.”

“O Senyè, mwen déjà pale avèk ou tèlman avèk radyès sou sijè sa a, e si w ta jwenn sèlman 20 jis”

“Si m’ ta jwenn 20 jis la, mwen p’ap detwi l’”

“O Senyè, souple pinga fache avè m’. Mwen pwomèt ke se dènye fwa m’ap pale avèk ou sou sa. Kisa w’ap fè si w jwenn sèlman 10 jis la?”

“Mwen p’ap detwi l’, si m’ jwenn 10 jis la.”

Konvèsasyon an te fini la. Letènèl te ale e Abraram te retounen lakay li.

12 - Sodòm Avèk Gomò

Jenèz 19

Nan kòmansman nwit la, de anj te rive Sodòm. Yo te jwenn Lot chita nan pòt vil la. Lamem lè l te wè yo li te al jwenn avèk yo e l te mete ajenou devan yo. Li te di yo: "mwen se sèvitè nou. Silvouplè ann ales lakay mwen, mwen va lave pye nou e mwen va ban nou kote pou nou pase nwit la. Epi mwen va reveye nou bonè pou nou kontinye avèk vwayaj nou an."

Yo te di: "non, n'ap pase nwit la isit la nan vil la sèlman."

"O, non, mesye! Ann ale avè m' kounyea menm. Silvouplè swiv mwen."

Li te mennen yo lakay li e fanmiy li te prepare manje pou yo. Pandan yo t'ap prepare pou yo al kouche, yon foul moun te rasanble deyò a. se te tout moun lavil, ni jèn yo ni granmoun yo. Yo te antoure kay la epi yo t'ap rele: "Lot, ban nou nèg yo ki lakay ou a. mete yo deyò bannou pou nou kapab banboche avèk yo. Lot te kanpe epi li te fèmen pòt la. Li te di yo: "silvouplè, frè mwen yo, pinga fè mechanste sa a. Mesye sa yo se vizitè ki vin lakay mwen. Nou mèt pran de jèn fi mwen yo nan plas yo, yo vyèj. Nou mèt fè sa nou vle avèk yo, men pinga touche mesye sa yo."

Foul la te fache, yo te di: "wete kò w la! Kimoun ou panse w ye - jij nou? Ou pa menm yonn nan nou."

Lè sa a, yo te pouse l'akote epi yo te kòmanse kraze pòt la. Anj yo te louvri pòt la, yo te pran Lot, yo te pouse l'andedan, epi yo te fèmen pòt la. Yo te fè tout moun yo ki te deyò a vin avèg. Foul la te gaye, pandan yo t'ap tatonnen pou yo te jwenn wout kay yo.

Anj yo te vire bò Lot yo te di l': "nou vini la a pou nou detwi vil sa a! rèl moun y'ap maltrete yo rive jouk nan zòrèy Bondye. Fè vit, al rasanble tout moun pa w yo k'ap viv nan vil la, pitit gason, pitit fi, bofis, bèlfy. Pran yo tout epi kite vil sa a.

Lot te kouri al lakay bofis li yo, li te di yo: "reveye! Ann al avè m'! Nou dwe kite vil la! Letènèl pra l' detwil'." Men yo pa t'okipe l', paske yo te kwè l' t'ap jwe. Lot te toujou nan vil la nan maten lè solèy la t'ap leve. Anj yo te rele: "prese! Oumenm avèk fanmiy ou, sòti isit la! Nou san lè mouri nan jijman an!"

Jouk, lè sa a, yo te pran tan pou yo te kite vil la. Malgre sa, Bondye te montre konpasyon anvè yo. Anj yo te rale Lot, madanm li avèk pitit fi li yo epi yo te kouri mete yo deyò lavil la. La ankò anj yo te di yo: "kouri pou nou sove lavi nou! Pinga nou gade dèyè! Pinga nou kanpe toutotan nou pa rive sou mòn nan."

Lot te di: "O Senyè ou te gen konpasyon pou mwen, mwen p'ap kapab gentan rive sou mòn nan. Silvouplè, gen yon ti vil ki toupre la, kite m rive la a.

Anj lan te di: "ale la a, mwen p'ap kite jijman an frape vil sa a. men fè vit, paske mwen pa kapab fè anyen toutotan ou pa an sekirite." Bondye te gen konpasyon pou Lot, poutèt Abraram.

Malerezman, madam Lot te vire gade vil la, pandan l' t'ap kouri, konsa li te tounen yon estati an sèl. Solèy te gentan wo nèt lè Lot te rive nan ti vil la. Lamem, kon l' te rive nan vil la, Letènèl te voye dife sòti nan syèl la e detwi Sodòm avèk Gomò, avèk tout lòt vil ki te nan plenn nan, sof ti vil sa a, kote lot avèk pitit fi l' yo te refijye a.

Abraram te ale nan tèt mòn nan kote Bondye t'ap pale avè l' la. Li te vire zye l' nan direksyon Sodòm, tout sa l' te wè se te lafimen ki t'ap monte nan syèl la.

13 - Se Sè Mwen Li Ye

Jenèz 20

Abraram te ale nan yon peyi kote Abimelèk te wa. Li te di moun la yo: “Sara se sè mwen” poutèt sa Abimelèk te voye moun al chèche Sara, pou yo mennen l’ lakay li. Lè Sara te rive lakay li, Letènèl te avèti wa a pou l’ pa t’gen okenn relasyon seksyèl avèk li.

Bondye te parèt devan Abimelèk nan yon vizyon epi li te di li: “ou pra l’ mouri, paske fanm sa ou mennen lakay ou a, se yon madanm marye.”

Wa a te di: “Senyè mwen inosan! Mesye a te di m’ se sè l’ li ye, e limenm li di menm bagay la tou. Senyè, ou mèt kwè mwen, mwen te fè sa avèk yon konsyans ki klè epitou mwen pa t’ touche l’.”

Letènèl te di: “wi! Mwen konnen ou di laverite. Mwen te anpeche w touche l’. Kounyea koute m’! men sa ou gen pou fè: “Mesye a se yon pwofèt, mennen madanm li ba li epi mande l’ pou l’ lapriyè pou ou. Si l’ fè sa, m’ap kite w viv. Men fè atansyon! Si w pa fè sa, oumenm avèk tout fanmiy w ap mouri.”

Byen bonè nan maten, Abimelèk te rele tout sèvitè l’ yo lakay li. Lè l’ te rakonte sa Bondye te di, yo tout te sezi. Menm kote a, fanm yo te vin pa kapab fè pitit.

Abimelèk te voye chèche Abraram. Lè l’ te vini wa a te di l’: “poukisa ou te fè nou sa? Kisa m’ te fè w ki fè w trete m’ konsa? Tout wayòm mwen an tonbe anba gwo peche. Pa janm genyen okenn kote nan lemonn kote yon moun janm trete lòt moun konsa! Kisa w te gen nan lide w menm?”

Abraram te reponn: “Madanm mwen avèk mwen, nou gen menm papa. Donk se sè m’ li ye reyèlman. Sèlman nou pa t’ gen menm manman. Lè m’ te vin nan peyi w la, mwen pa t’ konnen ke te gen krent pou Bondye isit la. Mwen te panse ke yo ta va tiye m’ epi pran madanm mwen. Se sa k’fè li dakò avè m’, pa lwayote anvè mwen menm, pou l’ te di lòt moun ke li se sè m’.

Abimelèk te voye Sara tounen bay Abraram, avèk mouton, bèf, avèk sèvitè epi mil pyès lajan. Li te di l’: “ou kapab ale libman kote w vle nan wayòm mwen an. Ou mèt rete kote w vle. Okenn moun pa va nwi w. Abraram te priye Bondye pou wa a. Bondye te geri Abimelèk e li te fè tout fanm yo kapab fè timoun ankò.

14 - Bondye Tande

Jenèz 21: 8-21

Lè Abraram te gen 100 lane, Sara te fè yon pitit gason. Yo te rele l' Izarak ki vle di: "ri" paske Sara te di: "Bondye te mete ri nan kè m'." Tout moun ki va tandè ke mwen fè yon pitit va ri sou mwen. Kimoun ki ta di mwen ta gen yon pitit!

Lè Izmayèl te yon jèn tigason, Sara te wè l' t'ap pase Izarak nan jwèt. Li te fache epi li te di Abraram: "mete fanm sa a avèk pitit li a deyò. Mwen pa vle l' eritye nan anyen ki pou Izarak"

Abraram pa t' vle fè sa, paske l' te renmen Izmayèl. Men Bondye te di l': fè sa Sara vle a. Pwomès mwen fè w yo va pase pa Izarak. Ou pa bezwen bay tèt ou pwoblèm pou Izmayèl avèk manman l.

"Paske l' se pitit gason w, mwen va fè yon nasyon avè l' tou."

Byen bonè nan demen maten, Abraram te bay Aga pen avèk dlo, epi lit e voye yo ale limenm avèk pitit li a. yo t'ap mache nan dezè a, kote yo te rete jiskaske dlo yo a te fini. Rapidman Aga te pèdi tout espwa pou l' te kontinye viv. Li pa t' kapab asiste lamò pitit li a, se pou sa li te kite l'anba yonn nan ti pyebwa yo, ki te la a, epi li li te ale chita yon tikras pi lwen. Li te tonbe atè, li t'ap plere.

Izmayèl t'ap kriye e Bondye te tandè rèl li. Zanj Bondye a te di Aga: "pa pè. Bondye te tandè rèl pitit gason w lan. Leve e ale kote l', li bezwen èd ou. Pran swen l, paske li va devni papa yon gran nasyon."

Nan menm moman sa, Bondye te louvri zye l', li te wè yon pwi dlo toupre a. li te kouri al ladan l', li te plen vesò l' la dlo epi li te pote l' bay pitit gason l' lan.

Izmayèl t'ap grandi e Bondye te avèk li. Li te devni yon gran chasè epi li te rete nan dezè a. yon lè Aga te ale an Ejipt epi li te pran yon fanm pou li.

15 - Bondye Pase Abraram nan Eprèv

Jenèz 22

Lè Izarak te yon jèn gason, Bondye vin kote Abraram, epi li te di l': "Abraram, pran Izarak, pitit ou renmen anpil la epi ale nan yon kote mwen va montre'w mwenmenm. Lè ou rive la, ou va sakrifye l' pou mwen tankou ou brile nèt pou mwen." Nan landmen maten, Abraram te leve byen bonè, li te koupe bwa pou l' te fè sakrifis la. Li te sele yon bourik, li te pran de sèvitè epi yo te derape pou vwayaj la.

Après twa jou, Abraram te wè kote Bondye te chwazi a. Li te di sèvitè l' yo: "rete la avèk bourik la. Mwenmenm avèk Izaak nou pra l'adore Bondye. N'ap retounen aprè nou fin fè sakrifis la." Li te ba Izarak pote bwa a. Abraram te pran dife a avèk kouto a. Izarak te gade toupatou epi li te di: "papa nou gen bwa ak dife, men kote mouton an pou w fè sakrifis la?" Abraram te gade l'epi li te di l': "Bondye va bay mouton an, pou nou fè sakrifis la."

Lè yo te rive kote Bondye te chwazi a, Abraram te bati yon lotèl epi li te ranje bwa a sou li. Après sa li te mare pitit gason l' lan e l' te mete l'anwo bwa a. Après sa li te pran kouto a pou l' tiye pitit li a. Lamenn anj Bondye a te rele l' anlè nan syèl la, li te di'l: "Abraram, Abraram! Pinga tiye pitit ou a! Pinga fè l' anyen! Kounyea, mwen konnen ou gen krentif pou Bondye, paske w te vle ban'm pitit ou a tout bon. Après sa, Abraram te gade li te wè yon belye mouton bò dèyè l', nan raje a. Pwent kòn li te pri. Li te pran l' epi li te ofri l' an sakrifis nan plas pitit li a. Abraram te rele kote sa: "Jehovah Jire (Letènèl va bay li)."

Après sa Bondye te di Abraram: "paske w te obeyi m', mwen va beni oumenm avèk desandan w yo. Mwen va fè pitit ou yo anpil tankou zetwal ki pa ka konte fasilman epi yo va difisil pou konte tankou sab lamè. Anplis de sa, m'ap mete yo alatèt, menm nan peyi lènmi yo, epi tout latè va beni poutèt yo. Après sa, Abraram avèk Izarak te retounen kote sèvitè yo ye a, epi ansanm yo te retounen lakay yo.

16 - Bècheba

Jenèz 22: 22- 34; 30-38

Wa Abimelèk te ale kote Abraram epi l' te di l': "nou wè trè klèman ke Bondye avèk ou nan tout sa w'ap fè. Poutèt sa annou fè yon kontra antre nou, pou pèp ou a avèk pèp mwen an kapab viv an pè."

Abraram te di l': "mwen dakò, men gen yon pwoblèm pou nou regle. Moun pa w yo te pran yonn nan pwi mwen yo.

Wa a te di: "mwen pa te konnen anyen nan sa. Pou kisa ou pa te di m' sa avan sa? Mwen va règle sa." Konsa yo te fè yon kontra ke Abraram te sele, kote l' te bay Abimelèk plizyè bèf avèk mouton. Men li te mete akote sèt jèn mouton. Abimelèk te mande poukisa sèt jèn mouton sa yo? Abraram te reponn: "ou fèt pou'w aksèpte sèt jèn mouton sa yo kòm yon mwayen pou w rekonèt ke pwi sa a se pou mwen." Wa a te aksèpte sèt jèn mouton yo, epi Abraram te rele kote sa a Bècheba, ki vle di (pwi sèman an). Li te plante yon pye bwa la a e l' te adore Letènèl, Bondye a ki la pou tout tan an.

Yon ti tan aprè Sodòm te detwi a, Lot avèk de pitit fi li yo te kite ti vil la kote yo te rete a, paske yo te pè pou sa k' te kapab rive yo a. yo te ale nan yon mò kote yo te rete nan yon gwòt.

Yon jou, pi gran pitit fi a te di sè l' la: "papa nou vye e nou pa gen yon espwa pou nou jwenn yon mari ni gen pitit. Donk se nou menm ki pou konsève ras papa nou, pou jenerasyon k'ap vini yo. Mwen gen yon plan. An nou fè papa nou bwè diven pou l' sou pou l' pa konnen sa l' l'ap fè. Lè sa a, n'a antre nan relasyon avè l'." Sè a te dakò. Konsa, jou swa sa a, yo te fè papayo bwè. Pi gran pitit fiy la te gen relasyon avè l'. li pa t' konnen anyen ki te pase. Nan demen, pi gran fiy la te di sè l' la: Aswè a se tou pa w. Sonje sa byen, n'ap fè sa pou nou konsève ras papa nou. Konsa yo te fè papa yo bwè epi pi jèn fiy la te antre nan relasyon avè l'. fwa sa a ankò Lot pa't konn anyen nan sa ki te pase a. De sè yo te vin ansent pou papa yo. Pi gran sè a te fè yon pitit gason ki te devni papa moabit yo. Pi jèn sè a te fè yon pitit gason ki te devni papa amonit yo.

Kèk lane pita, Sara te mouri. Li te gen 127 an lè sa a. Yo te rete tou pre Ebron lè sa a. Abraram al kote pitit Èt yo e l' te di yo: "n'ap viv ansanm nan peyi sa a. silvouplè, pèmèt mwen achte yon anplasman kote mwen kapab antere mò mwen an." Yo reponn li: "ou se yon moun Bondye chwazi. Pa gen youn nan nou ki ta kapab refize'w yon kote pou'w antere yon mò." Abraram te leve e l' te mete ajenou devan yo: "si yonn nan nou gen yon kavon nan yon pwent tè, pale avè l' pou l' vann mwen li pou lajan li vo a." Yonn nan mesye yo te kanpe e l' te di: "mwen menm, mwen gen yonn, mwen ba w dwa pou w antere mò w la san w pa bezwen peye anyen." Aprè sa, de mesye yo te rankontre devan tout pèp la, epi Abraram te di: silvouplè pèmèt mwen achte kavon a pou pri l' vo a." Nonm nan te di: "kavon a vo 400 sik lajan, men sa pa anyen ant mwenmenm avèk ou. Ou mèt antere mò w la gratis nan kavon a." Après a, Abraram te peze 400 sik lajan e l' te peye mesye a devan tout moun. Aprè sa, Abraram te antere Sara nan kavon Ebron an. E depi lè sa a, li te vin pwopriyete pa l'.

17 - Rebeka

Jenèz 24

Kòm Sara te mouri, Abraram reyalize l' te bezwen jwenn yon madanm, pou pitit li a Izarak. Li te di sèvitè l' la: "m'ap voye w tounen nan peyi m' pou w al chèche yon madanm pou pitit gason mwen an Izarak. Pwomèt mwen ke ou p'ap chwazi yon fanm nan mitan pèp yo ki isit la. Fè atasyon pou'w jwenn li nan mitan paran m'. Sèvitè a te di: "Abraram kisa pou m' fè si m' jwenn yon fanm e li pa vle kite peyi l' pou l' vini isit la? Petèt mwen kapab bezwen ale la pou mwryaj la fèt?"

- 'Non absoliman! Ou pa dwe mennen Izarak tounen nan peyi sa a! koute byen, Letènèl ap voye zanj li devan'w. Li va prepare wout la pou ou. Men si fi a pa vle vini avè'w, ou paresponsab anyen pou sa ankò." Aprè yon vwayaj byen long, sèvitè Abraram nan te rive nan vil kote paran Abraram yo te rete a. Li te kanpe bò yon pwi andeyò vil la epi li te priye konsa: "O Dye ede m' jwenn fanm k'ap bon pou Izarak la a." Sanzatann, yon lide te vini nan lespri l': "Senyè mwen va mande yon jèn fi pou l' ban m' enpe dlo. M'ap konnen li se moun m'ap chèche a, si'l ban m dlo a pou m' bwè epi aprè sa bay tout dis chamo m' yo bwè tou !" kèk tan aprè, yon jèn fi ki te rele Rebeka te vin nan pwi a. Li te bèl epi li te gen bòn kondwit, li pa t' ankò marye. Li te plen vesò l' yo, epi li t'ap derape pou l' te ale. Sèvitè a te avanse epi li te mande l' enpe dlo pou l' bwè. Rebeka te ba l' dlo a, e apre sa li te ofri l' pou l' bay tout lòt chamo yo dlo. Pandan l' t'ap fè sa a, sèvitè a te mande Bondye, pou l'ede l' konnen avèk asirans ke se fi sa k'ap devni madanm Izarak la. Aprè Rebeka te fin fè sa a, sèvitè a te fè l' kado plizyè bijou epi l' te mande l' kimoun ki paran w? èske gen kote lakay papa w pou mesye yo avèk mwen menm, pou nou pase nwit la?" li te di sèvitè a non papa l'avèk granpapa l', e sèvitè a te vn konnen se te paran Abraram yo te ye. Rebeka te di, gen ase plas pou yo, pou yo pase nwit la. Aprè sa, li te kite sèvitè a epi li te kouri al lakay li pou l' pale avèk paran l' yo konsènan konvèsasyon sa a. Laban se te frè li. Lè l' te wé bijou chè sa yo sou li, li te kouri al nan pwi a pou l' te kapab konnen kimoun ki te ba l' bagay sa yo. li te di sèvitè a: "vini! Nou te prepare yon plas pou ou avèk sèvitè w yo, ni pou chamo w yo tou."

Kon yo te rive nan kay la, yo te envite sèvitè a pou l' chita epi manje yon manje avèk yo. Men li te di: "avan nou manje manje sa a, mwen ta renmen rakonte nou istwa mwen." Li te rakonte sa Abraram te voye l' fè. Konsa li te di: "mwen te priye epi mwen te mande Bondye pou l' te montre m' jèn fi ki va sèvi yon bon madanm pou Izarak. Kòm sin mwen te mande l' pou l' te dakò pou l' ban m' dlo pou m' bwè, epi tou pou l' te tire dlo pou tout chamo m' yo, Rebeka te fè sa egzateman. Mwen kwè ke se limenm Bondye chwazi pou l' devni madanm Izarak la."

Laban avèk papa l' te kontan lè yo te tande istwa sa a. Yo te dakò avè l' epi yo te beni l' lamenm. Nan demen maten, yo te mande Rebeka si l' te vle ale avèk sèvitè Abraram nan e pou l' marye avèk Izarak. Li te di li vle ale. Konsa, yo te beni Rebeka epi yo te voye l' ale avèk sèvitè a.

Izarak te nan jaden lè l' te wè, etan de lwen, karavàn chamo sèvitè a, epi l' te kòmanse mache pou l' te al rankontre avè l'. Rebeka te wè l'ap vini nan wout la, li te mande sèvitè a: "se kimoun sa?" "Sa se mèt mwen an Izarak" Rebeka te kouvri tèt li avèk yon vwal.

Sèvitè a te rakonte Izarak tout bagay konsènan vwayaj li a epi kijan Bondye te dirije l' kote jèn fi a, ki te dwe devni madanm li an. Alò Izarak te pran Rebeka pou madanm li epi yo len te renmen lòt anpil.

18 - Ezaou Vann Dwa Nesans Li a

Jenèz 25: 19-26:1-34.

Après lamò Sara, Abraram te marye avèk yon fanm yo te rele Keturà. Yo te genyen sis pitit ansanm. Kèk lane pita, lè Abraram te konnen li t'apral mouri, li te fè Keturà avèk pitit li yo kèk kado, epi li te fè yo ale lwen nan peyi Lès yo. Li te bay Izarak tout sa l'te genyen.

Abraram te mouri lè l' te gen 175 lane. Izarak avèk Izmayèl te antere l' nan menm kavo kote Sara te antere a. Aprè vent an maryaj, Izarak te priye Bondye pou madanm li, paske l' pa t' kapab fè pitit. Bondye te reponn priyè l'la e Rebeka te vin ansent de gason.

Lè lè l'te prèske rive pou l'akouche, li santi kòm si te gen goumen ki t'ap fèt nan vant li. Li te tèlman gen doulè, li te priye Bondye konsa: «O Bondye, sa k' ap pase m' konsa?»

Bondye te reponn: «Ou genyen de nasyon andedan w. de gwo pèp ap sòti nan vant ou. Yonn va pifò ke lòt la e pi gran an va sèvi pi piti a.»

Lè lè a te rive pou l'akouche, pi gran pitit la te rou, li te kouvri avèk pwal. Li te rele l'Ezaou, ki vle di: "velu" (kouvri avèk pwal). Frè l' la te fèt avèk yon men l' ki te kenbe talon Ezaou. Yo te rele l' Jakòb, ki vle di: «tronpè». Izaak te gen swasant an, lè ti gason yo te fèt.

Kòm yon nonm, yo te kalifye l'tankou yon nèg lari, ki gen ladann tou chasè. Jakòb te trankil, e l' te préfère rete lakay. Rebeka te renmen Jakòb, men Izarak te renmen Ezaou. Ezaou te renmen al chase nan dezè a, konsa papa l' te prefere l'.

Yon jou Ezaou te rive lakay la byen fatige, aprè yon vwayaj. Li te jwenn Jakòb ap fè yon soup. Li te di: «mwen fatige e mwen grangou. Ban m'enpe nan soup sa a non.»

Jakòb te reponn: «m ap vann ou nan soup mwen an pou dwa denès la.»

«sa se yon di ! Dwa denès mwen an pa kapab fè okenn byen pou mwen si m mouri avèk grangou. Ban m' soup la kounyea, mwen vle tout chodyè a.»

Jakòb te di: «Non ! Fòk ou fè sèman avan ke w'ap ban m' dwa denès ou a.»

«Mwen sèman ba ou, dwa denès la se pou l' ye kounyea.»

Konsa, Jakòb te bay frè l'la tout manje a, pen, soup avèk bwason. Ezaou te manje epi bwè anpil, epi aprè sa li leve l'ale.

Depi lè sa a, yo pale de Ezaou kòm yon nonm ki te meprize dwa denès li. Yo pale de li tou kòm "Edon" ki vle di "wouj". Yo rele l' konsa poutèt jan l' te bay plat soup la enpòtans.

19 – Abraram Di Li Se Sè Mwen Ankò

Jenèz 26: 1-11

Yon gwo grangou te tonbe kote Izzak te rete a, konsa l' te santi l' te bezwen al lòt kote. Letèl te parèt devan l'epi li te di l': «pinga ale an Ejipt, rete nan peyi sa a, menm si ou se yon etranje la a. Mwen va beni w epi m'ap ba ou tout pwomès yo mwen te fè Abraram yo. Desandan w yo va difisil pou yo konte yo, menm jan avèk zetwal yo, mwen va ba yo tout tè sa a, epi nan yo tout latè va beni.»

Konsa, Izzak pa t' al an Ejipt, men li te rete pito nan peyi wa Abimelèk la, wa Filisten yo. Lè moun yo te wè ke Rebeka te yon bèl fanm, yo te mande Izzak enfòmasyon de li. Lamenm, li te pè pou lavi li, li te panse ke yo te kapab tiye l' poutèt madanm li. Poutèt sa li te di: «li se sè mwen».

Pandan ke Izzak te la pou kèlke tan, Wa a t'ap gade nan fenèt li e l' te wè Izzak ki t'ap jwe avèk Rebeka, epi bol'. Wa a te voye chèche l'epi l' te di l': «fanm sa a se madanm ou! Poukisa ou di tout moun se sè w li ye?»

Izzak te eksplike kòman l' te pè pou yo pa t' tiye l', poutèt madanm li. Wa a te di: «ou te ekspoze nou tout. Nenpòt nan mesye nou yo ta kapab tonbe nan relasyon avè l' fasilman. Lè sa a, nou tout te kapab souffri, poutèt sa.»

Konsa, Abimelèk te mete deyò yon avètisman pou tout pèp li a, kote l' di: «si yon moun agrese Izzak oubyen madanm li, l'ap mouri.»

20 – Nonm Ki Fouye Pi a

Jenèz 26: 12-33

Izarak te yon fèmme lè l' tap viv nan mitan Filisten yo. Letènèl te beni rekòt li yo anpil sa te fèl vin rich pi plis chak jou. Richès li yo te vin tèlman anpil ke Filisten yo t'ap fè jalou, poutèt sa. Yo te deside pou yo te pran plizyè pwi Abraram te fouye. Yon lè, Abimelèk te mande Izarak pou l' te kite peyi a.

Li te di l': «ou vin pi pwisan pase nou. Nou santi w se yon trèt kont nou.»

Izarak te kite la e l' te ale lòt kote. Sèvitè l' yo te netwaye kèk nan pwi Abraram yo, ki te bouche. Yo te fouye kèk nouvo pwi tou. Rapidman yo te jwenn bon jan dlo. Bèje nan zòn nan te di: «dlo sa a se pou nou l' ye.» Sèvitè yo te ale, yo te fouye lòt. Bèje yo te di ankò: «se dlo nou sa ye.»

Yo te ale yon lòt kote epi yo te fouye plis pwi. Fwa sa a, pa gen okenn moun ki te reklame dlo sa a ke yo te jwenn nan. Izaak te di, fwa sa a Letènèl te prepare plas pou nou. Kounyea nou kapab fè pwogrè nan kote sa a. li te rele'l: «gwo plas»

Abimelèk avèk yon delegasyon ki te soti pami Filisten yo te al kote Izaak. Lè'l te wè yo li te di: "nou te mete'm deyò nan fache. Poukisa nou vin dèyèm kounyea?"

Abimelèk te di: «sa parèt klè devan nou ke Letènèl te avèk ou pandan tout tan sa a. nou vle fè yon konta avèk ou. Nou te bon avèk ou lè w t'ap viv nan mitan nou. Se vre nou te voye w ale, men se te nan lapè. Kounyea, annou antann nou, pou w kapab trete nou menm jan an epi pou w pa atake nou.»

Lè sa a, Izarak te prepare yon gwo resepsyon, e yo tout te manje epi bwè ansanm. Nan demen maten, yo chak te fè sèman pou yo viv anpè yonn avèk lòt.

Pandan Abimelèk avèk delegasyon l'an te ale, sèvitè l' yo te vin pale l' konsènan pi nouvo pwi li a: «nou jwenn dlo.» Konsa li te rele plas sa "Bècheba" ki vle di "pwi sèman an."

21 - Vòlè Benediksyon an

Jenèz 27-28: 9

Kòm Izarak te vin vye, li te vin avèg, li te panse l' t'apral mouri avan lontan. Konsa, li te deside pou l' te beni Ezaou. Li te di l': «al chèche yon jibye epi prepare l' jan w konnen m' renmen l' lan. W'ap ban m' li pou m' manje aprè sa m'ap beni w.»

Rebeka te tande sa, epi l' te di Jakòb: «al pran de ti bouk kabrit. Mwen va fè yon manje pou papa w jan l' renmen l' lan. W'ap pote l' ba li, epi w'ap resevwa benediksyon an.»

Jakòb te reponn manman l': «Ezaou se yon nèg ki gen plim nan tout kò'l e mwen menm mwen pa genyen. Si papa'm manyen'm l'ap konnen se twonpe m'ap twonpe l'. Li va modi m'olye l'beni m'. »

Rebeka te reponn li: «malediksyon sa a mèt vin sou mwen ! Ale epi fè sa m' te di w fè a.»

Konsa, Jakòb te ale e li te vini avèk de ti bouk kabrit yo epi li te remèt manman l' yo. Manman l' te ba l' yon rad Ezaou sèvi avè l' pou l' al chase. Aprè sa li prepare manje a. Li te kouvri men Jakòb avèk po kabrit, li te fè menm jan pou dèyè kou l'. Jakòb te pote manje a bay papa l', nan tant li a. Li te di: «papa» Izarak te vire gade l' avèk zye l' yo ki pa wè yo. «Wi pitit gason m'nan, kilès ou ye?» «Mwen se Ezaou. Silvouplè, leve chita pou w manje epi aprè ou va ban m' benediksyon an.» Izarak te di: «mwen sezi wè w retounen si rapidman!» «Bondye w la te avèk mwen e l' te fè m' gen siksè.»

Izarak te di: «vin pi pre mwen, konsa mwen va konnen byen si ou se Ezaou vrèman.» Konsa, Jakòb te pwoche pi pre, e Izarak te manyen men l'. Li te plen plim menm jan avèk men Ezaou. Aprè sa, li te manyen dèyè kou Jakòb. Li te wè l' te plen plim tou. Li te di: «pitit gason mwen, mwen gen pwoblèm, vwa w sanble avèk vwa Jakòb, men po w sanble avèk po Ezaou. Èske w se Ezaou vrèman?» «Wi, papa, mwen se Ezaou.» Ebyen, silvouplè ban m' manje a non. Jakòb te bay papa l' manje a. li te prepare egzateman menm jan Ezaou te kapab prepare'l la. Jiska prezan Izaak pa't kwè nèt se sak fè li te mande pitit gason'l lan pou'l vin anbrase l'. Lè Jakòb te panche pou l' anbrase papa l', Izarak te pran sant rad pitit gason l' lan te mete a. li te gen sant rad Ezaou. Konsa, li te di: 1- sant pitit mwen se tankou sant yon jaden ke Bondye beni! 2- Se pou Bondye ba ou laroze di syèl avèk tout richès latè. 3- Grenn avèk diven nouvo an abondans! 4- Se pou nasyon yo sèvi w! 5- se pou pèp yo mete ajenou devan w, ou va domine sou frè ou yo, pitit gason manman w yo va mete ajenou devan w. se pou moun ki modi w modi tou. Se pou moun ki beni w, beni tou.

Yon ti tan aprè Jakòb te kite tant lan, Ezaou te vini avèk manje'l te prepare a. «Papa, leve chita pou w manje manje mwen te prepare pou ou a. Aprè sa, ou va banm benediksyon an.» Izarak te gade, li te di: «kimoun ou ye?» mwen se Ezaou, premye pitit gason w lan! Silvouplè chita.» Izarak te kòmanse tranble: «e kimoun ki te pote yon manje ki fèt avèk jibye la a? Mwen ba l' benediksyon an. E li va beni.» Ezaou te choke anpil e li te kriye konsa: : «beni m' tou papa!» Monchè, frè w la twonpe m' e l' te pran benediksyon an, mwen te fè l' chèf ou. Tout paran l' yo va sèvi l'. Mwen ba li tout bagay, tout grenn nou yo avèk diven nouvo. Ki lòt bagay mwen kapab ba w ankò?

Pandan Ezaou t'ap sòti nan tant papa l' la, li te di: «aprè lamò papa m', m'ap tiye Jakòb!» Rebeka te tande sa, epi l' te kouri al di Jakòb sa: ou dwe pati ale lakay frè m' nan. Mwen va voye chèche w lè kolè Ezaou a va pase. Ale vit: mwen pa vle pèdi nou toulède a nan yon sèl jou. Li chèche limenm pèmisyon Izaak pou vwayaj Jakòb la. Izarak te dakò pou Jakòb al nan peyi Rebeka a epi marye avèk yon fanm la.

22 - De Madanm Jakòb yo

Jenèz 28: 1-30

Jakòb te kòmanse vwayaj la pou l' ale nan peyi manmanl' lan. Papa l' te dil: «pinga w marye avèk fanm nan peyi Kanaran. Ale nan fanmi manman w epi pran yon fanm la. Se pou Bondye akonpli pwomès li te fè ABraram yo pou ou.»

Jakòb te vwayaje pandan tout lajounen. Pandan nwit sa a li te kouche atè, li te sèvi avèk yon wòch kòm zorye. Nan lannwit lan, li te fè yon rèv, li te wè yon nechèl ki te sòti sou latè rive nan syèl. Te gen anpil anj ki t'ap monte epi ki t'ap desann. Li te wè Letènèl ki te kanpe anwo nechèl la, li te di: «mwen se Bondye ABraram nan avèk papa w Izarak. M'ap bay oumenm avèk desandan w yo peyi sa. Tout latè va beni nan yomenm. Mwen avèk ou e mwen va veye sou ou pandan ou prale. Mwen va fè w retounen nan peyi sa a.» sibitman Jakòb te reveye e li te pè. Li te di: «O, Bondye isit la e mwen pa t' konnen sa! Sa se kay Bondye e se pòt syèl la.»

Li te pran wòch la li te fè sèvi zorye a e li te sèvi avè l' pou l' fè yon lotèl. Li te mete lwil sou li epi li te rele la Betèl, ki vle di: «kay Bondye a». Li te di: «si Bondye veye sou mwen, epi pran swen mwen, epi mennen m' tounen nan peyi sa a, alò li va Bondye mwen epi mwen va ba li dis pousan nan tout sa li ban mwen.»

Jakòb te vwayaje jouk li rive lakay frè manman l' lan, Laban. Tonton l' lan te kontan resevwa l'.

Laban te gen de jèn fiy. Pi gran an te rele Leya e pi jèn nan te rele Rachèl, ki te bèl anpil.

Après yon mwa, Laban di Jakòb: «travay pou mwen m'a peye w. Di m konbyen kòb pou m' ba ou.»

Jakòb te di l': «m'ap travay pou ou pou sèt an, pou pitit fiy ou a Rachèl.»

Laban te dakò epi li te di: «sa se yon bon afè!» konsa, Jakòb te travay pou laban pandan sèt lane, men sa te sanble kèk jou sèlman, tèlman l' te renmen Rachèl. Après tan sa te fin pase, Laban te envite moun nan yon fèt maryaj. Lè lè a te rive, li te mennen pitit fi li a, epi li te remèt li bay Jakòb. Se jouk nan maten, li te dekouvri se te Leya, pi gran fi li a, tonton l' te ba li.

Li te fache anpil! Li te ale lakay tonton l' epi li te di li: «poukisa ou te twonpe m'? Ou konnen m' renmen Rachèl, mwen te sèvi w pandan sèt an pou li.» Laban te reponn li: «nan peyi nou yon jèn fi pa kapab marye toutotan pi gran an pankò marye. Men, men sa nou kapab fè: «fin fè semèn nan avèk Leya, après m'a ba ou Rachèl, e li kapab devni madanm ou tou. Li va koute sèlman yon lòt sèt lane travay.»

Jakòb te dakò e après sèt jou li te marye avèk Rachèl tou!

23 - Tachte, Makete e Reye

Jenèz 29: 31- 31:3

Jakòb te travay pou tonton l' pou vent e en lane pou l' te kapab marye avèk de pitit fi l' yo. Sa te parèt klè ke l' te pi renmen Rachèl pase Leya. Letènèl te konnen Jakòb pa t' renmen Leya, poutèt sa li te anpeche Rachèl fè pitit. Aprè Leya te fè kat pitit, Rachèl te tèlman fè jalouzi, li te di Jakòb: «ban m' pitit oubyen mwen mouri!»

Jakòb te reponn li: «mwen pa Bondye, mwen pa kapab anpeche'w fè pitit.»

Après sa, Rachèl te ba li sèvant li a, li te di: «ale nan relasyon avè l', li kapab fè pitit pou mwen. Jakòb te dakò epi rapidman sèvant lan te kòmanse fè pitit.

Leya te rete konsa, li te vin pa kapab fè pitit ankò. Poutèt sa li bay Jakòb sèvant li an pou l'ale nan relasyon avè l'. Rapidman avèk twa fanm, Jakòb te gentan gen dis pitit gason avèk yon pitit fiy. Aprè sa, Bondye te pèmèt Rachèl fè yon pitit gason. Li te rele l' Jozèf. Se te onzyèm gason an.

Nan moman sa a, Jakòb te ale kote Laban e li te di l': «Mwen vle retounen nan peyi m'. Ban m'libète pou m' pran madanm mwen yo avèk pitit mwen yo, pou m' ale.»

Laban te reponn li: «O Jakòb, trete m' byen, pinga w ale. Mwen konnen Letènèl te beni M' poutèt oumenm. M'ap peye nenpòt sa w mande a.

Jakòb te di: «Ou pa bezwen peye m'anyen. Ou mèt pèmèt mwen kreye richès mwen, pandan m'ap pran yon pati nan twoupo w yo, pandan m'ap okipe yo, kòm salè m'.

Mwen va okipe twoupo'w yo, epi mwen va pran pou mwen tout bouk kabrit yo avèk tout mouton yo ki va fèt tachete, makete epi reye. Ou va pran rès yo. Nan fason sa a, ou va konnen si m'ap pran sa k'pou ou. Sèlman ou va kontwole twoupo m' yo, pou w kapab wè si se mak yo yo dwe genyen sou yo yo.

Laban te dakò avèk kondisyon sa yo. Konsa yo te separe twoupo yo dapre mak sa yo. Jakòb te gen yon fason pou l' te fè bouk kabrit yo avèk mouton yo te fèt tachete, makete e reye. Pandan l' t'ap sèvi avèk metòd sa a, li te chèche pou gwo yo te pou li epi pou tout pi pitit yo te vin pou Laban. Laban te chanje kontra yo pandan dis fwa pou l' te genyen plis avantaj. Malgre sa, Jakòb te vin pi rich, pandan ane yo t'ap pase.

Yon jou, li te tande yon konvèsasyon ant bòfrè l' yo. Yo te di: «Jakòb te fè richès li nan pran an reyalite sa ki pou papa nou.» li te remake tou ke Laban te chanje avèk li.

Letènèl te di Jakòb: «Retounen nan peyi kote m' te bay paran w yo, e mwen va avèk ou.»

24 - Jakòb Kite Kay Laban

Jenèz 3: 17-58

Jakòb te vle pati an prive avèk de madanm li yo pou yo te rankontre ansanm nan yon jaden. Li te di yo:

«mwen te travay di pou papa nou, malgre sa li chanje kontra nou te fè pandan dis fwa. Bondye te pwoteje'm chak fwa Laban te chanje kontra nou fè a. Bondye chanje fason bèt yo te fèt tou. Kounyea papa nou fache avè m'. Konsa, anj Bondye a pale avèk mwen pou m' retounen nan peyi paran m' yo.»

Toulède madanm yo te dakò avè l'. Yo te di: «fè sa Bondye di w pou w fè a. papa nou te vann nou ba ou epi li te depanse lajan an. Ou pa t' gen anyen nan men l', ki pa t' déjà pou noumenm avèk pitit nou yo.»

Konsa, san l' pa t' di Laban anyen, li te pran tout sa l' te genyen epi li kòmanse mennen twoupo li yo nan direksyon peyi Kanaran. Avan, yo te ale, Rachèl te pran idòl papa l' la. Aprè twa jou, Laban tandè ke Jakòb te ale.

Lamenm, li te pran yon gwoup mesye, li te ale dèyè Jakòb. Li te pran sèt jou pou l' te jwenn li. Nan lannwit avan sa, Bondye te parèt devan Laban, epi li te di l': «Atansyon ! Pinga ou fè anyen avèk Jakòb. Ni byen ni mal.» Nan demen, Laban te rankontre Jakòb epi l' te di: «poukisa ou fè m' sa? Ou ale tankou yon vòlè nan mitan lannwit epi ou te pran pitit fi m' yo avèk pitit pitit mwen, kòm si se prizonye yo te ye. Si w te pale avè m', mwen t'ap fè yon gwo fèt pou nou epi voye nou ale avèk onè. Men nou dezonore m'. E si m' te vle mwen ta kapab detwi ou isit la menm. Men yèswa, Bondye paran w yo te di m' pinga m' fè w anyen.»

Mwen kapab konprann sa, ke ou gen nostalji ki fè ou anvi retounen lakay ou. Men, poukisa nou pran idòl fanmiy mwen an?

Jakòb te reponn li: «mwen pa t' pran idòl ou a. gade sa oumenm. An avan chèche nan tant nou yo. Si w jwenn li m'ap tiye moun ki te pran l' lan.» Li pa t' konnen ke Rachèl te pran l'.

Laban te chèche nan tant Jakòb la, Leya a, avèk de sèvant yo. Aprè sa, li te ale nan tant Rachèl la, Rachèl te chita sou ba chamo a kote l' te mete idòl la, li te di: «papa, silvoulè padone m', paske m' pa kapab kanpe, mwne gen règ mwen. Laban te chèche toupatou nan tant li an, li pa t' jwenn idòl la.

Lè sa a, Jakòb te vin fache. Li te di: «ou vin chèche m' isit la kòm si mwen se te yon kriminèl. Ou te fouye tout sa m' genyen. Èske ou te jwenn anyen ki pa w? Pote l' deyò a epi mete l' devan moun ou yo pou yo wè l'. Nou pa t' jwenn anyen! Mwen travay pou ou, pandan ventan. Mwen te bat pi gwo chalè nan jounen an e pi gwo fredè nan lannwit. Mwen te travay prèske san dòmi, pou w te kapab fè pwogrè. Mwen te pase tout mizè sa yo, epi w kontinye ap maltrete m' toujou, malgre sa. Konsa, ou te fè m' responsab pou tout sa ki te mal. Mwen te oblije peye w, si yon moun te vole yon mouton. Si yon bèt te tiye yon mouton, lamenm se te mouton pa m'. Ou te chanje kontra nou, pandan dis fwa. Mwen t'ap kanpe la nan gwo lapenn, si Bondye pa t' fè tout bagay byen. Kounyea menm l'ap pwoteje m' devan w.»

Laban te reponn: «tout sa'w genyen, se pou mwen. Sila yo se pitit fi mwen yo ye! Sila yo se pitit pitit mwen! Sa yo se twoupo mwen! Men kisa mwen kapab fè kounyea? Anou fè yon kontra solid ki pa kapab chanje. Tout moun ki la va sèvi temwen pou sa.»

Poutèt sa tout moun ap pran wòch epi n'ap fè yon pil avèk yo. Ni Laban, ni Jakòb te fè akò pou yo pa ale lòt bò pil wòch la. Laban te di: «wòch sa yo reprezante yon kontra antre nou. Ou pa dwe maltrete pitit fi mwen yo, ni pran lòt fanm.»

Lè sa a, Jakòb te ofri Bondye yon sakrifis epi aprè sa tout moun te chita pou yo manje. Nan demen maten, Laban te anbrase pitit fi li yo avèk pitit pitit li yo, e beni yo. Aprè sa, li te retounen lakay li.

25 - De Kan yo

Jenèz 32- 33

Jakòb avèk fanmiy li t'ap ale nan peyi l'! Sibitman anj Bondye yo te kontre avè l'. Avèk sa, li te konnen li pa t' pou kont li, poutèt sa li rele kote a "de kan yo". Depi la a, li te voye kèk mesaje kote Ezaou frè l' la pou di l': « m'ap vin lakay avèk tout sa m' genyen, mwen gen espwa ke ou va aksèpte m'.» Mesaje yo te retounen, e yo te di l': «frè w la ap vini avèk katsan moun» sa te fè Jakòb pè', nan kè l'! Lamenm li te divize tout bagay an de kan, li te di: «si Ezaou atake yon kan, lòt kan an kapab chape.»

Li te priye konsa: « O Bondye Abraram avèk Izarak la, ou te di m' pou m' retounen nan peyi m'. Ou te di w'ap fè m' fè pwogrè la a. mwen pa mérite bonte ou te montre anvè mwen an. Mwen te kite peyi sa a sèlman avèk yon baton. Kounyea mwen se de kan. Souple sove m'anba frè m' nan. Ou te di mwen ke desandan m' yo ta difisil, pou yo konte, menm jan avèk sab bò lamè a.»

Après sa, li te prepare kado yo, pou frè l'la ki te gen ladan l' mouton, chamo, bèt avèk bourik. Li separe yo an twa gwoup, epi li te voye yo devan. Li te di sèvitè l' yo: Lè Ezaou rankontre premye gwoup la, di l' konsa: «Jakòb, sèvitè w la voye sa yo pou ou. Gade, ou kapab wè l' k'ap vini dèyè a la.» Li te di nan dezyèm nan, ni twazyèm nan menm bagay. Li te panse ke bagay sa yo te kapab fè Ezaou pi dispoze pou padone l'. se konsa li te pase nwit la ap tann frè l'la, ki ta va rive nan maten. Kòm li pa t' kapab dòmi, li te rete poukont li.

Sibitman yon nonm te parèt epi li te sezi l'. Jakòb ak nonm nan te pase tout nwit la ap lite. Lè l' te vin jou, etranje a te wè Jakòb te deside pou l' pa t' pèdi konba sa a. konsa li te frape Jakòb bò hanch li, epi hanch li te demi, li te di: «mwen prale. Li jou.»

Jakòb te di konsa: «mwen p ap kite w ale toutotan ou pa beni m'.»

Nonm nan te di: «kòman w rele?»

«Mwen se Jakòb»

Nonm nan te di l' konsa, ou pa rele konsa ankò. Ou va rele Izrayèl, ki vle di (lite avèk Dye, paske ou te goumen avèk Bondye epi ou te goumen avèk lèzòm e ou te pote laviktwa.)

Jakòb te di: « kòman ou rele?»

Nonm nan te di l': «mwen p'ap di w kòman m' rele.» après sa li beni Jakòb.

Jakòb te rele kote sa a "fas Bondye"

Li te di: «mwen te wè Bondye fas a fas epi mwen vivan toujou.»

Jakòb t'ap mache lantman pou l'retounen nan kan li an. A distans, li te kapab wè Ezaou avèk katsan moun li yo, li te mete chak fanm li yo nan yon gwoup diferan. Epi aprè, limenm li te pran devan. Li te mete ajenou sèt fwa pandan l' t'ap avanse bò frè l' la.

Ezaou te kouri al jwenn li epi anbrase l'. De mesye yo te kriye. Après sa Ezaou t'al kote moun yo ki te kanpe a, li te di: «ki moun moun sa yo ki la a avèk ou yo ye?»

Après sa, Ezaou te rankontre fanmiy Jakòb la li te di: «poukisa ou te mete tout bèf sa yo nan wout la konsa?»

« A, mwen te ba ou sa yo avèk espwa ke mwen ta jwenn padon ou.»

Ezaou te di: «Non, non! Mwen gen ase, ou mèt kenbe sa yo.»

Men Jakòb te ensiste: «Silvouplè aksèpte kado m' yo. Sa ta fè m' plezi anpil.» Alò Ezaou te dakò.

Après sa, Ezaou avèk nèg li yo te retounen lakay yo, menm jou a. Jakòb te ale yon kote, touprè yon vil, yo te rele sichèm. Li te bati yon lotèl la epi li te rele l': « Bondye, Bondye Izrayèl la (El Elohe Israèl). »

26 - Dina



Jenèz 34-35

Jakòb te gen 11 pitit gason, men yon pitit fi sèlman. Li te rele Dina. Yon jou, li te sòti avèk kèk jèn fi, ki te moun nan kote sa. Pandan l' te la a, yon prens yo te rele Sichèm te wè l' epi l' te kidnape l'. Aprè l' te fin fè sa, li te santi li renmen l' epi li te pale avèk tandrès avè'l. Li te di papa: « mwen renmen fi sa. Mwen vle pou w pale avèk papa l' pou m' ta marye avè l'. »

Jakòb te tandè ke yo te kidnape pitit fi li a, pandan pitit gason l' yo te veye twoupo li yo. Avan yo te retounen, papa Sichèm t'al pale avèk Jakòb sou posiblité pou yo fè yon maryaj. Frè Dina yo te fache anpil, lè yo te tandè sa. Yo te konsidere sa kòm yon dezonè pou tout fanmiy Izrayèl la. Papa Jènòm nan te di: « silvoulè, panse sou byen ki kapab sòti nan sa. Pitit gason m' nan renmen pitit fi nou an. Kite yo marye, konsa nou va ban nou fiy nou yo pou nou marye e nou va tounen yon bèl pèp. »

Sichèm te di: « mwen va fè tout sa nou di m' fè, si nou pèmèt mwen marye avèk Dina. »

Pitit gason Jakòb yo te gen yon plan pou yo fè revanj. Yo te di: « nou pa kapab ban nou fiy nou yo, paske mesye nou yo pa sikonsi. Sinon sa ta va yon disgras pou nou. Sèl jan nou ta kapab aksèpte kondisyon nou yo, fòk tout gason yo nan vil nou an ta sikonsi. Si nou dakò avèk sa, n'ap bannou Dina epi n'ap pran sè nou yo kòm madanm nou. Men, si nou refize sa, n'ap pran Dina, epi nou ale. Sichèm avèk papa l' te kontan avèk kondisyon sa yo. yo te tounen nan vil la epi yo te rankontre avèk tout mesye yo. yo te eksplike akò a e yo te di aprè sa: « sa se yon gwo avantaj pou nou. Yo gen yon pakèt byen. Yon lè tout ap vin pou nou. Tout sa nou gen pou nou fè, se resevwa sikonsizyon an. Tout mesye yo te dakò epi lamenm yo tout te sikonsi. Aprè twa jou, yo te nan gwo lapenn toujou. De nan frè Dina yo, Simeyon avèk Levi, te ale nan vil la e yo te pran tout nèg yo pa sipriz. Yo te tiye tout avèk nepe san yo pa kite yonn. Yo te tiye sichèm tou avèk papa l', epi yo te pran Dina yo te Mennen l' tounen lakay yo.

Après sa, lòt frè yo te ale epi yo te piye tout sa ki gen nan vil la. Yo te pran tout sa ki te nan chak kay e tout sa ki te nan tout jaden yo. Yo te pran fanmiy yo avèk timoun yo, byen yo e latriye. Jakòb te trouble lè l' te konn sa. Li te di Simeyon avèk Levi: "nou pra l' fè tout peyi sa a leve kont nou. Depi nouvel sa gaye deyò, tout vil yo ki nan zòn nan kapab vin atake nou avèk yon gwo fòs, epi detwi nou nèt."

Yo te reponn: « ki lòt bagay nou te kapab fè? Yo pa kapab trete sè nou tankou yon pwòstitye. » Bondye te di Jakòb: Leve, ale Betèl. Bati yon lotèl, kote m te parèt devan w lan, lè w t'ap pati poutèt frè w Ezaou a. »

Jakòb te di tout fanmiy li avèk tout moun ki te avèk li: « Netwaye kè nou epi retire tout idòl yo nou gen nan mitan nou. Nou prale Betèl e mwen pra l' bati yon lotèl pou Letènèl. Li te toujou ede m' tout kote m' pase. » Konsa, tout moun yo remèt li tout idòl yo, avèk tout bijou yo te gen sou yo. Jakòb te kache yo yon kote, tou pre vil Sichèm. Après sa, yo te ale Betèl, kote Jakòb te bati yon lotèl. Bondye te fè tout vil ki nan tout zòn nan te vin pè, sa te fè yo pè pou yo atake Jakòb avèk pitit li yo. Bondye te rankontre l', epi li te refè pou li, tout pwomès li te fè Abraram yo. Après sa l' te kite Betèl epi li te ale nan Sid. Pandan yo te nan wout, Rachèl te mouri, pandan l't'ap fè pitit li a, ki te rele Benjamen an. Yo te antere l' toupren vil Bètleyèm.

27-Yo Vann Josèf Kòm Esklav

Jenèz 37 e 39: 20

Jakòb te genyen 12 gason. Men pitit gason préfère l' la se te Jozèf. Pou l' te montre jan l' te renmen l', Jakòb te bay Jozèf yon manto espesyal, ki te gen plizyè koulè. Lót pitit gason l'yo te fè jalou poutèt sa. Jozèf te fè bagay ki te pi mal toujou lè l' te rakonte rèv etranj li yo : « nan yon sèl rèv, nou t'ap mare pakèt rekòt nan yon jaden. Sibitman pakèt mwen an te leve kanpe, epi pakèt nou yo te tonbe ajenou devan l'.» sa te fè frè l' yo fache, yo pa t' kapab panse ke Jozèf ta dirije yo. Nan yon lòt rèv: «solèy la avèk lalin, avèk onz etwal te vin mete ajenou devan'm.» Papa l' menm poze l' kesyon sou sa: « Èske manman w avèk mwenmenm avèk frè w yo ap mete ajenou devan w tou?» Men Jakòb te kenbe sa nan lespri l'. Nan yon okasyon pita, frè yo ki pi gran an t'ap veye twoupo yo nan yon jaden ki te byen lwen. Jakòb te deside pou l' te voye Jozèf wè kòman mesye yo te ye.

Lè frè yo te wè l' ap vini, yo te di: «men revè a ap vini. Annou tiye l' epi jete l' nan yon pwi»

Se Riben ki te pi gran pami tout frè l' yo. Li te di: « pa tiye l'. Voye l' sèlman nan yon pwi. » Plan an se te mete l' deyò pita, epi voye l' ale bay papa l'. Konsa, frè yo te dakò e yo te lage Jozèf nan yon pwi.

Riben te ale nan sitèn nan, pandan yo t'ap manje. Pandan yo t'ap manje, yon gwoup machann ki t'aprale an Ejipt te vin ap pase. Lamenm, youn nan frè l' yo, ki te rele Jida te fè yon lide: "poukisa pou nou ta tiye Jozèf la? Dayè se frè nou li ye. Olye de sa, an nou vann li pito." Konsa yo te vann li bay machann yo.

Riben te retounen pita e sa te fè l' mal, paske l' te wè tigason an te ale a. Frè yo te rakonte l' sa yo te fè a. yo te mete ansanm pou yo te fè yon istwa pou yo rakonte papa yo. Yo te tiye yon bouk kabrit, epi yo te tranpe manto Jozèf la nan san l'. Lè yo te retounen lakay, yo te montre papa yo manto a. Jakòb te pran l' epi li te rele: "bèt sovaj te tiye Jozèf!". Li te chire rad li yo e li te kòmanse kriye pou pitit gason l' lan. Mesye yo t'ap chèche konsòl l', men, li te an dèy pou Jozèf, nan fon kè l'. Li te di: "mwen an dèy pou lamò l', pou tout rès lavi m'."

Kon Jozèf rive an Ejipt, yo te vann li bay yon nonm yo te rele Ptifa. Jozèf te adapte l'avèk lavi li kòm yon esklav. Bondye te fè l' fè pwogrè nan tout sa l' t'ap fè. Li te grandi nan abilite epi li te jwenn respè nan men mèl li.

Sa te parèt klè, lè Potifa te deside mete Jozèf anchaje tout afè l' nèt, menm lajan l'. Potifa pa t' menm konnen sa l' te posede, sòf manje yo mete sou tab pou li. Yon jou madanm Potifa te mande Jozèf pou l' te antre nan relasyon avè l'. Li te refize fè sa, li te fè'l konnen ke sa se ta va yon peche kont mèl li epi kon Bondye. Men madanm Potifa, se te yon moun ki pa t' vle non kòm repons, lè l' te vle jwenn yon bagay. Li te pwofite tout okazyon li te jwenn, pou l' te fè Jozèf tonbe nan peche avè l', men Jozèf te toujou refize. Yon jou, li te jwenn yon bèl okazyon, pandan mari l' pa t' nan kay la. Li te tann jouk Jozèf te antre nan kay la, se konsa l' te kenbe l'. Li t'ap chèche pouse'l pou l', pou l' te mennen l' kote l' te bezwen l' lan. Li te kenbe l' nan manto l'. Li pa t' vle kite l' ale ; men. Finalman li te lage manto a nan men l' epi li te kouri.

Sa te fè l' fache dènye degre, konsa li te deside pou l' tire revanj pou sa. Li te rele , epi tout sèvitè ki te nan kay la te kouri vini. Li te di yo Jozèf te vin nan chanm li epi li t'ap chèche pouse l' sou kabann li. Li te di yo, li te kouri, lè l' te kriye a. Li te montre yo manto l' la kòm prèv pou sa l' te di yo a. Lè mari l' parèt nan kay la, li te rakonte l' menm istwa a. li te fache epi li te voye Jozèf nan prizon.

28 - Jida



Jenèz 38

Jida se te katriyèm pitit Jakòb. Yon moman te rive, kote l' te kite frè l' yo, pou l' t'al viv poukont li. Li te marye ak yon fanm peyi Kanaran, ki te fè twa pitit avè l'. Lè lè a te rive, Jida te jwenn yon fanm pou pi gran pitit gason l' lan. Non fanm lan se Tamar.

Malerezman, pi gran pitit gason l' lan te yon move moun. Poutèt sa Letènèl te fè l' mouri. Jida te mande dezyèm pitit gason li an pou l' gen relasyon avèk Tamar, pou gran frè l' la kapab gen yon eritye epi pou fanmiy lan kapab kontinye egziste.

Dezyèm pitit gason l' lan te antre nan relasyon avèk Tamar ; men, li pa t' dakò avèk lide pou l' fè pitit, pou frè l' la. Se pou sa dènye fwa l' te gen relasyon avè l', li te ejakile deyò, pou fanm nan pa ansent. Sa te fè Bondye fache, epi li te tiye dezyèm pitit gason an tou.

Après sa, Jida te di Tama: "Retounen al viv kòm vèv lakay paran w yo. Mwen va ba ou pi jèn pitit gason m nan, lè l'vin gran."

Li te fè sa Jida te di l' fè a. Ane pase sou ane, Jida pa janm bay Tama pi jèn pitit gason l' lan. Li te pè pou dènye pitit gason l' lan pa t' mouri menm jan avèk lòt frè l' yo. Kounyea, Tama kapab wè ke pi jèn frè a te ase gran pou l' marye. Nan menm moman sa a, madanm Jida te mouri. Après sa limenm avèk yon zanmi l' te fè yon vwayaj yon kote yo t'ap tonn mouton l' yo. Gen yon moun ki te di Tama sa. Lamenm, li te chanje rad li yo, konsa yo p'ap wè l' sanble avèk yon vèv. Après sa, lit e kouvri vizaj li avèk yon vwal.

Li te ale epi lit e chita lòtbò wout la, kote bòpè l' kapab pase nan jou sa a. Jida te wè l', li te panse se te yon pwostitye, paske l' te kouvri fas li avèk yon vwa l'. Li pa t' konnen se te bèlfi li a. Li te di: "kite m' dòmi avè w."

"Kisa w'ap ban mwen?"

Li te di l': "lè m' rive nan twoupo m' yo, m'ap voye yon jèn bouk kabrit pou ou."

Li te di l': "m'ap gen relasyon avè w. Men, fòk ou kite yon bagay nan men m', k'ap fè m' konnen w'ap voye bouk kabrit la ban m' vre."

"Kisa w vle?"

Li te di: "Mwen vle baton w lan avèk bag la ou gen nan kòd ki nan kou w la."

Li te ba l' bagay sa yo, epi li te gen relasyon avè l'. Li te vin ansent. Après yo te fin fè sa, li te retounen lakay li, li te retire vwal la epi li mete rad vèv li ankò. Kon Jida te rive kote twoupo l' la te ye a, li te mande yon zanmi pou l' pote jèn bouk kabrit la bay pwostitye a. li te di l': "sonje pote bagay yo mwen te kite nan men l'yo, pou mwen." Lè zanmi an te rive kote a, li pa t' kapab jwenn li. Li te mande kèk moun ki te rete nan zòn nan: "ki kote pwostitye a ki konn chita bò wout sa a rete isit la?" Yo te reponn: "pa janm gen pwostitye ki chita bò wout sa a."

Zanmi an te retounen, epi li te rakonte tout sa bay Jida. Li te ri e l' te di: "ebyen, li mèt kenbe bagay sa yo mwen te ba li a. Mwen te fè sa m' te gen pou m' te fè nan afè sa a, mwen fini."

Après twa mwa, yon moun te di Jida: "bèlfi ou a te aji tankou yon pwostitye. Li ansent kounyea. Jida te fache anpil. Li te kriye, li te di: "mennen l'isit la, m'ap brile l'."

Pandan yo t'ap tann li, li te voye yon mesaj pou bopè l'. Li te di: "mwen kapab idantifye moun ki ansent mwen an. Bagay sa yo se pou li yo ye. Èske ou rekonèt yo?"

Kou l' te wè bag li a avèk baton l' lan, li te sonje sa k' te pase a. "Li se yon pi bon moun pase m'! Mwen te pwomèt li pou m' te ba li pi jèn pitit gason m' lan. Men, mwen pa t' fè sa." Li pa t' janm gen relasyon avè l' ankò. Li te fè de pitit gason. Lè yo t'ap fèt, yonn nan yo te mete men l' deyò. Matwòn

nan ki t'ap asiste dam nan nan akouchman an te mete yon fil wouj nan men l', epi li te di: " sa se premye ne a. "

Rapidman, men an te antre epi lòt timoun nan te fèt. Konsa yo rele timoun sa (Perets) ki vle di brèch. Aprè sa frè l'la te fèt. Paske l' te gen fil wouj klere a nan men l', yo te rele l' (Zerak) ki vle di klere.

29 - Jozèf Vin Chèf

Jenèz 40-41

Lavi nan prizon an te rèd pou Jozèf, men Bondye te avèk li e li te beni l'. Chèf prizon l' lan te vin respekte l'. Finalman, li te kòmanse ap sèvi avè l' kòm èd li. Pwobableman, Jozèf te rive responsab tout prizon an. Yon jou Fararon te mete jeran an chèf tout afè l' yo avèk chèf boulanje l' yo nan prizon. Pandan yo te la a, yo chak te fè yon rèv. Jozèf te mande yo, pou yo te rakonte l' yo. Jeran an chèf la te di: "mwen te wè twa branch nan yon pye rezen. Yo te fleri epi aprè sa yo te donnen rezen. Mwen te pran grenn rezen yo, mwen te pire yo nan tas fararon an, epi mwen te pote l' ba li. " Jozèf te di: Bon, twa branch yo se twa jou. Nan twa jou, Fararon ap lage w, epi l'ap ba w fè menm travay la ankò. Silvouplè sonje m' e mande fararon pou l' lage m' tou. Mwen pa t'fè anyen ki te merite sa."

Lè chèf boulanje yo te tandè sa, li te cho pou l' te rakonte Jozèf rèv li a tou. "Mwen te wè mwen genyen twa panye pen pou fararon sou tèt mwen. Zwazo te vole vini nan yo epi yo te manje tout pen yo ki te nan panye yo. " Jozèf te di: "twa panye yo se twa jou tou. Nan twa jou, Fararon va lage w, men li va fè pann ou nan yon pye bwa e zwazo yo va manje w. "

Tout bagay te rive jan Jozèf te di a. Fararon te mete jeran an chèf tout afè l' yo nan menm travay li a ankò epi li te fè pann chèf boulanje a nan yon pye bwa. Malerezman, jeran tout afè Fararon yo te bliye Jozèf lamenm.

De lane aprè sa, wa fararon te fè de rèv. Li te reveye aprè pwemye rèv la epi l' te dòmi ankò. Lè sa a li te fè yon lòt rèv ankò, fwa sa a, li te tèlman boulvèse, li pa t' kapab dòmi ankò. Li te voye rele konseye l' yo epi li te rakonte yo rèv li yo. Yo pa t' kapab konprann sa yo te vle di. Lamem Jeran anchèf afè Fararon yo te vin sonje Jozèf. Li te pale Fararon de nèg la ki te nan prizon an, ki te entèprete rèv li a, avèk rèv boulanje a. Wa Fararon te voye sòlda al chèche Jozèf mennen ba li lamem.

"Nan pwemye rèv la, mwen te wè sèt vach bèf gra sòti nan larivyè a epi yo t'ap manje nan kwen l' yo. Sibitman sèt vach mège te sòti nan larivyè a epi yo te manje sèt gra yo, e aprè sa yo te rete toujou mège, jan yo te ye avan sa a. "

"Nan dezyèm rèv la, mwen te wè sèt zepi ki te plen grenn nan yon sèl pye. Sibitman, sèt epi san grenn te pouse sou yon lòt pye. Sèt epi vid yo te vale sa yo ki te plen yo. Aprè sa yo te toujou rete vid jan yo te ye avan an. "

Jozèf te di: "Bondye fè w konnen sa l' pra l' fè. Sèt vach gra yo avèk sèt epi plen grenn yo se sèt lane k'ap gen anpil abondans. Aprè sa, va gen sèt lane grangou. Yo va tèlman mal, ke moun y ova bliye lane yo te gen abondans yo. Se pou sa, ou dwe chèche yon nonm ki saj pou w mete alatèt peyi a. Se pou l' mete moun k'ap sanble manje pandan lane abondans yo epi mete yo nan depo pou lane sechrès yo. Si w pa fè sa, peyi a ap detwi avèk grangou."

Faraon te di minis li yo: "Èske nou ka jwenn yon nèg ki pi bon pase Jozèf, pou fè travay sa a, ki gen Lespri Bondye nan li?" Faraon te di Jozèf: "Pèp la va soumèt anba lòd ou. Aprè mwen menm, se oumenm ki va gen plis pouvwa an Ejip."

Pandan sèt lane yo aprè sa, Jozèf te vwayaje nan tout peyi Lejip, li t'ap sanble manje, pou l' te mete yo nan depo. Aprè sa, jan Bondye te montre sa a, sèt lane grangou yo te kòmanse. Grangou sa a te fwape tout lòt peyi ki te nan rejyon an. Lè Ejipsyen yo te kòmanse santi grangou a, Jozèf te louvri depo yo, e l' te kòmanse vann yo manje yo. Rapidman, tout peyi ki te nan zòn bò Lejip la te vin achte manje nan men Jozèf.

30 - Fanmiy Jozèf Reyini Ansanm

Jenèz 42-45

Jakòb te aprann te gen manje an Ejipt, konsa li te voye pi gran pitit gason l' yo al achte manje. Li pa t' voye Benjamen, paske l' te pè pou l' pa t' pèdi l'. Lè mesye yo te rive an Ejipt, yo t'al devan chèf peyi a. yo pa t' konnen se te Jozèf ki te chèf la. Jozèf te rekonèt yo, men l' te fè kòm si l' pa t' konnen yo. Li t'ap teste yo pou l' te wè si yo te chanje.

“Ki kote nou sòti?”

Lè yo te reponn, li te di yo britalman: “se espyon nou ye?”

Frè l' yo te sezi: “non, nou se bon moun. Pitit yon nonm ki rete Kanaran. Yonn nan frè nou yo rete lakay epi gen yonn ki te mouri. Jozèf te di: “n'ap banm yon prèv sou sa. M'ap kenbe yonn nan frè nou yo isit la. Lòt yo ap retounen lakay yo epi y'ap retounen avèk pi jèn frè nou an. Lè sa a mwen va konnen si nou di laverite.”

Li te kenbe Simeyon epi li te voye lòt yo ale avèk sak manje yo lakay yo, san yo pa t' konnen si yo te mete lajan yo nan sak manje yo.

Yo te di Jakòb sa k' te pase a. Yo te di l': “nou dwe mennen Benjamen an Ejipt, pou nou kapab mete Simeyon deyò nan prizon. Se aprè sa yo te dekouvri lajan yo nan sak manje yo. Yo te sezi epi Jakòb te di yo: “nou p'ap retire Benjamen nan menm! Jozèf disparèt. Men Simeyon pèdi tou. Kounyea pou nou ta pran Benjamen, pou nou al disparèt li tou! Si'm ta pèdi Benjamen, m' ta mouri nèt avèk chagren.”

Lè manje yo te sòti avèk yo an Ejipt la te fini, Jakòb te di pitit li yo pou yo retounen la epi pou yo achte plis. Jida te fè l' sonje yo pa kapab retounen si yo pa mennen Benjamen avèk yo. Li te di: “ou mèt voye l'avè m'. N'ap ba l' sekirite. Kite nou ale. Nou bezwen manje a!”

Alafen, Jakòb te dakò epi mesye yo te retounen an Ejipt avèk Benjamen. Yo te pote de fwa plis kòb, yon fason pou yo kapab remèt lajan yo te jwenn nan sak yo a. Lè Jozèf te wè yo, li te di sèvitè l' la pou l' mennen yo lakay li, nan lòt pou yo dine a. Mesye yo te chèche remèt lajan yo te jwenn nan sak yo a, men sèvitè yo te di yo: “nou pa t' bliye peye anyen.”

Nan demen maten yo te mesye yo retounen Kanaran avèk sak yo plen avèk manje. Jozèf te fè sèvitè l' yo mete yon tas an ajan nan sak ki te pou Benjamen an. Lè mesye yo te rive nan yon ti distans, sèvitè Jozèf yo te rapouswiv yo e yo te di yo: “yonn nan nou te vòlè tas ajan mèt la.” Mesye yo te choke, yo te di: “nou pa ta kapab fè yon bagay konsa. Si w jwenn li nan men nenpòt nan nou, moun sa a va mouri epi nou tout lòt ap tounen esklav mèt ou a. yo chak te louvri sak yo, epi yo te jwenn tas la nan sak Benjamen an. Mesye yo te sezi anpil. Yo te retounen nan vil la avèk sòlda yo epi yo tout te mete ajenou devan Jozèf. Li te mande yo: “poukisa nou te fè sa?”

Jida te reponn: “kòman nou kapab pwouve nou inosan? Kounyea, nou tout va tounen esklav ou.”

“Non!, sèl sila a ki koupab la, va tounen esklav mwen. Nou tout lòt yo mèt al jwenn papa nou lakay nou. Jida te di l': “mwen te pwomèt papa m', m'ap bay Benjamen sekirite. Pèmèt mwen tounen esklav nan plas li. Mwen pa kapab wè papa m' nan lapenn, si Benjamen pa tounen al jwenn li.”

Lè Jozèf te tande sa, li te kòmanse kriye, li te di frè l' yo: “mwen se Jozèf.”

Mesye yo te pè anpil, yo pa t' kapab reponn li. Li te di yo vini pi pre mwen. Mwen se frè nou an, nou te vann kòm esklav la. Bondye te voye m' la, pou mwen te kapab sove lavi nou. Genyen sèt lane grangou ki rete ankò, Bondye te voye m' isit la pou m' te prepare yon plas pou nou. Aprè li te di yo: “retounen epi mennen papa nou avèk fanmi nou an Ejipt. Faraon te tande sa, e l' te di Jozèf: « n'ap bay yo pi bon kote ki gen an Lejipt la pou yo rete. »

31 - Moyiz Fèt

Egzòd 1-2:10

Desandan Jakòb yo te rele Ebre oubyen Izrayelit. Plis ane yo t'ap pase, yo t'ap miltipliye anpil. Yo te trete yo byen jouk lè yon nouvo fararon te monte sou pouvwa a. Li pa t' konnen Jozèf ni anyen l' te fè. Nouvo fararon sa a te santi l' te dwe fè yon bagay avèk Ebre yo, paske popilasyon yo a t'ap grandi pi plis chak jou, epi yo te vin pwisan.

Pwemye plan l' te genyen, se te mete pèp la nan esklavaj, fòse yo fè brik epi fè yo bati vil. Malgre sa, Izrayelit yo te kontinye miltipliye. Poutèt sa, Ejipsyen yo te ogmante travay yo epi yo t'ap bat yo. Malgre sa popilasyon Ebre a te kontinye ap grandi.

Fararon te fè yon plan pou l'te kapab kanpe sa. Li te di matwòn yo: "lè n'ap ede yon fanm akouche, kite sèl tifi yo viv."

Matwòn yo pa t' obeyi faraon. Yo te gen krentif pou Bondye pito epi yo te kite ti gason yo viv, menm jan yo te fè sa pou ti fi yo. Yo te di Faraon: "fanm Ebre yo gen plis fòs pase fanm Ejipsyen yo. Yo akouche depi anvan nou rive kote yo." Bondye te beni fanm sa yo, paske yo te refize tiye timoun yo.

Popilasyon Izrayèl la te kontinye ap grandi an kantite, poutèt sa, Faraon te fè nouvèl lwa pou pèp la: "nou fèt pou nou jete tout ti gason ebre yo ki fèk fèt yo nan rivyè Nil la.

Pandan tan pèsekisyon sa a, yon ti gason te fèt, nan yonn nan fanmiy Ebre yo. Manman l' te sere l', pandan twa mwa, men sa te vin pi difisil semèn aprè semèn.

Finalman, li te vin konprann li bezwen fè yon lòt bagay. Se konsa l' te fè yon panye, dlo pa t' kapab antre ladann, li te mete timoun nan ladann, epi li te mete l' nan mitan rozo yo, ki te akote rivyè nil lan. Sè ti gason an te rele Miryam. Li te sere yon kote tou pre a, li t'ap veye pou l' te wè sa k't'ap rive avèk frè l' la.

Sa pa t' pran anpil tan, pitit fi farawon an te desann nan rivyè a, pou l' benyen. Li te wè panye a ki t'ap flote nan mitan rozo yo, epi li te voye sèvant li al pran l'. Lè l' te louvri panye a, ti bebe a te kòmanse kriye, epi kèl' te fè l' mal pou li. Li te di: "san dout, sa se yonn nan ti moun ebre yo. "

Miryam te sòti kote l' te kache a epi li te di l': "Èske w vle m' al chèche yon manman ti moun Ebre, ki kapab nourri timoun sa a?"

"Wi, mwen ta vle sa. Al chèche yon manman pou l'alète l' pou mwen."

Konsa, jèn fiy la te ale, li t'al chèche pwòp manman ti moun nan. Pitit fiy farawon an te di l': alète pitit sa a pou mwen, mwen va peye w."

Lè timoun nan te grandi ase, manman l' te tounen mennen l' bay pitit fiy farawon an e tigason an te vin pitit li. Li te rele l' Moyiz (sa ki vle di: mete deyò nan dlo.) "Mwen te retire l' nan dlo."

32 - Moyiz Jwenn yon Madanm

Egzòd 2: 11-22

Pitit fiy faraon an te elve Moyiz kòm si se te pwòp pitit li l' te ye. Lè l' te vin gran, li te al vizite pèp li a e l' te wè kòman yo t'ap maltrete yo kòm esklav.

Sibitman, li te wè yon Ejipsyen ki t'ap bat yon Izrayelit. Moyiz te gade adwat agoch pou l' te wè si te gen moun ki t'ap gade l'. Aprè sa li te fwape Ejipsyen an epi li te tiye l'. Li te kache kadav la nan sab la rapidman.

Nan demen, li te sòti ankò, fwa sa a li te wè de Ebre ki t'ap goumen. Li te fè yo kanpe epi li te di: "pou tout pwoblèm nou déjà genyen sou tèt nou, poukisa n'ap goumen antrenou?"

Yo te fè bak epi yo te di byen fò: "kimoun ki mete w chèf sou nou? Ni ou pa jij nou! Eske w vle tiye nou tou menm jan w te tiye Ejipsyen an ayè a?"

Moyiz te sezi. Li te vin konprann ke krim li an pa t' yon sekrè. Rapidman farawon an te konnen sa k' te pase a, li te voye moun pou tiye Moyiz. Poutèt sa, Moyiz te kouri kite Lejip pou l' te sove lavi l'.

Li te rive nan dezè a, yon kote yo te rele Madyan. Kon l' te rive la, li te chita bò yon pwi. Aprè yon ti moman, sèt fanm te vini nan pwi a, pou yo te tire dlo pou mouton yo. se te pitit fiy Jetwo, prèt peyi Madyan an.

Sibitman, kèk gadò mouton te parèt, epi yo te kòmanse kouri dèyè medam yo. Moyiz te leve kanpe, epi li defann yo. Aprè batay la, li te ede medam yo tire dlo pou mouton yo.

Lè yo te retounen lakay yo, Jetwo te sezi wè medam li yo tounen bonè konsa. Yo te di: "yon Ejipsyen te pwoteje nou kont bèje yo, epi li te menm ede nou bay mouton yo dlo."

"E kote l'? Kisa? Èske nou kite l' bò pwi a? Al chèche l', epi envite l'vin manje avèk nou."

Moyiz te rete avèk Jetwo, avèk fanmiy li, e l' te rive menm marye avèk yonn nan pitit fiy li yo, ki te rele Sefora. Yo te genyen de pitit gason ansanm.

33 - Bondye Rele Moyiz

Egzòd 3- 4: 18

Après Moyiz te marye avèk Sefora, li te tounen yon bèje pou bòpè l'. Aprè 40 lane, lè l' te gen 80 lane, li te mennen twoupo l' yo bò kote yon mòn. Sibitman, nan yon distans ki pa lwen, li te wè yon ti boukèt bwa avèk yon dife ki t'ap brile ladann, men li te refize brile. Lè l' wè sa, li te pwoche pi pre l' pou l' te kapab wè l' pi byen. Lè l' te rive tou pre l', Bondye te rele l' nan ti boukèt bwa a: "Moyiz! Moyiz!

Li te fè yon pa an aryè. Bondye te di l': "wi mwen isit la, pa vin pi pre. Retire soulye'w nan pye w. se sou yon tè ki sen ou ye la."

Lè Moyiz te retire soulye l' nan pye l', Letènèl te di l': "mwen se Bondye papa w yo – Bondye Abraram, Bondye Izarak la, Bondye Jakòb la."

Moyiz te kouvri fas li paske, l' te pè gade Bondye.

"Pèp mwen an ap soufri nan peyi Lejip. Li lè pou mwen delivre yo anba esklavaj sa a. Mwen chwazi w, pou w mennen yo tounen nan peyi Kanaran. Poutèt sa, retounen an Ejp epi pale avèk Farawon."

"O Senyè, se pa mwen menm. Se pa mwen menm, ki moun ki kalifye pou mennen izrayelit yo sòti nan peyi Lejip la. Mwen pa kapab pale avèk Farawon."

Bondye te pran pasyans avèk Moyiz. Mwen va avèk ou. Lè w sonje mòn sa a, ou va sonje mwen voye w. Ale an Ejip, epi mennen pèp mwen an vin adore la a.

Moyiz reponn, li te di: "bon, si m'ta kanpe devan izrayelit yo, mwen ta di yo: Bondye papa nou yo voye m' kote nou. Si yo di, ki Bondye sa? Kòman l' rele? Ki repons pou m' ba yo?"

Bondye te di: "se mwen ki mwen menm nan! Mwen menm voye w kote yo. Mwen menm se Bondye Abraram nan, Bondye Izarak la, Bondye Jakòb la. Pèp la va koute w, men Faraon p'ap koute w. poutèt sa mwen va frape l' fò. Lè m' fin fè sa, li va kite pèp mwen an ale."

Jouk nan moman sa toujou, Moyiz pa t' vle dakò. Se pou sa Bondye te di l': "kisa w genyen nan men w?"

"O! yon baton."

"Lage l' atè."

Moyiz te lage l' atè, li te tounen yon koulèv. Moyiz te pè, li te fè bak devan l'. Aprè sa, Bondye te di l': "lonje men w', pran l' nan ke l'." Moyiz te pran l' nan ke l', lamenm, li tounen yon baton nan men l' ankò.

Bondye te di l': "mete men w nan sen w." Moyiz te mete men l' nan sen l', lè l' te retire l' li te plen avèk lèp.

Bondye te di l': "mete men w nan sen w ankò, li te fè sa, epi men l' te retounen nòmàl.

Bondye te di l': "montre pèp la sin sa yo, epi y'ap kwè nan ou."

"A ! Senyè, mwen pa janm konn pale byen. Mwen pa gen yon langaj fasil."

"Moyiz, kilès ki te fè bouch ou? Se mwen ki fè moun soud, bèbè, avèg ou wè. Ale, epi fè sa m' di w la. Mwen va ede w pale, mwen va di w sa pou w di."

Moyiz te bese tèt li, li te di: "Senyè, mwen pa vle ale, silvouplè voye yon lòt moun. Lè sa a, Bondye te fache avèk Moyiz, li te di l': "Arawon, frè'w la ap vin jwenn avè w. Li pale byen anpil. Pran l' avè w, epi ale an Ejip!"

Konsa, Moyiz te retounen kote Jetwo, li te mande l' pèmisyon pou l' retounen an Ejip.

34 - Sefora



Egzòd 4: 18 – 31, 18: 2

Moyiz te di Jetro, Bopè l' la: " mwen vle retounen an Ejipt, pou m' wè si paran m yo vivan toujou." Jetro te dakò, epi li te ba l' benediksyon l', pou l' fè vwayaj la.

Letènèl te di Moyiz: "retounen an Ejipt. Moun ki t'ap chèche tiye w la mouri kounyea. Konsa, Moyiz te prepare l' pou l' fè vwayaj la. Li te pran madanm li avèk pitit gason l'yo, yo te kite Madyan ansanm. Li te pran Baton Bondye a nan men l'. Menm lè a Bondye te di Arawon: "al kontre avèk Moyiz nan dezè a." se pou sa li te kite Lejip epi l' te pran direksyon Madyan.

Pandan Moyiz te nan vwayaj la, Bondye te endike'l sa pou l' sa pou l' te fè kon l' rive an Ejipt. Bondye te di l': "fè tout sin mwen ba ou pou w fè yo, men ou pa bezwen etone, Farawon p'ap koute w. mwen va andisi kè l', konsa li p'ap vle kite pèp la ale."

"Men mesaj mwen pou li: "Izrayèl se pwemye pitit gason m'. Ou refize kite pitit mwen an ale e adore m'. Poutèt sa, mwen va tiye pitit gason w lan."

Nan lannwit lan, Moyiz avèk fanmiy li te rete yon kote, pou yo dòmi. Sanzatann, Letènèl te atake Moyiz, paske pitit li yo pa t' sikonsi.

Rapidman Sefora te prese pran yon kouto, li te sikonsi de pitit gason l' yo epi li te voye prepis yo nan pye mari l'. Konsa, sa fè Letènèl pa t' fè Moyiz anyen, li te kite l' kontinye vwayaj la.

Sefora te gade tout san ki te sòti nan timoun yo. Li te rele Moyiz, li te di l': "ou se yon mari san pou mwen."

Nan demen, Moyiz te wè Arawon ki t'ap vin jwenn avèk li. De frè yo te salye yonn lòt avèk anpil kè kontan. Moyiz te rakonte Arawon tout sa Letènèl te di. Li te pale l' de sin yo Letènèl te ba l' la, epi de sa l' gen pou l' fè. Yo te tounen ansanm epi yo te fè yon reyinyon avèk ansyen Izrayèl yo. Arawon te kanpe devan pèp la, li te di sa Letènèl te di Moyiz. Moyiz te montre yo sin yo Letènèl te ba l' la. Pèp la te kontan avèk sa yo te tandè, avèk sa yo te wè. Yo te kwè nan Moyiz avèk Aaron, epi yo te mete ajenou e adore Letènèl. Moyiz te vin konprann, li te pi bon pou l' te voye famiy li tounen Madyan. La a, yo va kapab anba pwoteksyon Jetwo, Bopè l'la.

35 - Pay Pou Fè Brik,

Egzòd 5 -7: 13

Moyiz avèk Arawon te ale kote Farawon, epi yo te di l': "men sa Letènèl, Bondye Izrayèl la di: kite pèp mwen an ale nan dezè a pou twa jou, pou yo kapab adore m'."

Farawon an te fache e l' te di: "Kisa Bondye ebre yo panse l' ye, pou l'ap di m' sa pou m' fè a?" Mwen pa konnenl', epi mwen p'ap kite esklav mwen yo ale nan dezè a."

Après sa, li te gade Moyiz avèk Aaron, li te di yo: "tout pale n'ap pale de adorasyon an, se anpeche nou bezwen anpeche esklav mwen yo fè travay mwen an. Sispann avèk pawòl sa yo. Retounen lakay nou."

Après sa, li te bay enspektè yo lòd sa a: "esklav mwen yo parese! Yo tèlman gen tan, y'ap pale de kesyon pou yo ale nan dezè a, pou yo al adore Bondye. Bon, m'ap règle sa. Depi kounyea, sispann ba yo pay pou yo fè brik. Se pou yo al chèche pay yomenm. Se pou yo fè menm kantite brik, yo te konn fè avan sa a tou. Sa va fè yo konprann, pou yo pa kanpe ap tandè manti sa yo."

Enspektè pèp la te ale, epi yo te di responsab izrayelit yo sa Farawon te di: "nou p'ap bannou pay ankò. Se noumenm ki pou al chèche l', e se pou nou fè menm kantite brik nou te konn fè yo avan." Sa fè lamenm, pèp la te ale toupatou nan peyi Lejip, pou yo te jwenn pay. Akòz de sa, yo pa t' kapab fè kantite brik yo te mande yo pou yo fè a. Poutèt sa, enspektè pèp la te bat responsab esklav izrayelit yo. Yo te di yo: "nou p'ap fè travay nou. Nou pa fè ase brik."

Responsab esklav izrayelit yo te ale kote Farawon, yo te di l': "poukisa w'ap trete esklav ou yo konsa? Si nou pa gen pay la, nou p'ap kapab fè menm kantite brik yo nou te konn fè avan an." Farawon te rele sou yo, li te di yo: "nou parese- nou parese mwen di. N'ap pèdi tan nou rete kanpe ap di nou vle al adore Letènèl. Kounyea, se travay nou gen pou nou travay. Ale, al chèche pay noumenm, e mwen vle menm kantite brik la chak jou!

Pandan mesye responsab esklav izrayelit yo te sòti kote Farawon, yo te jwenn Moyiz ki t'ap tann yo. Yo te di l': "ou te fè nou pèdi valè devan Farawon. Ou te mete yon nepe nan men l', li pra l' tiye nou avè l'."

Moyiz te ale kote Bondye li te di l': "poukisa ou te voye m'isit la? Ou pa t' delivre pèp la okontrè ou fè yo gen plis pwoblèm?"

Letènèl te reponn Moyiz: "ou pra l' wè sa m' pra l' fè Farawon. Lè m' va fè sa m' gen pou m' fè a. Faraon pra l' mande pou l' mete nou deyò nan peyi l' la. Al di pèp la: "mwen se Letènèl. Mwen tandè plenyen yo e m'ap mennen yo tounen nan peyi mwen te pwomèt Abraram, Izzarak avèk Jakòb la."

Moyiz te al kote pèp la e l' te ba yo mesaj sa a. Men yo pa t' vle koute l', yo te tris e dekouraje. Après sa Letènèl te mande Moyiz, pou l' al pale avèk Farawon ankò: "di l' pou l' kite pèp mwen an sòti nan peyi a." Moyiz te di: "mwen pa konn pale pi byen pase sa. Si izrayelit yo pa koute m', Farawon p'ap koute m' pi rès toujou."

Letènèl te reponn li: "Moyiz, mwen fè w tankou Bondye pou Faraon, epi Arawon kòm pwofèt ou. Men, mwen di w sa pou w di.

Konsa, Moyiz avèk frè l'la, Arawon te kanpe devan Farawon, yo te mande l' pou l' kite pèp la ale nan dezè a, pou yo adore Letènèl. Farawon te mande yo sin, lè sa a Arawon te lage baton l' lan atè, ki te tounen yon koulèv. Majisyen Farawon yo te lage baton pa yo atè tou epi yo te tounen koulèv tou. Men, rapidman koulèv Arawon an te vale lòt koulèv yo. Malgre sa, Faraon pa t' vle fè sa yo te di l'fè a.

36 – Dis Plè yo Kont Farawon

Egzòd 7 - 9

Letènèl te mande Moyiz avèk Arawon pou yo te ale kote Farawon nan maten, pandan l'ap ale bò rivyè Nil la. Moyiz te di l: "paske w refize libere pèp nou an, tout dlo nan peyi Lejip la ap tounen san. Pwason yo ap mouri e ejipsyen yo p,ap kapab bwè dlo a." Aprè sa, Arawon te frape dlo a avèk baton l' lan, epi dlo a te tounen san.

Majisyen farawon yo te fè menm bagay la tou. Poutèt sa, Farawon pa t' ba sa Moyiz avèk Arawon te fè a valè. Tout dlo nan peyi a te tounen san, epi yo pa t' kapab bwè l'. Pèp la te oblije fouye pwi, pou yo te jwenn bon dlo pou yo bwè.

Après sèt jou, Moyiz te di Farawon: "paske w'ap fè tèt di krapo pra l' anvayi peyi w la." Aprè sa Arawon te lonje baton l' lan sou rivyè yo, epi krapo te kòmanse sòti nan rivyè yo ak nan lak yo. Majisyen yo te fè kèk krapo parèt tou. Rapidman te vin gen krapo toupatou. Yo te ale nan tout lari nan vil yo, yo te ale nan kay moun yo, nan manje yo e menm nan kabann yo.

Farawon te di Moyiz: "mwen chanje lide. Pèp ou a mèt ale nan dezè a, pou yo al adore Bondye. Mande Bondye pou l' fè krapo yo ale pou mwen."

Moyiz te mande l': "kilè w ta renmen pou krapo yo ale?" Farawon te di: "demen!"

Nan demen krapo yo te mouri.

Pèp la te sanble yo pa gwo pil, epi yo te kòmanse santi. Aprè sa farawon te chanje lide, li te refize kite pèp la ale. Aprè sa, Arawon te frape pousyè tè a avèk baton l' lan epi pousyè tè a te tounen pis.

Rapidman tout pèp la avèk tout bèt yo nan peyi Lejip te kouvri avèk pis. Majisyen Farawon yo pa t' kapab fè sa tou. Yo te di Farawon sa sòti nan men Bondye.

Malgre sa, li pa t' vle kite pèp la ale. Aprè sa Bondye te voye yon bann mouch ki te kouvri peyi a. Men, pa t' gen mouch bò kote izrayelit yo te rete a. Faraon te dakò pou l' kite pèp la ale. Moyiz te di Farawon, mouch yo ap disparèt. Men, li te di l'tou, Sèlman fè atansyon, pinga chanje lide ankò. Poutan, se sa menm li te fè. Kon mouch yo disparèt, Farawon te refize kite pèp la ale pi rès.

Bondye te voye yon gwo kalamite, ki te fwape tout twoupo bèt moun yo, ki te nan jaden yo nan peyi Lejip, men, li pa t' fè anyen kote izrayelit yo rete a. Farawon te vin pi rebèl, li pa t' vle kite izrayelit yo ale.

Moyiz te pran yon men sann, li te lanse l' nan peyi Lejip, ki te fè gwo bouton pouse nan kò tout moun, avèk tout bèt nan peyi Lejip. Majisyen yo pa t' kapab parèt devan Farawon, paske yo te gen gwo bouton sa yo tou.

Farawon te fache, li te refize koute Moyiz. Bondye te di Moyiz ke Farawon ta aji konsa. Moyiz te ale kote Farawon avèk yon mesaj espesyal Bondye te voye ba li: "kounyea se kont oumenm avèk pèp ou a mwen pra l'aji dirèkteman. Lè m' va fè sa, tout pèp ki sou latè va konnen mwen se Letènèl. Demen, mwen pra l' voye yon tanpèt grèl nou pankò janm wè avan sa. Nou dwe mete tout bèt yo an sekirite. Si nou pa fè sa, y'ap mouri"

Nan demen, lagrèl ansanm avèk dife te tonbe, tout bèt avèk tout jaden te detwi. Men, pa t' gen anyen kote izrayelit yo te rete a. Kèk nan Ejipsyen yo te fè sa Moyiz te di yo fè a, yo te mete bèt yo avèk sèvitè yo an sekirite, nan kay yo te prepare pou sa. Men gen lòt ki pa t' fè sa, twoupo bèt yo avèk sèvitè yo te mouri nan tanpèt la.

Farawon te rele Moyiz avèk Arawon, li te di yo: "mwen rekonèt mwen te peche, mwen koupab, se Letènèl ki jis. Silvouplè, priye pou mwen, mande l' pou l' fè tanpèt la rete. Mwen va kite pèp ou a ale."

Moyiz te di l' : "tanpèt sa a va rete kon m' deplase la a." Pandan Moyiz t'ap ale, li te di Farawon: "mwen konnen ou pa gen krentif pou Bondye."

Sa Moyiz te di a, se te vre. Kon Farawon te wè tanpèt avèk grèl la te rete, li te vire do kont Bondye e kont pèp izrayèl la.

37 -Fèt Pak la

Egzòd 10 -13

Moyiz te ale kote Farawon e li te di l: "si w pa kite izrayelit yo ale, Bondye pra l' voye krikèt ou pankò janm wè, yo va kouvri peyi a. Yo va manje tout sa lagrèl la pa t' detwi. Sèvitè Farawon yo te di l': "silvouplè, kite yo ale. Ou pa wè peyi Lejip fin detwi?" Aprè sa, Farawon te di Moyiz: "mesye yo mèt ale epi adore Bondye.

Moyiz te di l': "lè nou prale, n'ap pran tout moun avèk nou, ni mesye yo, ni fanm yo, ni jèn ni vye. Epi nou prale avèk bèt nou yo tou."

Farawon te fache, li te di yo: "non ! Non ! Li te fè yo mete yo deyò devan l'. Nan demen, Moyiz te lonje baton l' lan sou peyi Lejip, epi gwo krikèt te anvayi peyi a. pa t' janm gen yon bann krikèt konsa, ki te janm anvayi Lejip, avan sa. Yo te manje tout bagay vèt ki te gen nan peyi a. Yo te ale toupatou. Yo te anvayi menm kay yo tou.

Farawon te fè rele Moyiz prese prese. Li te di: "mwen regrèt, paske mwen peche kont Letènèl. Silvouplè, mande Letènèl pou l' voye krikèt yo ale."

Moyiz te priye Bondye, epi yon gwo van te pouse krikèt yo tonbe nan lamè wouj. Pa t' gen menm yon sèl ki te rete. Lè yo te ale, Faraon te kontinye fè rebèl kont Bondye, li pa t' dakò pou Izrayèl ale pi rèd.

Après sa, Bondye te mande Moyiz pou l' leve men l' nan syèl la. E Moyiz te fè sa. Lè l' te fè sa, yon gwo fènwa te kouvri peyi Lejip. Li te tèlman rèd, se kòm si moun te kapab manyen l'. Yo pa t' kapab wè anyen. Sa te rete konsa pandan twa jou. Men, te toujou gen limyè kote izrayelit yo te ye a.

Farawon te rele Moyiz lakay li, epi li te di l': "m'ap pèmèt pèp ou a al adore nan dezè a, nou mèt kite twoupo nou yo avèk mouton nou yo."

Moyiz te souke tèt li, li te di: "non! N'ap mennen tout moun avèk tout bagay, ni bèt yo tou."

Farawon te fache ankò, li te di: "mwen p'ap kite pèp la ale. Sòti la tou de swit, epi pinga janm retounen la ankò. Jou nou vin devan m'ankò n'ap mouri."

Letènèl te di Moyiz: "mwen pral voye yon lòt plè kont Ejipsyen yo, e fwa sa a, Farawon pral kite nou ale. Li pral menm fòse nou, pou nou ale. Lè pèp mwen an konnen bagay sa yo, chak fanmiy fèt pou yo chwazi yon belye mouton, ki gen 1 an, ki pa gen okenn domaj. Yo dwe tiye l epi mete san an nan de poto avèk nan lento pòt la. Moun yo dwe rete andedan kay la. Yo p'ap gen pwoteksyon, si yo pa rete andedan kay la. Boukannen vyann mouton an epi manje l' avèk rad nou, avèk sandal nou nan pye nou, kòm si nou te gen ijans. Si l' twòp pou yon fanmiy manje l' poukont li, se pou l' envite yon lòt fanmiy vin manje l' avè l'."

Lannwit sa a, m'ap pase nan tout peyi Lejip, m'ap tiye tout pwemye pitit gason yo, nan chak fanmiy-kòmmanse lakay Farawon rive lakay sèvitè ki pi pitit a. Men lè m' wè san an nan kay nou yo, m'ap pase sou tèt nou e mwen p'ap tiye pwemye pitit gason nou yo.

Izrayelit yo te fè sa Bondye te di a, san manke anyen. Lannwit sa a Letènèl te pase nan tout peyi Lejip epi l' te tiye tout pwemye pitit gason yo, nan tout kay. Li te tiye tout premye pitit mal pami bèt yo tou. Te gen gwo rèl avèk kriye nan lannwit la, paske pa t' gen okenn fanmiy ki pa t' pase anba jijman Bondye a. Men, Letènèl te pase sèlman sou tèt kay yo, lè l' te wè san an, nan poto avèk lento pòt yo, san l' pa t' tiye okenn pwemye pitit gason yo.

Farawon te fè rele Moyiz avèk Aawon, li te di yo: "Ale! Ale! Pran pèp nou an, pran bèt nou yo epi al fè wout nou."

Tout ejipsyen te vle pou pèp la ale, paske yo te pè pou yo tout pa t' mouri. Yo te ba yo bijou an ò e an ajan. Sa fè pèp la te derape, li pa t'menm gentan jou. Depi lè sa a, izrayelit yo gen pou yo toutjou fete fèt pak Letènèl la chak ane. Se yon souvni de sa Bondye te fè pou yo jou swa sa a.

38 - Travèse Lamè Wouj la

Egzòd 13:17 -15:21

Bondye te mennen pèp Izrayèl la sòti nan peyi Lejip, nan mitan yon kolòn dife. Pandan lajounen li te tounen yon kolòn nyaj. Bondye pa t' mennen yo Kanaran nan wout ki pi dwat la, men li te fè yo pase nan dezè a, bò lamè wouj la.

Li te pale avèk Moyiz, pou l' te fè pèp la kanpe yon kote, toupre lamè a. li te di: « mwen pral fè Farawon fè rebèl ankò, li pral chèche kenbe nou. Aprè sa, ejipsyen yo va konnen se mwenmenm ki Bondye. »

Faraon te wè ke Izrayelit yo te pran direksyon lamè wouj, li te wè yo bare e ke li te kapab pran yo fasilman. Li te di sèvitè'l yo: « Kisa nou fè konsa, lè nou kite esklav nou yo ale a? yo ta dwe toujou rete la ap sèvi nou. » Konsa li pran lame'l epi li rapouswiv yo.

Izrayelit yo te wè sa epi yo pran rele nan kò Moyiz, yo t'ap di: « poukisa ou mennen nou vin mouri isit la? Si nou te kontinye ap sèvi ejipsyen yo, yo t'ap kite nou viv. Men kounyea, poutèt ou nou pra l' mouri. »

Moyiz te di pèp la: « nou pa bezwen pè! Gade epi nou va wè sa Bondye pra l' fè. Li va goumen pou nou. Ejipsyen sa yo nou wè jodia, nou p'ap janm wè yo ankò. »

Bondye te di Moyiz: « leve baton w lan anlè epi lonje men w sou lamè a. Pèp Izrayèl pra'l ale lòtbò a sou yon tè sèch. »

Lè sa a kolòn nyaj la ki te devan Izrayelit yo, te pase dèyè yo, li te kanpe ant yomenm avèk ejipsyen yo. li te rete konsa, pandan tout jounen an rive lannwit lan.

Moyiz te lonje men l' sou lamè a. Epi lè l' te fè sa, Bondye te fè yon gwo van eklate, ki fè dlo yo retounen dèyè, konsa yo te fòme yon miray ni bò goch, ni bò dwat la. Epi aprè sa, van an te kontinye ap vante ant de mi yo, tout lajounen an jouk rive lannwit la, jiskaske tè a te vin sèch.

Nan aswè, Bondye te pale avèk Izrayelit yo, pou yo travèse nan lòt bò lamè a, an pasan pa wout la ki te fèt nan mitan de miray dlo yo. Pèp la te mache nan lamè a, pandan tout lannwit lan.

Kòm yo te fin travèse, Bondye te pèmèt Ejipsyen yo rapouswiv yo. yo te sèvi avèk menm wout sa a ki te fèt nan lanmè a. Lè yo te rive nan mitan lanmè a, Bondye te fè yo tonbe nan dezòd nèt e wou cha yo te kòmanse kase.

Sibitman, lame Ejipsyen an te wè yo te tonbe nan yon sitiasyon difisil, yo te rele: « kouri! Bondye ap goumen pou Izrayelit yo! » yo te vire e yo te eseye kouri pou yo te sove tèt yo.

Konsa, Moyiz te lonje men l' nan direksyon lamè a, menm moman solèy la t'ap leve a. lamenm miray dlo yo te kraze ansanm, yo te kouvri tout lame ejipsyen an. Pa t' gen yonn ki te chape.

Izrayelit yo te wè laglwa Bondye lòtbò lamè a. Epi lè solèy la t'ap monte nan maten sa a, yo te wè kadav sòlda yo ki te mouri sou plaj la. E poutèt sa pèp la t'ap chante, yo t'ap adore Bondye. Yo te wè pwisans Bondye, epi yo te kwè nan li ak nan Moyiz, sèvitè l' la.

39 - Sa Sa Ye?

Pèp Izrayèl la te mache sou tè sèch nan lamè wouj la. Aprè sa, Bondye te detwi lame Ejipsyen an, lè yo te chèche travèse menm jan an tou. A pati de la, Moyiz te kondi pèp la nan dezè a, kote mòn Sinayi a. yo te vwayaje pandan twa jou, san yo pa t' jwenn dlo. Finalman, yo te rive bò kote yon gwo dlo, men li pa t' bon pou bwè. Pèp la t'ap plenyen yo t'ap di kisa yo pral bwè.

Letènèl te di Moyiz: « koupe ti pye bwa sa a epi, voye l' nan dlo a. » Moyiz te koupe l' voye nan dlo a, lamenm dlo a te vin bon pou moun bwè. Bondye te di: « si nou obeyi m' epi swiv kòmandman mwen yo, nou p'ap malad tankou Ejipsyen yo. Mwen se Letènèl ki geri nou an.

Aprè izrayelit yo te sòti la yo te rive epi kanpe yon kote ki te gen douz sous. Yo te rete la pandan anviwon yon mwa, epi yo te kite la yo te pran direksyon mòn Sinayi a.

Pandan yo t'ap vwayaje, yo te kòmanse ap plenyen, yo t'ap di: « poukisa nou pa t' mouri an Ejipt? Se vre nou te esklav, men omwen nou te gen kont manje pou nou manje. Chak swa nou te gen yon chodyè vyann avèk tout kalite pen nou te vle. Isit la, nou pa gen anyen. »

Letènèl te di Moyiz: « mwen pral voye pen sòti nan syèl tankou lapli pou pèp la. Men, mwen va fè sa pou m' wè si y'ap fè sa m' di yo fè. »

Moyiz te di pèp la: « se pa kont Aaron avèk mwenmenm n'ap plenyen. Se kont Bondye n'ap plenyen. Li tandè lè n'ap fè sa. Aswè a n'ap gen vyann e demen maten n'ap gen pen. »

Jou swa sa a, yon bann kay te parèt epi yo te desann nan kan an. Sa te fè pèp la jwenn vyann, pou yo manje. Nan maten, yo te wè tè gen yon gwo kouch lawoze sou li. Lè l' te evapore, yo te wè te gen yon bagay atè a tankou yon sereyal. Moun yo te vin gade l'. yo te di: "sa sa ye?" yo te goute l' epi li te tankou yon bonbon ki fèt avèk siwo myèl. Moyiz te di yo: « Bondye va voye pwovizyon pen sa pou nou chak semèn, pandan si jou. Pou senk pwemye jou yo, se pou nou pran sèlman sa nou bezwen pou yon jou. Nan sizyèm jou a nou mèt pran ase pou de jou. Konsa nou va gen manje pou n' manje jou saba a, paske li p'ap genyen nan jou saba a.

Kèk moun nan pèp la te dezobeyi Bondye, yo te pran plis ke sa yo te bezwen pou yon jou. Nan demen li te santi epi l' te plen vè. Sa pa rive konsa, lè yo pran pou de jou nan sizyèm jou a. Kèk moun nan yo te al chèche l'nan jou saba a, men pa t' genyen.

Pèp la te rele pen an "mán", ki vle di: "ki sa sa ye?" Bondye te voye mán pou yo pandan tout ane yo, yo te pase nan dezè a.

40 - Letènèl Se Banyè Mwen

Pandan pèp Izrayèl la te kontinye ap vanse nan direksyon mòn Sinayi a, yo te rive yon kote ki pa t' gen dlo. Yo t'ap plenyen kont Moyiz ankò, yo t'ap di: « poukisa w mennen nou la, pou nou mmouri a? Omwen nou te jwenn dlo pou nou bwè an Ejip. Èske Letènèl avèk nou vre? »

Moyiz te kriye bay Bondye, li te di: “kisa pou m' fè avèk moun sa yo? mwen mennen yo isit la, e kounyea yo vle lapide m'.”

Letènèl te di Moyiz: « pran baton w lan epi kanpe devan pèp la. Pran kèk nan ansyen yo avè w. mwen pra l' kanpe devan wòch la. Fwape wòch la, dlo ap sòti ladann, konsa pèp la ap jwenn dlo pou yo bwè. »

Moyiz te fè sa Bondye te di l' la epi li te fwape wòch la. Dlo te koule sot nan wòch la. Te gen ase dlo pou tout pèp la avèk twoupo bèt yo.

Pandan yo te nan menm kote sa, pèp amalèk la te atake yo. Moyiz te mande Jozye pou l' te prepare mesye yo pou yo fè lagè a. Moyiz te kanpe bò mòn nan lè sa a, epi l' te leve men l' anlè. Tout tan men l' te leve anlè, Jozye te genyen laviktwa. Men lè men l' te desann pèp amalèk la te kòmanse genyen.

Men Moyiz te fatige, poutèt sa li te chita sou yon wòch avèk Aaron avèk Our, nan chak bò kote l' yo. Yo te kenbe men l', konsa, li te kapab kenbe yo anlè. Yo twa a te rete kanpe jouk solèy la te kouche. Jozye te pote laviktwa sou Amalèk. Aprè sa, Moyiz te fè yon moniman, li te rele l' “Letènèl se banyè mwen.”

Jetro se te bòpè Moyiz. Li te okipe pitit fi li a avèk de pitit gason l' yo, pandan l' te an Ejip. Li te mennen madanm Moyiz avèk pitit li yo ba li, pandan pèp la te rete nan Sinayi a.

Moyiz te sòti pou l' te al salye fanmiy lan. Li te rakonte Jetro sa Bondye te fè, pou pèp Izrayèl la - kòman lamen Bondye te kont Farawon avèk Ejipsyen yo. Li te fè l' konnen kèk pwoblèm ke l' te genyen tou, avèk kòman Bondye te delivre yo. Jetwo te dirije pèp la nan yon sakrifis pou Bondye.

Nan demen, Moyiz te chita pou l' te fè travay li kòm jij pou pèp la. Jetro t'ap swiv kòman pèp la t'ap vini ak tout kont yo te genyen, ni gwo kont ni ti kont. Li te difisil pou Moyiz, pou l' deside kilès ki gen rezon nan chak ka. Sa te rive konsa pou tout jounen an. Pandan l' t'ap jije a, Moyiz t'ap anseye pèp la lalwa Bondye a, anmenm tan tou.

Jou sa aprè sa, Jetro te di l': “sa w'ap fè a pa bon. W'ap maltrete tèt ou, epi w'ap maltrete pèp la tou. Ou fèt pou'w konprann sa se yon travay ki twò gro pou yon sèl moun fè. Men kèk konsèy m'ap ba ou, epi mwen kwè se volonte Bondye pou ou: “se travay ou pou w anseye pèp la konsènan Letènèl avèk kòmandman li yo. se devwa w tou pou w prezante bezwen yo devan Bondye. Ou kapab pran libète'w pou'w fè sa yo. Aprè sa, chwazi kèk moun serye ki gen krentif pou Bondye. Chèch konnen ke yo p'ap fè anyen ki mal. Si se moun k'ap fè mal, pèp la p'ap kwè nan yo. Mete yo chak responsab nan yon nivo, yonn sou lòt, dapre sa yo kapab fè. Yo va gen responsablite pou yo jije pèp la.”

“Yo va okipe pwoblèm k'ap rive chak jou yo, epi yo va pote gwo pwoblèm yo devan w. Pèp la va kontan avèk sa, men prensipalman sa ap ba w libète pou w fè sa Bondye vle.”

Moyiz te koute konsèy sa a, e l' te aplike l'. Li te chwazi moun ki te kalifye pou sa, epi li te ba yo responsablite nan diferan nivo. Mesye sa yo te okipe travay yo te gen pou yo te okipe. Men jouk lè sa, yo te toujou pote gwo ka yo bay Moyiz.

Aprè l' te fin fè sa, Moyiz te di bòpè l' la orevwa, epi Jetwo te retounen lakay li.

41 - Lalwa

Egzòd 19, 20, 24

Izrayelit yo te rive Sinayi aprè twa mwa, depi yo te kite Lejip. Yo te mete kan an anba mòn nan, epi Moyiz te monte sou mòn nan pou l'pale avèk Bondye. Letènèl te di: « di pèp la, si nou obeyi mwen, epi gade kòmandman m' yo, nou va propriyete pa m' pami tout pèp yo. Nou va yon pèp apa pou mwen pami tout nasyon yo.»

Lè Moyiz te di pèp la sa, yo tout te dakò, yo te di: « nou va fè tout sa Bondye di nou fè »

Après sa Moyiz te desann mòn nan e l' te di Bondye, pèp la te dakò avèk tout kondisyon sa yo. Après sa Letènèl te di: « mwen vle pou yo tandè lè m'ap pale avèk ou, pou yo toujou kwè w. Di yo pou yo pran twa jou pou yo netwaye kè yo, e pou yo lave rad yo. Après sa, mwen va desann mòn nan e mwen va pale avèk yo. Après sa, pèp la te fè sa yo te di l' fè a. yo te lave rad yo, epi yo te konsakre tèt yo pou Senyè a. sibatman, twa jou après sa, mòn nan t'ap brile avèk dife. Tè a te tranble epitou yon nyaj te kouvri tout mòn nan. Te gen loraj avèk zeklè, epi pèp la te tandè son twonpèt la ki te vin pi gran, e pi gran.

Après sa Bondye te di: « Mwen se Letènèl Bondye nou an, ki te mennen nou sòti nan Lejip, la avèk yon men pwisan lan.

- Nou pa dwe adore lòt Dye.
- Nou pa dwe fè okenn idòl.
- Nou pa dwe pran non mwen an ven.
- Nou pa dwe travay setyèm jou a, men nou dwe mete l'apa (sanktifye l') pou mwen.
- Onore papa nou avèk manman nou pou nou kapab viv lontan sou latè.
- Pinga vòlè.
- Pinga komèt adiltè.
- Pinga bay manti sou lòt moun.
- Pinga anvè anyen ki pou lòt moun.

Pèp la te kriye: “mande Bondye pou l' pa kontinye pale avèk nou. Nou va mouri si l' kontinye pale avèk nou! Kite l' pale avè w, après sa ou va di nou sa l' te di, nou va koute w.

Moyiz te di yo: « nou pa bezwen pè, Bondye vle pou nou gen krentif pou li, konsa nou dwe kanpe lwen peche. » Après sa, Moyiz te monte sou mòn nan pou l' pale avèk Bondye.

Bondye te bay anpil enstriksyon detaye sou jan moun k'ap sèvi l' yo dwe viv lavi pa yo e kòman yo dwe viv yonn avèk lòt. Bondye pale kòman moun yo dwe ofri sakrifis pou padon peche. Li te endike tou kòman pou yo bati lach Bondye a, konsa, pou l' te kapab rete nan mitan pèp li a. Alafen, Bondye te bay Moyiz de wòch ki te gen Lalwa Bondye yo ekri sou li avèk dwèt Bondye a.

42 - Ti Bèf Ki Fèt an Lò a

Egzòd 32

Moyiz te pase karant jou karant nwit avèk Bondye. Pèp la te bat kò l' pi plis, alafen yo te ale kote Aarawon, epi yo te di l': « nou pa konnen sa k' rive avèk Moyiz. Fè yon dye nou kapab wè pou nou, yonn ki kapab avèk nou. »

Konsa, yo te ba Aaron zanno an ò yo te genyen, yo te mele yo, yo te fè yon ti bèf avèk lò a. Pèp la te kontan avèk sa, li te di: « se dye sa a ki te fè nou sòti an Ejip. Yo te fè sakrifis pou li, epi yo te fè yon gwo fèt. Aprè sa yo te manje, yo te bwè, epi pran plezi yo, jan yo te vle, san kontwòl.

Etan nan mòn nan, Bondye te di Moyiz: « desann al jwenn pèp ou a, sila yo ou te fè sòti an Ejip la. Yo te sal tèt yo epi yo te vire do bay tout sa mwen te mande yo pou yo fè yo. Yo te fè yon idòl epi yo te mete ajenou devan l'avèk dè sakrifis. Kanpe akote, epi pinga fè m' kite sa. M'ap detwi yo epi m'ap fè desandan w yo tounen yon gwo nasyon. »

Moyiz te entèsede devan Bondye, li te di: « pa fache konsa, avèk pèp ou a ou te mennen sòti an Ejip la, avèk men pwisant ou an. Si w detwi yo kounyea, ejipsyen yo pra l ri, yo pral di, se paske w pa kapab mennen yo ale kote w te pwomèt yo a, kifè w tiye yo nan dezè a. Sonje pwomès ou te fè Abraram, Izarak, avèk Jakòb la. Ou te di desandan yo va eritye peyi a, epi vin anpil tankou zetwal yo ki nan syèl la. » Konsa Bondye te reponn lapriyè Moyiz te fè a, li pa't detwi pèp la.

Après sa, Moyiz te desann sòti nan mòn nan avèk de wòch ki te gen Lalwa Bondye a ekri sou yo a, nan men l'. Li te fache lè l te wè ti bèf la avèk dans yo. Li te voye de wòch yo atè epi li te kraze yo. Li te brile ti bèf an ò a nan dife, li te fè l'tounen poud, li te mete l' nan dlo epi li te fè Izrayelit yo bwè l'.

Après sa, Moyiz te di Aaron: « kisa pèp sa fè w pou'w kite l' fè yon gwo peche konsa? »

Aarawon te di: « souple pinga fache avèk mwen. Ou konnen jan pèp sa a mechan, yo te di m' fè yon dye pou nou. Mwen te di yo, moun ki gen lò pote l' ban mwen. Yo te ban m' lò a. mwen te voye l' nan dife epi se konsa ti bèf sa fèt. »

Après sa, Moyiz te kanpe nan pòt kan an. Li te wè pèp la pa t'gen moun ki t'ap kontwole l'. Li te kriye konsa: « moun ki pou Letènèl vin jwenn mwen. Pitit Levi yo te separe avèk rès pèp la epi yo te kanpe avèk Moyiz. Aprè sa, Letènèl te di yo pran nepe nou epi goumen avèk sila yo ki pa vle kanpe avèk Moyiz la. Twa mil moun te mouri jou sa a.

Après sa, Moyiz te rasanble pèp la li te di yo: « nou te fè yon gran peche. Mwen pra l' devan Letènèl, petèt mwen va jwenn padon pou nou. Poutèt sa, li retounen kote Letènèl sou mòn nan.

43 - Tabènak la

Egzòd 33- 40

Poutèt pèp Izrayèl la te adore ti bèf an ò a, Moyiz te ale kote Bondye sou mòn nan, pou'l te mande'l padon pou yo. Li te di: "O Senyè, pèp ou a te peche kont ou. M'ap mande w padon pou peche yo kounyea. Siw p'ap padone peche yo, efase m' nan liv ou a."

Letènèl te reponn li: "mwen p'ap efase non w nan liv mwen an, men mwen va efase non pèp la ki peche kont mwen an." Aprè sa, Bondye te fwape pèp la avèk no plè epi anpil nan yo te mouri. Aprè sa, Bondye te di Moyiz: "mennen pèp la nan peyi mwen te pwomèt yo a. Mwen p'ap ale avèk nou, men mwen va voye yon zanj pou gide nou. Si mwen rete nan mitan pèp kou rès sa a yon ti moman, m'ap detwi l'.

Moyiz te desann epi li te di pèp la: "Bondye pa vle rete nan mitan nou." Pèp la, te dezole epi yo te kriye. Yo te tris, paske peche yo a te koute yo si chè. Moyiz te pran tant lan, li te mete l'andeyò kan an, yo kote pou l' fè reyinyon pou l' pale ak Letènèl.

Pandan pèp la t'ap gade, kolòn nyaj Bondye a desann, epi li te kanpe devan tant lan. Moyiz avèk Bondye t'ap pale la.

Moyiz te di: "si w se zanmi m', si ou kontan avèk mwen, souple rete nan mitan nou. Nou vle se ou ki pou dirije nou. Si w refize fè sa pou nou, n'ap rete isit la. Pa fè nou ale. Siw pa nan mitan nou, p'ap gen diferans antre nou avèk nenpòt lòt moun."

Letènèl reponn Moyiz: "ou se zanmi m' e mwen kontan avèk ou. Se poutèt sa, m'ap fè saw mande m' nan."

Après sa, Letènèl te di Moyiz pou l' prepare de lòt wòch ankò, menm jan avèk pwemye yo, epi pou l' pote yo ba li sou mòn nan. Etan Moyiz te la, Letènèl te di l': "sa se kontra mwen fè avèk ou avèk pèp la. Mwen pra l' mennen pèp la nan Kanaran avèk anpil gro mirak, men nou dwe obeyi kòmandman mwen yo."

Moyiz te rete nan mòn nan, epi Letènèl te ekri tout lwa yo avèk kòmandman yo. Li te ekri dis kòmandman yo sou de tab wòch yo tou. Li te rete la pandan karant jou e karant nwit, san manje ni bwè.

Après sa, li te retounen al jwenn pèp la avèk kòmandman Bondye yo. li pa t' konnen si vizaj li te klere paske l' te pase tout tan sa avèk Letènèl la. Sa te fè izrayelit yo pè, sa fè Moyiz te mete yon vwal sou vizaj li, lè l't'ap pale avèk pèp la. Li te fè yo konnen tout kòmandman yo Letènèl te ba l' yo.

Li te di yo, li lè pou nou bati tabènak la, kote pou Bondye rete a. se poutèt sa, tout moun ki vle pote yon ofrand pou Letènèl, dwe pote: lò, lajan, bwonz, fil espesyal, fen len, po ble, bwa, lwil, epis, wòch espesyal, elatriye. Nou bezwen gwo bòs ki kapab bati tabènak la, tant lan avèk kouvèti l' avèk tout mèb yo l'ap bezwen pou andedan l' lan.

Nan demen, pèp la te kòmanse pote sa yo te bezwen yo, pou yo bati tabènak la. Gwo bòs te vini pou yo fè travay la. Chak jou, pèp la te pote ofrand yo vini, jouk Moyiz te di yo, alafen: "sispann pote ofrand yo. Nou déjà gen plis ke sa nou bezwen."

Pèp la te fè atansyon pou tabènak la te bati jan Bondye te endike sa bay Moyiz la egzateman. Yo te fin bati l' egzateman aprè de lane depi yo te kite Lejip la - nan jou a menm. Moyiz te enspekte travay la, li te wè l' te fèt jan Letènèl te mande pou l' fèt la. Konsa, li te beni l'.

Après sa, yon nyaj te vini epi l' te kouvri tant lan. Pandan pèp la t'ap gade, laglwa Bondye te ranpli tabènak la. Depi jou sa a, jouk yo te rive Kanaran, Bondye te avèk yo, pandan tout vwayaj la.

44 - Dife Etranj la

Levitik 10: 1-7; Nonb 9- 11: 3

Bondye te bay sa k' te endike pèp Izrayèl la tout sa l' te dwe fè egzateman pou l'adore l'. Bondye te chwazi Aarawon frè Moyiz la, pou l' sèvi l' kòm granprèt e pitit pitit li yo te dwe sèvi avèk li kòm prèt. Lè Aaron va mouri, se yonn nan yo ki va ranplase l' kòm granprèt.

Pèp la te rasanble nan tabènak la pou yo te òdone mesye sa yo. Moyiz te wenn yo avèk lwil, epi li te ofri dè sakrifis bay Bondye. Moyiz te pale avèk Arawon avèk pitit li yo, li te di yo òdinasyon yo a va fini aprè sèt jou. Yo pa t' dwe sòti nan tabènak la toutotan yo pa fini.

De pi gran pitit Arawon yo, se te Nadab e Abiyou. Nan moman òdinasyon an, yo te pran direksyon poukont yo pou yo te brile lansan devan Letènèl. Men, yo pa t' ankò resevwa eksplikasyon sou jan pou yo te fè sa. Yo pa t' konnen se chabon dife tou limen yo te dwe pran sou lotèl la pou yo sèvi avè l. Pliske yo pa t' konnen sa, yo te mete chabon òdinè nan ansanswa yo. Kon yo te antre devan Bondye, dife te sòti sou lotèl la epi tiye yo tou lè de.

Tout moun te sezi, men yo pa t' kapab di anyen. Moyiz te fè kèk nèg pran yo al mete deyò kan an. Moyiz te di Aaron avèk lòt pitit gason l' yo dwe kontinye avèk òdinasyon an, pliske yo te déjà resevwa onksyon an avèk lwil la, devan Letènèl. Sa te vle di, yo pa t' kapab kriye pou yo, paske yo te mouri. Konsa rès pèp izrayèl la te kriye, poutèt, de nèg sa yo te mouri, pandan papa yo, avèk frè yo te kontinye rete nan tabènak la.

Nan moman dezyèm anivèsè a depi yo te kite Lejip la, pèp Izrayèl la te fete fèt Pak la. Yo te toujou nan mòn Sinayi a. yon nyaj te rete anlè, anwo tabènak la, pandan lajounen epi li te sanble dife, nan lannwit. Bondye te di yo toutotan nyaj la rete kouvri la a, se pou yo rete kote yo ye a. Men, si nyaj la deplase, yo dwe konnen li lè, pou yo kontinye avèk vwayaj yo a.

Yon mwa aprè, aprè yo te fin fete fèt Pak la, lè a te rive pou yo kontinye pou yo ale Kanaran. Pandan pèp la t'ap gade, nyaj la te deplase, epi yo te derape, yo te kite mòn Bondye a. Yo t'ap vwayaje nan direksyon yon kote yo dwe antre nan peyi Kanaran an.

Nan yon ti tan, pèp la te kòmanse plenyen ouvètman konsènan pwoblèm yo. Sa te fè Bondye fache, li te voye yon dife nan mitan yo, espesyalman bò dènnye bout kan an. Anpil moun te mouri. Aprè sa, lòt yo te kouri al chèche èd kote Moyiz. Li te priye pou yo epi dife a te rete. Yo te rele kote sa a "Brile"

45 – Sekèy Pou Sa Yo Ki Te Anvi a

Nonb 11: 4- 35

Pandan pèp la t'ap vwayaje pou yo ale Kanaran, yo te kòmanse plenyen pou manje yo t'ap manje a. yo t'ap di: "chak jou se yon kesyon de mèn, mèn, mèn epi aprè sa anyen ankò. Nou sonje vyann avèk pwason, avèk tout legim yo nou te konn ap manje, an Ejipt yo." yo t'ap plenyen konsa sòti nan yon fanmiy ale nan yon lòt fanmiy, jouk Moyiz te rive tande sa nan tout kay.

Moyiz te vin tris epi'l te priye Bondye konsa: "kisa'm fè pou'm mérite tout chaj sa a? Poukisa'w fè'm sa? Se pa mwen ki te fè pèp sa, kòman fè se mwen ki pou nouril la? Kote'm pra'l jwenn vyann pou'm bay tout pèp sa a? Mwen pa kapab ankò! Si se sa'w vle pou mwen, ou mèt tiye'm kounyea." Letènèl te di Moyiz: "chwazi swasanndis lidè, epi mennen yo ban mwen. Mwen va pran yon pòsyon nan Lespri ki nan ou a, mwen va mete l' nan yo. Yo va ede w pote fado pèp la." Li te di ankò: "di moun yo pou yo prepare yo. Demen yo va gen vyann pou yo manje. Yo toujou anvi, yo anvi sa yo te konn jwenn an Ejipt, konsa yo pral manje vyann, jouk li fè yo malad."

Moyiz te ale epi li te di pèp la sa. Aprè, sa li te rele swasanndis lidè yo, pou yo vin devan Letènèl. Lè yo te rive swasantyuit nan yo te la. 2 nan yo te rete dèyè nan kan an. Letènèl te pran yon pòsyon nan Lespri ki te sou Moyiz la, epi li te mete l' sou swasantdis lidè yo. Lamem, yo te kòmanse pwofetize. Menm lòt de yo ki te nan kan an toujou a t'ap pwofetize tou.

Jozye te di Moyiz: "pale avèk de mesye sa yo pou yo sispann fè sa."

Moyiz te reponn: "A Jozye, pa fè jalou pou mwen. Mwen ta renmen Lespri Bondye desann sou tout moun nan pèp li a."

Nan demen, Bondye te voye yon van, ki te pouse kay sòti nan lamè. Yo te tonbe atè anviwon twa pye wotè sou tè a, epi yo te kouvri yon zòn nan tout direksyon, ki te gen distans kote yon moun ta kapab fè yon jounen ap mache.

Moun yo te sòti, epi yo te kenbe yo. Yo te mache tout lajounen jouk rive aswè. Moun ki te pran mwens nan kay yo te ramase tranteyen bushel plen (swa 992 boutèy wòm plen). Chak fanmiy te sanble yon pil vyann pou yo manje.

Bondye te fache ankò avèk yo, paske yo te anvi bagay yo te konn jwenn an Ejipt epi yo pa t' janm kwè nan swen l'te toujou ba yo.

Se pou sa, pandan yo t'ap manje vyann nan, pandan l' te nan bouch yo. Bondye te frape yo avèk yon plè. Anpil nan yo te mouri e antere la. Se sak fè pèp la te rele kote sa a: "kavo moun ki te anvi anpil yo."

46 – Krache nan Figi Miryam

Miryam se te sè Moyiz avèk Aarawon. Yon jou limenm avèk madanm Moyiz te gen kont. Poutèt sa ,
Miryam avèk Aarawon te kòmanse pale mal Moyiz. Yo te rele madanm li : « yon fanm arab »-«yon
Etyopyèn »

Yo te di, èske se avèk Moyiz sèlman Bondye kapab sèvi pou l' pale? Li sèvi avèk nou pou l' pale tou.”
Letènèl te tandè jan yo t'ap pale mal Moyiz. Letènèl konnen Moyiz se yon nonm ki gen pasyans epi ki
enb. Bondye di: “Moyiz, Aarawon, Miryam- vin jwenn mwen, nan tant randevou a!”

Lè yo te rive la, nyaj Bondye a te desann, epi l' te kanpe tankou yon poto devan yo. li te di: “Aarawon
avèk Miryam, kanpe devan.”

Après yo te kanpe devan, Letènèl te di: « lè m'ap pale avèk yonn nan pwofèt yo, nan kan an, mwen pale
nan rèv, nan vizyon avèk yo. Se pa konsa mwen pale avèk Moyiz. Limenm avèk mwen, nou jwenn
ansanm, menm jan de moun ki nan menm fanmiy fè, epi nou pale ouvètman. Nou len nou gade lòt
epi nou pale sa nou vle. Kòman nou fè pèmèt nou ap pale mal sèvitè m' nan, Moyiz? Poutèt sa,
Bondye te fache, epi l' te vire do l', li kite yo. Aaron te gade Miryam epi li te wè po l' vin blanch avèk
lèp. Li te rele Moyiz li te di: “souple, mèt mwen, pa pini nou poutèt pawòl moun fou nou yo. Tanpri
pa kite sè w la tankou yon tibebe ki fèt tou mouri - ke mwatye nan vyann li brile.”

Moyiz te kriye devan Bondye: “O Senyè mwen! Souple geri sè mwen an.”

Bondye te di: “m'ap geri l'. Men, si papa l' ta krache nan figi l', li ta dwe pase sèt jou separe avè l'. Se
pou sa, li dwe pase sèt jou deyò kan an.”

Se konsa, yo te mete Miryam deyò nan kan an, epi li te rete la pandan sèt jou. Pèp Izrayèl la te rete la,
jouk Miryam te gen dwa retounen nan kan an. Aprè l' te retounen, yo te kite kote yo te ye a, pou yo
pran wout peyi Kanaran an.

47 - Douz Espyon yo

Nonb 13-14

Lè Izrayèl te rive toupres Kanaran, Bondye te di Moyiz: “voye douz moun al chèche enfòmasyon sou peyi a.” Sa fè Moyiz te chwazi yon moun pou chak nan tribi Izrayèl yo. Li te di yo: “ale nan peyi Kanaran, chèche enfòmasyon ke nou bezwen konnen sou pèp la avèk vil yo. Li te di yo tou, se pou yo vini avèk kèk fwi nan sa yo ki donnen nan peyi a.

Mesye yo te pase karant jou nan peyi Kanaran. Lè yo te tounen, de nan yo te pote yon gwo gras rezen, pa mwayen yon bwa yo te sèvi avèk li.

Lè mesye yo te bay rapò yo, dis pami yo te di: “se vre, peyi a se yon bon peyi, genyen lèt avèk siro myèl ladann. Men moun k’ap viv la yo gwonèg, yo gen fòs anpil epi yo rete nan vil ki gen gwo miray.”

Lòt de moun yo se te Jozye avèk Kalèb, yo te bay yon rapò ki pa t’ menm jan avèk pa lòt yo. Yo te di: “nou dwe ale, epi pran peyi a. Nou kapab pran li.”

Lòt dis yo te kriye: “non! nou pa kapab goumen avèk pèp sa a! yo pi fò pase nou, nou sanble avèk krikèt devan yo!”

Izrayelit yo te pè, lè yo te tande rapò sa a. yo te vire kont Moyiz epi yo te di li: “Èske Bondye mennen nou la pou yo tiye nou? Poukisa nou pa t’ mouri an Ejipt! Moun nan peyi sa va tiye nou epi pran madanm nou avèk pitit nou yo kòm esklav yo. Nou pral chwazi yon nouvo lidè, pou nou retounen an Ejipt.

Jozye avèk Kalèb te kouri pase devan pèp la, epi yo te chire rad yo. Yo te kriye: “peyi sa a trè bon, epi Letènèl ap ban nou li. Pinga fè rebèl kont li, paske nou pè. Letènèl avèk nou. N’ap kale pèp sa a.”

Pèp Izrayèl la te atake Jozye avèk Kalèb, men lamenn glwa Bondye a te parèt nan tabènak la. Bondye te di Moyiz: “jouk kilè pèp sa a p’ap kwè nan mwen? Yo te wè mèvèy mwen te fè an Ejipt, yo te wè bann mirak yo mwen te fè nan mitan yo. Jiska prezan y’ap tèsste m’ toujou?

Poutèt sa, moun sa yo p’ap wè peyi mwen te pwomèt papa yo a. m’ap voye yo tounen nan dezè a. yo va rete la pou karant an, jouk yo mouri. Tout moun ki gen ventan oubyen plis p’ap wè peyi a eksèpte sèvitè m yo Kalèb avèk Jozye. Yo pral nan peyi Kanaran, paske yo te swiv mwen san dout. Paske moun sa yo te enkyete poutèt pitit yo, m’ap fè pitit yo antre nan peyi Kanaran epi ba yo li.”

Moyiz te di Izrayelit yo sa Letènèl te di. Yo te dezole epi yo t’ap kriye. Dis mesye ki te ba yo move rapò a, te genyen yon plè ki te tonbe sou yo, epi yo te mouri lamennm. Nan demen byen bonè, pèp la te di: “nou rekonèt kounyea nou te peche. Nou pral nan peyi a, jan Letènèl te bannou lòd pou nou fè sa.”

Moyiz te di yo: “Non! Letènèl voye nou retounen nan dezè a. Pinga dezobeyi li ankò. Si nou ale nan peyi a n’ap echwe, paske Bondye p’ap ale avèk nou.” Yo pa t’ janm kapab ale nan Kanaran kont volonté Bondye. Jan Moyiz te di yo sa a, yo te pèdi nan batay la yo te al fè a. anpil nan yo te mouri epi rès la te retounen tou wont.

Konsa, pèp Izrayèl la te retounen nan dezè a, kote yo te rete karant an ankò. Tout granmoun yo ki te sòti an Ejipt yo va mouri la. Jouk nan moman sa a, Letènèl te toujou avèk yo epi pran swen yo. Rad yo avèk soulye yo pa t’ janm chire, epi Bondye te ba yo manje pou yo manje chak jou.

48 - Revòlt Kore a

Nonb 16- 17

Lè Izrayèl te retounen nan dezè a, kat nèg te deside pou yo te mete Moyiz avèk Aaron nan yon sitiyasyon difisil. Lidè yo se te Kore, nan tribi Levi a. Se te yon gwoup ki genyen de san senkant gwonèg ladann. Epi yo ale kote Moyiz, yo te di: “se twòp atò! Nou tout se yon pèp apa pou Bondye nou ye. Letènèl avèk nou tout. Se pa oumenm sèl ki gen dwa dirije tout tan.”

Moyiz te di Kore: “mwen konnen sa. Levit yo se moun ki te chwazi pou yo fè sèvis pou Bondye. Kounyea nou ta renmen vin sakrifikatè tou. Se Bondye ki te chwazi fanmiy Aarawon an, sa vle di ou revòlte kont Bondye. Demen, nou tout nou va kanpe devan Letènèl avèk ansanswa nou plen avèk dife avèk lansan. Bondye va chwazi moun li vle ki pou dirije pèp la.

De nan moun ki te alatèt revòlt la te voye di: “yo p’ap vini! Ou te mennen nou nan dezè a pou nou mouri. Kounyea w’ap di nou sa pou nou fè tankou yon wa. Poutèt sa, nou pa’p vini la.”

Sa te fè Moyiz fache. Li te di Letènèl; mwen pa janm maltrete pèp sa a, mwen pa janm pran anyen nan men yo. Malgre sa yo rayi m’?

Nan demen, Moyiz Aaron avèk desan senkant lòt mesye yo te kanpe devan Letènèl avèk ansanswa yo plen avèk dife avèk lansan. Tout pèp la te vin gade.

Laglwà Bondye te parèt, epi Bondye te di Moyiz avèk Aarawon: “separe avèk moun sa yo epi m’ap brile yo tout yon sèl kou.”

Moyiz te mete ajenou epi li te priye Bondye konsa: “O Bondye! Pinga pini tout moun pou sa kèk moun te fè.”

Bondye te di: “pale pèp la pou yo deplase kote kay mesye yo ki te refize vini nan reyinyon sa a. konsa, tout moun te deplase kote kay sa yo. De mesye yo te sòti deyò, epi yo te kanpe toupre pòt kay yo, ansanm avèk madanm yo avèk pitit yo. Kore te vini epi li te kanpe avèk yo.

Moyiz pale avèk pèp la: “si moun sa yo mouri jan tout moun mouri, nou va konnen ke Letènèl pa t’ voye m’ fè bagay sa yo. Men si Letènèl fè yon bagay ki pa konn fèt nou va konnen moun sa yo t’ap pale mal kont Bondye. Sibitman latè te louvri bouch li, epi li te vale yo. Tout moun ki te la te pè, yo te kouri. Yo te panse tè a te kapab vale yo tou. Aprè sa, dife te desann epi tiye desansenkant moun yo ki te gen ansanswa plen avèk dife avèk lansan nan men yo a.

Letènèl te di Moyiz: “pran tout desansenkant ansanswa yo nan men mesye yo. Fè prepare yo epi sèvi avèk yo pou yo kouvri Otèl la. sa va fè tout moun sonje ke sasèdòs la rezève sèlman pou Aarawon avèk pitit li yo.”

Malgre tout sa, pèp la te kontinye ap pale de sasèdòs la nan demen. Yon foul moun te sanble bò kote Moyiz avèk Aarawon, yo t’ap pale de moun yo ki te mouri yo. Yo t’ap di: “ou te tiye pèp Bondye a.” Moyiz te vire epi li te wè ke Bondye te fache kont foul la. Li te di Aarawon: “fè vit, al pran yon ansanswa, epi ranpli l’avèk dife avèk lansan. Kouri al nan mitan pèp la epi fè ekspiyasyon pou peche yo. Paske Bondye fache, plè a déjà kòmanse. Pandan Aarawon t’ap fè sa, li te wè plè a te kòmanse. Li t’ap fè ekspiyasyon pou pèp la. Li te kanpe ant moun ki te mouri yo avèk sa yo ki te vivan yo. Plè a te kanpe, men 14700 moun te mouri jou sa a.

Pou l’ te règle afè sasèdòs la, Bondye te di Moyiz: “fè chak tribi pote yon baton. Mete non Aarawon sou baton Levi a. mete yo nan tabènak la. M’ap fè yonn nan yo fleri. Sa va fè Izrayelit yo sispann plenyen kont nou.”

Moyiz te fè sa Bondye te mande l’ fè a. Nan demen, non sèlman baton Aarawon an te fleri, li te pouse boujon. Li te fleri epi l’ te donner zanmann! Depi lè sa a, yo pa menm vle ale bò tabènak la, pou yo pa mouri. Yo te konsève baton Aarawon an nan tabènak la kòm yon souvni.

49 - Pale Avèk Wòch la

Nonb 20- 21

Izrayelit yo te vwayaje yo te rive nan yon andwa kote ki pa t' gen dlo. Pèp la te vini kote Moyiz epi yo te di: "nou ta vle mouri avèk frè nou yo anba men Bondye. Ou te mennen nou isit la avèk yon bann pwomès, men nou pa wè okenn jaden la, okenn pye fig, okenn pye rezen. Sa k' pi rèd la, pa gen dlo ni pou nou menm, ni pou bèt nou yo."

Lè sa a, Moyiz te kanpe devan pèp la, epi li te di: "nou se yon bann rebèl. Èske m' kapab fè nou jwenn dlo nan wòch sa a?" Aprè sa l' te frape wòch la de fwa avèk baton l' lan. Dlo te sòti epi tout moun te jwenn kont dlo. Men Letènèl pa t' kontan avèk Moyiz avèk Aaron, li te di yo: "nou pa t' kwè nan pouvwa mwen. Pèp la te wè nou pa t' respektè lòd mwen an. Poutèt sa, nou p'ap mennen moun sa yo nan peyi mwen te pwomèt yo a." Pandan pèp Izrayèl la t'ap avanse, yo te rive nan frontyè peyi Edon. Moyiz te voye yon mesaj bay wa peyi a pou l' te mande'l pèmisyon pou'l te pase nan peyi a. li te pwomèt wa a ke yo p'ap deranje anyen, y'ap peye pou tout dlo yo va bwè.

Wa a te refize kite yo pase nan peyi a. li te menm voye lame l' la nan frontyè l' yo, epi li te menase pou l' te fè lagè avèk Izrayelit yo, si yo pase nan peyi l' la. Poutèt sa, Moyiz te pase lòt kote.

Yon ti tan aprè sa Letènèl te di Moyiz: "Aaron pra'l mouri. Poutèt sa, pran rad granprèt la sou li, mete'l sou pitit gason'l lan Eleaza."

Moyiz te fè sa, epi aprè sa, rapidman Aarawon te mouri. Pèp Izrayèl la te pran dèy pou li pandan trant jou.

Pandan Izrayelit yo t'ap pase akote Edon, pèp la te kòmanse plenyen ankò. Yo te di: "nou pa t' dwe vin mouri isit la. Nou te ka fè sa an Ejip. Nou pa gen dlo pou nou bwè epi nou rayi vye manje sa a."

Poutèt sa, Bondye te voye sèpan ki te gen pwazon nan kò yo, nan kan an. Yo te mòde pèp la, anpil nan yo te mouri. Yo te kouri al kote Moyiz, epi yo te di: "nou te peche. Nou te pale kont ou epi kont Bondye. Souple, priye Bondye pou nou." Après, Moyiz te priye pou pèp la.

Letènèl te di Moyiz: "fè yon sèpan an eren, mete l' sou yon poto. Moun sèpan ki gen pwazon an mòde ki gade sèpan eren an ap geri."

Pandan pèp Izrayèl la t'ap kontinye vwayaje, yo te rive nan frontyè peyi amorit yo. Yo te voye yon mesaj bay wa a pou yo te mande l' pèmisyon pou yo pase nan peyi l' la. Yo te fè l' konnen yo p'ap pran anyen l'epi yo pa'p fè okenn domaj. Wa amorit yo te refize. Olye l'te fè sa, li te pran lame l', li te atake Izrayèl. Poutèt sa, pèp Izrayèl la te goumen avè l'epi l' te genyen batay la nèt. Yo te pran tout vil yo te genyen epi yo te rete nan yo. Yo te kontwole tout peyi a rive nan frontyè peyi amonit yo.

50 - Bourik Balaram nan Pran Pale

Nonb 22:1-35

Izrayelit yo te kanpe nan plenn Moab la, akote rivyè Jouden an lòt bò Jeriko a. Wa Moab la se te yon nonm yo te rele Balak. Li te pè anpil lè l'te konnen kantite pil moun ki te nan plenn ki nan peyi l' la. Li te tande sa yo te fè lòt wa yo. Li te di Madyanit yo: "moun sa yo pi pwisan pase nou. Mwen pè pou yo pa detwi nou nèt. "

De pèp yo te deside ansanm pou yo te voye chèche Balaram, yon pwofèt ki te rete nan bò Lès, akote rivyè Efrat la. Yo te voye voye anpil kado avèk yon mesaj konsa: yon pil moun te sòti an Ejipt, yo nan plenn nan peyi nou an kounyea. Yo pi fò pase nou, se pou sa nou vle pou w modi yo pou nou, konsa nou va kapab bat yo epi mete yo deyò. Nou konnen ou se yon pwofèt. Nenpòt moun ou modi modi e nenpòt moun ou beni beni."

Balaram te reponn: "rete la aswè a, epi demen, si Dye vle, mwen va di nou sa Bondye di m' pou m' fè."

Pandan lannwit lan, Bondye te di Balaram: "moun sa yo ki lakay ou a, kimoun yo ye?"

"Yo sòti lakay wa peyi Moab la. Yo di gen yon pil moun ki te sòti nan peyi Lejip, li vle pou m'ale epi modi yo."

Letènèl te di: "non, ou pa dwe ale avèk yo. Ou pa dwe modi pèp sa a paske l' beni."

Nan demen, Balaram te di delegasyon an: "retounen al jwen wa nou an. Letènèl pa vle mwen ale avèk nou."

Delegasyon an te retounen epi yo te ba l' nouvèl la. Aprè sa, wa a te voye yon delegasyon ki te gen pèsonaj ki te pi enpòtan ladann. Li te voye di Balaram: "pinga w kite anyen anpeche w vin kote m'. Si w modi moun sa yo, m'ap fè w vin yon nonm rich. "

Balaram te reponn: «menm si wa a ta plen kay mwen avèk lò, mwen va di sèlman sa Letènèl di m, pou m' di. Rete aswè a ankò. Mwen va wè si Letènèl di yon lòt bagay."

Nan lannwit lan, Bondye di Balaram: "kòm moun sa yo te vin kote w yon dezyèm fwa, ou mèt ale avèk yo. Men fè atansyon! W'ap di sa m' di w pou w di sèlman." Konsa nan demen, Balaram te sele bourik li a, li te pran de sèvitè l' yo epi li te derape pou vwayaj li a nan peyi Moab.

Pandan l' t'ap vwayaje, zanj Bondye a te kanpe sou wout la avèk yon nepe nan men l'. Boourik la te gade, li te wè zanj lan, konsa l' te retounen epi l' te rantre nan yon jaden. Balaram te bat li jouk li tounen nan wout la.

Zanj lan te desann nan wout la, yon kote ki te gen yon mi ki te toulède bò yo. Bourik la te gade, li te wè zanj lan avèk nepe l' la toutouni, li te kole kò l' sou mi an, pye Balaram te peze akòz sa. Balaram te bat li ankò.

Zanj lan te desann piba, men fwa sa li te kanpe yon jan ki pa't gen pasaj okenn kote. Bourik la te gade, li te wè zanj lan. Poutèt sa, li te kouche avèk Balaram.

Balaram te fache anpil. Li te pran yon baton, li te kòmanse bat bourik la. Lè sa a, Bondye te pèmèt bourik la pale, li te di: "poukisa ou bat mwen twa fwa déjà?"

Balaram te rele sou li, li te di: "paske ou pase'm nan betiz. Si baton sa te yon nepe, mwen t'ap tiye w lamem."

Bourik la te di l': "Èske mwen p'ap sèvi w depi tout tan? Èske te janm fè w sa avan?"

Balaram te reponn: "Non!"

Sibtmàn zye l' te louvri epi l' te wè zanj Bondye a ki kanpe nan wout la avèk nepe l' nan men l' toutouni. Balaram te mete ajenou devan l'.

Zanj lan te di l': "ou te bat bourik ou a pandan twa fwa. Men si se pa't poutèt li, mwen t'ap tiye'w epi mwen t'ap kite'l vivan."

Balaram te di l': "si w pa vle m'ale nan peyi Moab, m'ap retounen lakay mwen."

Zanj lan te di l': "Non! Ou mèt ale. Men fè atansyon. Sèlman di pawòl yo mwen va di w pou w di. Konsa Balaram te ale nan peyi Moab.

51-Pwofesi Balaram yo

Nonb 22: 36- 25:18; 31: 7-16

Lè Balaram te rive Moab, wa Balak te di l': "poukisa ou te pran tan konsa pou w vini? Mwen te di m'ap fè w yon nonm rich. Èske w pa t' kwè nan mwen?"

Balaram te di l': "mwen isit la kounyea, men konprann sa byen. Mwen kapab di sèlman sa Bondye di pou m' di."

Après sa, Balak te pran Balaram, li te mennen l' sou yon gwo tèt mòn kote l' te kapab wè tout kan pèp Izrayèl la. Balaram te fè wa a bati yon otèl, kote l' te ofri sakrifis pou li. Balaram te mande wa a pou l' rete la pandan l' t'ap monte pi wo pou l' kapab konnen sa Bondye vle pou l' di. Bondye te ba l' yon mesaj. Après sa li te retounen kote wa a te ye a, avèk ansyen peyi Moab yo ki t'ap tann.

Balaram te gade pèp la epi li te di: «wa Balak te voye chèche m' li te di: "vini e modi Jakòb, vini epi kondane Izrayèl. Men kòman mwen kapab modi moun Bondye pa modi? Kòman mwen kapab kondane moun Bondye pa kondane? Mwen kanpe sou yonn nan tèt mòn sa yo, m'ap gade pèp sa a. se yon pèp ki pa gen okenn lòt nasyon ki sanble avèk li. O mwen ta renmen mouri menm jan moun sa yo k'ap mache dwat la mouri.

Wa Balak te fache, li te di: "mwen te fè w vini isit la pou w kapab modi moun sa yo- pa pou w beni yo."

Balaram te reponn li: "mwen te fè w konnen sa klèman, mwen kapab di sèlman sa Bondye di m' pou m' di."

Balak te di: "ann ale avè m' sou yon lòt tèt mòn. La ou va wè sèlman yon pati nan pèp la. Petèt ou va kapab modi yo la." Yo te ale nan yon dezyèm tèt mòn, yo te bati yon otèl ankò epi yo te fè sakrifis pou Bondye ankò.

Balaram te di wa a: "rete la pandan mwen pral pale avèk Bondye." Bondye te jwenn avèk Balaram epi li te di l' sa pou l' di. Li te retounen epi l' te di: «O wa Balak, koute byen sa m' pral di: "Bondye pa tankou lòm. Li pa konn chanje lide. Li te di m' pou m' beni pèp la, paske Letènèl rete nan mitan yo. Li se wa yo epi sa fè yo byen, poutèt sa. Li te mennen yo sòti an Ejipt avèk yon men pwisant. Konsa, pa gen malediksyon pou yo. Yo va konnen yo, poutèt gwo bagay Bondye te fè pou yo."

Wa a te di: "pa modi l', men omwen sispann beni l'." Wa a te mennen Balaram yon lòt kote ankò kote l' te kapab wè pèp la. Li te di l': "Eseye yon lòt fwa ankò pou w wè si w kapab jwenn yon malediksyon kont moun sa yo.

Balaram te fè bati yon lotèl ankò epi yo te fè lòt sakrifis pou Bondye ankò. Men li pa t' monte sou mòn nan fwa sa a. Pandan l' t'ap gade plenn nan, Lespri Bondye a te vin sou li: "ala bèl tant Izrayèl yo bèl. Yo sanble avèk yon jaden Bondye te plante. Nenpòt moun ki beni pèp sa a va beni tou. Nenpòt moun ki modi yo va modi tou."

Balak te fache anpil, li te di: "mwen te mennen w isit la pou w modi pèp sa a. kounyea ou mèt al fè wout ou. Letènèl fè w pèdi richès yo mwen t'apral ba ou a."

Balaram te di: "mwen gen yon lòt mesaj, gen yon moun k'ap vini, mwen pa kapab wè kilès li ye. Li se tankou yon zetwal. Li va wa pèp Izrayèl la. Li va pote laviktwa sou tout lenmi l' yo."

Après sa, Balaram te ale epi Balak te retounen nan plas kote l' te ye a. pita Balaram te ale kote wa a epi li te di l': "mwen pa t' kapab modi moun sa yo, men ou kapab fè Bondye modi yo." Epi l' te ba l' yon move konsèy.

Yon ti tan après sa, medam Moab yo te ale nan kan peyi Izrayèl la. Yo te antre nan relasyon avèk mesye yo, epi yo te envite yo nan yon fèt ki t'ap fèt pou idòl yo. Mesye yo te ale nan fèt la epi rapidman yo te tonbe nan adore idòl tou.

Bondye te fache anpil. Li te voye yon plè epi 24000 moun te mouri. Yonn nan mesye Izrayèl yo te mennen yon madyanit lakay li. Yo te pase kote Moyiz avèk ansyen Izrayèl yo. Yonn nan pitit pitit gran prèt la te pran yon lans, epi li te ale nan tant lan. Li te pèse yo toulède avèk lans lan, epi yo te mouri.

Poutèt sa, Bondye te kanpe plè a. aprè sa Letènèl te di Moyiz: “pran lame w la. Ale detwi moabit yo ak madyanit yo, poutèt sa yo te fè a. lame Izrayèl la te sòti, yo te detwi toulède nasyon sa yo. Balaram te pami moun ki te mouri yo, pou move konsèy li te bay Balak la.

52- Moyiz Mouri

Nonb 27: 12 – 23; Detewonòm 30 -34.

Letènèl te di Moyiz: “monte sou mòn sa a, mwen pral montre w peyi mwen pral bay pèp Izrayèl la. Ou p’ap kapab antre nan peyi a avèk yo, poutèt peche w te fè lè w te fwape wòch la de fwa a. Men m’ap kite w wè peyi a, epi aprè sa ou va mouri.”

Moyiz te di: “Senyè, chwazi yon moun pou dirije moun sa yo - yon moun ki kapab kanpe devan yo, epi ki kapab pran desizyon pou yo. Si w pa fè sa, yo va tankou mouton san bèje.”

Bondye te di: “Jozye gen Lespri lasajès la nan li. Pran Jozye mete l’ devan Eleaza granprèt la, epi devan tout asanble a. Fè yon fason pou tout moun tande ou ba l otorite pou dirije peyi a. Mande pèp la pou yo obeyi l’, menm jan yo te konn obeyi w la. Di Jozye pou l’toujou pran konsèy nan men Eleaza.”

Se pou sa, Moyiz te fè sa jan Letènèl te mande l’ pou l’ te fè sa. Li te pran Jozye epi li te mete l’ kanpe devan Eleaza avèk tout pèp la. Aprè sa, Moyiz te mete men l’ sou Jozye epi li te ba l’pouvwa pou l’dirije peyi a. Aprè sa, li te di pèp la: “Mwen gen yon kòmandman pou nou. Li bon pou nou obeyi nan mezi nou kapab. Si nou fè sa, nou va gen lavi epi nou va fè anpil pwogrè. Men si nou pa obeyi, sa va pote pwoblèm avèk lamò pou nou.

Kòmandman an se sa sèlman: “renmen Senyè Bondye nou an epi fè sa l’ di nou fè. Si nou fè sa l’ap beni nou, lè nou ale nan peyi a. Si nou pa fè sa, li va retire tout sa nou renmen nan men nou. Mwen mande latè avèk lesyèl pou yo sèvi m’ kòm temwen, nan sa ma’p di la. Mwen mete devan nou lavi avèk lamò, benediksyon avèk malediksyon. Men chwazi lavi. Renmen Senyè Bondye nou an. Obeyi l’epi rete fidèl pou li, paske se li ki lavi nou.”

Après sa, Moyiz te di Jozye: “mete gason sou ou epi pran kouraj. Letènèl va avèk ou epi li va mache devan w. Ou pa bezwen pè ni dekouraje.” Aprè Moyiz te fin di sa, li te monte sou mòn ki lòt bò Jeriko a. Etan la, Bondye te fè l’ wè peyi Izrayèl la. Li te kapab wè tout peyi a sòti nan Nò rive nan Sid, sòti nan Lès rive nan Lwès. Letènèl te di l: “sa se peyi mwen te pwomèt m’ap bay Abraram, Izarak avèk Jakòb la. Mwen te pèmèt ou wè l’ men ou p’ap kapab travèse pou w al ladann.”

Konsa, Moyiz, sèvitè Bondye a, te mouri, epi Bondye te antere l’ nan peyi Morab. Li te gen sanven lane lè l’ te mouri. Jouk lè sa a, li te wè byen, li te anfòm fizikman.

Pèp la te an dèy pandan trant jou aprè l’ te mouri. Pa t’ janm gen yon lòt pwofèt tankou Moyiz nan peyi Izrayèl. Men, Bondye te pwomèt pèp la ke yon jou, yon gran pwofèt ki va tankou Moyiz, va vini.

LIV 2 – ETABLISMAN YON NASYON**53 - Rarab**

Jozye 1: 1- 3: 6

Letènèl te di Jozye: “Moyiz. Sèvitè m’ nan te mouri. Kounyea ou va mennen pèp la nan peyi mwen te pwomèt yo a. Mwen va avèk oumenm jan mwen te avèk Moyiz la. Poutèt sa, mete gason sou ou epi pran kouraj. Obeyi lòd yo mwen te bay Moyiz yo. Pinga vire do ba yo ni adwat ni agoch. Si w swiv lòd sa yo, mwen va avèk ou nan tout sa w’ap fè. Aprè sa, Jozye te kòmanse prepare pèp la pou lagè nan peyi Kanaran an. Li te kòmanse avèk sa, lè l’ te voye de moun lòtbò rivyè a pou yo te chèche enfòmasyon sou peyi a. yo te antre nan vil Jeriko. Yo te fè ladesann lakay yon prostitye ki te rele Rarab.

Wa Jeriko a te aprann yo te nan vil la, poutèt sa li te voye yon mesaj bay Rarab ki te di: “mete mesye sa yo ki te desann lakay ou a deyò. Yo se espyon pèp Izrayèl la te voye.”

Mesye yo te sou tèt kay li a, kote l’ te kache yo anba yon bann pakèt pay. Li te di wa a, yo te isit la vre, men mwen pa t’ konnen kote yo te sòti. Men avan l’ te fè nwa, yo te ale avan pòtay vil la te fèmen. Yo pa t’ di mwen ki kote yo t’ap ale, petèt nou va kapab kenbe yo, si nou fè vit. Konsa, wa a te voye moun al rapouswiv yo. Rarab te di espyon yo: “tout moun pè nou isit la, paske nou konnen Bondye banou peyi sa a. nou te tandè kòman Bondye te louvri lanmè wouj, lè nou te kite peyi Lejip. Bondye nou an se Bondye anwo nan syèl la e Bondye anba sou latè a. Li te fè anpil gwo bagay pou nou. Mwen te pwoteje nou! Kounyea, m’ap mande nou pou nou sèman devan Bondye nou an, ke n’ap gen pitye pou fanmiy mwen tou. Sove lavi nou.”

Poutèt sa, espyon yo te di: “n’ap sove lavi nou, lè Bondye bannou vil nou an an, men se si w pa di wa a sa sèlman. Mete kòdon wouj sa a nan fenèt kay ou a. fanmiy ou va sove si yo nan kay ou a. si gen nan yo ki kite kay la, nou p’ap kapab fè anyen pou yo.”

Kay Rarab te anwo miray vil la. Se konsa, li te mete yon kòd nan fenèt kay li a, epi li te ede yo chape pou l’ yo. Yo te rete kache nan mòn yo jouk mesye Jeriko yo te sispann chèche yo. Kon yo te fin chape, yo te retounen lòtbò rivyè a. yo te rakonte Jozye tout sa ki te pase. Yo te di: “se vre! Bondye bannou peyi a. Pèp la pè nou.”

Aprè sa, Jozye te mennen pèp la bò rivyè Jouden an. Yo te rete la pandan twa jou. Sou twazyèm jou a, lidè pèp Izrayèl yo te vin nan kan an epi li te di: “n’ap leve kan demen maten. Poutèt sa veye sakrifikatè yo. Yo pral pran lach Bondye a epi avanse bò rivyè Jouden an. Swiv yo, paske nou pa konnen wout sa déjà. Demen, Bondye pral fè gwo bagay pou nou. Nou pral konnen ke Bondye rete avèk nou epi li fè plan pou l’chase tout lènmi nou yo devan nou.”

Jozye te di yo pou yo chwazi douz òm, yonn pou chak tribi, epi voye yo vin jwenn li. Aprè sa, li te di prèt yo, sa yo te dwe fè demen.

54 - Yo Travèse Jouden an

Jozye 3: 1- 5: 12

Nan maten, Bondye te di Jozye: “jodia mwen va leve w devan zye pèp la- konsa yo va konnen mwen avèk ou, menm jan mwen te avèk Moyiz.”

Jozye te pale avèk prèt yo, li te di yo: “pran lach Bondye a, epi ale nan rivyè Jouden an.”

Konsa, prèt yo te pote lach Bondye a ale nan rivyè a, ki te plen avèk anpil dlo, tankou lè genyen inondasyon. Lè yo te rive bò dlo a, yo te kontinye antre jouk dlo a te kouvri pye yo.

Sibitman, rivyè a te kanpe! Yon miray dlo te fòme a anviwon dis mil avèk kouran ki sòti anwo a. rès la te koule desann ale nan lanmè. Lè prèt yo te wè sa, yo te al kanpe nan mitan dlo a sou tè sèch.

Menm lè a, pèp la te kòmanse travèse rivyè a.

Jozye te di douz òm yo pèp la te chwazi yo: “pran yon gwo wòch kote prèt yo kanpe a, mete l’ sou zepòl nou epi pote l’ lòt bò rivyè a. Jozye te pran douz lòt wòch ankò epi li te bati yon moniman nan mitan dlo a, bò kote prèt yo te kanpe a.

Pèp la te gade Jozye epi li te vin gran devan zye yo. Yo te rekonèt ke Bondye te avèk li menm jan l’ te avèk Moyiz.

Lè yo tout te fin travèse rivyè a, Jozye te di prèt yo: “sòti nan mitan dlo a.”

Kon prèt yo te rive lòt bò rivyè a, dlo yo te pran kouri desann epi retounen mache jan l’ te toujou konn mache avan an.

Jozye te mennen pèp la yon kote yo te rele Gilgal, kote yo te kanpe. Aprè sa li te fè yo bati yon moniman avèk douz gwo wòch yo. li te di: “nan tan k’ap vini yo, timoun yo va wè moniman sa a, epi yo va mande: “poukisa douz wòch sa yo la a?” paran yo va rakonte sa k’ te pase jou sa a, kòman Bondye te koupe rivyè Jouden an pou pèp la te ka travèse sou yon tè sèch. Tout nasyon yo sou latè va konnen ke men Bondye, mèt tout latè a gen pouvwa.”

Pèp Kanaran an te tande jan Bondye te koupe rivyè Jouden an epi fè Izrayèl travèse l’a pye sèk. Sa te fè tout vil yo nan peyi a vin pè.

Jozye te di tout gason nan peyi Izrayèl la, yo dwe sikonsi. Yo pa t’fè sa, pandan tout karant lane yo pèp la te pase nan dezè a.

Yon ti tan aprè sa, pèp la te fete fèt Pak la. Se te vrèman nan demen aprè sa, lamàn te sispann parèt la epi pa janm tounen ankò. Depi lè sa a, pèp la te manje manje ki te fèt nan peyi Kanaran an.

55 - Jeriko

Jozye 5: 13 - 6: 27

Pandan pèp la te rete Gilgal toujou, Jozye te gade Jeriko, li te wè yon nonm kanpe tou pre l'avèk yon nepe nan men l'. Jozye te avanse bò kote l'epi li te di l': "Èske se pou nou ou ye oubyen pou lènmi nou yo?" Nonm nan te di: "mwen se kapitèn lame Letènèl la. Mwen fèk rive." Jozye te mete ajenou epi li te adore l'. Kapitèn nan te di l': "retire soulye nan pye w paske kote ou ye a sen. Letènèl te di Jozye: "mwen ba ou Jeriko, wa l' la avèk lame l' la." Aprè sa, li te endike l' kòman pou l' pran Jeriko. Lè jou a rive te rive, Jozye te prepare pèp la. Li te mete yon pati nan lame a alatèt, akote yo, li te mete sèt prèt ki te dwe sonnen twonpèt. Lach Bondye a te dèyè yo. Rès lame a t'ap mache dèyè lach la. Jozye te di pèp la: "pinga repete okenn pawòl pandan n'ap mache alantou vil la."

Pandan yo t'ap mache alantou vil la, prèt yo t'ap sonnen twonpèt yo, men pèp la te rete an silans. Kon yo te fin fè tou vil la, yo te retounen nan kan an, epi yo te pase nwit la. Yo te fè menm bagay la dezyèm jou a epi twazyèm jou a tou. Yo te fè mach alantou vil la pandan si jou.

Bonè nan setyèm jou a, Jozye te di pèp la, fè menm bagay la. Sòf ke jou sa a, yo te dwe fè tou vil la sèt fwa. Li te di yo: "lè nou fin fè tou vil la sèt fwa, mwen va mande nou pou nou kriye. Aprè sa Letènèl va bannou vil la. Tout moun avèk tout bèt ki nan vil la dwe mouri eksepte Raab avèk fanmiy li. Nou dwe brile tout bagay eksepte lò, lajan avèk bagay ki fèt an bwonz avèk fè. Sa yo se bagay nou dwe mete apa pou Bondye. Fè atansyon! Pinga nou pran anyen yo mete apa pou Bondye. Konsa jou sa a, pèp la te mache trankilman alantou vil la sèt fwa, pandan prèt yo t'ap sonnen twonpèt.

Après sèt tou yo, tout moun te kanpe. Sibitman prèt yo te sonnen twonpèt yo yon lòt fwa epi Jozye te di byen fò: "kriye". Moun yo te kriye, epi miray ki te antoure vil la te tonbe devan yo, lame a te ale nan vil la tou dwat epi yo te detwi l'. De espion yo Raab te pwoteje yo te ale lamenm lakay li. Yo te mennen Raab avèk paran l' yo sòti nan vil la vivan. Yo te tiye tout lòt moun ki te nan vil la, epi yo te brile tout bagay eksepte lò, lajan avèk bagay ki te fèt avèk bwonz avèk fè.

Jozye te pwoklame yon malediksyon sou vil Jeriko a. li te di: "nenpòt moun ki rebati vil sa a va pèdi ni pwemye pitit gason l' ni pi jèn pitit gason l'.

Konsa Letènèl te avèk Jozye e renome l' te gaye nan tout peyi a. Yo te mete Raab avèk fanmiy li an sekirite, nan yon kote deyò kan pèp Izrayèl la. Finalman, li te marye avèk yon Izrayelit, nan tribi Jida a. Yo te fè yon pitit gason, yo te rele Boaz.

56 - Akan

Jozye 7-8

Avan yo te al pran Jeriko, Jozye te fè pèp la konprann sa klèman: “fè atansyon! Pinga pran anyen ki konsakre pou Bondye. Si w fè sa y’ap mete w akote pou yo detwi w. ”

Yonn nan sòlda ki te ale nan batay nan Jeriko a jou sa a, se te yon nonm ki te rele Akan. Etan l’ te la a, li te wè san adoken ki te fèt avèk ajan, yon moso lò avèk yon bèl manto ki te fèt nan peyi Babilòn. Li te pran yo epi li te kache yo lakay li. Sa te fè Bondye fache.

Après viktwa nan vil Jeriko a, Jozye te voye kèk mesye al espyone vil yo te rele Ayi a. Lè yo te tounen yo te di: “pa gen anpil moun Ayi. Nou pa bezwen voye tout lame a la. Nou te mèt voye sèlman de oubyen twa mil òm la.”

Se konsa Jozye te voye twa mil òm al pran Ayi. Yo te fè sezisman paske moun nan ti vil sa a te genyen batay la. Yo te tiye transis sòlda epi yo te kouri dèyè lòt yo. Sa te fè pèp la mal anpil, paske yo te pèdi batay sa a. Jozye te chire rad li. Limenm avèk ansyen yo te mete ajenou devan lach la, avèk vizaj yo atè. Yo te kouvri tèt yo avèk pousyè epi yo te pase tout jounen an la.

Jozye te priye Bondye konsa: “O Senyè, poukisa ou te mennen nou lòtbò larivyè Jouden an? Kananeyen yo pra’l tandè pale de jan nou pèdi batay la. Yo va antoure noue pi efase nou sou latè. E kisa ou va fè pou gran non’w lan?”

Letènèl te di Jozye: “leve e kanpe! Izrayèl te pèdi batay la, paske gen peche nan kan an. Yo te dezobeyi lòd mwen te bay la, yo te pran bagay ke yo dwe mete apa. Tout tan nou genyen bagay sa yo, nou va pèdi tout batay n’ap fè paske mwen p’ap avèk nou ankò. ”

Nan demen maten, Jozye te fè tout pèp la vin kanpe devan l’. Chak tribi te pase devan l’. Bondye te chwazi tribi Jida a. Tout fanmiy ki f è pati Jida yo te pase devan l ; Bondye te chwazi yonn nan fanmiy yo. Nan fanmiy sa a, Bondye te chwazi Akan.

Jozye te di Akan: “pitit gason m’, kisa w te fè? Ou pa bezwen kache m’anyen.”

Akan te sezi li te di: “se vre! Mwen te peche kont Bondye. Mwen te wè yon bous ki te gen yon pil pyès ki te fèt an ajan, yon gwo moso lò avèk yon bèl manto ki te fèt nan peyi Babilòn, mwen te anvi pran yo. Konsa mwen te pran yo epi mwen te sere yo lakay mwen. ”

Jozye te voye moun al chèche bagay yo akan te pran an lakay li. Après sa, li te mete yo devan Letènèl avèk tout pèp Izrayèl la.

Après sa pèp la te sanble tout sa Akan te genyen, pitit gason l’ yo avèk pitit fi l’ yo, bèt li yo, tant li a avèk bagay li te pran Jeriko a. yo te lapide yo jouk yo te mouri epi yo te brile kò yo. Yo te mete yon pil wòch sou sann yo.

Letènèl pa t’ fache avèk pèp li a ankò. Se poutèt sa li te di Jozye: “pran tout lame w la epi atake Ayi. Mwen livre yo ba ou. Depi w fin detwi yo, pèp la mèt pran tout sa yo jwenn la. ”

Jozye te voye yon gwoup sòlda deyò a nan lannwit, li te di yo: “ale dèyè vil la epi kache kò nou. Li te di yo sa pou yo fè egzateman.

Nan demen maten, li te voye yon gwoup sòlda al batay avèk Ayi. Mesye yo ki te rete nan vil la te wè yo t’ap vini epi yo te sòti pou yo al batay avèk yo. Lè batay la te kòmanse chofe, Izrayèl te kòmanse kouri devan yo, jan sa te pase pwemyè fwa a. Moun Ayi yo t’ap kouri dèyè yo, e yo te kite vil la san pwoteksyon.

Kon mesye yo te kite vil la, sòlda izrayelit yo ki te kache a te sòti kote yo te kache a, yo te mete dife nan vil la. Moun Ayi te vire gade dèyè, yo te wè vil la ap brile. Yo te vin dekouvri yo te nan mitan de gwoup lame Izrayèl la. Yo t ap bat pou yo chape kò yo, men yo pa t’ kapab. Yo tout te mouri nan batay la.

Après sa, pèp la te ofri sakrifis bay Bondye. Après sa te fin pase, Jozye te li tout Lalwa a bay tout pèp la, bay ni gason yo, ni fanm yo avèk timoun yo.

57 - Solèy la Rete Kanpe

Jozye 9-10

Nouvèl Jeriko te detwi a, avèk Ayi a tou te gaye nan tout peyi Kanaran. Pifò nan peyi yo te fè alyans pou yo pwoteje tèt yo kont Izrayèl. Men te genyen yon vil ki te deside pou'l aji yon lòt jan.

Yon gwoup gason nan vil Gabawon te abiye avèk rad ize, avèk vye sandal yo te ranje nan pye yo. Yo te mete vye sak sou bourik yo, yo te pote pen sèk, vye veso yo te mete diven ki te chire, ke yo te ranje. Yo te ale kote Jozye epi yo te di: "nou rete nan yon peyi lwen, men nou te tandè sa Senyè Bondye nou an te fè pou nou. Ansyen nou yo voye nou fè long vwayaj sa. Yo te di nou: "Ale epi fè yon alyans avèk yo. Gade sa, nou te pran pen nou sòti nan fou tou cho. Kounyea yo sèk e di. Vwayaj la te tèlman long, sa fè rad nou ak sandal nou ize."

Mesye izrayelit yo te gade pwovizyon yo, men yo pa t' chèche direksyon Bondye. Se konsa Jozye te fè alyans avèk yo. Ansyen peyi Izrayèl yo te fè sèman pou de pèp yo te alye.

Twa jou aprè alyans lan te fin fèt, izrayelit yo te dekouvri ke gabawonit yo te rete nan peyi Kanaran, tou prè a. Jozye te voye rele yo epi l' te di yo: "poukisa nou te twonpe nou?"

Yo te reponn: "nou te tandè ke Bondye te bannou tout peyi a. Li te bay Moyiz lòd pou l' tiye tout moun ki rete bò isit la. Nou te pè pou lavi nou, se sa k' fè nou twonpe nou. Kounyea, nou kapab fè sa nou wè ki jis pou nou. Nou va aksèpte sa."

Jozye te di: "nou p'ap mouri poutèt pwomès nou te fè nou an. Mwen pa kapab touche nou, men depi kounyea, nou se esklav nou. Nou va koupe bwa pou nou, pran dlo pou nou epi pou kay Bondye a."

Lòt wa yo nan peyi a te tandè ke pèp gabawon an te fè lapè avèk Izrayèl. Yo te mete ansanm epi yo te deside atake vil la. Moun Gabawon yo te voye di Jozye: "nou se esklav nou. Vini vit pou w ede nou."

Poutèt sa, nan lannwit, Jozye te pran lame l' la, yo te ale yo te siprann moun yo ki t'ap goumen kont moun Gabawon yo. Yo te eseye goumen dèyè, men lame Izrayèl la te two fò pou yo. Letènèl te voye anpil grèl kont yo tou, plis moun te mouri pa grèl pase sa k' te mouri avèk nepe.

Jozye te bezwen plis tan, se pou sa li te gade anlè epi li te di: "solèy, rete kanpe sou Gabawon! Letènèl te tandè lòd Jozye te bay la epi li te pèmèt sa fèt konsa. Solèy la te rete kanpe nan syèl la. Ni nan tan pase yo, ni nan tan kounyea, ni nan tan k'ap vini an, p'ap janm gen yon jou konsa ankò.

Senk wa te kouri epi yo te kache nan yon gwòt. Yon moun te fè Jozye konnen sa. Li te di: "mete yon gwo wòch nan bouch gwòt la." Aprè li te mete kèk sòlda veye l'. Kon Izrayèl te fin genyen batay la, Jozye te fè yo mete wa yo deyò nan gwòt la. Li te di kòmanddan yo: "mete pye nou sou kou wa yo.

" Li te di yo: "mete gason sou nou epi pran kouraj.

Jozye te mennen lame l'la vil aprè vil, epi Letènèl te fè l'genyen batay yo kote l' pase.

58 - Jozye Di Yo Orevwa

Jozye 14, 23 e 24

Après Jozye te fin detwi anpil nan nasyon yo nan Kanaran, li te separe peyi a bay douz tribi yo. Kalèb te vin kote Jozye epi li te di: "mwen te gen karant lane lè mwenmenm avè w nou te fè travay espyonaj la, nan peyi sa a. nou te tounen avèk yon bon rapò, men konpayon nou yo te fè pèp la pè. Ou sonje sa, Moyiz te di nou va eritye peyi sa nou wè kounye a. mwen gen katrevsenk lane kounyea, men mwen gen fòs jodi a menm jan avèk lè m' te gen karant an. Mwen toujou kontinye al nan batay epi mwen kontinye fè travay mwen konn fè chak jou. Ou mèt banm mòn sa yo. Kananeyen yo toujou rete la, men m'ap mete yo deyò."

Poutèt sa, Jozye te ba li zòn ki bò Ebron an. Kalèb te prepare moun li yo epi li te mete kananeyen yo deyò nan chak vil yo. Lè l' te rive nan yon vil, li te di: "nenpòt moun ki pran vil sa a, m'ap marye l'avèk pitit fi mwen."

Yon nèg te leve defi a epi li te pran l'. Poutèt sa Kalèb te marye pitit fi li a avè l'. Kon yo te fin marye, li te di mari l': "mande papa m' jaden sa a." La a te gen yon sous dlo natirèl.

Li te pran bourik li, li te ale kote papal'. Papa l' te di l': "kisa w vle?"

Li te di l': "kòm ou bannou vil sa a, bannou sous dlo a tou."

E l' te ba li sa l' te vle a.

Kèk lane pita, Jozye te konnen l' t'apral mouri. Poutèt sa, li te envite pèp Izrayèl la pou yo vin kote l'.

Lè yo te rasanble, li te di yo: "nou te wè tout sa Letènèl te fè pou nou. Nou gen yon peyi, kote fanmi nou kapab rete, paske l' te batay pou nou. Mete gason sou nou epi kontinye obeyi Lalwa Moyiz la. Pinga mete l'akote. Pinga nou adore idòl nasyon yo ki kontinye ap viv nan peyi sa a ap adore. Okontrè, rete fidèl anvè Letènèl Bondye nou an. Si nou pa fè sa, l'ap mete nou deyò nan peyi a."

Après sa li te fè yo sonje tout istwa pèp Izrayèl la, pou l'te fini. Li te di konsa: "Bondye te voye devan nou frelon yo e pi yo te mete nasyon ki t'ap viv nan peyi sa a deyò. Li ban- nou jaden nou pa t'achte, Kay nou pa te bati epi jaden rezen nou pa t' plante. Chwazi jodia kilès nou vle sèvi. Oubyen idòl papa nou yo te konn mete ajenou devan yo a. oubyen nou kapab adore idòl moun ki nan peyi sa ap sèvi yo. Oubyen nou kapab sèvi Letènèl ki te mennen nou isit la avèk men pisan li an. Men pou mwenmenm, avèk fanmiy mwen n'ap sèvi Letènèl."

Pèp la te reponn, yo te di: "nou p'ap adore idòl peyi sa a. Nou va rete fidèl avèk Senyè Bondye nou an. Nou te wè gwo mirak li yo, poutèt sa, noumenm tou n'ap adore Letènèl."

Jozye te di yo: "mwen pa kwè nou. Nou pra'l vire do bay Bondye, poutèt sa li pra'l detwi nou. Kòman nou ta kapab fè aji konsa aprè'l te tèlman bon pou nou?"

Pèp la te kriye: "non! Nou va adore epi sèvi Letènèl."

Jozye te di: "nou se temwen sa nou te di yo. Wòch sa yo temwen tou de sa nou te di. Wete tout vye idòl yo nou genyen nan mitan nou yo, epi mete tout konfyans nou nan Letènèl.

Yon ti tan aprè sa, Jozye te mouri, li te gen 110 lane. Pèp la te adore Bondye nan tan aprè l' te mennen yo nan peyi a. yo te sèvi Letènèl tou pandan tout tan ansyen yo ki te konn sèvi avèk Jozye yo te la. Men aprè, lòt jenerasyon ki te vini dèyè yo pa't konnen Letènèl. Yo pa 't wè sa 'l te konn fè.

59 - Twa Zanmi Jòb yo

Liv Jòb la

Jòb se te yon sèvitè Bondye ki te entèg anpil, ki te gen krent pou Bondye epi ki rete lwen sa ki mal. Li te gen sèt gason e twa fiy. Se yon nonm rich. Li te gen anpil sèvitè. Nan twoupo l' yo te genyen anpil mouton, chamo, bèf epi bourik.

Yon jou satan te al kote Bondye pandan tout zanj yo te la. Letènèl te di l' konsa: "ki kote w sòti?" "Mwen sot pwonmennen sou latè."

Letènèl te di l': "Èske w wè sèvitè m' nan Jòb? Pa gen yon lòt nonm sou latè tankou l'. Li entèg anpil epi li kanpe lwen sa ki mal."

Satan te di: "wi! Se konsa l' ye vre. Li wè ke lè yon moun jis se yon bon negòs. Ou pwoteje l'epi ou pwoteje tout sa l' genyen tou. Ou beni l'epi ba l' tout sa l' vle. Men, pran tout sa l' genyen yo, aprè sa ou va wè sa l'ap fè. Mwen asire l'ap modi w devan w."

Letènèl te di l': "nou pra l' wè sa! Mwen ba w pèmasyon pou w pran tout sa l' genyen, men ou pa kapab touche l' limenm."

Lamenm aprè sa, yon sèvitè te kouri al kote Jòb epi li te di: "yon bann vòlè te vini epi yo te pran tout bèf ou yo avèk tout bourik ou yo. Yo te chèche tiye tout sèvitè yo e se mwen sèl ki chape. Lamenm mwen te vin fè w konnen sa k' te pase a."

Yo t'ap pale toujou lè yon lòt sèvitè te parèt epi l' te di l': "dife sot nan syèl la epi li brile tout mouton ak tout sèvitè yo. Se mwenmenm sèl ki chape, se pou sa mwen kouri vin pote nouvell la ba ou."

Yo t'ap pale toujou, yon lòt sèvitè te kouri vin kote l' li te di: "yon lame te vini epi yo te pran tout chamo yo e tiye sèvitè yo. Mwen te chape mwenmenm sèl, konsa mwen te vin ba ou nouvell la."

Yo t'ap pale toujou, yon lòt sèvitè te parèt li te di: "piti gason w yo avèk pitit fi w yo t'ap manje ansanm lè yon tònad te vin fwape kay la, epi yo tout te mouri. Se mwenmenm sèl ki te chape, se pou sa mwen vin la pou m' vin di w sa k' te pase."

Jòb te leve kanpe, li dechire rad li, li te pase razwa nan tèt li. Aprè sa li te mete ajenou epi li te di: "mwen te vini toutouni nan lemond, m'ap retounen nan latè toutouni. Letènèl bay, Letènèl pran, mwen louwe non Letènèl." Malgre tout sa ki te pase a, Jòb pa t' peche ni l' pa t' blame Bondye.

Yon lòt fwa ankò, Satan te retounen kote Bondye pandan tout zanj yo te la. Letènèl te di l': "kotew soti Satan?" "mwen sot fè tou latè epi pwonmennen." Letènèl te di l': "Èske ou te wè sèvitè m' nan Jòb? Pa gen okenn lòt moun sou latè ki menm jan avè l'. Li entèg anpil epi li rete lwen sa ki mal. Menm aprè mwen te pèmèt ou san rezon pou w detwi sa l' te genyen yo.

"A wi, men ou pa t' pèmèt mwen touche po l'. Yon moun va fè tout sa l' kapab pou l' sove lavi l'. Lonje men w touche kò l'epi touche zo l'epi l'ap modi w devan w."

Letènèl te di l': "nou pra l' wè sa! Mwen ba w pèmasyon pou w touche l' men ou pa kapab tiye l'. Lamenm aprè sa, kò Jòb te vin plen bouton depi nan tèt jouk rive nan pye l'. Li te chita nan sann epi li te pran ti moso veso ki te kase pou l' te grate kò l'. Lè l' t'ap grate l'konsa, madanm li te di l': "kijan w fè nan tout sitiasyon sa a epi pou w rete fidèl pou Bondye toujou? Modi Bondye epi mouri."

Jòb te di: "w'ap pale pawòl fou! Mwen dispoze aksèpte tout sa Bondye ban m', byen ou mal." Konsa nan tout sa Jòb te ye a, li pa t' peche e ni li pa t' pale mal kont Bondye.

Twa zanmi te pran nouvell sa ki te pase l', epi yo te vin vizite l'. Yo pa t kapab kwè zye yo, lè yo te wè jan l' te chita. Yo te kriye epi yo te mete pousyè nan cheve yo. Yo toulè twa te chita akote Jòb epi yo pa t' di anyen pandan sèt jou.

Finalman, Jòb te kriye: "pito m' pa t' janm fèt."

Après sa zanmi l'yo te chèche ede l' konprann kisa k' t'ap pase avè l'. Yonn nan zanmi l' yo te di l':
 "moun k ap mache dwat pa soufri konsa, se moun ki nan peche sa rive konsa. Jòb te dakò avè l',
 men li pa t' konnen anyen l' te fè ki merite sa.

Dezyèm zanmi l' lan te pi di toujou. Li te di: "Jòb, ou se yon ipokrit. Ou dwe konfese peche w, konsa
 Bondye va gen pitye pou ou."

Jòb te kontinye defann inosans li. Li te di: "mwen sonje, mwen konn wè moun k'ap mache dwat ap
 soufri, pandan moun yo k'ap fè mal la byen."

Twazyèm zanmi l' lan te pi rèd pase tout. Li te di: "Jòb ou se yon mantè. Se yon pechè ou ye, ou merite
 jijman Bondye a." Lè sa a Jòb te kenbe inosans li pi rèd.

Yon jenn gason te vin antre nan afè sa a avèk yon lòt vizyon. Li te vle ankouraje Jòb. Li te di: "Bondye
 vle pou soufrans ou an kapab aprann ou yon bagay. Wi Bondye ap chèche korije peche w, men tou
 l'ap chèche retabli w nan lajistis."

Sibitman Bondye te pale avèk Jòb. Li te di l: "chemen mwen yo pi wo ke sa nou kapab konprann. Plan
 mwen pou la soufrans se yon afè pèsònèl pou chak moun. Jòb koute! Mwen toujou konnen s'ak ap
 pase w. mwen toujou avèk ou. Mwen vle w sispann fè tèt ou konfyans epi pou w mete konfyans ou
 totalman nan mwen."

Après sa, Bondye te vire bò kote zanmi Jòb yo, li te di yo: "mwen fache avèk nou. Tout konsèy nou yo pa
 chita sou anyen. Se Jòb sèlman ki te di laverite. Bondye te mande yo pou yo ofri yon oloko (yon
 sakrifis ki dwe brile nèt) epi pou yo mande Jòb priye pou yo.

Après Bondye te retounen beni Jòb ankò. Li te ba li de fwa plis ke tout sal te genyen avan sa. Li te vin
 genyen de fwa plis mouton avèk chamo. Li te vin genyen de fwa plis bèf avèk bourik. Bondye te ba
 l' sèt pitit gason ankò avèk twa pitit fi ankò. Jòb te viv jouk li te vin yon vye granmoun. Li te mouri a
 laj de 140 lane aprè l' te viv yon lavi konplèt.

60 - Otonyèl Avèk Eyoud



Jij 3:7-30

Aprè Jozye te mouri, pèp la te kontinye sèvi Bondye jan yo dwe. Men, gen nan pitit yo ki pa konnen Bondye. Lè yo kòmanse grandi, yo pran sèvi Baal Bondye vin fache ak pèp li poutèt sa, se konsa li kite wa yon lòt peyi atake yo. Wa sa te reye sou pèp la pandan witan.

Anfen, pèp la mande Bondye sekou, epi li te gen pitye pou yo. Li te voye Otonyèl kòm jij pou li gouvènè pèp la. Li te kontwole pa Lespwi Bondye a, ki te pèmèt li antre nan batay avèk wa lòt peyi a epi touye l. Bondye te delivre pèp li epi yo t'ap viv nan lapè pandan karantan.

Après Otonyèl fin mouri, pèp Izrayèl retounen nan peche yo, epi Bondye vin fache avèk yo ankò. Fwa sa, Bondye mete yo nan men Eglon, wa Moab la. Li te obèz, li te gwo anpil. Eglon sa te nan lig avèk plizyè lòt wa, epi se avèk yo li te rive venk Izrayèl. Li t'ap reye sou yo pandan dizwitan.

Yon fwa ankò, pèp Izrayèl mande Bondye pou l gen pitye pou yo epi ede yo. Se konsa, Bondye te voye Eyoud, yon moun ki goche.

Pèp la te genyen pou yo pòte yon sòm lajan bay wa Eglon an. Eyoud pran desizyon pòte l bay li. Li fè yo fè yon ponya espesyal pou li. Ponya a te gen yon pye edmi longè, li te file de bò. Li mare l' sou kwis pye dwat li, anba rad li. Li te mache avèk plizyè moun pou li kapab prezante lajan an bay wa a.

Après yo fin lage lajan an nan men wa a, yo sòti palè wa a. Pandan yo nan wout pou yo retounen, Eyoud voye moun ki te avèk li yo pran devan, men li routnen kote wa a. Depi l rive kote Eglon, li di, "Mwen genyen yon komisyon sekre pou wa a."

Wa Eglon kontan, epi l voye solda k'ap veye palè a fè yon ti sòti nan sal la. Li mennen Eyoud sou etaj la nan yon ti galri ki fre anpil epi wa a chita sou yon fotèy.

Eyoud di li, "Mwen genyen yon mesaj ki sòti nan men Bondye." Lè wa a kanpe sou de pye l, Eyoud rale nepe a ki te kache sou kwis pye dwat anba rad li. Li sèvi wa a yon kou nan vant li. Li foure ponya a tout longè l' nèt jouk manch li pèdi nan vant li, epi po grès la fèmen sou ponya a paske Eyoud pa t' rale l' soti. Pwent ponya a menm te parèt pa dèyè.

Lèfini, Eyoud soti nan chanm lan, li fèmen pòt yo dèyè l', li klete yo, epi l' ale fè wout li. Lè domestik wa yo vini, yo wè pòt chanm wa a te fèmen akle. Yo di konsa: -Gen lè wa a okipe anndan an. L'ap fè bezwen li.

Yo tann yon bon ti moman, yo ba li tan pou l' fini. Men, yo wè li pa janm louvri pòt la. Lè sa a, yo pran kle a epi yo louvri. Yo wè wa a kouche tou long atè, li te mouri!

Pandan mesye yo t'ap tann tout tan sa a, Eyoud menm gen tan chape kò l'. Li janbe Rivyè Jouden an epi li kònen pou rele moun pèp Izrayèl yo. Moun pèp Izrayèl yo desann soti nan mòn lan, epi Eyoud pran mache alatèt yo.

Li di yo konsa: -Swiv mwen! Seyè a lage moun Moab yo, lènmi nou yo, nan men nou jòdi a! Yo tout desann swiv li. Yo bare pas dlo kote moun Moab yo konn janbe larivyè Jouden an. Yo pa kite yon moun pase.

Lè sa a, yo te touye dimil sòlda konsa, sòlda ki te gwonèg epi ki te konn goumen. Yonn pa chape. Jou sa a, moun pèp Izrayèl yo bat moun Moab yo byen bat. Après sa, pandan katrentan te gen lapè nan peyi a.

61 - Debora avèk Barak

Jij 4-5

Après Eyoud te mouri, Izrayèl te peche kont Bondye ankò. Poutèt sa, li te lage yo nan men yon wa kananeyen. Wa sa a te domine yo pandan vent an. Li te di e kriyèl. Lame l' la te gen 900 cha an fè e kòmandan lame a te rele Sizera.

Moun ki te jij nan peyi Izrayèl nan tan sa a, se te yon pwofetès ki te rele Debora. Lè pèp la te gen pwoblèm ant yo, yo te konn ale nan yon kote ki te rele: "Palmye Debora a." li te chita la, li te tande plent yo e aprè sa li te fè yo antann yo.

Yon lè li te rele yon nonm ki te rele Barak, li te di'l: "Letènèl te voye yon mesaj pou ou. Li di pran 10000 òm epi ale nan mòn Tabò a. Mwen va fè sizera vini kote w avèk cha l' yo avèk lame l' la. Li va vini pou l' goumen avè w men mwen ba ou li."

Barak te di Debora: "mwen prale epi m'ap fè sa Bondye di a, men se si w ale avè m. si w p'ap ale, mwen p'ap ale tou."

Debora te di l': "mwen prale avè w, si mwen ale avè w, ou p'ap gen lonè pou w tiye Sizera. Letènèl va ba yon fanm lonè sa a." Barak te dakò, konsa Debora te ale avè l'.

Barak te rasanble 10000 òm epi l' te ale anwo mòn Tabò a. Kon Sizera te tande sa, sa l'te fè, li te pran 900 cha li yo, avèk lame l' la, epi l' te pran direksyon mòn Tabò. Debora te di Barak: "jou a rive! Pran lame w la epi atake Sizera."

Konsa, Barak te fè lame l' la desann mòn nan epi atake lame kananeyèn nan. Letènèl te avèk li, li te mete dezòd nan lame Sizera a. Yo te vire epi yo te kouri. Lè Sizera te wè yo te kouri, li te desann cha li a, li te chèche sove tèt li, li te kouri a pye. Barak te kouri dèyè lame a jiskaske yo te touye tout sòlda yo.

Sizera te kouri jouk li te rive lakay Jayèl. Mari l' te fè alyans avèk wa kananeyen an. Li te wè Sizera ap vini. Konsa, li te sòti epi li te di l': "vini isit la, w'ap an sekirite."

Sizera te vini epi li te kache l'anba yon dra. Li te di: "silvouplè fè m' kado enpe dlo pou m' bwè. Li te di l' kanpe devan pòt kay la. Si nenpòt moun mande si gen yon nonm la a, di l' non !"

Après sa li te kouvri l'ankò. Kòm li te fatige, li te dòmi byen di.

Jayèl te vini epi li te pran yon pikèt bwa avèk yon mato. Li te mete ajenou tou dousman a kote Sizera, epi li te mete pikèt bwa a bò letanp li. Après sa, li te bay pikèt la plizyè gwo kout mato ki te fè l'antre nan letanp Sizera, travèse tèt li epi antre nan tè. Li te mouri lamenm.

Rapidman Barak te vin lakay Jayèl, pou l' te chèche Sizera. Li te sòti deyò epi li te di: "vini, m'ap montre w moun w'ap chèche a." Barak te antre lakay li, li te wè Sizera ki te kouche la tou mouri atè a avèk yon pikèt bwa nan letanp li.

Izrayèl te kontinye goumen avèk wa kananeyen an jouk yo te genyen batay la. Après sa yo te viv anpè pandan karant an.

62 - Mirak Jedeyon an

Jij 6

Pandan sèt lane, madyanit yo t'ap antre nan peyi Izrayèl tankou yon bann gwo krikèt. Yo t'ap mache nan tout peyi a, yo t'ap pran tout sa yo te jwenn. -Tout rekòt yo avèk tout bèt yo. Yo pa t' kite anyen pou izrayelit yo, pou yo te manje. Pèp la te pèdi espwa pou yo te sove kèk bagay, yo te oblije chèche nan mòn yo, kote pou yo te fè kav pou yo te sere yo.

Yon nonm yo te rele Jedeyon te oblije sere, pou madyanit yo pa t' jwenn li tou. Li t'ap bat ble yo nan yon preswa olye l' te bat yo nan yon glasi. Anj Bondye a te vini, li te chita anba yon pye bwa, tou prè a. Li te di l': "Letènèl avèk ou, vayan sòlda."

Jedeyon te reponn, li te di: "O Senyè mwen! Si Bondye avèk nou, poukisa l' kite tout move bagay sa yo rive nou konsa? Kote tout gwo mirak paran nou yo te konn ap pale nou de yo a? Bondye pa goumen pou nou ankò."

Anj lan te di l': "m'ap voye w delivre Izrayèl anba madyanit yo."

Jedeyon te sezi. Li te di: "kòman m' kapab delivre Izrayèl? Mwen pa anyen."

Letènèl te di l': "wi, men mwen va avèk ou e mwen va ba ou laviktwa."

Jedeyon te di l': "Senyè, mwen bezwen yon sin ki pou fè m' wè ke w'ap pale avè m' tout bon. Silvouplè rete la pandan m'ap prepare yon sakrifis.

Letènèl te di l': "m'ap rete la jouk ou retounen." Jedeyon te prepare yon sakrifis pou li. Lè sakrifis la te prepare, li te mete l' sou yon wòch. Anj Bondye a te ale epi l' te touche sakrifis la avèk pwent baton l' lan. Dife te sòti nan wòch la epi brile l'. Aprè sa, Letènèl te disparèt devan l'.

Jedeyon te kriye: "Senyè Bondye! M'ap mouri! Paske mwen te wè anj Bondye a fas a fas!"

Letènèl te di l': "ou pa bezwen pè. Ou p'ap mouri. Fè sa m' di w fè a. Papa w gen yon lotèl pou Baral. Kraze l', bati yon lotèl pou Bondye. Aprè sa, ofri yon olokos pou Bondye."

Jedeyon te obeyi, men l' te fè sa pandan lannwit. Li te pè paran l' yo avèk moun ki t'ap viv nan vil la.

Nan maten, moun yo te wè lotèl Baral la te kraze. Yo te wè lotèl pou Letènèl la bati nan plas li, epi sann olokos la sou li. Rapidman, yo te aprann se te Jedeyon ki te fè sa. Moun lavil la te ale lakay papa l' epi yo te di: "remèt nou pitit gason w' lan! N'ap tiye l' paske l' te kraze lotèl Baral la."

Papa Jedeyon te di yo: "montre m' moun nan k'ap defann Baral la, l'ap mouri avan l' jou. Si Baral se yon dye vrèman, kite l' defann tèt li limenm.

Yon lòt fwa ankò, madyanit yo te vini nan peyi Izrayèl. Yo te kanpe nan plenn nan. Lespri Bondye te ranpli Jedeyon, epi li te voye mesaj bay pèp la pou yo te vini, tou pare pou yo goumen.

Après sa, Jedeyon te priye konsa: "Senyè ban m' yon sin." Aprè sa, li te mete yon lenn nan yon glasi, epi li te di: "Senyè, m'ap konnen w'ap delivre nou, si demen maten mwen jwenn dlo nan lenn nan sèlman epi rès tè a sèch."

Li te leve bonè nan maten, li te jwenn lenn nan plen dlo, tandiske rès tè a te rete sèch.

Jedeyon te di: "Senyè, pinga fache avè m' non. Pèmèt mwen fè yon lòt tè ankò. Fwa sa a m'ap mande w pou w fè lenn nan rete sèch epi pou tout tè a mouye." Nan maten li te jwenn lenn nan sèch epi tout tè a te mouye.

63 - Twa San Sòlda yo

Jij 7-8

Jedeyon te rasanble yon lame ki te gen 32000 sòlda ladann. Li te pran yo epi yo te kanpe nan sid kan madyanit yo. Letènèl te di Jedeyon: "ou gen twòp moun avè w. Si m' fè w bat madyanit yo kounyea, Izrayelit yo pra l' di: "nou genyen batay sa avèk pwòp fòs nou! Di yo, moun ki pè mè tounen lakay yo!"

Lè Jedeyon te di pèp la sa, 22,000 òm te retounen lakay yo, te gen 10,000 ki te rete.

Letènèl te di Jedeyon: "jiska prezan gen twòp moun. Fè yo desann nan rivyè a. Gade byen. Swiv sila yo k'ap sèvi avèk men yo, pou yo mete dlo a nan bouch yo. Separe yo avèk sila yo ki mete ajenou, k'ap bwè menm jan avèk chyen.

Te genyen 300 moun sèlman kite bwè, ki te sèvi avèk men yo pou yo fè sa. Letènèl te di l': "mwen va fè'w genyen batay la sou madyanit yo avèk 300 mesye sa yo. Voye lòt yo ale lakay yo." Jedeyon te voye yo ale lakay yo.

Moun yo ki te rete yo te kanpe anwo, bò kote madyanit yo te ye nan plenn nan. Moun Madyan yo te tankou yon bann gwo krikèt. Yo te gen chamo tankou sab bò lamè.

Nan lannwit lan, Bondye te di Jedeyon: "desann bò kan madyanit yo. Si w pè, pran sèvitè w la avè w, koute sa sòlda yo ap di ant yomenm." Aprè sa, Jedeyon te pran sèvitè l' la, limenm avè l'te ale bò kan madyanit yo.

Li te tande yon moun ki t'ap rakonte yon zanmi yon rèv li te fè. Nonm nan te di: "mwen te wè yon gato pen dòj ki te woule vin nan kan nou an. Li te frape nan yon tant, epi l' te kraze nèt."

Zanmi l' lan te reponn: "mwen konnen sa sa vle di. Li te di l': gato pen sa a, se nepe Jedeyon an, izrayelit la. Bondye livre tout kan madyanit yo nan men l'."

Jedeyon te retounen nan kan Izrayèl la, epi li te di: "reveye, paske Letènèl livre madyanit yo ban nou." Li te divize 300 sòlda yo an twa gwoup de 100. Li te bay chak sòlda yon twonpèt avèk yon krich vid, avèk yon balèn andedan l'.

Li te di yo: "gade m'epi fè sa nou wè m' fè. Lè yo rive bò kote kan madyanit yo, gwoup nou an ap sonnen twonpèt nou yo. Se pou nou tout fè menm bagay la tou. Nou tout moun ap kriye: "pou Letènèl e pou Jedeyon!"

Après sa, li te plase yo nan twa bò kan an. Lè yo tout te nan plas yo, gwoup ki te avèk Jedeyon an te sonnen twonpèt la epi yo te kraze krich yo. Lòt de gwoup yo te fè menm bagay.

Yo te kenbe balèn yo nan men goch yo, twonpèt yo nan men dwat yo, epi yo t'ap kriye: "Nepe Letènèl, nepe Jedeyon!"

Sa te boulvèse tout lame madyanit lan! Yo te panike, yo te kòmanse kouri. Yo t'ap kriye, pandan yo t'ap kouri. Sòlda Jedeyon yo te sonnen 300 twonpèt yo. Après sa, sòlda madyanit yo te rale nepe yo, yonn te kòmanse tiye lòt.

Jedeyon te voye mesaj pou tout lòt mesye yo nan peyi Izrayèl la. Yo te kouri ansanm dèyè madyanit yo, pandan yo ta'p chèche kite peyi Izrayèl. Bondye te ba yo yon gwo viktwa jou sa a, sou pèp Madyan an. Yo pa t' janm yon menas ankò pou peyi Izrayèl.

Après batay la, pèp la te vle fè Jedeyon vin sèvi kòm wa yo, men Jedeyon te refize. Li te retounen al viv lakay li senpman. Après sa Izrayèl te rete anpè pandan karant an.

64 - Wa Pye Bwa yo



Jij 9

Jedeyon avèk bann fanm li te genyen yo te fè swasantdouz pitit gason. Li te gen yon gason avèk yon fanm nan vil Sichèm tou. Li te rele Abimelèk.

Après lamò Jedeyon, Abimelèk te ale kote tonton l' yo nan Sichèm. Li te di yo: "pale avèk chèf yo nan vil la epi di yo: Èske nou vle swasantdouz pitit Jedeyon yo dirije nou? Olye nou fè sa avèk yo, chwazi m' pito. Mwen se yon pitit Jedeyon, men sonje ke mwen se paran nou tou."

Moun Sichèm yo te dakò pou yo mete l' wa sou peyi Izrayèl. Yo te ba li swasantdis pyès lajan ki te sòti nan tanp Baral la.

Avèk sa li te kreye yon kò gang, avèk yon seri moun mizerab epi bandi, ke l' te sèvi avèk yo kòm lame prive l'. Pwemye bagay yo te fè, yo te tiye swasantdis pitit gason Jedeyon yo. Men yo te bliye yonn - pi jèn nan -yon nonm yo te rele Jotan.

Moun peyi Sichèm yo te òganize yon fèt pou yo onore Abimelèk. Sibitman, yo te tande yon rèl a distans. Se te Jotan: "koutè m'. Pyebwa yo te deside pou yo te gen yon wa. Yo te al kote pye doliv epi yo te di l': « vin dirije nou kòm wa » Pye doliv la te di: « mwen pa gen tan pou foli konsa. Mwen pwodwi bon jan lwil, ki onore lèzòm avèk Bondye. »

Après sa, yo te ale kote yon pye fig. Yo te di l': « sèvi kòm wa pou nou. » Pye fig la te di: « mwen pa gen tan pou foli konsa. Mwen pwodwi fwi dou ki fè tout moun plezi! »

Finalman pye bwa yo te al kote yon ti pye bwa pikan, yo te di l': "sèvi kòm wa pou nou." Ti pye bwa pikan an te di yo: « ok, m'ap sèvi kòm wa pou nou. Depi kounyea nou anba lonbraj pwoteksyon mwen. Si nenpòt nan nou fè rebèl, dife ap sòti nan pikan m' yo epi brile nou fè nou tounen sann. »

Papa m'te riske lavi l' pou nou. Kòman nou rekonpanse l' pou sa? Nou tiye tou pitit gason l' yo. Kounyea, nou pran pitit yon esklav nou mete l' wa nou.

Si sa nou fè a jis, mwen swete l' fè nou byen. Men si sa pa jis, mwen mande pou dife sòti nan twòn Abimelèk la, epi brile nou."

Après sa, li te kouri pou l' te sove lavi l', paske l' te konnen ke demi frè l' la t'apral chèche tiye l'. Abimelèk te gouvène Izrayèl pandan twazan. Après sa, Bondye te mete yon move lespri ant limenm avèk moun Sichèm yo. Se te pou l' te bay jistis, poutèt sa yo te fè pitit Jedeyon yo.

Moun yo te kòmanse yon revòlt kont wa yo te mete a, nan yon kote yo te fè yon gwo fèt, yo t'ap bwè diven. Yo te kòmanse ap pale mal kont Abimelèk, yo t'ap di kòman yo pra'l mete l' atè.

Pifò moun nan vil la te fache poutèt pawòl sa yo. Yo te voye chèche Abimelèk. Pifò nan yo te dakò pou yo te ede lame l' la tann anbiskad pou moun Sichèm yo.

Pandan lannwit la, Abimelèk te al kache nèg li yo andeyò vil la, pou l' atake yo nan maten. Kon solèy leve, yonn nan moun sichèm yo te kanpe nan baryè a avèk kòmandan lavil la. Sibitman li te wè kèk mouvman ki t'ap fèt. Li te di: "gade! Kisa sa ye? Èske se moun k'ap vin atake nou?" Kòmandan lavil la te di: "non! Sa se lonbraj mòn nan sèlman.

Kèk moman pi ta, moun nan te wè plizyè gwoup nèg ap vini lavil la. Li te kouri retounen lavil la, li te kriye: "yo vin atake nou !"

Batay la te dire plizyè jou. Alafen yo te pran vil la. Pèp la te kouri kite vil la, yo te al kache nan yon fò. Abimelèk avèk sòlda'l yo te mete branch bwa alantou fò a epi yo te brile l'. Nan jou sa a, environ mil gason avèk fanm te mouri. Malediksyon Jotan an kont moun Sichèm yo te akonpli.

Abimelèk te detwi vil la nèt epi li te kraze tout bagay. Li te gaye sèl ladann pou anyen pa pouse la ankò. Lè yo te fin fè sa, limenm avèk moun li yo te ale pou yo al detwi lòt vil ki te revòlte yo tou. La ankò,

pèp la te kache nan yon fò. Abimelèk avèk moun li yo te ale la epi yo te pote bwa pou yo te brile l'. Pandan yo t'ap prepare pou yo fè sa, yon fanm te gade anba epi li te wè Abimelèk anba a. Konsa, li te lage yon moso mèl moulen sou tèt li.

Abimelèk te rele yonn nan sòlda l' yo: "fè vit tiye m' avèk nepe w la. Mwen pa vle pou yo di se yon fanm ki te tiye m'.

65 - Ve Jefte a



Jij 10:6 -12:40

Manman Jefte se te yon pwostitye, men papa l', se te yon pèsonaj enpòtan nan peyi Izrayèl. Jefte te elve lakay papa l. men lè demi frè l' la te vin gran, li te di l': mete w deyò. Ou pa pitit manman m'."

Se konsa, Jefte te kite zòn nan, li te vin yon gran gèye, epi li te òganize yon gwoup gangstè. Nan tan sa a, pèp Izayèl la te revòlte kont Bondye epi yo te kòmanse ap adore zidòl. Bondye te pèmèt amonit yo pran peyi a. Amonit yo te mechan anpil. Izrayèl te soufri anba mechanste yo pandan dizwit lane. Pèp la te kriye devan Bondye, yo te di l': "delivre nou!"

Letènèl te di: "non! Mwen p ap delivre nou. Mwen te delivre nou, sou delivre nou. Nou refize chanje. Mwen pa vle delivre nou ankò. Ale kote idòl nou yo, pou yo delivre nou."

Lè sa a yo te detwi idòl yo. Yo te kòmanse adore Bondye. Yo te di: "ou mèt fè sa w vle avèk nou. Nou rekonèt nou te peche. Men souple, retire nou nan sitiasyon sa a."

Poutèt sa, Bondye te gen pitye pou yo ankò.

Amonit yo t'ap mache pou yo vin fè lagè kont Izrayèl. Izrayelit yo te sòti pou yo al konbat yo. Men yo pa t' genyen yon lidè. Yo te voye rele Jefte, yo te di l': "vini epi dirije lame nou an nan batay kont amonit yo. Li te voye yon mesaj tounen ba yo. Se nou menm menm nan ki te mete'm deyò. Kounyea, n'ap mande m' pou m' vin ede nou."

Yo te reponn: "se vre! Nou te fè sa, men si ou vin ede noue pi nou genyen batay la, ou va tounen lidè nou. Koute, Letènèl se temwen nou, nou va fè jan nou te di sa a.

Après sa, Lespri Bondye a te vini sou Jefte epi li te mennen pèp la nan batay. Li te fè yon ve devan Bondye epi l' te di: "O Dye, si w fè m' genyen batay la kont amonit yo, lè m' tounen lakay mwen, mwen va ba ou premye bagay ki va sòti lakay mwen an. Mwen va ofri l' kòm yon olokost ba ou. Bondye te fè Jefte genyen batay la. Li te detwi lame amonit yo, epi li te detwi ven vil ki te pou yo. Jefte te gen yon sèl pitit, yonn fiy. Lè l' te retounen lakay li, li t'ap vin jwenn avè l'an dansan. Li te tèlman kontan pou bèl viktwa sa a. Lè Jefte te wè l', li te dechire rad li. Sa te fwape l'anpil. Li te kriye.

« O ma fiy! Sa m' te fè la a! Mwen te fè yon ve bay Bondye e mwen pa kapab chanje l'. Li te di: "papa, ou mèt kenbe pawòl ou avèk Bondye. Li te akonpli pati pal nan viktwa a, li te ba ou yon gwo viktwa. Kounyea, oumenm, se pou w akonpli pa w la. Yon sèl bagay mwen mande, kòm mwen poko janm marye, pèmèt mwen al nan mòn yo avèk zanmi m' yo pou de mwa. Ansanm, nou va plere poutèt mwen pa janm marye.

Papa l' te pèmèt li fè sa. Zanmi l' yo avèk limenm te ale nan mòn yo, yo te plere pandan de mwa poutèt li pa t' janm gen relasyon avèk yon nonm epi l' pa t' janm konnen plezi pou l' te bay yon timoun tete.

Après sa l' te retounen lakay li e Jefte te akonpli ve l' la. Après sa, sa te tounen yon koutim nan peyi Izrayèl. Chak ane, jèn fi yo sòti pi kat jou pandan y'ap sonje pitit fi Jefte.

66 - Samson Fèt

Jij 13

Te gen yon nonm nan tribi Dan an, madanm li pa t' kapab fè pitit. Se te lè filisten yo te pran kontwòl peyi Izrayèl la. Anj Letènèl la te parèt devan madanm sa a, li te di li: "avan lontan ou pral ansent. Pitit ou pra l' fè a, pra l' fè ve Nazireyen depi l' fèt. Se pou sa, fè atansyon. Pinga bwè alkòl ni manje anyen ki pa dakò avèk Lalwa Moyiz la. Epitou, pinga janm koupe cheve l'. Li va delivre Izrayèl anba filisten yo."

Madanm nan pa t' konnen si se avèk anj Letènèl la li t'ap pale. Li te kouri al kote mari l' e'l te di: "yon sèvitè Bondye te vini la epi'l te di mwenmenm avèk ou nou pra'l gen yon tigason. Li te di m' pinga m bwè alkòl ni manje anyen kip a dakò avèk Lalwa Moyiz la. Mwen pa dwe koupe cheve l'. Paske pitit gason nou an pral fè ve nazireyen, depi l' fèt.

Mari l' te priye Bondye. Li te mande l' si l' ta vle voye sèvitè l' la kote yo ankò? Li te vle konnen egzateman, sa pou yo te fè, lè pitit la fèt.

Pita, madanm nan te chita nan jaden an, sibitman anj Bondye a te parèt devan l' ankò. Li te kouri al jwenn mari l' rapidman, epi li te di li: "men sèvitè Bondye a deyò a nan jaden an."

Mari a te kouri al jwenn avè l'! Li te di: "Èske se oumenm ki te pale avèk madanm mwen an? Li te reponn: "wi, se te mwen menm."

Lè sa a, anj lan te ba li menm enstriksyon yo li te bay madanm nan. Mesye a te di: "rete la silvoulè, pou nou prepare manje pou ou."

Anj lan te di: "m'ap rete, men mwen p'ap manje avèk nou. Pito nou fè yon olokos (yon sakrifis brile nèt pou Letènèl.)"

Mesye a avèk madanm li pa t' janm konnen si se te avèk anj Bondye a yo t'ap pale. Mesye a te di: "kòman w rele? Nou vle onore w, lè tout bagay sa fin fèt vre.

Anj lan te di: "mwen p'ap di nou non m'. Li twò mèvèye pou nou.

Après sa mesye a fè yon olokos epi li te ofri l'anwo yon wòch. Lafimen an te monte nan syèl sibitman, etan mesye a avèk madanm li t'ap gade, anj Letènèl la te monte nan lafimen an. Lamenn mesye dam yo te tonbe atè.

Mesye a te di: "n'ap mouri! Nou te wè Bondye."

Madanm nan te reponn: "mwen pa kwè n'ap mouri. Li te aksèpte sakrifis nou an. E anplis de sa, li di nou pral gen yon pitit."

Madanm lan te swiv enstriksyon anj lan te ba li yo. Nan lè anj lan te bay la, li te fè yon pitit gason. Yo te rele l' Samson.

67 - Fò e Dou

Jij 14

Lè Samson te yon jèn gason, li te wè yon jèn fanm filisten. Li te di paran l' yo: "prepare yon maryaj ant mwen menm avèk jèn fiy sa a.

Paran l' yo te fache. Yo te di l': "se payen filisten yo ye. Ou fèt pou'w chèche yon jèn fi nan mitan pèp Izrayèl la."

Samson te di: "Non! Se li m' vle. Al regle sa pou mwen tanpri souple. Paran l' yo pa t' konnen sa te sòti nan Letènèl, ki te vle sa rive pou l' te kapab jwenn okazyon pou l'te atake filisten yo.

Samson avèk papa l' te al fè dènnye aranjman yo. Pandan yo t'ap ale, Samson te rete yon kote poukont li, nan wout la. Sibitman, yon jèn lyon te atake l'. Lespri Bondye te ranpli Samson, li te sezi lyon an epi l' te chire l', tankou si se te yon ti bèt. Aprè sa, li t'al jwenn paran l' yo, men l' pa t' di yo sa k' te pase l'avèk lyon an. Yo te kontinye wout yo, e ansanm yo te fin prepare maryaj la.

Lè gran jou a te rive, Samson avèk paran l' yo te retounen la, pa menm chemen an. Lè yo te rive nan andwa kote l' te tiye lyon an, Samson te fè yon ti rete poukont li ankò, san paran l' yo. Li jwenn lyon mouri a, li te sezi pou l' te wè yon gato myèl, ki te fèt nan li. Li te pran enpe siro myèl epi li te manje'l. Aprè sa li te pote enpe pou paran l' yo, men li pa t' di yo ki kote li jwenn li.

Trant jèn filisten te vin patisipe nan repetisyon nòs la, ki te dire sèt jou. Samson te di: "m'ap bay yon devinèt. Si nou kapab bay repons lan pandan sèt jou a, m'ap bannou trant chemiz avèk trant souvètman tou. Men si nou pa kapab bay repons lan, se noumenm k'ap ban m' trant chemiz avèk trant souvètman tou.

Yo te di: "nou dakò. Bannou devinèt t' la." Nan manjè a, yon bagay yo kapab manje sòti. Nan fò a yon bagay ki dou sòti."

Jèn gason yo te pase twa jou ap chèche repons devinèt la. Sou setyèm jou a, yo te ale bò kote madanm Samson an, yo te di l': "ou fè nou vini isit la pou w kapab piye nou. Nou p'ap kite sa fèt. Se madanm li ou ye. Chèche repons devinèt li a bannou, si se pa sa, n'ap brile tout sa papa w genyen."

Konsa, madanm nan al kote Samson, li mande l' repons devinèt la. Samson te di l': "mwen p'ap ba w repons lan. Menm avèk manman m'avèk papa m' mwen pa pale de sa."

Li te kòmanse kriye, li te di Samson: "ou pa renmen m'." Li te kontinye priye nan pye l', jis li pa t' kapab reziste ankò.

Nan dènnye jou festen an, li te ba l' repons devinèt la. Li te kouri al bay mesye yo repons lan lamenm. Nan lannwit lan, avan festen an te fini, mesye yo te di Samson: "kisa ki pi dou pase siwo myèl? Kisa ki pifò pase lyon?"

Li te konnen lamenm sa yo te fè. Li te di: "nou pa t'kapab laboure tè sa a, si nou pa t' sèvi avèk jèn vach mwen an, pou nou te fè sa."

Li te ale nan yon vil peyi filisten ki te toupre a, Bondye te ba l' fòs pou l' te tiye trant òm. Li te pran rad yo, li te pote yo bay envite yo, ki te patisipe nan festen an. Li te tèlman fache, li te retounen lakay papa l' san madanm nan.

68 - 300 Rena Avèk Yon Zo Machwè Bourik

Jij 15

Papa madanm Samson an bay moun ki te dirije resepsyon maryaj la li kòm madanm. Li te panse ke Samson pa t' bezwen l' kòm madanm ankò, paske l' pa t' ale lakay li avè l'.

Après sa, Samson te retounen al wè madanm li avèk yon kado. Bòpè l' te mande l': "kisa w vle?"

Samson te di l': "mwen vin vizite madanm mwen nan chanm li an." Bòpè l' te di: "Non, Ou p'ap kapab fè sa. Mwen te panse ou te rayi pitit fi mwen an, poutèt sa mwen te bay yon lòt moun li. Men ou pa bezwen fache. Mwen gen yon lòt jèn fiy. Ou kapab pran l'. Tout moun konnen li pi bèl pase sè l' la.

Samson te fache epi li te di: "mwen pral fwape filisten yo - anpil filisten - mwen pral pran plezi nan sa. Li te kenbe 300 rena, li te mete yo de pa de, epi li mare yon balèn nan lake yo. Après sa, li te limen balèn yo nan mitan lake yo, li te lage yo nan anpil jaden filisten yo.

Rena yo te kouri, yo te brile tout bagay yo te pase nan mitan yo. Sa pa t' detwi rekòt yo ki te nan jaden yo sèlman, men tout pakèt fwi yo ki te djà rekòlte, ki te mare yo tou. Yo te menm detwi jaden rezen avèk jaden doliv yo tou. Filisten yo te vin konnen se te Samson ki te fè sa. Yo te repwoche bòpè l' poutèt li te fè Samson fache, paske l' te bay yon lòt moun madanm li an. Yo te pran bòpè Samson avèk pitit fiy li a, yo te brile yo. sa te fè Samson fache pi red. Li te jwenn tout moun yo ki pran pa nan sa yonn pa yonn epi li kraze yo pyès pa pyès. Anpil moun te mouri. Kou l' te fin fè sa, li te kite Filisti, li te retounen, li te al kache nan yon gwòt nan peyi Izrayèl.

Filisten yo te anvayi Izrayèl avèk yon lame, zrayelit yo te mande filisten yo: "poukisa n'ap atake nou? Filisten yo te di: paske nou pwoteje Samson. Li dwe resevwa pinisyon pou sa l' fè a."

3000 izrayelit te ale nan gwòt la kote Samson te cache a. yo te di l': "n'ap mennen w bay filisten yo. Yo t'ap dirije an pè, men kounyea ou te pwovoke yo. Mwen prale avèk nou si nou fè sèman nou p'ap tiye mm."

Yo te di l': "nou p'ap tiye w, n, ap mare w." yo te mare l' avèk de kòd nèf epi yo te mennen l' ale. Lè filisten yo te wè yo te jwenn li, yo te kontan, yo t'ap rele.

Rapidman Lespri Bondye a te ranpli l', epi li te kase kòd ki te mare men l' yo. Li te pran yon zo machwa bourik epi l'te kouri nan mitan foul filisten yo, li te tiye 1000 nan yo.

Après l' te fin genyen batay la, li te voye machwa bourik la jete. Li te leve zye l' anlè epi l' te kriye, Senyè se oumenm ki te ban m' laviktwa. Mwen te tiye mil òm. Kounyea èske w'ap kite m mouri avèk swaf?" Lamennm yon wòch te fann epi dlo te kòmanse koule sòti ladann. Samson te bwè jouk li te satisfè.

Li te yon jij nan Izrayèl pandan 20 lane, menm si filisten yo te kontinye ap gouvène peyi a.

Yon lè li te ale nan yon vil filisten pou l' te dòmi avèk yon pwostitye. Kon yo te konnen li te nan vil yo, yo te fèmen pòtay yo pou yo te arete l' lè solèy leve.

Bò minwit, li te reveye pou l' al lakay li, lè l' te rive nan pòtay la, li te rale l' sòti nan tè a epi li te metel' deyò. Li te al mete l' nan tè yon mòn nan peyi Izrayèl, epi li te kite l' la tou fèmen.

69 - Samson Avèk Delila

Jij 16

Yon lè, Samson te tonbe damou pou yon fanm yo te rele Delila. Lè filisten yo te konnen sa, yon gwoup nan lidè yo te chèche wè l'. yo te di l': "nou chak n'ap ba w 1,100 pyès lajan si w kapab fè nou konnen sekrè fòs li a. Depi nou konnen sa, n'ap kapab tiye l'."

Se konsa li te mande Samson: "kòman yon moun kapab fè mare w, nan yon fason ki ka fè w pa gen fòs?"

"O, li te di: "mwen va menm jan avèk nenpòt lòt moun, si yon moun mare m' avèk sèt kòd nèf."

Filisten te bay Delila sèt kòd nèf, epi yo te kache kèk sòlda nan chanm li an. Li te mare Samson avèk kòd yo, epi aprè sa, li te kriye: "Samson, men filisten yo sou ou. Li te sote epi li te kase kòd yo kòm si se te yon branch pay yon dife te touche.

Delila te di l': "ou te banm manti! Poukisa ou pase m nan betiz konsa? Silvouplè di m' kòman yo kapab mare w'."

Li di: "kle a se kòd nèf, men sèlman fòk yo pa janm sèvi déjà pou fè okenn lòt bagay. Si yo mare m'avèk kòd nèf, m'ap menm jan avèk nenpòt lòt moun."

Konsa li te pran kèk kòd nèf epi li te mare l'. Aprè sa, li te rele: "Samson, vit! Filisten yo isit la!" li te sote epi l' te kase kòd yo tankou se te senp fil yo te ye.

Li te di Samson: "Jiska prezan w ap pase m' nan jwèt, se manti w ap ban m'. Kounyea, di m' avèk kisa pou yo mare w. "

Li te di l': "se cheve m'. Sèl sa w bezwen fè, se trese sèt trè cheve yo mwen gen nan tèt mwen avèk yon machin a tise, m'ap fèb menm jan avèk nenpòt lòt moun.

Konsa, li te tann jouk li te dòmi epi li te fè sèt trè cheve yo nan machin a tise a. Aprè sa, li te rele l' konsa: "Samson, men filisten yo sou ou !"

Li te reveye, li te chire kote twal la te kole cheve l'la avèk tout twal la.

Delila te di: "kòman w ka fè di w renmen m' lè w pa fè m' konfyans? Sa déjà fè twa fwa ou pase m' nan jwèt, ou ban m' manti. Poukisa ou pa kapab fè'm konfyans avèk sekrè fòs ou a?"

Li t'ap nwi l' chak jou, li t'ap sipliye l', li t'ap toumante l' chak jou, jouk li te fè l' tonbe atè. Alafen li te di l' vérité a. Li te di l': "mwen se yon Nazireyen, jan izrayelit yo rele sa. Mwen se yon Nazireyen depi mwen fèt chevem pa t' janm koupe. Se sa ki sekrè fòs mwen an. Si yon moun kale tèt mwen, mwen va tankou nenpòt lòt moun. "

Delile te reyalize ke li te di l' la vérité finalman. Li te voye chèche chèf filisten yo, li te voye di yo: "vini, finalman, mwen te jwenn vérité a nan men l'. Pa bliye pote lajan pou mwen. " Yo te vini avèk lajan an pou li.

Jou swa sa a, li te dòmi avèk tèt li sou kwis Delila. Yon nonm te sòti deyò nan kote l' te kache a, epi li te pase razwa nan sèt trè cheve l' yo. Lè l' te fè sa, Samson te pèdi fòs li a. Aprè sa Delila te rele l': "Samson filisten yo sou ou !

Li te sote, li te leve pou l' defann tèt li, men li pa t' konnen ke Letènèl te kitel'. Filisten yo te mete men sou li e li pa t' kapab fè anyen. Yo te ranvèse l' atè epi yo te pete tou lè de zye l' yo. Aprè sa yo te mete l' nan prizon, kote se limenm yo te mete ap moulen pou yo.

Pandan l' te nan prizon an, cheve Samson te kòmanse ap pouse ankò. Yon lè, filisten yo te rasanble pou yo te lapriye nan tanp idòl yo a. Yo t'ap manje epi yo t'ap bwè jouk yo te sou. Yonn te rele, li te di: "al chèche Samson. Sa va fè nou ri, byen ri. La" te plen nèt avèk anpil moun, pandan yon ti gason t'ap mennen l' nan tanp lan. Li te di ti gason an: "mete m' nan de gwo poto yo ki kenbe tanp plan. "

Samson te priye Bondye konsa: "O Senyè Bondye, ban m' fòs yon lòt fwa ankò. Pèmèt mwen remèt filisten yo sa yo te fè m' nan, lè yo te pete zyem nan. M'ap mouri avèk yo."

Li te kenbe de gwo poto yo ki te kenbe tanp lan epi li te pose yo avèk tout fòs li, epi tanp lan te tonbe sou filisten yo, tout chèf yo te pami moun ki te mouri yo. Te gen plis moun ki te mouri lè Samson te mouri, ke sa l' te tiye pandan tout lavi l'. Li te yon jij nan peyi Izrayèl pandan 20 lane.

70 - Pitit Pitit Gason Moyiz la

Jij 17-18

Pandan tan jij yo, yon nonm ki te rele Mika te vòlè 1100 pyès lajan, ki te pou manman l'. Aprè sa, li te vin konnen ke manman l' te di nenpòt moun ki ta pran l' fèt pou l' modi. Sa te fè li pote l' tounen. Li te di l': "O pitit gason mwen, mwen pa t' konnen se te oumenm ki te pran l'. De tout fason, mwen t'apral ba ou li. Men li te refize pran l'. Se pou sa li te pran yon pati ladan l' epi li te fè yon idòl pou li pou l'te mete l' nan chanm li. Avèk rès la, Mika te fè yon rad eespesyal pou l'adore, avèk pwovizyon pou yon prèt.

Yon jèn gason yo te rele Jonatan ki te yon levit ki te sòti Bètleyèm, t'ap chèche yon kote pou l' rete. Li te rive kay Mika el te pase nwit lan la. Mika avè l' te tou vin zanmi. Finalman Mika te di l': "rete isit la, mwen va mete w prèt pou idòl mwen an. Mwen va ba ou tout sa ou bezwen- rad, manje, yon kote pou ou rete- e mwen va ba ou menm yon salè. Jonatan te dakò, epi rapidman li te vin tankou yon manm nan fanmiy lan.

Nan menm tan sa a, tribi Dan an t'ap chèche yon kote pou moun li yo te kapab abite. Pandan anpil lane ki te pase depi nan tan Jozye, yo pa t' janm jwenn yon kote ki te pou yo pèsònèlman. Yo te deside voye senk sòlda kòm espyon.

Espyon yo te kanpe bò lakay Mika a, e Jonatan te sòti pou l'vizite zòn nan avèk yo. Yo te di l': "ou pale menm jan avèk moun Bètleyè !. Sa w'ap fè isit la?"

Li te pale yo de travay li t'ap fè a, epi jan Mika te trete l byen. Lè yo te vin konnen li se yon levit e yon prèt, yo te di l: "silvouplè, mande Bondye pou nou si n'ap reyisi nan sa n'ap chèche a."

Li te di yo: "nou pa bezwen enkyete pou anyen. Bondye avèk nou."

Mesye yo te separe avè l' epi yo te kontinye chèche enfòmasyon yo te bezwen yo. Finalman, yo te jwenn yon bèl kote, pèp la t'ap viv trankil la e yo pa't gen pwoteksyon. Espyon yo te retounen nan tribi yo a epi yo te di: "nou jwenn yon plas kote pou nou rete! Se yon bon peyi epi n'ap kapab pran l' fasilman."

Se konsa moun Dan yo te voye 600 sòlda pou yo pran vil la. Lè yo te rive lakay Mika, senk espyon yo te di lòt sòlda yo: "mèt kay sa a gen yon idòl, rad pou fè sèvis adorasyon e menm yon prèt. Nou va kapab sèvi avèk bagay sa yo nan nou vil nou an."

Se konsa 600 sòlda yo te ale lakay Mika. Jonatan te sòti pou l' te salye yo. Pandan l' te kanpe la, senk espyon yo te antre nan kay la, yo te pran idòl la avèk tout sa ki te mache avè l'.

Jonatan te mande yo: "kisa n'ap fè la?"

Yo te di l': "pe la! tande byen! Chwazi yonn nan sa n'ap di w la a: ou kapab rete isit la epi sèvi kòm prèt pou yon nonm, oubyen ou kapab ale avèk nou epi sèvi kòm prèt pou tout yon tribi. Ou kapab di nou sa Bondye vle pou nou fè."

Jonatan te panse ke sa se te yon bon jan opòtinite, se pou sa li te dakò pou l' te ale avèk yo. Li te menm ede yo pran tout bagay ki te sèvi pou adorasyon an lakay Mika a.

Lè Mika te vin konnen sa k' te pase a, li te prepare kèk sòlda epi l' te kouri dèyè moun Dan yo. Kon l' te wè yo, li te rele yo. Lamenm yo te kanpe, yo te tounen, epi yo te fè fas kare avèk moun ki t'ap rapouswiv yo a. yo te rele dèyè yo: "poukisa n'ap swiv nou an?"

Mika te di yo: "kòman nou ka fè di sa a? Nou te pran idòl mwen an avèk prèt mwen an. Nou pa kite anyen pou mwen.

Sòlda Dan yo te reponn li, yo te di: "sispann rele dèyè nou, si se pa sa nou pra l' pran kèk lòt bagay ou genyen. Nou va tiye w avèk tout fanmiy ou."

Mika te wè l' pa t' kapab fè anyen, se konsa li te retounen al lakay li.

Sòlda Dan yo te kontinye avèk lagè yo t'ap fè a. yo te atake vil kote moun ki t'ap viv trankil yo te rete a, yo te tiye tout moun ki te ladann. Yo te brile l' epi yo te rebati l'. Yo te rele l' "Dan" e li te tounen kote yo te rete nèt.

Jonatan avèk desandan l' yo te prèt pou moun Dan yo pandan dè santèn dane. Yo te ede yo adore idòl sa a jouk Asiryen yo te pran yo epi mennen yo an kaptivite. Jonatan se te yon pitit pitit Moyiz.

71 - Lagè Kont Tribi Benjamen an



Jij 19

Yon lè, nan tan jij yo, yon lagè sivil te eklate nan mitan tout pèp Izrayèl la. Tout tribi yo te mete ansanm pou yo goumen kont tribi Benjamen an. Yo te prèske detwi l' nè. Sa te kòmanse avèk yon fanm ki te kite mari l'.

Yon levit te pran yon fanm kom konkibin li. Yon jou li te kitel epi retounen lakay paran l'. Aprè kat mwa, levit la te deside ale kote l' avèk anpil afeksyon avèk espwa ke li ta retounen lakay li. Lè l' te rive la, papa fanm nan te resevwa l' byen lakay li. De mesye yo te vin zanmi, konsa levit la te rete la pandan twa jou.

Li te reveye byen bonè sou katriyèm jou a pou l' retounen lakay li.

Papa fanm nan te di l': "pran yon bon dejene avan w ale. Sa va ede w pase yon bon jounen pandan w'ap vwayaje a."

Konsa, yo te manje ansanm e pran plezi nan amitye yo a. Tan an te pase e finalman li te vin ta nan aprè midi. Papa fanm nan te di: "li twò ta pou w ale kounyea. Tann demen maten, lè w kapab derape bonè."

Levit la te pase nwit la ankò, e nan maten papa fanm nan te di l'ankò: "pran yon bon dejene avan w ale. Sa va fè w pase yon bon jounen pandan wa'p vwayaje a." Yon lòt fwa ankò yo t'ap manje e pale jouk li te ta nan aprè midi ankò. Papa fanm nan te di ankò: "li twò ta pou w ale kounyea. Tann demen maten nan lè w kapab ale bonè."

Fwa sa a, levit la te deside ale. Li te sòti avèk konkibin li an, men yo pat gentan ale lwen, lè yo te vin konprann ke yo bezwen pase nwit la yon kote.

Yo te ale nan yon vil ki te fè pati tribi Benjamen an. Yo te kanpe bò la a avèk espwa ke yon moun ta envite yo lakay li. Pou kòmanse, yo pa t' jwenn okenn moun ki te fè sa pou yo. Men alafen, yon granmoun te wè yo, epi li te envite yo lakay li. Yo te rejwi yo len avèk lòt jou swa sa a, jouk lè sanzatan yon gwoup bandi te antre kay vye granmoun nan. Yo te fwape pòt kay la, yo te di: "fè nèg sa a ki chhita avèk ou a sòti deyò. Nou vle genyen relasyon seksyèl avè l'."

Vye granmoun nan te reponn: "nonm sa a se yon envite ki lakay mwen. Mwen pa kapab kite nou abize l'. M'ap voye jenn fiy vyèj mwen an avèk konkibin mesye a bannou, nou mèt fè sa nou vle avèk yo, men nou p'ap kapab jwenn mesye a."

Nèg yo ki te deyò a p'at vle koute. Yo te vin pi vyolan. Yo te ensiste pou yo te gen relasyon seksyèl avèk nonm nan. Finalman, levit la te pran konkibin li an li te pouse l' deyò.

Bandi yo te pase nwit lan nan relasyon avèk fanm lan yonn aprè lòt. Bonè nan maten, yo te kite l' ale. Li te tonbe devan pòt kay la kote mari l'te ye a.

Levit la te reveye, e l'te pare pou l' te kontinye avèk vwayaj li a. li te wè konkibin li an devan pòt la. Li te di l': "leve, li lè pou nou ale." Li pa t' fè okenn mouvman, li te mete l' sou bourik la epi al lakay li avè l'.

Lè l' te rive lakay li, li te dekouvri ke l' te mouri. Li te koupe kò l', li te fè l' fè douz mòso epi li te voye yo bay douz tribi yo nan peyi Izrayèl. Lè pèp la te wè sa, yo te di: "pa gen okenn bagay konsa ki konn fèt nan peyi Izrayèl la."

Sa te tounen yon sijè diskisyon nan tout vil yo nan peyi Izrayèl. Finalman, pèp la te konnen ke l' dwe pran dè mezi kont tribi Benjamen an.

72 – Madanm Pou Moun Ki Rete Nan Tribi Benjamen an



Jij 19

Tout pèp Izrayèl la te prepare pou yon gè sivil. Tout tribi yo te ini pou yo goumen kont tribi Benjamen an. Yo te di: “okenn vil p’ap rete san l’ pa patisipe nan lagè sa a. Nenpòt nan yo ki pa ale nan lagè a, n’ap detwi l’. Yo te fè sèman, yo te di tou ke okenn nan yo pa t’ ap marye pitit yo avèk moun Benjamen yo.

Nan toulède kote, yo te sanble anpil sòlda. Kòmandan lame Izrayèl yo te ale Betèl, yo te al chèche direksyon Bondye. Nan maten, lagè a te kòmanse. Lè premye jou a te pase, moun Benjamen yo te tiye anpil izrayelit. Yo te genyen batay la.

Kòmandan lame Izrayèl yo te retounen devan Bondye avèk anpil chagren. Yo te di: “Senyè èske nou dwe kontinye goumen avèk frè nou yo?”

Letènèl te di: “goumen avèk yo.”

Nan demen, moun Benjamen yo te tiye anpil izrayelit ankò. Yo te genyen batay la ankò. Fwa sa a, tout lamèn Izrayèl la te ale devan Letènèl nan Betèl. Yo te ofri sakrifis ba li epi yo te kriye avèk anpil tristès. Yo te di: “Èske nou dwe al goumen kont Benjamen ankò, oubyen èske nou dwe kanpe?”

Letènèl te di yo: “al goumen avèk yo. M’ap ban nou viktwa demen.”

Lame Izrayèl la te pare pou yo goumen nan maten, men fwa sa a, yo te kache kèk sòlda dèyè vil la.

Moun Benjamen yo te sòti deyò pou yo goumen, epi yon lòt fwa ankò, sanble yo t’ap genyen batay la.

Izrayelit yo t’ap kouri tounen dèyè epi moun Benjamen yo t’ap kouri dèyè yo. Yo t’ap rele, yo t’ap di: “nou toujou genyen tout batay n’ap fè avèk yo!”

Nan yon ti moman, vil la te san pwoteksyon. Sòlda yo ki te kache a antre nan vil la, yo te detwi l’ nèt epi yo te tiye tout moun. Lè lame Izrayèl la te wè lafimen an t’ap sòti nan vil la, yo te retounen dèyè epi yo te kòmanse goumen. Lame Benjamen an te wè lafimen an tou. Yo te konprann ke yo te twonpe.

Letènèl t’ap goumen kont Benjamen, lamèn yo te panike, yo te pran kouri, men lame Izrayèl la te antoure yo. Sèl sa ki te rete vivan toujou se te 600 nan yo ki te kache nan yon fò. Tout lòt sòlda yo ki te nan tribi Benjamen an te mouri, epi lavil la te detwi.

Kon yo te fin detwi l’, pèp Izrayèl la te dekouvri sa yo te fè. Yo te ale Betèl epi yo te chita devan Letènèl.

Yo te desann tèt yo devan Bondye e yo te kriye, yo te di: “O Seyè Dye, kisa nou fè konsa? Kounyea nou pèdi yonn nan douz tribi nou yo.”

Yo te pase tout jounen an devan Bondye epi yo te fè sakrifis pou li.

Yo te di: “kòman n’ap fè? Nou gen sèlman 600 gason ki rete nan Benjamen e tout madanm yo te mouri. Yo te konnen ke se te enpòtan pou tribi a gen moun.

Yo pa t’ kapab bay pitit fiy yo pou sèman yo te fè a. Rapidman, yo te jwenn yon solisyon. Èske te gen yon vil ki pa t’ vin nan lagè a, lè nou t’ap goumen an?

Te gen yon vil ki te dezobeyi ki pa t’ patisipe nan lagè a. Poutèt sa, lame Izrayèl la te ale yo te tiye tout moun ki te rete la. yo te epanye vyèj fi yo sèlman. Aprè batay la te fini, yo te jwenn 400 jèn fiy vyèj nan vil la.

Izrayèl te fè lapè avèk 600 mesye sa yo ki te nan fò a, epi yo te ba yo 400 jèn fiy vyèj sa yo kòm madanm yo. Yo te bezwen 200 lòt ankò.

Après sa, yo te fè yon lòt lide, yo te di moun Benjamen yo: “gen yon fèt ki fèt chak ane nan Silo. Genyen yon kote jèn fiy yo konn sòti pou yo danse, nan yon zòn andeyò vil la. kache nan jaden rezen yo ki lòtbò wout la. Lè nou jwenn yon bon okazyon, se pou nou chak nou sezi yonn nan yo epi pran yo

pou madanm nou, epi ale avèk yo nan peyi nou. Nou pa bezwen gen pwoblèm pou papa yo avèk manman yo. Lè yo vin pote nou plent, nou va eksplike yo sa k' fè sa rive konsa.

Se konsa, moun Benjamen yo te kache nan jaden rezen yo lòtbò wout la. Yo te rete tann jouk medam yo te vin danse andeyò vil Silo a. lè yo te jwenn bon okazyon an, yo te sezi medam yo, yo te pran yo pou madanm yo.

Paran medam yo t'al pote plent bay chèf yo. Men chef yo te di yo: "pa fache avèk yo, nou mèt kite yo rete avèk pitit fiy nou yo, paske yo bezwen madanm e nou pa gen lòt pou nou ba yo. Nou pa bezwen pè pou sèman nou te fè a, kounyea se pa noumenm ki ba yo pitit fiy nou yo. Se yo menm kip ran yo pou madanm yo.

Moun Benjamen yo te retounen lakay yo epi yo te rebate vil yo. Yo te rete la avèk madanm yo epi yo te fè edikasyon fanmiy yo. Yon lòt fwa ankò, te gen lapè nan peyi a.

73 - Naomi Avèk Rit

Rit 1-2

Nan tan jij yo, yon nonm te pran desizyon pou li te deplase kite kay li nan Bètleyèm. Li te pran madanm li avèk de pitit gason l' yo epi li te ale nan peyi Moab. Bagay yo pa t' mache byen la. Yo te rete Moab pandan dis lane. Pandan tan sa a, nonm nan te mouri. De pitit gason l' yo te marye avèk fanm peyi Moab. Aprè sa, yo te mouri tou. Naomi te rete poukont li avèk de bèlfi l' yo.

Li te deside pou l' retounen Bètleyèm. Konsa twa medam yo te prepare pou vwayaj la, pou yo te kite Moab. Pandan yo te nan wout, Naomi te vire gade bèlfi li yo epi li te di yo: "retounen al lakay nou. Se pou Bondye beni nou, menm jan nou te yon benediksyon pou mwen. Mwen priye Bondye pou l' bannou chak yon bon mari avèk anpil timoun." Aprè sa li te anbrase yo epi li te di yo orevwa.

Touletwa medam yo t'ap kriye, e tou lè de bèlfiy li yo te ensiste pou yo te rete avèk Nawomi. Li te di yo: "non, nou dwe al lakay nou. Mwen pa gen pitit gason ankò pou m' ban nou. Menm si mwen ta vin ansent aswè a, èske nou t'ap tann tibebe m' nan vin grand pou nou marye avè l'? Non ! Li pi bon pou retounen lakay nou. Rete viv avè m'ap difisil anpil."

Aprè sa, yonn nan bèlfi yo te anbrase Nawomi epi li te retounen lakay li.

Lòt bèlfiy la se te Rit. Rit te di: "mwen p'ap kite w! Pinga fè m' retounen. Mwen prale avèk ou. Kote w rete a, ma rete la tou. Pèp ou a va pèp mwen. Bondye w la va Bondye m' tou kounyea. Kote w'ap mouri a, m'ap mouri epi antere la tou. Lamò sèl va separe mwen avèk ou."

Naomi te wè li pa t' kapab fè Rit chanje lide, konsa yo te retounen ansanm nan Bètleyèm.

Lè yo te rive la, tout vil la te kontan wè Nawomi tounen lakay li. Li te di yo: "pa rele m' Nawomi ankò, rele m' Mara, ki vle di "amè". Bondye te fè lavi mwen amè."

Konsa Nawomi avèk Rit te rete Bètleyèm. Lavi a te difisil pou yo, paske toulède medam yo te pòv.

Erezman, se te tan rekòt yo. Yo te pèmèt moun pòv yo ale nan jaden yo epi ramase tout grenn ki te tonbe atè pandan rekòt la. se konsa Rit te al nan jaden yo pou l' te ka jwenn manje pou yo de a. Li te ale nan yon jaden ki te pou yon nonm yo te rele Boaz.

Pita nan maten, Boaz te vini nan jaden yo. Li te wè Rit epi li te di jeran an: "kilès jèn fanm sa ye?"

O, li se moabit ki te vini isit la avèk Nawomi an. Li se yon gwo travayè.

Boaz te ale kote Rit epi li te di l': "pinga ale nan okenn lòt jaden. Rete la epi travay ansanm avèk sèvant mwen yo. Gade sa y'ap fè epi ale tout kote yo ale. Mesye yo p'ap ba w pwoblèm. Mwen déjà pale avèk yo pou yo rete lwen w. Lè w swaf, ou mèt al bwè nan dlo y'ap bwè a tou.

Rit te souke tèt li, li te di Boaz mès. Li te di: "kòman w fè emab konsa anvè yon etranje?"

Li te reponn, li te di l': "nou tout nou te tande kòman w te trete Nawomi byen. Ou te kite paran w yo avèk peyi w, epi ou te pran swen l'. Se pou Bondye beni w anpil!

Li te retounen dèyè kite grenn kote l' ap pase a. Epitou, yo te dwe ba l' manje lè yo t'ap manje.

Nan aswè Rit te retounen lakay li avèk tout sa l' te jwenn. Li te menm kite enpe nan manje yo te ba l' la pou l' pote pou Nawomi. Nawomi te kontan lè l' te wè tout bagay sa yo. Rit te pale l' kòman Boaz, mèt jaden an te emab.

Lè Naomi tande non Boaz la, li te reponn, li te di: "se pou Bondye beni l'! o Rit, mesye sa a, se yon pwòch paran nou, nan fanmiy nou. Rete nan jaden l' lan, jan l' te di w sa a. sa va bon pou w la konsa."

Konsa, Rit te kontinye travay avèk sèvant Boaz yo. Li te ramase grenn pandan rekòt òj la avèk froman an.

74 - Boaz Avèk Rit

Rit 3-4

Après rekòt la te fini, Nawomi te di Rit: “mwen ta renmen asire ke ou an repo pou w ka byen. Men sa w gen pou w fè. Benyen e mete enpe pafen sou ou. Mete yonn nan pi bèl ròb ou yo. Boaz avèk sèvitè li yo te gen pou yo travay ta nan glasi a. Lè yo te fin travay, yo te manje epi yo te bwè, epi yo te rete dòmi nan glasi a pou yo pwoteje grenn yo.

“ale la, men pinga kite moun yo wè w. gade byen epi note kote Boaz kouche. Depi yo tout ap dòmi, dekouvri pye l epi kouche la. Lè l reveye, li va di w sa pou w fè.”

Konsa, Rit te ale kote moun yo t’ap travay la, epi li te cache nan fènwa a. li te gade byen jouk li te wè Boaz ak lòt moun yo kouche atè a, nan glasi a. Tèt yo te bò grenn yo avèk pye yo deyò. Kon yo te dòmi, li dekouvri pye Boaz, epi li te kouche anba a.

Pandan lannwit lan, Boaz te remake yon fanm ki te kouche bò pye l’. Li te di: “ki moun ou ye?”

Li te di l’: “mwen se Rit. Kouvri m’anba pwoteksyon w paske ou se pwòch paran m’.”

Li te di l’: “Bondye beni w! Ou pa t’vin nan vil nou an ni rich, ni pòv. Okontrè ou montre ou se yon bon fanm.

Genyen yon lòt paran w ki pi prè w ke mwen. Demen maten mwen pra l’ pale avè l’, mwen pra l’ofri l’opòtinite a pou l’ rachte w. si l’ pa fè sa, ma’p fè l’ mwenmenm. Pou kounyea, se pa pridan pou w ale lakay ou lannwit lan. Mwen va voye w ale demen maten.

Li te kouche nan pye l’epi aprè sa, li te reveye. Lè sa a li te fè nwa toujou. Boaz te ba l’ grenn pou l’ te pote pou Nawomi.

Rit te di bèlmè l’ tout sa k’ te pase. Nawomi te di l’: “kounyea ou fèt pou w tann. Boaz p’ap gen repo toutan afè sa a pa fin règle.”

Jou sa a, Boaz te fè yon randevou avèk pi pwòch paran an avèk ansyen yo ki nan vil la. Li te di:

“Nawomi te retounen sòti Moab epi l’ap vann tè mari l’ la. Se ou ki paran ki pi pre a. Achte l’ devan ansyen sa yo. Si w ap achte l’, m’ap achte l’.”

Boaz te eksplike l’: “si w achte l’, ou dwe marye avèk Rit, fanm Moabit la tou. Sa va pèmèt ou kenbe non fanmiy lan avèk propriyete a tou.”

Nonm nan te di: “mwen pa kapab marye avèk fanm sa a. Sa ta va detwi non fanmiy pa m’ nan. Mwen pèmèt ou achte propriyete a.” Aprè sa, nonm nan te retire yonn nan soulye l’ yo epi li te lonje l’ bay Boaz. Sa te fè tranzaksyon an règle legalman.

Boaz te pote soulye a deyò kote ansyen yo: “nou se temwen ke mwen achte propriyete sa a, ki te pou mari Nawomi an avèk pitit li yo. Se poutèt sa, Rit pral vin madanm mwen.”

Moun te sanble bò la epi yo t’ap gade tout sa. Ansyen yo te di: “wi nou te wè tout bagay. Se pou Bondye beni w, se pou Letènèl beni fanm sa a ki va vin madanm ou an.”

Konsa, Boaz te pran Rit kòm madanm li, e pandan tan an t’ap mache, Rit te fè yon pitit gason yo te rele Obèd. Obèd te fè yon pitit gason yo te rele Izayi, ki te vin papa yon bèje ki te rele David. David te vin gran wa Izrayèl la.

75 - Bondye Rele Samyèl

1 Samyèl 1-3

Àn pa t' kapab gen pitit. Sa te tèlman toumante l' ke li te ale nan tabènak la pou l' te mande yon pitit. Li te di: "O Senyè, siw ban m' yon pitit gason, m'ap ba ou li pou l' kapab sèvi w pou tout rès vi l'."

Eli, granprèt la, te remake ke Àn t'ap bat bouch li san l' pa t'ap di anyen. Li te panse se sou l' te sou, se sa k' fè li te di l': "madanm fè diven w lan pase."

"O mesye! Mwen pa sou non. Se priye m'ap priye Bondye'. O ! ale lakay ou ! Bondye va reponn priyè w la.

Asireman, Bondye te reponn priyè l'la. Nan mwens pase yon lane, li te fè yon pitit gason, li te rele l' Samyèl, ki vle di: "Bondye te tande m'.

Lè ti gason te vin gran ase, manman l' te mennen l' nan tabènak la, epi li te remèt li bay Eli. Li te di: "mwen te mande yon pitit, e Letènèl te reponn priyè m' nan. Kounyea, mwen bay Letènèl pitit gason m' nan, li va sèvi l' pou tout rès vi l'."

Chak ane Àn te vin vizite Samyèl epi pote rad nèf pou li. Eli te mande Bondye pou Àn te gen plis pitit. Après sa, li te gen twa pitit gason avèk de fiy.

Eli te bay Samyèl travay pou l' fè nan tabènak la. Pandan l' t'ap grandi fizikman, li t'ap grandi anba gras Bondye avèk pèp la.

Pitit Eli yo pa't sanble avè l' ditou. Yo te mechan, yo pa t' onore Bondye nan okenn fason. Anpil nan peche yo te fè yo, te fèt nan kay Bondye a menm. Eli te pale de sa avèk yo, men li pa t' fè anyen pou sa.

Yon jou pandan lannwit, pandan Samyèl t'ap dòmi. Letènèl te rele l' konsa: Samyèl ! Samyèl !

Li te reveye, li te kouri ale kote Eli, Li te di: "wi ! Men m' la wi!"

Eli te reveye epi li te gade ti gason an, li te di l': "mwen pa rele w. Samyèl, retounen nan kabann ou."

Samyèl te retounen al kouche nan kabann li. Pandan dòmi t'apral pran l', Letènèl te rele l' ankò:

"Samyèl ! Samyèl!"

Fwa sa a, li te konnen l' pa t' nan rèv, li te reveye, li te kouri al kote Eli: "men mwen !"

"Yon lòt fwa ankò, Eli te di l', gason mwen mwen pa t' rele w. kounyea retounen al kouche."

Yon lòt fwa ankò Letènèl te rele l': "Samyèl ! Samyèl !"

Nan moman sa nan lavi li, Samyèl pa t' konn Bondye. Letènèl pa t' konn pale avè l'. Konsa, ti gason an te fè sa l' te konnen l' te gen pou l' fè.

Pou la twazyèm fwa li te kouri al kote Eli, li te di Eli: "men mwen, paske w te rele m'."

Fwa sa a, Eli te konprann sa k' t'ap pase a. li te konprann ke se Bondye ki t'ap rele Samyèl, se pou sa li te di li: "ale epi kouche. Si w tande yon moun k'ap rele ankò, di: "pale Senyè, paske sèvitè w ap koute."

Samyèl te retounen nan kabann li epi l' te kouche. Letènèl te rele l' ankò: "Samyèl ! Samyèl!"

Trankilman Samyèl te di: "pale Senyè, paske sèvitè w ap koute"

Bondye te di: "mwen pa kontan jan Eli kite pitit gason l' yo ap fè dezòd nan kay mwen an. Mwen pra l' jije limenm avèk pitit gason l' yo.

Samyèl te retounen nan kabann li. Nan matèn, Eli te rele l'. Eli te di l': "pitit mwen, pinga kache m'anyen. Se konsa Samyèl te di l' tout bagay.

Eli te di: "li se Bondye, li gen dwa fè sa l' wè ki bon devan zye l'.

Letènèl te pale avèk Samyèl depi jou sa nèt al kole. Bondye te kontinye revele l' pawòl li. Samyèl te obeyi Bondye, epi tout sa l' te di te fèt vre. Tout pèp Izrayèl la te rekonèt li kòm. Yon pwofèt Bondye.

76 - Filisten yo Pran Bwat Kontra a

1 Samyèl 4

Bondye pa t' kontan avèk Eli. Granprèt la te konnen de pitit gason l' yo t'ap fè dezòd nan Tabènak Bondye a. Mesye l' yo pa't menm chèche kache sa. Eli pa t' menm chèche fè yo sispann fè sa. Bondye te fè l' konnen ke fanmiy li t'apral jije. Letènèl te di: "mwen pral fè yon bagay k'ap fè moun tranble lè yo tandè l'."

Lè Eli te gen 98 lane, filisten yo t'ap goumen avèk Izrayèl. Lame a te kanpe pou l' defann peyi a, men yo te pèdi batay la. Sa te lakòz 4000 sòlda te mouri.

Ansyen yo nan peyi Izrayèl la te boulvèse. Yo t'ap di: "poukisa Letènèl pèmèt sa rive?" Sibitman, yonn nan yo te fè yon lide, li te di: "Ann al chèche Lach Letènèl la! Nou va ale avè l' kote n'ap goumen, epi li va bannou laviktwa."

Se konsa yo te voye chèche lach Letènèl la, epi pitit Eli yo te pote l' nan kan an. Lè izrayelit yo te wè l', yo te rele tèlman yo te kontan. Yo te tèlman rele fò, se kòm si se te yon tranbleman de tè.

Lè filisten yo te tandè rèl la, yo te panse se te yon kri de gè. Yo te voye espyon al chèche konnen sa k' t'ap pase. Yo te ale yo te jwenn se te lach Bondye a yo te pote nan kan an. Filisten yo te pè paske yo te kwè ke Bondye te vin nan kan Izrayèl la.

Se sa k' fè yo te di: "nou pran!"

"Bondye yo a gen pwisans, se limenm ki te fwape ejipsyen yo avèk anpil plè. Chèf filisten yo te kanpe devan sòlda yo, yo t'ap di: "pran kouraj, mete gason sou nou. Nou se filisten ki gen pwisans, nou pa Ebre yo ki fèb la. Kounyea, se lè pou nou goumen pi rèd pase jan nou janm fè sa avan. Si se pa sa, nou va esklav yo."

Se konsa filisten yo te goumen kòm si yo te gen pou yo pèdi tout bagay. Izrayèl te kraze, yo te masakre lame yo a, twa mil sòlda te tonbe nan batay la, pitit Eli yo te pami moun yo ki te mouri yo tou.

Filisten yo te pran lach la, yo te ale avè l' nan pwòp kan yo a.

Lè yo te retounen nan peyi Izrayèl, Eli te chita sou yon chèz bò wout la. Li t'ap tann nouvèl sou batay la. Li te bezwen nouvèl lach Letènèl la. Yon moun te kouri sòti nan batay la, pou l' te vin rakonte tout moun sa k' te pase. Tout vil la te tonbe rele tèlman yo te nan lapèn. Eli te avèg e li pa t' tandè byen. Li te tandè bri a, men l' pa t' kapab tandè sa ki t'ap di. "Sa k'ap pase?"

Nèg la te pwoche tou pre ansyen prèt la, li te di: "yo te masakre sòlda nou yo jodia. Yo te tiye de pitit gason w yo, epi yo te pran lach Bondye a."

Lè Eli te tandè nouvèl lach Bondye a, li te tonbe dèyè chèz la. Li te yon nonm lou, sa te fè ke tonbe l' te tonbe a, kou l' te kase epi l' te tou mouri.

Bèlfiy Eli a te ansent yon pitit. Li te tandè nouvèl lach Bondye a avèk nouvèl lamò mari l' la. Li te tandè tou ke bòpè l' te mouri. Sibitman, doulè te pran l', li te akouche lamenm. Moun ki t'ap ede l' la te di: "ou gen yon bagay ki pou fè w kontan kounyea. Ou te fè yon pitit gason! Li pa t'di anyen okòmansman, men aprè li te di: "laglwa Bondye a disparèt nan Izrayèl, paske yo te pran lach Bondye a."

Avan l' te mouri, li te rele pitit la "Ikabòd" ki vle di: "lagwa te disparèt."

77 – Bwat Kontra a Retounen

1 Samyèl 5-6

Après ke filisten yo te pran lach Bondye a, yo te mete l' nan tanp idòl yo a. nan demen maten yo te jwenn idòl yo a fas atè devan lach la. Yo te remète idòl la kanpe ankò, men nan demen maten yo te jwenn li atè a menm jan an ankò. Fwa sa a, tèt li avèk men l' yo te kase.

Sibitman, vil la te plen avèk pis epi moun yo te gen gwo bouton, ki te kouvri tout kò yo. Mesye yo te di: "se lach Bondye Izrayèl la ki la ki fè sa"

Poutèt sa, yo te deplase l' al mete l' nan lòt vil. Lamenn, jijman Bondye a te fwape vil sa a tou. Li te kouvri avèk pis, te gen gwo bouton ki te fè yo mal nan tout kò yo. Pèp la te vin pè anpil. Mesye yo te voye lach Bondye la nan yon lòt vil ankò, men moun la yo te rele dèyè yo. Yo te di yo: "nou mennen l' isit la pou nou tiye nou! Nou pa vle lache sa a nan vil nou an."

Yo te pwomennen avèk li de vil an vil pandan sèt mwa. Lapè avèk lamò te mache avè 'l kote l' te pase. Alafen, filisten yo te mande prèt yo: "kòman pou nou fè pou nou voye lach Bondye a tounen nan peyi Izrayèl la?"

Yo te reponn, yo te di: "si n'ap voye lach Bondye a tounen nan peyi Izrayèl, fòk nou voye yon ofrand kilpabilite avè l'. Konsa, Bondye va retire jijman l' lan, epi nou va geri. Fè senk pòtre bouton nou yo avèk senk pòtrè pis yo k'ap detwi peyi a. Fè lwanj pou Bondye Izrayèl, epi l'ap sispann fwape nou. Si nou refize fè sa, nou va gen menm pwoblèm ak farawon, lè Izrayèl te kite peyi Lejip la. Li va voye plis plè sou nou jouk nou voye lach la tounen nan peyi Izrayèl la. Men sa pou nou fè: prepare yon kabwèt nèt epi mete lach Bondye a ladann. Mete bagay an ò yo nan yon bwat a kote l'. Chwazi de vach bèf ki gen pitit ki pat janm pote jouk déjà, epi mare yo nan kabwèt la. Separe vach yo avèk tibèf yo, mete yo nan yon pak bò la a. Aprè sa rete kanpe dèyè yo, gade sa vach bèf yo ap fè. Si yo bliye tibèf yo epi yo pran wout pou yo ale nan peyi Izrayèl la, n'ap konnen se Letènèl ki t'ap fwape nou pandan tout sèt mwa yo. Men si vach bèf yo tounen al kote pitit yo, n'ap konnen se yon bagay ki te rive pa aza, se pa t' jijman Bondye a. Mesye yo te fè sa egzateman, sa yo te di yo fè a. yo te pran de vach bèf ki gen pitit epi separe yo avèk ti bèf yo. Yo te mare vach bèf yo nan yon kabwèt, vach bèf sa yo pa t' janm konn jouke déjà. Yo te mete lach la nan yon kabwèt avèk senk pòtrè bouton yo an ò, avèk senk pòtrè pis an ò. Lè tout bagay te pare, yo te kanpe deyò epi yo t'ap gade. Vach bèf yo te pran wout la ale tou dwat nan direksyon peyi Izrayèl la. Yo te rete nan wout sa a tèt bese, yo t'ap kriye pandan yo t'ap ale. Chèf filisten yo t'ap swiv yo nan tout wout la, jouk yo te rive nan peyi Izrayèl la. Pèp Izrayèl la t'ap rekòlte òj lè yo te wè lach la vin bò kote yo. Yo te kriye avèk kè kontan. Pandan yo t'ap gade, vach yo te rale kabwèt la ale nan yon jaden toupre yon gwo wòch, epi yo te kanpe la.

Moun Izrayèl yo te mete lach la anwo wòch la. Yo te pran bwa ki te fè kabwèt la pou yo te ofri vach bèf yo an olokos bay Bondye. Lè chèf filisten yo te wè sa, yo te retounen nan peyi yo.

Te gen 70 mesye ki te sòti toupre a, ki te vle konnen sa ki te gen nan lach Bondye a. konsa, yo te louvri lach la, epi gade sa k' te andedan l'. Tout 70 moun sa yo te mouri pa men Bondye a. sa te fè moun nan peyi Izrayèl yo te pè anpil, men se te kòmansman retounen kè pèp Izrayèl la nan sèvi Bondye.

78 - Ebenezer

1 Samyèl 7-8

Piti, piti pèp Izrayèl t'ap tounen vin jwenn Bondye. Se te yon pwosesis ki te pran 20 lane. Samyèl te di:

“si nou vle sèvi Bondye toutbon, voye tout idòl yo jete. Konsakre tèt nou pou Bondye epi sèvi limenm sèlman. Fè sa epi l'ap bannou laviktwa sou filisten yo.”

Yo te fè sa Samyèl te di yo fè a epi yo te voye idòl yo te genyen yo jete. Li te mande yo pou yo rasanble pou yon sèvis konsekrasyon. Li te di yo: “vini mwen va priye pou nou.” Pèp la te reyini ansanm epi yo te konsakre lavi yo bay Bondye. Depi lè sa a pou kontinye se Samyèl ki te jij yo. Filisten yo te aprann ke zrayèlit yo te rasanble yon sèl kote. Yo te panse se te yon preparasyon pou lagè, konsa yo te ale nan tout peyi a, epi yo te prepare yo pou yo atake peyi Izrayèl la.

Pèp la te pè lè l' te wè gwo lame filisten an. Samyèl te di: “pinga gade lènmi nou yo, fikse zye nou sou Bondye epi lapriyè ba li. Letènèl va delivre nou anba men filisten yo.”

Après sa, li te prezante yon sakrifis bay Bondye epi li te mande l' sekou. Bondye te reponn lapriyè Samyèl la. Sibitman, yo te tande yon gwo loraj nan kan filisten yo. Yo te tonbe nan konfizyon, yo te kòmanse kouri. Sòlda Izrayèl yo te kouri dèyè yo, yo te tiye anpil nan yo.

Samyèl te mete yon gwo wòch kanpe kòm yon moniman pou sa ki te pase jou sa a. Li te rele l' EBENEZER ki vle di: ‘wòch sekou a.’

Li te di: “Jouk kounyea, Letènèl te ede nou.” Letènèl te goumen kont filisten yo tout tan Samyèl te vivan an.

Chak ane pwofèt la te ale nan kèk zòn kote l' te kapab jije pèp la pi byen. Pou rès tan an, li te jije nan vil kote l' te rete a. lè l' te vin vye, li te sèvi avèk pitit li yo kòm jij. Malerezman yo pa t' fidèl tankou limenm. Yo te aksèpte lajan anba epi se sou sa yo te baze jijman yo.

Pèp la te vin kote Samyèl, yo te di l': “pitit ou yo pa fidèl, poutèt sa nou vle vin menm jan avèk tout lòt nasyon yo. Nou vle genyen yon wa. Chwazi yonn pou nou avan w mouri.”

Samyèl pa t' kontan. Li pa t' konprann poukisa yo te vle yon bagay konsa. Li te priye Bondye, men Bondye te di l': “ou pa bezwen fache pou sa. Se pa ou yo rejete, se mwen menm yo rejete. Fè sa yo di a, men avan sa, fè yo konnen sa k' va genyen lè yo gen yon wa.”

Samyèl te kanpe devan pèp la epi li te eksplie yo an detay kòman yon wa ka abize yo epi pwofite sou tèt yo. Li te di: “yon wa va pran pitit nou yo nan men nou. Yo va travay pou li olye yo travay pou nou. Yo va pran pitit fiy nou yo epi mete yo nan travay. Li va pran pi bon jaden nou yo, jaden rezen nou yo, jaden fwi nou yo. Li va fè nou peye taks pou l' kapab viv nan liks. Nou va vin sèvitè l'epi nou va travay pou l' reyalize tout sa l' vle. Lè sa a va rive, nou va plenyen devan Bondye, men li pa va ede nou.”

Pèp la te refize aksèpte avètisman sa a, yo te kontinye di: nou toujou bezwen yon wa. Li va jije nou epi goumen nan lagè pou nou. Après sa, Samyèl te di: “nou mèt al lakay nou, m'ap chèche yon wa pou nou.”

79 - Sayil Vin Wa

1 Samyèl 9-10

Sayil te sòti nan tribi Benjamen. Li te wo, li te bèl, tèt li avèk zepòl li te pi wo pase tout moun. Yon jou papa l' te mande l' pou l' al chèche bourik yo ki te pèdi yo. Li te pran kèk sèvitè, li te ale chèche yo. Après yo te pase anpil tan ap chèche, yo t'ap prepare yo pou yo retounen lakay yo. Nan moman sa a, gen yonn nan sèvitè yo ki te lonje men l' nan direksyon yon vil ki te tou prè a, li te di: "gen yon sèvitè Bondye nan vil sa a. Ann al mande l' si l' kapab di nou ki kote bourik yo ye?"

Yo te ale nan vil la, epi yo te wè yon nonm ki t'ap vin jwenn avèk yo. Yo pa t' konnen se te Samyèl. Nan lannwit avan sa a, Bondye te pale avèk Samyèl, li te di l' ke Sayil ta va vin la demen. Bondye te di l': "se limenm ki va wa ki pra'l gouvènè pèp Izrayèl la!"

Sayil te di Samyèl: "Èske w konnen kote pwofèt la rete?"

"Mwen se pwofèt la, vin nan yon sakrifis avè m'. Après sa nou va manje ansanm epi mwen va pale anpil bagay avè w. Pou bourik yo w ap chèche yo, yo te jwenn yo. Ou gen bagay pi enpòtan pou w okipe. Avni pèp Izrayèl la se nanmen w li ye."

Sayil te sezi. Li te di: "Kòman avni pèp Izrayèl la ka fè nan men m' nan? Mwen fè pati tribi ki pi pitit a nan peyi Izrayèl. Menm nan tribi Benjamen an fanmiy nou an pa tèlman enpòtan."

Samyèl te Mennen Sayil nan yon festen ki te genyen trant pèsonaj enpòtan ki t'ap patisipe ladann epi li te ba li plas donè a. Kwizinyèa te pote yon manje espesyal pou Sayil, epi li te di: "yo te mete manje sa a akote, pandan nou t'ap tann gran jou sa. Kounyea, m'ap ofri w li."

Sayil avèk sèvitè l' yo te ale lakay Samyèl pou yo te pase nwit la. Yo te ba yo yon plas nan etaj la, yon kote ki te gen frechè. Nan maten, pwofèt la te di Sayil: "voye sèvitè w yo ale lakay yo. Mwen vle w rete la yon ti tan anplis. Mwen pral rakonte w yon mesaj mwen te resevwa nan men Bondye."

Après sèvitè Sayil yo te ale, Samyèl te pran enpe lwil li te wènn Sayil. Li te di: "Bondye te mete w chèf sou pèp li a pou ou."

Après sa, pwofèt la te di Sayil sak pra l' rive avè l', kote l' va ale epi moun li va rankontre. Li te di: "tout bagay sa yo va rive, Lespri Bondye va vini sou ou. Ou va chanje, ou va devni yon moun konplètman nouvo. Nan lè sa a, ou va konnen sa w gen pou w fè paske Bondye va avèk ou."

Tout bagay te rive jan Samyèl te di l' la. Se konsa yon jou te fikse kote Samyèl te dwe prezante nouvo wa a bay tout tribi Izrayèl yo. Kon lè yo te fikse a te rive egzateman, Samyèl te gade toupatou, li pa t' wè Sayil. Li te mande Bondye ki kotel' ye?

Bondye te di: "gade bò la a. Li kache nan mitan bagay sa yo."

Samyèl te voye kèk moun al pran l' mennen devan pèp la.

Après sa Samyèl kriye devan pèp la, li te di: "men moun nan ki va wa nou an, ki va goumen nan lagè nou yo pou nou, epi ki va dirije nou an."

Pèp la te kriye: "se pou wa a viv pou tout tan!"

Depi lè sa a, Bondye te avèk Sayil epi li te fè l' kapab fè tout sa yon wa te gen pou l' fè.

80 - Lapè Pou Yon Zye



1 Samyèl 11

Sayil te retounen lakay li, lè yo te fin mete l' wa, aprè seremoni an te fini. Bondye te voye plizyè sòlda pou yo ale avè l'. Gen lòt ki t'ap ri l' nan panse yo paske l' te wa a. Yo te montre jan yo te meprize l' lè yo te refize ba l' yon kado. Sayil pa t' okipe de sa, li te tounen al travay nan jaden fanmiy lan. Menm lè a, lame amonit yo te vini pou yo goumen kont yon vil nan peyi Izrayèl. Chèf vil la te di wa amonit yo, nou vle remèt tèt nou bannou. Kisa w mande pou nou fè ?”

Wa amonit yo te di: “men kondisyon mwen bay: mwen pra l' sèvi avèk sa pou m' meprize tout pèp Izrayèl la, m'ap kreve zye dwat tout moun k'ap viv nan vil la.”

Chèf yo ki te alatèt vil la te voye yon mesaj tounen ba li: “bannou sèt jou, pou nou reponn sa w mande a. N'ap pran tan sa a pou nou wè si pa gen pèsòn nan peyi Izrayèl ki kapa b ede nou. Si pa gen pèsòn ki dipoze ede nou, n'ap aksèpte demand ou an.”

Chèf vil la te voye mesaj nan tout peyi Izrayèl. Lè nouvèl sa a te rive nan vil kote Sayil te rete a, pèp la te kòmanse plere e kriye. Sayil te retounen nan vil la avèk bèf li yo aprè l' te fin travay nan jaden pandan yon jounen. Li te gade toupatou epi l' te di: “poukisa tout moun sa yo ap kriye a konsa?”

Yo te pale l' konsènan kondisyon wa amonit lan te bay la. Sayil te fache anpil lè l' te tandè pawòl sa yo. Lespri Bondye te kontwole lespri l'. Li te vire li te tiye pwòp bèf pa l' yo. Li te koupe yo, li te fè yo fè douz mòso. Li te voye dè mesaje pote yo ale nan douz tribi peyi Izrayèl yo, avèk mesaj sa a: “gade moso vyann sa, se konsa yo va tiye bèf nou yo, si nou pa vini lamenn pou nou goumen. Tout moun fèt pou yo leve kanpe, epi mache avèk Samyèl avèk Sayil, san manke yonn. ”

Kon pèp la te tandè mesaj la. Lakrent Bondye te ranpli yo. 330.000 te mete ansanm, pou yo swiv Sayil pou yo al goumen.

Sayil te voye yon mesaj bay vil la moun amonit yo te menase a. li te voye di yo: “n'ap mennen yon lame pou defann nou. N'ap la avan midi. ”

Moun yo ki te nan vil la te kontan anpil. Yo te voye yon mesaj bay wa amonit yo, yo te di: “Nou pra l' kote nou demen. Nou va fè sa nou vle avèk nou.”

Avan solèy leve, lame Sayil la te atake kan amonit lan. Izrayelit yo te kòmanse tiye amonit yo depi nan maten jouk rive nan aprè midi. Kèk grenn nan yo sèlman te chape.

Après gwo viktwa sa a, pèp la te di Samyèl: “ki moun ki pa t' kontan pou Sayil te wa nou an? Bannou yo epi n'ap tiye yo!”

Sayil te di yo: “pinga tiye yo! Jodia se yon jou espesyal. Jodia Bondye te delivre Izrayèl. ”

Samyèl te di: “mwen gen yon pi bon lide: “Annou ini ansanm ankò, annou mete Sayil wa nou.” Se konsa pèp la te ini ansanm epi yo te kontan paske yo te mete Sayil wa yo.

81 - Li Echwe Nan Tès la

1 Samyèl 13

Lè Sayil te vin wa, moun nan peyi Izrayèl la te dwe ale nan peyi filisten yo pou yo achte enstriman yo te bezwen yo pou yo fè jaden. Lè enstriman yo te defile, yo te dwe retounen kote filisten yo, paske yo pa t' gen fòj. Filisten yo pa t' vann pèp Izrayèl la zam lagè. Sèl moun ki te gen nepe avèk lans modèn nan peyi Izrayèl, se te Sayil avèk Jonatan pitit gason l' lan.

Kòm wa Sayil te òganize yon lame ki te gen ladann 3000 sòlda. Li te kenbe 2000 avè l, epi li te bay pitit gason l' lan 1000. Jonatan te pran sòlda l' yo, yo te atake yon avan pòs filisten yo. Sayil te konnen sa te yon zak lagè. Se sa k' fè l' te kòmanse rasanble fòs li yo rapidman pou l' te prepare l'.

Filisten yo te reyaji avèk fòs, poutèt atak sa a. Yo te sanble pou yo te atake Izrayèl, yo te gen 1000 cha, 6000 kavalye avèk anpil lòt sòlda.

Sòlda Izrayèl yo te pè anpil, lè yo te wè gro lame sa a ap vin atake peyi a. Pifò sòlda nan lame Sayil la te kouri pou yo sove lavi yo. yo te kache tout kote yo te kapab. Yo te kache nan gwòt yo, nan mitan wòch, e menm nan pwi. Gen yon pati nan yo kite menm kite peyi a. Gen lòt ki te rive antre nan lame filisten yo.

Samyèl te di wa a pinga ale goumen avan yo fè sakrifis pou Bondye. Li te di Sayil pou l' ale nan yon kote espesyal epi pou l' tann li la. Wa a te ale nan kote a, men Samyèl pa t' ko vini. Wa a te tann pandan twa jou - kat jou, jouk lè sa a Samyèl pa t' ankò vini – li te tann senk —sis jou, Samyèl pa t' vini.

Sayil te wè sòlda l' yo te kontinye ap dezète lame a. Finalman, nan setyèm jou a, li te santi li pa t' kapab tann ankò. Li te chèche bagay ki nesèsè pou sakrifis la, li te ofri l'.

Kon l' te apèn fin fè sa, Samyèl te rive. Sayil te sòti al salye l'. Pwofèt la te mande l': "kisa ou te fè?"

Sayil te di: "filisten yo te pare pou yo atake, e lame m' nan t'ap dezète. Mwen pa t' konnen si Letènèl t'ap vin ede m', mwen t'ap tann ou, men ou pa't vini. Mwen pa t' gen lòt chwa, se pou sa mwen te oblije aji. Mwen te ofri olokos la pou Bondye."

Samyèl te di: "a, ou te aji tankou yon moun fou! Èske ou te konprann ke sa se te yon tès? Ou echwe nan tès la!

Si w te gen konfyans nan Bondye, li t'ap etabli wayòm ou an sou Izrayèl pou tout tan. Letènèl déjà jwenn yon nonm jan l' renmen l' lan. Li va vin wa e Bondye va tabli wayòm li an pou tout tan."

Après sa, Samyèl te vire li te kite wa a. Sayil te konte sòlda l' yo, li te jwenn sèlman 600. Filisten yo te kanpe sou tèt yon pant, konsa yo te kapab kontwole pasaj enpòtan an ki te anba a. Après sa, Sayil te pran ti lame l' la epi li te kanpe sou pant lan ki te lòt bò pasaj la.

82 - Viktwa Jonatan an

1 Samyèl 14

Jonatan te gade kan filisten yo lòtbò pasaj la. Li te di sòlda ki pote zam li yo: “ann al bò la a, annou tiye kèk filisten. Bondye kapab ede nou. Kantite nou ye a pa anpeche l’ fè sa.

Sòlda a te di l’: “si w prale, mwen prale tou.”

Jonatan te di l’: “men plan mwen. Nou pral lòt bò a dèyè kan filisten yo. N’ap fè yo wè nou nan tèt mòn kote yo ye a. Si yo mande nou pou nou kanpe, na retounen la a. Men si yo di nou monte n’ap konsidere sa kòm yon sin ki sòti nan Bondye. Nou va konnen ke Bondye va bannou laviktwa.”

Yo te pran desizyon pou yo pa t’ di wa a kote yo t’ap ale. Lè yo te rive nan pant lan, filisten yo te wè yo. Yo te di: “gade, Ebre yo ap sòti kote yo te kache yo!” Yo te rele Jonatan anba a: “monte, epi n’ap bannou yon leson!”

Jonatan te ri, epi li te di: “swiv mwen, Letènèl te bannou yo!” de mesye yo te monte pant lan epi yo te tiye 20 filisten.

Nouvèl la te kouri nan rès kan filisten yo. Yo te panike. Yo te di: “izrayelit yo te atake nou pa dèyè.” Sibitman tè a te tranble, yo pa t’ panike sèlman, men yo te vin pè anpil. Yo te kouri ale nan tout direksyon. Sòlda nan kan Sayil la te wè sa epi yo te di wa a sa. Wa a te gade toupatou, li te di: “gade nan lis la pou nou wè kilès ki pa la.” Lè yo te fè sa, yo te wè ke Jonatan avèk nèg ki pote zam li yo pa t’ la.

Pandan Sayil t’ap rasanble sòlda l’ yo, panik lan te ogmante nan kan filisten yo. Lè lame Sayil la te derape pou yo al goumen, yo te jwenn filisten yo ap goumen yonn avèk lòt. Izrayelit ki te mete ansanm ak filisten yo te retounen vin jwenn Sayil. Sila yo ki te kache nan gwòt yo te sòti epi yo te antre nan batay la.

Sayil te vle tout sòlda l’ yo fikse atansyon yo sou genyen batay la, se sa k’ fè l’ te kriye: “m’ap modi nenpòt sòlda ki manje anvan nou gen viktwa sa a.”

Sòlda yo te obeyi, men rapidman yo te vin grangou epi fatige.

Jonatan pa t’ konnen sa papa l’ te di. Li te jwenn enpe siwo myèl nan plenn nan epi li te manje l’. Gen lòt sòlda ki te pale l’ lamenn lòd wa a te bay la. Li te di: “wa a pa kapab di sa, gade mwenmenm mwen manje enpe siwo myèl, kounyea mwen pare pou m’ kontinye goumen. Sòlda nou yo te kapab manje tout manje sa yo filisten yo te kite bò la a. Aprè sa, yo t’ap goumen pi rèd.”

Finalman, Sayil te dekouvri ke sòlda l’ yo te grangou! Li te prepare yon manje epi li te pèmèt sòlda l’ yo manje l’. Aprè sa, wa a te vle retounen nan batay la, men sibitman li te remake ke te gen yon bagay ki pa t’ bon, mwen pral chèche konnen kilès ki dèyè sa. Kon mwen konnen kilès ki te fè sa, map tiye l, menm si se ta pwòp pitit gason m’ nan.”

Aprè sa, li te fè yon tiraj osò, e li te tonbe sou Jonatan. Wa a te mande l’: “kisa w te fè?”

Li te di: “mwen te manje enpe siwo myèl. Si mwen dwe mouri pou sa, ebyen, mwen pare pou m’ mouri.”

Sayil te di pitit gason l’ lan: “mwen te sèman sou sa, se pou sa ou dwe mouri.”

Pèp la te kriye, li te di: “Jonatan p’ap mouri! Bondye te sèvi avè l’ pou l’ bannou laviktwa jodi a. Bondye vivan, pa menm yon cheve nan tèt li p’ap tonbe atè.

Konsa, pèp la te sove lavi Jonatan. Avèk sa, batay la te fini, epi filisten yo te retounen nan peyi yo.

83 - Sayil Dezobeyi Bondye

1 Samyèl 15

Yon jou, Samyèl ale kote Sayil avèk lòd Bondye te voye ba li: “Amalestit yo te atake pèp mwen an lè m’ t’ap Mennen l’ sòti an Ejipt la. Poutèt sa, al goumen avèk yo epi detwi tout bagay. Tiye tout moun yo avèk tout bèt yo. Pinga kite okenn nan yo vivan.

Konsa Sayil te pran lame l’ la li te al atake amalestit yo. Li te genyen batay la, men l’ pa t’ detwi tout bagay. Sòlda Sayil yo te kenbe pi bèl bèt yo pou yomenm. Yo te pran wa Agag, men yo pat tiye l’. Bondye te di Samyèl: “Mwen regrèt mwen te fè Sayil wa peyi Izrayèl. Li vire do ban mwen epi li pa fè sa m’ di l’ fè.” Samyèl te fache anpil nan lespri l’, li te pase nwit la ap lapriyè Bondye. Nan demen maten, li te ale kote Sayil. Pandan wa a t’ap mache, wa a te di l’: “ke Bondye beni w! Mwen te fè sa Bondye te ban m lòd pou m’ fè a!”

Samyèl te gade l’, e l’ te di l: “E kisa m’ap tandè konsa la, kisa rèl mouton avèk rèl bèf sa yo vle di? “A wi, sòlda yo te pran pi bèl mouton yo avèk pi bèl bèf yo, pou yo fè sakrifis avèk yo pou Bondye. Men nou te detwi rèl sa.”

Samyèl te di l’: “sispann pale, mwen pral di w sa Bondye panse sou sa w fè a. Lè w pa t’ anyen, Bondye te mete w chèf sou pèp li a. Konsa li te ba w yon travay pou w fè. Li te di, ale, detwi pechè sa yo. Pinga kite okenn moun ni okenn bèt vivan. Pou kisa ou te fè l’ fache paske w pa fè sa l’ te di w fè a?”

Sayil te di: “mwen te obeyi l’. Mwen te tiye tout moun, sòf Agag, wa yo a. Aprè sa, mwen te tiye tout bèt yo. Sòf de twa sa yo a. nou konsève lòt yo, pou nou fè yon sakrifis pou Bondye.”

Samyèl te di: “Èske w panse Bondye renmen sakrifis pase obeyisans? Non! Obeyisans pi bon pase sakrifis. Rebelyon mal menm jan avèk divinasyon. Rezistans mal menm jan avèk sèvi idol. Ou rejte lòd Bondye. Poutèt sa, Bondye voye w jete tou kòm wa alatèt pèp Izrayèl la.”

Sayil te di: “Mwen te peche! Mwen pa t’ koute lòd Bondye a, e mwen pa t’ fè sa l’ te di m’ fè a. Mwen te pè pèp la, mwen te obeyi yo olye m’ te obeyi Bondye. Souple, padone peche m’. Vini, annou adore Bondye ansanm.”

Samyèl te vire do l’, li te di: “Non mwen p’ap ale avè w. ou te rejte Bondye. Kounyea li rejte w tou kòm wa.”

Sayil te kenbe manto Samyèl e manto a te chire pandan l’ t’ap vire do l’. Samyèl te kanpe, li te gade chire a, epi l’ te di: “Bondye chire wayòm Izrayèl la nan men w jodia. Li bay vwazen w lan li, ki pi bon moun pase w. Bondye pa tankou lèzòm. Li pa chanje lide l’.”

Sayil te rele: “mwen te fè peche! Tout sa m’ mande w se pou w onore m’ devan pèp la. vini adore ansanm avè m’.”

Se konsa Samyèl te ale avè l’ e pèmèt li mete ajenou devan Bondye. Pwofèt la te di l’aprè sa: mennen Agag wa amalestit yo banmwen!”

Agag te vin devan Samyèl san l’ pa t’ konnen sa k’ t’ap rive. Samyèl te pran yon nepe epi li te di: “ou te fè anpil fanm rete san pitit, kounyea manman w pral pèdi yon pitit gason tou.”

Aprè sa, pwofèt la te tiye Agag epi koupe l’an plizyè moso. Aprè sa, Samyèl te retounen lakay li. Li pa t’ janm vizite Sayil ankò tout tan li te vivan. Li te toujou ap plere tout tan pou Sayil.

84 - David Resevwa Onksyon an

1 Samyèl 16

Samyèl pa t' janm sispann panse kòman Bondye te rejte Sayil kòm wa sou peyi Izrayèl. Bondye te di

Samyèl: "sispann kriye pou Sayil! Pran enpe lwil ki sèvi pou onksyon an. Ale lakay Izayi nan vil Bètleyèm. Mwen te chwazi youn nan pitit li yo pou l' vin wa."

Samyèl te di: "Senyè, wa Sayil va tiye'm si l' konn sa."

Letènèl te di l': "pran yon ti toro bèf, ale Bètleyèm epi di ou vin fè yon sakrifis pou Letènèl. Envite Izayi avèk pitit li yo pou yo patisipe ladann avè w.

Konsa, Samyèl te ale nan vil Bètleyèm, Epi li te envite Izayi avèk pitit gason l' yo pou yo patisipe avè l' nan yon sakrifis pou Bondye. Lè yo te vini, Samyèl te enpresyone lamenn avèk pi gran pitit gason Izayi a. li te panse se sila Bondye te chwazi a.

Bondye te di Samyèl: "pa gade sou aparans. Se pa kesyon jan yon moun wo oubyen jan l' fò. Mwen pa wè jan lòm wè. Se pa limenn."

Izayi te prezante dezyèm pitit la bay Samyèl. Yon lòt fwa ankò, se pa limenn Bondye te chwazi. Izayi te prezante sèt nan pitit li yo bay pwofèt la. Aprè l' te fin rankontre avèk yo chak, Bondye te di: "se pa limenn."

Finalman, Samyèl te di Izayi, èske w pa gen lòt pitit?" O, mè wi. Mwen gen yon lòt ankò. Li nan bwa a ap gade mouton."

Samyèl te di: "voye chèche l'. Mwen p'ap manje tout tan m' pa wè l'."

Kon David te antre nan sal la, Samyèl te kapab wè ke li te yon jèn òm byen enteresan, an bon sante epi bo gason. Bondye te di: "se limenn mwen chwazi! leve epi wenn li." Konsa Samyèl te wenn li avèk lwil. Aprè sa, Lespri Bondye a te kite wa Sayil epi vini sou David nan yon fason pwisan.

Depi lè sa a, wa Sayil te gen yon move lespri ki t'ap toumante l' jouk lè l' mouri. Sèvitè l' yo te konnen sa byen. Sèvitè l' yo te di l': "pèmèt nou chèche yon moun ki konn jwe ap pou ou. Avèk sa, mizik li yo kapab ede w lè move lespri a vin sou ou."

Lè Sayil te dakò, yonn nan sèvitè l' yo te di: "mwen te tandè pale de yon jèn gason ki abil anpil nan jwe ap. li se pitit Izayi, ki moun lavil Bètleyèm nan. Se pa ap sèlman li konn jwen byen, li konn goumen byen tou epi li konn pale byen devan moun. Li se yon sèvitè Bondye tou.

Sayil voye chèche David. Lamenn lè David te vini, li te kontan wè l'anpil. Li te chwazi David pou l' pote zam li, men li te konn jwe ap tou pou Sayil lè move lespri a t'ap toumante'l. Son ap li a te apeze lespri wa a epi pote lapè pou li.

85 – Golyat

1 Samyèl 17

Filisten yo te anvayi Izrayèl yon lòt fwa ankò. De lame yo t'ap fè fas kare lòt bò yon ravin. Sibitman, yon gwo sòlda filisten te pase devan. Li te gen 9 pye, 9 pous de otè.

Li te kriye: "poukisa nou pa prepare pou nou goumen. Annou fè sa nou de. Voye yonn nan nou kote m' pou mwenmenm avè l' nou goumen ansanm. Si sòlda nou an tiye m', nou va tounen esklav nou. Men si se mwen ki tiye sòlda nou an, noumenm izrayelit yo va tounen esklav nou. Vini non! Voye yon sòlda vini epi an nou goumen."

Pa gen pèsòn ki te aksèpte leve defi a. Se konsa, maten e swa li t'ap rele izrayelit yo pou l' mande yo pou yo te fè sa. Sa te kontinye konsa pandan 40 jou. Wa Sayil te ofri yon rekonpans pou nenpòt moun ki te rive bat jeyan sa a. li te di: "nenpòt moun ki ta fè sa, m ap fè l' rich epi l'ap kapab marye avèk yon pitit fiy mwen."

Pandan sa t'ap pase konsa, Izayi te di David: "Al vizite frè w yo, pote enpe manje pou yo. Lè w tounen ou va fè m' konnen kòman lagè a ap mache."

Se konsa David te leve bonè epi li te ale kote batay la t'ap fèt la. Li te wè sòlda yo ranje nan lin pou yo goumen. Li te remèt manje a bay moun ki responsab pwovizyon yo, aprè sa, li te kouri al wè sa k' t'ap pase.

Sibitman, Golyat te kòmanse lanse defi l' la ankò. "vini! Voye yon moun isit la epi an nou goumen – sòlda avèk sòlda. Sila ki genyen an, genyen tout pou li." Tout moun te fè bak dèyè.

David te choke, lè l' te wè sa. Li te di: "kisa filisten enpi sa a panse l' ye, pou l'ap lanse defi bay lame Bondye vivan an?"

Pi gran frè David la te fache: "sa w ap fè isit la? Retounen al jwenn mouton w' yo. Lagè pa pou timoun, se pou granmoun sa ye."

David te reponn li: "mwen pa t fè anyen ki mal. Mwen te sèlman poze yon kesyon."

Li te vire epi li te poze kesyon an ankò. « Kisa filisten enpi sa panse l' ye? »

Sayil te tandè kesyon David la epi l' te voye kote l'. David te di: "pa enkyete pou filisten sa a, mwen pral l' goumen avè l'."

Wa a te di: "li se yon gèye, yon nèg ki abitye goumen. Ou jèn, ou pa gen eksperyans."

David te reponn, li te di: "m'ap veye mouton papa m' yo. Chak lè yon ous oubyen yon lyon vin chèche pran yon mouton, mwen sezi l', mwen tiye l'. Bondye te toujou avè m'. Li te toujou ban m' laviktwa. Filisten enpi sa, se menm jan avèk yon lyon oubyen yon ous. Bondye va banm viktwa sou li tou."

Sayil te di l': "ale, ke Bondye avèk ou."

Après sa, li te bay David inifòm militè li a, men li pa t' kapab mache avè l' paske l' te twò lou.

Li te di: "mwen pa kapab sèvi avèk sa. Sa anbarase m', mwen pa kapab mache avè l'!"

David pran baton bèje l' la avèk yon flonn. Li te desann nan sous dlo a, li te pran senk ti wòch, li te mete yo nan yon ti sak. Aprè sa, li te kòmanse mache al jwenn filisten an.

Golyat te wè David ap vini. Li te rele li te di: "Èske mwen se yon chyen, epa w pran baton pou w vin goumen avè m! vini, m'ap bay zwazo yo vyann ou pou yo manje."

David te rele li te di tou: "w'ap vin jwenn mwen avèk epe, avèk lans, men, m'ap vin jwenn ou nan non Bondye. Ou te meprize l'. Poutèt sa mwen pral koupe tèt ou e mwen pral bay zwazo yo kò w pou yo manje l'. Batay sa a, se batay Bondye, li déjà banmwen ou."

Golyat te kòmanse mache al bò kote David, men David t'ap kouri al rankontre avè l'. li te foure men l' nan ti sak la, li pran youn nan ti wòch yo, li te mete l' nan flonn lan. Li te lanse l' kont Golyat. Li te

fwape Golyat nan fwon l' mòtèlman. Li te tonbe fas atè. David te kouri, li te rale nepe |golyat la nan fourò li, e li te koupe tèt jeyan an.

Tou lè de lame yo te sezi lè yo te wè sa. Filisten yo te vire, yo te kouri. Izrayelit yo te pouse yon kri de viktwa epi yo te kouri dèyè filisten yo. Anpil filisten te mouri jou sa a.

Sayil te mande Abnè, kòmandan lamel' la: "kimoun jèn òm sa ye?"

Abnè te reponn li: "li pa konnen."

Sayil te voye chèche David. Li te vini epi li te kanpe devan wa a, avèk tèt jeyan an nan men l' toujou. Syil te di l': "kimoun ou ye? Kimoun ki papa w?"

David te reponn: "mwen se pitit Izayi, yon mesye nan vil Bètleyèm."

Sayil pa t' kite David retounen lakay li. Li te mete l' pami kòmandan yo nan lame a.

86 - David Resevwa Yon Madanm

1 Samyèl 18

Aprè lamò Golyat la, pitit Gason Sayil la te vin yon bon zanmi David. Amitye ant de mesye sa yo te gran. Jonatan te bay David tout sa l' te bezwen pou l' te goumen nan lagè, avèk tout sa l' te bezwen pou l' te travay lakay wa a tou. David te gen siksè kòm yon kòmandan nan lame a. Tout pèp la te renmen l', e sòlda l' yo te atache avèk li. Yon jou pandan Sayil avèk lame l' la te sòti nan lagè, fanm ki te sòti nan plizyè vil te salye yo an dansan e an chantan. Chan sa yo te di: "Sayil tiye mil. David tiye 10 mil.

Sayil te fache poutèt sa. Li te di: "tande yo. Yo bay David plis valè pase m'. Kisa yo va fè aprè sa? Yo va ba l' wayòm nan. Depi jou sa a Sayil t'ap fè jalouzi kont David, jouk li te mouri.

Nan demen, Bondye te pèmèt yon move lespri antre nan Sayil. Li te kòmanse aji tankou yon moun fou. Se toujou David ki te dwe jwe ap pou wa a lè l' te nan eta sa a. Pandan David t'ap jwe pou Sayil, Sayil te di nan limenm: "m'ap fini avè l' fwa sa a kounye a. m'ap kloure l' nan mi an." Lè l' te jwenn bon okazyon an, li te pran yon lans, li te lanse l' dèyè David. David te gentan wè sa nan bon moman, Bondye te fè l' gentan chape. Men David te toujou kontinye ap jwe ap la. Sayil te tann enpe tan pase, epi yon lòt fwa ankò, li te jwenn yon bon okazyon ankò, li te pran lans li, li te lanse l' dèyè David ankò. Yon fwa ankò, David te wè sa a tan, li te gentan chape.

Se konsa Sayil te rive konprann ke Lespri Bondye a te kite l' epi li te avèk David kounyea. Kòlè wa a te tounen pè kounyea.

Li te mete David alatèt 1000 sòlda epi li voye deyò pou yo al goumen. David te toujou genyen nan tout batay li fè. Sa te vin fè pèp la renmen l' pi plis, men sa te vin fè Sayil pè l' pi plis.

Yonn nan pitit fiy wa a ki te rele Mikal te renmen David. Lè Sayil te konnen sa, li te fè yon lide. Li te fè yon plan kote filisten yo ta va tiye David. Wa a te voye sèvitè l' yo kote l' pou yo di l': "wa a tèlman renmen w, li ta vle pou w vin bofis li."

Lè David te tandè sa, li te di: "mwen pa yon nonm rich. Mwen pa kapab ofri wa a anyen pou pitit fi l' la."

"O non, wa a pa bezwen pou w ba l' kòb pou sa. Tout sa l' bezwen nan men w, se pou w fè revanj pou li kont lènmi l' yo. Li vle pou w tiye 100 filisten epi bay prèv ke yo te mouri.

David te kontan avèk kondisyon sa yo. Se konsa limenm avèk sòlda l' yo te sòti, yo te tiye 200 filisten epi yo te bay Sayil prèv ke yo te mouri. Sayil pa t' kapab fè lòt bagay ke bay David pitit fi l' la Mikal kòm madanm li.

Menm pi rès kounyea, Sayil te konsidere David kòm lènmi l'. Jouk lè sa a, Bondye te toujou bay David laviktwa, chak lè li t'al goumen. Li te gen siksè pase tout lòt ofisyè yo ki te nan lame a. li te vin gen plis renome chak jou.

87 - David Pwoteje

1 Samyèl 19

Sayil vle pou David mouri. Se konsa li te pale avèk sèvitè l' yo avèk Jonatan pou yo jwenn li epi pou yo tiye l'. Jonatan te kouri al di David: "kite isit la, al chèche kote pou w kache. Mwen pra l' pale avèk papa m' pou m' wè si m' kapab antann avè l'. Mwen va fè w konnen si sa mache byen."

Jonatan te pale avèk papa l', li te di l' ke David se te yon sèvitè fidèl e ke li pa t' fè anyen pou fè wa a fache. Sayil te koute pitit gason l' lan e l' te pwomèt pou l' te kite David viv. Konsa, David te retounen lakay wa a epi li t'ap sèvi li. Lagè te eklate ankò avèk filisten yo. David te mennen lame nan lavikwa kont yo ankò.

Yon lòt fwa ankò, Bondye te pèmèt yon move lespri antre nan Sayil. Pandan David t'ap jwe ap, Sayil te pran yon lans epi li lanse l' dèyè l'. David te kouri sòti deyò, li te kite chanm lan.

Sayil te rele sekirite l' yo, li te di yo pou yo al chèche David lakay li, nan maten epi tiye l'. Mikal te tandè sa, epi li te avèti mari l'. Li te di: "ou dwe ale aswè a. y'ap vin isit la pou yo tiye w demen maten."

David te pase nan fenèt la, Mikal te ede l' desann atè. Li te mete yon estati sou kabann li an epi l' te mete yon po kabrit sou tèt li. Aprè sa, li te kouvri l'. Nan maten, li te di sekirite Sayil yo: "li malad, li kouche nan kabann li."

Yo te ale epi yo te di wa a sa. Li te di yo: "al chèche l'. Mennen l' vini avèk tout kabann lan pou m' kapab tiye l'."

Lè yo ale nan kabann lan, yo te jwenn estati a avèk po kabrit la. Sayil te rele Mikal, li te di l': "kòman w ka fè ban m' manti epi kite lenmi m' nan chape pou l' li?"

Li te di: "li te fòse m' fè sa. Li te di m' l'ap tiye m' si m' pa fè sa."

David te al kote Samyèl epi li te rakonte l' tout sa ki te pase. Sayil te konnen David te avèk Samyèl, sa te fè l' voye kèk sekirite al chèche l'. Lè yo te rive la, yo te jwenn Samyèl chita avèk kèk pwofèt.

Sibitman sekirite yo te chita, epi yo te kòmanse pwofetize.

Alafen li te ale limenm. Lè l' te rive touprè kote yo te ye a, Lespri Bondye a te vin sou li, epi l' te kòmanse pwofetize pandan l' t'ap kontinye mache. Aprè sa, li te tonbe atè toutouni pandan rès jounen an e pandan tout nwit lan.

88 - Twa Flèch yo

1 Samyèl 20

David te di: "Jonatan, poukisa papa w ap chèche tiyem nan? Kisa m' te fè?"

Jonatan te reponn: "wa a pa vle tiye w. mwen pra l' konnen sa, si se konsa sa ye. Li p'ap kache m anyen."

David te di l': "Menm jan Bondye vivan an, e menm jan ou vivan an, papa w vle tiye m'. Li pa'p di'w sa paske l' konnen nou se de bon zanmi."

Jonatan te di l': "kisa w vle m' fè? Di sa w vle m' fè a, m'ap fè l'."

David te di l': "Demen mwen ta dwe nan bankè a avèk wa a. si l' remake mwen pa la, di l' w te ban m' pèmasyon pou m'al Bètleyèm pou yon sakrifis anyèl. Di l'se te enpòtan pou mwen te la, paske se yon fèt pou tout fanmiy lan. Si papa w aksèpte repons sa a, m'ap konnen tout bagay byen, epitou li pa rayi m'. Men si l' fache, sa ap klè pou nou de a ke li vle tiye m tout bon vre. Jonatan, si w wè li gen bon jan rezon pou l' rayi m', alò vini ... epi ou mèt tiye m'oumenm."

Jonatan te reponn: "mwen prale, mwen pral chèche konnen egzakteman sa papa m' panse de ou. Si sa w di a se vre, li vle tiye w, m ap voye w ale anpè. Men sonje nou te fè yon ve yonn avèk lòt, devan Bondye. Si mwen mouri, epi Bondye beni w, pran swen fanmi m'. Se pou w' renmen fanmiy mwen tankou pwòp fanmiy ou. Men plan mwen. Kache lòtbò gwo wòch ki nan jaden an. Mwen va konnen sa papa m'panse de ou. Aprè sa, m'ap vini la, m'ap tire twa flèch nan direksyon wòch la. M'ap voye sèvitè m' nan al chèche yo. Pandan l' prale, m'ap di l' yon bagay. Si m' di: "yo bò isit wòch la." Sa se yon sin ke tout bagay byen e ou mèt retounen. Men si m' repete: "yo lòt bò wòch la, se yon sin ke w bezwen kouri pou w sove lavi w, paske papa m'ap chèche tiye w."

Pandan premye jou bankè a, Sayil te remake David pa t' nan plas li a, men li pa t' di anyen. Dezyèm jou a, Sayil te di Jonatan: "kote pitit gason Izayi a? li pa patisipe nan bankè a ni yè ni jodia."

Jonatan te di: "mwen te ba l' pèmasyon pou l'ale Bètleyèm. Fanmiy li ap fè yon gran sakrifis anyèl, e frè l' yo te ensiste pou l' te al patisipe ladann."

Sayil te rele sou pitit gason l' lan, li te di l': "ou se pitit yon pwostitye! Mwen konnen sa w ap fè wi.

W'ap pran pou li. Èske w pa konprann ke l'ap pran wayòm ou an? Ou se yon wont pou fanmiy nou an. Kounyèa, al chèche l' mennen l' vini la a pou'm kapab tiye l'."

Jonatan te rele tou. Li te di: "kisa l' te fè? Poukisa ou vle tiye l' la?"

Sayil te pran yon lans li te lanse l'dèyè pitit gason l' lan. Jonatan te leve sou tab la epi li te ale. Li pa t' manje pandan yon jou, paske l' te wont pou sa papa l' te fè l' la. Nan maten, li te ale nan jaden avèk sèvitè l' la, li te tire twa flèch lòtbò wòch la. Etan sèvitè a t'ap kouri pou l' te al chèche yo, Jonatan te rele: "la lòtbò wòch la. Ou dwe kouri. Ale pi vit ke posib." Sèvitè a te jwenn flèch yo, e li te pote yo tounen. Jonatan te di l': "pran zam yo epi tounen lakay."

Aprè l' te ale, David te sòti kote l' te kache a. De mesye yo te bay akolad epi yo te kriye. Jonatan te di: "ou gen rezon. Papa m' deside pou l' tiye w, ou dwe ale. Men sonje kontra nou yonn avèk lòt la, avèk pitit ou yo avèk pitit mwen yo." Aprè sa, David te ale e Jonatan te retounen nan vil la.

89 - David Ap Kouri Poutèt Sayil

1 Samyèl 21-22

David chape anba men Sayil sèlman avèk kèk moun pou ede l'. yo te ale kote Achimelèk, sakrifikatè ki te responsab lach Bondye a. Sakrifikatè a te di: "poukisa nou vin bò isit la?" Yo te reponn: "wa a te voye nou nan yon misyon espesyal. Li te di m' pou mwen pa t' di okenn moun kote m' prale. Mwen te pati tèlman vit, sa fè nou pa gen anyen pou nou manje. Silvouplè bannou enpe pen."

Achimelèk te di: "sèl pen nou gen la, se pen konsakre nou te retire nan lye sen an. Se sèl sakrifikatè ki gen dwa manje yo."

Se te pen rasi yo te retire sou lotèl la, avan yo te mete lòt pen konsakre cho yo. Sakrifikatè a te di: "mwen panse nou kapab jwenn pen rasi la, men se si sèlman moun ou yo pwòp devan Bondye.

David te di: "nou tout nan misyon pou wa a, poutèt sa nou tout nou te kenbe tèt nou pwòp devan Bondye. Se konsa Achimelèk te ba yo yon kantite pen rasi. David te note ke Doèg, moun peyi Edon an te wè tout sa ki te pase a. Li se te bèje an chèf Sayil la.

David te di Achimelèk: "mwen te sòti si rapidman ke mwen te bliye pran zam mwen yo. Èske ou gen yon lans oubyen yon nepe mwen kapab sèvi avè l'?"

"Sèl nepe mwen gen la a, se sa w te pran nan men Golyat la. Ou kapab pran sa a. se sèl sa mwen genyen."

David te pran nepe a e kontinye chape anba men Sayil. Li te ale Gat, yon vil peyi filisten yo. La, Sayil pa t' kapab jwenn li. Men gen moun ki te di wa filisten yo: "se David wi, sila yo konn ap chante pou li a: "Sayil tiye 1000, David tiye 10.000."

Lè David te tandè sa, li te fè kòm si l' te fou. Moun nan tan sa a pa te konn tiye moun ki te fou, paske yo te pè l' poutèt li te kapab gen yon move lespri nan li.

David te kòmanse ap fè grimas, li t'ap make sou batan pòt yo, li te kite bav li ap koule nan bab li. Lè wa a te wè sa, li te di: "nonm sa a fou, mete l' deyò isit la."

David te kite Gat epi li te sere nan yon gwòt. Frè l' yo te mennen tout paran l' yo ba li, pou yo te kapab pwoteje devan Sayil. David te pran tout paran l' yo, li te mennen yo Moab epi li te kite yo la anba pwoteksyon wa peyi Moab la. Rapidman, moun te kòmanse vin jwenn David. Moun sa yo, se te moun ki te gen kèk pwoblèm oubyen ki te chaje anba dèt. Alafen te gen 400 moun ki te al jwenn David. Li te devni lidè yo.

Doèg moun peyi Edon an te al kote Sayil epi li te di l': "mwen te wè Achimelèk bay David manje epi nepe Golyat la tou."

Sayil te voye chèche Achimelèk avèk tout 85 sakrifikatè yo li te gen avè l' yo. Sayil te mande yo: "poukisa nou te ede pitit gason Izayi a? nou konnen li te vle tiye m'"

Achimelèk te di: "mwen te panse li se te yon sèvitè fidèl pou ou. Epiou li se bofis ou. Mwen pa t' konnen te gen pwoblèm antre nou."

Sayil te di sekirite l' yo: "tiye tout moun sa yo, yo avèk David."

Sekirite yo te sezi, yo pa t' fè okenn mouvman, paske yo pa t' vle tiye sakrifikatè Bondye yo. Sayil te vire kote Doèg moun peyi Edon an, li te di l': "tiye tout moun sa yo avèk tout sa yo posede." Se konsa Doèg te tiye tout sakrifikatè yo, madanm yo pitit yo e menm bèt yo. Se yon pitit Achimelèk ki te rive chape. Li te kouri e li te rakonte David tout sa ki te pase.

90 - Yon Moso Nan Manto Sayil la

1 Samyèl 24

Sayil te kòmanse chase David, plas aprè plas. Yon lè yo te rive nan yon gwo mòn, David avèk moun pa l' yo te nan yon bò, Sayil avèk lame l' la te nan yon lòt bò. Si Sayil te ale yon tikras pi lwen, li t'ap wè David epi li t'ap kapab pran l'.

Men lè sa a, yon mesaje te vin di Sayil: "kouri! Ou dwe retounen, filisten yo te anvayi peyi nou an. Se konsa Sayil te oblije fè retrè pou l' te al sove nasyon an anba men filisten yo. Aprè sa, wòch sa a te rele kote sa a: "wòch chape a."

David te deplase ale avèk moun li yo nan tèt mòn Angedi. Aprè Sayil te fin goumen avèk moun filisten yo, li te tande David te Angedi. Li te chwazi 3000 nan pi bon sòlda l' yo li te voye yo Angedi. Pandan l' t'ap ale la, Sayil te rete nan wout, li te antre nan yon gwòt pou l' repoze, li pa t' konnen David avèk lame l' la te deyè a nan gwòt la. Sòlda David yo te di l' ke Bondye te livre Sayil ba li. Yo t'ap di l' tiye l'. Olye l' te fè sa, frankilman David te ale tou pre Sayil epi li te koupe yon moso nan manto l' la. Lamenn li te santi li koupab poutèt li te fè sa a. Li te di sòlda l' yo: "Bondye te wenn Sayil pou l' wa sou pèp Izrayèl la. Menm ti dwèt mwen pa t' dwe touche l'. Li te kite mesye l' yo deyè pou Sayil te kapab sòti nan gwòt la anpè.

Pandan wa a t'ap mache ale, David te sòti deyò epi l' te rele: "O wa mèt mwen!" Sayil te kanpe epi l' te gade deyè. David te kanpe laba li te di: "kimoun w'ap koute? Kimoun ki di w mwen vle tiye w la? Gade moso manto w la nan men m', li manke paske m' kenbe l' nan men m'. Bondye te livre lavi w nan men m', lè w te vin nan gwòt sa a. Sòlda yo te di'm tiye w. Men, mwen pa te fè sa, paske w se wa mwen. Ou se lwen de Letènèl, mwen p'ap janm tiye w."

"Koute sa m'ap di. Mwen pa t' jan m' peche kont ou. Jouk kounyea w ap chèche tiye m'. Mwen mande Bondye pou l' sèvi kòm jij antre nou e mwen konnen l'ap fè sa byen. Men mwen p'ap janm tiye w."

Lè Sayil te tande sa, li te touche epi li te kriye. Li te di: "O pitit mwen David, ou pi bon moun pase m', ou toujou fè m' dibyen pou tout mal mwen te fè w'. Gade jan Bondye te livre m' ba ou, epi ou pa tiye m'. Kimoun ki konn tande yon bagay konsa?"

"Kounyea mwen konnen se vre, ou va wa sou pèp Izrayèl la. O David pitit mwen, sèman ban m' devan Letènèl, lè w va wa, ou p'ap tiye desandan mwen yo. Pinga efase non papa m' nan tribi nou an."

Se konsa David te fè sèman sa bay Sayil. Aprè sa, wa a te pran lame l' la, li te retounen lakay li. David te retounen al cache.

Prèske menm lè a, pwofèt Samyèl te mouri e tout moun te an dèy poutèt lamò li.

91 - Abigayèl

1 Samyèl 25

David avèk sòlda l' yo t'ap viv nan menm zòn avèk yon nonm rich ki te gen anpil bèt ki te rele Nabal. Se te yon desandan Kalèb. Se yon nonm ki te mechan e di. Men l' te gen yon bèl madanm, ki te bon moun pou fason l' te trete lòt moun. Li te rele Abigayèl.

Lame David la ki te nan zòn nan te bon pou li anpil, paske bann vòlè ki te konn sòti lòt kote pa t' kapab vin pran bèt li yo. Nabal pa t' ankò envite David avèk sòlda l' yo nan fèt li fè chak ane lè l'ap tonn mouton l' yo. Se konsa David te voye 10 jèn gason kote l' avèk mesaj sa a: "lapè avèk ou, avèk moun pa w yo tou. Mwen respekte w menm jan mwen respekte papa m. Mouton w yo va fè w konnen nou pwoteje bèt ou yo depi tout tan nou t'ap viv nan zòn sa a. Kòm nou p'ap ale nan fèt w'ap fè a, silvoulè, voye enpe manje avèk pwovizyon pou nou pa jèn gason sa yo.

Nabal te di: "mwen pa konnen David, definitivman mwen pa papa l'. Esklav toujou ap kouri lwen mèt yo. Di l' se pou l' retounen kote l' te sòti a, mwen p'ap pran manje sèvitè m' yo pou m' ba etranje li."

Lè jèn gason yo te retounen, yo te di David tout sa Nabal te di. David te di sòlda l' yo: "pran nepe nou, m'ap pwoteje byen nèg sa a, epi se avèk ensilt l'ap peye m'. pa gen okenn moun k'ap rete vivan nan moun li yo demen.

Men yonn nan sèvitè Nabal yo te ale, li te di Abigayèl pawòl ki te pale epi sa k' te fèt. Li te di: "sòlda David yo se te tankou yon miray pou nou, tout tan nou te nan jaden yo. yo te pwoteje nou lajounen tankou lannwit, nou pa t' pèdi menm yon bèt pandan tan sa a epi mari w ensilte yo e refize ede yo. Ou dwe panse sa pou w fè, paske mari w te ofanse yon lame ki kapab tiye nou tout."

San l' pa t' di mari l'anyen, Abigayèl te prepare pwovizyon pou sòlda David yo. li te pran 200 pen, de kin diven, 5 pyès vyann mouton tou prepare, 100 mas rezen sèk, 200 fig sèch, li te mete yo sou plizyè bourik, epi li te mete tèt desann nan wout la.

Etan l' t'ap pase nan yon pwèn, li te wè sòlda David yo ki t'ap vini nan direksyon kote l' t'ap mache a. Li te desann bourik la epi li te kouri al jwenn yo. Li te mete ajenou fas atè, li te di: "se fòt mwen si yo pa byen trete mesye w yo. Mwen t'ap trete yo byen si m' te konnen yo te vini. Padone mari mwen, non l' vle di fou e se konsa li aji. Souple aksèpte kado sa yo."

"Se Bondye ki anpeche w fè revanj jodia. Li te toujou batay pou ou e li va toujou fè sa pou ou. Lè l' va mete w wa, ou va sonje jou sa klèman."

David te di: "Se Bondye ki te voye w la jodia. Sajès ou te anpeche m' vèse san epi fè revanj kont yon nonm ki te ofanse m'. Si w pa t' vin la a, tout gason lakay ou yo t'ap mouri." Aprè sa, li te aksèpte tout kado Abigayil yo.

Li te tounen lakay li. Lè l' te rive, li te jwenn Nabal ap fete tankou yon wa. Li pa t' di l' sa k' te pase. Li te sou e li t'ap dòmi.

Li te tann demen maten lè l' pa t' sou ankò, epi li te rakonte l' sa k' te pase, sa l' te fè yè lajounen.

Lamenm li te fè yon kriz kadyak. Li te rete nan koma pandan 10 jou. Aprè sa, Bondye te tiye l'.

David te tande l' te mouri epi li di: "tout glwa pou Bondye! Bondye te anpechem fè mal. Li te pini Nabal pou mal li te fè a."

Aprè sa, David te voye yon mesaj bay Abigayèl pou l' mande l' si l' vle vin madanm li. Li te dakò epi li te vin kote l'. Sayil te bay yon lòt gason pitit fiy li a Mikal kòm madanm.

92 - Epanye Moun Bondye Te Chwazi a

1 Samyèl 26-27

Yon lòt fwa ankò, Sayil te pran 3000 nan pi bon sòlda l' yo epi li te ale dèyè David. Jou lannwit sa a, yo te rete kanpe bò wout la. David te tandè kote yo te ye, konsa li te ale la pandan lannwit lan.

Sayil t'ap dòmi nan mitan kan an avèk sòlda l' yo ki te antoure l'. Abnè, kòmandan lame a te kouche bò kote l' la. Bondye te fè yo tout dòmi di.

David te pran yonn nan sòlda l' yo epi li te ale dwat kote Sayil avèk Abnè t'ap dòmi an. Sòlda ki te avèk David la te di'l: "jodia Bondye lage lènmi w lan nan men w. di sa w'ap di a, m'ap pèse l' avèk lans sa a e kloure l' atè a."

David te di: "Non ! Bondye te wenn li kòm wa pèp Izrayèl la. Bondye sèlman ki gen dwa frape l'. Li te fikse yon jou pou Sayil mouri. Nou dwe aksèpte sa konsa. Mwen p'ap janm touche yon moun ke Bondye wenn."

David te pran krich dlo wa a avèk lans li a ki te plante atè a bò tèt li. Yo te sòti nan kan an san pèsòn pa t' reveye.

Lè yo te nan yon distans kote yo pa t'an danje, nan tèt yon lòt mòn, David te rele kan Sayil la, li te di: "Abnè, koute m'!"

Abnè te reveye epi aprè sa li te rele tou, li te di: "kòman w fè oze reveye wa a, kimoun ou ye?"

David te di: "Abnè, ou se pi bon sòlda ki genyen nan peyi Izrayèl. Malgre sa, ou pa t' kapab pwoteje wa a, moun ke Bondye te wenn. Gen moun ki te vin nan kan an pandan ou t'ap dòmi. Gade toupatou. Kote lans wa a avèk krich dlo l' la?" yo te dwe egzekite w'."

Sayil te rele tou, li te di: "David, pitit gason m' nan, èske se vwa w' m'ap tandè la?"

"wi, mon wa, se vwa mwen. Kisa m' te fè ki fè w'ap chèche kraze m' tankou yon kriminèl la? Nenpòt moun ki pouse w pou vire kont mwen ap modi. Yo fè m' kite peyi a Bondye beni an."

Sayil te di: "O, pitit mwen David. Yon lòt fwa ankò ou te jwenn okazyon pou w te tiye m', men ou pa t' fè sa. Sa fè m' wè klèman ke mwen te peche. Mwen te yon moun fou. Retounen vin jwenn mwen, mwen p'ap tiye w."

David te di: "Wi, se vre. Bondye te lage w nan men m', men mwen te konnen ke mwen pa gen dwa frape wa a li te wenn nan. Se pou Bondye bay lavi mwen valè epi delivre mwen menm jan mwen te bay lavi ou valè a. Mwen vle pou Bondye wè mwen jis epi mwen fidèl anvè oumenm. Voye yon jèn gason vin pran lans ou a la a."

Sayil te di: "Piti gason mwen, se pou Bondye beni w! Ou va fè gwo bagay pou Bondye." Aprè sa, wa Sayil te tounen lakay li.

David te di sòlda l' yo: "yon lè Sayil kapab jwenn mwen e lè l' jwenn mwen l'ap tiye m'. Mwen dwe ale yon kote li pa kapab jwenn mwen. Ki pi bon plas ki genyen pase rete kote wa filisten yo."

Se konsa David te pran 600 sòlda l' yo epi li te ale Gat. Yo tout te pran fanmiy yo avèk yo. David te di wa a: "silvoplè ban m' yon ti vil ki tou prè a. Mwen pa mérite rete nan menm vil avèk yon gran wa tankou oumenm. Sa fè l' te bay David vil Siklag. David avèk sòlda l' yo te rete la pandan 1 an 4 mwa. Wa filisten yo te aprann fè David konfyans menm jan l' te fè sa avèk pwòp moun nan peyi l' la.

93 – Moun Ki Rete Veye Bagay Yo

1 Samyèl 29-30

Pandan filisten yo t'ap fè plan pou yo anvayi peyi Izrayèl, wa yo a te di David: "nou va ale avè m'. Mwen vle oumenm avèk sòlda w yo kapab sèvi kòm gad di kò pou mwen."

David te di: "se byen, kounyea ou pral wè sa sòlda m' yo avèk mwenmenm nou kapab fè."

Tout kò lame yo te rasanble nan yon plas kote yo te kapab egzamine yo pou yo te prepare yo pou lagè

a. Kòmandan filisten yo pa t' kontan, yo te fache lè yo te wè David avèk sòlda l' yo. Yo te di wa a:

"ou pa kapab Mennen Ebre sa yo pou yo al goumen ansanm avèk nou!"

Li te di: "David te fè defeksyon, li te kite lame Izrayèl la e li te fidèl anvè mwen depi lè sa a. Mwen pa gen okenn rezon pou m' doute de lwayote l'."

Kòmandan yo te move, yo te di: "mete l' deyò! Se sila yo te konn chante pou li: "Sayil tiye mil, David tiye 10 mil lan. Li kapab byen vire sanzatan kont nou nan mitan batay la. Sa ta yon bon mwayen pou li pou l' retounen jwenn favè wa Sayil ankò."

Wa a te ale kote David, li te di l': "ou se yon bon moun, mwen menm pèsònèlman, mwen ta renmen ou ale avèk mwen nan lagè a. Men kòmandan yo pa fè w konfyans. Poutèt sa, m'ap voye w tounen nan Siklag."

David te di: "kisa'm fè pou mwen mérite sa? Mwen te fidèl anvè oumenm depi premye jou a mwen te vin isit la."

Wa a te di: "mwen konnen sa, men de men m' mare. Nou mèt ale demen maten.

Konsa David avèk sòlda l' yo te ale. Lè yo te retounen Siklag, yo te jwenn te gen moun ki te sòti lòt kote, ki te vin atake epi brile vil la. yo pa t' tiye okenn moun, men senpman yo te pran tout moun epi ale avèk yo. Yo te pran tout fanm yo, tout pitit gason, pitit fi David avèk sòlda l' yo tou.

Mesye yo te kriye jouk yo pa t' kapab kriye ankò. Gen nan mesye yo ki te vle lapide David, men Bondye te kanpe avè l'. Li te lapriyè Bondye konsa: "Èske mwen mèt al atake asayan sa yo? Èske mwen va kenbe yo?"

Bondye te di l': "Ale dèyè yo. Ou va kenbe yo epi ou va retounen avèk tout sa yo te pran pou ou."

Konsa David te pran 600 sòlda l' yo epi li te ale dèyè asayan yo. Gen yon kote li te rive, li te oblije kanpe paske te gen 200 nan sòlda l' yo ki te fatige, yo p'at kapab ale pi lwen. Se konsa lòt 400 yo te kite pwovizyon yo sou kont 200 yo epi yo te kontinye.

Yo te jwenn yon esklav ki te pou asayan yo, ke yo te kite dèyè paske l' te malad. Li pa t' manje anyen depi twa jou. Sòlda David yo te ba l' manje avèk dlo, sa fè yo te ede l' reprann fòs.

David te di: "Èske w vle mennen nou kote asayan yo ye a?"

Li te di: "m'ap mennen nou kote yo ye a, si nou sèman nou p ap tiye m', epi nou p'ap remèt mwen ba yo." David te dakò.

Esklav la te mennen yo dirèkteman kote asayan yo te ye a. Yo te jwenn yo ap fete poutèt tout bagay yo te jwenn nan men filisten yo avèk Izrayelit yo. San avètisman, sòlda David yo te atake yo, yo te tiye pifò nan yo. Sèlman kèk nan yo te chape. Sòlda David yo te Mennen tout bagay yo te pèdi retounen, plis tout lòt bagay asayan yo te pran nan lòt vil yo. Lè yo te retounen kote 200 mesye yo ki te fatige a, gen kèk nan 400 sòlda yo ki te di: "yo pa t' al goumen avèk nou. Konsa madanm yo avèk pitit yo sèlman yo genyen ki retounen. Yo pa gen anyen nan lòt bagay nou te jwenn yo."

David te di: "Non, sa pa jis. Bondye te bannou yon gwo viktwa jodia. N'ap separe tout bagay egal ego avèk mesye yo ki te rete avèk pwovizyon nou yo." Se konsa sa te tounen yon lwa nan peyi Izrayèl depi lè sa a, pou jouk kounyea.

David avèk sòlda l' yo te retounen Siklag. Aprè sa, yo te voye yon pati nan bagay yo te pran yo nan plizyè vil nan peyi Izrayèl.

94 - Majisyèn Andò a

1 Samyèl 28

Fliisten yo te kòmanse avèk gwo envazyon yo t'ap fè kont Izrayèl la. Yo te antre nan peyi a epi yo te mete kan yo la. Sayil te rasanble lame l'epi li te prepare pou lagè. Li t'ap tranble tèlman l'te pè lè l'te wè jan lame filisten an anpil. Li te mande Bondye direksyon, men Bondye pa t' reponn li. Li te genyen yon silans total. Pa t' gen ni yon vizyon, ni yon sakrifikatè, oubyen yon pwofèt ki ba l' yon mesaj ki te sòti nan Bondye.

Li te vle pale avèk Samyèl, men li te mouri, e Sayil te detwi tout moun ki te fè konnen yo te kapab rele mò. Malgre sa, li te fin fou pou l' te pale avèk Samyèl. Li te di sèvitè l' yo: "chèche yon fanm pou mwen, ki kapab pale avèk lespri moun yo ki te mouri déjà yo. Mwen bezwen konnen sa k' pra l' pase."

Yo te di l': "gen yon fanm Andò. Li di li kapab rele e pale avèk mò."

Yon jou lannwit, Sayil te degize. Li te pran de sèvitè avè l', li te ale lakay fanm nan. Li te di fanm nan: "mwen bezwen pou w rele yon lespri pou mwen."

Li te di: "Èske se pa yon pyèj w'ap tann pou mwen? Ou konnen byen wa Sayil ap tiye nenpòt moun ki fè sa."

Li te di l': "koute m' byen. Menm jan Bondye vivan an, ou p'ap gen anyen poutèt w'ap fè sa a. Kilès nan mò yo ou ta vle mwen rele pou ou?"

"Fè Samyèl tounen pou mwen, mwen vle pale avè l'."

Sibitman fanm nan te wè Samyèl. Fanm nan te rele byen fò li te di wa a: "ou twonpe m'! Ou se wa Sayil!

Sayil te di l': "ou pa bezwen pè pou sa. Kounyea di m' kilès ou wè a?"

"Mwen wè yon lespri sòti nan tè a."

"kòman w wè figi l'?"

Mwen wè yon vye granmoun ki abiye avèk yon manto.

Sayil te konnen se te samyèl, se pou sa li tonbe ajenou avèk fas li atè. Pwofèt la te di l': "poukisa ou detounen m'? Kisa ou vle?"

Sayil te di: "O, mwen gen pwoblèm. Mwen pa konnen sa pou m' fè. Filisten yo anvayi peyi a avèk yon bann sòlda. Se poutèt sa mwen rele w. Silvouplè, di m' kisa pou m' fè."

Samyèl te di l': "Bondye se lenmi w kounyea, konsa kòman'w panse li ta kapab ede w? Mwen te déjà di w sa l' t'apral fè. Ebyen, finalman li deja fè sa. Li retire wayòm nan nan men w epi li bay David li. Ou pa t' obeyi Bondye, ou te refize fè sa l' te di w fè. Se pou èt sa, demen oumenm avèk pitit gason w yo va vin jwenn mwen. Bondye ap livre kan Izrayèl la nan men filisten yo.

Sayil te sezi anpil lè l' te tande sa epi li te rete atè a. li te fèb paske li pa t' manje anyen pandan tout yon jou. Fanm nan te di l': "m'ap fè enpe manje pou ou. Ou bezwen reprann fòs avan w ale."

An premye lye, wa a te refize, men sèvitè l' yo te dakò avèk fanm nan ke l' te dwe manje pou l' reprann fòs li avan l'te ale. Alafen, li te leve, li te chita sou yon kabann pandan fanm nan t'ap prepare manje a. Li te tiye yon ti bèf gra, li te prepare l'. Li te fè kèk pen. Sayil avèk sèvitè l' yo te manje manje a. Aprè sa, yo te ale nan lannwit lan menm.

95 - Sayil Avèk Jonatan Mouri

1 Samyèl 31 - 1 Kwonik 10

Lagè ant filisten yo avèk Izrayèl la te rèd anpil. Anpil Izrayelit te mouri, san konte anpil lòt ki te kouri kite batay la. Twa nan pitit Sayil yo te mouri, Jonatan te pami yo tou.

Yon flèch te fwape Sayil. Li te konnen l' t'apral mouri. Li te di nèg ki te pote zam li yo: "wete nepe w la nan fouwo l', tiye m' ! Si payen sa yo jwenn mwen vivan, yo va tòtire m' jouk mwen mouri. "

Nèg ki te pote zam wa yo te refize tiye wa l' la, se konsa Sayil te lage kò l' sou pwòp nepe l' la epi li te mouri.

Yon nonm t'ap pase bò la, se te yon sòlda ki te pou Izrayèl, men ki te moun lòt peyi. Li te wè Sayil te mouri, li te pran kouwòn wa a nan tèt li pou l'te pote l' bay David.

Lè moun ki t'ap viv nan zòn sa a te wè tout lame Sayil la te detwi, yo te kite vil kote yo te rete yo, pou yo te sove lavi yo.

Nan demen, Filisten yo te retounen kote batay la t'ap fèt la, pou yo te pran bagay yo ki te sou moun ki te mouri yo. Se konsa yo te jwenn Sayil avèk twa pitit gason l' yo. Yo te koupe tèt Sayil epi yo te mete kò l' sou miray yon vil. Aprè sa, yo te mete kò pitit li yo menm jan an tou, bò kote l'. Yo te pran zam li yo, yo voye yo ale nan peyi yo. Yo te mete yo nan tanp idòl yo. Bri lamò Sayil la te kouri nan tout peyi yo a.

Lè nou retounen nan moman kote Sayil te vin wa a, premye bagay li te fè, se te al pote sekou bay yon vil Amonit yo te menase. Yo te di yo t'ap kreve zye dwat tout moun ki te nan vil la. Lè vil sa a tandè ke kò Sayil te pandye anwo yon miray, yo te vwayaje tout lannwit pou yo te jwenn li. Lè yo te rive, yo te desann li sòti sou miray la, yo te fè menm bagay pou kò pitit li yo. Lè yo te fin antere yo, yo te fè jèn pandan sèt jou.

Nèg ki te pran kouwòn wa Sayil la te ale Siklag pou l' te fè David konnen kòman Sayil avèk pitit li yo te mouri.

David te mande l': "Kòman w te fè konnen ke Sayil avèk Jonatan te mouri?"

Nonm nan te di: "mwen t'ap mache kote batay la t'ap fèt la, wa a te wè m', li te rele m' li te di: vini isit la, tiye m'avèk nepe w la. Chyen payen sa yo va la nan kèk minit, si yo jwenn mwen vivan yo va tòtire'm. Konsa mwen te fè sa l' te di m' fè a. Mwen te pran nepe m' e mwen te tiye l'. Donk, mwen pote kouwòn li an pou ou."

David te chire rad li epi li te plere avèk tristès. Limenm avèk sòlda l' yo te an dèy pou Sayil avèk Jonatan. Aprè sa, David te di nèg la ki te vini avèk nouvèl sa yo: "ou admèt se oumenm ki tiye moun Bondye te wenn nan." Li te vire bò yonn nan sòlda l' yo, li te di l': "rale nepe w la, tiye nonm sa a!" David te kontinye an dèy pou Jonatan avèk wa Sayil ki te mouri a.

96 - Jorab Avèk Abnè

2 Samyèl 1 e 1 Kwonik 2:16- 12:22

Lè David te rete nan Siklag, vil filisten yo, gen moun ki te sòti nan tout tribi nan pèp Izrayèl la, ki te kontinye ap antre nan lame l' la. Yo te vin jou aprè jou jouk li te vin gen yon gran lame. Aprè Sayil te mouri, David te mande Bondye si l' te dwe retounen nan yon vil nan Jida. Bondye te di l' ale Ebron.

Konsa, David te pran lame l' la avèk tout fanmiy yo epi yo te ale nan tout vil ki te nan anviron Ebron yo. Moun peyi Jida yo te vini, yo te mete David wa sou tribi yo a.

Tout lòt tribi yo te genyen Abnè, kòmandan lame Sayil la, kòm lidè yo. Yo te pran Ichbochèt, yon pitit gason Sayil, yo te mete l'wa sou tout Izrayèl eksèpte sou Jida. Sa te pwovoke yon lagè ant de gwoup yo.

Abnè te mete nèg li yo deyò pou l' te afronte lame David la, ki te kòmande pa Jorab, yon pitit sè David. De lame yo te kontre ansanm nan de bò yon letan. Abnè te rele Jorab li te di: "An nou chak kan chèche 12 moun ki pou goumen pou nou." Se konsa chak bò te voye 12 moun pou yo goumen. Tout 24 sòlda yo te konn goumen byen, konsa chak nèg te tiye nèg ki t'ap goumen avè'l la. Tout 24 sòlda yo te mouri.

Avèk sa, de kan yo te antre nan goumen e Jorab te genyen batay la. Aprè yon batay ki te rès anpil, Abnè avèk lame l' la te kouri. Yonn nan frè Jorab yo te kouri dèyè Abnè. Jenn gason sa te konn kouri anpil, men li pa t' kapab goumen avèk Abnè.

Abnè te wè frè Jorab la pral jwenn li, li te rele dèyè, li te di l': "ale dèyè yonn nan sòlda m' yo ki pi sanble avè w. Goumen avè l'epi ou va wè sa k' va rive."

Men, jèn gason an pa t' koute konsèy sa a. Li te kontinye ap kouri dèyè Abnè. Yon lòt fwa ankò, li te avèti l', li te di l': "pa fè m' fè sa. Aprè m' fin tiye w, mwen pa'p janm kapab leve zye m' devan frè w la ankò."

Jouk lè sa a, jèn gason an te refize koute. Li te kontinye ap kouri dèyè Abnè. Kon l' te rive egzateman dèyè Abnè, gran gèrye a te tounen, li te tire lans li an nan lestomak jèn gason an. Li te tonbe atè, li te mouri.

Lame Jorab la te kontinye ap kouri dèyè sòlda Abnè yo. Lè solèy te leve, te gen ranfò ki te vin jwenn lame Abnè a. li te rele Jorab, li te di l': "annou kite batay la. si nou kontinye goumen, se plis doulè sa ap pote. Di sòlda w yo pou yo sispann kouri dèyè frè yo."

Jorab te rele, li te di: "ou gen rezon. Nou t'ap goumen tout lannwit lan ou pa t' di anyen. Se konsa Jorab te sonnen twonpèt epi sòlda l' yo te kanpe. Toulède lame yo te retounen nan vil yo, e Jorab te antere frè l' la nankavo fanmiy yo a, nan Bètleyèm.

Lagè a te kontinye ant Jida ak Izrayèl. Pèp Jida a te mache avèk David kòm wa yo epi Ichbochèt te wa sou tout lòt tribi yo. Se yon lit ki te long epi di anpil. Gouvènman David la te vin pi fò chak jou, tandiske gouvènman Ichbochèt la t'ap vin pi fèb chak jou.

97 - David Tabli Kòm Wa

2 Samyèl 3-4 e 1 Kwonik 11: 1-3

Wayòm Ichbochèt la kontinye vin pi fèb. Jouk kounyea, enfliyans Abnè te vin pi gran. Yon jou wa a te di l': "poukisa ou gen relasyon avèk konkibin papa'm nan?"

Abnè te fache, li te di: "kòman w te fè oze pale avè m' konsa? Sèl sa ki fè mwen kontinye kenbe w, mwen pa remèt ou bay David, se lwayote m'anvè papa w. Kounyea ou akize m', ou di mwen nan peche avèk fanm sa a. Poutèt sa, mwen pral met David wa sou tout pèp Izrayèl la."

Ichbochèt te rete san pale.

Abnè te voye yon mesaj bay David: "mwen pare pou'm ba ou wayòm Izrayèl la. Annou fè akò a."

David te di l': "gen yon bagay ki dwe fèt an premye avan pou m' fè okenn akò avè'w. Si w ap vini, se pou w Mennen banmwen madanm mwen Mikal, pitit fiy Sayil la. Pinga vini san li."

Sekirite yo te ale, yo te pran Mikal nan men nouvo mari l' la. Pandan yo t'ap mache nan wout la, mari a t'ap swiv yo dèyè, li t'ap kriye pandan l' t'ap mache. Finalman Abnè te vire, li te rele l', li te di l':

"Ale lakay ou. Konsa nonm nan te tounen, li te ale lakay li.

Abnè te rasanble ansyen Izrayèl yo, pou yo te mete yo dakò pou David te vin wa tout pèp Izrayèl la. Li te vini e li te pale avèk David. Yo te fè yon bankè ansanm pou yo te selebre nouvèl sa yo.

Après sa, Abnè te di: "mwen prale e mwen pral fè dènye aranjman yo pou kouwònman w nan. Après sa, ou va wa sou tout nasyon an. Après sa, David te voye l'ale an pè.

Jorab pa te la, lè tout bagay sa yo te fèt. Li te retounen kon Abnè te fin ale. Li te ale kote David, li te di l': "poukisa ou kite Abnè chape a? Èske w pa konprann tout bagay sa yo se yon trik pou yo pran w nan pèlen?"

Après sa, wa a pa t' konnen sa, Jorab te voye yon mesaj bay Abnè, ki te di: "Silvouplè retounen Ebron." Kon Abnè te retounen, Jorab te mande l' kanpe akote pou yo pale yon bagay prive. Kon l' te fè sa, Jorab te fwape Abnè nan lestomak. Li te tonbe atè, li te mouri.

David te dezole lè l' te tande sa k' te pase a. Li te modi Jorab avèk desandan l' yo. David te konnen ke Jorab tiye Abnè pou l' kapab tire revanj pou lamò frè l' la. Malgre sa, li te fè ni Jorab, ni Sòlda l' yo chire rad yo, mete sak sou yo, epi pran dèy pou Abnè.

Après sa, David te mache dèyè sèkèy la, epi li te kriye klèman bò kavo a. Li pa t' kapab manje anyen pandan rès jounen an. Li te di sòlda l' yo: "yon gran lidè pèp Izrayèl la te mouri jodi a."

Tout pèp Izrayèl la te pran nòt de sa David te di. Yo te konprann klèman li pa t' konnen anyen nan lanmò Abnè a.

De moun te ale lakay Ichbochèt epi yo te tiye l' te kouche nan kabann li, pandan l' t'ap pran yon ti repo nan aprè midi, yo te koupe tèt li, yo te pote l' bay wa David, pandan yo t'ap di: "lènmi w nan mouri."

David te di: "lè m' te Siklag, yon nonm te vini, li di m' li te gen pitye pou wa Sayil lè l' te tiye l' pou filisten yo pa't tòtire l'. Li te panse li te pote yon bòn nouvèl pou mwen, men mwen te fè tiye l'. Kounyea, nou vin di m' nou te tiye wa Izrayèl la, pandan t'ap dòmi nan kabann li." David te fè tiye toulède moun sa yo. Après sa, yo te koupe men yo avèk pye yo, epi yo te pann kò yo bò pisin Ebron an.

Tout tribi Izrayèl yo te rasanble, yo te mete David wa yo. Li te gen trant an lè sa.

98 - Vanyan Solda David yo

2 Samyèl 23:8-39; 1 Kwonik 11

David te devlope yon gwoup de trant sòlda, kit e reprezante kò elit la nan lame l' la. Se frè Jorab la ki te alatèt gwoup sa a, poutèt kouraj li. Men sila yo ki pi pwisan yo, se te yon egzanp pou tout lame a. Yo te rele yo : « gwoup twa yo.yonn nan twa yo te tiye 800 sòlda avèk yon sèl kout lans. Yon lòt nan yo te rete kanpe fèm pan rès lame a t'ap deplase pou l' te ale non yon pozisyon piwo.Lè sa a li te retounen, li te atake filisten yo po kont li. Li te tèlman goumen rèd, men l' te rete kole nan epe l' la. Alafen, lòt sòlda yo te retounen al ramase biten yo an sèlman nan kò sòlda yo ki te mouri yo.

Avan David te vèn wa, te gen yon tan kote limemnm avèk sòlda l' yo t'ap viv nan kache. Yon lè l' te vin swaf, li te di: A! Mwen ta renmmen bwè dlo ki sòti nan sitèn Bètleyèm nan. Nan tan sa a Bètleyèm te nan men filisten yo.

Gwoup twa yo te tande David te anvè bwè dlo sa a. Yo te sòti nan kan an, yo te ale Bètleyèm. Yo te desann nan vil la,yo te pran dlo nan sitèn nan. Aprè sa, yo te retounen sòti nan kan filisten yo san y opa t' gen pwoblèm. Lè yo te pote dlo a bay David,li te sezi wè jan yo te fè sa.. Li te di : mwen p'ap bwè dlo sa a. Sa se kòm si se san mesye sa yo ki te riske lavi yo pou yo te jwenn li an mwen ta bwè. Li te kanpe devan Letènèl li te vide l' tankou yon ofrand pou Bondye.

Tout sòlda David yo te rete fidèl anvè limenm aprè l' te vèn wa. Bondye te avèk li, li te tabli wayòm li an sou pèp Izrayèl la. Jerizalèm, se te yon vil fòtifye ki te twouve l' sou tèt mòn siyon an. Se te jebizyen yo ki te kontwole l'. David te di sòlda l' yo, nenpòt nèg ki ta pran vil sa a va vèn kòmandan lame l' la. Jorab te pran l'. Pou l' te fè sa, li te pase andedan tinèl dlo yo, pou l te ale lòt bò miray yo. Se konsa li te vèn kòmandan lame a.

David te chanje non vil la, li te rele l' "vil David la". Depi lè sa a kontinye se la ki te kapital gouvènman l' lan.

Lè filisten yo te tande li te vèn wa peyi Izrayèl, yo te deside goumen kont li. David te mande Bondye: "Èske'm mèt al goumen kont yo?"

Bondye te di l': "ale, m'ap lage yo nan men w. " Se konsa David te ale, epi li te venk yo.

Aprè sa, yo te anvayi peyi Izrayèl ankò. Lè sa li te mande Letènèl ankò: "èske m' mèt al goumen avèk yo?"

Bondye te di: "ale, men fwa sa a bare pa dèyè. Mete kan pa w la nan mitan yon gwoup pye bwa. Rete tann jouk ou tande kri lagè a nan tèt pye bwa yo. Lè sa a ou va konnen ke m'ap mache alatèt nou.

David te fè egzatemman sa Bondye te di l' pou l' fè a. Li te venk filisten yo, li te mete yo deyò nèt nan peyi a.

99 - David Deplase Bwat Kontra a

2 Samyèl 6 e 1 Kwonik 13, 15- 17

Yo te bliye lach Bondye a pandan Sayil t'ap gouvène peyi a. David te deside mete l' nan nouvo kapital li a. Li te voye yon mesaj nan tout peyi Izrayèl. Li te envite tout moun pou yo te vin patisipe avè l' nan gran evenman sa a.

Pèp la te dakò ke sa te yon bon bagay pou yo fè. Malerezman yo pa t' swiv jan Bondye te di pou yo deplase lach la. Olye yo te fè sa jan l' te di pou yo f'è l' la, yo te mete l' nan yon kabwèt nèf epi yo te rale li avèk yon pè bèf.

Pandan kabwèt la t'ap ale nan direksyon Jerizalèm, wa a avèk pèp la t'ap mache a pye, pandan yo t'ap fete. Yo t'ap chante epi yo t'ap jwe enstriman mizik.

Sibitman, yonn nan bèf yo te bite epi lit e souke kabwèt la, epi lach la te panche. Yon nonm yo te rele iza te manyen lach la pou l' te fè l' kanpe dwat. Kon l' te manyen lach la, Bondye te fwape l', l. te tonbe atè li te mouri lamenm.

David te fache. Li pa t' konprann sa k' te pase a. Li pa t' konn poukisa Bondye te fè sa. Li te bezwen tan pou l' te panse sou sa, poutèt sa, li te mete lach la nan yon kay ki pa t' twò lwen nan zòn nan. Li te rete la pandan twa mwa. Nan tan sa a, Bondye te beni fanmiy nan kote lach la te ye a.

David te tandè jan Bondye te beni fanmiy sa, se pou sa yon lòt fwa ankò li te deside mennen lach la Jerizalèm. Fwa sa a, li te pale avèk levit yo pou yo pirifye tèt yo, epi pou swiv enstriksyon Moyiz te bay sou kòman pou yo te pote lach la.

Izrayelit yo te kontan anpil, lè l' t'ap antre nan Jerizalèm. Yo te ofri sakrifis pou Bondye, yo te kriye tèlman yo te kontan, epi yo te sonnen twonpèt. David te retire manto l' sou li, li te danse ak tout fòs li. Tout moun te pran plezi ansanm.

Mikal te pale avèk mari l', lè l' te retounen lakay li. Li te di l': "sa w te fè a fè moun wont. Ou retire rad wayal ou a sou ou, epi w t'ap sote toupatou tankou yon moun fou devan yon bann ti esklav."

David te reponn, li te di l': "mwen te desann mwen byen ba devan Bondye. Epi mwen pare pou'm fè l'ankò. Moun òdinè sa yo ou pale de yo a te onore m' pou tout rès lavi yo.

Mikal te pase tout lavi l' san l' pa t' jan m' gen timoun.

100 - David Mete Wayòm Li Sou Pye

2 Samyèl 7-9 e 1 Kwonik 17-18

David etabli wayòm li an epi li defann li kont nasyon yo ki te nan anvivon l' lan. Finalman, te gen lapè nan peyi Izrayèl la. Aprè sa, li te kòmanse panse pou l' bati yon tanp pou Bondye. Yon jou li te di pwofèt Bondye a: "mwen rete nan yon palè, pandan lach Bondye a kontinye nan yon tant."

Pwofèt la te dakò, li te di: "gade, fè tout sa kè w di w fè, paske Bondye ap kontan avèk sa."

Nan lannwit, Bondye te pale avèk pwofèt la . Li te ba l' yon mesaj pou David. Bondye te di l': "ou t'ap veye mouton lè m te mete w wa peyi Izrayèl la. Mwen te avèk ou tout kote w pase. Mwen te detwi tout lènmi w yo. Kounyea, m'ap mete non w nan lis non pi gwo nèg ki jan m'egziste. Dinasti wayal ou a va dire etènèlman. Men mwen p'ap pèmèt ou bati kay mwen an. Mwen te fè w yon nonm lagè. Ou te tiye anpil moun. Pitit gason w lan va yon nonm lapè, se limenm ki va bati yon kay pou mwen. Mwen va yon papa pou li. Mwen va kenbe wayòm li an solid."

Wa David te kontan lè l' te tande mesaj sa a, epi li te soumèt tèt li devan Bondye. E depi lè sa a, li te kòmanse voye zye sou nasyon yo ki te nan zòn nan. Li te anvayi peyi filisten yo, li te reprann tè yo te pran nan men pèp Izrayèl la. Aprè sa, li te atake moabit yo ak edonit yo, li te mete yo anba pouvwa Izrayèl.

Li te ale avèk lame l' yo nan Nò, li te venk nasyon aprè nasyon. Jerizalèm te vin rich avèk lò, lajan, bwonz, cheval yo te pote nan vil la. David te mete ganizon nan tout peyi sa yo pou l' te kapab kontwole yo. Li te sèvi avèk sòlda l' yo pou l' te kapab bati lame l' la. Yo te respekte epi onore non l' nan tout zòn sa nan lemond.

David te konsakre tout sa l' te jwenn pou Bondye. Li te rann pèp la jistis epi li te anseye yo pou yo te mache dwat.

Yon jou David te mande sèvitè l' yo: "Èske gen moun nan fanmiy Sayil la ki vivan toujou? Mwen ta renmen fè byen pou yo menm, Jonatan te fè m' di byen."

Yon sèvitè yo te rele Siba te pale l' de Mefibochèt, ki te yon pitit Jonatan. Li te gen senk an lè manman l' t'ap ba l' tete, te tande Sayil avèk Jonatan te mouri. Li te pè, li te pran kouri avèk tigason an sou zepòl li. Ti gason an te tonbe atè epi de pye l' yo te fwape. Depi lè sa a, toulè de pye l' te domaje, li pa kapab mache.

David te voye chèche l'. Lè l' te vini li te rete ajenou atè a devan wa a, li te di l': "mwen se sèvitè w !" David te di: "ou pa bezwen pè. M'ap fè w di byen menm jan papa w te fè m' di byen tou. M'ap ba ou tout tè ki te pou Sayil yo. Se poutèt sa tou, depi kounyea e a lavni ou va vin manje ansanm avèk mwen."

Mefibochèt te mete ajenou atè a ankò epi li te di: "mwen pa anyen, mwen se yon chyen mouri, poukisa ou konsidere m' konsa?"

Wa a te di Siba: "oumenm avèk pitit ou yo, nou va travay tè yo mwen te bay Mefibochèt la. Nou se sèvitè l' kounyea."

Mefibochèt te rete Jerizalèm. Li te manje sou menm tab avèk wa a. Li te vin tounen tankou yn.on nan pitit gason David yo.

101 - Amonit yo

2 Samyèl 10 e 1 Kwonik 19-20

Nan tout konkèk David te fè, li pa t' atake amonit yo, paske wa a te aji byen avè l', lè l' t'ap kouri devan Sayil. Aprè lamò wa amonit yo, yon pitit gason l' te ranplase l'.

David te voye yon gwoup moun avèk yon mesaj konsolasyon pou nouvo wa a. Lè moun yo te rive la, chèf amonit yo te di wa yo a: "moun sa yo pa vin isit la pou montre David gen lapenn pou ou, yo pa vin la pou montre lapenn pou papa w. se espyonaj yo vin fè. Y'ap kontwole vil nou an pou yo wè kote nou fèb."

Poutèt sa, nouvo wa a te pran moun sa yo li te fè yo koupe mwatye nan bab yo chak. Li te fè koupe rad yo rive nan mitan jouk bò kwis yo. Sa te fè pati anba nan kò yo te rete tou touni. Yo te retounen nan peyi Izrayèl byen wont.

David te tandè jan yo te meprize yo anpil, li te voye di yo pou yo rete Jeriko jouk bab yo repouse. Aprè sa, yo va retounen vin jwenn li. Amonit yo vin konprann sa yo te fè a pa t' bon, yo te fè David fache anpil. Se pou sa yo te kòmanse ogmante lame yo a. Yo te menm jwenn 33 sòlda nan lòt peyi pou yo te fè sa.

David te voye Jorab avèk lame l' la pou yo goumen kont amonit yo. Lè yo te pran pozisyon yo, lame amonit yo te ale nan yon pozisyon a kote izrayelit yo avèk sòlda etranje yo yon lòt bò. Jorab te dekouvri l' te nan mitan de lame, avèk de zòn kote yo pral goumen. Se pou sa li te separe lame Izrayèl la an de. Li te chwazi pi bon sòlda l' yo pou yo te goumen avè l' epi pou yo te atake sòlda etranje yo. Tout lòt yo te gen pou yo goumen anba kòmandman frè l' la.

Jorab te di frè l' la: "nou len nou fèt pou nou ede lòt, si gen bezwen pou sa. Mete w brav gason epi goumen rèd. Nou fèt pou nou pwoteje pèp nou an avèk vil Bondye yo. Se pou volonté Bondye fèt."

Batay la te rèd. Jorab avèk pibon sòlda l' yo te fwape sòlda etranje yo tèlman rèd, sa te fè yo te vire, yo te kouri. Lè amonit yo te wè sa, yo te tounen lakay yo, yo te antre nan vil fòtifye yo. Aprè sa, Jorab te pran lame l' la, li te retounen Jerizalèm.

Lame etranje a te reòganize yo, epi yo te retounen pou yo goumen ankò. Fwa sa a, David te vini avèk sòlda l' yo, li te detwi yo nèt. Li te tiye anviron 40000 sòlda. Sa k' te chape yo te retounen nan peyi yo, epi yo pa t' janm retounen nan peyi Amon ankò. David te tann jouk nan prentan pou l' te fin detwi amonit yo.

102 – Batcheba

2 Samyèl 11

Lè prentan an te rive, se te lè pou yo te atake amonit yo ankò. Nòmalmman, David te dwe ale avèk sòlda l' yo, men l' te deside rete lakay li.

Après l' te fin fè yon ti repoze yon après midi, li t'ap pwomennen nan lakou palè a, li te wè yon bèl fanm ki t'ap benyen. Li te voye rele yon sèvitè epi li te mande l': "kimoun fanm sa ye?"

"An, non l' se Batcheba, li se madanm Iri, yonn nan trant pi bon sòlda yo."

Savid te voye chèche l', se konsa li te ale nan palè a. Wa a te dòmi avè l' jou swa sa a. lè l' te wè li te ansent, li te konnen sa te sòti nan dòmi l' jou swa a avèk wa a. li te voye di David li ansent.

Wa a te deside pou l' kache sa l' te fè a. Se poutèt sa, li te voye yon mesaj bay Jorab lamenn. Nan mesaj la li te di: "voye Iri kote m"

Lè sòlda a te vini, wa a te mande l': kòman lagè a t'ap mache? Èske Jorab byen? Après Iri te fin ba l' yon rapò, wa a te di l' li mèt al jwenn madanm li lakay li avan l' retounen nan lagè a. Li te menm voye yon kado pou yo.

Iri te kite wa a, men l' pa t' retounen lakay li. Li te dòmi nan palè wa a avèk tout sèvitè wa yo. Nan maten wa a te rele l', li te mande l': "poukisa ou pa t' al lakay ou a? Li te reponn: "non ! Mwen pa t' kapab fè sa, lach Bondye a nan batay la. Lame Izrayèl la ap dòmi anba tant. Jorab avèk ofisye l' yo nan lagè, mwen pa kapab retounen lakay mwen epi viv alèz. Mwen pa kapab ap manje bwè avèk madanm mwen, pandan y'ap sakrifye tèt yo pou pèp nou an."

David te di: "rete isit la yon jou anplis, après sa, mwen va voye w tounen nan lagè a.

Après sa, wa a te mande Iri pou l' manje epi bwè avè l'. Nan aswè, David te fè l' bwè diven. Men, malgre sa li pa t'al lakay li, li te dòmi nan baryè palè a ankò.

Nan demen maten, David te voye yon lèt bay kòmandan lame l' la. li te di l': "mete Iri nan zòn kote batay la pi rèd la. Nan yon moman fikse, fè tout sòlda w' yo tounen dèyè epi kite l' mouri. Wa a te bay Iri lèt la tou sele, li te di l' pou l' remèt Jorab li. Li te retounen nan lagè a. Li te remèt lèt la bay kòmandan li an. Jorab te obeyi lòd la, li te mete Iri egzakteman nan kote ki pi danjere a. Nan moman li te fikse pou sa, tout moun te tounen dè, epi Iri te mouri. Batcheba te tande mari l' te mouri nan batay la, li te plenyen poutèt lamò li.

Jorab te kontinye goumen kont kapital amonit lan. Finalman, li te antre ladann, li te pran sous ki te ba yo dlo a. Li te voye di David: "vini isit la, vini avèk lame a nan kapital amonit yo, epi pran l', pou se oumenm ki jwenn glwa pou sa.

David te ale epi li te mennen lame a nan laviktwa kont vil amonit yo. li te kraze tout miray avèk tout kay amonit yo. li te pran tout bagay ki te gen valè yo epi li te mete pèp la ap travay nan fè brik.

David te tounen Jerizalèm, lè tan dèy Batcheba a te fini, li te pran l' pou madanm li. Yon ti tan après sa, li te fè pitit li a. Se te Bondye sèl te konnen afè peche l' la, men Bondye pa t' kontan ditou avèk sa.

103 - Istwa Natan an

2 Samyèl e Sòm 51

Bondye sèl te konnen peche david avèk Batcheba a. li te voye pwofèt Natan ki te kanpe kote wa a epi rakonte l'istwa sa a: "te gen de moun ki t'ap viv nan menm vil, yonn nan yo te rich. Li te gen anpil bèf avèk anpil mouton. Lòt la te pòv. Li te gen sèlman yon ti mouton, li te tankou yon pitit fiy pou li. Mouton an te grandi avèk pitit li yo tankou yon bèt domestik, li te manje nan menm asyèt avèk yo, li te bwè nan menm tas avèk yo epi li te konn menm dòmi avèk yo lèswa.

Nonm rich la te gen yon zanmi ki te vin vizite l', ki te sòti nan yon lòt vil byen lwen. Lè lè a te rive pou l' te fè prepare manje pou l' te resevwa zanmi l'lan, nonm rich la pa t' vle pran yonn nan mouton pa l' yo, pou l' te fè sa. Olye de sa, se mouton pa nonm pòv la l' te pran pou l' te fè prepare pou l' te resevwa resevwa zanmi l' lan."

Lè David te tande sa li te fache. Li te kanpe, li te di byen fò: "sa se pa serye, kòman nèg sa te fè mechan konsa, li mérite mouri. Li fèt pou l' bay nonm nan kat mouton, pou sa l' te pran an."

Natan te di wa a, nonm sa se oumenm. Men sa Bondye di: "mwen te mete w wa sou Izrayèl epi mwen te ba ou tout sa ou genyen yo. Mwen t'ap ba w plis ke sa, si w te mande m' sa. Bon, poukisa ou meprize m' kounyea pou w tonbe nan fè sa ki mal la? Ou te tiye Iri pa mwayen nepe amonit yo epi w pran madanm li. Poutèt sa, nepe pa p janm kite kay ou. Ou te fè tout sa an sekre, men mwen pral jije w piblikman. David te tonbe devan Natan li te di: "mwen te peche kont Bondye."

Après sa, li te ekri lapriyè sa:

O, Bondye! Gen pitye pou mwen.

Kenbe m' nan lamou ou.

Nan konpasyon w padone transgresyon m' lan.

Lave inikite m' nan e netwaye peche m' nan.

Mwen konnen mwen rebel. Peche m' nan toujou devan mwen ni lajounen ni lannwit.

Se kont ou menm mwen te fè peche.

Mwen te fè mal devan zye w.

Ou gen rezon ou te fache epi voye m' jete.

Mwen te toujou konsa depi tout tan.

Men mwen konnen ou vle ban m' leson.

Ede m' pou m' gen bon konprann nan fon kè m'.

Wete peche m' nan avèk yon branch izòp.

Jouk m'a vin pi blan pase koton.

Wete tristès mwen gen nan kè m',

Ranplase l'avèk kè kontan.

Wete peche m' yo epi ban m' yon kè pwòp ankò.

Ban mwen yon lespri byen dispoze.

Epi fè m' gen kè kontan Sali a bay la ankò.

Si w fè sa pou mwen, m'a bay lòt moun yo

Leson sou Jan'w vle pou moun k'ap sèvi w mache.

Natan te ale kote david epi li te di l': "Bondye te tande lapriyè w la. Li padone peche w la. Ou p'ap mouri, men pitit la ap mouri poutèt sa w te fè kont Bondye a.

Sibitman pitit la te tonbe malad. David te lapriyè Bondye pou l' pa t' kite l' mouri. Wa a pa t' kapab manje, li te pase ni lajounen ni lannwit atè a, li t'ap mande Bondye gras pou pitit la. Sèvitè l' yo t'ap chèche fè l' manje, men li te refize.

Après sèt jou pitit la te mouri. Sèvitè yo te pè di David sa. Yo te wè l' te chagren anpil lè pitit la te vivan toujou. Yo te panse li ta kapab fè yon move bagay kont tèt li, lè l' konnen pitit la mouri.

Wa a te wè yo t'ap pale tou ba antre yo, li te mande yo: "èske pitit la mouri?"

Yo te reponn li: "wi li te mouri"

Konsa, David te leve atè a, li te benyen. Li te mete rad pwòp sou li. Li te al adore nan kay Bondye a, après sa, li te voye chèche manje pou l' manje.

Sèvitè yo te sezi lè yo te wè sa. Li te eksplike yo poukisa li te aji konsa, li te di: "lè pitit la te vivan toujou, mwen t'ap mande Bondye gras pou li, pou l' te kontinye viv. Si l' te vle fè sa. Men kounyea li déjà mouri, mwen pa kapab fè anyen pou li ankò. Li pa kapab tounen viv ankò, men okontrè, se mwen ki kapab al jwenn li."

Après sa, Batcheba te fè yon lòt pitit, David te rele l' Salomon. Bondye te renmen Salomon epi li te di se limenm ki t'apral wa nan peyi Izrayèl la, lè wa David pa la ankò.

104 - Tama



2 Samyèl 13

Amnon se te pi gran pitit gason David la. Epi se te pitit prefere l' la. Amnon te gen plizyè bagay li te renmen, sòf yon bagay li pa t' renmen. Li te renmen demi sè l' la Tama. Li te bèl e l' te vyèj. Li t'ap panse sou li tout tan. Li te pran pòz li te malad, paske l' te vle gen relasyon avèk Tama.

Li te gen yon kouzen l' ki te mètdam anpil, kon l' te tandè nan ki eta Amnon te ye, li te fè yon plan. Li te di Amnon, rete kouche nan kabann ou, fè kòm si w malad. Kon wa a mande pou ou, voye fè l' konnen ou bezwen Tama pou l' fè kèk pen pou ou nan chanm lakay ou a. Di l' ou vle pou l' pote l' ba ou avèk pwòp men l'.

Amnon te swiv plan sa a, se konsa wa a te di Tama pou l' al ede frè l' avèk enpe manje. Etan l' te la a, Amnon te fè tout sèvitè l' yo sòti nan chanm nan, pandan l' t'ap ba l' manje a, li te kenbe l' epi l' te di l': "kouche avè m' sou kabann nan. Tama te di l' non ! Silvouplè kite sa. Sa se yon peche sal, mande wa a sa, li va remèt mwen ba ou. L'ap ba ou nenpòt bagay ou vle.

Men Amnon pa t' vle koute, li te pouse l' sou kabann nan li te vyole l'. Menm kote l' te fin fè sa a, li pa t' renmen l' ankò, li te vinn rayi l'. Li te di l' sòti isit la. Li te kriye li te di: "non ! Pa mete m' deyò. Sa w te fè a pa bon, men mete m' deyò ap pi mal toujou."

Amnon te rele sèvitè l' la, li te di l' : "mete fanm sa a deyò isit la." Kon l' fin sòti, klete pòt la."

Après l' te fin mete Tama deyò, Tama te chire rad li, rad ki te fè konnen l' te vyèj la, li te mete sann sou tèt li, epi l' t'ap kriye pandan l' t'ap mache. Absalon se te frè l'. Menm lè l' te tandè sa k' te pase a, li te sèmantè l' t'ap tiye Amnon. Men li te konnen l' te dwe byen prepare pou l' te fè sa. Konsa, li te fè sè l' la al lakay li. Li te di l': "pou kounyea pa mete sa nan lide w. Pa di pèsòn anyen sou sa.

Depi lè sa a, Tama te vin tris epi chagren. Absalon te koupe tout pawòl avèk Amnon. Wa a te move anpil lè l' te konnen afè vyòl la, men li pa t' fè anyen pou sa.

Après de lane, Absalon t'ap fè yon fèt pou tonn mouton l' yo, li te envite tout pitit David yo, li te fè yon fason pou Amnon te kapab la tou nòmalmàn. Absalon te ofri yon gwo bankè. Nan moman sa a, te genyen ase bagay pou tout moun te manje vant plen epi bwè mezi bwason yo te vle. Absalon te di sèvitè l' yo pou yo siveye Amnon avèk anpil atansyon. Tann jouk li gen kont bwason pou l' bwè, après sa tiye l'. Nou pa bezwen pè, nou p'ap gen pwoblèm. Se sèlman sa m' di nou fè a.

Yo te fè egzakteman sa l' te di yo fè a. Nan moman ki te pwopis la, yo te tiye Amnon. Lòt pitit David yo te kouri, pou yo te sove lavi yo. Nouvèl sa te rive jwenn wa a rapidman.

Yo te di l' Absalon te tiye tout pitit gason wa yo. David te chire rad li, li te tonbe atè. Finalman yon moun te di l' se pa vre. Se Amnon sèlman ki te mouri. Li te di: "Absalon t'ap prepare sa depi lè Amnon te vyole sè l' la.

Finalman, lòt pitit gason David yo te parèt nan wout la, epi yo te ale devan wa a. yo tout te kriye ansanm.

Absalon te kouri ale nan yon peyi vwazen, pou l' te kache pou papa l' pa t' jwenn li. David te pase twazan ap plere pou Amnon.

105 - Absalon Retounen

2 Samyèl 14

Après twazan, David te sispann plere pou Amnon. Lè sa a, li te kòmanse sonje pitit gason l' lan Absalon.

Men jiska prezan li pa t'ankò mande pou l' retounen sòti nan kache a.

Jorab te remake sa, se sa k' fè l' te chèche jwenn yon fanm ki te kapab fè sa byen. Li te mande l' pou l' te al kote wa a, epi li te di l' sa pou l' di. Li te ale kote wa a avèk yon wòb dèy sou li. Li te mete ajenou devan l', li te di l': "mon wa, ede m' silvouplè."

David te reponn li: "ki pwoblèm ou?"

Fanm lan te di l': "Après mari m' te mouri, mwen te gen sèlman de pitit gason. Sa pa t' pran twò lontan, yo te tonbe goumen antre yo. Pa t' gen pèsòn ki te fè yo kite sa. Rapidman, yonn te tiye lòt la. Kounyea, paran m' yo vle pou m' lage sèl pitit gason m' nan ki rete a ba yo. Yo te di, li dwe mouri, paske li se yon asasen. Mon wa, si sa ta fèt, non mari m' t'ap efase sou latè."

David te di l': "ou mèt ale lakay ou, m'ap okipe de sa pou ou. Si gen moun ki ta di sa pa jis, mennen yo ban m'."

Li te di: "silvouplè sèmante nan non Bondye ke pitit mwen an p'ap mouri pou sa l' te fè a."

David te di: "mwen sèmante sou sa, nan non Bondye ki vivan an. Pitit ou a p'ap mouri pou sa."

Li te di: "èske m' kapab poze w yon lòt kesyon ankò?"

"Mè wi, ki kesyon l'ye?"

Fanm nan te di l': "mwen konnen w te fè yon bon jijman pou mwen, paske w gen sajès Bondye a nan ou. Ou wè byen klèman sa ki bon ak sa ki pa bon. Se sa k' fè jijman sa a te yon bon jijman." Fanm nan te kontinye pale avè l' li te di l': "bon, jan w te fè jijman sa byen an, poukisa ou pa fè sa konsa pou tèt ou tou? Ou fè pèp Bondye a tò, paske w pa fè pitit gason w lan retounen nan peyi a. Nou tout va mouri yon jou. Men Bondye se Bondye lavi a. li vle pou nou rekonsilye yonn avèk lòt."

David te di l': "ou te poze m yon kesyon, kounyea mwen gen yonn pou ou. Koute m' byen. Di laverite. Èske se Jorab ki voye w vèn pale avè m' la?"

Li te di: "Mèt mwen, wa a gen sajès yon anj Bondye genyen. Pa gen okenn moun ki kapab fè anyen san l' pa bay lòd fè l'. Wi, sèvitè w la Jorab te di m' sa pou m' di, paske l' renmen w epi li vle sa k' pi bon an pou ou."

Wa a rele Jorab, li te di l': "Al chèche Absalon e mennen l' tounen an pè, men mwen pa bezwen wè l'." Se konsa, Jorab te ale epi li te mennen Absalon tounen Jerizalèm. Li te gen pèmisyon pou l' viv nan pwòp kay pa l'.

De lane te gentan pase aprè sa, jiska prezan li pa t' gen pèmisyon pou l' te wè wa a. Finalman, li te mande Jorab pou l' te prepare yon randevou ant limenm avèk papa l'. li te voye rele Jorab, men Jorab pa t'al kote l'. Li te voye rele l' yon dezyèm fwa, men li te toujou pa vini ankò. Alafen, Absalon te voye sèvitè l' yo mete dife nan yon jaden òj Jorab te genyen.

Jorab te ale lakay Absalon, li te rele l', li te di: "poukisa ou bay jaden m' lan dife a?"

Absalon te di l': "mwen te bezwen atire atansyon w'. Kounyea di m' sa byen. Poukisa ou te mennen m' tounen Jerizalèm? Pito m' te rete kote m' te ye a. Ale kote wa a, prepare yon randevou antre nou de a. mwen ta renmen wè l' menm si l' tiye m'."

Konsa, Jorab te prepare yon randevou kote wa a avèk pitit gason l' lan te kapab rankontre. Absalon te ale kote papa l'. Li te mete ajenou fas atè devan papa l'. David te leve epi li te beze pitit gason l' lan.

106-Absalon Revòlte Kont Papa'l

2 Samyèl 15-17:23

Absalon se te yon bo gason, li te gen anpil bèl cheve. Absalon te anbisye tou, li te vle vin wa. Pou l' te kapab atire atansyon pèp la, li te konn mache nan yon cha avèk 50 òm ki t'ap kouri devan l'.

Lè maten, li te konn kanpe nan wout la ki te mennen nan pòtay vil la. Li te onore tout moun ki te mete ajenou devan l'. Lè l' te wè yon moun ki t'ap al kote wa a pou yon pwoblèm, li te mande l': "nan ki vil ou sòti?" si l' te sòti nan yon tribi nan Nò yo, li te di l': "mwen konprann pwoblèm ou an. Sa a twò mal, wa a p'ap tande w. Si m' te wa, mwen t'ap fè yon fason pou m' te tande w kanmenm."

Rapidman, tribi nan Nò yo te vin patizan Absalon. Lè l' te panse bon moman an te rive pou l' reyalize pwojè l' la, li te voye dè mesaj al di yo: "lè nou tande twonpèt la sonnen, se pou nou kriye: "se Absalon ki wa!"

Revòlt Absalon an te gaye rapidman. Plis moun te kòmanse ap sipòte Absalon chak jou. Li te sòti lavil la, li te chèche èd Achitofèl, yonn nan konseye David yo. Ni David, ni Absalon te konnen sajès Achitofèl te genyen an, se te yon don ki te sòti nan Bondye. Lè David te tande pale de sa, li te déjà twò ta. Lè l' te tande sa, li te konnen lavi l' te an danje. Se poutèt sa limenm avèk sèvitè l' yo te kite lavil la byen vit. Li te retire soulye l'. Li te kouvri tèt li, li t'ap kriye piblikman pandan l' t'ap monte mòn Zoliv yo. Pèp la te vini, li t'ap kriye nan wout la tou.

Kon yo te rive anwo tèt mòn nan, li te wè Itayi, yonn nan zanmi epi konseye l' yo. David te di l': "pinga rete avè m'! al jwenn Absalon, di l' ou va sèvi l' menm jan w te konn sèvi m' nan. Konseye pitit gason m' nan pou l' pa koute sa Achitofèl ap di l' yo si w kapab."

Se konsa, li te prepare yon mwayen pou Itayi te kapab voye enfòmasyon ba li sou plan Absalon yo. Itayi te retounen Jerizalèm nan menm kote Absalon avèk yon gwo foul moun t'ap antre nan vil la.

Achitofèl te akote l'. Itayi te mete ajenou devan Absalon. Li te di l': "se pou wa a viv lontan."

Absalon te di l': "poukisa ou pa t'ale avèk zanmi w lan?"

Itayi te di l': "m'ap sèvi sila ke Bondye avèk pèp la chwazi a, m'ap sèvi w menm jan m' te sèvi papa w la."

Pandan David t'ap ale, li t'ap pase bò kay yon nonm yo te rele Shimeyi. Se te yon moun ki te sòti nan fanmiy Sayil yo. Shimeyi te kòmanse voye wòch dèyè David, li t'ap kriye: "ou mérite sa, sal asasen! Bondye ap jije w pou sa w te fè wa Sayil la. Al kache nan yon twou nan peyi kote w sòti a."

Yon sòlda te rale nepe l, li te di: "kite m'al koupe tèt chyen mouri sa a!"

David te vire li te di l': "poukisa pou w ta fè sa a? se Bondye ki di'l: "Shimeyi, al modi David. Poukisa pou nou goumen kont Bondye, nan yon tan konsa? Letènèl wè sa m'ap pase kounyea. Li va gen pitye pou mwen."

Konsa, David avèk moun li yo te kontinye desann nan wout la avèk Shimeyi yon tikras pi wo pase yo. Shimeyi te kontinye ap modi David, voye wòch kont li epi sal li.

Kon Absalon te rive nan palè a, Achitofèl te di l': "pèmèt mwen pran 12,000 sòlda epi al pousib David aswè a. Mwen pral atake l' pandan l' fèb epi fatige. Sa ap fè moun ki avè l' yo pè epi y'ap gaye. Sèl wa a m'ap tiye, epi m'ap mennen tout moun yo tounen vin jwenn ou. N'ap gen lapè, lè pèp la wè ou tiye wa sèlman epi kite tout lòt moun viv.

Sa Achitofèl te di a te sanble fè Absalon plezi, men li te di: "Al chèch Itayi, mwen ta vle tande konsèy li tou." Lè Itayi te tande plan Achitofèl la, li te di: "O non! Pa fè sa. Ou konnen papa w avèk sòlda l' yo. Se yon bann nèg ki konn goumen. Kounyea, men yo tankou bèt sovaj ki nan dezè a. Papa w konn goumen byen. Li kapab byen kache nan yonn nan gwòt yo, pandan l'ap tann sòlda w yo sòti. Si

w pase a laksyon kounyea, yon pati nan moun ou yo kapab tou mouri. Depi pèp la ta tandè sa, yo pral di David ap masakre fòs ou yo. Tout moun pral kwè, paske papa w se yon gwo gèrye. Men sa pou w fè. Fòmè yon gwo lame k'ap sòti nan tout pèp Izrayèl la. Dirije yo nan batay la oumenm. Atake David nenpòt kote w jwenn li an. Avèk yon gwo lame, ou mèt asire ke li p'ap chape. Si yon vil kache l', detwi vil sa a nèt, pinga kite menm yon wòch sou lòt.

107- Absalon Pèdi Batay la

2 Samyèl 17: 24 -19: 8

Letènèl te fè Absalon pa t' swiv konsèy Achitofèl la, malgre l' te pi bon. Se poutèt sa, Absalon te di:
"n'ap swiv konsèy Itayi a."

Lè Achitofèl te tande sa, li te konnen David t'ap genyen lagè a. Se sa k' fè li te ale lakay li. Li te regle sa l' te gen pou l' te règle epi pann tèt li.

Akoz konsèy Itayi a, David te prepare pou lagè a, pandan Absalon t'ap chèche prepare gwo lame l' la, pou'l te pouswiv li a. Moun nan zòn yo te ba l' pwovizyon epi Jorab te òganize lame a.

David te trase yon plan dakasyon pou l goumen kont lame Absalon an. Li te di sòlda l' yo: "m'ap mennen nou nan batay."

Yo te di: "non ! Rete nan vil la. Si yonn nan nou mouri, pa gen moun k'ap okipe de sa. Mwatye nan nou te mèt mouri, menm yon moun gen dwa pa note sa. Men oumenm ou vo 10,000 sòlda, rete nan vil la.

Se pou sa wa a te rete bò pòtay vil la pandan twoup yo te ale nan lagè a. Li te di Jorab, ase fò pou tout sòlda yo te kapab tande: "poutèt mwen, gen pitye pou pitit gason m' nan Absalon."

Lame David la te antre nan batay epi yo te pote lavikwa kont lame Izrayèl la. Sa te tounen yon masak avèk plis ke 2000 sòlda ki te mouri.

Absalon t'ap kouri kite batay la anwo yon milèt. Sibitman, cheve l' te pran nan yon gwo branch bwa. Sa te fè l' separe avèk milèt la, li te rete pandye nan branch bwa a. Kèk nan sòlda David yo te wè l' pandye la, yo te al di Jorab sa.

Li te di: "poukisa, nou te wè l' pandye la epi nou pa t' tiye l' la ?"

Yo te di: "nou pa t'ap tiye pitit gason wa a, menm si w ta bannou 1000 pyès lajan. Nou te tande sa l' te di. Li vle pou nou pwoteje pitit li a. Si nou ta tiye l', wa a pra'l konnen sa ... epi ou t'ap kite repwòch la tonbe sou nou."

Jorab te di: "m'ap pèdi tan m' nan pale avèk nou pou grenmesi." Li te pran twa flèch, li te ale kote Absalon te pandye a. Limenm avèk plizyè nan sòlda l' yo te antoure Absalon epi yo te tiye l'.

Après sa Jorab te sonnen twonpèt la, epi sòlda l' yo te sispann pouswiv lame Izrayèl la. Yo te retire Absalon sou pye bwa a epi yo te voye l' nan yon gwo twou. Aprè sa, tout lame Izrayèl la te retounen lakay li.

Yon jèn gason te di Jorab: "M'ap kouri al di wa a kòman Bondye te ba l' lavikwa."

Jorab te di l': "m'ap voye yon lòt moun." Se konsa li te voye yon lòt kourye.

Jèn òm nan te sipliyè l' pou l' te kite l' kouri tou. Finalman, li te resevwa pèmasyon pou l' te ale tou. Jèn òm lan te kouri, li te pi rapid pase lòt kourye a, epi li te rive kote wa a an pwemye.

David te chita nan pòtay la menm, li t'ap tann nouvèl batay la. Yon santinèl ki te anba miray la te rele wa David, li te di l' mwen wè yon kourye k'ap vini.

Pandan jèn òm lan t'ap vini pi prè, Santinèl la te rele wa David anba li te di l' genyen yon lòt kourye k'ap vini.

Jèn òm nan te mete ajenou devan wa a, epi li te di: "Batay la te mache byen. Ou te genyen. Bondye ba w lavikwa."

David te di l': "Kòman Absalon ye? Èske l' vivan?"

"mwen pa konnen, mwen te tande yon pakèt bri. Mwen pa konnen poukisa."

Dezyèm kourye a te vini epi li te di: "Mwen pote bòn nouvèl. Bondye te ba w lavikwa jodia."

David te di: "Kòman Absalon ye? Èske l' vivan?"

Kourye a te reponn: "Se pou tout lènmi w yo fini menm jan Absalon fini an."

108 - David Retounen O Pouvwa

2 Samyèl 19

Kè wa a t'ap koupe lè l' te tandè Absalon te mouri. Li te monte nan chanmòt la ki sou tèt pòtay la ki nan antre a epi li t'ap kriye avèk chagren: "pitit gason m' Absalon! pitit gason m', pitit gason m' Absalon! Pito se mwen ki te mouri olye se ou Absalon, piti gason m', pitit gason m'."

Nouvèl sa a te gaye al jwenn lame a. Sibitman, kontantman yo te genyen pou laviktwa yo te pote a te vin chanje an tristès. Se te kòm si yo te pèdi batay la.

Jorab te al kote David, li te di l': "Sòlda w yo te ekspoze lavi yo pou yo sove w. yo pa t' sove w sèlman.

Men tou yo te sove lavi fanmi w an tou, kounyea yo wont pou sa yo te fè a. Yo panse ou vle pou yo te mouri olye pitit gason w nan te mouri. Leve kounyea menm. Ale deyò a, pou w al ankouraje sòlda yo. Si w pa fè sa, yo tout ap kite w. Lè sa a ou va gen pwoblèm pase sa w te janm genyen."

Se pou sa, David te leve epi li t'al chita nan baryè a. Lamenm tout sòlda l' yo te vin chita avè l'.

Après Absalon te mouri epi lame l' la te pèdi batay la, sòlda l' yo te kouri retounen lakay yo. Nan moman sa a, pèp Izrayèl la te kòmanse sonje tout bagay David te fè pou yo pandan lane pase yo. Yo tout te mete ansanm, yo te rele David pou l' te tounen vin wa yo ankò.

Tribi Jida a pa t' reprezante nan apèl sa a, se pou sa David te voye yon mesaj ba yo, kote l'; te di yo:

"poukisa nou pa mande m' pou m' retounen?" dayè se menm fanmiy nou ye."

Lamenm, yo te voye yon mesaj ba li: "retounen epi vin wa pou nou ankò." Aprè sa yo te kouri ale bò rivyè Jouden an, epi yo te ede l' travèse avèk fanmiy.

Kon David te travèse larivyè a, Chimeyi te kouti vini. Li te mete ajenou devan l', li te di l': "mwen konnen mwen te peche kont oum lè w te kite Jerizalèm nan. Souple, pa kenbe sa nan kè w kont mwen. Jan w wè sa a, mwen se premye moun ki vin swete w bon retou kòm wa nou." Yonn nan frè Jorab yo te kanpe devan an epi li te di: "kite m' tiye l'. Ou se moun Bondye wenn lan epi li te oze meprize w.

David te di l': "mete epe w la akote. Jodia se yon jou espesyal nan peyi Izrayèl. Mwen retounen wa ankò. Yo p'ap tiye pèsòn nan peyi Izrayèl jodia. Aprè sa, li te vire bò mesye a ki te kanpe devan l' lan, li te di: "Chimeyi, ou p'ap mouri pou sa w te fè a."

Lamenm, te gen diskisyon ant tribi Izrayèl yo. Lòt tribi Izrayèl yo te di tribi Jida a: "pouki nou pa t' rele nou pou nou te mete ansanm avèk nou, pou nou te fè wa a travèse rivyè Jouden an?"

Jida te reponn: "nou se paran wa a."

Lòt tribi yo te di: "li se wa tout pèp Izrayèl la, pa sèlman wa Jida. Konsa, li dis fwa plis wa nou ke wa ou."

Sa te divize nasyon yo a ankò, batay ant tribi yo te vinn pi rèd.

Yon nonm yo te rele Cheba te pran devan, li te sonnen twonpèt la. Li te di: "David pa wa Izrayèl. Kite l' pou Jida. Ann al lakay nou." Avèk sa, lòt tribi Izrayèl yo te al fè wout yo. Sèl tribi Jida a te menen l' Jerizalèm.

109 - Fanm Ki Saj la nan Vil Abèl la



2 Samyèl 20 e I Kwonik 2: 16 -17

David te revoke Jorab kòm kòmandan lame a, li te mete Amasa nan plas li, ki te yon neve l' tou. Li te di Amasa: "sanble sòlda m' yo nan twa jou pou w kapab goumen pou w mete Cheba atè."

Amasa te kòmanse rasanble yon lame, men li te pran twòp tan pou l' fè sa. Li pa t' kapab retounen nan twa jou. David te di frè Jorab la: "Fòk nou aji vit, pou nou kapab bat Cheba. Si nou ba l' tan, l'ap yon pi gwo danje pase jan Aabsalon te janm ye a. Ale dèyè l'imedyatman."

Jorab te mete avèk frè l'la, yo te òganiza yon lame rapidman. Aprè sa, yo te kite Jerizalèm pou yo al chèche kaptire Cheba.

Pandan yo te nan wout la, Amasa te rankontre avèk yo. Jorab te mache al jwenn li. Li te di l': "Amasa, kouzen mwen, kòman w ye?" Aprè sa, li te kenbe bab li avèk men dwat li, li te fè kòm si li t'ap fè Amasa vèn pi pre l' epi li te bo l'. Amasa pa t' wè nepe a ki te nan men goch Jorab la.

Jorab te fwape Amasa nan vant. Li te tonbe atè, aprè sa li te mouri. Jorab te kite l' atè a, li te kontinye ap chèche Cheba. Yon sòlda nan kan Jorab la te kanpe kote Amasa, li te kriye: "Si w ap mach avèk David, swiv Jorab."

Pandan lame a t'ap mache dèyè Jorab, yo t'ap mache lantman lè yo te rive kote Amasa, ki t'ap soufri avèk gwo doulè. Gen nan yo ki te rete pou yo te gade l'. Finalman, yon sòlda te pouse Amasa akote wout la e l' te mete yon dra sou li. Aprè sa, lame a te mache rapidman. Yo te chèche Cheba nan tout peyi a. Alafen, yo te mennen lame a nan yon vil ki te rele Abèl. Sòlda Jorab yo te antoure vil la, epi yo te bati yon ranp bò miray yo. Plan yo te genyen, se te kraze miray yo epi detwi vil la.

Pandan yo t'ap travay, yon fanm te rele yo deyò a. Nan tout zòn sa a, yo te konnen fanm sa a kòm yon fanm saj. Li te di: "Al chèche Jorab, mwen ta renmen pale avè l'."

Jorab te vini nan pati bò miray la ki bò la a, li te rele, li te di l': "kisa w vle?"

Li te reponn, li te di: "Èske se ou ki Jorab la?"

Jorab te reponn: "wi, kisa w vle?"

Li te di: "gen yon pwovèb ki di: Ale Abèl pou w jwenn pi bon konsèy la. Se paske isit la nou konnen kòman pou nou rezoud pwoblèm yo. Konsa, poukisa yon repons ki gen valè tankou Abèl? Vil nou an se tankou yon manman pou Izrayèl."

Jorab te reponn, li te di: "nou pa vèn la pou nou detwi vil nou an. N'ap chèche Cheba, ki te revòlte kont David, wa nou an. Si w bannou nonm sa, n'ap kite vil ou a trankil."

Fanm nan te di: "n'ap jwenn sa pou ou, n'ap voye tèt Cheba ba ou."

Fanm nan te ale epi li te pale avèk chèf yo ki nan vil la. Yo te fè konfyans nan sajès li, konsa yo te pran Cheba. Yo te koupe tèt li epi yo te voye l' bay Jorab.

Kon Jorab te wè l', li te sonnen twonpèt la, epi lame l' la te retounen lakay li. Jorab te retounen Jerizalèm, kote l' te devni kòmandan lame David la ankò.

110 - Netwayaj Etnik



2 Samyèl 21

Yon gwo grangou te fwape pèp Izrayèl la. David te panse se te yon fenomèn natirèl, jouk lè l' te fini aprè twazan. Se lè sa a, li te konprann sa te sòti nan Bondye. Se poutèt sa, li te konsilte Bondye. Bondye te di l': "se te poutèt sa Sayil te fè gabawonit yo."

Tabènak Bondye a te Gabawon. Lach Bondye a te Jerizalèm, men tabènak la te rete Gabawon. Sa te fè genyen de plas pou fè adorasyon.

Gabawonit yo te fè yon kontra avèk Izrayèl nan tan Jozye. Sayil te deside mete kontra sa akote, se konsa li detwi gabawonit yo. li te chèche elimine yo nèt.

David te ale kote yo, li te di: "pèp mwen an te abize nou. Kòman nou kapab rekonsily avèk nou ankò?" Yo te di: "Lajan pa kapab peye nou pou lamò frè nou avèk sè nou yo. Epi nou pa gen fòs pou nou lite avèk Izrayèl. Epitou, nou pa gen kont avèk Izrayèl. Nou gen kont sèlman avèk yon nonm, ki te chèche fè nou disparèt sou latè."

David te di: "E byen, kisa nou vle pou nou fè pou nou?"

Yo te di: "Ban nou sèt nan desandan Sayil yo. N'ap pann yo nan peyi yo, tou pre kote pèp la adore Bondye a."

David te dakò. Li te chwazi de nan pitit gason Sayil yo epi senk nan pitit pitit gason l' yo. Li te epanye Mefibochèt, poutèt pwomès li te fè Jonatan an.

Gabawonit yo te pann sèt mesye sa yo anwo yon tèt mòn, toupre kote pèp la te konn vèn adore a. Yo te pann yo la nan mwa Avril. Se te lè yo te kòmanse rekòlte a, jouk rive nan mwa oktòb, ki te kòmansman sezon lapli a.

Madanm Sayil se te moun nan kote yo te pann pitit gason l' yo avèk pitit pitit gason l' yo. Li te rete la ni lajounen ni lannwit, pou l' te pwoteje kò yo kont zwazo yo lajounen epi kont bèt sovaj yo lè swa.

Lè tan an te fikse pou sa, David te ale nan vil kote Sayil avèk Jonatan te antrere a. Li te pran zo yo, li te antere yo nan tonm fanmi yo, avèk sèt mesye sa yo yo te pann yo tou. Lè l' te fin fè tout sa, Bondye te tande priyè David te fè pou peyi a.

Kèk lane pita, filisten yo te deklare lagè kont Izrayèl ankò. David te ale avèk lame l' la pou l' te konbat kont yo. Sibitman li te fatige pandan l' t'ap goumen. Yon paran Golyat te wè sa, kòm yon okazyon pou l' te tiye David. Filisten an te gwo nèg, li te gen anpil fòs. Li t'ap avanse sou David pou l' te tiye l'. Yonn nan sòlda David yo te fè l' kanpe, li te tiye l'.

Yo te fè David kite chan batay la, epi sòlda yo te sèman, yo te di l': "ou pa dwe janm al goumen avèk nou ankò. Ou se lanp Izrayèl la, ou p'ap tenyen l' nan goumen." Sa fè David pa janm sòti ankò pou l'al nan lagè.

111 - David Fè Yo Konte Pèp la

2 Samyèl 24 e 1 Kwonik 21

Wa David te rele Jorab, li te di l': "Ale nan tout peyi a epi konte tout moun li gen ladann." Li te fè sa pou l' te kapab konnen ki gwosè l' te kapab fè yon lame.

Jorab te konn Bondye pa t' vle David fè sa. Li te di wa David: "pinga dezobeyi Bondye, Bondye va ba ou kantite moun ou bezwen pou nenpòt sityasyon." Men David te ensiste sou sa. Se sa k' fè Jorab te sèvi avèk lame l' la, pou l' te ale toupatou nan peyi Izrayèl la pou l' te konte pèp la. Lè l' te fini, li te di David te genyen antou 1.300.000 òm ki te kapab al nan lagè si te gen bezwen pou sa.

Après David te resevwa rapò sa, li te konnen Bondye pa t' kontan pou sa l' te fè a. Li te priye konsa: "O Dye, mwen te fè sa m' te fè a pa foli. Mwen peche kont ou. Padone peche m' lan."

Bondye te voye yon pwofèt pote mesaj sa a bay David: "ou gen pou w chwazi yonn nan twa chatiman sa yo, poutèt peche sa a:

- Yon gwo grangou ki va ravaje peyi a pandan sèt an.
- Yon lame ki va anvayi peyi a, kote ou va pèdi batay aprè batay pandan twa mwa.
- Oubyen yon epidemi ki va fwape peyi a pandan twa jou.

David te di: "toulè twa bagay sa yo fè m' pè. Men mwen chwazi pou m' soufri anba men Bondye olye pou m' soufri anba men lèzòm. Mwen konnen Bondye gen pitye."

Se konsa Bondye te voye anj li an, ki te fwape peyi a avèk yon epidemi. 7.000 òm te mouri. Anj lan te lonje men l' sou Jerizalèm. Pandan lamò t'ap fwape vil la, Bondye te di l': "kanpe sa! Se kont l'!"

Anj lan te kanpe lamèn. Li te bò yon glasi ki te pou Aravna, yon Jebizyen. Se menm kote sa a egzakteman Abraram te ofri pitit gason l' lan bay Bondye a.

David t'ap gade, li te wè anj lan avèk yon nepe ki fikse sou Jerizalèm. Ònan te wè anj lan tou, sa te fè l' kouri al kache.

David te tonbe fas atè, li te di: "O Senyè, se mwen menm ki te peche! Se pa pèp la. yo tankou mouton. Kisa yo te fè? Pini mwen menm avèk fanmi m' pito."

Pwofèt la te ale kote David avèk mesaj sa a Bondye te voye pou li: "bati yon lotèl pou Bondye nan glasi sa a." Lamèn David te kòmanse mache pou l' ale la. Lè Ònan te wè sa, li te kouri al kote wa a, li te mete ajenou devan l'.

David te di l': "vann mwen glasi w la pou m' kapab fè yon lotèl pou Bondye, pou chatiman an kapab sòti sou tèt pèp la. M'ap peye w pri l' vo a."

Ònan te di: "O wa, mwen ba ou li. Tanpri souple pran l' epi bati lotèl ou a. Ou mèt sèvi avèk bèf mwen yo pou w fè olokos la epi sèvi avèk bwa mwen yo pou w fè dife. Mwen ba ou tout, mwen kwè Bondye va reponn ou."

David te di l': "non ! zanmi, m'ap achte tout nan men w pou lajan l' vo a. mwen pa'p fè sakrifis pou Bondye avèk sa ki pa koute m'anyen."

Se konsa, David te achte glasi a, bèf yo avèk bwa yo tou. Après sa, li te bati lotèl la epi ofri yon sakrifis pou Bondye.

Bondye te tande priyè David la, li te voye dife sot nan syèl la pou l' te brile ofrand lan. Le sa a, Bondye te kòmande zanj lan, li te di l': "mete nepe w nan fourò l'!" Lamèn epidemi an te kanpe.

Depi lè sa a, David te sèvi avèk otèl sa a pou l' te fè sakrifis pou Bondye. Li te di: "sa se kay Bondye."

Après sa, li te òganize pèp la epi achte materyèl ki te nesèsè pou bati tan plan. Dèzane plita, Salomon te bati tanp Bondye a nan menm plas sa a.

112 - David Remèt Salomon Pouvw a

1 Wa 1

Lè David te vìn vye epi fèb, li te toujou santi l' frèt. Menm lè yo te kouvri l'avèk anpil dra, sa pa't kapab ede l'. Finalman, yo te deside ba l' yon enfimyè ki te kapab kouche avè l'. Yo te jwenn yon bèl fi vyè ki te tounen enfimyè l' pou tout tan. Li te konn dòmi avè l', men pa t' gen relasyon seksyèl ant yo.

Adonija se te katriyèm pitit gason David, yon jèn frè Absalon. Li te bo gason menm jan avèk frè l' la. David pa t' janm disipline Adonija ni menm korije l'. Lè David te vìn vye epi rete kouche nan kabann, Adonija te di: "se mwen menm k'ap wa aprè papa m'. Li te gen 50 sekirite rapwoche ki t'ap kouri devan l' lè l' t'ap mache nan yon cha nan lari a. Li te mande Jorab pou l'ede l'epi li te chèche èd granprèt la tou. Gen kèk lòt ki te refize ede l', pwofèt Natan te pami sila yo ki te refize ede l' yo. Adonija te òganize yon bankè, kote l' te envite sòlda yo ki t'ap sipòte l' yo. li te envite frè l' yo tou, sèvitè David yo avèk chèf Jida yo. Men li pa t'envite sa k' pa t' dakò avè l' yo, epi li pa t' envite Salomon.

Batcheba se te manman Salomon. Natan te ale kote l' li te di l' sa ki t'ap pase. Li te di: "wa a pa konnen sa Adonija ap fè. Si nou pa kanpe sa, oumenm avèk pitit gasonw lan n'ap mouri." Li te endike l'egzakteman kòman li dwe pale avèk wa a.

Li te ale nan chanm a kouche David la, kote enfimyè l' la t'ap sèvi l' la, Batcheba te di l': "mèt mwen, ou te di Salomon va wa aprè ou. Men kounyea, Adonija mete tèt li wa san w pa menm konnen sa.

Tout pèp Izrayèl la ap gade w egzakteman pou w di yo kilès ki va wa. Si w pa di yo sa anvan w mouri, yo pra l' tiye Salomon avèk mwenmenm kòm kriminèl.

Egzakteman nan moman sa a, Natan te vini, epi li te di: "Mèt mwen, wa David. Èske w mete Adonija wa? Jodia li te òganize yon bankè avèk ofisyèl Izrayèl yo. Yo t'ap manje yo t'ap bwè epi yo t'ap di: se pou wa a viv pou tout tan. Li pa t'envite anpil nan nou. Mwen te sezi wè ou te pèmèt sa san w pa't fè m' konnen sa."

David te di Batcheba: "Menm jan Bondye vivan tout bon an, Salomon pitit ou a ap wa aprè mwenmenm Jodia menm m'ap fè sa."

Après sa, li te bay kèk prèt, kèk ofisyèl avèk pwofèt Natan, lòd sa a: "Fè Salomon monte milèt mwen an, mennen l' nan kote nou pral wenn li kòm wa a. Arè sa, sonnen twonpèt la epi kriye: "se pou wa Salomon viv pou tout tan. Aprè sa, fè l' chita sou twon mwen an. Alafen, di tout moun se limenm mwen chwazi kòm wa pou ranplase m'."

Mesye yo te fè tout sa David te di yo fè. Menm lè yo te fin deklare se Salomon ki wa a, pèp la te pran lari yo t'ap kriye, yo t'ap jwe flit, yo tout t'ap fete.

Moun ki te nan kan Adonija yo te tande bwi a. Yo te sezi, lè yo te tande sa k' t'ap pase a. Yon seri moun te kouri al di yo: "wa David mete Salomon wa peyi Izrayèl. Kounyea, menm li chita sou twòn wayal la."

Tout moun te kite bankè a, yo te kouri al lakay yo. Adonija te pè pou sa Salomon ta kapab fè avè l'. Li te ale nan tabènak la, li te kenbe kòn lotèl yo. Li te voye yon mesaj bay Salomon, li te di: "mwen se esklav ou. Pwomèt mwen ou p'ap tiye m'."

Salomon te voye yon mesaj tounen ba l': "mwen p'ap tiye w si w aji tankou yon moun ki gen karaktè. Men si se pa sa, m'ap tiye w." Se konsa Adonija te ale, li te mete ajenou devan Salomon, li te ba l'onè kòm nouvo wa a.

113 - David Avèk Joab Mouri

1 Wa 2

Avan David te mouri, li te aprann Salomon kòman pou l' gouvène kòm wa. Li te di l': "pou w kapab gen siksè, ou fèt pou w fò epi brav, epi mache toujou anba kòmandman Bondye yo. Tiye Joab nan bon moman an. Li te asasinen de kòmandan lame Izrayèl la- Abnè, kòmandan lame Sayil la, avèk Amasa, kouzen l' lan. Li pa t' tiye yo nan lagè. De mesye sa yo te fè l' konfyans paske se te nan yon tan lapè. Pa kite l' vèn granmoun an pè. Sonje jan Chimeyi te modi m' lè m' t'ap kouri pou Absalon an. Li te mande padon e mwen te di li kapab viv. Sa rete nan men w pou w pini l'. Wa règle sa avè l' daprè sajès ou."

Yon ti tan aprè sa, David te mouri. Yo te antere l' Jerizalèm. Li te wa pandan 40 lane.

Kèk tan aprè sa, Adonija te ale kote Batcheba, li te di l': "ou konnen tout Izrayèl t'ap tann pou m' te vèn wa. Mwen aksèpte Salomon, paske se volonté Bondye pou l' wa pèp Izrayèl la. M'ap mande sèlman yon bagay."

"Kisa l' ye?"

"Wa a p'ap refize w okenn bagay si w mande l' li. Konsa, silvouplè ale epi mande wa a si m' kapab gen enfimyè David la kòm madanm mwen."

Après sa, Batcheba te ale kote Salomon. Salomon te kanpe epi l' te salye l', li te mande pou yo pote yon twòn pou manman l' pou l' te kapab chita bò dwat li.

Li te chita epi li te di: "mwen gen yon ti demand m'ap fè w. pinga refize m' li non."

Salomon te di manman l': "mande l'epi m'ap ba w li."

Batcheba te di: "souple kite Adonija pran enfimyè David la pou madanm li."

Salomon te choke. Li te di: "sa se menm bagay avèk si l' ta mande pou l' te vèn wa. Demand sa a ap lakòz Adonija pèdi lavi l'. L'ap mouri avan jounen sa a fini. Après sa, Salomon te bay lòd la, epi yo te tiye Adonija.

Granprèt la te apiye Adonija, poutèt sa wa a te revoke l'. Se te dènye prèt nan klas Eli a. Sa te akonpli pwofesi ki te fèt sou Eli a.

Joab te konnen tan'l te rive, poutèt sa li te ale nan tabènak la li te kenbe kòn otèl yo. Salomon te tande sa, li te di yon sòlda: "Al tiye l'."

Sòlda a te ale li te di Jorab: "vini deyò a, isit la."

Joab di: "non ! M'ap mouri la a."

Sòlda a te retounen, li te di wa a sa.

Salomon te di l': "fè jan l' mande l' la. Tiye l' la! Li mérite pou l' mouri paske l' te tiye de bon moun ki te pi bon pase l'." Konsa, yo te tiye Jorab nan lotèl la. Li te antere bò lakay li.

Salomon te rele Chimeyi: "Bati yon kay Jerizalèm e rete la, ou pa dwe kite vil sa pou tout rès vi w. si w kite l' w'ap mouri. Konsa, lavi w nan men w."

Chimeyi te di: "Se byen. Mwen va fè sa w di a."

Li te rete Jerizalèm pandan twa zan. Yon jou de nan esklav li yo te sove, se konsa li te al chèche yo epi mennen yo tounen.

Salomon te fè yo mennen l' ba l': "ou pa t' kenbe lòd mwen te ba w la. Kounyea, w ap peye pou sa w te fè papa m'nan. Ou te modi l', tandiske wayòm li an ap rete pou tout tan." Après sa, li te fè tiye Chimeyi.

Konsa Salomon te konsolide pouvwa li a kòm wa peyi Izrayèl la.

114 - La Sajès de Salomon

1 Wa 3-4; 2 Kwonik 1

Salomon te renmen Bondye. Li te chèche swiv egzanp papa l' David. Yon jou li te ale Gabawon epi li te ofri mil olokos sou lotèl la. Nan lannwit, Bondye te parèt devan l' nan yon vizyon, li te di l' : "kisa ou vle pou m' ba ou?" Salomon te di l' : "ban m' sajès avèk entelijans pou m' dirije pèp ou a."

Bondye te renmen demand Salomon an. Li te mande sajès, olye li te mande long vi, richès avèk lapè. Poutèt sa, m'ap ba ou sajès. Sa va depase sa yon nonm te genyen e va janm genyen. Mwen va ba ou tou anpil richès avèk anpil onè. Epitou mwen va ba ou yon long vi, men se si ou swiv mwenmenm jan avèk papa w David.

Kèk tan aprè pwomès sa a, de pwostitye te vèn jije devan wa a, yo te kanpe devan l'. Yonn nan yo te di : "fanm sa a avèk mwenmenm nou rete menm kote. Nou chak te fè yon pitit. Pandan nou t'ap dòmi, li woule sou pitit li a epi li te tiye l'. Se konsa, nan lannwit la li te pran pitit mwen an epi li te mete pitit mouri l' la nan plas li. Mwen te reveye nan maten pou m' bay pitit pa m' nan tete, men pitit la te mouri. Mwen te vèn konprann se pa t'pitit mwen an, ke se te pa l' la. Se pitit mwen an ki te nan men l'."

Lòt fanm lan te di : "non, timoun vivan an se pa m' nan, timoun mouri a se pa l' la."

Yo de a te kòmanse diskite devan wa a.

Salomon te rele yon sòlda, li te d'l : "vini isit avèk yon nepe. Li te lonje dwèt li sou timoun nan, li te di : "koupe ti gason an, lè l' fè de moso, ba yo chak mwatye."

Yonn nan fanm yo te kriye, li te di : "non! Pa tiye pitit mwen an, li mèt pran l'. Sil- vouplè kite l' viv."

Lòt fanm lan te di : "wi, koupe l' fè l' fè de mwatye, konsa nou chak nou va genyen mwatye."

Wa a te di sòlda a : "bay premye fanm nan ti gason an. Se limenm ki manman l' paske l' gen pitite pou li." Pèp Izrayèl la te kontan wè sajès wa a.

Salomon te dirije tout pèp la sòti nan rivyè Efrat la, nan Nò pou rive nan Ejip nan Sid. Tout zòn sa a te anpè tout tan l' te vivan. Te tèlman gen anpil moun la, yo te tankou sab bò lamè. Tout moun te anpè, yo te viv san yo pa t' pè pou lagè.

Salomon te vèn gen konesans sou anpil sijè. Li te gen konesans sou anpil plant, anpil zwazo avèk anpil bèt. Li te gen plis sajès pase tout lòt moun nan lemonn. Wa nan lemonn antye te voye moun vèn kote l' pou yo koute l'epi aprann nan men l'.

115 - Konstriksyon Tanp la

1 Wa 5-9 e 2 Kwonik 2-7

Salomon te konnen se te responsablite'l pou'l bati tanp Bondye a. Poutèt sa li te rasanble yon bann travayè epi li te ba yo tout kantite materyo yo te bezwen. Li te jwenn sèd nan men wa Iram nan peyi Liban ki te yon zanmi papa'l David.

Tout batisman an te pran sèt an pou'l fini. Pandan tan sa a, pa't gen okenn son enstriman nan anplasman tan plan, paske yo te sanble tout bagay lòt kote. Miray andedan yo te kouvri nèt avèk sèd. Miray lye trè sen yo te kouvri avèk lò pi. Tout veso yo, tout founiti avèk tout bagay k'ap sèvi pou adorasyon yo te fèt an ò tou. Li te fè yon kote pou payen yo ki te vle vin nan tan plan pou yo priye.

Kon tan plan te fini, wa Salomon te sanble tout lidè yo nan tout tribi yo nan pèp Izrayèl la. Prèt yo te vini epi yo te pote lach Bondye a. sèl bagay ki te ladann è sa a, se te de tab wòch yo Moyiz te mete ladann yo. Pandan sakrifikatè yo t'ap pote lach la avèk prekosyon pou yo t'al mete'l nan tan plan, yo t'ap ofri sakrifis nan tout wout la. alafen yo te rive epi yo te mete lach la nan lye trè sen an.

Sibitman, glwa Bondye te ranpli tan plan tankou yon nyaj. Li te tèlman epè, sakrifikatè te dwe fè yon kanpe pandan y'ap travay.

Wa a te ofri aksyon de gras bay Bondye. Aprè sa, li te vire gade pèp la, li te beni yo epi li te fè yon priyè dedikas. Finalman, li te kanpe devan lotèl Bondye a epi'l te lapriyè. Li te mande Bondye pou'l te tandè pèp li a lè'l konfese peche'l epi li mande'l pou'l padone yo. li te mande Bondye tou pou'l tandè payen yo ki t'al priye nan tan plan.

Ansanm tout pèp Izrayèl la te ofri sakrifis pou Bondye epi yo te dedye tanp lan pou Bondye. Fèt sa a te dire 14 jou. Lè'l te fini, pèp la te retounen lakay yo avèk kè yo plen avèk kontantman.

Bondye te kontre avèk Salomon yon dezyèm fwa, li te di'l: "mwen te tandè priyè'w la, mwen mete kay sa a apa pou mwen. Si'w mache avè'm menm jan papa'w te fè'l la, mwen va tabli wayòm ou an pou tout tan. Men si oumenm oubyen desandan ou yo ta dezobeyi kòmandman'm yo epi kòmanse adore zidòl yo, m'ap kite kay sa epi l'ap tounen yon wont, epi m'ap retire pèp Izrayèl nan peyi a."

Nan 14 lòt ane yo, Salomon te bati yon kay pou tèt li. Aprè sa li te bati plizyè vil. Li te rasanble anpil travayè. Pa't gen okenn lòt wa ki te tankou Salomon nan lemond antye.

116 – La Rèn de Seba

1 Wa 10- 11:25 e 2 Kwonik 9

La rènn de Seba te tande pale kòmnan Salomon te gen anpil sajes. Li pa't kapab kwè se te vre. Sa te fè'l deside ale kote'l epi teste'l avèk yon bann kesyon difisil. Li te pran avè'l yon bann sèvitè pou yo te vwayaje avè'l. epi li te chwazi yon bann kado pou'l te ofri wa a. li te rive Jerizalèm avèk yon gran karavan chamo ki te chaje avèk lò, bijou avèk epis.

Li te kontre avèk wa a, epi li te poze'l bann kesyon yo. Wa a te reponn tout kesyon'l yo san pwoblèm. Pa't gen yonn nan yo ki te difisil pou li pou'l te eksplike'l. li te sezi wè palè wa a te bati a. bann kantite manje ki te genyen nan chak repa li t'ap manje. Jan sèvitè yo te abiye. Epi tou olokos yo li te konn ofri nan tnap lan. Aprè sa, li te di: "tout sa mwen te tande de ou se vre, men mwen pa't kapab kwè tout tan m'pa't wè sa avèk zye'm. kounyea mwen konstate ke yo pa't pale'm de menm mwaye nan sa ke'w ye vrèman. Se pou Bondye'w la kontinye beni'w, pandan w'ap mache nan lajistis ak ladwati. "

Li te ba wa a yon mwaye tòn lò plis epis ke sa ki te janm antre nan Jerizalèm. Salomon te fè'l kado anpil bagay avan limenm avèk sèvitè'l yo te retounen lakay yo.

Chak ane, Salomon te konn resevwa 25 tòn lò anplis de sa'l konn jwenn nan trafik nòm al la. se sa'k te fè li te kouvri anpil bagay avèk lò. Òneman, tas, asyèt epi tròn li an tou. Li pa't sèvi avèk ajan paske'l pa't kwè'l te gen vale.

Salomon te fè 200 gwo boukliye avèk 15 liv lò yo te bat yo chak. Li te fè 300 pitit tou yo chak avèk 4 liv lò. Pa't gen okenn lòt wa nan lemond ki te rich e saj tankou Salomon.

Li te gen yon bann cheval pou sòlda'l yo. Li te achte yo nan plizyè peyi nan anviron peyi Izrayèl la ki te nan pa lemond sa a.

Malerezman, Salomon te pran anpil fanm tou, sa ki te yon vyolasyon dirèk kont Iwa Bondye a. Li te gen 700 madanm marye, se pitit wa yo tout te ye. Yo chak te adore pwòp idòl pa yo. Li te gen 300 konkibin tou.

Lè Salomon te vin vye granmoun, fanm sa yo te konvenk li pou'l te fè yon estati pou chak idòl pa yo. San dout, chak kolin nan peyi Jerizalèm te gen yon estati nan li, pou onore idòl pa yo a. Salomon te kòmnanse brile lansan nan andwa sa yo epi ofri sakrifis. Alafen li te vire do bay Bondye, li pa't adore'l ankò. Li te mete avèk madanm li yo nan adorasyon idòl yo. Inikite te vin plen kè'l.

Bondye te fache kont Salomon paske'l pa't mache jan David te konn mache a. Bondye te dí'l: mwen pra'l divize wayòm ou an de. M'ap bay yonn nan sèvitè'w yo yon pati ladann. Men mwen p'ap fè sa pandan'w vivan an poutèt pwomès mwen te fè David la. Pitit ou a ap pèdi pifò nan wayòm ou an."

Aprè sa, Bondye te kite lenmi Salomon yo òganize yo kont li, konsa, pa't gen lapè ditou nan peyi a ankò. Finalman, Salomon te mouri. Li te wa nan peyi Izrayèl pandan 40 lane.

117 - Wayòm lan Divize

1 Wa 11:26 -12: 24 e 2 Kwonik 10 -11:4

Lè Salomon te vivan, li e mete yon sèvitè'l yo te rele Jewoboram devan. Mesye sa a te gen abilite pou'l fè bagay byen jan lòt moun pa't kapab fè'l.

Yon jou, Jewoboram te kontre avèk yon pwofèt, ki te abiye avèk yon manto nèf. Pwofèt la te di'l: "men yo mesaj Bondye voye. "

Konsa li te retire manto a sou li, li te fè'l fè doux moso. Li te lonje 10 nan yo bay Jewoboram, epi li te Bay mesaj sa a Bondye te voye: "Salomon kite'm, l'al adore zidòl. Poutèt sa, mwen pra'l chire wayòm nan nan men'l. ou va dirije 10 tribi yo ki nan zòn Nò a. Mwen pa'p retire tout tribi yo poutèt David avèk Jerizalèm. Konsa pitit gason Salomon an va dirije Jida. Swiv mwen epi obeyi kòmandman mwen yo. Si'w fè sa, m'ap avèk ou. Mwen va etabli wayòm ou an epi ou va gen yon dinasti k'ap dire lontan, menm jan fè sa pou David."

Salomon te konnen pwofesi sa a. Poutèt sa li chèche tiye Jewoboram. Men li te kouri kite peyi a, li te rete an Ejipt jouk Salomon te mouri. Yonn nan pitit Salomon yo te rele Woboram. Manman'l se te yon Amonit. Apre papa'l te mouri, li te ale Sichèm pou tribi yo ki nan Nò a te kourone'l kòm wa. Avan ansyen nan peyi Izrayèl te rankontre'l, yo te voye chèche Jewoboram. Kou'l te vini, yo te di Woboam: "papa'w te mete yon jouk sou kou nou ki te di. Pwomèt nou w'ap diminye fado nou an, epi w'ap bese taks nou yo. Si'w fè sa, n'ap kontan sèvi'w.

Woboram te di: "ban'm twa jou pou'm réfléchi sou sa."

Après Jewoboram avèk ansyen yo te ale, Woboram te mande ansyen yo ki te konn travay ansanm avèk papa'l yo konsèy. Yo te di'l: "sèvi moun sa yo avèk tout kè'w. Sèvi yo byen, e yo va sèvi'w pandan tout rès vi'w. " Aprè, Woboram te mande jèn yo konsèy. Yo te di'l: "di rebèl sa yo, papa'm te dou ansanm avèk nou, si nou konpare'l ansanm avè'm! ti dwèt mwen va pi loup ase janm papa'm. li te konn kale noua k ti fwèt. Mwen pra'l kale noua k rigwaz."

Woboram te pran konsèy sa a, li te voye konsèy granmoun yo jete. Li te di lidè Izrayèl yo: "papa'm te dou avèk nou an konparezon avèk mwenmenm. Li te konn kale nou avèk yon ti fwèt, mwen menm m'ap kale nou avèk rigwaz." Se egzateman sa Bondye te vle pou'l di.

Lè Jewoboram avèk pèp Izrayèl la te tande sa, yo te di: "nou pa vle fè anyen avèk fanmiy David la! nou pa moun Jida."

Se konsa moun Izrayèl yo te ale lakay yo epi Woboram te retounen Jerizalèm. Li te voye yonn nan ofisyèl li yo al mete lòd nan tribi nan Nò yo. Pèp la te lapide'l jouk li te mouri. Dis tribi yo te separe avèk Jida. Yo te rele tèt yo Izrayèl. Yo te mande Jewoboram pou'l vin wa pou yo.

Woboram te fè yon lame avèk tribi Jida avèk tribi Benjamen. Yo te prepare pou ya'l anvayi Izrayèl, pou yo te fòse yo retounen anba kontròl Woboram.

Menm kote a, yon òm de Dye te vin kote yo avèk yon mesaj Bondye te voye, kote'l te di: "pinga al goumen avèk frè nou yo. Ale lakay nou. Se mwen menm kif è yo revòlte kont nou." Yo tout te obeyi Bondye yo te retounen lakay yo.

118 - Peche Jewoboram nan

1 Wa 12: 25 – 13: 11, 13: 33-34

Jewoboram te chwazi vil Sichèm pou l' te devni kapital pou Izrayèl. Li te bati'l epi li mete palè l' la. Li te remake ke pèp la te gen yon panchan natirèl pou fanmiy David la. Li te di konseye l' yo konsa:

“pèp la kontinye al Jerizalèm pou yo adore nan tanp lan. Pwobableman, yo va deside vrè fidelite anvè wa yo vle a. Si yo deside fè sa pou wa ki sòti nan fanmi David la, yo va tiye m' epi retounen ini avèk Jida.

Pou l' te kapab rezoud pwoblèm sa a, li te fè de ti bèf an ò. Li te mete yonn nan betèl, nan zòn Sid epi lòt la nan Dan na Nò. Li te di pèp la. Li te di pèp la: “sa twò di pou yon mou nap vwayaje Jerizalèm plizyè fwa pa an. Men Dye nou an ki te mennèn nou sòti an Ejip la.”

Jewoboram te bati plizyè kote pou yo adore zidòl sa yo. Li te chwazi prèt pou dirije yo. Prèt yo pa t' sòti nan tribi Levi. Aprè sa, li te òganize plizyè fèt anyèl tankou sa yo yo te konn òganize nan Jerizalèm nan.

Lè l' te mete ti bèf an ò an Dan, pèp la t'ap mache dèyè l' pandan l' t'ale bò la. Kon yo te rive la, Jewoboram te ofri sakrifis bay nouvo idòl li a. Aprè sa, li te ale nan Sid nan Betèl pou l' fè sakrifis nan lotèl la li te bati la a. Yon jèn òm de Dye ki te sòti Jida t'ap mache monte al jwenn Jewoboram pandan l' te kanpe sou lotèl la. Pwofèt la te kriye: “otèl, otèl! Tande sa Senyè Bondye a di ou: “yon wa fèt nan peyi Jida, ki va rele Jozyas. Li va fè sakrifis avèk sakrifikatè yo k'ap brile lansan an sou li a.”

Après sa, jèn pwofèt la te di pèp la: “Bondye te ban m' yon sin pou fè m' konnen ke bagay sa yo ap akonpli. Otèl sa a ap fann epi sann nan ap gaye atè.”

Wa Jewoboram te fache. Li te lonje men l' sou pwofèt la: “Arete nonm sa a! Menm kote l' te di pawòl sa yo, men l' te lonje a te vin rès epi li pa t' kapab retounen nan plas li. Sibitman otèl la te fann epi sann nan te gaye atè a. Lè wa a te wè sa, li te sipliyè òm de Dye a, li te di l': “tanpri souple, priye Bondye pou mwen, mande l' pou l' geri men m'.”

Se konsa òm de Dye a te priye epi men Jewoboram te tounen nan plas li jan l' te ye anvan an. Aprè sa, wa a te di l': “ann ale avè m' nan palè a wa manje yon bagay. Aprè sa, mwen va ba ou yon kado.”

Jèn pwofèt la te di l': “mwen pa p' ale avè w menm si w ta ban m' mwatye nan tout sa ou genyen.

Bondye te di mwen pa dwe ni manje ni bwè anyen pandan m'isit la. Epi mwen dwe retounen Jida pa yon lòt chemen, ki pa pase menm kote avèk sa lè m' t'ap vini an.” Aprè sa li te ale.

Malgre avètisman sa a, Jewoboram pa t' repanti de sa li t'ap fè a. Li te kontinye kenbe adorasyon de ti bèf yo epi mete prèt pou dirije sèvis yo t'ap fè pou yo. Poutèt peche sa a wayòm li an pa t' kontinye aprè l' te mouri, li pa t' gen pitit.

119 - Ansyen Pwofèt la

1 Wa 13: 11- 12

Te gen yon ansyen pwofèt ke te rete Betèl. Piti gason l' yo te pale l' de jèn gason an ki te soti Jida a, epi de sa l' te fè avèk otèl Jewoboram nan. Ansyen pwofèt la te di: "pa ki wout li pase? Aprè sa li te mande pitit li yo pou yo sele bourik li a. li te mache desann nan wout la jouk li te rive jwenn jèn òm de Dye a chita anba yon pye figye. Ansyen pwofèt la te di l': "èske se ou oumen ki servitè Bondye a ki sòti nan Jida a?"

"Wi, se mwen menm."

Ansyen pwofèt la te di l': "ann al lakay mwen avè m', mwen va ba ou manje."

"Non, mwen pa kapab ale avè w. Bondye te di m'"pinga manje ni bwè pandan ou isit la."

Ansyen pwofèt la te di: "wi mwen konnen. Mwen se yon pwofèt tou, menm jan avè w. Bondye te voye yon anj kote m' ki te di m' pou mwen chèche jwenn ou epi ba w manje avèk dlo. Ebyen ann al lakay mwen."

Se te manti, men òm de Dye a te ale avè l' epi manje e bwè lakay li epi bwè dlo.

Pandan yo te chita sou tab la, Bondye te pale avèk jèn pwofèt la, li te di: "ou te dezobeyi lòd mwen te ba w la. Mwen te di w pa manje ni bwè anyen nan kote sa a. Poutèt ou te dezobeyi m nan, w ap mouri epi ou p ap antere nan kavo fanmi w yo."

Après de mesye yo te fin manje, Ansyen pwofèt la te sele bourik li a pou jèn pwofèt la. Jèn pwofèt la te ale, e pandan l' te nan wout la, yon lyon te vole sou li epi l' te tiye l'. li te tonbe atè a, men bourik la pa t' kouri, li te rete kanpe bò kote kadav jèn pwofèt la. Lyon an te rete kane lòtbò kote l' la.

Kèk vwayajè te wè sa. Yo te pale de sa avèk kèk moun nan vil la. Lè ansyen pwofèt la te tandè sa, li te di: "mwen konnen ki moun li ye. Li te ale, li te jwenn kò a. Lyon an te toujou rete kanpe kote'l, ni bourik la tou. Men lyon an pa t' manje kadav la, ni atake bourik la.

Ansyen pwofèt la te mete kadav òm de Dye a sou Bourik la ki te kanpe la a. li te tounen avè l' lakay li epi li te antere l' nan pwòp kavo pa l' la. li te plere poutèt lamò jèn pwofèt la, li te di: "o frè mwen, o frè mwen."

Après sa, li te di pitit li yo: "lè m' mouri, antere m' menm kote òm de Dye sa a antere a. mete zo m' yo akote zo l' yo. Li te pale pawòl Bondye kont idòl sa yo epi kont peche pèp Izrayèl la. Tout sa l' te di va akonpli."

120 - Woboram e Jewoboram

1 Wa 14 e 2 Kwonik 12

Yonn nan pitit Jewoboram yo te malad. Wa a te di madanm li: “lè mwen te yon sèvitè wa Salomon, yon pwofèt te di mwen ou va devni wa sou dis tribi nan Nò yo. Li te rete Silo. Pote manje pou w fè l’ kadon epi mande l’ sa k’ ap rive avèk pitit gason nou an. Degize w, pou l’ pa konnen ke ou se madanm mwen.”

Pwofèt vye granmoun kounyea epi li avèg. Bondye te di l’: “Madanm Jewoboram ap vîn kote w avèk yon rad degize. Li pra l’ pale avè w de pitit yo a ki malad.” Aprè sa, Bondye te endike l’ sa pou l’ di. San pran tan pwofèt la te tande pye madanm nan. Li te di: “antre, madanm Jewoboram. Pou kisa ou mete rad degize sa a? Koute, Bondye gen yon mesaj pou mari w, yon move mesaj!”

Bondye di: “mwen te chwazi w, ou te yon senp moun nan mitan pèp la. Mwen te chire yon pòsyon nan wayòm nan nan men fanmi David la e mwen te ba ou li. Men gade sa w te fè. Ou pa t’ sèvi m.’ Ou pa swiv lòd mwen yo. Olye de sa, ou ensilte m’avèk de ti bèf an ò, epi ou te vin pi mechan pase tout lòt yo. Se pou sa, koute sa m’ pra l’ fè w. tout gason nan fanmi w pral mouri mal. Non fanmiy ou p’ap kontinye aprè w mouri. Chyen va manje sa k’ mouri lavil la epi zwazo va manje sa k’ mouri nan bwa. Yon sèl nan yo p ap pase konsa. Pitit nou an ki malad kounyea, se yon bon moun, se yon sèl la ki konsa nan fanmi w. L’ap mouri nan yon fason nòmal, men l’ va mouri kon w rive lakay ou. Nou va antere l’ e tout pèp Izrayèl la va plere poutèt li mouri. Men se limenm sèl nan fanmiy nou ki va antere.

Tout sa va rive poutèt sa Jewoboram te fè pèp Izrayèl la. Peche l’ va oblije m’ frape pèp Izrayèl la tèlman di, menm rasin yo va rache nan tè a. mwen va rache yo epi gaye yo nan mitan lòt nasyon yo.

Madanm Jewoboram te retounen lakay li, epi pitit gason l’ lan te mouri menm lè l’ t’ap antre lakay li a. yo te antere l’ e tout pèp Izrayèl la te plere poutèt li te mouri.

Jewoboram te gouvène peyi a pandan 22 lane, epi aprè sa li te mouri. Pitit gason l’ te vîn wa aprè limenm. Li te swiv egzanp papa l’ la, men li te gouvène sèlman padan 2 lane. Yo te tiye l’ epi tout fanmi Jewoboram nan te detwi. Tout bagay te rive jan pwofèt la te di l’ la.

Pandan Jewoboram t’ap gouvène Izrayèl la nan Nò a, Woboram t’ap dirije Jida, nan Sid. Li te fè Bondye fache tou, paske li te mennen pèp la nan move chemen. Jida te vîn mechan menm jan avèk lòt nasyon ki te antoure l’ yo. Pandan senkyèm lane Woboram t’ap gouvène a, Lejip te vini, li te piye Jerizalèm. Li te pran tout lò ki te nan tanp lan avèk nan palè wayal la. li te pran tout boukliye an ò yo Salomon te fè yo.

Après sa, Woboram te ranplase boukliye an ò yo pa boukliye an bronz. Chak lè wa a t’ap kite palè a pou l’ ale nan tanp lan, sekirite yo t’ap mache avè l’, yo te sèvi avèk boukliye an bwonz yo.

Te gen lagè ant Jida avèk Izrayèl tout tan Woboram avèk Jewoboram te vivan. Woboram te mouri aprè l’ te gouvène Jida pandan 17 lane. Jewoboram te mouri epi yon pitit gason l’ te vin wa aprè l’.

121 - Abija e Asa

1 Wa 15 e 2 Kwonik 13 -16

Jewoboram te toujou wa peyi Izrayèl lè Woboram te mouri. Aprè l' te mouri, Abija te vèn wa Jida. Yon ti tan aprè, Jewoboram avèk lame Izrayèl la te anvayi Jida. Lè de lame yo te kontre ansanm, lame Izrayèl la te de fwa pi gran. Men, Abija te leve kanpe sou tèt yon mòn epi li te kriye sou lame Izrayèl la. Li te di: "moun Izrayèl yo, nou te kite fanmiy David la pou nou sèvi yon sèvitè Salomon. Poutèt sa, nou te kite Bondye Izrayèl la pou ti bèf an ò Jewoboram yo. Epi sakrifikatè nou yo pa sòti nan tribi Levi." Li t'ap pwonmennen, li t'ap preche mesye yo. Li pa t' konnen pandan l' t'ap fè sa, Jewoboram te voye mwaye nan lame l' la dèyè lame l' la. Sibitman, lame Jida a te dekouvri sa. Yo te kriye devan Bondye epi sakrifikatè yo te sonnen twonpèt yo. Bondye te atake Izrayèl, epi yo te kouri kite chan batay la. Anpil nan sòlda Izrayèl yo te mouri nan jou sa a.

Jewoboram pa t' janm reprann li aprè gwo defèt sa. Li pa t' pran anpil tan pou l' te mouri aprè sa. Abija te vèn fò, paske l' te kwè nan Bondye. Aprè Abija te mouri, pitit li Aza te vèn wa nan peyi Jida. Li te gouvènè peyi a pandan 41 an. Bondye te ba l' 10 lane lapè, paske l' te fè nasyon an retounen nan chemen David yo. Li te detwi idòl Salomon te mete yo, li te mande pèp Jida a pou l' chèche Bondye. Sibitman, yon gwo lame ki te sòti an Etyopi te anvayi zòn Sid la. Lame sa a te depase lame Jida a anpil. Aza te priye Bondye, li te di: "O Senyè, se oumenm sèlman ki kapab ede nou."

Se konsa, Bondye te ede l' bat lame etyopyen an. Anpil nan yo te mouri, pandan yo t'ap chèche kouri. Lè tout bagay te fin fèt, lame yo a te detwi devan Bondye. Sòlda lame Jida yo te pran tout sa ki te sou kadav sòlda yo ki te rete atè a nan chan batay la. yo te pran tout chamo avèk tout mouton yo te kite yo.

Lè Aza avèk sòlda l' yo te retounen Jerizalèm, yon pwofèt te al kontre avè l'. Li te ankouraje l' pou l' te kontinye travay li avèk Bondye. Konsa, wa a te deside pou l' detwi tout lòt idòl yo ki te nan lòt vil Jida yo. Li te menm retire grann li kòm rèn paske l' t'ap sèvi yon idòl.

Moun nan wayòm Nò a te deplase an foul al nan peyi jida a, paske se Bondye yo te adore. Yon jou, yo te reyini ansanm epi yo te fè ve pou yo toujou sèvi Bondye. Lè sa a Aza te pran lò avèk lajan, li te mete yo nan trezò tanp lan. Aprè sa, Bondye te ba l' lapè avèk tout lènmi l' yo.

Malerezman Aza te rive nan yon pwèn nan lavi l' kote nouvo wa peyi Izrayèl la te deklare lagè kont Jida epi li te anvayi peyi a. Li te pran kontwòl vil estratejik yo.

Olye Aza te kwè nan Bondye, Aza te panse sou lòt mwayen ki ta kapab pèmèt li jwenn avantaj sou wa Izrayèl la. Li te pran lò avèk lajan ki te nan tanp lan, li te voye l' bay Benadad, wa Siri a ki te nan Nò peyi Izrayèl la. li te voye yon mesaj kote l' avèk mesaj sa a : "mwen voye lò avèk lajan sa yo ba ou, pou w kapab kraze alyans ou te fè avèk Izrayèl la, pou w fè Alyans avèk nou nan peyi Juda."

Benadad te resevwa lò a avèk ajan an, epi li te fè alyans avèk Aza. Aprè sa, Benadad te anvayi peyi Izrayèl. Li te pran plizyè vil nan peyi Jida. Rapidman lame Izrayèl la te kite peyi Jida pou l' te kapab al defann tèt li kont Siri.

Te sanble ke plan Aza a te pote bon rezilta. Men aprè sa, yon pwofèt te ale kote wa Aza, li te di'l: "ou ta kapab mande Bondye pou l' goumen pou ou-men se pa Siri! Èske w bliye sa Bondye te fè avèk gwo lame Etyopi a? Bondye ap chèche moun ki mete konfyans nan li. Ou te fou lè w te fè sa a. Poutèt sa, w'ap nan goumen jouk ou mouri."

Aza te fache avèk pwofèt la epi li te rele yon sòlda: "mete nèg sa nan prizon!" Aprè sa, li te vèn mechen avèk pwòp pèp li a. Sibitman, yon maladi te pran l' nan pye, ki te vèn pi mal chak jou. Men li pa t' janm chèche èd Bondye, menm lè maladi a te vèn tounen yon maladi kwonik. Olye de sa, li te kwè nan doktè yo pou yo te ede l'. Finalman, li te mouri aprè de lane avèk gwo doulè.

122 - Eli Avèk Vèv Sarepta a

1 Wa 17

Izrayèl te gen anpil move wa. Yo tout te swiv egzanp Jewoboram lan.

Pandan Aza te wa nan peyi Jida. Akab te vèn wa nan peyi Izrayèl la. Se te yon wa ki te mal anpil, pi mal pase tout wa ki te pase avan l'yo. Li te marye avèk yon fanm ki te rele Jezabèl, ki te konn adore Baral. Li te enfliyanse wa a, li te fè l' bati yon tanp pou Baral nan kapital la, ki se te vil Samari. Pwofèt Elize te kanpe devan wa a, li te di l': "Bondye ban m' yon mesaj. Lawoze oubyen lapli p'ap tonbe tout tan m' pa di l'ap tonbe."

Bondye te di Eli: "kite isit la, ale nan yon seten sous. M'ap ba w dlo pou w bwè epi mwen déjà pale kòbo yo, pou yo pote manje ba ou."

Se pou sa Eli te ale, li te rete tou pre sous sa a. Epi jan Bondye te di l' la, kòbo yo te pote pen ak vyann pou li chak maten epi chak aprè midi. Men nan yon tan, sous la te seche paske okenn lapli pa t' tonbe.

Bondye te di l': "Ale nan yon vil payen yo ki te rele Sarèpta. Mwen te chwazi yon vèv pou ou, pou nourri w la." Lè Eli t'ap antre nan vil la, li te wè yon fanm ki t'ap sanble bwa, li te di l': "silvouplè fè m' kado enpe dlo." Pandan l' t'ap pote l' ba l', li te di l': "pote enpe pen pou mwen tou."

Fanm nan te vire, li te gade l', li te di: "mwen pa gen okenn pen. Tout sa mwen genyen se enpe farin ki nan yon veso avèk enpe lwil ki nan yon boutèy. Mwen t'ap sanble ti bwa sa yo pou mwen te kapab fè pen avè l' pou pitit gason m' nan avèk mwen menm. Nou t'apral manje l', epi mouri aprè sa."

Pwofèt la te di l': "ou pa bezwen pè, fè sa m'te di w fè a. Al fè penw lan, men lè w fin fè l', ban m' enpe avan. Senyè a, Bondye Izrayèl la te di: "veso a va toujou gen farin, epi boutèy la va toujou gen lwil, jouk lè Bondye voye lapli."

Li te gade l' ankò, epi li te ale, li te fè sa pwofèt la te mande l' la. li te fè pen an epi li te ba l' enpe ladann an pwemye. Asireman, depi jou sa a pou kontinye, po a pa t' janm pa gen farin, e boutèy lwil la pa t' janm pa gen lwil.

Li te prepare yon plas pou pwofèt la nan chanmòt kay li a. Li te gen yon kabann, yon tab avèk yon chèz. Kèk tan pita, pitit madanm nan te vèn malad. Rapidman li vèn malad grav, li te mouri. Fanm nan te al kote Eli, li te di l': Sèvitè Bondye, poukisa w te vèn lakay mwen? Èske se pou w te mete peche m' deyò konsa, konsa, pou w te kapab tiye pitit gason m nan?

Eli te di l': "ban m' pitit ou a." Li te pran pitit la, li te monte avè l', li te monte nan chanm nan kote Eli te rete a. Li te mete l'kouche sou kabann lan epi aprè li te priye konsa: "O Senyè Bondye mwen, poukisa w te mennen m' lakay madanm sa epi aprè sa ou tiye pitit li a?"

Après sa, li te kouche sou pitit la yon pwemyè fwa, li te priye: "O Senyè Bondye mwen an, souple fè lavi tounen ankò nan ti gason sa a!"

Li te kouche sou ti gason an yon dezyèm fwa. Li te priye: "O Senyè Bondye mwen an, souple fè lavi tounen ankò nan ti gason sa a!"

Li te kouche sou ti gason an yon twazyèm fwa. Li te priye ankò: "O Senyè Bondye mwen an, souple fè lavi tounen ankò nan ti gason sa a!"

Sibitman, ti gason an te kòmanse respire. Eli te pran l', li te desann anba nan kay la, epi li te bay manman l' li. Li te di l': "men pitit ou a, li vivan."

Fanm nan te mete ajenou devan pwofèt la, li te di: "kounyea mwen konnen ou se yon sèvitè Bondye, paske Pawòl li nan bouch ou."

123 - Eli nan Mòn Kamèl la

1 Wa 18

Grangou a te rèd nan peyi Izrayèl. Li te dire 3 lane. Finalman, Bondye te di Eli: “al di wa Akab mwen pra l’ voye lapli nan peyi a.”

Moun ki te responsab nan palè wa a, se to yon nonm yo te rele Abdyas. Li te fidèl pou Bondye, li te kache 100 pwofèt Bondye, lè Jezabèl t’ap chèche tiye yo.

Abdyas avèk wa a t’ap chèche kote yo ta kapab jwenn zèb pou bèt yo ki te nan palè a. Yo chak te ale nan yon direksyon pou yo te kapab jwenn plis zèb.

Pandan Abdyas t’ap mache konsa, Eli te parèt devan l’ sibitman. Abdyas te tonbe fas atè epi l’ te di: “O, mèt Eli.”

Pwofèt la te di l’: “al di wa a mwen isit la.”

Abdyas te sezi. Li te di: “sa m’ te fè pou w vle pou yo tiye m nan? Wa a te chèche w nan tout peyi a, epi menm nan lòt peyi. Menm lè m’ di l’ ou isit la, Bondye ap pran w li mennen w nan kèk lòt kote.

Konsa, Akab ap tou tiye m’ si l’vini isit la, li pa jwenn ou. Tanpri souple pa fè m’ sa.”

Pwofèt la te di l’: “ou pa bezwen pè, menm jan Bondye vivan an, m’ap kontre avèk Akab jodia.”

Se konsa, Abdyas te ale epi li te pale avèk Akab. Kon wa a te wè Eli, li te di: “se pa nèg la ki te detwi peyi Izrayèl la sa?”

Eli te di l’: “Non ! Se pa mwen menm, men se oumenm ki te detwi Izrayèl. Ou te vire do bay Bondye epi w’ap sèvi Baral. Di moun peyi Izrayèl yo vèn rankontre m’ nan mòn Kamèl la. Mennen pwofèt Baral yo avèk pwofèt Astate yo, sila yo k’ap manje avèk Jezabèl sou menm tab la.”

Konsa, Akab te di moun Izrayèl yo monte nan mòn Kamèl la, ansanm avèk pwofèt yo. Kon, tout moun te la, Eli te di yo: “Kilè n’ap sispann woule de bò? Si se Senyè a ki Bondye, se li pou nou sèvi. Si se Baral ki Bondye, se li pou nou sèvi. Pèp la pa t’ di anyen, men yo te rete ap gade pwofèt la sèlman.

Li te di yo: “nan tout pwofèt Bondye yo, se mwen menm sèl ki rete, men gade, gen 450 pwofèt Baral. Ban m’ 2 toro bèf. Y’ap pran yonn, y’ap prepare l’ pou yo fè yon sakrifis. Y’ap mete l’anwo bwa, san yo pa mete dife ladann. M’ap fè menm bagay la tou. Y’ap rele dye yo a, epi mwenmenm m’ap rele Bondye. Dye a ki mete dife nan sakrifis la, san se pa moun ki mete l’ la, se limenm ki Bondye.”

Pèp la te di: “Wi, se byen sa! Eli te di pwofèt Baral yo: “nou mèt fè sakrifis pa nou an an pwemye.”

Pwofèt Baral yo te prepare toro pa yo a, epi yo te kòmanse rele Baral. Yo te priye depi maten rive jouk a midi. Yo te danse tout alantou otèl la, men pa gen anyen ki te fèt. Eli te kòmanse pase yo nan jwèt: “petèt nou dwe rele l’ pifò! Bondye nou an dwe ap dòmi, nou bezwen reveye l’. Li dwe al nan vwayaj? Yo te rele byen fò, yo te blese kò yo, jouk san t’ap koule. Yo te kontinye fè sa jouk aprè midi, men pa t’ gen anyen ki te fèt.

Alafen, Eli te bati yon lotèl avèk douz wòch, yonn pou chak tribi ki nan pèp Izrayèl la. Li te fè yon kanal ki te fè wonn tout lotèl la, epi li te mete bwa sou li. Aprè sa, li te mete toro a sou bwa a. Li te di pèp la: “al pran dlo, vèn mete l’ sou sakrifis la.” Kon yo te fin fè sa, li te di yo fè sa ankò. Lè yo te fin fè sa yon dezyèm fwa, li te di yo fè sa yon twazyèm fwa. Lè yo te fin fè sa, lotèl la te mouye nèt, epi kanal la te plen dlo.

Eli te avanse bò lotèl la. Li te priye, li te di: “Senyè, Bondye Abraram, Izarak avèk Jakòb la, fè tout moun konnen se oumenm ki Bondye epi mwen menm se sèvitè w. reponn mwen, konsa pou pèp sa va retounen vèn jwenn ou.”

Rapidman, dife te desann sòti nan syèl la, li te brile sakrifis la, bwa a avèk douz wòch yo, ki te nan kanal la. Pèp la te pran rele: “Se Letènèl ki Bondye! Se Letènèl ki Bondye!”

Eli te bay lòd sa a: "Sezi pwofèt Baral yo, pinga kite yonn chape." Pèp la te sezi pwofèt Baral yo. Eli te tiye yo tout. Li te vire, li te di Akab: "manje enpe manje, genyen yon gwo lapli ki pral tonbe. Aprè sa, li te monte sou tèt mòn nan pou l' te priye. Li te di sèvitè l' la, gade bò lamè a, kisa w wè?" Sèvitè a te di l': "mwenn pa wè anyen!" Pandan sèt fwa Eli te di l' al gade. Finalman, setyèm fwa a, sèvitè a te di l': "mwenn wè yon nyaj ki tankou yon lajè plat men yon moun, k'ap vini sòti nan lamè a." Eli te di l': "fè vit al di Akab: "kouri al lakay ou rapidman, pou lapli a pa bare w nan wout." Nan yon ti tan, syèl la te vinn tou nwa, yon van te kòmanse vante. Finalman, te gen yon gwo lapli ki te tonbe. Pwisans Bondye te vinn sou Eli, li te kouri pi vit pase cha Akab la, epi li te rive Jizreyèl anvan l'.

124- Eli sou Mòn Orèb la

1 Wa 19

Akab te rakonte Jezabèl sa Eli te fè nan mòn Kamèl la. Li te di l' kòman li te tiye tout pwofèt Baral yo. Jezabèl te voye yon mesaj ba pwofèt Eli. Li te di: "mwen pral tiye w! Make sa m' di a. W'ap mouri avan demen swa." Eli te vèn pè. Li te kouri ale lòt kote pou l' te sove lavi l'. Li te kite peyi Izrayèl, li te ale yon kote nan zòn Sid nan peyi Jida. Li te kite sèvitè l' la epi li te ale nan dezè a. Li te mache yon lòt jou li rive yon kote, li te chita anba yon ti pye bayawonn.

Li te kriye konsa: "Kisa m' te fè? Mwen pa pi bon pase zansèt mwen yo. Senyè, mwen mèt mouri kounyea." Aprè sa, li te kouche la, li te dòmi.

Après li te fin dòmi pandan yon moman, yon anj te touche l', li te di l': "reveye epi manje." Eli te reveye, li te wè yon krich dlo avèk yon pen ki te prepare sou chabon dife. Li te manje pen an, li te bwè dlo a epi li te tounen al dòmi ankò.

Pita, anj Bondye a te reveye l' ankò, li te di l': "reveye epi manje. Ou pra l' fè yon vwayaj k'ap long." Eli te reveye ankò, li te jwenn pen avèk dlo ankò. Li te leve, li te manje pen an epi li te bwè dlo a. Après sa, li te mache 40 jou, 40 nwit pou l' te ale nan mòn Orèb, mòn Bondye a, yo te rele tou: Mòn Sinayi. Kon l' te rive la, li te antre nan yon gwòt, li te pase nwit lan la.

Nan maten Bondye te di l': "Eli, sa w ap fè isit la?"

Li te di: "Senyè, mwen te travay pou ou ak tout kè m'. Men Izrayèl te bliye kontra l' te fè avèk ou. Yo te detwi otèl ou yo. Yo te tiye pwofèt ou yo. Se mwen menm sèl ki rete, y'ap chèche tiye m'."

Bondye te di l': "sòti, kanpe sou tèt mòn nan. Sibitman yon van te fwape mòn nan, li te pete wòch yo. Men Bondye pa t' nan gwo van an.

Après sa, te gen yon tranbleman de tè. Men Bondye pa t' nan tranbleman de tè a. Après sa, te gen yon dife. Men Bondye pa t' nan dife a.

Après sa, Eli te tande yon ti van dou ki t'ap soufle. Lè l' te tande l', li te kouvri vizaj li avèk manto l' la epi li te sòti nan gwòt la, li te kanpe devan l'. Yon vwa te di l': "Eli, sa w ap fè isit la?" Eli te reponn, li te di: "Senyè, mwen te travay pou ou ak tout kè m'. Men Izrayèl te bliye kontra l' te fè avèk ou a. Yo te detwi otèl ou yo. Yo te tiye pwofèt ou yo. Se mwen menm sèl ki rete, y'ap chèche tiye m'."

Letènèl te di l': "O Eli, retounen lakay ou. Mwen gen 7000 moun nan peyi Izrayèl ki pa t' janm mete ajenou devan Baral." Après sa, li te di pwofèt la tout sa l' te gen pou l' fè, an detay, ki gen ladann wenn Elize pou ranplase l', chwazi yon nouvo wa pou Izrayèl.

Eli te retounen nan peyi Izrayèl kote l' te jwenn Elize ki t'ap charite yon tè. Pwofèt la te pwoche kote l', li te voye manto l' la sou li, epi li te kontinye mache. Elize te kite bèf yo. Li te kouri dèyè Eli, li te di l': "Silvouplè, kite m' al di manman m' avèk papa m' orevwa, après sa ma vèn swiv ou."

Eli te di l': "ou mèt tounen, men pinga bliye apèl ou resevwa a."

Après sa, Elize te pran jouk la avèk chari a, epi li te fè yon dife. Li te tiye bèf yo epi li te fè yon manje pou fanmiy li. Lè yo te fin manje manje a, li te kite yo, li te al swiv pwofèt Eli.

125 - Pwofèt Ki Te Blese a

1 Wa 20

Wa peyi Siri a te anvayi Izrayèl. Li t'ap mennen lame l' la al atake Samari. Li te voye yon mesaj bay wa Akab, li te di: "Banm lò avèl ajan ou genyen yo. Mwen vle madanm ou yo avèk pitit ou yo tou." Wa Akab te voye yon mesaj tounen ba l', kote l', li te di: "M'ap ba ou tout. Menm tèt mwen m'ap ba ou."

Wa peyi Siri a te voye yon lòt mesaj, li te di: "genyen yon lòt wa anplis. Demen m'ap voye moun al chèche palè w la epi avèk lòt pi bon kay yo. Yo va pran tout sa ki gen valè yo."

Akab te di lidè Izrayèl yo sa. Yo te di l': "pa fè sa. N'ap goumen avè l'."

Akab te voye mesaj sa bay wa Siri a. Wa Siri a te fache, li te di: "m'ap detwi Samari nèt! Lè m' fin fè sa, dekonb sèlman k'ap rete." Aprè sa, li t'ap bwè avèk kèk lòt wa ki te avè l'.

Pandan Akab t'ap prepare pou l' al goumen, yon pwofèt te vèn kote'l, lit e di l': "Lame Siri a pi gwo anpil pase lame w la, men Bondye pra l' ede w pote laviktwa sou li. Se oumenm menm ki pou dirije sòlda w yo nan batay la, konsa ou va wè avèk zye w kòman Bondye gen kontwòl sitiasyon an."

Wa peyi Siri a t'ap bwè toujou lè l' te tandè Akab t'ap mache avèk lame l' la nan lari Samari. Li te di sòlda l' yo: "Kenbe mesye Izrayèl yo vivan. Mwen bezwen yo kòm esklav.

Lame Izrayèl la tèlman di, sòlda Siryen yo te kouri kite chan batay la. Se te yon defèt ki te rès anpil pou lame Siryèn nan. Menm wa yo a te chape de jistès.

Pwofèt la te al kote Akab, li te di l': "prepare w! nan prentan k'ap vini an, y'ap retounen ankò."

Gwo chèf peyi yo a te kontre wa yo a epi yo te di l': "Dye yo a se yon Dye mòn li ye. Ou te pèdi batay la, paske w te goumen avèk yo nan mòn yo. W'ap genyen si w goumen nan plenn."

Se konsa lè prentan an te rive, yo te anvayi peyi Izrayèl ankò. Lame Akab la te tou pitit tankou yon ti bann mouton devan yon gwo lame. Pwofèt la te di Akab: "Yo panse ke Letènèl se yon Dye mòn li ye, epi li pa gen okenn pwisans nan plenn. Sepandan ou va bat yo, lè sa a ou va konnen se Bondye ki kontwole tout bagay."

Batay la te kòmanse. Lame Siryèn nan te pèdi pi rès. Te genyen 100.000 sòlda pa yo ki te mouri. Pandan yo t'ap kouri retounen lakay yo, sibitman, yon miray te tonbe sou yo, yo te pèdi 27.000 ankò.

Wa peyi Siri a te al kache nan yon twalèt. Finalman, gwo chèf ki t'ap sèvi avè l' yo te desann tèt yo devan Akab, yo te mande l' pou l' gen pitye pou wa yo a. Akab te di: "O, Èske frè m' nan vivan toujou? Mennen l' isit la." De wa yo te kontre ansanm, yo te fè yon antant.

Lè pwofèt la te tandè sa, li te al jwenn yon zanmi l epi li te di l': "Bondye vle pou w frape m'." Zanmi an te sezi, li te di: "mwen p'ap fwape w."

Pwofèt la te di l': "ou te dezobeyi Bondye, poutèt sa, yon lyon va tiye w." sa te fèt jan l' te di l' la. Yon ti tan aprè zanmi an te ale yon kote, yon lyon te vole sou li, li te tiye l'.

Pwofèt la te di yon lòt mesye: "Bondye vle pou w frape m'! Konsa mesye a te fwape l'. Aprè sa, pwofèt la te kouvri vizaj li avèk yon bandaj epi li te kanpe nan wout la.

Nan yon ti tan, Akab t'ap pase bò la, men l' pa t' konnen kilès mesye sa te ye. Pwofèt la te kriye: "mon wa, pandan batay la, yo te peye m' pou m' te veye yon prizonye. Yo te di m' yo va tiye m' si m' kite l' ale. O! o! mwen te distrè, epi prizonye a te chape nan men m', li te ale."

Wa a te di: "ou te fou, ou te fè egzakteman sa w te di w te fè a."

Pwofèt la te retire bandaj la sou vizaj li, Akab te wè kimoun li te ye. Pwofèt la te di l': "Bondye te di w pou w tiye wa peyi Siri a, ou pa t' fè sa. Poutèt sa, ou pra l' mouri nan plas li, pèp ou a va mouri nan

plas pèp li a.” Akab te kite pwofèt la. Li te ale lakay li nan Samari, men li pa t’ kontan ankò pou laviktwa l’ te genyen an. Li te vin tris e chagren.

126 - Jaden Rezen Nabòt la

1 Wa 21

Nan vil Jizreyèl, yon nonm yo te rele Nabòd te genyen yon jaden rezen, akote palè wa Akab la. Wa a te pale avèk Nabòt, li te vle pou l' vann li jaden rezen l' lan pou l' te ka fè yon jaden potaje. Li te di l': "m'ap ba w yon bon pri pou li, si w prefere sa, m'ap ba w yon jaden rezen ki pi bon yon lòt kote. Nabòt te di l': "non ! Mwen pa kapab vann ou jaden rezen sa a. Se te pou zansèt mwen yo l' te ye depi dè santèn lane."

Nan yon pwemye tan, sa te fè wa a fache. Li te tounen lakay li, li pa t' vle manje anyen. Finalman, li te vin chagren, li te rete kouche nan kabann li, avèk fas li ap gade miray kay la.

Jezabèl, madanm wa a te mande l': "sa w genyen konsa?" Li te reponn: "mwen te mande Nabòt achte jaden rezen l' lan, li te di m' non! Li pa kapab vann li. Mwen te menm ofri l' yon pi bon jaden nan plas sa a."

Jezabèl te di l': "O! o ! Se sa sèlman ki pwoblèm nan? A monchè vîn manje ! Pa chaje tèt ou pou jaden rezen Nabòd la, m'ap ba ou li."

Li te ekri yon lèt voye bay chèf yo ki te nan vil la. Li te di yo: "Al arete Nabòt, fè'l vini devan nou.

Chèche de fo temwen, ki kapab sèmante ke li te modi Bondye avèk wa a. Aprè sa, mete l' deyò, lapide l' jouk li mouri." Li te siyen lèt la avèk non Akab, epi li te sele l'avèk so ofisyèl la.

Chèf yo ki te alatèt vil la te fè tout bagay jan yo te di yo fè l' la. Yo te arete Nabòt. Yo te kondane l' a mò. Aprè yo te fin lapide l', yo te voye yon mesaj tounen ba Jezabèl, ki te di: "Nabòt mouri."

Après sa, li te ale kote mari l' epi li te di l': "kounyea ou genyen jaden rezen w te vle a. Ale, epi jwi l' jan w vle, paske Nabòt mouri. Lè wa a tandè bòn nouvèl sa a, li te al wè jaden rezen l' lan.

Nan menm moman an, Bondye te di Eli: "Wa Akab fèk vole jaden rezen Nabòt la. Al di l' konsa: "nou te asasinen Nabòt, epi chyen yo te niche san l' atè a. chyen va niche san nou tou menm kote a. "

Eli te te ale, li te jwenn Akab nan jaden rezen Nabòt la. Lè wa a te wè pwofèt la ap vini, li te di: "Enben, lènmi mwen, ou jwenn mwen jodia!"

Pwofèt la te reponn li, li te di l': "wè, mwen jwenn ou, paske se bagay mal ase w ap plede fè devan Senyè a. kounyea se lè pou jijman fèt. Santans ou va menm jan avèk pa wa Jewoboram nan. Ou pa va gen okenn desandan. An pwemye, chyen va manje kadav madanm ou Jezabèl. Aprè sa, tout fanmiy ou va deisparèt sou latè. Chyen va manje tout desandan w yo ki va mouri nan vil la. Zwazo va manje sila yo ki va mouri nan jaden yo."

Sa te fwape Akab nan kè l', lè l' te tandè sa. Li te gen lapenn, li te chire rad li. Li te fè yon jèn, li te mete yon rad sak lajounen tankou lannwit. Alafen, Bondye te di Eli: "Akab te regrète tout bon pou sa l' te fè a. Poutèt sa, mwen p'ap detwi fanmi l' kounyea, men aprè l' mouri, tout sa mwen te di yo ap rive, lè pitit li a va wa.

127 - Jozafa Avèk Akab

1 Wa 22 e 2 Kwonik 17, 18

Après Aza te mouri, pitit gason l' lan Jozafa te vèn wa nan peyi Jida. Letènèl te ansanm avèk li. Li te swiv egzanp wa David la.

Pwemye bagay li te fè, li te bay nasyon an plis sekirite. Li te etabli yon pwogram edikasyon tou pou l' te kapab ede pèp la konprann Lalwa Bondye a. Bondye te fè nasyon ki te nan anviwon an pè Jozafa. Se sa k' te fè yo pa t' janm vle al nan lagè avè l'.

Wa a te deside fè alyans avèk wayòm Izrayèl la. Se konsa, li te òganize yon maryaj ant pitit gason l' lan avèk pitit fi wa Akab la.

Jozafa te ale Samari pou l' te kapab fè alyans lan vèn pi solid. Akab te di l': "mwen pral fè yon lagè. Ann al avè m'epi n'a fè l'ansanm."

Jozafa te di: "mwen vle ale avè w si Bondye vle, pou sa, annou chèche yon pwofèt."

Akab te voye chèche 400 pwofèt li yo, li te di yo: "Èske nou kapab ale nan lagè a?"

Yo te di l': "wi! Nou mèt al goumen, paske Bondye va bannou laviktwa."

Wa Jozafa te di: "mwen vle tandè yon pwofèt Bondye, Èske nou pa gen yonn nan peyi Izrayèl la?"

Akab te di: "men wi nou gen yonn. Men mwen pa renmen rele l'. Li toujou di move bagay de mwen. Li toujou ap pale de jijman."

Se konsa, Akab te di yonn nan sekirite l' yo: "Al chèche Miche epi mennè l'isit la."

Lè sekirite yo t'ap mennè l'andedan an, yo te di l': "tout lòt pwofèt yo te di bon bagay pou plan wa a. Fè menm jan avèk yo tou."

Li te di: "kòm gen yon Bondye nan syèl la, mwen va di sa l' di m' pou m' di."

Lè wa Akab te wè Miche, li te di l': "di mwen, Èske m' mèt ale avèk lame m' nan, nan lagè, oubyen èske m' dwe rete lakay mwen?"

Miche te di: "ou mèt ale definitivman, w'ap pote laviktwa."

Akab te di l' byen move: "konbyen fwa mwen di w lè w ap pale avè m' nan non Senyè a se pou w toujou di m' laverite. Kisa Bondye di vrèman sou lagè sa a?"

Miche te di l': "mwen wè pèp Izrayèl la gaye tankou mouton ki pa gen gadyen. Mèt yo te mouri."

Akab te vire gade Jozafa: "ou wè sa m' te di w la! Li toujou di move bagay de mwen."

Miche te di: "koute pawòl Bondye a. Mwen te wè Bondye chita nan mitan anj li yo. li te di: "kòman pou m' fè pou m' fè Akab ale nan lagè sa a? Anj yo te gen plizyè lide. Aprè sa, gen yon lespri ki te di: "mwen kapab fè l'ale. M'ap tounen yon lespri mansanj nan bouch pwofèt li yo. Li va kwè nan yo, li va ale nan lagè a." Epi se sa l' te fè. Koute, Bondye vle pou w al nan lagè sa a."

Yonn nan pwofèt Akab yo te avanse kote Miche, li te ba l' yon kalòt. Akab te rele sekirite l' yo, li te di: mete nonm sa nan prizon. Pinga ba l'anyen, men ba l' sèlman pen avèk dlo, jouk mwen retounen sot nan lagè a."

Miche te rele foul la, li te di: "tout moun, koute sa byen, sonje sa. Mwen pa yon pwofèt Bondye si wa a retounen sot nan batay sa a."

Toulède wa yo te ale nan chan batay la. Kon yo te rive la, Akab te di Jozafa: "ou kapab abiye avèk rad wayal ou, men mwen menm m'ap degize m', m'ap abiye tankou nenpòt lòt sòlda."

Batay la te rès. Lòt lame a t'ap chèche tiye Akab, men yo pa t' kapab jwenn li. Rive yon kote, yo te panse wa Jozafa se te Akab. Men kon yo wè yo te twonpe, yo te vire do kite l'.

Finalman, yon sòlda te tire yon flèch konsa konsa anlè, san l' pa t' vize direksyon l' t'ap tire l' la, li te touché Akab nan fant rad lagè ki te sou li a.

Wa a te di: "kase tèt tounen, an nou kite batay la, paske mwen blese grav."

Akab te rete ap gade batay la sou cha li a. li te mouri bò lwès, kon solèy te kouche.
Yo te pote kò l' tounen Samarie, yo te antere l'. Yon moun te lave cha l' la bò yon pisin. Chyen yo te
niche san l' jan Bondye te anonse sa.

128 - Viktwa Jozafa a

2 Kwonik 19,20

Jozafa te gen 35 an lè l' te vèn wa peyi Jida. Li te gouvène peyi a pandan 25 an. Li te etabli yon sistèm edikasyon, li te mete jistis nan peyi a epi li te refòmè sistèm legal la. Bagay yo te mache byen nan Jida, jiskaske sibatman peyi Moab, Amon avèk Edon te mete ansanm pou yo goumen kont Jozafa. Yon gwo lame t'ap deplase sòti bò Lès, bò lamè mòt ale nan Angedi, bò Lwès.

Jozafa te pè. Se sa k' fè l' te chèche èd Bondye. Li te mete deyò yon mesaj kote l' te di, se pou tout moun fè vit pou yo chèche favè Bondye. Pèp la te reponn, epi anpil nan yo te ale Jerizalèm, pou yo te rete avèk wa a, pou yo te lapriyè avè l'. Yon gwo foul te ale nan tanp lan. Yo te kanpe devan Letènèl. Mesye yo te mennen madanm yo avèk pitit yo. Konsa anpil fanmiy te mete ansanm epi yo te chèche sekou Bondye.

Jozafa te kanpe devan tout pèp la. Li te priye Bondye. Li te di: "O Senyè, ou se Bondye ki nan syèl la. Se oumenm ki te bay zanmi w Abraram peyi a. Se oumenm ki gen tout pouvwa avèk tout fòs. Ou di se pou nou mete konfyans nou nan ou, lè nou gen pwoblèm. Gade! Moabit yo avèk Amonit yo sanble yon gwo lame, yo vini pou yo detwi nou. Nou pa gen fòs pou nou goumen kont yo. Nou pa konnen lòt bagay pou nou fè, men nou fikse zye nou sou ou."

Sibatman, Lespri Bondye te vini sou yon pwofèt. Li te di: "tande sa Bondye di nou: "nou pa bezwen pè bann moun sa yo. Batay sa a se pa batay pa nou, se batay mwen. Demen, nou mèt desann al atake yo. Nou pral wè yo ap vini, men nou p'ap bezwen nan goumen avèk yo. N'ap sèlman pran pozisyon nou. Aprè sa, n'ap wè kòman Bondye ap bannou laviktwa. Pa pè, mwen avèk nou.

Jozafa te mete ajenou, li te bese tèt li atè devan Bondye. Tout pèp la te fè menm jan tou, yo te adore Bondye. Sibitman, levit yo te kanpe, yo te kòmanse ap loure Bondye byen fò. Nan demen maten byen bonè, pèp la te leve, li te ale pou l' al goumen avèk lènmi l' yo. Jozafa te di yo: "mete konfyans nou nan Bondye, nou va genyen batay la." Li te mete moun pou yo chante pou Bondye. Yo te sòti devan lame a, yo t'ap chante: "louranj pou Senyè a! li pap janm sispann renmen nou! Pandan pèp la t'ap chante ak kè kontan, pou yo te fè louranj pou Senyè a, Senyè a te lage yon sèl bouyaj nan mitan yo. Amonit yo avèk moabit yo te tonbe goumen avèk moun Edon yo, yo te detwi yo nèt. Aprè sa, yo te vire yonn kont lòt, yo te kontinye tiye yonn lòt jouk yo tout te mouri. Lè lame Jida a te rive nan chan batay la, yo te wè sèlman kò sòlda yo ki te mouri yo kouche atè a. Pa t' gen yonn ki te chape.

Jozafa avèk lame l' la te desann, yo te piye tout sa lènmi yo te kite. Sa yo te kite te tèlman anpil, yo te pase twa jou ap ramase yo. Finalman, yo pa t' kapab pran plis. Yo te reyini ansanm katriyèm jou a, sèlman pou yo te fè louranj pou Bondye. Aprè sa, yo te retounen Jerizalèm avèk Jozafa alatèt yo. Yo tout te reyini nan tanp lan ankò pou yo te fè louranj pou Bondye, nan mitan anpil rejwisans.

Tout nasyon yo alantou Jida a te tandè kòman Bondye te bay pèp li a yon gwo viktwa. Yo te vèn pè Letènèl anpil, sa te fè okenn nan yo pa t' vèn atake Jozafa tout tan l' te vivan. Sa fè te gen lapè nan peyi a, tout bagay te trankil.

129 - Kapten 50 lan

2 Wa 1

Après Akab te mouri, pitit gason l' lan Akazya te vèn wa peyi Izrayèl. Yon ti tan pi ta li sot nan balkon lakay li a, li te tonbe sou tèt palè a nan vil Samari. Li te malad grav, konsa li te di sèvitè l' yo: "al mande Baral-zeboub si l'ap refè anba maladi sa a."

Eli te fè sèvitè wa yo kanpe nan wout epi li te di yo: "gen Bondye nan peyi Izrayèl. Poukisa nou pral kote Baral-Zeboub Pou yon pwoblèm konsa? Men repons Bondye pou wa a: "ou p'ap leve anba maladi sa a, ou pral mouri."

Sèvitè wa yo te retounen epi yo te bay wa Akazya mesaj sa a. wa a te di: "kijan moun ki te di nou tout pawòl sa yo te ye?"

Yo te di l': "se te yon nonm ki te kouvri avèk cheve, li te gen yon sentiwon ki fèt avèk po bèt mare nan senti l'."

O mwen konnen kimoun li ye. Se Eli!"

Konsa, wa Akazya te voye 50 sòlda al chèche Eli. Lè yo te rive kote l' te rete a, sou tèt yon ti mòn.

Kapitèn nan ki te alatèt sòlda yo te rele l', li te di: "Sèvitè Bondye, desann anba a, mwen resevwa lòd pou m' mennen w bay wa a."

Eli te di: "Si mwen se yon sèvitè Bondye vre, se pou dife sòti nan syèl, pou l'tiye oumenm ak tout 50 sòlda w yo." Rapidman yon boul dife te sòti nan syèl, li te tiye kapitèn nan avèk sòlda l' yo.

Lamenm, wa a te voye yon lòt kapitèn avèk 50 lòt sòlda ankò pou yo al chèche Eli. Lè yo te rive kote l' te rete a, pwofèt la te toujou chita sou tèt ti mòn nan. Kapitèn nan, ki te alatèt mesye yo te rele l', li te di l': "Sèvitè Bondye, desann! Mwen resevwa lòd pou m' mennen w bay wa a."

Eli te di: "Si m' se yon sèvitè Bondye, se pou dife sòti nan syèl la, tiye w ak tout 50 sòlda w yo." Yon lòt boul dife te sòti nan syèl la, li te tiye kapitèn nan ak tout sòlda l' yo.

Yon lòt fwa ankò, wa a te voye 50 sòlda pou yo al chèche Eli. Lè yo te rive kote l' te rete a, kapitèn nan avèk sòlda l' yo te mete ajenou devan Eli. Kapitèn nan te di l': "Sèvitè Bondye, souple gen pitye pou nou. Pa kite mwen menm avèk 50 sèvitè w sa yo mouri."

Anj Bondye a te di Eli: "Ale avèk yo. Ou p'ap gen anyen." Après sa, li te leve, li te ale avèk yo.

Lè l' te wè wa Akazya, li te di: "Men yon mesaj Bondye voye pou ou: "Ou te kapab mande m' nenpòt bagay ou te bezwen, mwen t'ap reponn ou. Men ou pa t' fè sa! Ou te voye moun al konsilte Baral-zeboub pito. Poutèt sa ou p'ap refè. Olye de sa ou pral mouri."

Sa te rive jan Eli te di l' la. Wa Akazya te mouri. Li pa t' gen pitit, se pou sa frè li Joram te vèn wa nan plas li.

130 - Eli nan Toubouyon an

2 Wa 2

Lè a te rive pou Bondye te pran Eli nan syèl. Konsa vye pwofèt la te di Elize: “rete isit la, Bondye voye m’ Betèl.”

Te gen yon gwoup pwofèt nan Betèl, yo te di Elize: “Èske w konnen Bondye pral pran mèt ou a jodia?”
“Wi, mwen konnen, rete trankil kounyea.”

Eli te di Elize: “rete isit la kounyea. Bondye ap voye m’ Jeriko.”

Elize te di: “menm jan Bondye vivan tout bon an, mwen p ap kite w ale poukont ou.” Konsa, yo te ale ansanm Jeriko.

Pwofèt yo nan Jeriko te di Elize: “Èske w konnen Bondye pra’l separe mèt ou avè’w jodia?”

Li te reponn: “wi, mwen konnen. Pa pale kounyea.”

Eli te di l’: “rete isit la. Bondye ap voye m’ bò rivyè Jouden an.”

Elize te di: “menm jan Bondye vivan tout bon an, mwen p ap kite w ale poukont ou.”

Après sa, yo te ale bò Jouden an ansanm.

Lè yo te rive bò Jouden an, Eli te wete gwo rad ki sou li a, li te woule l’, li fwape dlo a avè l’. Dlo a te fann de bò. De mesye yot e travèse rivyè a sou tè sèch. 50 pwofèt t’ap veye yo a distans. Kon yo de a te lòt bò dlo a, Eli te di Elize: “kisa w vle pou m’ fè pou ou avan m’ale?”

San Elize pa t’Elize, li te di l’: “mwen ta renmen yon pòsyon doub nan Lespri ki sou ou a.”

Eli te di: “kisa? Sa w mande m’ la pa fasil. Men si w wè m ak zye w lè m’ ap kite w la, w’ap jwenn sa w mande a. Men si w pa wè m’, wa konnen ou p’ap jwenn li.”

Pandan yo t’ap kontinye mache, sibatman yon cha dife avèk cheval dife te parèt epi li te separe de mesye yo. Après sa, Eli te monte nan syèl nan yon toubiyon, li te ale.

Elize te wè tout bagay. Li te chire rad li, li te pran kriye konsa: “papa mwen! Papa mwen! Oumenm ki te tankou yon gwo lame pou w pran defans pèp Izrayèl la!

Après sa, li te wè manto Eli a, ki te tonbe lè pwofèt la te ale nan lè a. Elize te avanse, li te pran l’. Li te tounen, li te ale dèyè, li te kanpe bò Jouden an. Li te leve manto a anlè, après sa li te fwape dlo a. li te di: “kote Senyè a, Bondye Eli a? Dlo a te separe, epi li te travèse lòtbò larivyè a.

50 pwofèt yo te wè tout bagay sa yo. Yo te di: “Lespri Bondye a rete nan Elize. Depi lè sa a pou kontinye, yo te onore l’ kòm nouvo lidè yo a.

Lè l’ te tounen Jeriko, moun nan vil la te di l’: “Jeriko se yon bon kote pou moun rete, men dlo a pa bon. Li menm anpeche plant nou yo devlope.”

Li te di: “mete enpe sèl nan yon bòl nèf epi pote l’ ban mwen.”

Yo te pote l’ ba l’ epi li te ale nan sous la. Li te voye sèl la nan dlo a, li te di: “Bondye te fè dlo a vèn bon. Kounyea l’ap kapab fè jaden nou grandi, epi pa gen okenn moun k,ap malad ankò.”

Li te kite Jeriko, li te tounen Betèl. Pandan l’ t’ap ale, kèk ti gason te kòmanse pase l’ nan jwèt. Yo t’ap di: “kite isit la ! Chòv.”

Pwofèt la te vire, li te modi yo. Lamenn, de ous te sòti nan bwa. Yo te dechire 42 ti gason yo.

131 - Twou Dlo yo

2 Wa 3

Pandan anpil lane, Moab te anba dominasyon peyi Izrayèl. Yo te konn peye l' anpil kòb. Aprè lamò Akab, wa Moab la te refize peye Izrayèl la okenn taks ankò.

Pitit Akab la, Wa Joram te òganize lame l' la, epi li te prepare pou l' te al goumen kont Moab. Li te voye yon mesaj bay Jozafa, wa peyi Jida: "silvoulè mete avè m' nan yon lagè kont wa Moab la. Li an revòlte kont mwen."

Jozafa te dakò, de lame yo te ale bò lamè mòt la, yo te antre nan peyi Edon. Lame Edonit la te mete avèk yo. Konsa, yo twa a te kontinye mache ansanm pou yo te ale Moab.

Avan lontan yo te vèn dekouvri, pa t' genyen ase dlo nan dezè a, pou tout moun avèk tout bèt yo te genyen avèk yo a. Joram te di: "mwen panse ke Bondye mennen nou isit la pou moabit yo kapab kaptire nou."

Jozafa te di: "Èske gen yon pwofèt Bondye avèk nou?"

Yonn nan ofisye yo te di: "wi, Elize la a." Twa wa yo te al kote l'. Lè l' te wè Joram, li te di: "poukisa ou vèn kote m', poukisa ou pa pale ak yonn nan idòl ou yo?"

Joram te di: "silvoulè, mwen panse Letènèl, Bondye w la mennen nou isit la, konsa, pou moabit yo kapab kaptire nou."

Elize te di l': "si se te pou ou sèlman, mwen pa t'ap ba ou menm yon jou. Men mwen respekte wa Jozafa anpil, se pou sa, voye chèche yon mizisyen avèk yon ap. Pandan mizisyen an t'ap jwen ap la, Bondye te bay Elize yon mesaj pou Joram: "fouye anpil gwo trou nan ravin sa a. nou p'ap wè van, nou p'ap wè lapli, men ravin sa a pral plen dlo. Konsa, na jwenn kont dlo pou noumenm avèk bèt nou yo bwè. Yon bagay fasil pou Senyè a fè. L'ap ede nou bat moabit yo tou epi n'ap kapab pran vil yo tou."

Nan demen maten, sibitman dlo te kòmanse koule, li te tèlman anpil, li te inonde peyi a. Lame moabit la te rive byen bonè, yo te gade nan direksyon twa wa yo. solèy la t'ap klere sou dlo a, li te parèt wouj. Yo te kriye: "gade tout sanki la a ! Lame twa wa yo te vire yo len te tiye lòt. Vini! Ann al pran biten an nan kan yo a."

Lè yo te rive nan kan Izrayèl la, lame Izrayèl la te atake yo. Yo te chase yo tounen Moab, epi yo te kòmanse pran vil aprè vil. Finalman, te rete yon sèl yo pa t' bat. Izrayèl te antoure l'. Wa Moab la t'ap chèche sove. Li te pran 700 nan pi bon sòlda l' yo, yo t'ap chèche pase ak zam yo nan mitan lame Izrayèl la. Plan an te echwe, aprè sa li te pran pwemye pitit gason l' lan, li te ofri l' an sakrifis sou miray vil la. Sa te tèlman tèrib, ke sòlda moabit yo te gen yon gwo kriz raj ki te pran yo. Lè twa lame yo te wè sa, yo te ale, yo te tounen lakay yo.

132 – Lwil la, Po a, Pen epi Rach la.

2 Wa 4:1-4, 4:38-44, 6:1-7

Se Elize ki te responsab lekòl pwofèt yo. Plizyè mirak te asosye avèk gwoup jèn gason sa yo. Te genyen yonn nan pwofèt yo ki te mouri. Madanm li te vini kote Elize, epi li te di: “Ou konnen mari m’ te sèvi Bondye, li te fè sa fidèlman. Lè l’ te mouri, li te dwe yon moun yon kantite lajan. Kounyea nonm sa te vin chèche lajan an nan men m’. Li t’apral pran de pitit gason m’ yo, pou l’ te vann yo kòm esklav.”

Pwofèt la te di: “kite m’ panse sou sa. Asireman mwen kapab ede w. Di m’ byen, èske w gen yon bagay ki gen valè lakay ou?”

Li te di: “non, mwen pa gen bagay ki gen okenn valè lakay mwen. Bon, mwen genyen sèlman enpe lwil nan yon galon.”

Elize te di l’: “Ale kote tout vwazen w yo, prete kantite bidon w kapab jwenn. Pa prete yon ti kantite non, men prete anpil. Depi w fin jwenn yo, ale andedan chanm ou epi fèmen pòt ou. Vide lwil la nan bidon sa yo. Chak fwa youn fin plen, mete l’ akote epi plen yon lòt.” Limenm avèk pitit li yo te ale nan anpil kay, yo te prete kantite bidon yo te jwenn. Yo te ale avèk yo lakay yo, yo te fèmen pòt la. Aprè sa, yo te kòmanse vide lwil nan chak bidon. Pitit gason l’ yo t’ap ba l’ bidon vid yo. Lè yo tout te plen, li te vire epi li te di: “pitit gason m’, ban m’ yon lòt bidon.”

Li te di l’: “manman, pa gen ankò.” Aprè sa, lwil la te kanpe.

Li te kouri epi li t’ap di pwofèt la sa k’ te pase. Pwofèt la te di l’: “al vann lwil la, peye dèt la, epi ou va viv avèk sa ki rete a.”

Yon lòt lè, te gen yon grangou ki te tèlman rèd, ke te ge trè pe de choz pou moun manje. Lè Elize te retounen sòti nan yon vwayaj, pwofèt yo te reyini bò kote l’, pou yo te tandè ansèyman li t’ap bay. Li te di sèvitè l’ la: “mete gwo chodyè a nan dife. Pare yon bouyon pou pwofèt yo.

Yonn nan jèn pwofèt yo te ale chèche kèk fèy legim. Li te jwenn yon ti kalbas, li pa t’ konnen si l’ te gen pwazon ladann. Li te pran mezi sa l’ te kapab. Li te koupe yo epi li te mete yo nan bouyon an.

Kon l’ te bon, kèk nan mesye yo te goute l’ epi yo te dekouvri sa k’ te rive a, yo te rele: “Sèvitè Bondye a ! AL gade. Gen lamò nan chodyè a. pa manje l’.”

Elize te di: “pote enpe farin ban mwen.” Yo te ba l’ farin nan epi li te mete l’ nan chodyè a.

Après sa li te di: “vèn manje.” Tout moun te manje san okenn pwoblèm.

Yon lè yon nonm te vèn kote Elize avèk 20 pen. Se te premye pen ki te sòti nan yon rekòt. Sèvitè Bondye a te di: “sèvi pen sa yo bay pwofèt yo, konsa yo kapab jwi yo.”

“mesye, genyen 100 moun la, men nou genyen sèlman 20 pen.”

“Ba yo li. Senyè a di va gen ase, epi n’ap gen ki rete anplis. Après a yo te sèvi mesye yo pen an, epi sa te pase jan Snyè a te pwomèt li a. Te gen ase pou tout moun, epi te gen rès ki te rete.

Yon lè te rive kote pwofèt yo te dekouvri, kote yo te rete a te twò piti. Elize te pèmèt yo ale bò rivyè Jouden an, pou yo te al koupe bwa pou yo bati yon kay. Li te menm dakò pou l’ te ale avèk yo.

Yonn nan mesye yo te prete yon rach epi li t’ap koupe bwa avè l’. Sibitman rach la te sòti nan manch li, li te tonbe nan dlo a. Mesye a te rele, li te di: “mèt, se prete m’ te prete rach sa a, men l’ pèdi.”

Elize te di: “ki kote l’ te tonbe nan dlo a la?”

Mesye a te lonje men l’ nan direksyon kote l’ te tonbe a. konsa, Elize te koupe yon baton. Li te voye l’ nan dlo a, nan pwen kote mesye a te endike l’ la. Rach la te monte sou dlo a. Mesye a te pran l’ epi l’ te fikse l’.

133 - Fanm Sinamit la

2 Wa 4: 8-37

Elize t'ap ale nan yon vil yo te rele chounèm. Te gen yon fanm ki te gen gwo mwayen la, ki t'ap chofe l' pou l'te aksèpte pou l' al manje lakay li, nenpòt lè li ta nan vil la.

Kèk tan aprè sa, madanm lan te di mari l': "gade! Mwen vîn konnen mesye sa a k'ap pase la a tout tan an, se yon pwofèt Bondye. Annou fè yon ti chanm pou li nan chanmòt la. Na mete ladann yon ti tab, yon kabann, yon lanp, pou li. Li kapab rete la, nenpòt lè l' pase nan vil la." yo te prepare chanm nan epi Elize te rete ladann nenpòt lè l' te Chounèm.

Yon jou, pwofèt la te nan kay la, li te monte nan chanm li an. Li te di Gerazi, sèvitè l' la: "gade tout sa fanm sunamit la te fè pou nou, al mande l' kisa mwen ta kapab fè pou li? Eske l' vle m al pale avèk wa a pou li oubyen avèk kòmandan lame a?"

Gerazi te al pale avè l'. Men fanm lan te di l': "Mèsi wi, mwen gen tout sa m' bezwen nan mitan pèp la." Aprè sa, Elize te mande Gerazi: "èske w gen yon lide sou sa nou kapab fè pou li?"

"Bon, li pa gen pitit, e mari l' fin vye granmoun."

Elize te di l': "al di l' vîn kote m',epi ou va kanpe nan pòt la."

Madanm nan te monte nan chanmòt la, li te kanpe nan papòt chanm pwofèt la. Pwofèt la te di l': "lane pwochèn lè konsa, ou va gen yon pitit gason."

Madanm lan te di: "non, mè. Tanpri, se sèvitè Bondye w ye, pa ban m' manti.

Après yon lane, li te fè yon pitit gason, jan Elize te pwomèt sa. Ti gason an te grandi, li te vîn ase gran pou l' te al ede papa l' nan rekòt li t'ap fè.

Yon lè, pandan l' te nan jaden, li t'ap plenyen avèk yon gwo tèt fèmèl. Papa l' te mande yon sèvitè pou l' te menen l' bay manman'l. Sèvitè a te pran ti gason an, li te menen l' bay manman l'. Manman l' te kenbe l' sou janm li. Men li te mouri a midi. Li te pran l', li te pote l' nan chanm Elize a, epi li te mete l' kouche sou kabann pwofèt la.

Après sa li te voye yon mesaj bay mari l': "tanpri, voye yon sèvitè pou mwen avèk yon bourik. Mwen bezwen al kote pwofèt Elize. Mwen p'ap mize. M'ap vini touswit."

Mari l' te dakò. Li te voye yon sèvitè avèk yon bourik ba l'. Li te di sèvitè a: "mennèn m' kote sèvitè Bondye a, nan mòn kamèl la. Degaje w, fè bourik la mache vit. Pa kite bourik la al dousman menm jouk ma di w rete. Elize te wè l' byen lwen etan l' t'ap vini, men Bondye pa t' di l' poukisa l'ap vini. Li te voye Gerazi al mande l' poukisa l'ap vini, men li pa t' di l' poukisa.

Lè l' te rive kote pwofèt la, li te kouri monte, li te lage kò l' atè devan li, li te mare nan pye Elize. Gerazi fè sa pou l' te pouse l'. Elize te di l' konsa: "kite l'. ou pa wè jan l' gen lapenn? Epi Senyè a pa kite m' konnen sa. Li te kache m' sa.

Lè sa madanm lan te di: "mèt, se mwenmenm ki te mande w pitit gason? Mwen pa t' di w ban m' move espwa?"

Pwofèt la te vire bò Gerazi, li te di l' konsa: "pare kò w non, kouri al lakay madanm lan. Pinga pale avèk okenn moun nan wout la. pran baton sa a mete l' sou figi pitit la."

Gerazi te pran baton an, li te ale. Après sa Elize te di madanm lan, limenm avèk sèvitè l' la te mè ale lakay yo. madanm lan te di l' : "tande m' byen. Mwen pran Senyè Bondye vivan an avèk oumenm tou pou temwen, mwen p'ap kite w toutan pitit mwen an pa vivan."

Se konsa, Elize te ale avèk yo lakay madanm lan.

Gerazi te rive avan yo epi li te mete baton an sou figi ti gason an, pa t' gen anyen ki te fèt. Lè Elize te rive, li te antre nan chanm lan pou kont li, epi li te fèmèn pòt la. Li te priye Bondye. Lèfini li te kouche sou tigason an, li te mete bouch li nan bouch ti gason an, li te mete zye l' sou zye l', men'l

sou men'l. Li te rete kouche konsa sou ti gason an. Kò ti gason an te kòmanse vìn cho, men li pa t' kòmanse pran souf ankò jouk kounyea.

Pwofèt la te leve, li te fè yon ti mache nan chanm lan. Aprè sa, li te retounen kouche sou ti gason an menm jan ankò. Sibitman, ti gason an te touse... epi li te touse ankò. Li te touse pandan sèt fwa. Aprè sa, li te louvri zye l', li te gade pwofèt la.

Elize te leve epi li rele Gerazi: "Al rele madanm lan pou mwen!"

Lè l' te vìn nan chanm lan, pwofèt la te di l': "Men pitit gason w lan." San di yon mo, madanm lan te mete ajenou nan pye pwofèt la. Aprè sa, li te pran pitit gason l' lan ,epi li te ale.

134 - Naaman

2 Wa 5: 1-14

Naaman se te kòmandan an chèf lame peyi Siri a. Se te yon brav gèrye, li te konn ede sòlda l' yo genyen anpil viktwa. Wa l' la te renmen l' anpil. Pandan yo t'ap fè lagè avèk Izrayèl, li te pran yon tifi kòm prizonye, li te retounen lakay li avè l' tankou yon sèvant pou madanm li. Yon lè Naaman te dekouvri, li te gen maladi lèp, yon gwo maladi nan po. Jèn tifi ki tesklav la te di: "mwen ta renmen mèt mwen an ale an Izrayèl. Yo genyen yon pwofèt la ki kapab geri moun, menm moun ki malad avèk lèp."

Naaman te di wa a sa. Lamennm wa a te fè preparasyon pou l' te voye Naaman kote pèp Izrayèl la. Li te voye kado an ò, an ajan avèk bon rad epi yon lèt ki te di: "mwen voye Naaman, yonn nan sèvitè m' yo, pou w kapab geri l' anba maladi lèp la. "Wa peyi Izrayèl la te boulvèse lè l' te li lèt la. Li te chire rad li, li te rele, li te di: "kisa l' panse m' ye? Mwen pa Bondye, mwen pa kapab geri moun ki gen lèp! L'ap chèche kòmnanse yon lagè avè m'!"

Elize te tandè sa, epi li te voye yon mesaj bay wa a, kote l' te di: "poukisa w te chire rad ou a? Voye mesye a banmwen pou l' konnen gen yon pwofèt nan peyi Izrayèl."

Se te konsa Naaman avèk sèvitè l' yo te kouri al lakay Elize epi yo te kanpe deyò a. Elize te voye sèvitè l' la Gerazi avèk mesaj sa a: "Al lave kò w sèt fwa nan rivyè Jouden an, maladi lèp la va disparèt sou kò w. w'ap geri."

Naaman pa t' kapab kwè sa l' te tandè a. Naaman te fache, li te vire do l' pou l' te ale. Li te di: "yon bon pwofèt t'ap sòti deyò a, li t'ap vinn kanpe devan m'. Li t'ap priye Bondye, li t'ap pase men l' kote ki malad la. Si m' te panse ke lave kò m' nan yon larivyè te kapab geri m', mwen ta al benyen nan yonn nan bèl larivyè nan peyi Siri a, pa nan larivyè sal tankou larivyè Jouden an."

Sèvitè l' yo te di l': "mèt, si pwofèt la te mande w pou w te fè yon bagay difisil, èske w pa t'ap fè l'? Men li mande w yon bagay fasil- Al lave kò w epi w'ap geri."

Konsa, Naaman te ale nan larivyè Jouden an epi li te plonje ladann sèt fwa. Rapidman, po l' te geri jan pwofèt la te di l' sa t'ap fèt la. Po l' te vinn tounen tankou po yon timoun.

135 - Gerazi

2 Wa 5:15-27

Après Naaman te fin geri nan larivyè Jouden an, limenm avèk sèvitè l' yo te retounen lakay pwofèt la, epi yo te rete kanpe devan l'. Naaman te di: "Jodia mwen te geri, epi mwen konnen pa genyen Bondye okenn lòt kote ke nan peyi Izrayèl la. Tanpri souple, resevwa kado sa m'ap ba w la."

Elize te di: "mwen pran Senyè Bondye vivan m'ap sèvi a pou temwen, mwen p'ap resevwa okenn kado nan men w."

Naaman t'ap fòse l' pou l' pran kado a, men pwofèt la te refize.

Après sa, kòmandan an te di: "kite m' pran yon kantite tè de milèt kapab pote. Mwen p'ap adore lòt Dye ankò. Mwen pito mete ajenou sou tè sa a ki sòti nan peyi Izrayèl la, pou m' adore Senyè Bondye a."

Après sa, li te mande yon lòt bagay, li te di: "Lè wa mwen an pral nan tanp idòl li a, mwen oblije ale avè l', paske mwen se kòmandan lame la. Lè m' la, mwen dwe mete ajenou devan idòl la. Mwen mande Bondye pou l' padone m' poutèt m'ap fè sa."

Elize te di l': "Al lakay ou an pè. Epi li te di l' pa enkyete w pou sa."

Yon ti tan aprè Naaman te fin ale, Gerazi te kòmanse panse sou sa. Li te di nan kè l': "mèt mwen an kite Naaman ale twò fasil. Li te dwe peye yon kòb. Mwen pral kouri dèyè l' pou m' pran yon bagay nan men l'.

Se konsa, Gerazi te rapouswiv kòmandan Siryen an. Rapidman, Naaman te wè l' t'ap vini epi li te kanpe cha li a. li te leve epi li te salye sèvitè a, li te di l': "Èske tout bagay byen?" Gerazi te di: "O, wi tout bagay byen. Se mèt mwen ki te genyen de jèn pwofèt ki sòti nan mòn Efrayim yo, ki fèk rive lakay li yè swa a epi yo rete avèk nou. Yo nan lekòl pwofèt yo. Li te voye wè si w te vle ede l' avèk depans yo. Petèt 75 liv ajan nan de ti sak, epitou de rad."

Naaman te di: "pa gen pwoblèm, m'ap ba w 150 liv ajan nan de ti sak avèk de rad. Kòmandan te bay de nan sèvitè'l tout bagay sa yo pou yo te retounen al pote yo pou sèvitè a.

Mesye yo te pote ajan an avèk rad yo ale kay Gerazi a menm. Kon, yo te fin mete yo lakay li, li te fè yo ale. Li te ale epi li te kanpe kote mèt li a.

Elize te di Gerazi: "ki kote w te ale?" Li te reponn li: "mwen pa t' ale okenn kote." Elize te di l' ankò: "O, zanmi mwen. Lespri mwe te la, lè Naaman te kanpe cha li a e desann pou l' te salye w la. Men se pa lè sa a, pou nou resevwa lajan avèk rad, ni pou nou achte jaden oliv, jaden rezen, bèf, mouton oubyen esklav. Se poutèt sa, lèp Naaman an pra l' kole sou ou."

Après sa, Gerazi te vire li te kite kay la, lè l' te gade men l', li te wè l' blanch avèk lèp.

136 - Sòlda Avèg yo

2 Wa 6: 8- 23

Wa peyi Siri a te anvayi peyi Izrayèl la. li te reyini ofisyèl yo, li te di yo ki kote li pral mete kan lame l' la epi kòman li t'apral atake izrayelit yo. Menm lè li te pale pawòl sa yo, Elize te ale epi l' te di wa Izrayèl la tout bagay jan l' te di yo a. Lame Izrayèl la te prepare, epi li genyen batay la. Sa te rive konsa anpil fwa, jouk wa peyi Siri a te aprann izrayelit yo te toujou konnen tout plan l' te genyen. Li te di ofisye lame l' yo: "kilès nan nou k'ap travay kòm espyon pou peyi Izrayèl?" Yonn nan yo te di: "pèsòn mon wa, nou tout fidèl avè w. Se Elize, pwofèt la. Se limenm ki fè wa peyi Izrayèl la konnen tout plan ou genyen yo. Li konnen sa w pale, menm lè w kouche nan kabann ou." "Ki kote pwofèt sa a rete?" "Li rete Dotan, mon wa." Se sa k' fè wa a te voye yon gwo lame avèk cha ale dotan. Yo te rive la nan lannwit epi yo te ansèkle vil la. Sèvitè Elize a te leve bonè, li te sòti deyò a. lamenm li te wè gwo lame sa a. li te kouri retounen andedan, li te rele, li te di: "lame peyi Siri a antoure vil la. kòman nou pral fè?" Elize te reponn li: "poukisa w pè a? lame pa nou an pi gwo pase lame pa yo a." Aprè sa, li te priye: "Senyè, louvri zye l' pou l' kapab wè." Se konsa, Bondye te louvri zye sèvitè pwofèt la. Li te gade deyò a, li te wè mòn nan kouvri avèk cheval avèk cha dife. Yo tout se te pou Elize. Nan lè sa a, siryen yo te kòmanse ap atake vil la. Pwofèt la te priye li te di: "Senyè, fè tout sòlda sa yo avèg." Rapidman, Bondye te fè yo vèn avèg, jan pwofèt la te mande l' la. Pwofèt la te al kote yo epi li te di yo: "se pa chemen an sa, ni se pa vil la n'ap chèche a sa. Swiv mwen, m'ap mennen nou kote moun n'ap chèche a ye." Se konsa, li te mennen yo nan vil kapital peyi Izrayèl la. kon yo te rive andedan vil la, li te priye ankò: "Senyè, louvri zye sòlda sa yo pou yo kapab wè." Sòlda yo te gade toupato yo te dekouvri yo te andedan vil Samari. Lè wa Izrayèl la te wè sa, li te di Elize: "Èske m' mèt tiye yo?" "non! Ou pa kapab tiye yo. yo se vizitè w, ba yo manje, ba yo bwè, epi kite yo retounen al jwenn mèt yo." Se konsa, wa a te òganize yon gwo fèt pou vizitè l' yo. Lè tout moun te fin manje e bwè ase, yo te retounen al jwenn Wa peyi Siri a. Anpil tan te pase avan peyi Siri te atake peyi Izrayèl ankò.

137 – Kat Lepre yo Avèk Kan Lame Siri a

2 Wa 6: 24 – 7:20

Wa peyi Siri a te anvayi peyi Izrayèl la ankò. Lame l' la te ansèkle Samari, epi li te mete kan lame l' la deyò a, bò kote miray lavil la. Yo te koupe tout sous pwovizyon pou lavil la. Konsa, te vèn pa gen okenn manje, tout moun t'ap mouri avèk grangou. Bagay la te tèlman mal ke yon tèt bourik te koute 80 pyès lajan, epi yon demi liv kaka pijon te koute senk pyès ajan. Yon fanm te wè wa a t'ap mache sou tèt miray vil la. Li te mande l' pou l' ede l'. Li te di l': "mwen pa konnen si m' ap kapab fè sa. Ki pwoblèm ou?"

Li te di: "zanmi m' lan pa t' kenbe pwomès li. Nou te fè antant pou nou te manje de pitit gason nou yo, pa m' nan nan premye jou a, epi pa l' la nan dezyèm jou a. konsa, nou te kwit pa m' nan nou te manje l', men kounyea limenm li kache pa l' la."

Lè wa a te tandè sa, li chire rad li, li te di: "m'ap voye arete Elize poutèt sa, si se dènye bagay mwen kapab fè." Li te voye yon sòlda pou l' t'al koupe tèt Elize.

Elize te chita lakay li avèk anpil ansyen nan peyi Izrayèl la. li te di: "wa asasen nou an voye yon sòlda pou l' koupe tèt mwen. Wa ap mache pye pou pye avè l'." Lamenm, aprè sa, wa a te antre andedan an. Li te rele pwofèt la: "ou te di tout pwoblèm sa yo sòti nan Bondye. Si se konsa, poukisa pou m' sèvi l' si l' ap aji konsa?"

Elize te di: "mwen resevwa yon mesaj ki sòti nan Bondye. Li te di: pwoblèm sa yo prèske fini. Demen si Dye vle a lè konsa moun yo va achte yon bon liv farin Frans pou 1 pyès ajan, epi yon gwo sak lòj pou yon pyès ajan tou."

Prensipal kon seye wa a te di: "enposib! Nou pa kapab genyen tout kantite manje sa isit la, menm si Bondye ta louvri pòt syèl la."

Sèvitè Bondye a te di: "ou va wè sa avèk pwòp zye w, men ou p'ap manje anyen ladann."

Nan lannwit lan, lame peyi Siri a te tandè yon bann bwi tankou yon gwo lame ki t'ap vèn atake yo, avèk anpil cheval, avèk anpil cha. Sòlda siryen yo te panse yo te jwenn lòt nasyon ki te vèn ede yo te rele: "annou kouri kite isit la!" yo te leve, yo te kouri. Yo te kite tout bagay dèyè yo.

Avan l' te fè klè demen maten. Te gen kat lepre ki te chita deyò a, bò pòtay lavil la, yonn nan yo te di lòt yo: "poukisa nou rete chita la ap mouri lantman ak grangou konsa?"

Yon lòt te di: "sa pa pi bon andedan vil la, si nou al andedan, n'ap toujou mouri avèk grangou."

"Wi se vre, men nou pa kapab rete isit la, annou al nan kan Siryen yo, si yo tiye nou se p'ap yon pwoblèm, n'ap mouri de tout fason. Petèt yo kapab byen gen pitye pou nou e bannou manje."

Konsa, kat mesye yo te leve epi yo te ale nan kan Siryen an, san yo pa t' konnen si l' te vid. Yo te rive nan pwemye tant lan epi yo te jwenn manje, lò avèk ajan, avèk plizyè rad chè. Pwemye bagay yo te fè, yo te manje manje a, aprè sa, yo te pran lòt bagay yo, yo te kache yo. Yo te retounen yo te al kache sa yo te jwenn nan lòt tant lan.

Finalman yo te di: "sa n'ap fè a pa bon. Moun yo ap mouri avèk grangou lòtbò miray la. Bondye ap pini nou si nou pa al di yo sa.

Konsa, yo te ale nan pòtay vil la epi yo rele pòtye a, yo te rakonte l' egzakteman sa yo te jwenn. Lè wa a te tandè sa, li te panse se te yon gètapan. Li te di: "Lame Siryèn nan kache pou nou pa wè yo, y'ap tann pou nou sòti nan vil la."

Poutèt sa, li te voye kèk sòlda pou yo te wè kòman sitiyaasyon an ye. Sòlda yo te dekouvri wout sòlda siryen yo te pase ladann lan. Li te plen avèk rad avèk yon bann lòt bagay sòlda siryen yo te jete, pou yo te kapab kouri pi vit.

Sòlda yo te tounen epi yo te di wa a sa yo te jwenn. Aprè sa, pèp la te sòti an foul pou yo te al pran sa siryen yo te kite yo. Pri manje te desann byen ba, lamenm.
Wa a te bay konseye prensipal li a djòb pou l' te kontwole foul moun yo nan pòtay la. Rapidman, li te mouri anba pye pèp la ki te pilonnen l'. Tout sa ki te rive a te akonpli sa pwofèt la te di a.

138 - Elize T'ap Kriye

2 Wa 8: 1-15

Elize te ale lakay madanm sinamit lan epi li te di l': "pran fanmiy ou, kite peyi a pi vit ke posibil. Yon gwo grangou pral fwape peyi a epi l'ap dire sèt lane."

Li te fè sa pwofèt la te di l' la. Fanmiy l te kite peyi Izrayèl la, yo te ale nan peyi filisten yo epi yo te rete la pandan sèt lane. Lè l' te tounen nan peyi Izrayèl, li te voye mande wa a pou l' te remèt fanmiy li kay li a avèk tè l' yo.

Lè l' te rive, li te jwenn wa a t'ap koute tout gwo bagay Elize te fè yo. Sa te rive ke sèvitè a t' pale de tan kote pwofèt la te fè pitit madanm lan tounen nan lavi a. Lamenn aprè sa, fanm sinamit lan te antre. Gerazi te di: "mon wa, madanm sa a, se madanm mwenn t'ap pale w de li a. Se te pitit li a ki te leve sòti vivan nan lamò a. Wa a te mande l' pou l' rakonte istwa a dapre jan l te wè l'. Aprè l' te fin rakonte istwa a, wa a te bay yonn nan chèf li yo lòd pou l' te remèt madanm lan tout sa ki te pou li yo, ansanm avèk tout sa jaden yo te rapòte depi jou li te kite peyi a jouk jou li te tounen an.

Kèk tan pita, Elize te ale nan kapital peyi Siri a. Wa peyi Siri a te malad. Lè l' te tande Elize te nan vil la, li te voye sèvitè l' la kote pwofèt la. Li te di l', Pote kèk kado pou sèvitè Bondye epi mande l' si m' ap refè anba maladi sa a."

Azayèl te pran 40 chamo avèk tout kalite pwodwi pou l' te pote bay Elize. Li te di pwofèt la: "Wa Siri a ta renmen konnen si l' ap refè anba maladi l' la."

Elize te di l': "al di l' l'ap refè anba maladi l' la. Men li p'ap refè vre. Bondye te di m' ke l'ap mouri."

Après sa Elize t'ap gade Azayèl. Li t'ap gade l' tèlman, sa te fè Azayèl jennen. Aprè sa pwofèt la te rete konsa, li te pran kriye. Azayèl te di l': "Sèvitè Bondye, poukisa w'ap kriye konsa?"

"Bon, se poutèt bagay tèrib ou pral fè pèp Izrayèl la. ou pral brile vil yo a epi tiye jèn gason l' yo avèk nepe. Ou pral kraze tèt timoun piti yo e ou pral louvri vant fanm ansent yo."

Azayèl te di l': "kisa m' ta ye menm pou m' ta rive fè tout sa? Mwen se sèlman yon sèvitè."

"O, Senyè a fè m' konnen se ou ki pra l' wa peyi Siri a."

Azayèl te kite pwofèt la epi li te ale kote mèt li a. Wa a te mande l': "kisa Elize te di? "Li te di w'ap refè anba maladi w la." Men nan demen Azayèl te pran yon dra li plonje l' nan dlo, li te mete l' sou figi wa a, epi wa a te toufe. Aprè l' te fin mouri, Azayèl te pran plas li kòm wa peyi Siri a.

141 - Jeou Vîn Wa

2 Wa 9: 1- 29

Elize te chwazi yonn nan jèn pwofèt yo. Li te di l' pran boutèy lwil sa a al kote Jewou. L'ap ansanm avèk zanmi l' yo, poutèt sa, mande pou w wè limenm sèl. Wenn li kòm wa peyi Izrayèl la. Kon w fin fè sa, louvri pòt la epi kouri ale."

Jèn pwofèt la te jwenn Jeou ki t'ap vizite lòt kòmandan lame yo. Jèn gason an te di l': "mwen gen yon mesaj pou ou."

Yo de a antre nan kay la. Jèn pwofèt la te vide lwil sou tèt Jeou epi li te di l': "men mesaj Bondye a: "mwen wenn ou kòm wa peyi Izrayèl la. Ou va tiye tout fanmiy Akab la. Tout gason nan fanmiy li fèt pou mouri. Chyen yo va manje Jezabèl." Aprè sa, Jèn pwofèt la te louvri pòt la li te kouri ale.

Jeou te tounen kote zanmi l' yo. Yo te di l' : "kisa pwofèt fou sa a te vle?"

Jeou te reponn yo: "nou konnen kimoun pwofèt sa yo ye. Y'ap mache , mache pou anyen. "

Yo te di l': "se manti w'ap bannou! Annou wè non, monchè. Rakonte nou sa l' te di w."

Lè sa a Jeou te di yo: "li te di m' Senyè a voye di m' li chwazi m' pou m' wa peyi Izrayèl la." Lamenm, chèf lame yo te wete manto yo, yo te louvri yo sou tèt mach eskalye a, yo te fè Jeou monte chita.

Yo te sonnen twonpèt, yo te di: "Viv Jewo ! wa peyi Izrayèl la." Lamenm, yo te fè plan sou kòman yo t'apral ranvèse Joram, wa Izrayèl la. Joram se te piti Akab avèk Jezabèl. Joram te nan palè l' nan Jizreyèl. Neve l' la, ki te wa nan peyi Jida a, te vîn vizite l'. Jeou te sanble sòlda l' yo epi li te derape pou peyi Izrayèl.

Santinèl la te wè l' avèk sòlda l' yo ki t'ap vini epi li te di wa a: "gen yon bann sòlda k'ap vini nan wout sa a. "

Joram te di: "voye yon kavalye al jwenn yo, pou nou konnen si y'ap vini an zanmi. "

Yon moun te kouri al jwenn Jewou epi li te di l': "wa a bezwen konnen si w ap vini an zanmi. " "Mwen pa konnen anyen konsènan lapè. Pase dèyè sòlda m' yo. "

Santinèl la te di wa a: "kavalye a te rive, men l' pa retounen. L'ap kouri dèyè lòt sòlda yo. "

Konsa, wa a te voye yon lòt kavalye. Li te kouri rive kote Jeou epi li te di: "Wa a vle konnen si w ap vini an zanmi."

"Mwen pa konn anyen de lapè. Pase dèyè sòlda m yo. " Santinèl la te di wa a: "dezyèm kavalye a te rete avèk yo tou. Mon wa, mwen konnen kimoun k'ap vini an. Se tankou yon moun sovaj l'ap kouri cha a ki devan an. Li kondi cha a menm jan avèk Jeou. "

Joram te di l': "Al pran cha nou yo. " De wa yo te sòti deyò a, pou yo te al kontre avèk sòlda yo, yo chak te nan pwòp cha pa yo. Joram te rele: "Jeou, èske w vini an zanmi?" Jeou te rele l' tou, li te di l': "kòman kapab fè gen lapè pandan Jezabèl ap pratike divinasyon epi ap fè tout moun adore idòl yo?"

Joram te vire cha l' la, epi li te rele neve l' la, li te di: "Yo trayi nou! Yo trayi nou!" Jeou te tire yon flèch epi li te tiye Joram, li te fwape l' ant de zepòl li yo, nan pwòp cha pa l' la. Kòmandan an te rele li te di: "pran kò l' epi voye l' jete nan jaden yo te volè nan men Nabòt la."

Aprè sa, li te rapouswiv jèn wa peyi Jida a, paske li se te pitit pitit Akab. Kon yo te jwenn li, Jeou te tire l' avèk yon flèch. Konsa, nan yon sèl jou Jeou te tiye ni wa peyi Izrayèl, ni wa Jida a.

140 - Jezabèl

2 Wa 9: 30- 10: 36

Vini aprè istwa avan an

Après Jewou te tiye de wa yo, li te ale Jizreyèl pou l' te kapab jwenn Jezabèl. Li te konnen l' t'ap vini, se pou sa li te pase fa bò zye l', li te ranje tèt li, epi li te chita bò fenèt dezyèm etaj nan kay li a.

Lè Jewou te antre nan pòtay lavil la, Jezabèl te rele l', li te di l' konsa: "sa w vèn fè isit la? Ou vini pou w kapab kontinye tiye moun ki pi bon moun pase w yo?"

Jewou te gade anlè a, epi li te rele: "kimoun ki avè m'?"

De twa gad palè te parèt tèt yo nan yon fenèt. Jewou te di yo: "voye Jezabèl jete anba."

Yo te pran Jezabèl epi yo voye l' anba. Li tonbe atè a, san l' te gaye sou tout miray la. Jewou te fè cheval li yo avèk cha lagè yo pase sou li plizyè fwa. Après sa, li te antre nan palè a pou l' chèche kèk bagay pou l' manje. Lè l' te fin manje, li te di: "mwen kwè nou dwe antere l', se yon rèn li te ye."

Li te voye kèk sòlda deyò a, pou yo te okipe de sa. Men lè yo te ale pou y'al antere l', se tèt li, pye l' avèk de plat men l' sèlman yo te jwenn. Yo te di Jewou sa, epi Jewou te di: "Bondye te pale pa mwayen bouch pwofèt Eli, lè l' te di chyen yo ta va manje l' nan Jaden Nabòt la, epitou kadav li va tounen fimye."

Après sa, Jewou te voye yon mesaj bay ansyen yo nan vil Samari, li te di: "Ranpa vil nou an fò, nou gen anpil cheval, yon pil cha lagè avèk anpil zam. Se noumenm k'ap pwoteje tout pitit gason Akab yo. Se poutèt sa, chwazi yonn nan yo epi prepare nou pou nou goumen."

Ansyen yo te pè anpil, lè yo te resevwa lèt sa a. Yo te voye yon mesaj bay Jewou, yo te di: "nou pa vle fè yonn nan pitit Akab sa yo vèn wa nou. Nou se sèvitè w, n'ap fè tout sa w di nou fè."

Li te voye yon lòt mesaj tounen ba yo, li te di yo: "si sa nou di a se vre, mete tèt 70 pitit Akab yo nan yon panye epi voye yo ban m'." se konsa yo te voye tèt yo bay Jewou. Après sa, li te chèche konnen si pa t' gen okenn paran Akab ki te vivan toujou.

Kon Jewou te fin fè tout bagay sa yo, Jewou te fè yon anons nan Samari. Li te di: "Akab te konn sèvi Baral enpe, men mwenmenm mwen remèt tèt mwen ba l' nèt. Se poutèt sa m'ap fè yon gwo sakrifis pou Baral. Tout moun k'ap sèvi Baral tout bon fèt pou yo la. M'ap tiye tout moun ki pa vèn nan fèt sa a."

Anons sa a te fèt nan tout peyi Izrayèl. Adorètè Baral yo te sòti toupato. Yo te plen tanp Baral la. Yo tout te la, pa t' gen yonn ki pa t' la. Jewou te di: "gade toupato pou nou wè si pa gen sèvitè Bondye la avèk nou. Si nou wè yonn la, mete l' deyò lamèn. Se sèl sèvitè Baral ki gen dwa la."

Kon yo te fin fè sa, pèp la te kòmanse ofri olokos. Jewou te vèn deyò a epi l' te di sòlda l' yo: "antre andedan epi tiye yo tout. Si yonn chape, moun ki kite l' chape a ap mouri nan plas li." Konsa sòlda yo te antre nan tanp lan yo te tiye yo tout. Après sa, yo te kraze tanp Baral la, yo te fè l' tounen yon gwo twalèt.

Bondye te di: "ou te fè tout sa m' te di w fè yo byen. Poutèt sa, pitit gason w yo va wa nan peyi Izrayèl pandan kat jenerasyon." Jewou te gouvène Izrayèl pandan 23 lane.

141 - Atali

2 Wa 8: 16 -29; 9: 14- 29; 11:1-21; 2 Kwonik 21 - 23

Jozafa wa peyi Jida a te vle tabli bon jan relasyon avèk wayòm Izrayèl la. Se poutèt sa li te fè pwemye pitit gason l' lan marye avèk Atali, pitit fi Akab la, wa peyi Izrayèl la. Malerezman, li te enfliyanse mari l', li te fè l' swiv menm chemen peche wa Izrayèl yo.

Menm lè Jozafa te mouri a, pitit gason l' lan te vèn wa nan plas li, epi l' te mete idòl toupatou nan peyi Jida, e l' te bati yon tanp pou Baral nan vil Jerizalèm. Li te tiye 10 frè l' yo, pou yo pa t' pran pouvwa a nan men l'.

Elize te voye yon mesaj ba li: "ou fè pèp la adore idòl epi ou tiye frè w yo. Yo tout te pi bon moun pase w. Poutèt sa, yo pral tiye pitit gason w yo epi ou pral mouri nan yon soufrans k'ap dire anpil tan."

Lamenm, peyi Jida te kòmanse pèdi batay. Wa a te vèn gen yon gwo maladi lestomak. Yo te tiye tout pitit gason l' yo eksèpte pi jèn nan. Maladi wa a te fè l' gen anpil doulè pandan 2 lane. Lè l' te mouri alafen, pa t' gen okenn moun ki te pran dèy pou li.

Pi jèn pitit gason l' lan te vèn wa, epi li te swiv egzanp manman l' Atali. Li t'al vizite tonton l' ki te wa peyi Izrayèl la. Pandan l' te la, Jewou te tiye yo toulède.

Lè Atali te tandè pitit gason l' lan te mouri, li te deside pou l' vèn wa, malgre li se te yon fanm. Men li te konnen pèp Jida a te toujou chwazi wa yo pami desandan David yo. Sa te vle di pèp la te kapab tiye l' epi mete yon pitit li kòm wa. Poutèt sa, li te deside tiye yo. Li te rele gad palè yo, li te di yo al nan palè a epi tiye yo tout.

Pitit fi Atali a te tandè sa, li te kouri al nan palè a. Li te adore Bondye epi li te marye avèk Jeojada, granprèt la. Li te pran ti bebe a nan palè a avèk fanm ki t'ap ba l' tete a, epi li te ale avan gad yo te rive la. Li te pran l', li te kache l' nan tanp Bondye a.

Sa vle di gad yo te tiye tout lòt desandan wayal David yo.

Atali te gen asirans li te tiye yo tout. Aprè sa li te vèn rèn peyi Jida epi li te dirije peyi a pandan sizan.

Jeojada te kache Joas nan tanp lan jouk lè l' te gen sèt an. Finalman, li te konnen l' te lè pou l' te pase a laksyon. Li te fè òganize yon rankont avèk kèk militè, moun ka fè konfyans epi avèk plizyè gwoup fanmiy. Li te mande yo: "Kisa nou ta fè si nou ta jwenn yon desandan David?"

"nou t'ap mete l' wa"

Lè sa a Jeojada te mennen Joas devan yo, epi li te di: "men pwochen wa nou an." Yo te fikse yon dat ansanm, kote yo t'apral prezante l' devan pèp la. Yo te òganize aktivite militè tanp lan avèk kontwòl foul la. Nan gran jou a, pèp Jida a te ale nan tanp lan.

Yo te mennen Joas deyò epi yo te mete l' chita nan plas ki rezève pou wa a. Jeojada te wenn li avèk lwil, epi li te mete yon kouwòn sou tèt li. Yo sonnen twonpèt yo, koral la te chante, epi pèp la te kriye: "viv wa a!"

Atali te tandè tout rèl yo, se poutèt sa, li te sòti pou l' te wè sa k' t'ap pase. Moun yo t'ap kouri nan lari a, yo t'ap fete, yo t'ap pale de wa a. Li te ale nan tanp lan epi li te wè Joas nan plas ki te rezève pou wa a, epi li te gen yon kouwòn sou tèt li. Li te chire rad li, epi li te rele: "trayizon! Trayizon!"

Jeojada te lonje men l' sou li epi li di: "mete fanm sa deyò, paske sa pa bon pou yo tiye moun nan tanp lan."

Se konsa yo te mete Atali deyò nan tanp lan epi yo te tiye l' bò pòtay cheval yo. Moun yo te ale nan tout vil la, yo te kraze tout sa ki te gen rapò avèk Baral. Granprèt la te retabli adorasyon Bondye a ankò nan tanp lan. Tout moun te kontan, paske gouvènman asasen Atali a te fini.

Paj 143 - Joas, 2Wa 12 e 2Kwonik 24

Joas te gen sèt an lè l te vîn wa peyi Jida a. Jeojada, granprèt la te anseye wa a epi li te ede l' mennen yon vi ki te kole avèk Bondye. Tout tan Jeojada te vivan, Joas te mache dwat avèk Bondye.

Lè wa a te vîn gran, li te deside fè yo repare tanp Bondye a. Atali te pran tout sa ki te gen valè nan tanp lan pou l' te sèvi avèk yo nan adorasyon Baral.

Joas te mande prèt yo avèk levit yo pou yo te al tout kote nan peyi a, pou yo te ramase lajan pou yo repare tanp lan, epi pou yo fè netwayaj anyèl ladann. Anpil ane avan sa, Moyiz te jwenn mwayen pou l' te fè sa pa mwayen yon taks li te fè moun yo peye.

Yo te kòmanse sanble lajan an, men reparasyon an pa t' kòmanse. Wa a te dekouvri finalman ke yo te sèvi avèk lajan yo pou yo regle afè pèsònèl yo. Se te klè ke prèt yo avèk levit yo pa t' serye nan afè reparasyon tanp lan.

Joas te chwazi yon lòt metòd. Poutèt sa, li te di yon seri de moun pou yo prepare yon gwo bwat epi pou yo te mete l' nan pòt tan plan. Aprè sa li te fè konnen, se pou moun yo pote lajan an nan tanp lan epi mete l' nan bwat la.

Moun nan peyi Jida yo te renmen sa, se poutèt sa, yo te pote ofrand yo epi mete yo nan bwat la. Lè bwat la te plen, yo te bay moun ki t'ap fè reparasyon yo lajan an. Sa te fè, yo te kapab kontinye rete aktif nan travay yo, yo pa t' fè parese. Se moun serye yo te ye, se sa k' fè wa a pa t' mande yo pou yo rann kont pou lajan yo te resevwa yo, ni pou jan yo te depanse l'.

Moun yo te kontinye bay ofrand menm aprè travay la te fini. Se poutèt sa, Lajan ki te antre anplis la te sèvi pou plizyè bagay ki te kapab sèvi nan adorasyon. Pèp Jida a te vîn fidèl nan patisipe nan sèvis nan tanp lan epi nan adorasyon Bondye.

Tout sa yo te kontinye fèt tout tan Jeojada te toujou vivan. Li te mouri lè l' te gen 130 lane, aprè l' te viv yon lavi fidèl devan Bondye. Li te sèvi wa a, Bondye l' la epi pèp Jida a. Aprè l' te mouri, Joas te koute plizyè lòt lidè nan peyi Izrayèl la ki te vle lòt bagay pou pèp la. Li te pèmèt yo fè kèk chanjman, epi rapidman, pèp la te sispann ale nan tanp lan pou yo adore Bondye. Olye yo te fè sa, yo t'ap adore idòl avèk deyès sèks la.

Bondye te voye plizyè pwofèt pou yo preche kont peche sa yo. Pitit gason Jeojada te vîn yon prèt kounyea. Bondye te fè l' kanpe devan pèp la, epi li te di: "si nou kite Bondye, l'ap kite nou tou." Pèp la te voye mesaj sa a jete epi yo te vle tiye prèt la. Finalman, Joas te bay lòd pou yo te tiye l'avèk kout wòch, malgre se te yon pitit Jeojada l' te ye, sèvitè Bondye sa a, ki te yon zanmi fidèl pou li epitou yon bon konseye a.

Sa pa t' pran tan, Bondye te pèmèt yon ti lame peyi Siri pote laviktwa sou yon gwo lame peyi Jida epi yo te pran Jerizalèm. Yo te tiye anpil lidè nan pèp Izrayèl la, wa a te blese gravman epi siryen yo te pran tout sa ki te gen valè nan peyi a. Aprè yo te fin ale, plizyè moun te vini yo te tiye wa a nan kabann li.

Joas te wa peyi Jida pandan 40 lane. Pèp la pa t'antere l' nan tonm wa yo poutèt sa l' te fè pitit Jeojada a.

143 - Elize Mouri

2 Wa 13

Aprè Jewou te mouri, pitit gason l' lan te vèn wa peyi Izrayèl la. Malerezman, li pa t' yon bon wa. Men te gen yon lè li te bezwen èd Bondye anpil, e Bondye te ede l'.

Aprè l' te mouri, pitit li a Joas te vèn wa. Pandan li t'ap gouvène, Elize te malad epi li t'apral mouri. Wa a te mete ajenou devan kabann pwofèt la, epi li te kriye, li te di: "papa mwen! Papa mwen! Oumenm ki te tankou yon gwo lame pou pèp Izrayèl la."

Elize te di l': "pran yon banza avèk kèk flèch."

Wa a te ale epi li te pran yo. Lè l' te retounen, pwofèt la te di l': "pran banza a." konsa wa a te sezi banza a. Aprè sèvitè Bondye a te met men l' sou men Joas, epi li te di: "tire yon flèch nan fenèt la." konsa Joas te tire yon flèch nan fenèt la.

Elize te di l': "sa se te flèch viktwa Bondye a. Ou va gen laviktwa kont siryen yo. Kounyea pran yon men flèch epi fwape yo atè a." Joas te pran yon men flèch, li te fwape tè a twa fwa avèk yo epi l' te kanpe. Pwofèt la te rele l', li te di l': "pou kisa w te frape tè a twa fwa sèlman? Ou te dwe frape l' senk fwa oubyen sis fwa. Lè sa a ou t'ap bat yo nèt, ou t'ap fini avèk yo. Men kounyea w'ap kale yo twa fwa sèlman."

Elize te mouri epi yo te antere l' nan yon tonm. Nan prentan ki te vini aprè sa, kèk izrayelit t'ap asiste yon antèman. Sibitman, yo te wè kèk moun ki t'ap vini, epi yo te dekouvri se te asayan moabit yo te ye. Moun peyi Izrayèl yo te voye kò a nan tonm Elize a epi yo te kouri. Kon kò a te touche zo Elize yo, moun mouri a te leve li te kanpe byen vivan ankò.

144 - Jonas Avèk Pwason an

Jonas 1-2

Bondye te di pwofèt Jonas: “kite peyi w kounyea epi ale Niniv. Al di yo mwen va pini yo poutèt mechanste yo.

Jonas te konnen Bondye gen konpasyon. Depi moun Niniv yo ta repanti, l’ap padone yo. Li pa t’ vle sa fèt konsa, se poutèt sa, li te kouri pou l’ te ale lwen volonte Bondye. Li te ale nan yon pò kote yo te rele Jafo. Li te achte yon tikè pou l’ te vwayaje nan yon batiman ki t’ap ale nan peyi Tasi. Li te vle ale lwen volonte Bondye a, konsa pa ta gen mwayen pou moun Niniv yo ta repanti.

Kon batiman an te antre fon nan lamè a, Bondye te voye yon gwo tanpèt pou l’fwape l’. Mren yo te pè anpil, paske gwo van tanpèt la te sòti pou l’ kraze gwo batiman yo a epi tiye yo tou. Yo te voye tout chaj yo jete nan lamè, pou batiman an pa t’ koule. Kòm sa pa t’ fè anyen pou ede yo, tout moun ki te nan batiman an, ni maren yo, ak tout lòt pasaje yo te priye dye yo, avèk espwa yo ta gen pitye pou yo, yo pa ta kite yo mouri. Pandan tout sa t’ap pase a, Jonas t’ap dòmi nan kal batiman an.

Kapitèn batiman an te reveye l’ epi li te di l’: “kòman w fè ap dòmi konsa? Nou an danje pou nou mouri wi. Reveye epi priye Bondye w la.” pwobableman maren yo te kwè petèt sa te fèt pou yon sèl moun nan moun ki nan batiman an. Yo te fè yon tiraj o sò pou yo te konnen kimoun li te ye. Rezilta te montre ke se Jonas ki te fè yo gen pwoblèm nan. Yo te di l’: “kimoun ou ye, epi kisa w te fè?” li te di: “mwen sèvi Senyè Bondye a ki te kreye syèl la, tè a avèk lamè a. Men, m’ap kouri ale lwen li.”

Sibitman, gwo van tanpèt la te vinn pi rèd. Mesye yo te mande Jonas: “kisa pou nou fè avè w pou gwo van tanpèt la kapab kalme ?” Jonas te reponn: “Bondye vle yon sèl bagay e tanpèt la p’ap rete tout tan li pa jwenn li. Nou dwe pran m’ epi voye m’ nan lamè a.” Maren yo pa t’ vle tiye yon inosan. Sa te fè yo fè anpil efò, yo t’ap goumen kont tanpèt la pou yo te wè si yo ta retounen atè. Finalman, yo te konprann yo pa t’ kapab goumen avèk Bondye. Yo te kriye devan Bondye, yo te mande l’ padon pou sa yo t’apral fè a. Aprè sa, yo te pran Jonas, yo te voye l’ nan lamè a.

Lamenm, tanpèt la te kanpe. Mesye yo te sezi lè yo te wè pwisans Bondye a. yo te tonbe ajenou sou batiman an, yo te adore Bondye epi yo te pran Bondye pou yo te sèvi l’ limenm sèl.

Bondye te voye yon gwo pwason vale Jonas, menm kote li te tonbe nan dlo a. Li te rete nan vant pwason an pandan twa jou e twa nwit. Jonas te lapriye epi li te rekonèt se Bondye ki te mete l’ nan vant pwason an. Li te di alafen: “m’ap ba ou sa ou vle, mwen di w mèsè pou volonte w epi fè m’ fè sa w vle a.” Aprè sa, Bondye te pale avèk pwason an li te ale atè li te vomé Jonas sou plaj la.

Sòti nan paj avan an.

145 - Jonas Avèk Pye Maskriti a

Jonas 3 – 4

Yon lòt fwa ankò, Bondye te di Jonas: “deplase kounyea ale Niniv. Al di moun la yo mwen pral jije yo poutèt mechanste yo.” Fwa sa a, Jonas te leve lamenn li te ale Niniv.

Vil Niniv te trè gran, li te pran twa jou pou l’ te mache sòti nan yon bò al nan lòt bò. Konsa, Jonas te kòmanse mache nan vil la. Li te kriye: “Bondye pral detwi vil la nan karant jou.”

Moun nan vil la te tande l’ t’ap preche epi yo te kwè sa l’ te di a se laverite. Wa te bay yon lwa kote li te mande pou tout moun jene san eksepsyon. Tout moun te fèt pou yo te rete san manje ni bwè. Yo te dwe mete rad sak sou yo. yo te dwe priye epi yo te dwe mande Bondye pou l’ padone yo.

Wa a te desann twon li, epi li te mete sou kote rad wayal li. Li te kouvri kò l’avèk sak epi li te chita sou sann. Li te mete deyò yon lòt lwa li te di: “okenn moun pa gen dwa goute manje ni dlo, ni bèt yo tou. Se mete rad sak sou yo epi pou yo sispann fè tout sa yo t’ap fè ki mal. Petèt Bondye kapab chanje lide epi pèmèt nou viv.

Bondye te wè tout sa yo te fè. Li te konnen yo te vire do bay mechanste yo, poutèt sa li te kite jijman’l t’apra’l fè kont yo a, kote’l t’apra’l tiye yo epi detwi vil yo a.

Jonas te move lè l’ te tande sa, li te di: “mwen te di w, sa t’apral vire, mwen te konnen ou se yon Dye ki gen konpasyon, mwen konnen ou padone moun rapidman, se sa menm ki te fè mwen pa t’ vle vèn isit la. Se sa k’ fè’m te kouri a. Tiye m kounyea, mwen pa vle viv ankò.”

Bondye te di l’ : « èske w kwè sa jis pou w fache konsa? » Jonas pa t’ reponn, men l’ te ale bò Lès vil la, li te fè yon ti joupa pou l’ te kapab chita epi wè egzaktman sa Bondye pral fè avèk vil la. Etan l’ te chita bò la, Bondye te fè yon pye maskriti pouse, bò kote l’ la. Pye maskriti a te gen gran fèy ki teba l’ lonbraj kont chalè solèy la. Jonas te kontan avèk plant lan, li t’ap jwi lonbraj la li te bay la.

Nan demen maten, Bondye te pèmèt yon vè atake pye maskriti a epi li te tiye l’. Lè solèy la te fin leve, Bondye te fè yon sèl van souffle byen cho, pye maskriti a te fennen. Aprè sa, Bondye fè yon van cho vèn fwape sou tèt Jonas. Lè solèy la avèk van an te vèn pi cho epi pa t’ gen pye maskriti ki pou pwoteje l’ankò. Jonas te kriye: “mwen pa vle viv ankò menm, mwen vle mouri.” Bondye te di l’: “èske se jis pou w fache pou pye maskriti a?” Li te reponn: “wi mwen gen rezon fache, mwen fache pou m’ mouri.” Bondye te di l’: “ou fache pou yon senp pye maskriti, a se pa ou ki te plante l’, ou pa’t wouze l’, li te leve nan jodi, li te mouri nan demen, epi ou pa vle m’ pran lapenn pou lavil Niniv, gwo kapital sa a, kote ki gen depase 120.000 timoun inosan, san konte bann lòt moun avèk tout bèt yo k’ap viv la dann nan?”

146 - Touf Pikan an Avèk Pye Sèd la

2 Wa 14: 1-22; 2 Kwonik 25

Après Joas te mouri, Amatsya te vîn wa peyi Jida. Li te kòmanse kòm yon bon wa, epi li te sèvi Bondye pandan anpil lane.

Li te rete konsa, li te deside atake peyi Edon, pou l' te kapab remete l'anba pouvwa l'ankò. Li te òganize yon lame avèk 300.000 sòlda. Après sa, li te achte 100.000 lòt sòlda nan peyi Izrayèl, li te peye yo kat tòn ajan.

Yon sèvitè Bondye te vini avèk yon mesaj li te di: "pinga sèvi avèk sòlda ki sòti nan peyi Izrayèl. Si w fè sa, Bondye ap fè w pèdi batay la." Wa a te di: "e lajan an mwen gentan ba yo déjà a?" Pwofèt la te di l': "pa enkyete w poutèt lajan sa a, Bondye kapab ba ou plis ke sa."

Konsa, wa a te di sòlda Izrayèl yo, yo mèt al lakay yo. Yo te fache. Pandan yo t'ap ale, yo te fè dezòd nan plizyè vil nan peyi Jida epi yo te tiye anviwon 3.000 moun.

Pandan sa t'ap pase, lame Jida a t'ap mache nan Sid pou yo te al kontre avèk Edon. Yo te genyen batay la, epi yo te retounen domine yo ankò.

Malerezman, Amatsya te pote idòl Edon yo Jida. Li te mete yo nan peyi a epi li te kòmanse adore yo. Bondye te vîn fache epi li te voye yon pwofèt al pale avèk wa a: "poukisa w'ap adore idòl ki pa t' menm kapab pwoteje pwòp pèp yo a devan lame w la."

Avan l' te di plis bagay, Amatsya te di l': "sispann pale. Ou pa yonn nan konseye m' yo. Ale oubyen m'ap fè tiye w."

Pwofèt la te di l': "paske w pa koute mesaj Bondye a, li pral pini w." Se poutèt sa, Bondye te mete nan kè Amatsya, anvi pou l' te al fè lagè kont Izrayèl. Wa a te voye yon mesaj bay wa Joas, li te di l': "sòti vin goumen avè m'."

Joas te voye yon istwa tounen bay Amatsya, li te di: "yon touf pikan te voye yon mesaj bay yon pye sèd. Li te di: "mwen ta vle prepare yon maryaj ant pitit gason m' lan ak pitit fi ou a. Sibitman yon bèt te pile touf pikan an aksidantèlman epi li te kraze l'. Pa Fè tankou touf pikan an, ou te gen yon bèl viktwa kont Edon, jwi l', pa kite ògèy leve tèt ou. Rete lakay ou, paske si w vin dèyè m' Jida ap tonbe."

Bondye te fè yon fason pou Amatsya pa t' koute sa. De lame yo te antre nan lagè epi Jida te pèdi batay la nèt. Lame yo a te koute chan batay la. Joas te kaptire Amatsya epi après sa, li te pran Jerizalèm. Izrayèl te kraze 600 pye nan miray Jerizalèm nan, yo te pran tout lò avèk ajan ki te nan tanp lan epitou palè wa a. Joas te kite Amatsya nan Jerizalèm epi li te ale Samari. Yon gwoup moun te chèche tiye Amatsya, men li te sove al nan yon lòt vil. Yo te ale dèyè l' epi yo te tiye l' la.

147 – Ozyas

2 Wa 15; 2 Kwonik 26-27

Lè Amatsya te mouri, pèp la te mete pitit gason l' wa. Li te gen 16 an epi li te pase 52 lane wa. Bondye te fè l' gen anpil siksè paske l' te mache avèk Bondye epi li te vle fè l' plezi. Azarya te fè anpil bèl bagay. Li te pote laviktwa kont lènmi Jida yo, epi yo te konnen l' toupatou kòm yon wa pwisan. Li te restore Jerizalèm epi li te ranfòse tout lòt vil nan peyi Jida yo. Li te renmen latè, se sa k' fè l' te yon gwo travayè latè. Li te fè pwovizyon pou lame l' la. Sa te pèmèt yo tout te byen pare pou yo goumen. Li te envante katapult, sa te pèmèt yo voye gwo wòch etan yo sou miray Jerizalèm.

Yon jou, Azarya te gen gwo ògèy ki te monte l' poutèt gwo bagay li te reyalize yo, avèk konsekrasyon l' pou Bondye.

Li te deside ale nan tan plan, epi ofri lansan limenm, olye l' te kite sakrifikatè yo fè l'. Rapidman, granprèt la te dekouvri sa l' te fè a. li te fè pran lòt sakrifikatè pou yo te ale avè l' nan tanp lan, pou yo te anpeche wa a kontinye fè sa.

Li te di Azarya: "Sa pa bon. Bondye etabli sa klèman, sèl yon desandan Araron gen dwa ofri lansan pou Bondye, tanpri ale kounyea menm, ou p'ap onore Bondye nan sa."

Azarya te fache pandan l' te kanpe devan lotèl la avèk lansanswa a nan men l'. Li pa t' kapab kapab kwè ke sakrifikatè sa yo te kapab oze pou yo te afwonte l' nan sa. Lamenm, maladi lèp la parèt nan fwon l', tout sakrifikatè yo te wè sa, epi yo fè l' prese sòti nan tanp lan.

Li te prese sòti avèk yo san fè tèt rèd paske l' te konnen se Bondye ki te pini l'. Li te gen lèp pou tout rès vi l'. Li te dwe separe avèk lòt moun, konsa, li te viv izole. Akoz lèp la, li pa t' gen dwa al nan tanp lan. Menm nan palè a li pa t' kapab ale. Pitit gason l' lan, Jotam te rete la, li te dirije pèp nan syèj wa a.

Jotam te vèn wa aprè lanmò papa l'. Li te swiv egzanp papa l' nan kòmansman gouvènman l' lan, li te kontinye devlope wayòm Jida a. li te fè sa ki dwat epi li te devni yon wa pwisan.

148 - Akaz

2 Wa 16; 2 Kwonik 28

Akaz te gen 20 lane lè l' te vîn wa nan peyi Jida. Tankou papa l'avèk gran papa l', li pa t' mache avèk Bondye. Li te kòmanse avèk adorasyon Baral nan vil Jerizalèm epi li te menm kòmanse avèk pratik rityèl ofri timoun an sakrifis la.

Peyi Siri te atake Jerizalèm epi yo te pran moun kòm prizonye. Akaz te voye lò avèk ajan bay wa vil Niniv la, kapital peyi Lasiri a. Li te di l': "mwen va yon sèvitè fidèl pou ou, si w ede nou kont peyi Siri. Se sa k' te fè Lasiri te atake peyi Siri epi detwi peyi a nèt, epi voye pifò moun an Ejip.

Akaz te ale nan peyi Siri pou l' te wè wa Niniv la. Pandan l' te la a, li te wè yon lotèl espesyal li te renmen, epi li te voye plan an tounen Jerizalèm pou bès li yo te kapab fè yonn konsa.

Yo te fè l' nan moman wa a te retounen Jerizalèm. Se konsa li te pran anpil nan bagay ki te andedan tanp la epi li te kòmanse sèvi avèk yo sou lotèl nèt li a. aprè sa, li te fèmen pòt tanplan, konsa sa, te fè pa gen okenn moun ki te kapab antre pou yo adore.

Bondye te vîn fache, sa te fè l' pèmèt wa Izrayèl la kale peyi Jida. Lame yo a te atake Jerizalèm epi yo te tiye 120.000 moun. Te gen nan yo kèk nan pitit Akaz yo tou. Lame a te pran anpil richès nan peyi Jida, pote nan peyi Izrayèl tou. Yo te pran tou 200.000 fanm avèk timoun pou yo te sèvi avèk yo kòm esklav.

Yon pwofèt Bondye te kontre lame a pandan l' t'ap antre nan Samari. Li te di: "Bondye bay larayèl viktwa kont Jida, paske te fache avèk yo. Men Bondye pa kontan avèk nou, paske nou ale twò lwen. Nou masakre pèp yo, a epi nou pran madanm yo, avèk pitit yo kòm esklav. Mennen yo tounen kounyea menm! Si nou pa fè sa, Bondye ap move sou nou kounyea, menm jan l' te fè sa kont Jida."

Sa te fè pèp Izrayèl la pè. Lidè l' yo te di lame a: "pa mennen moun sa yo isit la, nou pa vle fè Bondye fache plis pase jan l' deja fache a."

Se konsa, moun yo te pran nan sa yo te piye nan peyi Jida yo, pou yo te bay prizonye yo. Yo te ba yo rad, yo te panse blese yo. Yo te ba yo tout manje avèk dlo.

Kon yo te fin pran swen prizonye yo, yo te mennen yo Jeriko epi yo te menm bay moun ki te fèb yo bourik pou yo monte. Kon prizonye yo te rive nan peyi yo, kote pwòp moun peyi yo t'ap pran swen yo, izrayelit yo te retounen Samari.

Akaz te kontinye gen pwoblèm. Tout nasyon yo ki alantou yo te atake Jerizalèm epi yo te pran sa yo te genyen. Li te mande Lasiri vîn ede l' ankò, men l' te refize l'.

Akaz pa t' janm retounen vîn jwenn Bondye toujou. Olye l' te fè sa, li t'ap kontinye chèche lòt idòl, pou yo te kapab ede l'. Alafen, li te mouri epi pitit li Ezekyas te vîn wa.

Ezekyas va tounen yonn nan pi gran wa nan peyi Jida yo.

149- Izrayèl Ddepòte

2 Wa 17

Izrayèl se te yon wayòm ki te separe avèk Jida pandan anpil ane. Pwemye wa yo a te fè de ti bèf an ò pou yo adore, pa t' gen yonn nan wa yo ki te detwi ti bèf yo, epi pa t' gen yonn nan yo ki te sèvi Bondye. Bondye te voye kèk nan pi gran pwofèt ki janm egziste nan peyi Izrayèl. Malgre sa, pèp la te refize retounen vîn jwenn Bondye.

Se konsa, aprè anpil avètisman, finalman, Bondye te pèmèt lòt nasyon pran peyi a. yo te pran yo epi mennèn yo al viv nan lòt peyi.

Sa te kòmanse avèk wa peyi Lasiri a, ki te atake wayòm Izrayèl la epi li te domine l'. yo te fè yo peye gwo taks. Sibitman, wa peyi Lejip la te di li te kapab ede Izrayèl libere anba Lasiri. Pèp la te kwè nan sa, epi yo te sispann peye Lasiri taks yo te konn peye l' la.

Lame Lasiri a te anvayi Izrayèl, li te kaptire wa yo a, epi yo te mete l' nan prizon.

Après sa, yo te antoure vil Samari, yo pa t' kite okenn moun depalse sòti deyò. Sa te rete konsa, pandan twazan jouk finalman, Samari te kapitile.

Asiryen yo te mechan anpil, yo te sèvi avèk pèp Izrayèl la kòm yon avètisman pou lòt nasyon yo, pou yo pa t' fè rebèl kont ototrite yo. Yo te depòte sa k' te rete vivan yo nan lòt peyi. Yo te mennèn lòt pèp vîn viv nan peyi Izrayèl, yo te rete nan vil yo epi yo te rele nouvo peyi yo a Samari.

Nouvo pèp la pa t' konnen anyen konsènan Bondye; se konsa, yo te kontinye adore idòl yo, yo te pote avèk yo a. Bondye te voye lyon nan mitan yo, yo te tiye anpil moun.

Yon konseye wa peyi Samari a te di: "Samariten yo pa konnen Bondye peyi a. Li te voye lyon pou devore yo, paske yo pa konnen kòman pou yo adore l' byen. Konsa wa a te di: "chwazi kèk prèt nan peyi Izrayèl la epi voye yo tounen nan peyi Samari. Se pou yo aprann pèp la kòman pou yo adore Bondye peyi a.

Yo te chwazi kèk prèt epi yo te voye yo retounen. Yo te anseye samariten yo konsènan Bondye ak kòman pou yo adore l'.

Pèp la te kòmanse adore Bondye, men yo te kontinye adore ansyen idòl pa yo tou. Yo te mele de relijyon yo ansanm. Sa va kontinye konsa pou anpil lane.

150 – Ezekyas

2 Wa 18: 1-12; 2Kwonik 29- 30

Ezekyas te vin wa lè l’te gen 25 an. Li te mache dwat avèk Bondye plis ke tout wa yo depi avan tan David la.

Pwemye bagay li te fè, se te louvri tanp lan papa l’ te fèmen an. Li te di prèt yo avèk levit yo: “nou tout nou konnen Bondye te vire do bannou, poutèt peche nou yo, nou toujou renmen wayòm Izrayèl la anpil. Men m’ ap fè yon kontra avèk Bondye pèp Izrayèl la, pou l’ pa janm move sou nou ankò. Mwen bezwen pou nou ede m’, paske se noumenm Bondye te chwazi, pou nou kanpe devan pou nou sèvi l’.

Prèt yo avèk levit yo te mete ansanm avèk wa yo a. Pwemye bagay yo te fè, se te sanktifye tèt yo devan Bondye. Aprè sa, yo te ale nan tanp lan epi yo te kòmanse netwaye l’. Yo te mete tout bagay ki te sal deyò epi yo te netwaye yo.

Après sa wa Ezekyas avèk chèf yo nan vil la te ale nan tan plan epi yo te fe sakrifis pou bondye. Après sa, yo te fè preparasyon pou tout pèp izrayel la te kapab ale nan tanp lan epi adore bondye. Li te mete prèt avèk levit yo nan plas yo. Mizisyen levit yo te prepare enstriman yo. Koral yo te prepare pou yo te chante chante David yo.

Pèp la te vini epi li te fè sakrifis pou Bondye. Yo te chante pou Bondye avèk son twonpèt. Tout moun te kontan, yo te mete ajenou epi yo te adore Bondye. Yo mennen anpil bèt pou prèt yo te fè olokos pou yo. Levit yo te ede yo fè yo jouk yo te fini.

Lè lè a te rive pou yo te fete fèt pak la, Ezekyas te voye mesaj nan tout peyi jida a, avèk nan peyi izrayel la. Li te envite tout moun, pou yo te vèn selebre fèt pak la ansanm nan Jerizalèm.

Mesaje yo te ale nan chak vil, nan tout zòn nan. Bondye te touche kè tout pèp jida a, yo te vini, yo te selebre fèt pak la avèk wa yo a.

Yo te voye pifò moun nan peyi izrayel la nan lòt peyi, men te toujou gen yon gwoup ki te rete nan peyi a. Yo te kontan lè Ezekyas te envite yo pou yo te retounen, pou yo te vèn adore Bondye nan Jerizalèm.

Genyen nan yo ki te pase mesaje yo nan jwèt, men te gen lòt ki te desann tèt yo ki te vwayaje ale nan Jerizalèm.

Yon gwo foul te rasanble ansanm. Pwemye bagay wa a te fè yo fè, se te mache nan tout vil la epi kraze tout lotèl payen yo. Li te fè yo detwi sèpan eren an Moyiz te fè a tou, paske te gen moun nan pèp la ki te kontinye brile lansan pou li. Après sa, yo te ofri mouton pak la devan Bondye. Anpil moun ki te sòti an Izrayèl, yo pa t’ konsidere yo kòm moun ki te pwòp devan Bondye. Malerezman, pa t’gen ase tan pou yo te regle pwoblèm sa a. Wa Ezekyas te priye epi li te mande Bondye pou l’ te fè yon eksèpsyon pou yo, pliske yo te vèn chèche Bondye. Bondye te reponn priyè li te fè a, epi li te netwaye pèp la pou l’ te kapab manje pak la.

Fèt sa a te dire sèt jou. Après sa, tout foul la te deside pou yo mete sèt jou sou li ankò. Tout moun t’ap pran plezi ansanm, kit yo te sòti Jida, kit yo te sòti an Izrayèl. Menm samariten yo te pran plezi avèk yo. Yo pa t’ konn wè kalite fèt konsa nan Jerizalèm, après sa k’ te konn fèt depi nan tan David avèk Salomon.

Après tout bagay te fini, moun yo te retounen lakay yo. Pwemye bagay yo te fè, se te kraze otèl fo Dye yo avèk bagay yo te anplwaye pou yo sèvi idòl yo. Yo te kòmanse voye dim yo avèk ofrand yo nan tanp lan, pou pèmèt prèt yo avèk levit yo kontinye sèvis a plen tan an jan, Lalwa Bondye a mande l’ la. Nan tout istwa peyi Jida a, pa t’ gen okenn lòt wa tankou Ezekyas. Li te gouvène peyi a pandan 29 lane.

151 - Wa Asiri a

2 Wa 18: 13 - 19: 37; 2 Kwonik 32: 1- 23

Lame Asiri a te anvayi peyi Jida, lè Ezekyas te vîn wa. Yo te rive pran pèp Izrayèl la kèk lane avan sa. Lè yo te rive nan Jerizalèm, kòmandan lame Asiri a t'ap rele pou l' te kòmanse yon rankont avèk chèf yo deyò miray vil la. Li te di: "Sancherib gran wa peyi Asiri a voye mesaj sa a pou Ezekyas: « poukisa w ap reziste devan gwo lame m' nan? Èske nou panse gen lòt nasyon k'ap vîn ede nou? Koute, yo p'ap vini, yo pè nou. O, Èske nou kwè nan Senyè Bondye nou an? Poukisa nou kwè nan li pou l' delivre nou an? Se Bondye nou an menm ki voye nou isit la pou nou detwi nou."

Pandan kòmandan an t'ap pale, pèp la te sou tèt miray vil la, yo t'ap tandè tout sa l' t'ap di. Li te pale nan lang Ebre ase fò pou yo te kapab tandè. Chèf Jwif yo te di: « tanpri pale lang pa nou an, nou konprann li.»

Kòmandan an te ri, epi li te pale pi fò: "non! Mesaj sa a pa pou wa a sèlman. Li pou tout moun tou. Gen moun la ki pral soufri lè nou kraze nou. » Li te vize moun yo ki te anwo miray yo, li te di: «koute m'! Pa kwè nan wa nou an, pa kwè nan Bondye nou an, kwè nan Sancherib, gran wa peyi Lasiri a. Li va okipe nou byen. Nou te pran anpil nasyon epi Dye pa yo pa t' kapab delivre yo. Bondye nou an pa kapab rete gran wa Lasiri a. "

Lè wa Ezekyas te resevwa rapò sa a, li te chire rad li epi li te ale nan tan plan pou l' priye. Li te voye plizyè mesaj kote pwofèt Ezayi, li te mande l' pou l' priye pou pèp Bondye a.

Ezayi voye di Ezekyas: "mwen gen yon mesaj voye pou ou. Li di: "Mwen te tandè nonm sa a, ou pa bezwen pè l' ; Mwen pra l' fè l' tandè yon nouvèl epi l'ap kouri retounen nan peyi l'. Kou l' rive nan peyi l', y'ap tiye l'."

Sibitman, kòmandan an te aprann te genyen yon pwoblèm nan peyi Lasiri. Li te panse wa a te bezwen l', tout lame a te ale.

Kèk tan aprè, Sancherib t'ap vini avèk lame l' la Jerizalèm ankò. Pandan l' te nan wout, li te voye yon mesaj bay Ezekyas, li te di l': "Èske Bondye w la di w ke ou delivre anba men m'? Pinga kwè nan li! Mwen te pran Dye anpil lòt nasyon epi mwen te brile yo nan dife. Yo pa t' kapab delivre nasyon yo. Kisa k' fè w kwè Bondye w la ap delivre w?"

Ezekyas te pran lèt la, li te ale avè l' nan tan plan, li te louvri l' devan Bondye epi li te priye. Ezayi te voye yon mesaj bay Ezekyas, men se pa t' pou li menm li te ye. Se repons Bondye te voye bay Sancherib.

Lèt la te di: "kimoun ou konprann ou ye? Mwen te di Jerizalèm pou l' krache sou ou. Kilès ou panse w'ap moke a? Se mwen menm ki te mete w o pouvwa pou w jije lòt nasyon yo. Sou kimoun ou pale fò konsa? Men sa mwen pral fè w, mwen pral mete yon bwa long nan men w avèk yon mò nan bouch ou. Mwen pral fè w pran menm chemen ou pran pou w te vini an pou w tounen."

"Ezekyas, ou pa bezwen enkyete w poutèt Sancherib. Pa gen yon sèl flèch k'ap fwape miray Jerizalèm nan. Avan lame l' la rive isit la, li ap vire, epi l'ap retounen lakay li. Se mwen menm ki defans nou. M'ap goumen nan batay sa a, epi m'ap sove vil la."

Nan aswè, lame Lasiri a te tabli yon kan. Solèy la te kouche epi sòlda yo te sanble bò dife kan an jouk tan lè a te rive pou yo te kouche. Lè solèy la te leve nan demen maten, 185 000 sòlda te mouri, kote kan an te ye a. Wa Asiri a te gen yon lame kadav. Li te retounen rapidman Niniv epi li te mete ajenou devan idòl li a. Sancherib, gran wa peyi Lasiri a te mouri epi Jerizalèm te anpè.

152 - Kenz An an Plis

2 Wa 20; 2Kwoni 32: 24-33

Wa Ezekyas te vîn byen malad. Pwofèt Ezayi te vîn kote l' li te di l': "Bondye te di m' maladi sa a ap tiye w. konsa, prepare w paske w pra l' mouri. Ezekyas te vire figi l' li te di: "tanpri Senyè, sonje jan'm te sèvi w ak tout kè m san m' pa t' janm vire do ba ou. Mwen te toujou fè sa w vle m' fè." Epi li pran kriye kont kriye.

Bondye te pale avèk Ezayi ankò: "al di wa Ezekyas, mwen te tande lapriyè l', epi mwen wè sa fè w mal, m ap geri w. m'ap mete kenz lane anplis sou lavi w. M'ap ba w yon sin tou pou w kapab konnen pwomès sa se laverite. M'ap fè kadran solèy la fè bak dis degre."

Ezekyas te gade kadran solèy la, li te wè l' fè bak dis degre.

Lamenm, maladi l' la te kòmanse kite l', jouk li te refè nè. Li te chante devan Bondye epi li te di l' mèsi.

Aprè l' te fin refè, yon delegasyon te sòti Babilòn te vîn vizite l', yo te pote kado pou li. Ezekyas te kontan pou sa epi li te onore delegasyon an avèk yon vizit nan palè l' la avèk biwo gouvènman yo. Li te montre yo kote trezò peyi a te ye. Lò, lajan, epis ak bon jan lwil.

Après moun peyi Babilòn yo te ale, pwofèt Ezayi te mande l': "kimoun mesye sa yo te ye, epi kisa yo te vinn di'w?" wa a te di: "yo te sòti nan yon peyi lwen, yon kote yo te rele Babilòn. "

"Kisa w te montre yo?"

"mwen te montre yo tout bagay, mwen pa t' kache yo anyen. "

Pwofèt la te di l': "koute Pawòl Bondye: "yon jou va vini kote Babilòn va anvayi Jida. Yo pral pran tout sa yo te wè epi pote yo nan peyi yo. Desandan w yo va tounen esklav wa peyi Babilòn nan.

"Ezekyas te bese tèt li, epi finalman li te di: "mesaj sa a Senyè a bay la bon. Pa gen nan bagay sa yo k'ap fèt pandan m' vivan. Pandan m'ap viv, va gen lapè avèk sekirite. "

153 - Yon Move Wa Repanti

2 Wa 21; 2Kwonik 33

Ezekyas se te youn nan pi bon wa nan desandan David yo. Poutan, pitit gason l' lan Manase, se te youn ki te pi mal pase yo tout. Li te vèn wa lè l' te gen 12 an, epi li te dirije peyi a pandan 55 an. Li te aji pi mal pase wa Kanaran yo ki te la, avan Izrayèl te vèn rete la. Papa l' te kraze tout otèl fo Dye yo, men Manasse te rebati tout. Li te mete plizyè akote tanp lan menm. Li te fè tout pèp la pwatike divinasyon, epi sakrifye menm pwòp pitit gason l' yo bay fo Dye.

Bondye te pale avèk Manase avèk pèp Izrayèl la, men yo pa t' koute. Alafen, Bondye te pèmèt kòmandan militè Asiryen yo te kaptire wa a. Yo te mete yon zanno nan nen l' epi yo te anchenen l' ak yon chenn an bronze pi yo te ale avè l'. Yo te mete l' nan prizon nan peyi Babilòn.

Tan Manase t'ap viv la, se te tan ki te pi nwa a. Se konsa li te soumèt tèt li, epi li te rele Bondye. Bondye te tandè lapriyè l' la. Tan an te rive, kote Bondye te pèmèt li retounen Jerizalèm, epi vèn wa ankò. Kon l' te rive la, li te fè konnen se Bondye ki te fè sa pou li, epi li te sonje sa Bondye te fè pou li. Li te retire tout idòl yo ak tout lotèl yo nan tanp lan. Li te rebati lotèl Bondye a epi li te sèvi avè l' pou l' te di Bondye mèsi. Li bati miray Jerizalèm yo epi li te vèn fè vil la gen plis sekirite. Anba lidèchip li, lame a te vèn pi fò. Lè Manase te mouri, pitit gason l' lan Amon te vèn wa. Li te gouvène sèlman pandan 2 an. Men li te mal menm jan avèk papa l' nan premye ane l' yo. Men li pa t' retounen vèn jwenn Bondye jan papa l' te fè l' la.

Sèvitè l' yo te fè konplo kont li, yo te tiye l'. Yon foul moun nan peyi Jida te kouri dèyè moun sa yo, yo te tiye yo. Aprè sa, yo te pran pitit gason Amon an, yo te mete l' wa. Yo te rele l' Jozyas, lè l' te vèn wa li te gen sèlman 8 lane. Men, li te vèn yon gran wa peyi Jida.

154 - Yo Jwenn yon Liv

2 Wa 22; 2 Kwonik 34:1-2

Jozyas te gen 8 lane lè l' te vin wa peyi Jida. Li te sèvi Bondye menm lè l' te vin wa a, jouk li te mouri 31 lane pita. Li te dènye gran wa ki te gouvène avan Jida te ale an egzil.

Lè l' te gen 26 lane, li te chèche moun pou repare tanp lan. Li te bay lajan pou yo te fè sa. Konsa, li te bay ouvriye yo lajan, epi li te di: "nou te bay prèv nou se moun serye. Se pou sa nou pa bezwen bay rapò pou lajan sa a."

Yon jou, gran prèt la te jwenn liv lalwa a, Moyiz te ekri a. Li te voye l' bay wa a ki te Fè yo li l' fò pou li. Lè Jozyas te tande sa k' te ekri nan liv la, li te chire rad li, epi li te di: "Asireman, Bondye fache anpil kont nou! Zansèt nou yo te fè yon kontra avèk Bondye, epi tout tan yo te toujou ap kraze l', epi kraze l' ankò. Jijman l' kont nou pa lwen. Al chèche yon moun ki kapab pale avèk Bondye sou sa."

Prèt la te ale yon kote nan vil la, lakay Oulda, yon pwofetès. Yo te poze l' kesyon, sou sa ki te ekri nan liv la. Li te di: "mwen gen yon mesaj Bondye pou moun ki te voye w la. Bondye di: "pèp peyi sa a vire kont mwen nèt. Y'ap sèvi idòl avèk fo dye. Mwen pral voye yon malè sou lavil Jerizalèm ansanm avèk tout moun li yo. Pa gen anyen ki kapab anpeche jijman k'ap vini an vini."

Après sa, Oulda te di: "mwen gen yon lòt mesaj pou wa peyi Jida a, Bondye di: "lè w te tande pawòl ki nan liv sa a, kè w te tris, ou te chire rad ou epi w te kriye. Ou te chèche mwen avèk imilite. Mwen te tande w. Poutèt sa, ou p'ap wè malè a mwen pral fwape peyi a avè l' la. M'ap tann jouk aprè w mouri epi antere avan."

Sakrifikatè yo te transmèt Jozyas pawòl sa yo. Lè l' te tande yo, li te reyini ansanm, tout ansyen Jerizalèm avèk Jida yo. Après sa yo te sanble tout pèp la. Yo tout te vin nan tan plan, kote yo te tande wa a ki t'ap li Lalwa Moyiz la. Yo te tande kote ki te pale konsènan kontra a yo te fè avèk Bondye a.

Kon wa a te fin li Lalwa a, Jozyas te kanpe nan plas ki rezève pou wa a. devan tout moun, li te pran menm angajman sa yo avèk Bondye. Li te pwomèt pou l' swiv kòmandman Bondye yo avèk tout fòs li. Tout pèp la te dakò pou yo te fè menm bagay la tou.

155 - Refòm Jozyas Te Fè yo

2 Wa 23; 2 Kwonik 34: 32 - 35:27

Wa Jozyas avèk pèp Izrayèl la te renouvle angajman yo anvè Lalwa Bondye a. Aprè sa, wa a te retire tout otèl fo dye yo nan tanp lan. Li te brile yo. Pèp la te mache nan tout vil Jerizalèm nan, yo te kraze tout idòl yo ki te la a.

Kon yo te fin fè sa, wa a menm menm te mache nan tout peyi Jida a pou l' te kapab sipèvize jan yo te detwi adorasyon idòl la nan tout vil yo. Aprè sa li te ale nan tout peyi Izrayèl la, li te kraze tout idòl yo avèk tout otèl yo te fè pou yo . Lè l' te jwenn yon kote ki te gen plis payen, li te desakralize otèl la nèl pou yo pa janm sèvi avè l' ankò. Li te ale nan otèl la Jewoboram te fè nan Betèl la, li te kraze tout sa ki te sou kote l'. li te wè kèk tonb tou pre a, li te voye al pran kèk zo moun. Li te brile yo sou lotèl la pou l' te kapab desakralize l' nèl.

Après sa, Jozyas te wè yon moniman tou pre a. Li te mande: "kisa sa ye la?" Moun yo te di: "se tonm pwofèt la ki te sòti Jida a. Bondye te voye l' isit la pou l' te pale kont Jewoboram lè l' t'ap inogire lotèl la pou ti bèf an ò li a. Li te pwofetize, li te di pèp la sa w ta va fè avèk lotèl sa a. Ou te akonpli pwofesi l' la jodia. Se tonm yon anyen pwofèt nan Samari tou."

Jozyas te di: "pa deranje zo sa yo." Aprè sa, li te retounen Jerizalèm.

Wa a te òganiza yon fèt pak san parèy. Limenm avèk kèk gran nèg nan peyi Jida te bay anpil bagay, sa te pèmèt tout moun te kapab ofri yon sakrifis.

Nan tout istwa peyi Jida, pa t' janm gen yon wa tankou Jozyas kite renmen epi sèvi Bondye avèk tout panse l', avèk tout kè l' epi avèk tout fòs li konsa. Li te swiv chemen Bondye yo nèl.

Malgre sa, Bondye te gen plan pou l' te detwi Jerizalèm. Li t'apral voye pèp Jida a an egzil, menm jan l' te fè pou pèp Izrayèl la. Men, li pa t' pèmèt sa fèt avan lamò Jozyas. Lè wa a te gen 39 lane, wa Fararon nan peyi Lejip t'ap pase avèk lame l' la, nan peyi Jida pou l' t'al ede Lasiri. Jozyas te pran lame l' la, li te ale pou l' te fè l' kanpe. Farawon te di l': "mwen pa vèn goumen avè w. Mwen pral goumen avèk yon lòt moun. Pa mele nan sa, si se pa sa, Bondye kapab sèvi avè m' pou m' detwi ou."

Jozyas pa t' koute avètisman sa a. Li te al goumen, men li te degize pou lènmi yo pa t' konnen si se limenm ki te wa a. Sibitman yon flèch te fwape l', epi li te tonbe nan cha li a. Sèvitè l' yo te kouri retounen Jerizalèm avè l, epi li te mouri la.

Tout peyi Jida a te pran dèy poutèt lamò Jozyas. Pwofèt Jeremi te ekri yon chan yo te chante nan antèman l'.

156 - Kannari Kraze a

Jeremi 1:1 -20; 2Wa 33: 28 -37; 2Kwonik 36

Istwa 159 - 164 te pase pandan lavi avèk ministè pwofèt Jeremi.

Nan tan Wa Jozyas, Bondye Te rele Jeremi, pou l' te preche nan peyi Jida a. Bondye te di: "ou va di yo mechan, epi Babilòn ap vini, li va mete nou deyò. Reziste kont envazyon sa a va initil, paske se mwen menm k'ap fè l' fèt."

Jermi te di: "Senyè, mwen pa vle fè travay sa a. Mwen twò jèn, epi mwen pa konn pale byen an piblik." Bondye te di l': "mwen te chwazi w pou w fè travay sa a depi avan w te fèt. M'ap di w egzakteman sa pou w di, menm si pèp la p'ap koute w epi chèche tiye w. Men ou pa bezwen pè. Mwen va avèk ou epi mwen va pwotejew."

Pandan anpil lane, nan tan Jozyas, Bondye te fè Jeremi konnen tout rezon ki fè l' pral chatye Jida epi voye l an egzil. Jeremi te gen tèt chaje pou pèp la, sa te fè l' kriye epi priye pou yo anpil. Bondye te di l': "kanpe sa! Moun sa yo pral tonbe nan malè epi ou pa kapab fè anyen nan sa. Mwen p'ap koute menm si Samyèl avèk Moyiz ta kanpe devan m' pou yo plede pou yo! Sitiyasyon sa depase zèw relijyez avèk lapriyè yo."

Bondye te voye Jeremi lakay bòs ki konn fè krich la. Lè l' te rive la, li te wè bòs la k'ap bay yon krich fòm nan twou a. Sibitman li te jwenn yon kote ki te kase nan po a. Poutèt sa, li te kraze l' nèt epi li te refè l'. Bondye te di: "O, Izrayèl, se sa m'ap fè avèk ou. Ou tankou yon ajil nan men m', m'ap kraze w poum fè yon lòt po avè w ki va resevwa benediksyon mwen avèk jwa mwen."

Bondye te di Jeremi pou l'achte yon krich epi pou l'al kote moun k'ap dirije Jida yo. Pwofèt la te achte krich la epi li te kanpe devan lidè yo. li te leve l' anlè epi li te di: "moun yo te kite Bondye pou yo adore idòl. Poutèt sa, koute sa Bondye ap di nou: li te voye kanari a anba epi li te kraze an miyèt moso. Li te di: Jerizalèm va tankou kanari ajil sa a. Mwen va kraze vil la nèt. Lènmi nou yo va asainen pèp la. Vil la pral kraze menm jan avèk kanari a. "

Yonn nan sakrifikatè yo te fache. Li te fè bat Jeremi epi mete l' nan yon sèp. Nan demen sakrifikatè a te vini pou l' lage l'. Jeremi te di l': "Bondye te chanje non w. kounyea ou rele « malè toupatou.» Ou pra l wè zanmi'w yo mouri nan lari a anba kout nepe lènmi yo. Nan malè, ou pra'l wè jan vi l' la ap kraze. Yo va mennen w Babilòn, kote ou va mouri; epi yo va antere'w la. "

Wa JOzyas te mouri pandan l' t'ap goumen avèk lame peyi Lejip la. Pèp Jida a te mete pitit li wa nan plas li. Twa mwa aprè sa, Farawon, wa peyi Lejip la te pran Jerizalèm epi li te pran nouvo wa a, li te ale avè l'an Ejip, kote li te mouri. Farawon mete yon lòt pitit Jozyas kòm wa nan peyi Jida. Non l' se te Jojakim.

157 - Yo Brile Liv la

Jeremi 26 e 36, 2Wa 24: 17; 2Kwonik 36

Istwa 159 -164 te pase pandan lavi avèk ministè pwofèt Jeremi.

Jeremi te djà ap pwofetize pandan 23 lane, lè Jojakim te vinn wa. Jida te anba doinasyon peyi Lejip. Wa a te peye Lejip gwo taks chak ane.

Bondye te di Jeremi pou l' ale nan tanp lan, pou l' di moun yo pou yo repanti, si se pa sa, tanp lan pral detwi. Aprè l' te fin preche, sakrifikatè yo avèk pwofèt yo te kenbe l'. Yo te di l': "nou pral tiye w! Kòman w fè pèmèt ou vinn pale de bagay sa yo nan non Bondye?"

Gwo chèf peyi Jida yo te defann Jeremi, yo te di: "li gen dwa pale nan non Bondye. Lage l'."

Yo te kite l' ale, men, yo te di l'. Li pa gen dwa tounen nan tanp lan ankò.

Bondye te di Jeremi: "Ekri yon liv sou tout sa m' di w sou jijman k'ap vini kont Jida avèk Jerizalèm nan."

Jeremi te voye chèche Bawouk, sekretè li a, epi li te dikte l' tout sa Bondye te di l' yo. lè yo te fin fè sa, pwofèt la te di: "yo pa pèmèt mwen al nan tanp lan, ale la oumenm epi li liv la bay pèp la."

Bawouk te ale epi li te li liv la nan tanp lan. Gen kèk nan sèvitè wa yo ki te tande pale de liv la, epi yo te mande Bawouk pou l' li l' pou yo. Lè l' te fin fè sa, mesye yo te sezi l'. Yo te di: "wa a dwe tande sa a tou." Yo te di sekretè a: "n'ap pran liv sa pou wa a. Oumenm avèk Jeremi mèt kache, epi pinga nou di okenn moun kote nou ye."

Yo te pote liv la ba wa Jojakim, epi li te pèmèt pou yo li l' pou li. Paske lè sa a se te tan livè a, wa a te chita devan yon dife. Chak lè yo te li yon pòsyon nan liv la, li te koupe l' epi li te voye l' nan dife. Sèvitè l' yo te di l' pou l' pa fè sa, men li te kontinye fè sa kanmèm, jouk li te fin brile l' nèt.

Tout moun ki te nan sal la te tande sa k' te nan liv la, men pa t' gen yonn ki te chire rad li oubyen ki te pè. Aprè sa, Jojakim te bay lòd pou yo mete Jeremi avèk Bawouk sekretè l' la nan prizon, men Bondye te pwoteje yo.

Bondye te di Jeremi: "Ekri yon lòt liv menm jan ak sa k' te brile a. Bay Jojakim mesaj sa a tou: "ou te brile liv la paske ou pa t' vle tande anyen sou jan Babilòn pral detwi Jerizalèm. Men sa k' pral rive avè w: kadav ou p'ap antere, men l'ap rete atè konsa, li pral dekonpoze nan mitan solèy. Epi okenn nan desandan w yo p'ap chita sou twòn David la.

Jeremi te dikte yon lòt liv bay Bawouk epi li te ekri l'. Pandan tan an t'ap pase, li te mete plis sou li.

Jeremi te di moun nan peyi Jida yo: "Babilòn va vini, li va detwi vil sa epi depòte nou. Nou va rete Babilòn pandan 70 lane, aprè sa Bondye va mennen pitit nou yo tounen nan peyi sa."

Bondye te voye yon mesaj espesyal pou Bawouk: "ou ta vle konn sa k' pral pase avè w. Ou pote chaj pou w sekretè pwofèt Bondye a. ou pa bezwen pè. M'ap proteje lavi w lè m'ap detwi lavil sa a. Mwen va avè w tout kote ou pase."

158 - De Panye Fig yo

Jeremi 24; 2 Wa 2: 8-17; 2Kwonik 36

Istwa 159 - 164 te pase pandan lavi avèk ministè pwofèt Jeremi.

Nebikadneza, wa Babilòn nan, te anvayi peyi Jida. Wa Jojakim te montre soumisyon'l anba Lejip epi li te fè sèman fidelite devan Babilòn. Plizyè lane aprè sa, Babilòn avèk Lejip te angaje nan yon batay fewòs. Jojakim te vèn montre fidelite l'anvè Lejip pito. Jeremi te avèti l' pou l' pa t' fè sa, men li pa t' koute.

Nebikadneza anvayi Jida ankò, fwa sa a li te pran Jerizalèm. Yo te mete Jojakim nan chenn epi yo te mennen l' ale nan peyi Babilòn, kote l' te mouri. Pitit li Jojakin vèn wa.

Nebikadneza te pran anpil bagay nan tanp lan, li te al mete yo nan tanp idòl li yo. Li te pran pi bon jèn gason yo tou, li te ale avèk yo Babilòn, pou yo sèvi kòm konseye pou li. Danyèl, se te yonn nan yo. Jojakin te wa sèlman pandan twa mwa. Aprè sa, li te revòlte kont peyi Babilòn.. Jeremi te avèti l', li te di l' si l' te fè sa, yo t'ap mete l' deyò menm jan avèk papa l'. Jèn wa a pa t' koute.

Lame Nebikadneza a te retounen, epi fwa sa a, li te pran tout trezò yo, avèk tout lò ki te nan tanp lan. Yo te pran tout sa ki te gen valè nan vil la, ouvriye yo, sòlda yo avèk savan yo tou. Yo te ale avèk 10.000 moun nan peyi Babilòn. Ezekyèl te pami moun sa yo tou.

Yo te kite moun pòv yo sèlman, pou yo te veye sou peyi a. Nebikadneza te ale avèk Jojakin Babilòn, li te mete l' nan prizon. Tonton li te vèn wa nan peyi Jida a, nan plas li.

Lè yo te fin ale, Bondye te ba Jeremi yon vizyon. Bondye te mande l': "kisa w wè?"

Pwofèt la te reponn: "mwen wè de panye plen avèk fig. M'ap veye sou yo epi m'ap pran swen yo. Yonn nan yo te plen avèk fwi ki pi dou, mwen pa t' janm wè. Lòt la te gen fig kraze ki gen movèz odè."

Bondye te di: "moun yo depòte yo tankou bon fig yo. Pitit yo va retounen nan peyi a ankò epi yo pral gen yon anvi nan kè yo pou yo konnen m'. Mwen va Bondye yo epi yo va pèp mwen."

"Men moun sa yo ki nan Jida yo, yo tankou fig kraze yo. Yo kòwonpi epi yo kraze, epi mwen pral trete yo konsa. M'ap voye kè fè mal, epidemi avèk grangou. Lè m' ap fè sa, m'ap voye Sedesyas avèk moun li yo nan yon poubèl."

Bondye te mande Jeremi pou l' te voye yon lèt ba moun yo ki nan egzil la. Li te di: "bati kay nan peyi Babilòn, epi fè jaden, marye, fè pitit, epi marye pitit nou yo. Travay pou peyi kote yo depòte nou an wè afè l' mache byen. Pinga kwè nan okenn moun k'ap di nou, nou pa la pou lontan. Se pa vre. N'ap rete la pou 70 lane, konsa bati kay nou pou nou rete. Mwen va pran swen nou. Nou mèt rele m' nenpòt lè nou vle epi m'ap tandè nou. Lè lè a va rive pou egzil la fini, mwen va fè nou tounen lakay nou ankò, epi m'ap fè peyi nou an kanpe ankò."

159 - Babilòn Ansèkle Jerizalèm

Jeremi 37 ; 2Wa 24:18 - 25: 2 ; 2Kwonik 36

Istwa a 159 - 164 te pase pandan lavi avèk ministè pwofèt Jeremi

Nebikadneza te mete Sedezyas wa nan peyi Jida. Aprè l' te gen 9 lane depi l' te wa, li te revòlte kont Babilòn. Li te panse Lejip t'ap ede l'. Jeremi te di l': "si w fè sa, wa Babilòn nan ap detwi Jerizalèm."
”

Sedezyas pa t' koute pwofèt la, se konsa Nebikadneza te vini avèk lame l' la, li te ansèkle vil la, li pa t' kite okenn moun ki te ni andedan ni deyò. Sedezyas te mande Jeremi pou l' priye epi pou l' mande Bondye pou l' ede yo. Sibitman, lame Lejip la te vèn nan Sid la, poutèt sa, lame Babilòn nan te kite Jerizalèm.

Bondye te voye yon lòd pou Sedezyas: "men sa m' pra l' fè. Lame faraon an pral retounen an Ejip. Babilòn ap retounen epi l'ap brile vil la nèt. Ou pa'p kapab rete yo. Menm si lame w a ta sòti epi venk yo, epi yo ta kite kèk sòlda blese vivan, kèk sòlda sa yo va leve, yo va vèn nan vil la epi brile l' nèt.

Jeremi te deside pou l'ale bò deyò miray vil la, pou l' te gade kèk propriyete li gen la a. Yon sòlda te wè l'ap mache deyò pòtay vil la. Li te di l': "ou pral rann tèt ou bay lame Babilòn nan?"

Pwofèt la te di l': non! Mwen p'ap janm fè sa."

Men sòlda a pa't' kwè nan sa l' te di a. li te pran l', li te mennen l' ba chèf yo. yo te fache avè l' anpil.

Yo te bat li epi yo te mete l' nan prizon ki te nan palè a, kote yo te okipe l' pi byen.

Rapidman, te vèn pa gen manje nan vil la, paske, Babilonyen yo pa t' kite okenn bagay antre ni sòti.

Chèf Jerizalèm yo te voye yon mesaj ba Jeremi: "tanpri souple priye Bndye, mande l' pou l' delivre nou! Petèt li ta fè yon mirak pou nou, jan l' te konn fè nan tan lontan yo. "

Bondye te voye yon mesaj tounen ba yo: "non! Mwen p'ap delivre nou. Se mwenmenm k'ap goumen kont nou. Nou pral soufri grangou, maladi avèk epidemi. Ni moun, ni bèt pral mouri. Moun ki chape anba bagay sa yo, m'ap livre yo bay babilonyen yo.

160 - Pwi Labou a

Jeremi 32, 33, 38, 39 ; 40:1-6; 59: 1-30; 2Wa 25: 37; 2Kwonik 36

Istwa 159 – 164 te pase pandan lavi avèk ministè pwofèt Jeremi.

Bondye te bay Jeremi yon mesaj pou pèp la. Li te di: “se noumenm ki pou fè chwa nou. Nou kapab gen lavi ou lamò. Si nou rete Jerizalèm n’ap soufri grangou, maladi avèk lamò. Si nou remèt tèt nou bay lame Babilòn nan, nou va viv. Mwe remèt yo vil sa a e yo va detwi l’ nèt.

Lè chèf Jida yo te tandè sa, yo te al kote wa a, yo te di l’: “nèg sa fèt pou l’ mouri, li se yon trèt. L’ap di pèp la pou l’ lage nou.”

Se konsa wa a te ba yo dwa pou yo te fè sa yo vle avèk Jeremi. Yo te mare l’ avèk kòd, yo te fè l’ desann nan yon pwi ki pa te gen dlo ladann, men ki te gen labou. Rapidman, pwofèt la te antre nan labou a.

Gen lòt chèf ki te kouri al kote wa a, ki te di: “sa pa bon! Pwofèt la ap mouri nan pwi sa a. Li pa jwenn ni manje ni dlo.”

Wa a te pèmèt chèf la pou l’ rale Jeremi nan pwi a pou l’ mete l’ deyò. Se konsa, li te jwenn 30 lòt moun ki te ede l’ fè sa. Yo te pran moso rad chire bay pwofèt la, pou l’ te mete yo anba bra l’ pou pwoteje l’ pou kòd yo pa t’ blese l’. Aprè sa, yo te rale l’ mete deyò pwi a, epi yo te mennen l’ tounen nan prizon palè a.

Babilonyen yo te ansèkle vil la pandan de lane e demi. Alafen yo te fè yon twou nan miray la epi yo te pran vil la. Lè Sedezyas te tandè sa, li te sòti Jerizalèm, pandan lannwit epi li te eseye sove.

Babilonyen yo te kouri dèyè wa a, epi rapidman, yo te kenbe l’. Yo te mennen l’ tounen bay Nebikadneza. Li te pran Sedezyas, epi li fè l’ gade jan l’ap tiye pitit gason l’ yo devan zye l’. Apre sa, yo te kreve zye l’, yo te mete l’ nan chenn epi yo te mennen l’ Babilòn.

Babilonyen yo te detwi vil la nèt. Konsa pou l’ pa kapab reziste yo ankò, yo te detwi tanp lan, brile tout kay, epi kraze miray yo. Yo te demoli vil la nèt. Lame Babilòn nan te mennen rès pèp la ale Babilòn. Yo te kite enpe moun sèlman pou yo te veye peyi a.”

Nebikadneza te tandè pale de Jeremi, se poutèt sa, li te di kapitèn lan: “chèche jwenn nonm sa a, epi fè tout sa ou kapab pa blese. Ou dwe okipe’l epi ba l’ tout sa l’ vle.”

Kapitèn nan te ale epi li te jwenn pwofèt la. Li te nan chèn avèk tout lòt moun yo, yo te voye an egzil yo. Kapitèn nan te retire cheen Jeremi yo, epi li te di: “ou lib pou w ale. Si w ale Babilòn avèk nou, n’ap pran swen w epi n’ap ba ou sa w bezwen pou tout rès vi w. Men si w vle ou kapab rete isit la nan eyi Jida. Chwazi sa ou vle a.”

Jeremi te di, li t’ap rete nan Peyi Jida, se konsa yo te pèmèt limenm avèk Bawouk pou yo te retounen lakay yo. Bondye te beni chèf la ki te ede Jeremi sòti nan pwi a.

Bondye te di Jeremi: “Jou yo ap vini, lè mwen va chwazi yon moun ki dwat nan fanmi David la, la mete jstis nan tout peyi a. Ya rele wa a: “Senyè a, Delivrans nou.”

161 - Moun Peyi Jida yo Ale an Ejip

Jeremi 42- 44; 52: 31-34; 2Wa 25: 22-30

Nebikadneza, wa peyi Babilòn nan te detwi vil Jerizalèm nèt. Li te kite kèk moun sèlman pou yo pran swen peyi a epi li te mete Gedalia gouvènè peyi a.

Li te genyen kèk sòlda rebèl nan mòn peyi Jida. Gedalia te al kontre avèk yo epi li te di yo: “wa peyi Babilòn nan vle fè lapè avèk nou. Konsa, nou mèt sispann goumen. Gade sa pèp la kite dèyè lè yo te depòte yo a. Nou kapab rekòlte rezen, oliv yo avèk fwi yo te kite yo. Chwazi yon vil epi viv la. Mwen reprezante nou devan Babilonyen yo.”

Sòlda yo te aksèpte konsèy sa, epi yo te rete nan peyi a. Lè Jwif ki t’ap viv nan kèk lòt peyi te tandè sa, yo te retounen epi yo te aksèpte Gedalia kòm gouvènè yo. Yo te fè yon gran rekòt ansanm ane sa a.

Wa peyi Amon an te bay dis Jwif lajan pou yo te tiye Gedalya. Moun peyi Jida yo te fè Gedalya konnen konplo a. yo te di l’: “nou byen isit la. Nou pa ta renmen trèt sa yo gate sa, pou yo fè nou pèdi repo nou.” Men Gedalya pa t’ kwè sa. Li te panse se te senpman yon avantaj yo t’ap chèche sou zanmi yo nan peyi a..

Gedalya te envite 10 trèt yo vèn manje avè l’. Pandan yo t’ap manje ansanm, mesye yo te rale nepe yo epi yo te tiye gouvènè a. Aprè sa yo te jete kò l’ nan yon pwi, epi yo retounen nan peyi Amon. Moun peyi Jida yo te kouri dèyè yo, yo te goumen avèk yo, men pifò nan trèt yo te gentan al fè wout yo. Moun nan peyi Jida yo te konnen sa Nebikadneza ta va fè, lèl konnen yo te tiye gouvènè l’ la. Yo te fè plan pou yo te kouri al an Ejip. Yo te al jwenn Jeremi epi yo te di l’: “mande Bondye kisa pou nou fè. Nou pwomèt n’ap fè sa l’ di a.”

Après dis jou, Jeremi te ba yo yon mesaj Bondye te voye, ki te di: “pinga ale an Ejip, rete nan peyi Jida. Mwen va avèk nou, mwen va pwoteje nou devan wa Babilòn nan. Si nou rete la, m’ap plante nou la, mwen p’ap detwi nou.”

“Mwen konnen nou pè, men koute mwen. Sa ou pè yo ap tann ou an Ejip. Nou p’ap jwenn lagè, grangou avèk maladi nan peyi Jida. Men bagay sa yo ap tann nou an Ejip.”

Moun yo te rele, yo te di Jeremi: “Se manti w’ap bannou. Letènèl pa t’ di w bagay konsa. Ou vle pou nou rete la, pou babilonyen yo tiye nou.”

Pèp la te kite Jida, yo te ale an Ejip. Yo te pran pwofèt la, ni Bawouk avèk yo. Jeremi fin ekri liv li a an Ejip. Aprè sa, li te mouri.

Kèk lane pita, yon nouvo wa t’ap gouvènè Babilòn, li te libere wa Jojakin. Li te ba l’ lajan pou l’ viv epi li te envite l’al manje nan palè a chak jou. Li te viv byen, pandan tout rès lavi l

LIV 4 – BÈLTE KI SÒTI NAN SANN DIFE**162 - Plenn zo sèk yo**

Ezekyèl 37

Yo te depòte Ezekyèl avèk anpil lòt Jwif. Li te tounen yon pwofèt Bondye. Yon jou, Lespri Bondye a te mennen l' nan yon plenn. Li te wè plenn sa a te plen avèk zo. Yo te tèlman sèk, ke si yon moun ta touche yo, yo t'ap tounen poud.

Letènèl te di l': "nonm o, èske zo sa yo kapab tounen viv ankò?"

"Senyè, oumenm sèl kapab reponn kesyon sa a. Bondye te di l': "kanpe nan mitan yo epi di yo: "Zo sèk, koute sa Bondye di nou. Wi, Senyè a ap pale avèk nou. L'ap di nou li pra l' fè nou respire ankò, epi nou pra l' tounen vivan ankò. Nou pra l' gen vyann, misk epi po ankò... epi lavi. Lè sa a, n'a konnen li se Letènèl."

Se konsa Ezekyèl te kanpe li te di bagay sa yo avèk zo yo. Rapidman, li te tande yon son nan tout plenn nan. Zo yo te vèn solid e yo te kole ansanm. Lamenn, yon bann eskèlèt te kouche sou tout tè a. Pandan pwofèt la t'ap gade, li te wè vyann ki t'ap devlope sou tout eskèlèt yo. Aprè sa, li te wè po kouvri vyann yo. Yo te tankou yon bann kadav ki te kouche atè a, nan tout plenn nan. Men malgre yo te gen tout bagay sa yo, yo pa t' gen lavi.

Letènèl te di Ezekyèl: " Nonm o, pale avèk yo, di yo: "koute sa Bondye di nou. Wi Bondye ap pale avèk nou, li di nou kouri nan kat van yo, kouri vini epi antre nan kadav sa yo."

Se konsa Ezekyèl te di Lespri a sa. Lamenn, Lespri te antre nan tout kadav yo, e yo tout te vèn vivan. Yo te leve kanpe epi yo te kòmanse mache. Se lè sa a Ezekyèl te dekouvri ke se te yon gwo lame.

Letènèl te di: "Nonm o, zo sa yo reprezante tout douz tribi pèp Izrayèl yo. Kounyea, menm y'ap di: "nou pa yon nasyon ankò. Pa gen espwa pou nou. Zo nou yo fin seche. Pale avèk yo di yo: "koute sa Bondye di nou. Wi Letènèl ap pale avèk nou. L'ap di nou li pral louvri tonm nou yo nan peyi yo te depòte nou yo, epi l'ap mennen nou tounen nan peyi Izrayèl. Li va mete Lespri li nan nou epi nou va reviv, lè sa a, nou va konnen li se Letènèl."

Letènèl te pale avèk Ezekyèl ankò, li te di l': "pran yon ti moso bwa, make mo Jida sou li. Pran yon lòt moso bwa, make sou li mo Izrayèl."

Ezekyèl te fè sa. Après a, Letènèl te di l': "kole yo ansanm tankou si yo te yon sèl moso bwa. Mache avèk yo toupato, jouk moun yo va mande w sa sa vle di."

"Reponn yo, Senyè Bondye a ap di nou: "yon jou ap vini kote mwen va fè de nasyon yo tounen yonn ankò. Yo p'ap de nasyon ankò. Men yon sèl. Mwen va ba yo pwòp peyi pa yo a, peyi mwen te bay Jakòb la. Yo va gen yon sèl wa. David va gouvène yo. Yo pa va sal tèt yo avèk idòl ankò. Mwen va pirifye yo epi yo va pèp mwen, e mwen va Bondye yo."

163 - Desizyon Danyèl la

Danyèl 1:1-16

Nebikadneza te wa nan peyi Babilòn, li te pran Jerizalèm epi li te depòte pèp la. Li te bay ofisyèl yo lòd, pou yo te chwazi pi bon jèn gason yo, pou yo antrene yo, pou yo sèvi nan palè wayal la. Yo te dwe byen fòm nan lang, nan literati epi nan sajès. Fòmasyon sa te dwe fèt nan twazan, e pandan tan sa a, wa a va ba yo pi bon jan manje avèk diven.

Kat nan jèn jan yo te chwazi yo, se te Danyèl, Chadrak, Mechak avèk Abèdnego. Mesye sa yo te pran desizyon devan Letènèl, pou yo pa't sal tèt yo avèk ni bwason ni manje ki kont Lalwa Bondye a.

Danyèl te mande entandan an pou l' te retire bagay sa yo nan manje yo t'ap ba yo chak jou a.

“O, non! Mwen pa kapab kite nou fè sa! Yon jou ap vini, kote nou va kanpe devan wa a. Li va wè nou pa anfòm tankou lòt yo, epi li va fè tiye m’.”

Nan moman sa a, Danyèl te chwazi sa l' t'ap di avèk atansyon. “Tanpri souple, avan w deside sa w'ap fè, fè yon tès pou nou. Pèmèt nou kat la manje legim ase avèk dlo pandan dis jou. Aprè sa ou va konpare nou avèk lòt yo, epi w va wè sa pou w fè.”

Entandan an te respekte Danyèl anpil. Se poutèt sa, li te dakò pou l' fè tès la. Aprè dis jou, Danyèl avèk zanmi l' yo te parèt pi anfòm pase tout lòt yo ki t'ap manje epi bwè diven wa a. konsa entandan an te pèmèt yo kat la kontinye manje legim avèk dlo sèlman.

Bondye te avèk Danyèl, Chadrak, Mechak avèk Abednego. Li te ba yo konesans epi li te ba yo anpil sajès.

Lè wa a te egzamine yo avèk tout lòt mesye yo, li te jwenn yo dis fwa siperyè pase yo. Danyèl te kontinye sèvi nan palè wayal la, pandan anpil wa t'ap gouvène.

164 - Rèv Nebikadneza a

Danyèl 2

Nebikadneza te fè yon rèv ki te boulvèse l'. Li te rele konseye l' yo, li te mande yo pou yo te entèprete rèv li a. yo te di l': "di nou rèv la epi n'a di w sa l' vle di." Wa a te di: "koutè byen sa m'ap di nou. Nou dwe ban m' rèv la avèk tout eksplikasyon l'. Si nou kapab fè sa, m'ap bannou anpil rekonsan epi m'ap onore nou devan tout moun. Men si nou pa kapab fè sa, nou tout ap mouri, epi m'ap detwi tout sa nou genyen. Di m' rèv mwen te fè a kounyea."

Konseye l' yo te gen pwoblèm avèk sa. Yo te di l' yon dezyèm fwa: "tanpri souple, di nou rèv la epi nou va ba ou eksplikasyon l'."

Nebikadneza vîn pi enpasyon, li te di yo: "n'ap bat pou nou fè tan pase. Nou te tande sa m' te di. Si mwen di nou rèv mwen an, nou pral fè yon bagay sèlman pou nou fè m' plezi. Sèl fason pou m' konnen ke entèpretasyon an kòrèk, se si nou kapab di m' rèv la."

Lè sa a, Konseye l' yo te di l': "okenn wa pa janm mande konseye l' yo pou yo fè bagay konsa. Sèl dye yo konnen sa moun reve, lè y ap dòmi."

Nebikadneza te vîn fache. Li te bay yon dekrè kote l' te bay lòd tiye tout konseye yo. Sòlda yo te kòmanse arete yo. Danyèl te tande sa epi lamenn, li te voye yon mesaj bay wa a: "ban m' yon ti tan, epi m'ap ba w rèv ou a avèk entèpretasyon l'."

Bondye te montre Danyèl rèv wa a avèk entèpretasyon l'. Konsa, Danyèl te al kote wa a. Nebikadneza te gade l', li te di: "Èske vrèman ou kapab ban m' rèv la avèk eksplikasyon l'?"

Danyèl te byen kontwole repons li an, li te di: "okenn moun pa kapab fè sa w mande a, men gen yon Bondye nan syèl la ki te montre m' sa w te reve a, pandan w t'ap dòmi."

"Li te ba w yon vizyon sou sa k' pra l' rive nan lemonn nan tan k'ap vini yo. Ou te wè yon gran estati nan rèv ou a. Tèt li te fèt avèk lò, bra li yo avèk lestomak li te fèt an ajan, vant li avèk kwis li te fèt an bronz. Janm li yo te fèt an fè epi pye l' yo se te yon melanj fè avèk jil. Sibitman, yon wòch te dekole sòti nan yon mòn, men ou pa t' kapab wè men ki te dekole l' la. Wòch sa a te fwape pye estati a epi tout estati a te detwi nèt. Tout estati a te tounen pousyè epi yon van te soufle li te ale avèk pousyè a nèt, san l' pa t' kite tras. Pandan w t'ap gade, wòch la te vîn tounen yon gwo mòn, ki te kouvri tout latè."

Se rèv sa a w te fè. Kounyea, men entèpretasyon rèv la. Bondye te fè w tèt lò a, aprè oumenm, yon lòt wa va tabli, li p'ap gen menm fòs avèk wayòm ou an.

Après sa va gen yon twazyèm ki va fèt an bwonz ki va gouvène lemonn. Katriyèm nan va fò tankou fè, li va kraze tout sa l' jwenn sou wout li. Wayòm sa a pra l' divize an de pati menm jan avèk de janm estati a. Dènye wayòm nan pral divize tou an de pye avèk dis zòtèy. Li va gen fòs fè, men li fa fèb menm jan avèk tè ajil.

"Wòch la ki woule sòti nan syèl san okenn men pa t' manyen l' lan, pale de wayòm Bondye a ki va etabli san men lòm pa mele nan sa. Bondye va detwi tout wayòm lemonn yo, men wayòm li an ap la etènèlman."

"O wa, Bondye te montre w sa k'ap vini nan tan fiti yo, nan rèv ou a, sa va fèt jan rèv la te di l' la."

Nebikadneza te tonbe fas atè. Li te di: "Bondye w la se Bondye! Li se Senyè a!"

Après sa, Nebikadneza te mete Danyèl yon gwo chèf nan wayòm li an.

165 - Yon fou chaje dife
Danyèl 3

Nebikadneza te fè yon estati an ò. Li te gen 90 pye wotè e 9 pye lajè. Aprè sa, li rasanble tout chèf yo ki nan wayòm li an. Yo te vini epi yo te kanpe devan estati a.

Yon mesajè te fè deklarasyon sa a: "Lè nou tande òkès la ap jwe, se pou nou tonbe atè epi adore estati lò a ke wa Nebikadneza te fè a. Si nou pa fè sa lamenn, yo va jete nou nan fou a ki plen avèk dife a. " kon òkès la te kòmanse jwe, foul la te tonbe atè devan estati a.

Okazyon sa a te bay kèk ofisyèl yon lide. Yo te panse se te yon chans pou yo te elimine kèk Jwif ki te nan mitan yo.

Yo te di wa a: "Lòd ou te bay la te klè. Kon òkès la ap jwe, tout moun fèt pou yo tonbe atè epi adore estati a. Ou te di nenpòt moun ki pa fè sa, yo va voye yo nan fou ki plen avèk dife a. Genyen twa Jwif ki pa okipe w, poutan yo se gwo chèf nan wayòm nan. Non yo se Chadrak, Mechak avèk Abèdnego. Yo pa adore dye w yo, ni yo pa adore estati lò w la. "

Nebikadneza te fache. Li te voye chèche twa jwif yo, epi li te fè yo kanpe devan l': "mwen aprann nou pa sèvi dye m' yo epi nou pa adore estati lò mwen an. Mwen vle wè si se vre. Okès la pral jwe, nou dwe tonbe atè epi adore estati lò mwen an. Si nou pa fè sa, yo va jete nou nan fou ki plen dife a. Pa gen okenn dye ki kapab sove nou anba men mwen."

Twa mesye yo pa t'pran tan pou yo te reponn wa a. yo te di: "nou p, ap janm diskite avè w, men tanpri konprann sa byen. Bondye nou an kapab delivre nou, nan fou ki plen avèk dife a. Li kapab delivre nou fasilman anba men w, men si l' pa fè sa, konnen sa byen, nou p'ap adore estati lò ou fè a."

Nebikadneza te tèlman move, vizaj li te plen avèk raj. Li te rele sòlda l'yo, li te di: "chofe sèt fwa plis! Mare mesye sa yo epi voye yo ladann. "

Sibitman wa a te sezi dapre sa l' te wè. Li te kanpe, li te rele epi li te di: "Èske se pa twa moun nou te voye nan dife a?"

"Wi mon wa. Nou te voye twa moun ladann."

"Men gade! Mwen wè kat moun ladann. Dife a pa fè yo anyen, epi yo pa mare. Y'ap mache ladann libman. Epi gade! Katryèm moun nan sanble avèk yon dye. "

Nebikadneza te pwoche pi pre fou a, epi li te rele, li te di: "Chadrak, Mechak, Abèdnego, sèvitè Bondye trè wo a. tanpri sòti deyò!"

Twa mesye yo te sòti nan dife a, yo te vèn deyò. Tout moun te sanble bò kote yo epi yo te wè mesye yo pa t' gen okenn pwoblèm avèk dife a. Menm sant lafimen yo pa t' gen sou yo.

Aprè sa, Nebikadneza te bay yon dekrè kote l' te di: "mwen loure Bondye Chadrak, Bondye Chadrak, Mechak avèk Abèdnego a. Yo te preferè mouri pase pou yo te adore okenn lòt dye ke Bondye yo a. Se poutèt sa, li te voye anj li, pou vèn delivre yo. Okenn moun pa gen dwa pale mal kont Bondye Chadrak, Mechak avèk Abèdnego a. Nenpòt moun ki fè sa, y'ap tiye l' epi y'ap fè kay li tounen yon pil fatra.

166 - Li tounen yon bèt sovaj

Danyèl 4

Pandan yon jou lannwit, Nebikadneza te fè yon rèv ki te fè l' pè anpil. Li te rele tout konseye l' yo toudswit avèk tout divinò yo tou. Li te rakonte yo rèv la, men yo pa t' kapab konprann li.

Alafen, li te rele Danyèl, epi li te di: "mwen konnen gen Lespri dye yo nan ou. Ou gen repons pou tout mistè yo. Mwen fè yon rèv terib yèswa, e pèsòn pa kapab entèprete l' pou mwen. M'ap di w li, pou w kapab eksplike m' li."

"Mwen te wè yon pye bwa nan mitan latè. Li te wo epi fò. Tout moun kapab jwenn kantite fwi yo bezwen ladann. Bèt yo jwenn lonbraj anba l'epi zwazo yo rete nan branch li. Mwen t'ap gade pye bwa a, pandan yon mesaj desann sòti nan syèl la, li te rele byen fò epi li te di: "koupe pye sa a! koupe branch li yo, souke fèy li yo epi gaye fwi li yo. Se pou bèt yo kouri sòti anba l' epi pou zwazo yo kouri kite branch yo. Men fè atansyon! Kite dèyè pye bwa a avèk rasin li yo nan tè a toujou. Pwoteje l' avèk chèn an fè e an bwonz.

"kounyea, kite l' pou kont li pou sèt lane. Li va gen yon kè bèt epi li va manje zèb tankou bèt yo. Chak maten li va kouvri avèk lawoze. Li va rete konsa, jouk li va rekonèt ke Bondye trè wo a domine sou gouvènman lèzòm yo, epi li bay nenpòt moun li vle li, epi li pran moun ki pi ba a, li fè l' monte.

"Danyèl, se rèv sa a mwen te fè. Se oumenm sèl ki kapab eksplike m' li."

Danyèl te rete san di anyen, kè l' te fè l' mal pou wa a..

Nebikadneza te di l': "Danyèl, ou pa bezwen pè. Di m' sèlman sa l' vle di."

"O, mon wa, mwen ta vle eksplikasyon an ta pou lènmi w yo. Se oumenm ki pye bwa a, ki wo epi fò a.

Ou bon pou tout moun nan tout sans. Mesaje a ki te desann sot nan syèl la te fè yon jijman sou ou.

"yo pral separe w avèk moun. Ou pral viv tankou bèt nan bwa. Ou pral manje zèb. Ou pral dòmi deyò pou lawoze bat ou. Ou va rete nan eta sa a panda sèt lane jouk ou va rekonèt ke se Bondye ki nan syèl la ki mete chèf, ki wete chèf. Li bay moun li vle pouvwa."

"Anj lan di pou yo kite dèyè pye bwa a avèk rasin yo nan tè a. Sa vle di wayòm nan va tann ou, jouk ou rekonèt se Bondye ki mete chèf, ki wete chèf.

Se poutèt sa mon wa, koute konsèy ma'p ba ou: "fè sa ki dwat devan Bondye, pou w kouvri peche w yo. Se pou w jis. Gen pitye pou malere yo. Petèt Bondye va gen pitye pou ou."

En an pita, Nebikadneza t'ap pwonmennen sou teras palè a nan Babilòn. Sibitman, li te kanpe, epi li te di: "gade jan vil Babilòn nan vèn gran non! Epi se mwen menm ki te bati l'. Mwen te bati l', paske mwen pwisan. Wayòm sa montre gran pouvwa mwen genyen!"

Pandan l' t'ap di pawòl sa yo, yon vwa ki te sòti nan syèl la te di l': "Wa Nebikadneza, mwen wete wayòm lan nan men w. Yo va mete w deyò nan mitan moun, epi ou va viv nan mitan bèt yo. Ou va manje zèb pandan sèt lane, ou va rete konsa jouk ou rekonèt se Bondye ki mete epi ki retire chèf, li bay moun li vle pouvwa.

Nan yon ti moman wa a te malad. Finalman, yo te fòse l' sòti nan palè a epi lit e ale nan bwa. Li te manje zèb kòm manje. Cheve l' te pouse tankou plim Èg, epi zong li te pouse tankou zong zwazo yo. Lawouze te kouvri l' chak swa.

Lè sèt lane yo te pase, li te leve zye l' nan syèl la, li te retounen gen bon sans ankò, li te di: "Mwen di Bondye nan syèl la mès. Mwen fè louranj pou Bondye k'ap viv tout tan an epi k'ap domine pou tout tan an. Li fè sa l' vle, pèsòn pa kapab kenbe tèt avè l'.

Bondye te voye chèf ki t'ap gouvène avè l'avèk konseye l' yo al chèche l'. Lè yo te wè li te vèn nòm, yo te remete l' wa ankò. Dpi lè l' te retounen alatèt wayòm nan, li te toujou ap di: "m'ap fè fèt pou wa ki nan syèl la, m'ap fè louranj pou li, m'ap di jan l' gen pouvwa.

167 - Men K'ap ekri sou mi an

Danyèl 5

Wa Bèlchaza se te pitit pitit Nebikadneza. Li te deside òganize yon fèt pou mil gwo chèf nan wayòm li an. Li te voye chèche tas an ò yo lame Babilòn nan te pran nan tanp Bondye a nan Jerizalèm nan. Yo te sèvi avèk yo pou yo te bwè an lonè bann idòl Babilòn yo.

Sibitman, dwèt yon men moun te parèt pre miray la ki te byen klere pa yon chandelye. Pandan Bèlchaza t'ap gade, dwèt yo te kòmanse ekri sou miray la. Sa te tèlman fè wa a sezi, li t'ap tranble tèlman l' te pè.

Lè men an te fin ekri, li te disparèt. Bèlchaza te li mo yo sou mi an, men l' pa t' konnen sa yo te vle di. Li te voye chèche konseye l' yo, epi li te di: "si yon moun kapab entèprete sa mo sa yo vle di, m'ap ba l' anpil richès epi m'ap ba li twazyèm plas nan wayòm lan."

Li te gade ekriti a, men l' pa t' kapab konprann sa l' te vle di. Sa te fè Bèlchaza pè anpil.

Rèn mè a te di: "ou pa bezwen pè. Genyen yon konseye ou pa t' rele. Non li se Danyèl, li se yon moun ki ranpli avèk lespri dye yo. Gran papa w te toujou rele l' nenpòt lè l' te gen pwoblèm lè l' pa t' kapab rezoud yo. Li va di w sa sa vle di."

Bèlchaza te voye rele Danyèl, epi li te di l': "mwenn konnen ou gen lespri dye yo nan ou. Si w kapab di m' sa sa vle di, m'ap ba ou anpil richès epi m'ap ba ou twazyèm plas nan wayòm nan."

"Bondye trè wo a te bay Nebikadneza wayòm sa a, epi li te fè l' moun ki pi pwisan sou latè. Li te desann tèt li devan Bondye, li te rekonèt se li ki te chèf sou tout bagay.

"Ou konn sa, men ou ògeye epi ou defye Senyè Bondye a. Ou sèvi avèk tas an ò yo ki te sòti nan tanp Bondye a, pou w fè louranj pou fo Dye yo. Ou moke Bondye a ki kenbe lavi w nan men l' lan. Se poutèt sa, li voye mesaj sa a pou ou: "konte, konte, peze, divize."

Men entèpretasyon an:

Konte = Bondye te konte jou wayòm ou an. Tan w lan fini.

Peze = Li te

peze w nan balans pou l' te wè pwa w, ou te parèt lejè.

Divize = Wayòm nan pa

pou ou ankò. Li va divize ant Mèd yo avèk pès yo."

Lamenm, Bèlchatsa te rele sèvitè l' yo, epi li te di yo mete bon jan rad sou Danyèl avèk bijou ki koute chè bò nen l'. Li te deklare Danyèl kòm twazyèm pi gwo chèf nan peyi Babilòn.

Menm nwit sa, lame Mèd yo avèk Pèz yo te antre nan vil la, yo te tiye Bèlchaza, epi yo te pran wayòm nan. Danyèl te tounen yon konseye respekte nan lakou wayal Pès la.

Kèk lane pita, Danyèl t'ap li jan Jeremi te di lavil Jerizalèm nan t'ap detwi pou 70 lane. Danyèl te priye Bondye, li te mande l sa k' t'ap rive aprè sa. Bondye te voye yon anj kote l' pou l' te eksplike l' sak t'apral pase.

Anj lan te di: "yon lòd te bay pou yo rebati Jerizalèm. Lòd sa a va kòmanse nan kòmansman yon peryòd espesyal de 490 lane pou pèp ou a. Aprè 483 lane, Mesi a va vini. Yo va tiye l', epi yo va detwi Jerizalèm ankò. Sèt dènye lane yo va kòmanse lè yon chèf mechan va fè yon alyans pou lapè avèk Izrayèl pou 7 lane.

Lè Bondye te di Danyèl sa, li te montre sa k' te va rive avan li tabli wayòm li a sou latè.

168 - Fòs Lyon yo

Danyèl 6

Lè Dariyis te vèn wa, li te mete yon gwo chèf alatèt yonn nan chak 120 pwovens yo. Après sa, li te chwazi twa administratè, pou yo sipèviz 120 gwo chèf sa yo.

Danyèl se te yonn nan twa administratè sa yo, e se limenm ki te pi enpòtan pami yo. Wa a t'apral ba l' ototrite sou tout wayòm nan.

Lòt gro chèf yo avèk de lòt administratè yo p'at vle sa rive fèt. Yo te deside pou yo fè wa a wè Danyèl mal. Yo t'ap chèche yon pwen fèb nan lavi l' oubyen yon erè nan travay li t'ap fè, pou gouvènman an. Yo p'at kapab jwenn anyen. Finalman, yo te di: "gen yon sèl fason nou kapab reyisi nan sa. Nou dwe jwenn yon bagay nan lwa Bondye l' la."

Finalman, yo te jwenn sa yo t'ap chèche a. Konsa, yo te fè yon plan. Yo te ale kote wa a, yo te di l': "O wa Dariyis, viv etènèlman! Gwo chèf yo avèk administratè yo te fè yon antant antre yo, sou yon fason pou yo te onore. Avèk pèmasyon w, nou vle pou tout moun onore w pandan 30 jou. N'ap fè yon lwa ki di okenn moun pa gen dwa adore okenn lòt dye, pou yo adore oumenm sèl, pandan tan sa a. Nou vle pou w siyen l' kòm yon lwa Mèd avèk Pès yo, ki pa kapab chanje. Nenpòt moun ki dezobeyi lwa sa a, y'ap voye l' nan yon twou lyon." Dariyis te kontan avèk onè sa a, se poutèt sa li te siyen lwa a.

Danyèl te tande sa après l' te fin fèt. Jouk kounyea, li toujou kontinye adore bondye jan l' te konn fè sa. Twa fwa pa jou, li te ale lakay li. Li te louvri fenèt yo ki nan direksyon Jerizalèm nan. La, li te mete ajenou, li priye, li di Bondye mèsi. Se sa menm mesye yo te konnen l' t'ap fè.

Lamenm yo te kouri ale kote wa a, epi yo te di: "Èske w pa t' siyen yon lwa ki te di pandan 30 jou okenn moun pa gen dwa adore okenn lòt dye sòf oumenm? Eitou èske l' pa t' di nenpòt moun ki ta dezobeyi l' yo ta voye l' nan trou lyon yo."

Li te di: "men wi, mwen te fè yon lwa daprè Mèd yo avèk Pès yo ki pa kapab chanje."

"O wa, sa fè nou tris pou nou di w ke Danyèl, yonn nan depòte Jwif yo, dezobeyi lwa sa a. Li mete ajenou, li adore Dye l' la twa fwa pa jou."

Dariyis te boulvèse lè l' te tande sa. Li te fè sa l' konnen pou l' te dwe jwenn yon mwayen pou l' delivre Danyèl. Li te pase tout jounen an ap chèche mwayen pou l' te fè sa, men l' pa t' kapab fè sa. Alafen, mesye yo te vini epi yo te di: "ou konnen byen lalwa Mèd yo avèk Pès yo pa kapab chanje."

Se konsa wa a te bay lòd pou yo te al chèche Danyèl. Wa a te pale avè l' yon moman avan yo te voye l' nan twou lyon yo, li te di l': "O, se pou Bondye w la w'ap sèvi fidèlman an delivre w anba lyon yo."

Yo te voye Danyèl nan twou lyon yo, après sa, yo te mete yon wòch sou bouch li. Wa a te mete so li a sou li, konsa okenn moun pa t' ka vèn sove Danyèl. Li te retounen nan palè l', epi li pa t' manje ni bwè, li pa t' pran okenn lòt plezi. Li pa t' kapab dòmi pandan tout lanwit lan.

Finalman, lè l' te jou, li te kouri ale nan twou lyon yo. Kon, yo te retire wòch la, li te rele, li te di:

"Danyèl, sèvitè Bondye vivan an. Èske Bondye w la te kapab delivre w anba lyon yo?"

Danyèl te reponn: "Mon wa, Bondye m nan te voye anj li an, ki te fèmen bouch lyon yo. Mwen pa t' blese okenn kote. Bondye konnen mwen inosan. Oumenm tou mon wa, ou konnen mwen pa fè anyen ki mal."

Wa a te bay lòd pou yo te mete Danyèl deyò nan twou lyon yo. Après sa, Dariyis te di gad yo: "al chèche mesye sa yo ki te fè konplo kont Danyèl la. Pran madanm yo avèk pitit yo tou. Voye tout nan twou lyon yo."

Yo te mennen tout mesye yo avèk tout famiy yo epi yo te voye yo nan twou lyon yo. Lyon yo t'ap tann yo depi anlè epi yo te dechire yo depi avan yo te rive anba.

Wa Dariyis te fè yon dekrè, li te voye l' nan tout wayòm nan. Li te di: "tout moun fèt pou yo gen krentif pou Bondye Danyèl la, paske li se yon Bondye ki vivan. Wayòm li an la pou tout tan. Li kapab delivre moun yo k'ap sèvi l' la.

169 - Rekonstriksyon Tanp la

2Kwonik 36: 21-23; Esdras 1-6, Aje 1-2

Jeremi te di ke pèp Jida a ta va pase 70 lane nan kaptivite. Lè tan sa a te fini, wa peyi Pès la te di:

“Letènèl te di m, pou m’ voye pèp li a tounen Jerizalèm pou yo rebati tanp yo a. Se poutèt sa, yo lib pou yo ale, pou yo rebati kay Bondye a.”

Wa a te bay lò avèk lajan pou pwojè sa a, epi li te remèt veso yo yo te pran nan tanp lan, lè yo te detwi Jerizalèm nan. Li te bay lajan pou yo achte sèd, ki sòti nan peyi Liban yo, pou yo te kapab kouvri andedan tanp lan. Li te menm bay twoupo bèt, pou pèp la te fè sakrifis pou Bondye. Bondye te chofe kè pèp li a. Anpil nan yo te aksèpte defi a, pou yo te ale nan peyi Jida, pou yo te fè travay Bondye a. Kèk nan yo ki pa t’ kapab ale yomenm, te bay lajan avèk pwovizyon pou sa.

Lè moun yo te rive, yo te fè sakrifis pou Bondye nan anplasman tanp lan. Pèp la te kriye tèlman yo te kontan, epi aprè sa yo te kòmanse bati tanp lan.

Moun yo ki t’ap viv nan peyi a t’ap kreye pwoblèm, paske Jwif yo te retounen. Yo t’ap chèch kanpe pwojè a, men yo pa t’ kapab. Finalman, yon nouvo wa t’ap dirije peyi Pès. Yo te voye yon mesaj ba li, epi yo te eksplike nouvo yo konsènan nouvo tanp lan. Yo te konvenk li pou l’ te kanpe konstriksyon an.

Jwif yo ki t’ap travay nan batisman tanp lan pa t’ gen lòt bagay yo te kapab fè ke kanpe travay la epi rete tann jouk lè sitiyasyon an chanje. Sa te bayo yon chans pou yo te bati pwòp kay pa yo. San pran tan, yon fanmiy aprè lòt te bati kay yo avèk sèd. Pwobableman, depo bwa sèd yo ki te sòti nan peyi Liban an t’ap fini. Yo te konnen yo pa t’ kapab ranplase l’. Se poutèt sa, nenpòt lè yon moun te pale de rebati tanp lan, moun yo te di: “se pa yon bon moman pou yo ehati tanp lan.”

Pwofèt Aje te di pèp la: “mwen resevwa yon mesaj ki sòti nan Bondye!” kalkile byen sa k’ap rive nou la a. N’ap plede di se poko lè pou yo bati kay Senyè a. kijan nou fè pa wont rete nan gwo kay nou byen alèz, epi nou kite kay Bondye a tou kraze? Kalkile byen sou sa k’ap rive nou la a.”

Aje t’ap di yo ke Bondye retire benediksyon l’ yo nan lavi yo. Nou plante anpil, men nou rekòlte tikras. Nou manje, men nou toujou grangou. Nou bwè, men nou toujou swaf. Nou abiye, men nou pa cho. Nou gen lajan, epi nou te mete nan bous nou, san n’ pa konnen ke bous la te gen twou ladann. Kalkile sa k’ ap pase nou la a.

Pèp la te tandè, men yo te konnen ke pa t’ gen sèd pou yo te fini tanp lan. Aje te di: “Bondye di nou ale nan mòn yo, al koupe bwa, epi bati tanp lan avèk yo. Li di l’ap kontan avèk sa nou bati a, epi li va jwenn glwa ladann.” Se konsa moun yo te obeyi epi yo te ale nan mòn yo, epi yo te jwenn bwa pou yo te ranplase sèd yo ki te manke a. Aprè sa, yo te prepare pou yo te rekòmanse pwojè a.

Antretan, yon lòt wa te pran pouvwa a nan peyi Pès. Wa sa a te bay lòd sa a: “nenpòt moun ki pa vle tanp lan rebati va kondane a mò!” Avèk dekrè sa, moun yo ki t’ap viv alantou Jerizalèm yo pa t’ kapab bloke konstriksyon tanp lan ankò. Okontrè, yo te resevwa lòd pou yo te bay pwovizyon pou yo fin bati l’.

Pèp la te travay avèk anpil kontantman. Aje te vini avèk yon lòt mesaj ki te soti nan Bondye: “mwen kontan paske nou obeyi mwen! Gade m’ap fè pwovizyon pou nou. Nou pa plante semans nou an, jaden rezen nou an poko donnè, epitou pye fwi nou yo poko fleri. Men jouk kounyea n’ap rekòlte benediksyon mwen yo avèk pwovizyon’m yo.”

Pifò nan moun yo te kontan lè yo te wè tanp lan prèske fin bati, men kèk nan ansyen moun yo te di: “nou sonje tanp Salomon an. Li te bèl anpil! Tanp sa a pitit epi li pa bèl tèlman.” Moun yo ki t’ap bati l’ la te dekouraje.

Aje te vini avèk yon lòt mesaj: “kimoun ki sonje tanp Salomon te bati a? Kijan nou wè l’ kounyea? Pran kouraj. Tanp sa a pral pi bèl anpil pase sa nou kapab panse. Mwen pral souke tout nasyon yo, epi lemond antye pral fikse atansyon yo sou li. Tout nasyon va vle vini la epi mwen va plen tanp lan avèk glwa mwen. Pran kouraj epi kite zye nou fikse sou travay n’ap fè kounyea. Mwen avèk nou jan m’ toujou fè sa a.”

Konsa, pèp la te ankouraje... epi yo te travay ... epi yo te fin bati tanp lan.

170 - Esdras

Esdras 1-10

Esdras se te yon eskrib. Se poutèt sa, li te deside ale nan nouvo tanp lan, nan Jerizalèm, pou l' te kapab anseye pèp la.

Wa peyi Pès la te ba limenm avèk èd li yo lèt pou yo te ale Jerizalèm. Wa a te voye yon kantite lò avèk lajan.

Esdras te resvwa otorizasyon pou l' te chwazi de jij ki te konn Lalwa Bondye yo. Yo te di l' ke wayòm peyi Pès la va pini tout moun ki dezobeyi lwa sa yo.

Anpil moun te deside pou yo ale volontèman avèk Esdras, yo te pran fanmiy yo pou yo retounen nan peyi Jida. Sibitman, yo te dekouvri ke pa t' gen levit nan gwoup la. Konsa Esdras te fè envitasayon pou levit ki te renmen ale volontèman avè l'. Plizyè levit te dakò ale volontèman.

Tout moun te konnen sòti nan peyi Pès pou rive nan peyi Jida, se te yon vwayaj danjere. Yo te genyen fanmiy yo avèk yo, byen yo, avèk anpil lò avèk lajan. Malgre sa, yo pa' t' gen sòlda ki te pou pwoteje yo. Esdras pa t' mande wa a sòlda, paske l' te di: "Bondye se pwotektè nou. Men fò li a sou moun k'ap sèvi l' yo."

Poutèt sa, gwoup la te priye e jene, pou yo mande Bondye pwoteksyon li. Yo te derape pou vwayaj yo a, e Bondye te pwoteje yo pandan vwayaj la. Pa t' gen okenn moun ki te tann pyèj pou yo nan wout la. Yo te rive byen Jerizalèm, epi yo te pote tout lò yo avèk ajan yo nan tanp lan.

Plizyè lidè te al jwenn Esdras pandan l' t'ap preparel' pou l'te anseye pèp la Lwa Bondye yo. Yo te di: "Anpil moun nan pèp nou an pa separe avèk moun yo ki pa Jwif yo ki rete nan peyi a. Yo marye avèk fanm ki sòti nan mitan moun sa yo, e fanm sa yo te pote koutim payèn yo, yo genyen yo avèk yo.."

Sa te fè Esdras mal, lè l' te tande sa. Li te chire rad li, li te ale nan tanp lan epi li te mete ajenou, li te louvri de bra l' yo devan Bondye, li te priye konsa: "nou refè menm bagay la ankò- menm jan avèk zansèt nou yo. Ou te depòte yo, paske yo te pran fanm etranje avèk adore idòl yo.

"Kounyea, ou fèk bannou yon ti moman, kote w pèmèt nou retounen isit la. Epi kisa nou fè? Nou marye avèk fanm etranje. O Dye, pa retire benediksyon w yo. Ou gen rezon pou w detwi nèt ti group moun sa yo k ap viv isit la."

Esdras te kontinye ap kriye, priye epi konfese peche yo. Pandan l' t'ap fè sa, lòt moun te vini, yo te chita, yo t'ap priye ansanm avè l'. Plis moun t'ap vini toujou jouk yon gwo foul moun te vèn rasanble la. Yo tout t'ap kriye epi konfese peche yo.

Alafen, pèp la te di: "nou konnen nou te fè mal, men gen espwa toujou. N'ap fè yon pwomès devan Bondye. N'ap voye fanm etranje yo avèk pitit yo ale. Men nou dwe ede nou, pou nou fè sa byen. Leve! Aji! Montre nou sa pou nou fè epi n'ap fè l'!"

Se konsa, Esdras te dakò pou l' te kontwole sa, epi pou l' te kapab asire l' ke sa te fèt byen. Tout pèp la te voye madanm etranje yo te genyen yo ale epi yo te vire do bay idòl yo. Aprè sa, yo te remèt tèt yo nèt bay Bondye.

171 - Rekonstriksyon Miray yo

Neyemi 1-13

Neyemi se te yon Jwif ki te sèvi avèk wa peyi Pès la. Yon jou, li te resevw nouvell ke pèp Jida a t'ap soufri. Sa te fè l' mal anil lè l' tandè miray Jerizalèm yo te kraze. Li te kòmanse kriye epi li te chagren pandan anpil tan. Li te priye epi li te mande Bondye pou l'ede pèp li a.

Wa a te wè ke Neyemi te tris, se konsa, Neyemi te pale avèk wa a, konsènan sitiyaasyon an nan Jerizalèm. Wa a te mande l': "kòman mwen kapab ede nan ka sa a?"

"Tanpri, voye m' Jerizalèm epi ban m' pèmisyon pou m' rebati miray yo."

"Ou mèt ale, mwen va ba ou lèt pou w vwayaje an sekirite."

Lè l' te rive Jerizalèm, li pa t' di moun yo poukisa l' te vini. Li pran twa jou pito pou l' te wè avèk pwòp zye l' kòman sitiyaasyon an te ye. Alafen, li te fè yon reyinyon avèk lidè yo, kote l' te eksplike yo kòman wa peyi Pès la te ba l' pèmisyon pou l' te Rebati miray vil la.

Lidè yo te dakò epi yo te anganje tèt yo nan pwojè a. yo te deside pou chak lidè chwazi yon seksyon nan miray la pou l' te responsab. Lamenn, yo te òganize fanmiy yo pou yo te kòmanse.

Moun ki pa t' Jwif yo ki t'ap viv nan zòn nan te fache, lè yo te wè sa k' t'ap pase a. Yo te ri epi yo t'ap pase yo nan jwèt: " moun sa yo twò fèb pou yo rebati vil yo a. A! Mwen kapab wè sa kounyea. Y'ap bati yon seksyon nan miray la, nenpòt lè yon ti rena vole sou li, l'ap kraze!"

Malgre sa, moun yo ki t'ap bati miray la te deside, yo t'ap travay byen vit. Avan lontan, mwatye nan miray la te déjà fèt, epi yo te kòmanse kole diferan seksyon yo. Sa te fè lènmi yo move anpil. Yo te reyalize ke yo te dwe fè yo kanpe avèk konstriksyon sa a. yo te fè menas pou yo atake moun yo ki t'ap fè travay la, san yo pa avèti yo epi tiye yo. yo te di: "n'ap fè kèlkeswa sa sa pran an pou nou fè miray sa kanpe."

La perèz te anvayi kè moun yo ki t'ap bati yo, se sa k' fè yo te mete sòlda veye lajounen tankou lannwit. Men Neyemi te di yo: "nou pa bezwen pè. Bondye pi fò pase lènmi nou yo. Prepare nou pou nou goumen. Goumen pou konsitwayen Jwif nou yo! Goumen pou pitit gason nou yo ak pitit fi nou yo. Goumen pou madanm nou avèk kay nou yo."

Travayè yo te mete yon sistèm avètisman pou sizanka ta gen yon atak nan nenpòt seksyon nan miray la. Ta gen moun prepare pou kouri ale nan zòn sa epi pou yo goumen.

Yo tout t'ap travay ansanm epi rapidman yo te fin bati miray la, san pòtay yo. Lènmi yo te deside ke sèl espwa yo te genyen pou yo kanpe pwojè a se tiye Neyemi. Pou yo fè sa, yo fèt pou yo fè'l al jwenn yo yon kote andeyò vil la. Se poutèt sa, yo te voye yon mesaj ba li pou'l al kontre yo nan yon ti vil ki tou pre a.

Neyemi te voye di yo: "m'ap fè yon gwo travay bò isit la. Si mwen kite l' pou m'al kote nou, travay la ap kanpe.

Yo te mande l' pou l' kontre avèk yo. Alafen, yo te voye yon mesaj: "Gen moun ki di w'ap fè yon miray, se pou w ka revòlte kont wayòm nan pou w ka fè yo mete w wa. Se sèlman si w pa vin kote nou, nou pral pale wa Pès la konènan revòlt ou a."

Neyemi pa t' okipe l' de menas yo a, li te kontinye travay la jouk miray la, avèk tout pòtay yo te fini. Sa te pran sèlman 52 jou pou projè a te fin reyalize. Alafen vil la te pwoteje.

Pèp la te kontan epi yo te chante louranj Bondye. Esdras te kanpe devan yo, li te li Lalwa Moyiz la pou tout moun te tandè. Pèp la te konsakre tèt li pou l' swiv kòmandman Bondye yo. Jwif yo ki t'ap viv nan vil nan anviwon an te deside ke yonn nan chak dis fanmiy te dwe al rete nan vil la. Bondye te fè gran bagay pou pèp Izrayèl la, ki te fè menm lènmi te yo sezi.

172 - Estè Vin Rèn

Estè 1- 5:8

Yon jou rènn peyi Pès la te fè wa a wont devan gwo chèf yo ki te nan lakou wayal la. Yo tout te dakò pou wa a te ranplase l' pa yon lòt. Se konsa, te gen yon dekrè ki te sòti, ki te envite tout bèl jèn fiy ki te vyèj yo, pou yo te vini nan palè a. Wa a te chwazi yon nouvèl rènn nan mitan yo.

Estè se te yon bèl jèn fiy, ki te elve pa gran kouzen l' Madoche. Li te ale nan palè a, poutèt bote l'avèk kalite l'. Men, kouzen l' lan te di l' pou l' pa t' di pèsòn li se Jwif. Pandan tan an t'ap pase, yo te chwazi l' pou l' te vinn nouvèl rènn nan. Yon ti tan aprè sa, de evenman te rive nan menm moman an. Pwemye a se te Madoche, ki te dekouvri yon konplo ki te fèt pou yo te tiye wa a. Li te fè konnen sa, epi konplo a te echwe. Bòn aksyon l' te fè a te anrejistre nan achiv ofisyèl wa a.

Dezyèm nan se te yon nonm ki te rele Aman ki te vinn okipe pi gwo plas nan gouvènman an aprè wa a. Depi lè sa a a kontinye, depi li t'ap pase tout moun te mete ajenou devan'l, sòf Madoche.

Lè Aman te wè sa, li te fache epi li te vle tiye Madoche. Men li te vle plis pase sa – li te vle detwi Jwif yo nèt.

Se poutèt sa, li te ale kote wa a, epi li te di l': "gen moun nan wayòm nan ki diferan de tout lòt yo. Yo p'ap obeyi lwa ou yo, paske yo gen pwòp lwa pa yo. Se pa bon pou w kite yo viv. Pèmèt mwen sèviw pandan m'ap detwi yo. Se yon onè pou mwen, pou mwen peye lajan sa ap koute a.

Wa a te kontan avèk volonte Aman, pou l' sèvi wayòm nan, poutèt sa li te ba l'ototrite pou l' detwi pèp Jwif la. Aman te fikse yon dat e aprè sa, li te voye yon mesaj. Mesaj la te di, yo fèt pou yo tiye tout Jwif yo nan dat sa a. Yo tout nèt konsène, mesye yo, medam yo, ni pitit yo. Yo va bay moun ki va tiye yo a sa yo posede.

Kon mesaj la te tradwi nan plizyè lang, yo te voye l' bay tout nasyon yo ki te nan wayòm nan. Jwif yo te pè epi yo te panike nan tout peyi a.

Estè te nan palè a, epi li pa t' konnen anyen konsènan dekrè a. San pran tan, li te tandè ke Madoche t'ap plere nan yon plas piblik. Li te voye yon sèvitè al mande l' sa k' ap mache mal. Madoche te rakonte sèvitè a tout bagay epi li te remèt li yon kopi nan dekrè a. li te di: "di rènn nan, li dwe pale avèk wa a epi mande l' pou l' gen pitye pou pèp li a."

Li te voye yon mesaj tounen ba l': "Pèsòn pa gen dwa al kote wa a san yon envitasyon. Moun ki fè sa ap kondane a mò sòf si l' lonje baton lò l' la ba li. Sa fè 30 jou depi li te voye chèche m'."

Madoche te voye yon mesaj tounen ba l': "pinga panse w'ap chape, jis paske w'ap viv nan palè a. Koute sa byen, si w pa ede, pèp ou a ap delivre pa lòt mwayen kèlkonk. Men w'ap mouri. Mwen kwè ou te antre nan wayòm nan pou yon tan konsa."

Li te voye yon nòt tounen bay Madoche, kote l' te di: "mande pèp ou a pou l' jene pandan twa jou. Yo pa dwe ni manje ni bwè anyen. Sèvitè m' yo avèk mwen n'ap fè menm jan an tou. Aprè sa mwen va ale epi kanpe devan wa a, menm si sa kont lalwa. Si m' mouri, mwen mouri."

Aprè twa jou, Estè te mete wòb wayal li sou li, epi li te kanpe nan lakou andedan an, kote wa a kapab wè l'etan l' sou twòn li an. Lè l' te leve zye l' li te gade, li te wè l'. Lamenm li te lonje baton lò a ba li. Estè te antre epi li te manyen pwent baton an.

Wa a te di l': "di m' sa w vle epi m'ap ba ou li."

Li te di: "si sa fè wa a plezi, mwen vle oumenm avèk Aman vini nan yon bankè mwen prepare."

Wa a te di: "m'ap fè sa. Aprè sa, li te di yon sòlda: kouri al chèche Aman! Mennen l'isit la. Nou pra l' nan yon bankè lakay rènn Estè.

173 - Estè Sove Pèp Jwif la

Estè 5: 9- 10:3

Wa a avèk Aman al patisipe nan bankè rèn Estè a. Aprè sa wa a te di l' : "mande m' sa'w vle a kounyea pou'm kapab ba ou li."

"O wa, si ou vle ban m' sa m'ap mande w la vre, tanpri souple vini avèk Aman ankò nan yon lòt bankè demen, si Dye vle. Mwen va fè w konnen demand mwen an lè sa a."

Aman te fyè lè l' te kite lakou wayal la jou sa a. li te resevwa envitasyon de fwa, pou l'ale nan bankè lakay rèn nan! Sibiman, kontantman l' lan vire an fache lè l' wè yon lòt fwa Madoche pa t' mete ajenou devan l'. Li te ansanm ak zanmi l' yo yè swa epi li t'ap di yo kòman Jwif sa te fè l' pèdi kontantman l' lan.

Yo te di l' prepare yon bwa ki gen 75 pye. Al kote wa a byen bonè, nan maten epi mande l' pou l' bay lòd pou yo tiye madoche. Pann li sou poto a kon w sòti epi konsa ou va jwi bankè rèn nan. "

Aman te voye chèche yon sèvitè epi li te ba l' lòd pou l' te prepare poto a.

Wa a pa t' kapab dòmi yèswa. Li te rele yon moun vin bò kabann li, ki t'ap li nan achiv ofisyèl li yo pou li. Sèvitè a te li kòman Madoche te sove lavi wa a lè l' te fè l' dekouvri yon konplo, kote yo t'apral tiye wa a. Wa a te mande: "ki rekonpans yo te ba nonm sa a pou sa l' te fè a?"

Sèvitè l' la te retounen gade achiv la, aprè sa li te di: "li pa t' resevwa rekonpans non, mon wa."

"Pa t' genyen anyen ki te fèt pou rekonpanse nonm sa a? Al nan lakou a epi gade si pa gen pèsòn la a. "

Sèvitè a te jwenn Aman ki t'ap tann pou l' wè wa a. Wa a te di: "mennen l' andedan an. " Avan Aman te pale, wa a te di: "kisa m' dwe fè pou yon nonm ke m' vle onore nan yon fason espesyal?"

Lamenm, Aman te panse de limenm. Li te di: "O mon wa. Ou kapab nonm sa a lè w mete wòb wayal ou a sou li, avèk kouwòn ou an sou tèt li. Mete l' sou cheval ou a epi voye pi gro chèf pami chèf ou yo al pwonmennen avè l' nan lari yo, pandan l'ap di: "se konsa wa a fè pou yon moun li vle onore!"

Wa a te kontan avèk sa. Li te di: "Ekselan ! Al chèche Madoche epi fè tout sa w sot di la pou li.

Atansyon, pinga bliye anyen.

Aman te kanpe la anba sezisman, men li te dwe fè tout sa l' te di wa pou yo fè pou moun wa a vle onore a. Li te mete wòb wayal la sou Madoche, li te mete kouwòn nan sou tèt li, li te mete l' sou cheval wayal la, epi li te mennen l'atravè vil la, pandan l' t'ap di: "se sa wa a fè pou yon moun li vle onore."

Lè tout bagay te fini, Aman te ale lakay li tou wont, men sa k' ap pi rès la ap tann li nan bankè lakay rèn nan. Konsa, li gen pou l' kouri pou l'ale la.

Après yo te fin manje, wa a te mande Estè: "di m' sa w vle a pou'm kapab fè'l pou ou."

"O wa, si sa fè w plezi pou'w ban mwen sa m ap mande w la, sove lavi m' e sove lavi pèp mwen an. Yon nonm fè yon konplo pou l' detwi tout ras mwen an."

Wa a te fache, li te di: "kimoun sa a e kote l'?"

Estè te lonje men l' sou Aman, li te di: "Lenmi nou an se nonm mechan sa a."

Aman te pè anpil. Li pa t' menm kapab pale. Wa a te gade l'epi li te fache. Li te leve epi li te fè yon ti mache nan jaden an pou l' te kapab panse.

Aman te kouri epi li te mete ajenou bò Estè pou l' mande rèn nan fè pa l'.

Wa te retounen nan sal la, epi li te wè Aman kouche bò rèn nan. Li te di: "Èske ou pra l' vyole rèn nan pandan m' kanpe la a?"

Menm lè l' te di sa a, sèvitè yo te kouri epi yo te mete yon vwal sou tèt Aman. Yonn nan yo te vire kote wa a li te di l' : "Aman te prepare yon poto pou l' te pann moun nan ki te sove lavi w la. "

Sa te fè wa a fache pi rès ankò. Li te lonje men l' sou Aman, li te di: "pann li sou li."

Lamenm, yo te mete Aman deyò epi yo te pann li sou po l' te prepare a. Aprè sa, wa a te mete Madoche nan plas li. Konsa, pèp Jwif la te sove anba dezas Aman te planifye pou li a. Madoche vèn pi gwo chèf nan gouvènman an aprè wa a.

174 - Sa Gabriyèl Te Anonse yo

Lik 1: 5-80

Zakari se te yon prèt ki t'ap sèvi Bondye. Limenm avèk madanm li Elizabèt pa t' gen pitit, e yo te déjà depase tan pou yo te fè pitit la.

Yon jou, yo te chwazi Zakari pou l' te antre nan tanp lan pou l' te brile lansan sou lotèl la. Pèp la t'ap tann deyò a, pandan yo t'ap priye. Sibitman, yon anj te parèt devan Zakari epi li te di l': "Zakari, Bondye te reponn priyè w yo. Elizabèt va fè yon pitit gason, epi ou va rele l' Jan. Li va fè kè w kontan. Li va gran devan Bondye epi li va prepare wout la pou Mesi a."

Zakari te sezi epi li te di: "kòman sa va fè posib? Nou twò vye pou nou fè timoun."

Anj lan te di: "non m' se Gabriyèl, mwen kanpe devan Bondye. Li te voye m' bannou bòn nouvèl sa a, epi ou pa kwè m'. Poutèt sa, ou p'ap kapab pale jouk sa m' di a fèt vre."

Moun ki t'ap tann deyò a te wè Zakari te rete twòp andedan an, yo t'ap mande tèt yo poukisa l' rete konsa?

Après anj lan te ale, Zakari te sòti deyò a, li te kanpe devan yo. Li t'ap eseye di yon bagay, men li pa t' kapab, yo te vèn konprann, li te gen yon vizyon.

Sakrifikatè a te ale lakay li, epi rapidman, Elizabèt t'ap tann yon timoun. Avèk kè kontan, li te kache kò l'.

Lè l'te gen sis mwa depi l' te ansent, menm anj lan ki te anonse l' t'ap ansent lan, te ale nan yon vil ki rele Nazarèt. Li te parèt devan yon jèn fi ki te rele Mari, ki te fyanse avèk yon nonm yo te rele Jozèf. Yo tou lè de se te desandan David.

Gabriyèl te di l': "Mari, Bondye beni w! Jèn fi a te sezi, li pa t' konnen sa pou l' te di. Anj lan te di l': "ou pa bezwen pè. Ou te jwenn favè devan Bondye. Ou va fè yon pitit gason. Ou va rele l' Jezi. Li va gran, epi wayòm li an pa'p janm fini." Mari te di: "kòman sa va kapab fèt? Mwen se yon vyèj." "Ou va ansent, lè Lesentespri va kouvri w. Se poutèt sa, timoun nan va rele pitit Bondye. Mari, tout bagay posib pou bondye. Menm kouzèn ou an, Elizabèt pral gen yon pitit nan vyeyès li."

Après sa, Mari te souke tèt li, li te di: "mwen se sèvant Bondye. Se pou sa fèt jan w te di l' la."

Après anj lan te ale, Mari te al vizite kouzin li an. Kon Elizabèt te tande vwa l', timoun nan te sote nan vant li, epi li te ranpli avèk Lesentespri li te di: "O Mari, ou beni pami tou fanm sou latè. Pitit sa a ou ansent lan beni. Kisa m' ye pou manman Senyè m' nan vèn vizite m?"

Mari te pase twa mwa avèk Elizabèt, pandan l' t'ap aprann epi resevwa ankourajman nan men l'. Après sa li te ale lakay li pou l' kontre fanmiy li.

Après Mari te ale, Elizabèt te fè yon pitit gason. Vwazen avèk paran yo te vèn rejwi avèk koup ansyen an. Yo te di: "n'ap rele timoun nan Zakari pou l' pote non papa l'." Elizabèt te di: "non! Non li se Jan. Pa gen okenn moun nan fanmiy lan ki rele Jan. An nou pale avèk Zakari sou sa." Zakari te ekri sou yon tablèt: "Se Jan ki non l'." Lamenm, li te kapab pale. Ann chante pou Senyè a, Bondye pèp Izrayèl la. Li voye sila li te pwomèt k'ap mennen nou tounen vèn jwenn Bondye a."

Li te pran pitit gason l' lan, li te di: "ou va yon pwofèt Bondye, ou va prepare wout la pou Mesi a. Li va pote pou nou padon peche avèk delivrans. Li va pote lapè pou nou.

175 - Nesans Jezi

Matye 1:18-25 ; Lik 2:1-38

Jozèf te vîn konnen Mari te ansent, lamem, aprè l' te retounen lakay li, lè l' te sot vizite Elizabèt la. Li te konnen se pa t' pou li, li te ansent. Men, kòm li se yon nonm jis, li pa t' vle fè yon eskandal piblik avèk sa. Men, li te deside senpman l'ap separe avèl san bri san kont.

Pandan li t'ap panse anpil sou sa, yon anj te parèt devan l' nan yon rèv, li te di l': "Jozèf, ou pa bezwen pè pran Mari pou madanm ou. Pitit li ansent lan sòti nan Lesentespri. Lè l' fèt, ou va rele l' Jezi. Li se Sovè a. Li va sove pèp li a anba peche l' yo." Jozèf pa t' pran tan, lamem li te pran Mari pou madanm li, men l' pa t' gen relasyon entim avè l' jiskaske pitit la te fèt.

Yo te rete Bètleyèm, yon kote nan zòn Nò peyi Izrayèl. Lèzekriti te déjà di Mesi a t'ap fèt nan Bètleyèm, ki toupre vil Jerizalèm. Nan tan sa a, gouvènman women an te deside fè yon gwo resansman, konsa, yon dekrè te mande tout moun pou y'al anrejistre nan vil kote zansèt yo te sòti a. Se poutèt sa, Jozèf avèk madanm li te dwe ale nan Bètleyèm.

San pran tan, aprè yo te rive la, lè pou Mari te akouche a te rive. Lamem aprè, ti bebe a te fèt, li te vlope l' epi l' te mete l' kouche yon kote yo te konn ba bèt manje, paske pa t' gen plas nan otèl la. Mesi a te fèt.

Pandan menm nwit sa a, bèje yo ki t'ap veye bèt yo nan jaden yo, te wè yon anj parèt devan yo sibatman, epi zòn nan te klere nèt avèk glwa Bondye. Bèje yo te pè anpil, men anj lan te di yo: "nou pa bezwen pè, mwen vîn pote yon bòn nouvèl pou nou!" Aprè sa li te lonje men l' nan direksyon vil ki nan vwazinay la. Aswè a, yon Sovè fèt pou nou nan Bètleyèm. Li se Mesi a. Ale la, n'ap wè ti bebe a ki vlope epi kouche nan yon kote yo konn ba bèt manje."

Sibatman, tout zòn nan te plen avèk anj ki t'ap fè louranj pou Bondye, yo t'ap di konsa: "Louranj pou Bondye ki anwo nan syèl la, kè poze pou latè." Aprè sa, yo te disparèt.

Lamem, bèje yo te fè sa anj lan te di yo a. yo te ale Bètleyèm epi yo te jwenn Mari, Jozèf avèk bebe a, menm jan anj lan te di yo sa a. yo te rakonte sa k' te pase, pandan lannwit lan, epi tout moun te sezi. Aprè sa, yo te tounen nan jaden yo, yo t'ap fè louranj pou Bondye pou tout sa yo te wè.

Karanteyen jou pita, lè a te rive pou Jozèf avèk Mari te mennen Jezi nan tanp lan, epi pou yo te ofri sakrifis bay Senyè a. konsa, yo tou lè twa te ale Jerizalèm.

Te gen yon nonm nan tanp lan yon nonm ki te rele Simeyon. Bondye te di l' li pa t'ap mouri san l' pa t'wè Kris la, sila Bondye te pwomèt la. Lesentespri te pouse Simeyon ale nan tanp lan jou sa a. li te wè Jozèf avèk Mari epi li te mande yo èske l' kapab pran bebe a nan men l'. Pandan l' t'ap gade figi Jezi, li te di: "O, Louranj pou Bondye." Pandan li t'ap gade syèl la, li te di: "Senyè ou mèt kite m' mouri avèk kè poze. Zye m' yo wè delivrans ou an. "

Yon fanm ki te rele Án te vin jwenn yo. Li te gen 84 lane. Li t'ap sèvi Bondye nan tanp lan tout tan, depi mari l' te mouri aprè sèt lane maryaj. Li te mande pou l' wè pitit la. Aprè sa, li te di tout moun: "sila Bondye te pwomèt la te vini!

Aprè sa, Jozèf te retounen avèk fnmiy li nan Bètleyèm.

176 - Kado pou Wa a

Matye 2

Lè Jezi te yon jèn timoun toujou, kèk moun te sòti nan zòn lès vîn vizite peyi Izrayèl. Rechèch yo te fè konnen va gen yon sovè wayal yon jou nan peyi Izrayèl. Yo te konn fè etid sou etwal, epi yo te wè sin ki te endike wa sa te fèt finalman. Yo te ale Jerizalèm epi yo te pale avèk Eròd, wa women yo te mete pou gouvènè peyi Izrayèl la. Yo te di: “kote wa Jwif yo ki fèk fèt la ye? Nou wè etwal li, epi nou vini pou nou adore l’. Ewòd, se te yon nonm mechan e kriyèl. Li te fache lè l’ te tandè nouvèl konsènan yon lòt wa ki te fèt nan wayòm li an. Men li te kenbe tèt li anplas, epi li te di mesye yo l’ap fè rechèch sou sa. Li te rele sakrifikatè yo avèk eskrib yo, li te mande yo: “ki kote Lèzekriti te di Mesi a ap fèt?” yo te reponn byen vit: “li va fèt nan Bètleyèm.” Ewòd te retounen al jwenn vizitè l’ yo, epi li te mande yo pou yo te pale plis de sin yo te wè nan syèl la, epitou kilè etwal wayal la te parèt egzakteman. “Mwen ta renmen ale adore l’ tou.”

Mesye yo te kontinye vwayaje, jouk yo te rive nan kay la menm, kote Jozèf, Mari avèk pitit la te rete a. yo te mete ajenou devan Jezi epi yo te adore l’, yo te fèl kado lò, lansan avèk lami. Bondye te avèti mesye yo pou yo pa t’ tounen kote Ewod. Konsa yo pa t’ pase Jerizalèm. Yo te retounen nan peyi yo pa yon lòt chemen. Nan menm nwit sa a,

Yon anj te parèt devan Jozèf, li te di l’: “reveye! Ewòd pral voye sòlda pou yo tiye timoun nan. Ale an Ejipt epi rete la jouk mwen di w retounen.” Se konsa, Jozèf te reveye pandan lanwit lan, li te ale ansanm avèk fanmiy li an Ejipt. Ewòd te fache lè l’ te wè mesye yo ki te sòti nan Lès la pa t’ fè sa li te mande yo a. li te voye sòlda nan Bètleyèm epi li te fè tiye tout tigason yo. Sila yo kite gen mwens ke dezan.

Kèk tan aprè, Ewòd te mouri. Anj Bondye a te di Jozèf: “ou mèt retounen nan peyi Izrayèl, kounyea.” Men li te deside ale avèk fanmiy li Nazarèt olye l’ te retounen Bètleyèm. Jezi te grandi epi li te vîn fò. Li te plen avèk sajès, epi gras Bondye te sou li.

177 - Lè Jezi Vin Gen Douzan

Lik 2: 40 -52

Lè Jezi te gen douz an, Jozèf avèk Mari te mennen l' Jerizalèm, pou yo fete fèt Pak la. Lè lè a te rive pou yo retounen lakay yo, Jezi te rete nan tanp lan, san paran l' yo pa t' konnen. Yo te fè yon jounen ap vwayaje, yo te panse l' te nan mitan foul moun yo ki t'ap vwayaje yo tou. Nan aswè, yo te dekouvri li pa t' la. Konsa yo te reounen Jerizalèm epi yo te chèche l', pandan twa jou. Finalman, yo te jwenn li nan lakou tanp lan, li te chita ansanm avèk doktè yo li t'ap tandè yo epi li t'ap poze yo kesyon.

Tout moun ki te tandè l' te sezi wè entelijans li avèk jan l' te reponn kesyon byen.

Manman l te kouri al kote l', epi li te di l': "pitit gason mwen, kòman w fè nou sa? Se pa de chèche nou chèche w." Jezi te di: "nou konnen byen mwen dwe okipe afè papa m." Men yo pa t' konprann sa l' t'ap di.

Jezi te retounen Nazarèt epi li te soumèt devan yo. Jezi t'ap devlope, li te vèn gen plis lespri toujou, epi tout moun ki te konnen l' te respekte l'. Benediksyon Bondye te toujou rete sou lavi li.

178 - Batèm avèk Tantasyon Jezi

Matye 3:1 -4:11; Mak 1:19:13; Lik 3:21- 4: 13; Jan 1: 19-34

Lè Jan te vèn yon nonm majè, Bondye te Mennen l' nan dezè a. li te abiye avèk rad ki te fèt avèk plim chamo epi li te manje krikèt avèk myèl sovaj. Li te preche ke moun yo dwe kite peche yo yo t'ap fè avèk tout sa yo t'ap fè ki mal yo. li te di yo: "pinga nou chita sou kesyon nou se pitit Abraram.

Bondye kapab fè pitit Abraram avèk wòch." Aprè sa, li te batize sila yo ki te vle viv pou Bondye yo. Kèk lidè relijye te mande l': "èske se oumenm ki mesi a?"

Li te di yo: "non, se pa mwen menm ki Kris la, yo voye m' pou m' kapab prepare chemen an pou li. L'ap vini aprè mwen. Mwen pa menm mérite pou m' delase soulye l'."

Nan demen, Jan t'ap batize nan Rivyè Jouden an, lè l' te wè Jezi ap vèn jwenn li. Jan te kriye bay foul la, li te di: "men ti mouton Bondye a k'ap wete peche moun sou latè a, li se pitit Bondye a." Jezi te antre nan dlo a epi li te mande Jan pou l' batize l'. Jan te di l': "non ! Se oumenm ki pou batize m'!"

Jezi te di l': "kite sa fèt. Bondye vle sa konsa."

Jan te batize Jezi devan tout moun. Pandan l' te nan dlo a, syèl la te louvri epi Lespri Bondye a te desann sou li tankou yon pijon. Aprè sa, yon vwa te di: "sa se pitit mwen renmen anpil la, li fè kè m' kontan anpil."

Après l' te fin batize, Lespri Bondye te mennen Jezi nan dezè a, pou satan te ka tante l'. Li te pase 40 jou, 40 nwit ap jene. Après sa, li te grangou.

Sibitman, tantatè a te vèn bò kote l', li te di l': "si w se pitit Bondye, fè wòch sa yo tounen pen, konsa, ou va jwenn bagay pou w manje." Jezi te di l': "Pawòl Bondye di: "lòm pa viv avèk pen sèlman, men avèk tout pawòl ki sòti nan bouch Bondye."

Après sa, Satan mennen l' Jerizalèm, li te mete l'anwo nan pwent tèt tan plan. Jezi te gade wòch yo ki lwen anba a. li te di Jezi: "si ou se pitit Bondye, lage tèt ou anba. Paske men sa ki ekri: "Bondye va bay zanj li yo lòd pou yo veye sou ou. Y'ap pote w nan men yo, pou w pa kase zòtèy pye w sou okenn wòch."

Jezi te di l': "wi, men Pawòl Bondye di tou, ou pa gen dwa tante Senyè a, Bondye w la."

Après sa, Satan te mennen Jezi ankò sou yon tèt mòn ki trè wo, li te montre l' tout peyi sou latè avèk tout richès yo. Li di l' konsa: "m'ap ba w tout bagay sa yo ou wè yo. Sèl sa ou gen pou w fè, se mete ajenou devan m'epi adore mwen."

Jezi te vire epi li gade l', li te di: "Ale Satan! Paske Pawòl Bondye di: se Bondye sèl pou moun adore epi se limenm sèl pou yo sèvi."

Après sa, Satan te kite l'. Après sa anj yo te sèvi Jezi.

179 - Dlo Chanje an Diven

Jan 1: 35- 2:11

Yon jou Jan te wè Jezi ap pase. Li te vire bò disip li yo, li te di: “gade! Men ti mouton Bondye a.”

Lamenm, 2 nan disip Jan yo te kòmanse swiv Jezi, epi yo te pase tout jounen an avè l'. Yonn nan yo, se 'te yon nonm yo te rele Andre. Li te ale kote frè l' la epi li te di l': “Simon, nou te jwenn Mesi a wi.”

Frè l' la te kriye, konsa li te al chèche wè poukont li. Kon Jezi te wè l', li te di: “ou rele Simon. Men depi kounyea yo va konnen w kòm Pyè.”

Nan demen Jezi te jwenn yon nonm ki te rele Filip, epi li te di l': “swiv mwen!”

Filip te ale epi li te jwenn zanmi l' Natanayèl, li te di l': “nou te jwenn sila a Moyiz avèk tout pwofèt yo te pale de li a. Non li se Jezi. Li sòti Nazarèt.”

Natanayèl te sezi, li te di: “Nazarèt! Èske gen yon bon bagay ki kapab sòti Nazarèt?”

Lè Jezi te wè Natanayèl ap vini, li te di: “sa se yon vrè Izrayelit - se yon nonm onèt, yon nonm ki pa gen riz nan li.” Sa te fè Natanayèl sezi ankò, li te di: “kijan ou fè konnen mwen?”

“A, mwen te wè w depi avan Filip te pale avè w la - lè w te anba pye figye a.”

Natanayèl te sezi yon twazyèm fwa. Se sa k fè l' te di: “ou se pitit Bondye a, wa pèp Izrayèl la tout bon vre.”

Jezi te di l': “Natanayèl, ou kwè paske m' te di mwen te wè w anba pye fig la. Ou va wè pi gwo bagay pase sa!”

Se te nan menm moman sa a Jezi avèk disip li yo te resevwa envitasyon pou yo te ale ansanm avèk manman l' nan yon nòs ki t'ap fèt nan Kana, nan peyi Galile. Pita nan jounen an, Mari te ale kote Jezi epi li te di l': “yo pa gen diven ankò non.”

Jezi te gade Mari epi li te di l': “poukisa w pote sitiasyon sa a ban mwen? Ou konn lè m poko rive.” Mari te vire bò sèvitè yo, li te di yo: “fè sa li di nou fè.”

Yo t'ap gade l' yo t'ap tann sa l' t'ap di. Li te wè sis gwo veso ki te kanpe bò la. Yo chak te kapab kenbe environ 20 galon dlo.

Jezi te di sèvitè yo: “plen veso sa yo dlo.” Yo te plen byen vit sis veso sa yo dlo rapidman ra bouch. Kon yo te fin fè sa, yo te gade Jezi. Li te di: “kounyea pran enpe pote bay moun k'ap dirije resepsyon.

Sèvitè yo te fè sa l' te di yo a. moun ki t'ap dirije resepsyon an pa t' konnen kote diven an te sòti. Konsa, li te goute l'. Sa te fè l' sezi, lè l' te wè l' pi bon pase tout lòt yo l' te sèvi avan nan jou sa a. li te vin kote mesye marye a epi li t di: “kote w te sere diven sa a? Odinèman yo toujou sèvi pi bon diven an avan epi aprè sa yo te sèvi sa k' mwen bon an. Ou te konsève pi bon an jouk kounyea.” Se te pwemye mirak Jezi te fè.

180 - Nouvèl Nesans lan

Jan 2: 13-3: 21 ; Nonm 21: 4 -9

Jezi te mennen disip li yo Jerizalèm pou yo fete fèt Pak la. Lè yo te rive la, li te wè mou nap chanje lajan nan tan plan epi y'ap vann bèty la pou yo fè sakrifis tou. Li te fè yon fwèt avèk kèk kòd epi li te mete bèt yo deyò nan tan plan. Li te jete tab lajan yo atè tou. Li te di moun ki t'ap vann pijon yo: "wete sa yo la. Nou fè kay papa m' nan tounen yon mache." Kèk nan lidè yo te mande l': "kimoun ki te ba w otorite pou w fè sa? Bannou yon sèn." Li te di yo: "kraze tanp sa a, epi nan twa jou m'ap rebati l'." Yo te sezi! Yo pa t' konprann ke l' t'ap pale de pwòp kò l'.

Te gen kèk lòt ki te sanble bò kote Jezi, pandan fèt Pak la, epi yo t'ap koute ansèyman li t'ap bay. Yo te kwè nan li, lè yo te wè mirak li te fè.

Nikodèm se te yon chèf Jwif epi se te yon farizyen tou. Li te al kote Jezi nan lannwit epi li te di l': "mèt, nou konnen w sòti nan Bondye, paske nou wè mirak ou te fè yo."

Jezi te pwofite de sa, li te di l': "koutè byen sa m'ap di. Si yon moun pa fèt yon dezyèm fwa, li pa kapab wè wayòm Bondye a." Nikodèm te sezi. Li te di: "sa pa posib. Kòman yon moun kapab fè retounen antre nan vant manman l'epi fèt ankò yon dezyèm fwa?" Jezi te eksplike l' sa sa vle di. Li te di l' pou yon moun ale nan syèl, fò l' fèt fizikman epi fòk li fèt espiyèlman tou. Si ou fèt sèlman fizikman, w'ap enterese nan bagay latè yo sèlman. Moun ki fèt espiyèlman enterese nan bagay espiyèl. Ou dwe fèt yon dezyèm fwa, ou pa bezwen sezi. Gen anpil bagay ou pa kapab wè avèk zye w. ou tandè epi santi van an, men ou pa kapab wè l'. Se konsa, sa ye avèk Lespri Bondye."

Nikodèm te sekwe tèt li, mwen pa konprann. Jezi te retounen chita epi li te gade l', li te di, ou se pwofesè an Izrayèl epi ou pa konprann bagay sa yo. Nan dezè a, pèp Izrayèl la t'ap plenyen kont Bondye. Li te voye yon seri sèpan nan mitan yo, epi anpil nan yo te mouri. Aprè sa, li te di Moyiz pou l' fè yon sèpan avèk eren, epi pou l' te mete l' sou yon poto. Moun ki te gade l' te geri. Lòt yo te mouri paske yo te refize gade l'. Se konsa sa ye tou avèk pitit lòm nan, yo va leve l'anlè, moun ki kwè nan li va genyen lavi ki p'ap janm fini an. Bondye tèlman renmen lemonn, li te voye sèl pitit li a pou l' sove lemonn epi pote lavi etènèl pou tout mmoun ki kwè yo. Kite m'eksplike sa avèk anpil swen pou w kapab konprann. Si w kwè nan pitit Bondye a, ou va gen lavi etènèl, si w pa kwè nan li ou va sibi jijman Bondye a.

181 - Fanm nan Pwi Jakòb la

Jan 4: 1- 42

Yon lè Jezi te ale Samari avèk disip li yo, pandan l' t'ap vwayaje sòti Jerizalèm pou l' te ale Galile. Sa pa t' nòm, paske Jwif yo pa t' gen okenn kontak avèk samariten yo. Bò midi konsa, yo te ale nan yon pwi ki te tou pre yon vil Samariten yo. Jezi te fatige, konsa li te chita la, pandan disip yo te al achte manje nan vil la. Yon fanm samariten te vinn chèche dlo nan pwi a, Jezi te di l': "tanpri souple fè m' kado enpe dlo pou m' bwè." Fanm lan te sezi, li te di: Jwif yo pa konn pale avèk Samariten yo. Bon, poukisa ou mande m' dlo pou w bwè pliske mwen se yon samariten?" Jezi te di l': "si w te konnen kilès mwen ye, ou ta mande m' pou m' ba ou dlo vivan an." Li te di: "mesye, pwi a fon, epi w pa gen so. Kòman w'ap fè jwenn dlo vivan an? Èske w pi gran pase Jakòb ki te fouye pwi sa a?"

Jezi te di l': "moun ki bwè nan pwi sa a va swaf ankò, men moun ki bwè dlo m'ap bay la, li p'ap janm swaf dlo ankò. Paske dlo m'ap bay la ap tounen yon sous dlo nan li k'ap ba l' lavi ki p'ap janm fini an."

Fanm nan te etone li te di: "O, tanpri souple, mesye ban m' dlo sa a, konsa, pou m' pa janm swaf ankò. Konsa mwen pa va bezwen tounnen nan pwi sa ankò."

Jezi te di l': "ale rele mari w, epi tounen vinn jwenn mwen isit la."

Fanm lan te di: "mwen pa gen mari." Jezi te di: "mwen konnen ou pa genyen. Ou te pase senk déjà e sila w'ap viv avè l' la pa mari w."

Li te vire gade dèyè rapidman, li te di: "O, mesye, mwen kapab di ou se yon pwofèt. Tanpri souple, rezoud pwoblèm sa a ki la depi nan tan lontan an. Noumenm samariten, nou di se sou mòn sa nou dwe adore Bondye, tandiske noumenm Jwif yo, nou di se Jerizalèm pou moun ale, pou yo al adore nan tanp lan. Kilès ki bon?"

"Madanm, koute sa byen. Tan an te vini kounyea, kote Bondye ap chèche moun k'ap adore l'an espri e an verite."

Li pa t' prèske konnen sa pou l' te di, men li te di: "mwen konnen yon jou Mesi a gen pou l' vini epi li va eksplike tout bagay sa yo."

Jezi te souri, li te di: "mwenmenm k'ap pale avè w la se Mesi a."

Fanm nan te kite kin dlo l' la, li te kouri retounen lavil la, nan menm moman disip yo te retounen avèk manje a. yo te sezi wè Jezi t'ap pale avè l', men pèsòn pa t' di anyen sou sa. Lè fanm lan te rive lavil la, li pale tout moun de Mesi a li te jwenn nan pwi a. Li te di yo: "vinn wè yon mesye ki te di m' tout sa mwen te fè nan lavi m'. Asireman li se Kris la. Moun yo te anvi wè, yo te ale pou yo te wè sa l' te di a. Men disip yo t'ap chèche fè Jezi manje manje a yo te pote pou li a, sòti lavil la. Li te di yo: "mwenn gen yon Manje pou m' manje, nou pa konnen."

Yo len te gade lòt, yo te di: "Èske yon moun te pote kèk bagay ba li pou l' manje?" Jezi te sekwe tèt li, li te di non! Manje mwen se pou m' fè sa Bondye vle. Nou panse nou toujou rete kat mwa pou rekòt la fèt. Li fikse zye l' sou moun yo ki t'ap sòti lavil la, pou yo vinn kote l' la, li te di: "gade bò la. Se lè pou nou rekòlte, kounyea menm."

Moun yo te vini, yo te pale avèk Jezi, epi finalman yo te mande l' pou l' te rete avèk yo pou kèk tan. Li te rete pou de jou, epi anpil nan yo te aksèpte l' kòm Sovè e Senyè yo.

182 - Yo Rejte l' nan Vil Nazarèt

Matye 4:13- 17; 13: 54-58; Lik 4:14-32; Jan 4:43-54

Yon ofisyè wayal te sòti Kapènwòm pou l' te al wè Jezi. Li te di Jezi: "pitit gason m' nan malad. Li prèske mouri. Tanpri souple vini Kapènwòm pou w geri l'.

Jezi te teste l', li te di: "ou menm jan avèk lòt moun yo. Ou p'ap kwè si w pa wè mirak."

Ofisyè a te kontinye, li te di: "Senyè, tanpri souple, vini epi geri pitit gason m' nan. L'ap mouri si w pa ale vit."

Jezi te gen pitye pou li, epi li te di l': "ale an pè, pitit ou a vivan!

Papa a te gade Jezi, epi sanprantan, li te kwè nan li. Pandan l' t'ap retounen lakay li, sèvitè l' yo te kontre avè l' epi yo te di li: "pitit gason w lan vivan wi!"

Chèf la te mande yo: "kilè l' te refè?"

Yo te di l': "fyèw la te kite l' bò inè, nan aprè midi."

Papa a te konnen se te nan lè sa a menm Jezi te di l': "pitit gason w lan geri a." Chèf la avèk tout fanmiy li te kwè nan Jezi kòm Kris la.

Après sa, Jezi te ale Nazarèt (kote l' te leve, lè l' te timoun nan). Li te ale nan Sinagòg la, jan l' te toujou konn fè sa. Li te kanpe epi yo remèt li liv pwofèt Ezayi a. Li te li: "Lespri Bondye a sou mwen, paske li chwazi m' pou'm anonse bon nouvèl la bay pòv yo, pou m' geri moun yo ki genyen kè yo malad yo, pou m'anonse libète pou prizonye yo, pou'm geri avèg yo, pou m' delivre sila yo y'ap maltrete yo, pou m'anonse lane Bondye ap fè moun yo gras la."

Konl' te fin li pòsyon sa a, li te fèmen liv la epi li te remèt li bay moun nan ki t'ap ede nan sèvis la. Aprè sa li te chita. Tout moun ki te nan sinagòg la t'ap gade l'. Finalman, li te di, Lekriti sa a akonpli jodia."

Tout moun te sezi. Yo t'ap di: "se pa pitit Jozèf la, ki te grandi isit la?"

Jezi te gade yo, epi li te di yo: "mwen konnen sa n'ap panse. M'ap di nou tande pale de mirak li te fè nan lòt vil yo, nou ta renmen wè kèk isit la."

"A wi, pwovèb la di laverite. Yo pa janm onore yon pwofèt nan peyi l'." Lè te gen gwo grangou nan tan Eli a, te gen anpil vèw nan peyi Izrayèl, men se te yon vèw payen Bondye te bay pwovizyon. Nan tan pwofèt Elize a, te gen anpil moun nan peyi Izrayèl ki te gen maladi lèp, men se te sèlman yon payen ki te sòti nan peyi Siri, Bondye te geri."

Moun yo ki te nan sinagòg la te fache anpil. Yo te pran l' yo te mete l' deyò nan vil la. Yo te ale yon kote, yo te konn egzekite moun epi voye yo anba, nan yon tèt mòn. Lè yo te rive la, yo te dekouvri li pa t' avèk yo. Li te retounen, li te pase nan mitan, epi li te ale.

Après lè sa a, Jezi pa t' rete Nazarèt ankò menm, men li te rete Kapènwòm.

183 - Pechè Lèzòm

Matye 8:14-17; Mak 1: 21-39; Lik 4: 31- 5: 11

Jezi te ale nan Sinagòg Kapènawòm nan. Yon moun ki te gen demon nan tèt li te pran rele: “Ey Jezi, kisa nou gen avè w, Jezi moun Nazarèt? Ou vini isit la pou w detwi nou. Mwen konnen byen kimoun ou ye. Ou se moun Bondye chwazi a.”

Jezi te di: “pe la! Sòti nan nonm nan. Demon an te jete nonm nan atè. Move lespri a souke nonm nan byen souke pandan l’ t’ap sòti nan kè l’ la. Tout moun yo te sezi. Yo pa t’ janm konn wè ototrite avèk pwisans konsa.

Après sa, Jezi te ale lakay Pyè avèk Andre. Bèlmè Pyè te kouche malad avèk yon gwo fyèv cho sou li. Paran l’ yo te mande Jezi pou l’ geri l’. Konsa, li te touche men l’epi li te di lafyèv la: “kite fanm sa a! Li te pran men l’ li te di : leve! Lamenm, fyèv la te kite l’epi li te leve. Li te geri nèt, konsa’ li te kòmanse sèvi vizitè l’ yo.

Nan aswè, prèske tout moun nan vil la te vèn nan kay la. Jezi te anseye moun yo, li te geri malad yo, epi li te chase demon yo.

Nan demen, li te leve avan solèy leve epi li te ale yon kote l’ te kapab poukont li. Li t’ap priye epi pale avèk papa l’ la.

Lè moun lavil la te reveye, yo te kòmanse ap chèche Jezi, epi finalman’ yo te jwenn li. Li te di yo li t’apral vizite lòt vil yo ki nan zòn nan. Yo te mande l’ pou l’ rete avèk yo, men li te di non! mwen bezwen preche wayòm Bondye a nan lòt vil yo tou. Après sa, li te ale toupatou nan peyi Galile, li t’ap anseye moun yo, li t’ap geri malad yo epi chase demon yo.

Yon jou, li te ale bò lamè Galile a, pou l’ te anseye moun yo. Yo te sanble kote l’, pou yo tande pawòl Bondye a. Te gen de bato pou yo peche pwason bò la, epi pechè yo t’ap lave filè yo. Jezi te antre nan bato a ki te pou Simon Pyè a, epi li te mande l’ pou l’ te pouse l’ tikras pifon nan lamè a. Kon yo te fin fè sa, li te chita epi li anseye pèp la.

Lè l’ te fini, li te di Pyè, ale pi fon nan lanmè a epi jete filè yo pou w peche.

Pyè te di: “Senyè, nou te peche pandan tout lannwit lan, nou pa t’ jwenn anyen. Men kòm se ou ki di m fè sa, m’ap fè l’.”

Après sa, li te mennen bato a nan fon lamè a. Lè l’ te rale filè a, lamem, li te rale yon pakèt pwason- yo te tèlman anpil, filè a te kòmanse chire. Pyè te rele asosye l’ yo Jak avèk Jan. Yo te kouri vèn ede l’ sanble pwason yo. Yo te plen toulède bato yo, jouk yo te prèske vle plonje.

Mirak sa a te venk Pyè nèt. Li te mete ajenou epi li te di Jezi: “pa rete kote m’, paske mwen pa bon.” Jezi te di: “Simon, ou pa bezwen pè, ou te yon pechè pwason, depi kounyea, se moun ou pra l’ peche.” Pechè yo te mennen bato yo bò lamè a, kote yo te kite tout bagay, epi yo te swiv Jezi.

184 - Ansèyman sou Mòn nan

Matye 5- 7; Lik 6: 37- 42

Jezi te monte sou yon ti mòn, pou l' te ansye disip li yo. Li te eksplike yo kisa vini yon disip Mesi a vle di epi kòman viv yon lavi ki fè Bondye plezi. Li te kòmanse konsa: "Benediksyon pou moun ki konnen se pòv yo ye devan Bondye, paske peyi wa ki nan syèl la, se pou yo li ye.

Benediksyon pou moun ki nan lapenn, paske Bondye va konsole yo.

Benediksyon pou moun ki dou, paske yo va resevwa latè kòm eritaj yo.

Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l' la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a.

Benediksyon pou moun ki gen kè sansib pou lòt moun, paske Bondye va gen kè sansib pou yo tou.

Benediksyon pou moun ki gen kè yo pwòp, paske yo va wè Bondye.

Benediksyon pou moun k'ap ede moun viv byen yonn avèk lòt, paske Bondye va rele yo pitit li.

Benediksyon pou moun y'ap pèsekite poutèt y'ap fè sa Bondye mande, paske wayòm Bondye a se pou yo li ye.

Benediksyon pou nou lè moun va joure nou epi pèsekite nou, paske se moun pa m' nou ye. Fè kè nou kontan. Wi nou mèt kontan nèt, paske nou va resevwa gwo rekonpans nan syèl la. Se konsa yo te pèsekite pwofèt yo ki te vini avan nou yo.

Si nou fè bagay sa yo, nou va tankou sèl pou latè. Nou va tankou limyè pou lemonn. Anpil moun va wè sa epi yo va fè louranj pou Papa nou ki nan syèl la.

Pa mete nan tèt nou, mwen vèn aboli Lalwa Bondye a- se pa sa ditou! Disip mwen yo dwe viv nan yon nivo ki wo.

Pa egzanp, Lalwa di nou pa dwe tiye moun. Nou dwe viv nan yon nivo moral ki wo. Nou pa gen dwa rayi pèsòn. Lè nou rayi yon moun, sa mal menm jan avèk tiye l'.

Lalwa di ou pa dwe komèt adiltè. Ou dwe viv nan yon nivo ki wo. Ou pa fèt pou w gen panse adiltè nan kè w. Move lide se baz pou lamizè, enfidelite avèk divòs. Lalwa fè plas pou lajistis kapab mache menm jan pou tout moun li di : «yon zye pou yon zye, yon dan pou yon dan, elatriye.»

Ou fèt pou nou viv nan yon nivo moral ki wo. Renmen moun k'ap maltrete w epi abize w. Si yon moun fè bagay mal kont ou, fè byen pou li.

Disip yo pa t'alèz, lè yo te tande Jezi ap pale de "nivo wo sa a." Se te yon lòt fason pou moun viv. Sa te parèt enposib daprè yo. Jezi t'ap kontinye, li te di: "genyen twa gwo bagay ki kapab anpeche nou sèvi Bondye -ògèy, lajan avèk enkyetid. Veye sou lògèy nan lavi espiyèl ou.

Bondye vle pou nou bay moun yo nan sa nou genyen, men nou pa dwe fè sa pou nou montre moun jan nou jenere. Li vle pou nou priye, men se pa pou nou chèche fè moun wè. Bondye vle pou nou jene, pa tankou yon "show," pou fè lòt moun plezi. Li vle pou nou fè bagay sa yo an prive. Yo p'ap kache pou Bondye, e se limenm ki va rekonpanse nou.

Lajan se yon lòt bagay ki ka anpeche nou sèvi Bondye. Lajan avèk Bondye se de mèt ki mande yon konsekrasyon total. Nou pa kapab sèvi yo de a ansanm. Konsakre lavi w bay Bondye, epi sèvi avèk lajan pou w ba li glwa. Si se pa sa, lajan va kontwole w oubyen achte'w nèt. Fikse atansyon w sou trezò yo ki nan syèl la. Veye pou enkyetid pa anpeche w sèvi Bondye, tankou enkyetid pou manje, pou rad pou nou mete. Bagay sa yo pa fèt pou fè w pè. Kenbe zye w fikse sou Bondye. Kontante w avèk sa l' ba ou. Gade sa l'ap fè bò kote w la. Li pran swen zwazo yo avèk flè yo. Ou pa panse ke l'ap pran swen w pi byen? Li konnen sa w bezwen. Mete espwa w nan li, epi kite l' pran swen ou limenm.

Tout foul la te boulvèse devan ansèyman fondamantal sa yo, men yon lòt fwa ankò yo te vèn rete trankil, lè Jezi t'ap kontinye avèk ansèyman l' yo. Li t'ap pale de atitid yo nan rapò yo avèk lòt moun.

Li te di: « pinga mete tèt ou kòm jij pou w jije pouki lòt moun yo ap fè sa y'ap fè yo. Sonje sa byen.
Yo va jije w menm jan w jije lòt moun yo.

185 - Padone Peche yo

Matye 9: 9-13; Mak 2:1-17

Jezi te ale nan yon kay pou l' te anseye. Kon Jezi te kòmanse pale, kay la te vinn plen avèk moun. Nan mitan moun sa yo, te gen farizyen avèk eskrib yo tou. Foul ki te kanpe andedan an te bare pòt la, plis moun yo ki te kanpe nan lakou a.

Kat nèg te vinn parèt avèk yon nonm paralyze sou yon branka. Yo te dekouvri yo p'ap ka rive bò kote Jezi. Konsa, yo te pote nonm nan anlè tèt kay la. Lè ouvèti a te ase gran, yo te desann nonm nan nan mitan foul la devan Jezi a.

Lè Jezi te wè lafwa kat mesye yo, li te vire bò nonm nan, ki te nan branka a li te di l': « pran kouraj, pitit mwen, mwen padone peche w yo. »

Chèf yo te sezi lè yo te tandè sa. Yo te panse: « kòman l' fè pèmèt li pou l' di sa a! se yon blasfèm! Se Bondye sèl ki kapab padone peche. »

Jezi te konnen sa yo te panse. Li te di: poukisa nou sezi konsa? Sa t'ap fasil pou mwen pou'm di « leve epi mache. » Men nou dwe konnen pitit lòm nan gen ototrite pou l' padone peche.

Après sa, li te di nonm lan: « leve kanpe, pran kabann ou epi al lakay ou. »

Lamenm, nonm nan te leve, li te pran kabann li, epi li te ale devan tout moun. Moun yo te sezi epi yo te fè louranj Bondye, yo te di: « nou pa t' janm wè bagay konsa avan. »

Après sa, Jezi te kite kay la, epi li te ale bò lamè a. Pandan l' t'ap ale, li te wè yon kolektè kontribisyon ki te rele Matye, ki te chita nan biwo kontribisyon an. Jwif yo te rayi kolektè kontribisyon yo, paske yo te di se trèt yo te ye kont pèp Izrayèl la.

Jezi te kanpe epi li te di: "Matye, swiv mwen." Lamenm, Matye te kite tout bagay epi li te swiv Jezi. Yon ti tan aprè sa, li te fè yon resepsyon pou Jezi lakay li. Li te envite plizyè lòt kolektè kontribisyon. Yo te vini epi te gen lòt moun move repitasyon ki te vini tou.

Lidè relijye yo te fache. Yo te di disip Jezi yo: « poukisa mèt nou an chita manje avèk kolektè kontribisyon yo avèk moun move repitasyon yo? »

Jezi te tandè sa, konsa, li te reponn yo: « se moun ki malad, ki bezwen doktè, se pa moun ki gen bòn sante. Mwen pa vini pou moun ki panse yo bon. Mwen vini pou pechè yo kapab repanti. »

Jije lòt moun, se tankou yon moun ki gen yon moso bwa nan zye l', ki pa konn sa, paske li rete ap gade pay ki nan zye lòt moun. Se menm jan avèk yon moun ki avèg k'ap chèche ede yon lòt moun ki avèg k'ap mache nan lari. Yo toulède ap tonbe nan twou.

Olye nou jije lòt moun, ba yo pito. Pa ba yo tikras, ba yo anpil. Se menm jan avèk yon komèsan ki di: "pou tèl pri, ou kapab achte yon mamit plen." Lè w'ap plen mamit la, ou sekwe l' epi ou peze l' pou w kapab gen plis. Konsa, ou sèvi avèk kò w pou w plen mamit la pase bouch li. Se konsa pou w bay lòt moun ! Lè w ap achte, se menm jan yo va plen mamit la ba ou tou.

Moun yo te rete trankil, pandan yo t'ap panse sou sa yo t'ap tandè yo. Jezi te lonje men l' sou yo epi li te di: "si nou vle vinn disip mwen, se pou nou fè sa mwen di nou fè. Genyen de wout devan nou: yonn laj epi fasil. Se wout natirèl la, anpil moun pase ladann nan. Se pou nou chwazi yon wout ki diferan, chwazi wout etwat la. Pa gen anpil moun ki pase ladann.

Se tankou de moun ki pran desizyon pou yo bati kay yo. pwemye a bati kay li sou yon woche ki solid. Lòt la bati kay li sou sab. Lè yo fin fè kay yo, yo te sanble anpil. Men yon tanpèt te vini, li te fwape tou lè de kay yo. Kay la ki te bati sou woche a te rete kanpe fèm, men sila ki te bati sou sab la te tonbe.

Bati lavi ou sou fondasyon ki chita sou woche solid la, fondasyon ansèyman mwen ban- ou yo. Si nou fè sa, nou va rete fèm, lè tanpèt lavi yo va fwape nou. Si se pa sa, lavi nou ap detwi.

Aprè Jezi te fin anseye pèp la, yo te sezi. Yo te dekouvri ke li te anseye avèk anpil otorite.

186 - Jezi Chwazi Douz Apòt yo

Matye 10-12: 9-15; Mak 3: 13- 19; Lik 6: 6-16

Yon jou aprèmidi, Jezi te kite foul la, li te ale nan yon mòn. Li te vle rete poukont li pou l' te pale avèk Papa l'. Li te pase tout nwit la ap priye.

Lè l' te vin jou, li te desann mòn nan epi li te rele yon gwoup nan disip, li te mete yo apa pou limenm.

Yo te dwe rete avè l' pou l' te kapab anseye yo epi prepare yo pou yo preche. Li te ba yo pouvwa pou yo geri malad epi chase demon.

Li te chwazi Simon, li te rele Pyè, avèk frè li a Andre.

Après sa de lòt yo, se te Jak avèk frè li Jan, ki te rele tou "pitit gason loraj". Te gen Filip avèk Batèlmi, Toma ki te yon jimo epi Matye ki te yon kolektè kontribisyon.

Nan mitan gwoup sa a, te gen yon lòt Jak, se pou sa listwa rele l' "Tijak". Tade, yo te rele Jida tou, men se pa limenm ki te trayi Jezi a. Te gen yon lòt Simon, yo te konnen l' kòm "Zelòt la". Finalman, te gen Jida Iskaryòt, ki te trayi Jezi a.

Jezi te di mesye sa yo: "m'ap voye nou tankou mouton, nan mitan rena yo. Se poutèt sa, se pou nou pridan tankou sèpan, epi senp tankou pijon yo.

Yo va rayi nou, menm jan yo reyèl m' nan. Men, nou pa bezwen pè. Bondye Papa a ap veye sou nou. Li konnen lè yon zwazo tonbe atè a, nou gen plis valè pase yon zwazo. Li menm konnen konbyen cheve ki nan tèt nou. Gen moun nan fanmiy nou k'ap vle pou nou fidèl anvè yomenm, olye nou fidèl anvè mwenmenm. Si nou dakò avèk yo, nou pa kapab disip mwen. Si nou se disip mwen, fòk nou dakò pou nou pran kwa nou epi swiv mwen.

Si nou viv san mwen, n'ap pèdi lavi nou, men si nou pèdi lavi nou pou mwen, nou va jwenn li ankò.

Jezi te ale nan yon sinagòg pou l'anseye. Te gen yon moun nan foul la ki te gen yon men pòk. Kèk nan lidè relijye yo te wè nan sa yon okazyon pou yo te kenbe Jezi kòm moun ki t'ap vyole Lwa Bondye a. Lalwa te di, okenn moun pa gen dwa travay jou Saba a. Lè Jezi te geri yon moun, yo te pran sa tankou yon travay li t'ap fè. Poutèt sa, yo te mande l': "èske se legal, pou yo geri yon nonm nan jou Saba a?"

Jezi te konnen sa yo t'ap panse, konsa, li te vire bò nonm ki te gen men pòk la, li te di l': "leve epi kanpe la a." konsa, nonm lan te leve epi kanpe devan tout moun.

Après sa, Jezi te di moun ki t'ap akize l' yo: "M'ap poze nou yon kesyon. Èske se legal pou moun fè byen oubyen pou moun fè mal pandan jou Saba a?"

Konsa, li te vire bò nonm ki te gen men pòk la li te di l': "lonje men w!"

Nonm nan te lonje men l', epi lè l' te fè sa, men an te geri, li te vin fò menm jan avèk lòt la. Lidè relijye yo te fache anpil poutèt sa, epi lamenm, yo te kòmanse ap fè plan sou kòman pou yo te fè pou yo tiye Jezi.

187 - Yon Fanm Avèk yon Antèman

Lik 7: 1- 17

Te gen yon ofisye women kit e rete Kapènwòm. Se te yon bon moun. Li te fè anpil bèl bagay pou pèp Izrayèl la. Yon jou, li te gen yon sèvitè l' ki te malad. Li te prèske mouri. Li te mande kèk lidè Jwif, si yo pa t' kapab al pale avèk Jezi pou li. Li te di yo: "mande pou l' vèn geri sèvitè m' lan pou mwen." Yo te al kote Jezi epi yo te di l': "li se yon bon moun. Li renmen pèp nou an. Li te menm bati yon sinagòg pou nou." Jezi te dakò pou l'te ale lakay ofisye a avèk yo.

Lè yo te rive tou prè kay la, ofisye a te voye kèk zanmi, kote Jezi avèk mesaj sa a: "tanpri, mwen pa mérite pou w vèn lakay mwen. Mwen konnen sa sa vle di otorite. Lè m' bay sòlda m' yo lòd, yo obeyi mwen. Se poutèt sa, mwen konnen si w di yon mo sèlman, sèvitè mwen an ap geri." Jezi te sezi, epi li te di: "mwen pa janm wè yon fwa konsa an Izrayèl." Zanmi ofisye a te retounen al lakay li, epi yo te jwenn sèvitè a geri.

Jezi te ale avèk disip li yo nan yon lòt vil, epi yon gwo foul t'ap swiv li. Pandan, yo t'ap pwoche nan antre vil la, yo te wè yon antèman ki t'ap pase. Se te antèman yon jèn gason ki te mouri. Se te sèl pitit gason manman l' te genyen. Mari madanm lan te déjà mouri tou.

Jezi te konnen move sitiyasyon fanm sa a t'ap viv ladann nan. Li kontre avè l', li te di l': "pa kriye." Aprè Sa, li te ale bò sèkèy la ki te tou louvri, epi li te mete men l' sou li. Lamèn, moun yo ki t'ap pote l' la te kanpe. Jezi te di: "Jèn òm se mwen menm k'ap pale avè w, leve!"

Jèn òm nan te louvri zye l'epi li te chita. Li te gade toupatou epi li te mande sa k'ap pase la a. Jezi te ede l' desann epi li te mennen l' bay manman l'.

Moun yo te sezi epi aprè sa yo te pè. Alafen, yo te fè louranj Bondye. Nouvèl sa a te gaye toupatou nan peyi Izrayèl, e nan tout peyi ki te nan anvwon an.

188 - Padone e Rekonesan

Lik 7: 36- 50

Yon farizyen ki te rele Simon te envite Jezi lakay li nan yon repa. Moun yo ki t'ap patisipe nan repa a te chita sou yon ban akote tab la avèk pye yo akote yo.

Pandan, yo t'ap manje, te gen yon fanm yo te konnen kòm yon gran pechè. Li te kanpe bò kote Jezi epi li te kòmanse kriye. Aprè sa, li te mete ajenou devan l'epi li te kòmanse lave pye l'avèk dlo ki t'ap sòti nan zye l'. Li te fè cheve l' yo desann epi li te sèvi avèk yo pou l' te siye pye Jezi. Aprè sa, li te bo yo epi li te mete yon pafen chè sou yo.

Simon te panse nan kè l': "monchè, sa pwouve Jezi pa yon pwofèt vre. Si l' te yon pwofèt, li t'ap konnen ki kalite moun fanm sa ye epi li pa t'ap kite l' touche l'."

Jezi te konnen sa l' t'ap panse. Li te di: "Simon, m'ap poze w yon kesyon. Dezòm te dwe yon sèl moun. Yonn te dwe 2.500 goud, epi lòt la te dwe 25.000 goud. Yo tou lè de pa t kapab remèt lajan an, sa ki te vle di yo t'apral vann yo kòm esklav. Men, olye de sa, moun yo te dwe a te deside fè pa yo epi li te kite lajan an pou yo. Kilès nan de moun sa yo k'ap pi rekonesan epi pi renmen moun sa a?

Simon te reponn byen vit: "asireman, se moun nan ki dwe 25.000 goud la.

Jezi te di ou gen rezon. Mwen te vèn lakay ou, ou pa t' ban m' dlo pou m' lave pye m'. Gade fanm sa a. Li pa t' di yon mo, men tou senpman li te lave pye avèk dlo zye l'epi li te seche yo avèk cheve l'. Ou pa t' resevwa m'avèk yon bo. Men fanm sa a pa t' sispann bo pye m. ou pa t' mete pafen sou tèt mwen, men limenm li mete pafen ki koute chè sou pye m'! Poukisa li fè sa? Se paske peche l' yo te anpil, poutèt sa li rekonesan, paske mwen te padone yo. Moun ki santi yo bon pandan tout lavi yo pa fè eksperyans yon gran rekonesans konsa."

Li vire bò fanm nan, li di l': peche w yo padone." Moun yo ki te chita bò tab la te sezi, men Jezi te kontinye pou l' te di: "Ale anpè. Lafwa w te sove ou."

189 - Kat Teren yo

Matye 13: 1-23, 31, 32; Mak 4:1-32

Jezi te rakonte fowl la istwa yon plantè ki te soti pou l' te simen grenn nan jaden l' yo. Li te voye grenn li yo nan tout direksyon, pandan l' t'ap mache.

Yon pati nan grenn yo te tonbe bò wout la, yo te rete anlè tè di a epi yo pa't janm jèmen, sa te pèmèt zwazo te vini epi yo te manje yo. Gen nan yo ki te tonbe anwo wòch yo, kote pa t' gen anpil tè. Yo te jèmen, men yo pa t' gen bon rasin ase. Se sa'k fè yo te brile lè solèy la te cho. Yon pati nan grenn yo te tonbe nan mitan pye pikan. Pikan yo te grandi, yo te toufe bon ti plant yo, ki fè yo pa t' ka donner.

Men kèk nan grenn yo te tonbe nan bòn tè a ki te prepare pou yo a. Yo te byen leve. Yo te pran swen yo, yo te nourri yo, yo te grandi, yo te vèn gwo plant, epi yo te bay yon gwo rekòt.

Jezi pa t'eksplike fowl la parabol la sa parabol sa te vle di. Se sa k fè disip yo te mande l': "kisa parabol sa vle di?"

Jezi te di yo: "grenn yo se pawòl Bondye a. diferan kalite teren yo se jan moun yo resevwa l'. Gen kèk moun ki resevwa Pawòl Bondye a tankou grenn yo ki tonbe bò wout la. Yo tandè l', men yo pa konprann li- epi menm jan avèk zwazo yo- dyab la vini epi li retire grenn yo nan yo, konsa, yo p'ap kwè.

Gen kèk ki resevwa pawòl la tankou grenn yo ki tonbe nan wòch yo. yo resevwa l' avèk kè kontan, men yo pa t' pran tan pou yo pouse rasin. Yo pa t' kapab reziste eprè avèk pèsekisyon yo.

Gen kèk moun ki resevwa pawòl la tankou grenn yo ki tonbe nan mitan pikan yo. Yo resevwa l', men sa yo pi renmen yo anpeche yo grandi, pou yo bay yon rekòt. Enkyetid yo, lajan avèk plezi kapte tout tan yo avèk tout atansyon yo.

Men kèk moun resevwa Pawòl Bondye a tankou grenn yo ki tonbe nan bòn tè a. Yo tandè pawòl la avèk yon kè ouvè, epi yo te konprann li, yo te grandi, yo te mi epi yo te bay anpil fwi.

Jezi te di ankò: "Wayòm Bondye a, se tankou yon grenn moutad. Yon moun te wè li te yon grenn tou pitit. Men, li te plante l' pou l' wè kisa k' t'ap rive. Ti grenn sa a te vèn tounen yon gwo pye bwa. Li gen branch ki te devlope, konsa zwazo yo te vini epi yo te fè nich nan yo.

190 - Ansèyman Avèk Istwa

Matye 13: 24-30; Matye 25: 14-30

Jezi te kontinye rakonte moun yo istwa. Lè nou gade byen, li pa t' janm di fowl yo anyen san l' pa t' sèvi avèk istwa.

Yon lè li te pale de yon plantè ki te plante ble nan jaden l'. Aprè yon jounen ki te long, li te retounen lakay li epi li te al kouche. Nan lannwit lan, yon moun ki rayi l'al nan jaden an epi li plante livrè ladann.

Kalite grenn sa yo te sanble avèk ble lè l'ap grandi. Konsa, okòmansman, pa t' gen moun ki te konnen sa k' te pase a. Sa te vèn klè jouk lè plant yo te kòmansse mi. Travayè yo ki t'ap travay nan jaden an te di: "kisa pou nou fè? Èske nou dwe ale nan jaden an, epi rache livrè yo?"

Plantè a te di: "non, si nou fè sa, n'ap detwi ble yo. Annou tann jouk lè rekòt la rive."

Lè lè rekòt la te rive, plantè a te voye travayè li yo nan jaden an. Yo te rekòlte ble a epi yo te mete l' nan depo. Aprè sa, yo te rache livrè yo, yo te mare yo pa pakèt, epi yo te brile yo.

Disip yo te ale kote Jezi epi yo te mande l' kisa sa te vle di. Li te di yo: "plantè a se pitit lòm nan, jaden an se lemonn, epi ble yo se pitit Bondye yo. Lènmi an, se Satan epi livrè a se moun yo k'ap sèvi l' yo. Alafen dè tan, pitit lòm nan va voye anj li yo pou yo sanble pitit Bondye yo. Aprè sa yo va sanble mechan yo, aprè sa yo va jete yo nan gwo founo k'ap brile a.

Yon lòt lè, Jezi te di wayòm Bondye a se tankou yon nòb ki te deside al fè yon long vwayaj. Li te rele sèvitè li te fè konfyans pami sèvitè l' yo, li te ba yo responsablite, konsa pou afè l'yo kontinye mache byen aprè li te ale. Li te ba yo chak lajan pou yo travay. Li te bay pwemye a 5.000 goud, dezyèm nan 2.000 goud epi li te bay twazyèm nan 1.000 goud. Sa te fèt konsa, daprè sa chak sèvitè te kapab fè.

Lamenm, pwemye sèvitè a te sòti epi li te kòmansse travay avèk lajan pa l' la. Pandan l' t'ap travay, konsa li te rive fè benefis ki te rive 5,000 goud ankò. Dezyèm sèvitè a te fè menm jan an tou. Sa te pèmèt li rive fè 2,000 goud benefis tou. Men twazyèm nan, limenm, li pa t' fè anyen avèk 1,000 goud li a, li te fouye yon twou epi li sere l' la.

Après anpil tan, mè la retounen. Twa sèvitè yo te kanpe devan l' pou yo te fè regleman avè l' sou sa yo te fè. Pwemye a te di: "ou te ban m' 5,000 goud. Gade mwen te travay avèk lajan an, mwen fè 5,000 goud benefis, sa fè lajan an monte 10,000 goud, kounyea." Mèt la te kontan. Li te di: "ou te fè yon gwo travay, mwen fyè de ou. M'ap mete w nan yon pi gwo pozisyon, kounyea, avèk plis avantaj."

Dezyèm nan te di: "ou te ban m' 2,000 goud. Gade mwen te travay avèk lajan an, epi mwen te fè 2,000 goud benefis sou li. Kounyea lajan an monte 4,000 goud." Mèt la te kontan ankò. Li te di: "ou te fè yon gwo travay, mwen fyè de ou. M'ap mete w nan yon pi gwo pozisyon, kounyea, avèk plis avantaj."

Twazyèm sèvitè a te kanpe epi li te di: "mèt, mwen konnen w se yon patron ki di epi ou pa aksèpte moun fè erè. Mwen te pè, se poutèt sa, mwen te ale, mwen te sere 1,000 goud la nan yon kote yo pa t kapab pran l'. Men 1,000 goud ou a, li pa manke anyen." Mèt la te fache anpil, li te di: "ou se yon bonaryen! Kòman ou fè parese konsa! Si w pa t' kapab fè lòt bagay, o mwen ou te kapab jwenn yon ti enterè nan yon bank. Men non, ou pa t' fè anyen."

Li te rele sòlda yo, li te di yo: "pran 1.000 goud la nan men nonm sa a epi ba sèvitè ki gen 10,000 goud la li. Aprè sa, pran sèvitè inital sa a epi voye l' nan fènwa a. Li va kondane la san anyen nan men l', men sèlman estipidite l' la."

191 - Li Kalme De Tanpèt

Matye 8: 23-34; Mak 4: 35- 5:20; Lik 8: 22-39

Jezi te anseye foul la tou lè jou. Li te di disip li yo: “Ann al lòtbò lak la.” Se poutèt sa, yo te pran plizyè bato, epi yo te kòmanse vwayaj yo a, pou yo ale nan zòn kote payen yo rete, bò lamè Galile a. Kòm Jezi te fatigue, li te ale dèyè bak la epi li te kouche la. Rapidman li t’ap dòmi kò pèdi, pandan lannwit lan, yon gwo tanpèt te leve nan lak la. Te gen gwo vag ki t’ap frape bak la epi t’ap menase chavire l’. Jezi te kontinye ap dòmi.

Disip yo te reveye l’ epi yo te di l’: “Mèt reveye! Ou pa wè n’ap mouri?” Jezi te reveye epi li te menase tanpèt la. Li te di: “kanpe van! Rete trankil lamè!” lamenm, van an te kanpe epi lamè a te rete trankil.

Après sa li te vire bò disip yo epi li te di yo: “poukisa nou te pè konsa? Kote lafwa nou?” Après sa li te desann epi li te retounen al dòmi ankò.

Mesye yo te gade syèl la ak lamè a ki te trankil la, yo te di: “ki kalite moun nonm sa ye, pou menm van avèk lanmè obeyi l’ lè l’ pale a!”

Bak yo a te rive nan rivaj la, tou prè yon kote yon moun fou te rete nan tonb yo. okenn moun pa t’ kapab kontwole l’. Anpil fwa, yo te eseye mare l’ avèk chèn, men li toujou kase yo fasilman. Li konn al pwonmennen sou mòn yo tou touni, epi li te rete nan tonb yo. li t’ap kriye epi rele, epi blese kò l’ avèk wòch.

Lè l’ te wè Jezi avèk disip li yo te sòti nan bak la, li te kouri vèn mete ajenou devan Jezi. Li te kriye: “mwen konnen ki moun ou ye. Ou se Jezi, pitit Bondye ki nan syèl la! Tanpri pa fè m’ soufri.”

Jezi te di: “kòman w rele?”

“Nou rele lejyon, paske nou anpil. Tanpri, pa voye nou nan labim lan. Gade, gen kochon sou tèt mòn sa a. voye nou la. Jezi te gade kochon yo, epi li te di: “wi, nou mèt al la a.”

Après, demon yo te kite nonm lan epi yo te antre nan kochon yo. Tout 2,000 kochon yo te kouri kite dezè a, yo te kouri desann mòn nan, yo te ale bò lamè a. yo te planje nan lanmè a epi yo tout te nwaye.

Moun yo ki t’ap okipe kochon yo te kouri al lavil la epi yo te di yo sa k’ te pase a.

Yon foul te sòti vèn wè yo. Lè yo te rive kote Jezi, yo te wè nonm lan ki te gen demon yo nan li a, li te chita trankilman, li te byen abiye epi li t’ap koute Jezi.

Nonm nan te di ankò sa k’ te rive a. Tout moun te pè, konsa, yo te mande Jezi pou l’ale.

Pandan, yo t’ap ale nanbak la, nonm lan ki te geri a te di: “tanpri souple, èske m’ kapab ale avèk nou? Jezi te tounen bò kote l’ epi li te di li: “retounen nan pèp ou a, rakonte yo tout sa Bondye te fè pou ou. Rakonte kòman Bondye te gen pitye pou ou.

Konsa, Jezi avèk disip li yo te kite zòn nan epi retounen nan lòt bò lak la ki te pou Jwif yo. Nonm nan te ale nan vil kote l’ te sòti a, epi li te kòmanse rakonte tout moun sa Jezi te fè pou li. Moun yo ki te tande sa te sezi.

192 - Malad Depi Douzan

Matye 9: 18-26; Mak 21: 21-43; Lik 8: 40-56

Jezi avèk disip li yo te kite bò kote payen an, epi yo te retounen bò kote Jwif la. Yo te jwenn yon gwo foul moun ki t'ap tann yo.

Yon nonm yo te rele Jayiris te kouri vini epi li te mete ajenou devan Jezi. Se te yon chèf nan sinagòg la. Li te di: "pitit fiy mwen an ap mouri! Li gen 12 an sèlman, tanpri souple vin geri l'pou mwen."

Jezi te dakò, konsa limenm avèk disip li yo te swiv Jayiris. Yon gwo foul moun t'ap swiv yo tou.

Pandan, yo t'ap mache nan wout la, yo te pase bò lakay yon fanm. Li te gen yon maladi pèt de san, depi douz lane. Anpil doktè te chèche ede l', men malgre sa, sitiyasyon an te vèn pi mal. Sa te kontinye konsa, jouk li te fin depanse tout kòb li te genyen.

Lè l' te tandè Jezi t'ap pase bò la, li te fè panse sa a: "si m' ta rive tou pre li pou m' touche bò rad li sèlman, m'ap geri. Pèsòn pa bezwen konnen anyen de sa."

Konsa, li pase nan mitan foul la, li te rive bò kote Jezi epi li te touche bò rad li. Lamèn, li te konnen l' te geri. Jezi te santi li te pèdi yon fòs nan kò li. Konsa, li te kanpe epi li te di: "kimoun ki touche m' nan?"

Pyè te gade foul moun nan epi li te di: "kisa w vle di, lè w di, ki moun ki touche w la? Ou pa wè bann moun sa yo, ki bò kote w la?"

Jezi pa't okipe l'. Li te kontinye chèche moun nan ki te touche l' la. Lè fanm nan te vèn konprann li pa t' kapab kache sa li te fè a, li te mete ajenou devan l', li t'ap tranble.

Jezi te di li: "pa pè. Lafwa ou geri'w. Retounen lakay ou. Maladi sa a pa'p retounen sou ou ankò."

Pandan, li t'ap pale, gen kèk moun ki te al di Jayiris: "ou pa bezwen nwi mèt la plis, pitit fiy ou a mouri."

Jezi te tandè yo ep li te di Jayiris: "ou pa bezwen kriye. Kwè sèlman." Yo te kontinye ap mache pou yo ale lakay li.

Lè l' te rive la, li te wè moun ki t'ap kriye yo te déjà rive la. Travay yo, se te jwe flit epi kriye byen fò. Jezi te di yo: "poukisa n'ap fè tout bri sa yo? Se dòmi tifi a ap dòmi sèlman."

Yo te ri li, paske yo te konnen li te mouri. Konsa, li te fè mete yo deyò nan kay la. Aprè sa li te pran Jayiris avèk madanm li, epitou Pyè, Jak avèk Jan epi yo te antre kote tifi a te kouche a. li te rive, li te pran men l'epi li te di: "tifi leve!"

Lamèn, tifi a te louvri zye l'epi li te leve. Paran yo t'ap gade avèk sezisman. Alafen, Jezi te di: "pote manje ba li."

Aprè sa li te di yo: "pinga di pèsòn anyen de sa." Men nouvèl sou sa k' te pase a te gaye nan tout zòn sa a.

193 - Pisin Betesda a

Jan 5

Te gen yon pisin nan vil Jerizalèm yo te rele Betesda, li te tou pre pòt mouton an. Moun nan zòn sa a te kwè te gen yon anj ki te vèn souke dlo a ki nan pisin nan chak lè. Yo te panse ke yon moun malad ta geri si l' ta antre nan dlo a aprè zanj lan te fin souke l'. Se sa k' fè te gen anpil moun ki te rete tou pre pisin sa a. Jezi te ale bò pisin sa a, pandan l' te Jerizalèm, nan fèt Jwif yo. Li te wè la, yon nonm ki te malad depi 38 lane. Li te di l': "Èske w vle geri?"

Nonm nan te di: "wi, men chak fwa mwen wè dlo a ap souke, yon lòt moun gentan antre nan pisin nan anvan m'. Jezi te di li: "Leve! Pran nat ou epi al lakay ou." Lamenn, nonm lan te geri epi li te leve. Jezi te antre nan foul moun yo pandan nonm nan t'ap pran nat li a.

Kèk nan lidè Jwif yo te wè nonm nan ap pote nat li a. Yo te di l' kòman w fè pèmèt ou pote nat sa a jodia? Jodia se jou repo a, se pa legal pou w pote bagay konsa jou repo a."

Nonm nan te di: "men ! ... men ! ... yon nonm te geri m'epi li te di m' pran nat mwen epi ale lakay mwen."

"Kimoun ki di w pou w fè travay sa, pandan jou repo a?"

"Mwen pa konnen. Li te geri m'epi aprè sa li te disparèt nan foul la."

Pita, Jezi te wè nonm sa a nan tanp lan. Jezi te di l': "ou te geri, men pa peche ankò. Si w pa fè sa, yon bagay pi grav ap rive w."

Konsa nonm nan te vèn konnen kilès ki te geri l'. Konsa li te kouri al jwenn chèf Jwif yo, epi li te di yo se te Jezi ki te geri l'. Lè chèf yo te tande sa, sa te fè yo vèn dechennen pi plis, pou yo te fini avèk enfliyans Jezi te gen sou pèp la. Yo te santi, sa l' t'ap fè nan jou Saba yo pa t' bon menm. Jezi te di yo: "Papa m' toujou ap travay. Mwen menm tou, m'ap travay."

Lè yo te tande sa, chèf yo te kòmanse pi rèd pou yo tiye'l. Yo te di: "li dezobeyi Lwa Saba a. kounyea li rele Bondye papa l', li panse li se menm avèk Bondye." Jezi te di: "pitit la fè sa papa a di l' fè sèlman. Papa a renmen pitit la, epi li ba l' pouvwa pou l'bay moun li vle lavi etènèl. Papa a bay pitit la otorite pou l'jije moun. Si nou pa respekte Pitit la, nou pa respekte Papa a ki te voye l' la. Mwen va bay tout moun ki tande m'epi ki kwè nan sila ki voye m' nan lavi etènèl. Moun ki kwè yo p'ap jije, men yo sòti nan lamò, yo antre nan lavi. Kòman nou fè konnen si m'ap di nou laverite?"

Mwen te pale avèk nou, men sa pa t'ase, paske se mwen ki t'ap pale de mwenmenm. Jan Batis te pale nou de mwen, men nou pa t' kwè l'. Papa a te pale de mwen, men nou te bouche zòrèy nou, pou nou pa tande l'. Mirak mwen yo montre mwen di laverite, men nou pa aksèpte yo kòm prèv.

N'ap etidye Lèzekriti tout tan. Yo pale de mwen, men nou pa gade yo. Vérité a sè ke, se vle nou pa vle vèn jwenn mwen pou nou gen lavi."

194 - Yo Koupe Tèt Jan Batis

Mak 6:14-29; Lik 9:7-9

Wa Ewòd te fè arete Jan pou l' te fè madanm li plezi. Jan te preche kont maryaj yo a, li te di: "ou fè peche, paske w marye avèk madanm frè w la."

Madanm Ewòd te vle pou Jan-Batis mouri, men Ewòd te konnen Jan se te yon nonm jis. W a a te pè pèp la tou, paske li te konnen yo te gade Jan tankou yon pwofèt. Epitou, li renmen tandè lè Jan t'ap preche. Se sa k' fè li te deside kenbe l' nan prizon, olye l' te tiye l'.

Wa Ewòd te òganize yon gwo bankè pou l' te fete fèt nesans li. Li te envite yon bann moun enpòtan nan pèp la ladann.

Pandan bankè a t'ap fèt, li te voye chèche pitit fiy madanm li an, epi li te fè l' vinn danse pou moun yo ki te nan bankè a. Ewòd te kontan avèk bèl egzibisyon l' yo. Konsa, li te di jèn fiy la: "ou mèt mande m' nenpòt bagay m'ap ba ou li." Pou l'te kapab fè moun ki nan bankè a wè, li te di ankò: "mande m' nenpòt bagay. Mwen sèman m'ap ba ou li, menm si se te mwayen nan wayòm nan."

Jèn fiy la te konnen li te dwemande konsèy sou sa. Konsa li te pale avèk manman l', li te di: "kisa pou m' mande?"

Se sa menm manman l' te vle. Manman l' te di: "mande tèt Jan Batis."

Jèn fiy la te kouri al nan fèt la epi li te di: "'mwen vle tèt Jan Batis nan yon plato. Mwen vle l' kounyea menm."

Ewòd te sezi. Menm si l' te fè pwomès la devan envite l' yo. Konsa li te di yon sòlda al koupe tèt Jan epi bay fiy la li.

Sòlda a te fè sa te di l' la. Li te ale nan prizon an epi li te koupe tèt Jan. Aprè sa li te pote'l tounen, li te ba jèn fiy la li nan yon plato. Li te pran l'epi li te pote l' ba manmna l'.

Disip Jan yo te ale nan prizon an, epi yo te pran kadav la. Lè yo te fin antere l', yo te al di Jezi sa.

Kèk tan pita, Ewòd te tandè pale de sa Jezi t'ap fè- konsyans li te fwape l'anpil. Li te di: "mwen te fè tiye Jan, li te leve sòti nan lamò. Li te retounen avèk gwo pouvwa."

Depi lè sa a Ewòd te vle rankontre avèk Jezi, pou l'te pale avè l'.

195 - Yon Repa Avèk yon Ti Mache

Matye 14:14-33; Mak 6: 30-52; Lik 9: 10-17

Bay 5,000 moun manje, se sèl mirak ki anrejistre nan toulekat Levanjil yo.

Jezi te monte sou yon mòn kote li te anseye disip li yo. Te gen yon gwo foul moun ki te ale avèk yo, konsa yo t'ap tande ansèyman l' yo.

Rapidman, sanble moun yo te grangou, epi pa t' gen manje la. Jezi te konnen sa l' t'apral fè, men li te mande Filip: "kote nou kapab jwenn manje pou moun sa yo?"

"Senyè, menm lajan travay 8 mwa pa t'ap kapab achte manje, pou tout moun sa yo." Lòt disip yo te di: "voye yo ale nan vilaj yo, pou yo achte sa yo bezwen yomenm."

Andre te retounen avèk yon jèn ti gason, epi li te di: "Senyè ti gason sa a gen senk pen avèk de ti pwason. Men kisa sa kapab fè pou yon gwo foul moun konsa?"

Jezi te di: "ban m' yo."

Li te pran pen yo avèk pwason yo, li te beni yo. Aprè sa, li te bay disip yo li, epi li te di: "bay moun yo sa epi di yo, yo kapab resevwa kantite yo vle."

Yo te distribye manje a bay moun yo. Yo te manje jouk vant yo te plen. Te gen anviwon 5.000 moun la. Aprè sa, Jezi te di: "al pran rès la ki rete a." Lè yo te fè sa, yo te jwenn douz panye plen avèk pen avèk pwason.

Moun yo te di: "Se sila Lèzekriti pale de li a - ki yon gran pwèt tankou Moyiz la." yo te kòmanse pale antre yo. Yo t'ap di y'ap mete l' wa.

Jezi te konnen sa yo t'ap panse, konsa li te voye yo ale, epi li te di disip li yo pase nan lamè pou yo tounen. Epi li te monte nan mòn nan pou l'al priye.

Pandan, Jezi t'ap priye a, yon tanpèt te leve nan lamè a. gwo vag yo te pouse bak la nan fon lamè a. Mesye yo te redi anpil pou yo retounen atè, men van an te twò rès pou yo.

Bò twzè nan maten, Jezi t'ap mache sou dlo yo nan lamè a. Mesye yo te kwè se te yon revenan. Jezi te di yo: "pa pè. Se mwen menm."

Pyè te di l': "Senyè, si se ou, kite m'al jwenn ou."

Jezi te di l': "vini."

Konsa, Pyè te sòti nan bak la epi l' te kòmanse mache al jwenn Jezi. Sibitman li t'ap gade vag yo avèk van an. Li te vèn pè epi l' te kòmanse plonje. Li te kriye: "Senyè sove m."

Jezi te pwoche kote l', li te pran l'. Li te di: "O ! Pyè, lafwa ou piti. Poukisa ou te doute?"

Yo de a te mache tounen, epi yo te rive nan bak la. Lamenm, tanpèt la te rete. Disip yo te mete ajenou epi yo te adore Jezi. Yo te di: "anverite, ou se Piti Bondye a."

196 - Pen Lavi a

Matye 15: 21-28; Mak 7: 24-30; Jan 6: 22-71

Jou aprè Jezi te nourri 5.000 moun yo, moun yo te jwenn li nan lòt bò lamè a, epi yo te konnen li te rive nan yon bak espesyal. Yo te konnen tou menm bak sa a te ale nan jou avan an san li. Yo te di:

“kòman w te fè la a?”

Jezi pa t’okipe kesyon yo a, epi li te di vérité a jan l’ te ye a. li te di yo: “nou isit la, paske vant nou te plen avèk pen yo avèk pwason yo mwen te Bannou an. Men chèche pito pen vivan an ki bay lavi etènèl la.”

Yo te di: “kisa Bondye vle pou nou fè?”

Jezi te di: “men sa Bondye vle pou nou fè, se pou nou kwè nan sila li te voye a.”

Yo te di: “bannou yon sîn pou nou kwè. Ou kapab nourri nou jodia epi kontinye. Sa ta menm jan avèk Moyiz ki te bannou lamán nan dezè a.”

Jezi te di: “zansèt nou yo te manje lamán nan dezè a, men yo te mouri. Mwen se pen lavi a Bondye te voye desann sòti nan syèl la. Pen m’ap ban nou an se kò mwen, epi bwason m’ap bay la se san mwen. Kò mwen avèk san mwen ap pote lavi etènèl pou ou.”

Moun yo pa t’ kontan. Yo yonn t’ap d i lòt: “kòman nonm sa a kapab fè ap di se Bondye ki te voye l’ desann? Nou konnen paran l’ yo. Epitou kòman l’ kapab fè bannou kò l’ pou nou manje avèk san l’ pou nou bwè a?”

Depi jou sa a anpil nan disip li yo te sispann swiv li. Yo te di: “pawòl sa yo twò rèd pou moun kwè.”

Jezi te vire bò douz yo, li te di: “Èske nou pa vle ale tou?”

Pyè te reponn: “Senyè ki moun pou n’al jwenn? Se oumenm ki gen pawòl ki bay lavi etènèl la. Kounyea, nou kwè, nou konnen se oumenm ki moun Bondye chwazi a.”

Jezi te di: “mwen te chwazi nou douz, malgre sa youn nan nou se yon demon.”

Après sa Jezi te ale avèk disip li yo nan vil Ti, avèk nan vil Sidon, nan yon zòn, kote payen yo rete, nan Nò peyi Izrayèl. Pandan l’ te la a, yon fanm payèn te vini kote l’epi li te di l’: “Pitit gason David la, gen pitye pou mwen. Yon demon kontwole pitit fiy mwen an epi l’ap maltrete l’ tout tan.”

Jezi pa t’ okipe l’ ditou. Li pa t’ di menm yon mo. Li te kontinye ap mande Jezi èd li, jouk disip li yo te di: “Senyè voye l’ale. Rèl li yo kòmanse nwi nou.”

Jezi te gade l’epi li te di: “Bondye voye m’ pou m’ede mouton ki pèdi nan pèp Izrayèl la.” Après sa li te mete ajenou devan Jezi epi li te di: “Senyè ede m’.”

Jezi te di: “sa pa bon pou w pran manje ki pou timoun yo epi bay chyen li.”

Fanm lan te di: “wi Senyè, se vre. Men ti chyen yo ki anba tab la manje tikal pen timoun yo jete atè.”

Jezi te di: “madam, ou gen anpil lafwa! Ou mèt ale lakay ou, kounyea. Lè l’ rive lakay li, li te jwenn pitit fi l’ la kouche sou kabann li. Demon an te ale.

197 - Jezi bay 4,000 moun manje

Matye 15:29-16:16; Mak 8:1-21, 27-30

Jezi te kite Ti avèk Sidon epi li te ale lòt bò lamè Galile a. Pandan l' t'ap anseye moun yo, yon gwo foul moun te mennen anpil moun avèk tout kalite pwoblèm fizik. Te gen pami yo: bwate, avèg, bèbè avèk lòt moun ki te gen tout kalite maladi. Jezi te geri yo tout epi tout moun ki te nan foul la te sezi. Aprè sa Jezi te di disip li yo: kè m' fè m' mal pou foul moun sa yo. Yo te avèk nou depi twa jou, e manje yo fini. Mwen pa vle voye yo ale san m' pa ba yo manje, pou yo pa tanbe anba feblès nan wout la, pandan yo prale.

Disip yo te di: "Senyè, nou pa gen ase manje pou nou bay tout moun sa yo."

"Ki kantite nou genyen?"

"Nou genyen sèt ti pen avèk kèk ti pwason."

Li te pran pen an avèk pwason an avèk pwason an, li te beni l', aprè sa li te kase l'an moso, aprè li te remèt yo bay disip li yo, epi disip yo t'al distribye l' bay moun yo. Te gen 4,000 moun la. Tout moun te manje vant plen. Aprè sa, disip yo te ranmase sa k' te rete. Yo te jwenn sèt panye plen.

Aprè sa, yo te voye moun yo al lakay yo. Jezi avèk disip li yo te monte nan bak la, epi yo te ale lòt bò lak la, bò kote Jwif yo.

CHèf Jwif yo te la, epi yo te kòmanse diskite avè l'. Yo te vle pou l' ba yo sèn ki te sòti nan syèl. Li te refize, epi li te retounen nan bak la. Pandan yo t'ap retounen bò kote payen yo, lòt bò lak la, disip yo te dekouvri yo pa't achte ase manje pou vwayaj la. Yo te gen yon sèl grenn pen avèk yo. Jezi te di yo: "fè atansyon avèk leven lidè relijye yo." Disip yo t'ap di antre yo: "se paske nou pa gen pen ki fè l' di nou sa."

Li te di: "lafwa nou rete piti konsa toujou? Poukisa n'ap di se paske nou pa gen pen an?"

Nou te la, nou te wè kòman 5,000 moun yo te manje sèlman avèk senk ti pen avèk de ti pwason.

Konbyen panye nou te ramase aprè sa?"

"Douz."

"Nou te wè kòman 4,000 moun te manje avèk sèlman 7 ti pen avèk kèk ti pwason. Konbyen panye nou te ramase aprè sa?"

"Sèt."

Konsa, koute sa byen, epi konprann sa m'ap di nou: "fè atansyon avèk leven chèf relijye yo." Finalman, disip yo te konprann de kisa l' t'ap pale.

Kon yo te rive nan lòt bò a, Jezi te ale avèk yo nan Sezare Filip la. La, li te mande yo, kilès moun yo di mwen ye?

Gen kèk ki di: "ou se Jan Batis. Gen lòt ki di ou se Eli oubyen Jeremi."

"Kilès nou di mwen ye noumenm?"

Pyè te di: "ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an."

Jezi te di: "Pyè, ou se yon moun Bondye beni. Se pa lòm ki fè w konnen vérité sa, se Papa m' ki nan syèl la ki fè w konn sa.

Aprè sa, li te di disip li yo: "pou kounyèa, pinga di pèsòn mwen se Kris la.

198 - Fanm Adiltè a

Jan 7: 1-8:12

Te gen yon fèt nan Jerizalèm. Jezi te di li pa t'ap ale nan fèt la, men li te ale ladann, san pèsòn pa t' konnen sa.

Malgre sa, tout moun t'ap pale de li. Gen nan yo ki te di Jezi se yon bon moun, gen lòt ki te di l'ap twonpe moun avèk ansèyman l' yo. Pèsòn pa t' vle pale anpil paske yo te pè lidè relijye yo. Nan mitan fèt la, Jezi te ale nan tanp lan epi li te kòmanse anseye foul moun yo. Tout moun te sezi tande sa l' t'ap di.

Lidè relijye yo te voye sòlda al arete l'. Yo te ale, men yo pa t' kapab pran l', paske lè pou l' te mouri a pa t'ankò rive. Rapidman sòlda yo te sezi tande sa l' t'ap anseye. Alafen, yo te retounen al jwenn lidè relijye yo.

Chèf relijye yo te mande yo: "kote l'? poukisa nou pa mennen l' vini?"

Sòlda yo te di: "nou ponkò janm tande yon moun pale tankou nonm sa a."

Nan demen, Jezi te retounen al anseye nan tan plan ankò. Chèf Jwif yo te mennen yon fanm yo te kenbe nan adiltè devan l'. Yo te panse yo te kapab sèvi avè l', pou yo te pran Jezi nan pèlen epi pou yo te kapab pran sa kòm prèv pou yo akize l'.

Yo te di l': "mèt, nou pran fanm sa a nan adiltè. Lalwa Moyiz la di, nou dwe tiye l' avèk kout wòch. Men nou vle pou w di nou sa pou nou fè."

Li te fè kòm si l' pa t' tande yo. Li te bese, li t'ap ekri avèk dwèt li atè a. Men yo te kontinye ap poze l' kesyon. Alafen, li te kanpe, li te di yo: "oke, tiye l' ak kout wòch. Men se pou moun ki konnen li pa janm fè peche a voye pwemye kout wòch la. Aprè sa, li te retounen bese, li rekòmanse ekri atè a.

Moun yo te kanpe la san yo pa t' di anyen. Après a, yo te kòmanse ale yonn pa yonn, moun ki pi ansyen yo te kòmanse fè sa an pwemye. Aprè sa, Jezi te kanpe, li te gade toupatou. Limenm sèl avèk fanm lan te kanpe nan mitan foul moun yo. Li te di fanm lan: "kote moun yo ki t'ap akize w yo? Èske yo pa t' kondane w?"

Li te reponn: "non, yo pa t kondane m' Senyè."

Jezi te di l': "bon, mwenmenm nonplis mwen pa kondane w pou w mouri. Ale, men pinga janm fè peche ankò."

Après sa, li te pale avèk foul moun yo, li te di: "se mwenmenm ki limyè k'ap klere tout moun ki sou latè. Moun ki swiv mwen va gen limyè ki bay lavi a. yo p'ap janm mache nan fènwa.

199 - Jezi Geri Nonm Ki Te Fèt Avèg la

Jan 9

Jezi avèk disip li yo te kontre avèk yon nonm ki te fèt avèg. Disip li yo te di: “Mèt, poukisa nonm sa avèg? Se poutèt peche pa l’oubyen peche paran l’ yo?”

Jezi te reponn, li te di: “se pa yon peche prsizeman ki fè l’avèg. Li te fèt konsa, se pou moun kapab wè sa pouvwa Bondye a kapab fè nan li. Pa bliye sa, mwen se limyè k’ap klere tout moun ki sou latè. Aprè sa Jezi te krache atè a epi li te fè yon ti labou avèk krache a, epi li te mete l’ nan zye nonm lan, aprè sa li te di l’: “al lave zye w nan pisin Siloye a.”

Nonm nan te ale nan pisin nan, li te lave zye l’. Lè l’ tounen li te wè nan tou lè de zye l’ yo. Lè l’ te retounen lakay li, vwazen l’ yo te sezi wè li kapab wè. Yo te panse petèt se pa moun nan yo te konnen an. Li te di yo: “wi se vre, mwen se nonm ki te fèt avèg la!”

Yo te di l’: “kòman w fè wè nan zye w ankò?”

“Yon nonm yo rele Jezi te krache atè epi li te fè yon ti labou. Li te mete enpe nan zye m’, epi li te di m’al lave zye m’, kon m’ te fè sa, mwen te wè.”

“Kote nonm sa a?”

Li te reponn yo: “mwen pa konnen non. ” Yo te mennen l’ bay farizyen yo, epi li te rakonte yo tout bagay. Li te fin rakonte istwa a konsa: “konsa, mwen te ale nan pisin nan, mwen te lave zye m’ jan l’ te di m’ fè sa a, epi mwen wè. ”

Sa te fè yon diskisyon pete ant chèf relijye yo. Gen nan yo ki pa t’ kwè mirak sa a te sòti nan Bondye, paske l’ te fèt yon jou Saba a. Men kèk lòt te di yon nonm k’ap fè mal pa ka fè yon mirak konsa.

Konsa yo te mande nonm nan: “sa w di oumenm? Kimoun nonm ki te geri w la ye?” San l’ pa t’ pran tan, li te di: “li se yon pwofèt. ”

Yo pa t’ vle tandè sa. Se konsa, gen nan yo ki te mande èske nonm lan te janm avèg avan sa vre?”

Yo te rele paran l’ yo, yo te mande yo: “èske se pitit avèg nou an sa? Si se li, kòman l’ fè wè?”

Paran l’ yo te pè reponn, paske yo te konnen chèf relijye yo te kapab mete yo deyò nan sinagòg la. Yo te di: “se pitit nou an, epitou wi li te fèt avèg. Se sa ase nou konnen. Nou pa konnen anyen sou kòman l’ fè wè kounyea. Li gran moun pou tèt li, li kapab reponn limenm. Mande l’, la di nou.”

Konsa, yo te mande nonm nan ankò: “pa fè louranj pou nonm sa a ki rele Jezi a, ki pa bon. Fè louranj pou Bondye.”

Nonm nan te di: “mwen pa konnen anyen nan teyoloji. Tout sa mwen konnen, sè ke mwen te avèg, kounyea mwen wè.”

Yo pa t’ renmen repons sa ankò. Se poutèt sa yo te mande l’ankò: “kòman sa te rive fèt?”

Li te reponn: “mwen te déjà di nou sa k’ te pase a. Poukisa nou vle pou m pale de sa ankò? Èske nou vle vinn disip li?”

Yo te joure l’, yo te di l’ konsa: “non! Se disip Moyiz nou ye, ki te konn pale avèk Bondye fas a fas. Nonm sa a, nou pa konnen ki ototrite li genyen.”

Nonm nan te sezi. Li te di: “nou pa konnen kote l’ te jwenn otorite li genyen an? Gade m! Mwen te avèg epi li te geri m’. Nou tout nou konnen sa, Bondye pa bay moun k’ap fè mal kalite pouvwa konsa.”

Sa te fè farizyen yo te fache anpil, yo te di l’: “kòman ou fè pèmèt ou ap bannou leson?” Epi lamenn yo te mete l’ deyò nan sinagòg la.

Jezi te aprann sa k’ te pase a, konsa li te ale epi li te jwenn nonm nan. Li te di l’: “èske w kwè nan Pitit Bondye a?”

“Senyè, di m’ kimoun li ye pou m’ ka kwè nan li. Jezi te di l: “ou te wè l’avèk pwòp zye w. Se limenm menm k’ap pale avè w la a.

Nonm nan te mete ajenou, epi li te di: “Senyè, mwen kwè. ”

200 - Transfigirasyon an

Matye 17: 1-13; Mak 9: 2-29; Lik 9: 28-36

Jezi te pran Pyè, Jak avèk Jan epi li te al priye nan yon mòn. Pandan Jezi t'ap priye, twa disip yo t'ap dòmi. Sibitman, lè yo te reveye, yo te wè figi Jezi te vèn klere klere, rad li te vèn klere tou blan. Après sa, yo te wè de moun avè l', epi yo te konnen se te Moyiz avèk Eli. Yomenm tou yo te klere tankou solèy la.

Moyiz avèk Eli t'ap pale avèk Jezi konsènan lamò li.

Pyè te pale, lè de mesye yo t'ap prepare yo pou yo ale. Li te di: "Mèt, sa te bon nèt pou nou te la.

Tanpri souple, pèmèt nou fè twa tant, yonn pou ou, yonn pou Moyiz epi yonn pou Eli."

Pandan l't'ap pale, yon nyaj klere te vèn kouvri yo. Disip yo te sezi. Yon vwa te di: "sa se pitit gason mwen an, koute l'."

Disip yo te pè anpil. Jezi te ale kote yo epi li te touche yo. Li te di yo: "pa pè. Reveye" Yo te gade toupatou epi tout bagay te vèn nòmal. Se Jezi sèlman yo te wè avèk yo.

Pandan yo t'ap desann mòn nan, Jezi te di yo: "pa di pèsòn sa nou te wè jodia, jouk après mwen leve sòti vivan pami mò yo. Yo te sezi lè l' te pale de leve sòti vivan nan lamò a, men pèsòn pa t' di anyen de sa.

Okontrè yo te di: "Senyè, poukisa Eskrib yo di fòk Eli vini avan avan?"

Li te di: "se vre. Eli va vini avan pou l' mete tout bagay nan lòd. Men koute sa byen. Eli te vini, men pèsòn pa t' rekonèt li. Sa te fè l' soufri, menm jan mwen va soufri nan men yo. Disip yo te konprann li t'ap pale de Jan Batis.

Yon gwo foul moun t'ap tann yo nan yon tèt mòn. Yon nonm te kouri monte epi li te mete ajenou devan Jezi, li te di: "Senyè, gen pitye pou pitit gason m' nan, sèl pitit mwen genyen an. Li gen yon move lespri sou li, nenpòt kote l' pran l' li lage l'atè, gen de lè se nan dife, gen de lè se nan dlo. Li pa kapab pale. Li manje dan, li kimen, li woule atè.

Mwen te mennen l' kote disip ou yo, men yo pa t' kapab ede m'. Si ou kapab fè yon bagay pou mwen, tanpri ede nou.

Jezi te note sa papa a te di a: "si w kapab fè yon bagay ... konsa li te di: "tout bagay posib pou moun ki kwè."

Papa a te di: "Senyè mwen kwè... O Senyè, vèn ede m' pou m' gen plis konfyans!"

Jezi te di l': "mennen pitit la ban mwen."

Lè lespri a te wè Jezi, li te jete tigas an atè. Li te woule atè a, epi li te kimen.

Jezi te di lespri a: "sòti nan ti gason an, pinga janm tounen nan li ankò."

Lespri a te sòti nan ti gason an avèk vyolans. Ti gason an te rele, li te tonbe atè. Moun ki t'ap gade l' te di: "li mouri." Jezi te avanse kote l', li te pran men l', li te ede l' kanpe.

Kèk tan après sa, disip yo te di l': "Senyè, kisa ki fè nou pa t' kapab chase lespri a nan li a?"

Jezi te di: "kalite demon sa a, kapab sòti sèlman pa lapriyè avèk jèn."

201 - Jezi Peye Taks Tanp lan

Matye 17: 22-27; Mak 9: 33-42

Jezi te retounen Kapènwòm avèk disip li yo. Pandan yo t'ap ale, li te di: "yo va livre pitit lòm nan bay moun ki va tiye l'."

Disip yo pa t' konprann de kisa li t'ap pale. Men, yo pa t' janm mande l'anyen sou sa, paske yo te nan yon diskisyon antre yo. Yo t'ap diskite antre yo, pou yo te konnen kilès ki te pi gran. Lè yo te rive nan kay la nan Kapènwòm, tout douz mesye yo te reyini ansanm avèk Jezi. Jezikri te mande pou yon timoun te vèn kanpe bò kote l'. Li te di: "si nou vle pi gran pase tout moun, se pou nou nou vèn sèvitè tout moun."

Après sa, li te pran timoun nan bra'l li te di, lè nou resevwa yon timoun konsa, nan non m', se mwenmenm nou resevwa. Men se plis pase sa. Se Bondye menm nou resevwa."

Jan te di: "Senyè, nou te jwenn yon nonm ki t'ap chase demon nan non w. Men li pa t' fè pati gwoup nou an. Konsa, nou te mande l' pou l' kanpe."

"Non, non! Pa fè l' kanpe. Yon moun k'ap fè mirak nan non m' pa kapab pale mal mwen après sa. Si 'l pa kont nou, li pou nou. Koute, si yon moun fè kado menm yon vè dlo nan non m', moun sa va rekonpanse poutèt sa."

Li te pran yon timoun nan bra l'ankò, li te di: "Koute m'avèk anpil atansyon. Si yonn moun ta fè yonn nan timoun sa yo ki kwè nan mwen an peche, li t'ap pi bon si yo ta mare l' nan yon gwo wòch epi voye l' nan lamè."

Nan demen, yon nonm ki t'ap fè peye taks pou tanp lan te ale kote Pyè epi lit e di: "Èske mèt ou a peye taks pou tanp lan?"

A wi, li fè sa. Men Pyè pa t'asire sou sa. Lè l' te retounen Kapènwòm, Jezi te wè l' t'ap panse anpil. Li te di Simon: "di m' kisa w panse sou sa. Lè yon wa ap fè peye taks, èske l' fè fanmiy li peye l'?"

"A, non. L'ap fè lòt moun peye, men fanmiy li p'ap peye. Jezi te di: "se vre pitit wa yo pa peye taks, men nou pa vle ofanse pèsòn, sou kesyon sa a. konsa, al nan lamè a, kenbe yon pwason. Lè w fin kenbe l', louvri bouch li. Ou va jwenn yon pyès lajan, mezi pou w peye taks pa m'avèk pa w."

202 - Nonm Rich la Avèk Laza

Matye 13: 44-46; 25:1-13; Lik 16: 9-31

Jezi te di: “te gen yon nonm rich, ki te konn abiye avèk bèl twal wouj e blan, ki te koute chè, li te rete nan yon bèl kay epi li te konn manje pi bon manje ki genyen.

Laza se te yon nonm pòv, ki te rete nan papòt kay li. Li te malad. Tout kò l’, se te maleng. Se te sa k’ t’ap sot tonbe anba tab nonm nan, li te konn manje. Anpil fwa, chyen yo te konn al niche maleng li yo.

Laza te mouri, anj Bondye yo te pote l’ nan sen Abraram nan. Nonm rich la te mouri tou epi li te ale kote mò yo rete a, yon kote ki gen dife avèk touman.

Li te leve zye l’, li te wè Laza akote Abraram. Nonm rich la te di: “Papa Abraram, tanpri souple gen pitye pou mwen. Voye Laza al tranpe ti pwent dwèt li nan yon ti tak dlo, pou l’ vèn mete yon frechè sou lang mwen. Paske se pa ti soufri m’ap soufri nan flam sa a.”

Abraram te reponn li: “piti mwen, sonje byen, ou te resevwa tout bon bagay pa w yo pandan w te sou latè. Lè sa a, Laza t’ap viv nan mizè? Kounyea, li jwenn konsolasyon bò isit la, oumenm w ap soufri. Epiou gen yon abim ki separe nou avèk ou. Konsa pa gen mwayen pou moun sòti bò isit la pou y’al jwenn ou, osinon pou moun ta sòti kote w ye a pou y’al jwenn ou.

“Nonm rich la te di: “O, papa Abraram, tanpri souple, voye Laza kote frè m yo, pou l’ pale yo jan bagay yo ye, pou yo pa vèn isit la nan touman sa a.”

Piti mwen yo deja resevwa avètisman. Yo genyen sa Moyiz avèk pwofèt yo te ekri.

Nonm nan te di: “sa yo pa ase! Yo va koute si yonn pami mò yo tounen al pale avèk yo. Lè sa a yo va repanti.” Abraram te di: non! Se pa vre. Si yo pa ba Labib enpòtans, yo p’ap kwè menm si yonn nan moun mouri yo ta retounen al pale avèk yo.

Kèk tan aprè, Jezi te bay parabòl sa a: “peyi wa a ki nan syèl la, se va tankou istwa dis jèn fi ki pran lanp yo, ki sòti pou y’al rankontre mesye marye a. senk nan yo te gen bon konprann e senk nan yo pa t’ gen bon tèt. Mesye marye a te mize pou l’vini. Konsa, dis jèn fi yo te tonbe nan dòmi epi lanp yo te tenyen. Nan mitan lannwit lan, yo te tande yon rèl ki te di: “men mesye marye a ap vini.”

Dis jèn fi yo te reveye epi yo t’ap chèche limen lanp yo, men lwil la te fini. Senk yo ki te gen bon konprann yo te gen lwil anlès, men senk ki pa t’ gen bon tèt la pa t’ genyen. Senk jèn fi yo ki pa t’ gen bon konprann yo, te di yo: “tanpri, bannou enpe nan lwil nou an.”

Senk yo ki te gen bon konprann nan te di: “non. Sa nou genyen an pa kapab separe. Degaje nou, kouri al wè kote nou kapab jwenn achte.” Konsa, jèn fi yo ki pa t’ gen bon konprann nan te kouri al chèche lwil achte.

Pandan yo te al chèche a, mesye marye a te vini. Senk sa yo ki te gen bon konprann yo te nan sal la, epi yo te fèmen pòt la. Lè jèn fi yo ki pa t’ gen bon konprann yo te tounen, yo te fwape pòt la, yo te di: “tanpri souple kite nou antre. Louvri pòt la.” Aprè sa, andedan dèyè pòt la, yo te tande: “non ! Mwen pa konnen nou.”

Jezi te bay yon lòt egzanp ankò konsènan wayòm syèl la. Li te di: “se tankou yon nonm k’ap mache nan yon jaden, sibitman li dekouvri yon trezò enpòtan ki te kache. Li te konnen li pa t’ kapab pran l’ konsa nan jaden an. Konsa, li te vann tout sa l’ genyen epi li te achte jaden an.

Se menm jan avèk yon nonm ki te nan yon mache kote yo t’ap vann pèl ki koute chè. Sibitman, li te wè yonn ki koute chè anpil, yo te fè antant pou pri a, aprè sa li te ale epi li te vann tout sa li te genyen. Kon l’ te gen ase lajan, li te ale epi li te peye l’.

203 - Swasanndis Fwa Sèt Fwa

Matye 18:21-35

Pyè te poze Jezi kesyon sa a: “konbyen fwa pou m’ padone yon moun ki fè m’ yon bagay mal? Sèt fwa konsa?”

Jezi te reponn: “Pyè, tandè sa byen. Se pou w padone l’ swasanndis fwa sèt fwa! Men kijan sa ap pase nan peyi wa a ki nan syèl la: se tankou yon wa ki te vle fè regleman avèk sèvitè l’ yo ki te dwe l’ lajan. Li te fèk kòmanse fè regleman, lè yo mennen yon nonm ba li, ki te dwe l’ 50.000 goud. Wa a te konprann nonm nan pa t’ gen mwayen pou l’ te peye dèt la. Sèvitè a te mete ajenou devan wa a, li te di: “tanpri souple, pran pasyans pou mwen, epi mwen va peye w tout sa mwen dwe ou. Wa a te konnen pwomès nonm nan pa t’ chita sou anyen, kè l’ te fè l’ mal pou li, li te di: “kite l’ ale. Mwen kite lajan an pou li. Nonm nan pa t’ kwè zòrèy li. Li pa t’ dwe anyen ankò, li te lib nèl.”

Kèk tan aprè, nonm sa te kontre avèk yon zanmi l’ ki te dwe l’ 100 goud. Li te kenbe l’, li te kòmanse trangle l’, li te di: “peye m’ 100 goud la ou dwe m’ nan toudswit! Zanmi an te mete ajenou devan l’, li te di l’: “tanpri souple, pran pasyans pou mwen epi mwen va peye w sa m’ dwe w la.

Li te reponn li: “non! Mwen pèdi pasyans avè w. Mwen pra l fè mete w nan prizon pou jouk lè mwen touche kòb mwen an.”

Wa a te fache lè l’ te tandè sa k’ te pase a. li te fè yo mennen nonm lan devan l’, li te di l’: “gade jan w mechan! Mwen te kite 50.000 goud ou te dwe m’ pou ou, paske mwen te gen pitye pou ou. Kòman w ka fè trete yon zanmi w konsa, poutèt 100 grenn goud? Sòlda, pran nonm sa a, al mete l’ nan prizon.” Aprè sa Jezi te di Pyè: “se konsa papa m’ ki nan syèl la aji avèk nou, lè l’ padone peche nou yo. Se konsa tou, nou dwe padone moun yo ki fè mal kont nou.

204 - Bon Samariten an

Lik 10: 25-42

Te gen yon doktè Lalwa ki ale kote Jezi, epi li mande l': "kisa pou yon moun fè ppou l' gen lavi etènèl?"

Jezi te di l': "di m' sa ki te ekri nan Lalwa a."

Li te di: "renmen Bondye avèk tout kè w, avèk tout nanm ou, avèk tout fòs epi avèk tout panse w, epi renmen frè parèy ou menm jan w renmen pwòp tèt pa w."

Jezi te di l': "ou byen reponn. Ale epi fè sa ou va gen lavi."

Nonm nan te konprann sa te difisil anpil, li te mande Jezi: kimoun ki frè parèy mwen?

Jezi te reponn li konsa:

"Vwala te gen yon nonm ki t'ap vwayaje nan wout ki sòti Jerizalèm pou ale Jeriko a. Kèk asasen te kontre avè l', yo te kenbe l'epi yo te bat li byen bat, jouk li te prèske mouri. Yo te pran lajn l', epi menm rad li tou, apre sa yo te kite l' bò wout la. Nonm nan te bezwen èd anpil, epi rapidman, te gen yon sakrifikatè ki te vèn ap apse nan wout la. li te wè nonm nan. Men li te pase bò lòtbò wout la, epi li te al fè wout li. Aprè sa, yon levit te vèn ap pase nan menm wout la tou, li te rive tou pre, li te wè nonm nan, men li te janbe lòtbò wout la tou, li te al fè wout li.

"Men te gen yon twazyèm moun ki te vèn ap pase nan wout la ankò, men malerezman se te yon moun nan peyi Samari, yon gwoup moun Jwif yo te rayi. Li te rive bò kote nonm nan. Kè l' te fè l' mal, lè l' te wè nonm nan. Li te pwoche kote l', li te vide lwil avèk diven nan kote l' te blese yo, li te panse yo. Aprè sa, li te mete l'anwo bourik li te monte a. li te mennen l' nan yon otèl kote l' te pran swen l'. Nan demen, li te rale kòb nan pòch li, li te bay mèt otèl la. Li te di: "okipe nonm sa pou mwen. Lè m' tounen isit la ankò, ma remèt ou tout depans ou va fè anplis pou mwen."

Après sa, Jezi te di nonm nan:

"Daprè ou, nan twa moun sa yo, kilès ki te montre li se frè parèy nonm ki te tonbe nan men asasen yo?"

Doktè Lalwa a te reponn: "se nonm ki te gen pitye pou li a."

Jezi te di: "wi se sa. Ale, epi fè tankou limenm."

Après sa, Jezi te ale nan yon ti bouk. Li te gen zanmi ki te rete la, epi yo te envite Jezi avèk yo, pou te al manje lakay yo.

Pandan yo t'ap pale, yonn nan sè yo ki te rele Mari te chita nan pye Jezi, li t'ap koute tout sa l' t'ap di.

Mat menm t'ap fatigue kò l'avèk tout travay ki te gen pou fèt nan kay la, pou yo te resevwa mou yo, yo te envite yo. Sa te fè l' mal, konsa, li te ale kote Jezi, li te di l': "Senyè, sa pa fè w anyen pou w wè se mwenmenm k'ap fè tout travay la pou kont mwen? Tanpri souple, di l' pou l' vèn ede m'."

Jezi te di l': "O Mat! Mat! Ou fatigue kò w twòp. Men ou bliye se yon sèl bagay ki pi bon. Se limenm Mari chwazi, yo p'ap janm wete l' nan men l'."

205 - Mouton Pèdi a, Pyès Lajan Pèdi a, e Pitit Gason Ki Te Pèdi a

Matye18:12-14; Lik 15

Foul moun relijye yo te fache lè yo te wè moun ki te nan peche yo te sanble kote Jezi. Yo t'ap di: "li pèmèt kolektè kontribisyon yo avèk pechè yo sanble kote l'. Li rive menm manje avèk yo."

Jezi te reponn yo, lè l' te ba yo twa istwa sa yo. Li te di: "te gen yon nonm ki te gen 100 mouton.

Pandan l' t'ap konte yo nan aprè midi, li te wè te manke yonn. Konsa, li te kite 99 lòt yo epi li te al chèche mouton ki te pèdi a. Lè l' te jwenn li, li te mete l' sou zepòl li, epi li te retounen avè l'. Li te rele zanmi l' yo avèk vwazen l' yo, epi li te di: "vìn fete avè m, mwen te jwenn mouton m' nan ki te pèdi a."

Se konsa, sa ye nan syèl la. Gen rejwisans nan syèl la, lè yon sèl pechè repanti epi tounen vìn jwenn Bondye."

"Yon fanm te gen dis pyès lajan. Li pa wè yonn nan yo. Li limen yon lanp epi li bale tout kay la, jouk li te jwenn li. Li te tèlman kontan, li te rele zanmi l' yo avèk vwazen l' yo, epi li te di: "vìn fete avè m', mwen te pèdi yonn nan pyès lajan m' yo. Men, kounyea mwen te jwenn li."

Se konsa, sa ye nan syèl la tou, m'ap di nou sa, gen kontantman nan mitan anj Bondye yo, pou yon sèl moun ki t'ap viv nan peche, ki tounen vìn jwenn Bondye.

"Yon nonm te gen de pitit gason. Pi jèn nan te di l': "ban m' pòsyon byen pa m', Se kounyea mwen vle pou w fè sa. Lè sa a, papa a te separe byen l' yo bay tou lè de.

Pi jèn nan te kite kay la, epi li te vwayaje al nan yon peyi byen lwen. Etan l' te la, li te lage kò l' nan banbòch, li te gaspiye tout lajan li. Lè misye te fin gaspiye tout sa l' te genyen. Aprè sa, yon gwo grangou te tonbe nan peyi a. Li pa t' gen kote pou l' rete, ni anyen pou l' manje lè sa a, li te vìn nan nesite.

Li te jwenn yon travay pou l' okip kochon. Grangou a te tèlman rèd pou li, li te kòmanse anvè manje nan manje kochon yo t'ap manje. Li te desann ba nèt, epi pèsòn pa t' ba l' anyen.

Yon jou li te di: "m'ap mouri avèk grangou isit la, tandiske mounk ka'p travay lakay papa m' gen twòp manje pou yo manje. M'ap retounen epi m'ap desann tèt mwen devan papa m'. M'ap mande l' pou l' pran m' tankou yonn nan sèvitè l' yo. Mwen va di: "papa, mwen te fè peche kont Bondye epi kont ou. Mwen konnen mwen pa kapab vìn yon manm nan fanmiy lan ankò, men, ou mèt pran m' tankou yonn nan travayè w yo."

Li te derape pou l' tounen lakay li. Pandan l' te nan yon bèl distans nan wout la, papa l' te wè l' t'ap vini. Avèk kontantman, papa a te kouri al rankontre avèk pitit la, li te pase men l' nan kou l' epi li te bo l'. Pitit gason l' lan te fè bak, li te bese tèt li, li te kòmanse pale: "papa, mwen te peche kont Bondye e kont ou. Mwen konnen mwen pa yon manm nan fanmiy lan ankò..."

Papa a te rele sèvitè l' yo, li te di: "al pran pi bèl rad la, avèk pi bèl soulye a, mete yo sou pitit gason m' nan. Chèche yon bag fanmiy lan ki bon pou li." Li te di kèk lòt sèvitè: "al nan jaden an, pran ti toro bèf gra a. Nou pra l' fè yon fèt aswè a. Pitit gason m' nan te mouri, kounyea li vivan. Li te pèdi, men kounyea mwen jwenn li ankò. Nou pral fete."

Nan aprè midi, pi gran pitit la te sòti nan travay, li t'ap mache pou l' retounen lakay li. Sibitman, li te tande mizik epi li te wè moun ki t'ap danse. Li te mande yonn nan sèvitè yo: "sa k' gen la a?"

"Se frè w la. Li te vini lakay la. Konsa, papa w tiye ti bèf gra a epi l'ap fè fèt. Li vle pou w al jwenn li."

Pi gran pitit la te fache, li pa t' vle al nan fèt la. Papa a te sòti al kote l', epi li te di l': "pitit mwen, tanpri souple vini epi fè kè w kontan avè m'."

Pitit la te fache epi li te di: "mwen te fidèl avèk ou pandan tout lane sa yo, epi mwen te konn fè tout bagay ou te mande m fè. Menm yon fwa ou pa t' janm tiye menm yon ti bouk kabrit pou w onore

fidelite m'. Kounyea, vagabon sa a pran byen fanmiy lan, li gaspiye l' bay fanm movèz vi yo, men w rekonpanse l'avèk yon ti toro bèf gra."

Papa a te gade l'epi li te di: "O, pitit mwen, ou te toujou la, kole-kole avèk mwen isit la. Tout sa m' genyen se pou ou. Men frè w la- li te mouri. Kounyea li vivan! Li te pèdi. Kounyea mwen jwenn li. Annou fè kè nou kontan ansanm.

206 – Moun Ki Genyen Maladi Lalèp, Move Jij la Avèk Ògèy

Lik 17:11-19; 18:1-14

Pandan Jezi t'ap ale Jerizalèm, li te pase nan yon ti bouk. Dis moun ki te malad avèk lèp te vèn kontre avè l'. Yo te mande pou moun ki gen maladi sa a separe avèk lòt moun. Yo te rete yo kanpe byen lwen l', yo pale byen fò, yo di konsa: "Jezi, mèt, gen pitye pou nou." Lè Jezi wè yo, li di: "al fè sakrifikatè yo wè nou."

Yo yonn te gade lòt, epi yo te deside fè sa l' te di yo a. Pandan yo t'ap ale, yo te geri. Yonn nan yo ki te wè li te geri tounen sou wout li, li t'ap fè louranj Bondye byen fò pou tout moun tandè. Li lage kò l'atè nan pye Jezi, li di l'mèsi. Nonm sa a se te moun Samari. Jezi te gade toupatou epi li te di: « Èske nou tout dis la pa t' geri? » Kote lòt nèf yo. Ou sòti Samari, donk se etranje sa a sèlman ki sonje pou l'vèn fè lwanj Bondye."

Après sa, Jezi te ede nonm nan leve, epi li te di l': "ale, se konfyans ou nan Bondye ki geri w."

Pita, Jezi t'ap anseye foul moun yo pou yo pa janm dekouraje lè y'ap lapriyè. Li te di: "te gen yon jij ki pa t' gen krentif pou Bondye, epi li pa t' respekte pèsòn."

Nan vil kote li te rete a, te gen yon vèv ki te toujou ap di li: « rann mwen jistis kont mesye a ki te fè m'abi a. » Pandan lontan jij la te refize fè sa pou li. Finalman, li te di nan kè l': "se vre, mwen pa pè Bondye, ni mwen pa pè pèsòn. Men fanm sa a nwi m' twòp. M'ap rann li jistis, konsa, la kite m'anrepo." Nou tandè sa move jij la te di.

Jezi di nou se pou nou pèsevere menm jan avèk fanm sa a, lè n'ap mande Bondye yon bagay. Men, nou gen yon avantaj sou vèv sa a. Jij la pa t' dispoze ede li, men, noumenm, nou gen yon papa nan syèl la ki renmen nou, epi ki toujou vle ede nou.

Jezikri te rakonte yon lòt istwa ba yon foul, lè li te fè wè kèk panse ki pi bon pase lòt. Li te di: "dezòm te ale nan tanp lan pou yo priye. Yonn se te yon farizyen, ke tout moun respekte. Lòt la se te yon pèseptè kontribisyon, ke tout moun te rayi, paske yo te panse yo se trèt yo te ye pou pèp la.

"Farizyen an te kanpe nan yon kalfou epi li te priye konsa: "Bondye, mwen kontan mwen pa menm jan avèk lòt moun, tankou sa yo ki ava ou malonèt- ou sa yo ki pa fidèl anvè madanm yo. Mwen kontan espesyalman, paske mwen pa menm jan avèk pèseptè kontribisyon sa a. Senyè, jan ou konnen sa, mwen fè jèn de fwa pa semèn epi mwen bay ladim nan tout sa m genyen. Pèseptè kontribisyon an te rete deyò. Li pa t' gen kouraj pou l' leve zye l' nan syèl la. Li t'ap bat lestomak li, li t'ap di:

"Bondye, gen pitye pou mwen ki fè anpil peche. Tanpri souple, gen pitye pou mwen." Jezi te di: "m'ap di nou sa byen, se pa farizyen an non, men se pèseptè kontribisyon an ki retounen lakay li avèk padon Bondye. Paske Bondye va leve moun ki desann tèt yo, men li va desann moun ki leve tèt yo."

207- Rezireksyon Laza a

Jan 11

Laza avèk sè l' yo te rete prèske nan yon distan 3 kilomèt konsa avèk Jerizalèm, nan yon vil ki te rele Betani. Laza te vèn malad anpil, konsa sè l' yo te rele Jezi. Jezi se te yon zanmi fanmiy li. Yo te voye di l': "Senyè zanmi w lan malad."

Jezi te tann de jou pase aprè l' te resevwa nouvèl sa a avan l' te di disip li yo: "nou pra l' nan peyi Jide." Yo te di: "Senyè, li pa bon pou w ale la, paske Jwif yo ap chèche tiye w."

Li te di: "zanmi nou an Laza ap dòmi, mwen pral reveye l'."

Disip yo reponn li: "mèt, si l'ap dòmi, li pral geri."

Jezi te vle di yo Laza te mouri, men disip yo te konprann se dòmi Laza t'ap dòmi, tankou tout moun fè.

Epi se poutèt ki fè li pa t'ale pi bonè. Sa m'pral fè a ap ede nou kwè nan mwen. Kounyea, annou ale Betani.

Toma te di lòt disip yo: "ann ale ansanm avèk mèt la tou, pou nou ka mouri avè l'."

Lè yo te prèske rive, yo te aprann ke Laza te gen kat jou depi li te mouri. Mat te tande l' t'ap vini, konsa li t'al kontre avè l'epi li te di l': "Mèt, si w te la, frè m'nan pa ta mouri. Mwen konnen tout bagay posib pou ou."

Jezi te di l': "frè w la va leve vivan ankò."

Mat te reponn li: "wi mwen konnen sa. Li gen pou l'leve vivan ankò nan dènye jou a, lè tout moun mouri yo va leve."

Jezi di li: "se mwenmenm ki leve moun mouri yo, se mwenmenm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri. Moun k'ap viv epi ki mete konfyans yo nan mwen, yo p'ap janm mouri. Èske ou kwè sa?" "Wi Senyè, mwen kwè ou se Kris la, pitit Bondye a." Aprè sa li te retounen lakay li, epi li te di Mari nan zòrèy: "Mari, mèt la la wi. Li mande pou w vin jwenn li."

Mari te leve, li te kouri al jwenn Jezi, epi anpil lòt moun te swiv li. Lè l'te kontre avè l', li te mete ajenou nan pye l', li te di: "Senyè siw te la frè m'nan pa t'a mouri siw te vini." APRÈ sa li te kòmanse kriye. Jezi te wè jan l' t'ap kriye ansanm avèk Jwif yo ki te vin avè l' yo, sa te fè l' mal anpil, kè l' t'ap fann. Li te di: "ki kote nou te antere l'?" Mari te kanpe pou l'mennen l'nan tonm nan. Aprè sa, Jezi te kriye. Yo mennen l'kote kò a te ye a. Se te yon gwòt avèk yon gwo wòch yo te mete devan bouch li. Lè Jezi te wè l', li te di: "wete wòch la."

Mat te di: "li gen kat jou depi l'nan kavo a, li santi Senyè."

Jezi vire gade l', li di l': "sonje sa m'te di w. Si w kwè waw è pouvwa Bondye a. konsa, yo te fè bak, epi mesye yo te wete wòch la. Jezi te leve zye l'anlè nan syèl la, li te di: "Mèsi papa dèske ou te tande mwen. Pran mirak sa a, sèvi avè l'pou ede moun yo kwè se ou ki voye m'. Aprè li te gade bouch kavo a epi li te rele byen fò, li te di: "Laza, Sòti deyò!"

Zye tout moun te fikse sou tonb lan. Lamenn Laza te sòti avèk de pye l' yo avèk de men l' yo mare avèk bann twal. Jezi te di: "demare l' non, kite l' ale."

Anpil nan jwif yo te kwè nan Jezi jou sa a. Men lè chèf relijye yo te tande sa, yo te reyini sa yo te rele gran konsèy la, kote yo te di fòk se tiye yo tiye Jezi, paske si se pa sa tout moun pral kwè nan li.

Yo te fè plan pou yo tiye Laza, paske leve l' nan lanmò a te fè anpil moun kwè nan Jezi.

208 - Moun Ki Pi Gran an, Moun Rich la Avèk Pòv la

Matye 20: 20-28; Mak 10: 46-52; Lik 19: 1-10

Vwayaj pou l' te Jerizalèm nan te fè Jezi pase nan Jeriko. Pandan l' te nan wout la, manman Jak avèk Jan te mete ajenou devan l', epi li te di: "Senyè, mwen ta renmen pitit gason'm yo chita akote w lè w vini nan wayòm ou an- yonn adwat ou epi lòt la bò goch ou." Jezi te di li: "ou pa konnen sa w'ap mande a." Li te vire bò mesye yo, li te di yo: "Èske nou kapab soufri jan m' pral soufri a?" Yo te reponn avèk asirans: "Wi Senyè, nou pare pou nou soufri." Jezi te gade yo pandan yon moman, li te di yo: "se vre, nou va bwè nan gode m' nan. Men kanta pou chita bò dwat oubyen bò goch mwen an, se pa mwen ki bay plas sa yo, papa m rezève yo pou moun li vle."

Lòt disip yo te fache avèk de frè yo, lè yo te tandè sa.

Jezi te rele yo ansanm epi li te di yo: "nou konnen kijan chèf nasyon yo trete pèp la tankou esklav. Grannèg yo toujou renmen fè moun santi jan yo gen pouvwa. Men, se pa konsa pou sa fèt nan mitan nou. O kontrè, si yonn nan nou ta vle yon gran nèg, se pou l' sèvi nou tout. Swiv egzanp mwen. Mwen pa t' vini pou lòt moun yo sèvi mwen, mwen bay lavi mwen pou lòt moun yo kapab viv.

Te gen yon chèf pèseptè ki t'ap viv nan Jeriko, li te rele Zache. Li te wè Jezi pandan l' t'ap pase nan vil la. Men li te yon nonm ti tay, li pa t' kapab wè nan mitan foul la. Konsa, li te kouri pran devan moun yo epi li te monte yon pye sikomò. Li te konnen li t'ap kapab wè Jezi lè l'ap pase anba pye bwa a. Lè Jezi te rive la a, li te kanpe. Li te gade anlè, epi li te di: "Zache, desann pye bwa a. Jodia, m'ap pase lakay ou.

Zache te desann pye bwa a byen vit, epi li te resevwa Jezi lakay li. Moun yo te kòmanse ap babaye, yo t'ap di: "men nonm nan al fè ladesant kay yon nonm ki plen peche." Men, Zache te di: "koutè mè. Mwen pral bay pòv mwatye nan tout byen mwen genyen. Si mwen te twonpe yon moun pou m' pran lajan l', m'ap remèt li kat fwa plis.

Jezi te di l': "jodia, kay sa a delivre, paske nonm sa a se pitit Abraram li ye tou. Moun Bondye voye nan lachè a vèn chèche moun ki te pèdi yo pou l' delivre yo."

Lè Jezi t'ap kite Jeriko, li te pase kote yon nonm avèg, li te rele Batime. Li t'ap mande charite bò wout la. Li te tandè foul moun yo, epi li te mande: "sa k'ap pase konsa?"

Yo te di l': "se Jezi, moun Nazarèt la k'ap pase la."

Lè l' te tandè sa, li pran rele: "Jezi- pitit David la, gen pitye pou mwen."

Anpil moun t'pa kouri dèyè l' pou yo fè l' pe bouch li, men li t'ap rele pi rès: " Jezi- pitit David la, gen pitye pou mwen."

Jezi te kanpe, epi li te di konsa: "rele l' pou mwen. "

Yo te ale kote Batime epi yo te di li: "Jezi ap rele w. Degaje w, leve epi al jwenn li. "

Batime te leve, li te jete manto l' la, se vole l' t'ap vole, pou l' te ale bò kote Jezi. Jezi te mande l': "kisa ou vle m' fè pou ou?"

"Mèt, mwen vle wè!"

Jezi te di li: "ale non ! se konfyans ou nan Bondye ki geri w."

Menm lè a, avèg la te wè, epi li t'ap mache dèyè Jezi nan chemen an.

209 - Antre Triyonfal Jezi a nan Jerizalèm

Matye 21: 1-11; Mak 11: 1-11; Lik 19: 28-44; Jan 21:1-19.

Yo te envite Jezi avèk disip li yo pou yo t'al manje nan yon kay. Yo te envite Laza tou e- pi se Mat ki t'ap sèvi manje a. Pandan yo t'ap manje, sè li a Mari te vide anpil pafen sou pye Jezi epi li te siye l'avèk cheve l'. Kay la te plen avèk odè pafen an.

Jida Iskaryòt te di: "Senyè, se gaspiye pafen sa ap gaspiye! Yo te kapab vann li pou 300 goud, epi bay pòv lajan sa a. Li pa t' di sa paske l' te vle fè bagay pou pòv yo, men se paske se limenm ki te kenbe kès lajan an. Epi li te konn pran nan sa yo te mete ladann. Jezi te di: "kite l' trankil. N'ap toujou ka ede pòv yo, men mwen p'ap la avèk nou pou tout tan. Mari te vide pafen sa sou mwen pou lantèmman mwen. Pandan Levanjil la ap gaye toupatou nan lemond, yo va tandè pale de sa l' te fè a.

Nan demen Jezi te monte sou mòn Zoliv yo. Li te di de nan disip li yo: "Ale nan ti bouk ki devan nou an, n'ap jwenn yon manman bourik mare avèk yon jèn ti bourik avèk li. Lage yo, mennen yo banmwen. Si yon moun mande nou sa n'ap fè la, di l' mèt la bezwen yo."

De disip yo te ale, yo fè tout sa Jezi te ba yo lòd fè a. yo mennen manman bourik la avèk jèn ti bourik la. Mèt bourik yo te mande yo: "sa n'ap fè la?" yo te reponn: "Mèt la bezwen yo." epi li te pèmèt yo ale. Konsa disip yo te mennen manman bourik la ak pitit la bay Jezi. Okenn moun pa't janm monte ti bourik la avan jou sa a. Disip yo te mete rad yo sou li epi yo te ede l' monte l'. Pandan yo te nan wout la, yon bann moun te tann rad yo. Foul la te vinn pi gwo lè l' t'ap desann mòn zoliv yo. Gen lòt moun ki te gen branch bwa, yo te mete yo atè nan chemen an.

Ni foul moun ki t'ap mache devan Jezi a, ni moun ki t'ap mache dèyè l' yo, yo tout t'ap rele: "louranj pou pitit David la! Benediksyon pou moun ki vini nan non mèt la. Louranj pou Bondye, jouk anwo nan syèl la.

Te gen kèk nan farizyen yo ki te di Jezi: "ou pa tandè sa y'ap di? Fè yo sispann!"

Jezi te di: "si yo sispann, wòch yo ap kriye nan plas yo."

Lè l' te prèske antre nan vil la, li te kanpe epi li te kòmanse kriye. Li t'ap di: "O Jerizalèm! Jerizalèm si w te konnen sèlman! Jou sa se te yon jou espesyal pou ou, yon jou ki va pote lapè pou ou. Men kounyèa, zye w va kouvri ou p'ap kapab wè. Yon lame pwisan va detwi w. Tout sa va rive paske w pa't konnen lè Jezi te vizite w la."

Limenm avèk tout foul la te antre Jerizalèm. Te gen moun ki te sòti nan lòt peyi ki t'ap mande: "ki moun nonm sa ye menm? Moun yo te reponn: "se pwofèt Jezi, moun Nazarèt, nan peyi Galile a.

210 - Dènyè Semèn Ministè Jezi a

Matye 21: 12-46; Mak 11:12; 12:12; Lik 19:45-20:19

Pandan dènyè semèn avan fèt Pak la, Jezi te ale nan vil Jerizalèm chak jou, men li te dòmi chak swa nan yon vil ki pa t' twò lwen Jerizalèm. Pandan limenm avèk disip li t'ap tounen lavil Jerizalèm nan demen maten, li te wè yon pye fig frans bò wout la, li te pwoche bò kote l', men se fèy ase li te jwenn nan li. Lè sa a, Jezi te di pye fig frans lan: "ou p'ap janm donner ankò."

Lè l'te rive nan tanp lan, Jezi te wè moun ki t'ap vann bèt, pou sakrifis avèk moun ki t'ap chanje lajan. Li te mete yo deyò epi li te chavire tab yo.

Après li te chita epi li te di moun yo: "men sa ki ekri: yo va rele kay mwen an, kay kote pou moun lapriyè. Men nou fè l' tounen yon kachèt pou vòlè." Sa te fè chèf relijye yo fache anpil. Yo t'ap di fòk yo tiye l', paske li vinn twò popilè.

Nan demen maten, lè disip yo te wè pye fig frans lan, li te seche. Yo pa t' manke sezi. Yo te di Jezi: "kòman pye fig la fè sèche nan yon ti moman?"

Jezi te reponn yo: "si nou gen konfyans nan Bondye, nou va fè plis bagay pase sa. Nou va kapab di yon mòn, lage kò w nan lamè, epi sa ap fèt. Men nou dwe kwè sa ap fèt, san nou pa doute nan kè nou."

Jezi te kontinye ap anseye moun yo nan tanp lan. Yon jou li te di: "yon moun te fè yon jaden rezen, epi li te klotire l'. Aprè sa l' te pati, li te ale nan yon vwayaj pou anpil tan. Men, avan l'te ale li te fè antant avèk kèk moun, pou yo okipe jaden an pou li.

Lè sezon rekòt rezen an te rive, li te voye sèvitè l'yo chèche rezen pa l' bò kote jeran yo. Jeran yo te mete men sou sèvitè yo, yo bat yonn, yo bat li byen bat, yo tiye yon lòt, yo te tiye yon twazyèm avèk kout wòch. Met Jaden an te voye lòt sèvitè ankò, pi plis pase pwemyè fwa a. Jeran yo te maltrete yo menm jan an. Aprè sa li voye pwòp pitit gason l' lan kote yo an dènye.

Lè jeran yo te wè pitit gason l' lan, yo te di: "si nou tiye l', tout bagay ap rete pou nou." Konsa yo te sezi l', yo te tiye l', epi yo te voye l' lòtbò jaden an."

Jezi te di: "kisa nou panse mèt jaden an va fè avèk moun sa yo?"

Moun yo te reponn rapidman, yo te di: "l'ap tiye yo epi l'ap remèt jaden an bay lòt moun li kapab fè konfyans."

Chèf relijye yo te konprann se te pou yo Jezi t'ap pale. Yo te antann yo pou yo arete Jezi avan lontan, men yo pa t' konnen ni kilè, ni ki kote. Y'ap fè sa avèk prekosyon, paske yo pè foul moun yo.

211 - Dènye Soupe a

Matye 26:14-30; Mak 14:10-26; Lik 22:1-30; Jan 13:1-30

Chef relijye yo te reyini ansanm pou yo te deside sou kòman yo pra l' fè pou yo tiye Jezi. Pandan y'ap pale konsa, Jida Iskaryòt te vini epi lite di yo: "kisa n'ap ban m'si m' remèt li bannou?" Yo te kontan anpil, epi yo te dakò pou yo te ba li trant pyès lajan.

Menm kote a, Jezi te fè plan pou limenm avèk disip li yo, pou yo te fete fèt Pak la ansanm. Li te di Pyè avèk Jan: "ale nan vil la, n'a kontre yon nonm k'ap pote yon krich dlo. Swiv li. Kote va antre a, antre dèyè l'. Nou va di mèt kay la, Mèt la voye mande w kote pyès kay la pou l'manje manje delivrasn lan avèk disip li yo ye. Li va montre nou yon gwo chanm tou pare, tou meble, nan etaj kay la. Se la nou va pare manje delivrans lan pou nou tout.

De mesye yo te ale, yo te jwenn tout bagay jan Jezi te di l' la. Konsa, yo te prepare manje a jou swa sa a. Jezi avèk disip li yo te reyini la, pou yo te fete fèt delivrans lan.

Pandan yo t'ap manje, Jezi te leve sòti devan tab la, li te wete gwo rad li a, li te pran yon sèvyèt, li te mare l'nan ren l', epi li te vide dlo nan yon kivèt. Aprè sa, li te kòmanse lave pye disip li yo. Lè li te rive sou Pyè, Pyè pa t'kontan avèk sa, li te di: "mèt, oumenm ki pral lave pye mwen?" Jezi te di l': "Pyè, ou pa konprann sa m'ap fè a kounyea, men yon jou ou va konprann."

"Non Senyè. Mwen p'ap kite w lave pye m'. Se mwenmenm ki pou lave pye w."

Jezi te gade l', li te di: "si mwen pa lave pye w, ou p'ap disip mwen ankò."

Pyè te di li: "si se konsa, Senyè, se pa pye mwen sèlman pou w lave. Lave menm yo tou ansanm avèk tèt mwen."

Jezi te di l': "non ! Pyè. Lè yon moun fin benyen, tout kò l'pwòp. Se pye li ase ki bezwen lave. Pou noumenm, nou tout pwòp, men, se pa nou tout ki pwòp."

Kon l' te fini, li te mete gwo rad li a sou li ankò, epi li tounen nan plas li bò tab la, li di: "nou te wè sa mwen te fè. Yon sèvitè pa pi gran pase mèt li. Si mwenmenm ki mèt la, mwen desann tèt mwen devan nou, nou dwe desann tèt nou yonn devan lòt tou."

Rapidman, Jezi te vèn tris anpil. Li te di: "yonn nan nou pral trayi m'. Men fòk sa ki te ekri nan liv la rive vre. Li t'ap pi bon pou moun sa a si li pa t' janm fèt."

Disip yo te sezi tande sa, epi yo te kòmanse di: "Senyè, èske se mwen? Eske se mwen ki sila ki pral trayi w la?"

Jezi te di: "pandan yo t'ap manje, m'ap tranpe yon moso pen, epi m'ap bay moun ki va fè sa a li."

Jida te panche kò l', li te di l': "èske se mwen mèt?"

Jezi te gade l'epi li te di trankilman: "ou konnen se oumenm." Epi li te lonje moso pen tranpe a ba li.

Kon Jida te pran l', satan te antr nan kè l'epi li te leve kanpe.

Jezi te te gade l' epi li te di l': "Al fè sa w'ap fè a vit." Aprè sa Jida te sòti nan chanm nan. Lòt disip yo te panse senpman li te al pwomennen.

Pandan yo t'ap manje, Jezi te pran pen an epi li te beni l'. Li te kase l'epi li te di: "pran sa epi manje l', sa se kò mwen, ke mwen bay pou nou. Sonje m' lè n'ap manje l'."

Aprè yo te soupe, li te pran koup la, li te beni l'. Li te ba yo li, epi li te di yo: "bwè nan sa nou tout. Se san mwen, ki va koule pou padon peche yo. Mwen p'ap janm bwè diven ankò jouk lè mwen va chita nan wayòm Bondye a avèk nou."

Jezi te pale avèk yo pandan anpil tan, epi aprè sa, li te priye pou yo. Aprè sa, yo te chante yon kantik, epi yo te ale nan mòn Oliv la.

212 - Jetsemani

Matye 26:31-56; Mak 14:27-52; Lik 22:39-53; Jan 18:1-11.

Pandan Jezi avèk disip li yo t'ap mache deyò pòtay Jerizalèm nan, li te di yo: "aswè a, nou tout pral kouri kite m'poukont mwen ... men aprè sa, lè m' va leve sòti vivan nan lamò, mwen pral tann nou nan peyi Galile."

Pyè te di: "Senyè, mwen p'ap janm kite w, menm si tout moun kouri kite w."

Jezi te kanpe epi lit e gade l', li di: "Pyè! Aswè a menm, ou pral di ou pa menm konnen m'- epi sa p'ap fèt yon sèl fwa. Avan kòk la chante twa fwa, ou va di moun yo ou pa janm konnen m'."

Pyè te choke, li te di: "Senyè, menm si mwen ta dwe mouri, mwen pa'p janm nye'w." Tout lòt disip yo te di menm bagay.

Yo te ale nan forè ki te fèt avèk pye oliv yo sèlman an, yo te rele Jaden Jetsemani an. Lè yo t'ap antre, Jezi te di disip li yo: "chita la, pandan m' pral priye." Aprè sa li te pran Pyè, Jak avèk Jan, yo te antre nan Jaden an. Kon yo te rive la, li te kòmanse soufri. Li te di: "mwen gen lapenn anpil. Mwen santi se mouri m'ap mouri. Rete la avèk mwen, pa kite dòmi pran nou epi priye avèk mwen."

Après sa, li te antre tikras pi fon, li mete ajenou, li te priye konsa: "O papa mwen. Si se posib, wete gode soufrans sa a devan zye m'. Men se sa w vle a ki pou fèt, se pa sa m' vle a."

Li te tounen kote twa mesye yo, li te jwenn yo ap dòmi. Li te reveye yo, epi li te di: "Pyè, pa kite dòmi pran w epi priye avèk mwen. Paske lespri a byen dispoze, men lachè fèb."

Li te tounen dèyè yon lòt fwa epi li t'ap priye avèk anpil soufrans, li te mande si se posib pou l' pa ta bezwen soufri tout soufrans sa a. Yon lòt fwa ankò, li te wè twa mesye yo ap dòmi. Li te di: "poukisa n'ap dòmi? Yo te gade l' epi yo pa t' konnen sa pou yo di. Lè l' te priye twazyèm fwa a, li te kòmanse swe, men se te tankou se gout san ki t'ap tonbe atè a. Yon anj te parèt epi li te ba l' fòs.

Li te tounen kote disip yo te ye a yon lòt fwa, li te jwenn yo ap dòmi. Li te gade yo li te di: "n'ap dòmi toujou? N'ap poze kò nou toujou? Sa ase kounyea, lè a rive."

Jida te konnen jaden Jetsemani, se te yon kote Jezi te konn ale souvan avèk disip li yo. Avan l'te mennen moun yo al arete Jezi, li te di yo: "n'a gade m' byen. Moun nou va wè mwen bo a, se limenm ki Jezi a."

Konsa, aprè sa, Jida te mennen yon bann moun al pran Jezi. Pami yo te gen anpil sòlda tou. Yo te antre nan jaden an avèk tòch, avèk nepe avèk baton nan men yo.

Jezi te di disip li yo: "leve, men moun k'ap trayi m' nan rive."

Lè yo te rive kote Jezi te ye a, Jida te pwoche kote l' epi li te di: "bonswa mèt. Aprè sa li te bo l'.

Jezi te di Jida, se avèk yon bo ou trayi m'?"

Après sa, Jezi te di sòlda yo: "kimoun n'ap chèche?"

Yo te reponn: "Jezi, moun Nazarèt la."

"Se mwenmenm."

Lamenm yo te fè bak, yo te tonbe atè. Lè yo te leve, Jezi di yo ankò: "kimoun n'ap chèche?"

Yo yonn te gade lòt epi yo te di: "Jezi moun Nazarèt la."

"byen, mwen te di nou se mwenmenm. Kounyea kite sila yo al fè wout yo."

Sibitman, Pyè te wè sa k' t'ap pase a, li te rale nepe l'epi li te atake sèvitè granprèt la, li te koupe zòrèy li. Jezi te fè l' kite sa. Li te di l': "mete nepe'w la nan fourò l'. èske'w pa konprann sa? Mwen ta kapab priye kounyea menm epi papa m' te kapab voye anpil anj pou vèn pwoteje m'? Aprè sa, li te touche zòrèy nonm nan ki te koupe a, epi li te geri l'.

Nan moman sa a, tout disip yo te kouri kite Jezi. Après sa, sòlda yo te pran Jezi, yo te mare l'. Après sa yo te mennen l' bay chèf Jwif yo.

213 - Jijman Jezi Devan Jwif yo

Matye 27:1-10; Mak 14: 53-72; Lik 22: 54-71; Jan 18:15-27

Sòlda yo te pran Jezi nan jaden Jetsemani an, yo Mennen l'kay granprèt la. Pyè t'ap swiv Jezi yon ti jan lwen lwen. Kon l'te rive lakay granprèt la, li te chita bò yon dife, yo te limen l' nan mitan lakou a. Yon sèvant te gade l', li te di konsa: "oumenm tou ou te avèk Jezi, nonm Galile a." Pyè te di: "non ... non, mwen pa t'avèk li. Mwen pa konnen sa w ap di la a. Aprè sa li te deplase, li te ale yon lòt kote nan lakou a.

Granprèt la te poze Jezi kesyon sou ansèyman li yo. Jezi te reponn li: "mwen te anseye an piblik, mwen pa t' janm di anyen an kachèt. Men si w vle konnen sa m'te anseye, mande moun yo ki te konn tande m'yo, sa m'te konn di yo."

Yonn nan sòlda yo ki te la a ba l'yon souflèt epi li te di l': "ou fèt pou w gen respè lè w' ap pale avèk sèvitè Bondye a."

Jezi te reponn li: "poukisa w frape yon moun ki te di laverite?"

Après sa, yo te pran Jezi, yo te mennen'l nan yon balkon ki te sou tèt lakou a, konsa, pou l'te kanpe devan granprèt la.

Plizyè moun te vèn bay tewayaj kont li, men sa yo te di yo pa t'kapab mache ansanm. Yo te rele plizyè lòt pou yo te kapab retire sak pa t' klè yo, men sa te vèn pi mal. Alafen, granprèt la pa t'konnen sa pou l'fè, li te di Jezi: "di m'sa byen, èske se oumenm ki Kris la, pitit Bondye a?"

Jezi te di l': "wi, mwen se limenm."

Granprèt la te sezi, li te chire rad li, li te di: "nou pa bezwen anyen ankò! Nou te tande ak zòrèy nou. Li pale mal kont Bondye."

Yo tout t'ap rele yo t'ap di: "tiye l'." Yo te bat li epi yo te krache sou li.

Pyè t'ap gade sa etan l'te nan lakou a. Yonn nan yo te gade l'epi li te di: "li se yonn nan yo! li te avèk Jezi!"

Pyè te wè tout mou t'ap gade l'. Li te di: "non! Mwen pa konnen sa w'ap di la a. Mwen pa konnen l'." Anviron aprè inèdtan pita, yon moun te di: "mwen te wè w nan jaden an. Ou fè pati moun sa yo. Jan w pale a fè nou rekonèt ou."

Après sa, Pyè te kòmanse fè sèman. Lè sa a li te di: "mwen mande Bondye pou nenpòt bagay rive m', si m'bay manti. Mwen di nou non ! Mwen pa konnen nonm sa a."

Kon l'te fin di sa a, kòk la te chante. Pyè te gade, li te wè Jezi ki t'ap gade l'. Li te sonje pawòl Jezi yo: "w'ap gentan di w pa konnen m' twa fwa, avan kòk chante." Li te sòti nan lakou a, li te kriye jouk li pa t'kapab ankò.

Lè solèy te leve, tribinal Jwif la te mete ansanm, yo te pran desizyon pou yo te fè tiye l'. Après sa yo te pran l', yo te mennen l'bay women yo, pou yo tiye l'.

Lè Jida te wè tout sa ki te pase, li te ale kote chèf yo, li te di yo: "sa m'fè a te mal. Se yon inosan mwen lage nan men nou."

Yo te ri, epi yo te di: "ki te mele nou avèk sa? Sa se afè pa w." Après sa, Jida te voye pyès lajan yo nan tanp lan, li te sòti, epi li te al pann tèt li.

214 - Jijman Jezi Devan Women yo

Matye 27:11-26; Mak 15:1-15; Lik 23:1-25; Jan 18:28-19:16

Yo te Mennen Jezi devan Pilat, gouvènè women an. Pilat te mande chèf relijye yo: “kisa nonm sa a fè ki mal?”

Yo te reponn: “li di li se yon wa. Li dwe mouri, paske li fè rebèl kont Seza. Nou te dwe egzekite l’, men nou pa bannou dwa pou nou fè sa. Se poutèt sa, nou mennen l’ ba ou.”

Pilat te mande Jezi: “èske w se wa Jwif yo?”

Jezi te reponn: “wi!”

Après sa, Pilat te vèn konnen Jezi se moun Galile, kote wa Ewòd t’ap gouvène. Ewòd te Jerizalèm lè sa a, Pilat te voye Jezi ba li. Ewòd te kontan, paske l’ta renmen wè Jezi fè kèk mirak. Men Jezi pa t’menm vle pale avè l’. Alafen, Ewòd avèk sòlda l’yo te pase Jezi nan jwèt. Yo te mete yon rad wayal sou li, epi yo te voye l’tounen bay Pilat.

Chèf Jwif yo te akize Jezi, pou plizyè krim, men li te kanpe la, li pa t’defann tèt li. Pilat te di l’: “ou pa tandè akizasyon y’ap fè kont ou? Kisa w’ap di pou w defann tèt ou?” Men, Jezi pa t’di anyen.

Finalman, Pilat te di pa t’gen okenn prèv Jezi te koupab, pou okenn krim ki te mérite pou l’mouri. Se konsa li te fè yon lide pou l’tè jwenn yon mwayen pou l’tè lage Jezi. Chak lè y’ap fete fèt delivrans lan, li te konn lage yon prizonye. Li te panse li te kapab fè bat Jezi sèlman, epi aprè sa lage l’.

Pilat t’apral prezante sa bay pèp la, men, madanm li te voye yon mesaj pou li: “mwen te fè yon move rèv konsènan nonm sa a w’ap jije a. Pinga fè l’anyen. Li inosan.”

Pilat te kanpe devan pèp la, li te di: “kilès nan de mou sa yo nou ta vle m’lage bannou? Jezi, yo rele Kris la, oubyen Barabas ki se yon vòlè e yon asasen?”

Chèf relijye yo te konnen Pilat te kapab fè sa, poutèt sa yo te prepare moun yo. Moun yo te di:

“Barabas! Barabas! Bannou Barabas.”

Pilat te sezi, li te di: “kisa poum’fè avèk Jezi, yo rele Kris la?”

Moun yo te di l’: “krisifye l’.”

Pilat te vire do l’, paske l’pa t’vle tiye yon nonm inosan. Finalman, chèf Jwif yo te menase l’, yo te di l’: “si w lage nonm sa a, n’ap fè Seza konnen w’ap ede yon moun ki an rebelyon kont anpi a.”

Pilat te tounen pou l’tè pale avèk moun yo ankò. Li te di yo: “Èske nou vle mwen krisifye wa nou an?”

Yo te rele pi fò ankò: “kloure l’sou yon kwa! Kloure l’sou yon kwa! Se Seza sèlman ki wa nou, nou pa gen lòt.”

Pilat te dekouvri moun yo te mele nan yon konplo. Finalman, li te aksèpte sa yo te vle a. Li te fè yo pote yon kivèt dlo pou li. Li te lave men l’devan yo, epi li te di yo: “nou tout temwen mwen inosan.”

Yo te rele: “se pou san l’tonbe sou nou avèk pitit nou.”

Après sa, Pilat te fè bat Jezi epi li te remèt li bay sòlda yo, pou yo te kloure l’sou yon kwa.

215 – Krisifiksyon an

Matye 27: 27-64; Mak 15: 16-47; Lik 23: 26-54; Jan 19:16-42.

Yo te kondane Jezi pou yo te kloure l'sou yon kwa. Pilat te remèt li bay sòlda women yo, ki te mete yon kouwòn pikan sou tèt li. Yo te moke l', yo te di: "gade wa Jwif yo !" yo te bat li, yo te krache sou li. Après sa, yo te mennen l'ale, pou yo kloure l'sou yon kwa. Pandan yo t'ap ale nan wout la, yo te pran yon nonm, yo te fè l'pote kwa a. Te gen yon gwo foul moun ki t'ap swiv li, yo tap plere epi kriye.

Yo te pran Jezi avèk de asasen yo te ale avèk yo deyò vil la, nan yon kote yo te rele "zo bwa tèt," yo te kloure yo sou twa kwa, avèk Jezi nan mitan yo.

Pilat te mete yon ansèy sou kwa pa l'la, ki te di konsa: "wa jwif yo." Gran prèt la te di: "pa ekri wa jwif yo." Men Pilat te di: "sa mwen te ekri a, mwen te ekri l'."

Après yo te fin mete kwa yo nan plas yo, avèk twa mesye yo sou yo, Jezi te priye, li te di: "Papa, padone yo! yo paske yo pa konnen sa y'ap fè." Li te fè nevè nan maten, lè sa a kèk moun t'ap di: "si ou se pitit Bondye, desann sòti sou kwa a."

Chèf relijye yo t'ap ri, yo t'ap di: 'olo ! Li te sove lòt moun, men, li pa kapab sove tèt li, li te di li se pitit Bondye. Poukisa Bondye pa t'ede l'?

Yonn nan asasen yo ki te kloure sou kwa a bò kote Jezi a te di l': "si ou se Kris la, sove tèt ou epi sove nou tou." Lòt asasen an te reprann li: "ou pa pè Bondye? Nou te mérite pou yo kloure nou sou yon kwa, men nonm sa a inosan!"

Après sa li te di: "Senyè, sonje m'lè w vèn pran gouvènman an nan men w."

Jezi te di l': "jodia menm w'ap avèk mwen nan paradi."

Sòlda yo te pran rad Jezi yo, yo te separe yo antre yo. Manto a se te yon manto espesyal, se sa k' fè yo te fè yon tiraj osò pou yo te wè kilès ki t'ap genyen l'.

Jezi te wè manman l'ki te kanpe tou pre kwa a, epi Jan ki te tou pre a tou. Li te di: "manman, men pitit ou." Epi li te di Jan: "pran swen manman m'."

Bò midi, te gen yon fènwa ki te kouvri tout peyi a, pandan twazèd tan. A twazèd nan après midi, Jezi te kriye: "Bondye mwen ! Bondye mwen ! Poukisa ou lage m'konsa?"

Après sa li te di: "Papa, m'ap remèt lespri mwen nan men w." Après sa li te di: "tout sa ki te pou rive, rive!" Après sa, li te bese tèt li epi li te mouri.

Nan menm moman sa a, tè a te tranble. Wòch yo te fann. Rido ki te nan tanp lan te chire an de mòso, depi anwo jouk anba. Sòlda yo ki te kanpe bò kwa a te pè, lè yo te wè tout bagay sa yo. Yo te leve zye yo, yo te gade Jezi epi yo te di: "se vre wi, nonm sa a se pitit Bondye."

Pita nan après midi. Lòt sòlda yo te vèn kase janm moun yo ki te sou kwa yo. Yo te fè sa pou yo te fè yo mouri pi vit. Yo te kase janm de kriminèl yo an pwemye. Lè yo te rive kote Jezi, yo te wè l'te deja mouri. Pou yo te konnen ke l'te mouri vre, yon sòlda te pèse kote l'avèk yon lans.

Yon nonm rich, yo te rele Jozèf, te ale kote Pilat, epi li te resevwa pèmisyon pou l'te antere kadav Jezi. Chèf yo te al jwenn Pilat tou, epi yo te di l': "mantè sa te di disip li yo après lamò l'li ta va leve sòti vivan nan mitan mò yo après twa jou. Nou pè pou yo pa vèn vole kadav li, epi après sa pou yo pa di tout moun, li te leve sòti vivan nan lamò." Pilat te dakò avèk yo pou l'te mete yon so gouvènman women an sou wòch la, konsa, li te mete sòlda veye tonm lan.

Jozèf avèk zanmi l'lan Nikodèm te ede l' desann kò a sou kwa a. Yo te vlope l'avèk twal len avèk awomat. Après sa Jozèf te mete l'nan pwòp tonm li an, epi li te bouche l'avèk yon gwo wòch. Après sa, te gen sòlda ki te kanpe devan tonm lan pou yo te veye kò Jezi.

216 – Rezirèksyon an

Matye 27: 62-28:15; Mak 16:1-8; Lik 24:1-12; Jan 20:1-18

Tout bagay te trankil nan tonm Jezi a, jouk rive byen bone nan dimanch maten, nan yon lè ki te fè nwa toujou. Sibitman, yon tranbleman de tè te fèt, epi yon anj te parèt bò tonm lan. Li te woule gwo wòch la, li te chita sou li. Sòlda yo te sezi anpil, jouk yo te menm endispoze. Aprè sa... tout bagay te vèn trankil ankò.

Pandan solèy t'ap leve, Mari Madlèn ansanm avèk kèk lòt fanm te ale nan jaden an pou yo te anbome kò Jezi. Yo t'ap kalkile kòman yo t'apral fè, pou yo jwenn moun pou woule wòch la ki bouche bouch tonm lan, pou yo.

Lè yo te rive bò tonm lan, yo te wè sòlda yo pa t'la epi wòch la te gentan woule. Yo te gade epi yo te wè tonm lan vid.

Mari te retounen epi li t'al di disip yo kòman yo te jwenn tonm lan vid. Lòt medam yo te rete nan jaden an. Finalman, yo te antre nan tonm lan. Yo te wè de anj. Yonn nan anj yo te di: "nou pa bezwen pè! N'ap chèche Jezi yo te kloure sou kwa a. Li pa isit la, paske li te leve sòti vivan nan lamò. Al di disip li yo avèk Pyè sa." Konsa, medam yo te al fè sa yo te di yo fè a.

Men Mari te gentan jwenn disip yo, li te di yo: "yo te pran kò Jezi epi nou pa konnen kote yo mete l'." Lè Pyè avèk Jan te tandè sa, yo te kouri al nan tonm lan. Jan te rive an pwemye, men li pa t'antre nan tonm lan. Pyè te kouri antre andedan, epi Jan te antre dèyè l'. Li te wè moso twal ki te vlope kò Jezi yo, men li pa t'wè kò a. Yo te sòti nan tonm lan, epi yo te tounen lakay yo, yo pa t'konprann sa k'te pase a.

Après yo te ale, Mari Madlèn te retounen nan jaden an, li t'ap plere etan l't'ap mache. Lè l'te rive bò tonm lan, li te wè anj yo. Yonn nan yo te mande l': "poukisa w'ap plere a?" li te reponn: "paske yo te pran Senyè mwen an epi mwen pa konnen kote l'ye."

Li te vire epi li te wè yon nonm ki te kanpe bò kote l'la. Li pa t'konnen se te Jezi. Li te panse se te mèt jaden an. Li te di l': "mesye, si se ou ki te deplase l', tanpri souple, di m'kote l'ye pou m'al chèche l'."

Jezi te di: "Mari!"

Lamenm, li te konnen kimoun li te ye. Li te mete ajenou, li te di li: "mèt mwen!" Jezi te di l': "pa manyen mwen! Mwen pankò monte al jwenn papa mwen. Men, al di disip yo ou te wè m'." Lamenm li te leve epi li te kouri al jwenn disip yo.

Après sa, Jezi te parèt devan lòt fanm yo, pandan yo t'ap retounen lavil la. Yo te mete ajenou epi yo te adore l'. Li te di yo: "al jwenn frè mwen yo, epi di yo m'ap kontre avèk yo nan Galile."

Tout medam yo te al jwenn disip yo, epi yo te di: "nou te wè l', epi nou te pale avè l'." Men, apòt yo te pran sa medam yo te di yo pou istwa san sans, yop a t'kwè yo.

Sòlda yo ki te bò tonm lan te sezi anpil devan gran evenman sa a. yo te ale, yo te di chèf relijye yo egzakteman sa k'te pase a. Aprè kèk diskisyon, granprèt la te bay sòlda yo yon gwo sòm lajan, li te di yo: "di moun yo disip Jezi yo te vèn vòlè kò a, pandan nou t'ap dòmi. Nou va ede nou pou nou pa gen pwoblèm, si gouvènè a konn sa." Sòlda yo te pran lajan an, epi yo te fè sa yo te di yo pou yo fè a vre.

217 - Disip Emayis yo

Lik 24:13-45

Nan aprè midi jou Jezi te soti vivan nan lanmò a, gen de disip ki te soti Jerizalèm pou yo te ale Emayis.

Yo t'ap pale sou bagay ki te pase yo nan jou ki te pase yo. Sibitman yo te wè yon nonm ki t'ap mache bò kote yo. y opa t'konnen se te Jezi.

Li te di yo: "sou kisa n'ap pale konsa?" yo te vire epi yo te gade l', yo te di l': "èske w pa konnen anyen nan bagay ki sot pase nan kèk jou pase yo?"

"Ki bagay?"

N'ap pale de Jezi, nonm Nazarèt la, yonn ki te konn pale Pawòl Bondye yo. Chèf nou yo te fè yo kloure l'sou yon kwa, sa gen twa jou. Maten an te gen kèk fanm ki te al nan tonm lan. Yo te vini epi yo te di nou y opa wè kò a. dezòm te ale, epi yo te wè li pa t'la vre. Kounyea medam yo ap di yo te wè anj epi yo wè Senyè a vivan. "

Jezi te pale, li te di: "kòman nou fè pran tan konsa pou nou konprann? Pwofèt yo te di klèman Kris la te gen pou l'soufri bagay sa yo." Aprè sa, li te pran Lèzekriti depi nan kòmansman, epi li te eksplike yo tout sa ki te gen rapò avè l'.

Lè disip yo te rive tou pre Emayis, yo te di l': "li fè twò nwa, nou pa kapab kontinye vwayaje. Tanpri souple, rete avèk nou." Konsa li te antre nan kay la avèk yo.

Pandan yo t'ap soupe, Jezi te pran pen an epi li te di Bondye mèsi. Aprè sa li te kase l'epi li te ba yo li. Lamenn yo te rekonèt ki moun li te ye. Aprè sa li te disparèt. Yo len te gade lòt tèlman yo te sezi. Finalman, yonn nan yo te di: "èske nou pa t'santi tankou se yon dife ki t'ap boule nan kè nou, lè l't'ap eksplike nou sa k'te ekri nan liv yo?"

Yo te retounen Jerizalèm lamenn, pou yo t'al rakonte disip yo, sa k'te pase. Disip yo te nan yon chanm ki te byen fèmen, paske yo te pè chèf Jwif yo.

Lè dezòm yo te rive, yo te di: "se tout bon, Senyè a te leve sòti vivan nan lamò. Li te mache avèk nou, li te eksplike nou Lèzekriti. Nou pa t'rekonèt li, jouk li kase pen pou nou. Jouk lè sa a, disip yo pa t'kwè se te Jezi yo te wè a reyèlman. Yo te panse se te yon lespri.

Jezi te parèt devan yo, li te di yo: "gade mak klou yo nan men m'avèk nan pye m'. Touche bò kote m'. Yon lespri pa gen vyann avèk zo jan m'genyen l'lan. "

Yo pa t'kwè toujou paske yo te kontan. Aprè sa, li te di yo: "èske nou gen kèk bagay pou nou manje?" Yo te ba l'enpe pwason avèk enpe siro myèl, epi li te manje l'.

Aprè sa Jezi te louvri entèlijans yo pou yo te kapab konprann Lèzekriti.

218 - De Disip Restore

Jan 20:24-21:19

Toma pa t'ansanm avèk lòt disip yo lè Jezi te parèt devan yo a. konsa yo te jwenn li epi yo te di l':

"Toma, nou te wè Senyè a! Li vivan!"

"Sa pa posib! Pou m'kwè sa, fòk mwen manyen mak klou yo nan men l', epi manyen kote yo te pèse l'la."

Aprè ywit jou, Jezi te parèt sibatman devan disip yo, epi Toma te la avèk yo. Senyè a te di: "lapè avèk nou!"

Li te vire bò Toma epi li te di: "vini epi touche mak klou yo nan men m'epi bò kote m'. Sispann mande si m'vivan ou non!"

Toma te mete ajenou devan l', li te di: "Senyè mwen e Bondye mwen!"

Jezi te di: "Toma, ou kwè paske w wè. Benediksyon pou moun ki pa wè men ki kwè."

Kèk tan pita, kèk nan disip yo te ale nan lamè Galile a. Pyè te di lòt yo: "mwen pral lapèch." Yo te di l': "nou prale tou!"

Yo te ale avèk yon bak epi yo te pase tout nwit lan ap peche, men yo pa't pran anyen. Nan maten byen bonè, yon nonm te kanpe bò rivaj la, epi li te di yo: "èske nou pran pwason?"

Yo te reponn: "non!"

Li te di yo: "voye filè a bò dwat bak la."

Yo te fè sa, rapidman, filè a te plen avèk pwason. Jan te di Pyè: "se Senyè a wi." Lè Pyè te tandè sa, li mete rad sou li, li lage kò l'nan dlo a, li te naje ale nan rivaj la, yo t'ap trennen filè a ki te plen pwason.

Kon yo te desann atè, yo te wè Jezi ki t'ap prepare pen avèk pwason nan yon dife. Li te vire epi li te di: "pote kèk lòt pwason ban mwen." Pyè te ede lòt mesye yo rale filè a, ki te gen ladann 153 gwo pwason.

Kon tout bagay te pare, Jezi te di yo: "vèn manje." Yo te reyini bò kote l'la epi li te ba yo pen avèk pwason.

Kon yo te fin manje, Jezi te di: « Simon, èske w remen m' plis pase moun sa yo renmen m'? » Pyè te sezi pou kesyon an, li te di: « wi Senyè. Mwen renmen w. »

Jezi di li: « pran swen mouton mwen yo. »

Li te mande l'yon dezyèm fwa: « Simon, pitit Jonas, èske w renmen m'? »

Li te reponn: « wi Senyè, ou konnen mwen renmen w. »

Jezi di li: « pran swen mouton mwen yo. »

Jezi mande l'yon twazyèm fwa: « Simon piti Jonas, èske w renmen m'? »

Sa te fè Simon lapenn anpil lè l'wè Jezi te mande l'yon twazyèm fwa: « èske w renmen m'? »

Li reponn: « Senyè, ou konnen tout bagay. Ou konnen mwen renmen w. »

Jezi di l'konsa: « pran swen mouton m'yo. »

Lè w te jèn ti gason ou te konn mare sentiron w poukont ou. Lè sa ou te konn ale kote w te vle. Men lè w vye granmoun, yon lòt moun va mennen w kote w pa vle ale."

Sa pale kòman lamò Pyè va fè moun fè louranj pou Bondye.

Après sa, Jezi te di l': "swiv mwen!"

219 - Gran Komisyon an, Jezi Monte nan Syèl, N'ap Tann Li

Matye 28:16-20; Lik 24: 47-53; Travay 1

Disip yo te ale Galile, nan mòn kote Jezi te chwazi yo, pou yo vin disip li a. Li te parèt sanzatan epi yo te adore l'. Li te di yo: "mwen bannou otorite pou nou preche. Ale nan tout nasyon yo fè disip. Batize yo nan non Papa a, Pitit la avèk Sentespri a. Anseye yo sa m'te ansye nou yo. Sonje sa, mwen toujou avèk nou."

Depi 40 jou aprè l'te leve sòti vivan nan lamò a, li te pase anpil tan avèk disip yo ap anseye yo bagay ki gen rapò avèk wayòm Bondye a. li te parèt devan anpil lòt moun, yon fwa devan 500 moun. Après sa, li te ale avèk disip li yo sou mòn Oliv la. li te di yo: "pa kite vil Jerizalèm. Rete tann sa papa a te pwomèt la. Jan te batize nou nan dlo, men nan kèk jou ankò, nou pral resevwa batèm nan Sentespri a."

Yo te di: "èske se kounyea ou pral mete gouvènman pèp Izrayèl la sou pye ankò?"

Jezi te reponn yo: "Se Papa a ki fikse dat la. Limenm, poukont li. Sa vle di, nou dwe gaye bòn nouvel la, pou moun kapab resevwa padon pou peche yo."

"Rete tann Jerizalèm, jouk Sentespri a desann sou nou. Li va bannou pwisans pou nou gaye bòn nouvel la. Kòmanse Jerizalèm, epi aprè, gaye l'nan tout peyi a, ni nan Samari tou. Finalman, ale nan lemonn antye."

Après sa, Jezi te beni yo. Lè l'te fin fè sa, sibitman, li te monte epi li te disparèt nan nyaj yo. Disip yo te kanpe la ap gade anlè.

Dezòm abiye tou de blan, te parèt devan yo. Yo te di yo: "poukisa nou rete ap gade nan syèl la konsa? Nou te wè Jezi ki te monte nan syèl la. Li va retounen menm jan nou te wè l' ale a."

Konsa, disip yo te plen avèk kontantman. Yo te reyini ansanm avèk lòt kwayan yo, nan yon chanmòt, gason avèk fanm. Mari, manman Jezi a te la tou, ni frè l' yo tou. Tout kwayan yo te gen menm panse epi yo mete ansanm pou yo lapriye. Rive yon kote, Pyè te kanpe epi li te pale avèk yo. Li te di: "Jida te akonpli Lèzekriti, lè l'te mennen foul moun yo al arete Jezi a, epi trayi l' la. Jida te yonn nan nou, li te gen sèvis pa l'nan travay nou an. Men, li te vann li pou lajan. Avèk lajan sa a yo te achte yon tè, ke yo rele kounyea Jaden san an.

Men, nou bezwen yon lòt moun pou l'pran plas li pami apòt yo. Annou chwazi yon moun ki te toujou la avèk nou, depi lè Jan te batize Jezi a. Moun n'ap chwazi a te dwe wè tout mirak Jezi te fè yo, jouk lite separe avèk nou pou l' ale nan syèl la. Li va rann temwayaj konsènan rezireksyon Kris la avèk nou.

Yo te rele dezòm pou yo te fè chwa a. Moun yo te priye epi aprè sa yo te fè yon tiraj osò pou yo te konnen kilès pou yo mete non pozisyon sa a. Se Matyas ki te pase pou l'te ranplase Jida.

LIV 5 – TRAVAY SENTESPWI A FÈ**220 – Vini Sentespwi a**

Travay 2

Nan jou Pannkòt la, kwayan yo t'ap priye nan chanmòt la. Sibitman, yo te tandè yon gwo bri. Li fè bri tankou se te yon gwo tanpèt kit e sòti nan syèl la. Bri a te plen chanm nan, epi yo te wè yon bann lang parèt tankou ti flanm dife ki separe yonn avèk lòt epi ki al poze grenn pa grenn sou tèt yo chak. Lamèn, yo te vèn anba pouvwa Sentespri a, epi yo te pran pale lòt lang, dapre jan Lespri Bondye a t'ap fè yo pale.

Moun ki te sòti byen lwen te tandè yo t'ap pale nan pwòp lang pa yo. Pami yo te gen jwif ki te sòti nan plizyè peyi, ki te pale diferan kalite lang. Yo te ale pou yo te wè sa k't'ap pase. Lè yo te rive la, yo te tandè disip yo ki t'ap pale plizyè kalite lang, lang tout moun yo ki te nan foul la.

Gen nan moun yo ki te di: "se pa posib! Moun sa yo pa kapab pale lang nou an. Se moun Galile yo ye. Malgre sa, nou tandè yo ap pale nan pwòp lang pa nou.

Gen lòt ki te di: "a, moun sa yo sou!"

Pyè te kanpe devan epi li te di: "moun sa yo pa sou. Men sa k'rive, se sa pwofèt yo te pale de li, lè yo te di: "Bondye te di "m'ap gaye Lespri m'sou tout moun sou latè"

Nou te wè mirak Jezi yo. Malgre sa nou te kloure l'sou yon kwa epi nou te mete l'nan yon tonm. Men nou se temwen ke Bondye te fè l'leve sòti vivan nan lamò. Li vivan, li chita aladwat Papa a. Kounyea, li te voye Sentespri a pou nou. Se sa n'ap gade la a.

Konprann byen sa m'ap di nou la a. Nou te kloure Jezi sou yon kwa, men Bondye leve l'byen wo, se limenm Bondye fè Senyè, se limenm Bondye fè Kris."

Lè moun yo te tandè sa, yo te mande: "sa w di a se laverite. Men, kisa pou nou fè?"

Pyè te di yo: "tounen vèn jwenn Bondye epi yonn apre lòt vèn resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padone tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa Sentespri, kado Bondye a.

Jou sa a, apòt yo te batize moun ki te resevwa mesaj la. Moun ki te konvèti jou sa a, se te 3.000. Yo te reyini ansanm souvan pou yo yonn te aprann nan men lòt epitou pou yo te aprann nan men apòt yo.

Apòt yo te fè anpil mirak avèk prodij epi moun ki te sove yo t'ap ogmante chak jou. Kwayan sa yo te konsakre tan yo pou yo te priye, pataje manje yo te genyen ansanm epi pase tan yonn avèk lòt.

221 - Gerizon Enfim nan

Travay 3-4:31

Yon aprè midi, Pyè avèk Jan te ale nan tanp lan, nan lè lapriyè a. Chak jou, yo te jwenn yon moun ki t'ap mande charite, ki te enfim depi l'te fèt. Chak jou te konn al mete l'nan pòt tan plan yo te rele bèl pòt la, pou'l te mande moun ki t'ap antre nan tan plan lacharite.

Pyè te kanpe devan nonm lan epi li te di l': "gade m'"

Nonm lan te gade l', li te gen espwa li ta jwenn enpe lajan. Pyè te di l': "mwen pa gen lajan, men mwen gen yon bagay ki pi bon. Nan non Jezi Nazarèt, leve e mache."

Pandan Pyè avèk Jan te ede nonm lan leve, pye l'avèk janm li te vèn solid. Li te kanpe pou kont li epi aprè sa, li te mache. Li te menm ap sote jan l'te kontan, pandan l't'ap fè louranj pou Bondye.

Moun te wè nonm nan ap mache, epi yo te rekonèt li kòm sila ki te enfim nan, ki te konn ap mande charite nan pòt la, ki rele Labèl la. Yo te sanble bò kote twa mesye yo.

Pyè te di: "nonm sa a te geri nan non Jezi, sila nou te di Pilat kloure l'sou yon kwa a. Nou te tiye Jezi, men Bondye te fè l'leve sòti vivan nan lamò. Nou te wè l'epi nou kapab di nou- li vivan.

"Gade nonm sa a, li leve kanpe pa pouvwa Jezi. Chanje lavi nou, tounen vèn jwenn Bondye pou l'kapab chanje lavi nou epi aksèpte Jezi kòm sovè nou. Bondye va padone peche nou yo.

Chèf jwif yo te jwenn Pyè avèk Jan t'ap preche moun yo, konsa yo te voye sòlda vèn arete de disip yo mete yo nan prizon. Malgre sa, anpil moun te vèn disip Jezikri. Moun ki te kwè yo te monte rive nan 5,000.

Nan demen maten, granprèt la te voye pran dezòm yo, konsa, pou yo te kanpe devan konsèy la. Chèf relijye yo te mande yo: "ki moun ki bannou otorite pou nou preche moun yo?"

Sentespri a te gide Pyè, pandan l't'ap reponn. Li te di: "nonm sa a te geri nan non Jezikri, moun Nazarèt la - sila nou te tiye sou kwa a. Bondye te fè l'leve sòti vivan nan lamò, epi se limenm ki sèl mwayen pou moun sove."

Chèf yo te sezi wè jan Pyè avèk Jan te gen konviksyon nan sa yo t'ap di, paske yo te konnen mesye sa yo, se moun ki te sòti nan mas pèp la, ki pa t'resevwa okenn enstriksyon. Chèf yo te rekonèt yo tou pou moun ki te toujou avèk Jezi.

Konsèy la pa t'kapab di anyen konsènan mirak la, paske enfim nan te kanpe devan yo. Yo te kapab wè li geri.

Yo te deside fè presyon sou disip yo. Yo te mande yo pou yo sispann preche nan non Jezi. Pyè avèk Jan pa t'mete dlo nan bouch yo, pou yo te reponn. Nou mande nou pou nou dezobeyi Bondye. Nou konnen sa nou te wè e sa nou te tande."

Chèf yo te oblije lage Pyè avèk Jan. Lè mesye yo te retounen nan kominyon avèk lòt kwayan yo, yo te rakonte yo sa k'te pase yo. Tout te kontan ansanm lè yo te tande sa. Sibitman, kote yo te ye a te tranble, epi yo tout te anba kontwòl Sentespri a. Avèk sa, yo te vèn gen plis kouraj pou yo preche mesaj Bondye a.

222 - Ananyas Avèk Safira

Travay 4:32-5:16

Kwayan yo nan Legliz primitiv la te konn separe tout sa yo te genyen avèk lòt frè avèk sè yo. Si yonn te nan bezwen, lòt yo te konn vann sa yo te genyen, pou te satisfè bezwen sa a.

Te gen yon nonm ki te gen krentif pou Bondye yo te rele Banabas, li te vann yon tè l' te genyen, pou l' te ede lòt kwayan yo kite nan bezwen yo. Li te pote lajan an baya pot yo.

De mesye dam ki te rele Ananyas avèk Safira te deside pou yo te vann yon tè tou, pou yo te pote lajan an baya pot yo tou, pou yo te ede lòt moun yo ki te nan bezwen yo nan Legliz la tou. Men Ananyas te chanje lide, lè l' te fin vann tè a. Limenm avèk madanm li, yo te deside pou yo te kenbe yon pòsyon nan lajan an, pou tèt yo. Yo te antann yo pou yo te toujou bay yon pòsyon nan lajan an, Men yo te di se te tout yo te bay.

Ananyas te ale nan yon reyinyon kretyen yo t'ap fè, limenm sèl, li te kite madanm li dèyè. Li te pote kado l' t'ap bay la, pou l' te ede moun yo, bay lapot Pyè. Li te di 'se tout lajan l' te vann tè a li te pote bay. Pyè te gade l', epi li te di l': « Satan te plen kè w epi li fè w bay lesentespri manti. Ou pa t'oblige vann tè w la ; e lè w te vann li an, ou pa t'oblige bay Legliz tout lajan an. Poukisa ou te deside bay manti sou sa ? Se pa noumenm ou bay manti. Se Bondye ou bay manti. »

Kon Ananyas te tandè sa, li te tonbe, li te mouri lamenm. Sa te fè tout kretyen yo ki te nan Legliz la te vinn pè anpil. Plizyè jèn gason te pran l', yo te vlope l' avèk twal, yo te pote l' ale deyò epi yo te antere l'.

Twazèd tan pi ta, Safira te vini nan reyinyon an tou. Li pa t' konnen anyen de sa k' te rive avèk mari l' la. Pyè te di l' : «èske oumenm avèk mari w, nou te vann tè a pou kantite kòb nou te bay Legliz la ? Li te reponn wi, se pou valè sa a nou te vann li. Pyte gade l' li te di l' : « poukisa nou de a, nou te antann nou pou nou tante Lesentespri ? Men jèn gason yo ki te fèk sot antere mari w la ap vini. Kounyea, yo pral pran kadav ou pou y'al antere l' tou. Lamem li te tonbe, li te mouri. Lè jèn gason yo te rive yo te jwenn li mouri epi kouche atè a. Yo te pran l', yo te al antere l', akote mari l'. Nouvèl de sa te gaye nan tout zòn nan. Sa te fè tout moun yo fè plis atansyon, lè yo te panse pou yo te vinn antre nan mitan moun yo ki te konvèti yo. Malgre sa, kantite manm Legliz yo te ogmante anpil-ni gason ni fanm.

Moun nan Jerizalèm avèk lòt vil yo, ki te nan anviwon an te vini avèk moun malad yo, yo te mete yo bò wout la. Yo te geri lè Pyè te pase bò la oubyen lè lonbraj li te pase sou yo.

223 - Apot yo Avèk Dyak yo

Travay 5:17-6:7

Mesaj Jezikri a te gaye nan tout Jerizalèm. Sa te fè chèf jwif yo fache. Yo te voye arete apot yo e mete yo nan prizon. Nan aswè yon anj te vini, li te mete yo deyò, san gad yo pa t' wè sa. Anj lan te di yo, ale nan tanp lan nan maten, epi preche moun yo. Lè solèy te leve, disip yo te ale nan tanp lan. Pita, nan maten, gran prèt la te reyini konsèy gouvènman an. Aprè sa, li te voye sòlda al chèche apot yo nan prizon an. Men lè yo te rive nan prizon an, Yo pa t' jwenn yo. Yo te retounen nan gran konsèy la, yo te fè rapò yo. Yo te di: « gad yo nan pòs yo, pòt yo byen fèmen, men mesye yo pa andedan an. Nan menm moman an, te gen yon moun ki te kouri vèn di: “mesye yo nou te mete nan prizon an, ap preche nan tanp la kounyea.”

Kapitèn nan te pran sòlda l' yo, yo te ale nan tanp lan, kote yo te jwenn apot yo ap anseye pèp la. Lè sa li te Mennen apot yo tounen. Men yo pa t' aji brital avèk yo, paske yo te pè pou pèp la pa t' tiye yo avèk kout wòch. Men apot yo te retounen avèk yo volontèman.

Gran prèt la te di: « nou te di nou, pou nou pa preche nan non Jezi. Men, gade sa nou fè, nou gaye doktrin nou an nan tout Jerizalèm. Noumenm rive di : « se noumenm chèf yo ki responsab pou lamò Jezi a. »

Pyè ansanm avèk lòt apot yo te reponn : « nou dwe obeyi Bondye pase pou nou obeyi moun. Nou te tiye Jezi, lè nou te kloure l' sou yon kwa, men Bondye te fè l' leve sòti vivan nan lamò. Bondye fè l' monte chita sou bò dwat li. Li mete l' chèf sou nou, li fè l' delivre nou. Li fè sa, pou l' fè Izrayèl tounen vèn jwenn Bondye, pou l' resevwa padon pou peche l' yo.

Lè yo te tandè pawòl sa yo, sa te fè yo fache anpil. Yo te mete apot yo deyò nan sal la, epi yo t'ap diskite sou kòman yo pral fè pou yo tiye yo. Men te gen yon farizyen nan mitan yo, ki te rele Gamalyèl. Li te di : « nou menm Pèp Izrayèl, pran tèt nou avan nou fè sa nou pral fè avèk mesye sa yo ankò. Kite yo ale. Si plan travay yo a sòti nan lèzòm, li gen pou l' disparèt. Men, si l' sòti nan Bondye, nou p'ap kapab kraze l'. Atansyon pou se pa avèk Bondye nou annafè. »

Après kèk diskisyon ansanm, yo te dakò avèk konsèy sa a. Men avan yo te kite apot yo ale, yo te fè bat yo, epi yo te di yo: « pa janm pale nan non Jezi ankò. »

Apot yo te kite konsèy la avèk kè kontan. Yo te di : « Bondye pèmèt nou soufri poutèt non Jezi. Yo te kontinye preche Levanjil Kris la, epi moun ki te konvèti yo te vèn pi plis toujou. Te vèn gen pwoblèm nan tan sa a. Legliz te fè pwovizyon pou vèy yo, ki te nan mitan yo a. Gen kèk nan vèy yo ki te sòti nan peyi Izrayèl la menm, men gen lòt pami yo se te jwif ki te sòti nan lòt peyi. Sila yo ki te sòti nan peyi a te resevwa pi bon swen pase lòt yo.

Apot yo te di: « li pa bon pou nou kite predikasyon Pawòl Bondye a avèk lapriyè pou n' okipe afè separe manje. Se poutèt sa frè yo, chwazi 7òm nan mitan nou, ki kapab okipe de sa. Yo te di, moun n'ap chwazi yo fèt pou yo gen bòn repitasyon, pou yo anba komtwòl lesentespri, epi yo dwe gen kont bon konprann. Nou va ba yo fè sèvis separe manje a.

Tout moun te dakò avèk lide sa a, se konsa yo te chwazi 7òm ki te kalifye pou sa. Etyèn avèk Filip te fè pati gwoup moun sa yo.

Apot yo te priye pou mesye sa yo, epi yo te mete yo responsab sa. Sa te fè moun ki kwè yo ogmante pi vit. Te menm gen yon bann sakrifikatè ki te vèn mete konfyans yo nan Kris la.

224 - Etyèn, Premye Mati Kretyen

Travay 6:8-7:60

Pouvwa Bondye a te sou Etyèn. Apil gwoup jwif te chèche diskite avè l. Men yo pa t' kapab kenbe tèt avè l', poutèt sajès li avèk pouvwa li. Yo te deside pou yo te mache fè manti sou li, epi yo te di tou li te pale mal kont Bondye. Bri sa te kouri nan tout vil la, jouk sòlda yo te arete l', epi mennen l' devan konsèy gouvènman an. Te gen yon nonm ki te kanpe epi ki te bay manti sou li. Li te di : « Etyèn te di, Jezi pral detui tanp sa a, epi chanje tout sa Moyiz te bannou. »

Yo te vire, yo te gade etyèn, lè sibatman figi l' te vèn sanble figi yon anj. Granprèt la te mande Etyèn, èske sa yo di yo se vre?

Etyèn te reponn: « Bondye te di Abraram, kiite peyi w, ale yon kote mwen va montre w. Etyèn te kontinye avèk yon rezime istwa pèp Izrayèl la. Li te di kòman Bondye te pwomèt li, l'ap ba l' yon peyi ,epi l'ap fè desandan l' yo tounen yon gran nasyon. Abraram te kwè nan Bondye, malgre l' pa t' gen okenn pitit.

Men, li te vèn gen yon pitit gason, ki te rele Izarak, ki te fè Jakòb. Se nan li douz tribi Izrayèl yo te sòti. Desandan l' yo te vèn esklav nan peyi Lejip. Etyèn te di : Bondye te sèvi avèk Moyiz pou l' te fè pèp la sòti an Ejipt. Moyiz te di pèp la, gen yon gran pwofèt ki va vini, ki va tankou limenm.

Etyèn te di kòman wa David te vle bati yon tanp pou Bondye, men se pitit li Salomon ki te bati l'.

Alafen, li te di : « nou se moun ki gen tèt di avèk kè nou fèmen. N'ap kenbe tèt toujou, menm jan avèk zansèt nou yo. Yo te pèsekite tout pwofèt yo, epi jouk kounye a n'ap mache sou tras zansèt nou yo. Nou te trayi e nou te tiye sèvitè Bondye a. » Lè manm gran konsèy yo te tandè sa, yo te dechennen, yo t'ap manje dan yo, sitèlman yo te ankòlè. Yo te rele kont li, men Etyèn, ki te anba pouvwa lesentespri a, te leve zye l' anlè, li te wè bèl pouvwa Bondye a, ansanm avèk Jezi kanpe sou bò dwat Bondye.

Moun yo te bouche zòrèy yo, epi yo te pran rele byen fò. Yo te pran Etyèn, yo te ale avè l' deyò lavil la, yo te trennen l' atè. Yo te ba yon jèn gason ki te rele sòl kenbe rad yo, Aprè sa yo te tiye l' avèk kout wòch. Etan l' t'ap pran kout wòch yo, Etyèn te leve zye l' anlè, epi li te di : « Senyè Jezi, resevwa lespri mwen. Aprè sa li te fè priyè sa : « Senyè, padone yo pou peche sa a. » Aprè, li te tonbe atè li te mouri.

Sa te make kòmansan yon gwo pèsekisyon nan Jerizalèm. Sòl t'ap dirije yon foul moun ki t'ap trennen gason tankou fanm sòti lakay yo, epi mennen yo nan prizon. Poutèt sa anpil kretyen te kite Jerizalèm, yo te al rete nan lòt kote nan anviwon an. Men apot yo te toujou rete Jerizalèm.

225 - Ministè Filip la

Travay 8:4-40

Lè pèsekisyon an te kòmanse Jerizalèm, kretyen yo te gaye nan tout zòn nan. Tout kote yo te ale yo te pale moun de Levanjil Jezikri a. Filip te ale nan vil Samari, epi li te preche Kris la. Lesentespri te pèmèt li fè anpil mirak nan mitan moun sa yo. Li te chase move lespri yo ki te pouse gwo rèl lè yo t'ap sòti. Li te geri tou ni moun ki paralize yo ni moun ki bwate yo. Moun nan vil sa a te sezi dapre sa yo te wè, konsa, yo te koute byen, lè l' t'ap preche. Yo te kontan anpil, poutèt sa yo te tande yo. Moun la yo te konn pratike maji anpil, se yon nonm ki te rele Simon t'ap dirije yo. Men lè yo te tande Levanjil Kris la, yo te kontan resevwa l'. Simon te kwè nan Kris tou, epi li te batize ansanm avèk lòt moun yo, ki te konvèti yo. Lè apot yo te tande moun samari te resevwa Levanjil, yo te voye Pyè avèk Jan al wè yo. Aprè yo te rive, yo te priye pou kretyen yo, yo te mande Bondye pou l' ba yo Lesentespri. De mesye yo te mete men yo sou moun yo epi yo te resevwa Lesentespri lamenm. Simon te sezi lè l' te wè sa. Li te ofri Pyè avèk Jan lajan, li te di yo: ban m' pouvwa sa a, konsa, mwen va kapab mete men mwen sou moun epi yo va resevwa Lesentespri tou. Pyè te di ' ou va detui avèk tout lajan w lan, ou toujou ree kole avèk ansyen bagay ou t'ap pratike yo. Mal rete andedan w. Priye Bondye pou l'wete move lide sa yo nan tèt ou. Simon te di : tanpri souple priye pou mwen, mwen pa vle bagay sa yo rive m'. Aprè Pyè avèk jan te retounen Jerizalèm, Bondye te voye yon anj kote Filip, anj lan te di l' : ale nan wout la ki nan zòn Sid Jerizalèm nan. Lè Filip te rive la, Li te wè yon gwo chèf ki te sòti nan peyi Letyopi. Se li ki te responsab tout richès rèn peyi Etyopi a. Li te ale nan vil Jerizalèm pou l'adore Bondye. Lesentespri te di Filip konsa : leve pye w, rive toupre cha a. Lè l' te fè sa, li te jwenn li ap li nan liv yonn nan ansyen pwofèt yo, ki te ekri konsènan Kris la, depi plzyè santèn lane avan l' te fèt.. Filip te mande l', èske w konprann sa w'ap li a ? Nonm nan te di : non ! Mwen bezwen yon moun pou l'eksplike m' li, pou l' di m' si pwofèt la t'ap pale de limenm oubyen si l' t'ap pale de yon lòt moun. Filip te antre nan cha a, li te pale mesye a de Jezikri avèk padon pou peche yo. Pandan yo t'ap ale, yo te rive yon kote ki te gen dlo, mesye a te di, bon, men dlo. Kisa ki anpeche m' resevwa batèm? Filip te di l' ou kapab batize si w kwè se Jezi ki Kris la epi si w aksèpte l' kòm Sovè e Senyè w. Etyopyen an te fè yon ti silans, epi aprè sa li te di: mwen kwè Jezikri se pitit Bondye a. Yo te kanpe cha a, yo te ale nan dlo a, epi Filip te batize l'. Kon mesye a te sòti nan dlo a, li pa t' wè Filip ankò. Lespri Bondye a te fè l' disparèt. Filip menm te rete konsa, li te wè l' te yon lòt kote. Aprè sa li te pran mache. Nan tout ti Bouk kote l' pase, li te anonse Levanjil la, Jouk rive nan Sezare.

226 - Sòl Konvèti

Travay 9 :1-31

Sòl t'ap mennen yon kanpay pou l' te chase epi tiye moun yo ki t'ap sèvi Jezi yo. Li te resevwa otorizasyon nan men granprèt la , pou l'te ale Damas, pou l' arete kretyen yo, epi mennen yo tounen Jerizalèm.

Pandan limenm avèk moun li yo te rive toupre Damas, sibitman yon lièmy ki te rive klere anpil te parèt bò kote yo, epi Sòl te tonbe atè. Li te tandè yon vwa ki te di : Sòl ! Sòl! Poukisa w'ap pèsekite m' konsa? Kilès ou ye Senyè? Vwa a te reponn li: mwen, se Jezi w'ap pèsekite a. Sa di pou w goumen kont volonte m' pou lavi w. Moun yo ki t'ap vwayaje avè l' la pa t' konnen sa k' t'ap pase a. Yo te tandè vwa a, men yo pa t' wè pèsòn. Sòl t'ap tranble, li te di : Senyè ki sa w vle m' fè ?

Vwa atè di l' : ale lavil la, epi yo va di w sa pou w fè. Lè Sòl te rive lavil la, li te dekouvri li te avèg. Se lòt moun yo ki te mennen l' antre lavil Damas. Li te rete la pandan twa jou san wè, san manje, san bwè.. Senyè a te pale avèk yon disip nan lavil Damas, li te di li: Ananyas, ale nan yon kay nan ri yo rele ladwat la, epi mande pou yon nonm yo rele Sòl de Tas. Mete men w sou li epi li va wè ankò. Ananyas te pè. Li te di Senyè, mwen tandè nan bouch anpil moun kantite mechanste li fè moun pa w yo pase nan Jerizalèm. Epitou li vini isit la avèk pouvwa pou l'arete dènye moun k'ap rele non w.

Senyè a te di li : ale, paske nonm sa a, se mwenmenm ki chwazi li, pou sèvis mwen, pou l' fè tout moun konnen non mwen, moun lòt nasyon yo, avèk tout wa yo, ansanm avèk tout pèp Izrayèl la. Li va soufri anpil pou mwen. Ananyas te jwenn li, li te di l' : Sòl, frè mwen, Senyè Jezi voye m' kote w. Se limenm ki te parèt devan w nan gran chemen an, lè w t'ap vini an. Li te voye m' pou w ka wè ankò, epi pou w vèn anba pouvwa Lesentespri. Lamenn Sòl te wè. Aprè sa li te leve avèk kè kontan, li te resevwa batèm. Aprè sa l' te manje, epi li te vèn gen fòs.

Sòl te pase plizyè jou avèk kretyen yo nan lavil Damas, epi li te kòmanse preche Jezi se pitit Bondye a.

Moun yo te sezi, paske yo te konnen l' te vèn la, pou l' te kapab tiye moun yo ki t'ap swiv Jezi yo.

Men kounyea, yo te tandè l', epi yo te jwenn li gen anpil konviksyon lè l' t'ap pale de Jezi. Okenn moun pa t' kapab diskite avè l'. Konsa, yo te deside pou yo te tiye l'. Plan yo se te kaptire l' lè l' t'ap kite vil la. Kretyen yo te konnen sa, se sa k' fè yo te te fè l' pase sou tèt miray vil la, Yo te mete l' nan yon gwo panye, epi yo te fè l' desann lòt bò miray la. Aprè sa l' te retounen Jerizalèm. Kretyen Jerizalèm yo te pè l'. Yo te panse l' t'ap chèche pran yo nan plan. Se poutèt sa, Banabas te mennen l' kote apot yo, epi li te rakonte yo sa k' te pase l'. Li te di yo : Senyè a te parèt devan Sòl, nan chemen ki mennen Damas la. Dpi aprè sa, li te kòmanse preche nan non Jezi avèk anpil kouraj.

Finalman, kretyen yo te aksèpte Sòl kòm frè yo nan Kris la. Se konsa, li te vèn gen dwa ale vini libman nan mitan yo..Li te ale Jerizalèm, epi li te pale avèk tou moun de Jezi. Gen nan yo ki te kòmanse ap diskite avè l', men yo pa t' kapab konbat kapasite l' pou l'konvenk moun. Poutèt sa yo te fè konplo pou yo tiye l'.

Sa te kòmanse yon tan repo toupatou pou kretyen yo, nan peyi Izrayèl la. Yo te grandi nan lafwa epi nan kantite moun ki te konvèti tou.

227 - Gerizon Dòkas

Travay 9:32-43

Pyè te vwayaje toupatou, li t'ap preche Levanjil Kris la epi li t'ap ankouraje zanmi kretyen yo. Li te rive yon kote, li te jwenn yon nonm ki te paralize, ki te nan eta sa a depi 38 lane. Pyè te di l': Lesenyè Jezi geri w, leve, epi ranje kabann ou. Lamenm nonm nan te geri epi li te leve. Tout moun ki t'ap viv nan zòn nan te wè nonm nan. Lè yo te tandè sa k' te pase a, anpil nan yo te vèn kwè nan Jezikri.

Te gen yon fanm ki te rele Dòkas ki te rete nan lavil Jope. Kòm yon disip Jezi, li te renmen tout moun, epi li te konn fè byen pou yo. Li te tonbe malad epi li te mouri. Zanmi l' yo te benyen kò a, pou yo te fè antèman l'. Yo te mete l' nan chanm anwo a. Disip yo ki te Jope a te tandè ke Pyè te nan zòn nan, konsa, yo te voye dezòm kote l'. Yo te di l': tanpri souple prese vèn lakay nou. Pyè te pati lamenm avèk yo.

Lè l' te rive Jope, yo te mennen l' nan chanm kote yo te mete kò dòkas la. Li te monte anwo a. li te jwenn medam yo, ki t'ap kriye pou li. Lè yo te wè l', yo te montre l' plizyè kalite wòb avèk lòt rad Dòkas te konn fè, lè l' te vivan. Pyè te fè yo sòti nan chanm lan epi li te priye. Li te vire bò kò a, li te di Dòkas, leve !

Dòkas te louvri zye l', li te wè pyè. Aprè sa li te chita. Pyè te ede l' leve sou kabann nan, epi li te rele lòt medam yo, li te montre yo Dòkas byen vivan. Nouvèl sa a te gaye nan tout vil Jope. Anpil moun te vèn mete konfyans yo nan Senyè a akòz de sa.

228 – Kònèy, Premye Moun Ki Pa Jwif Ki Konvèti

Travay 10:10-11:18

Kònèy se te yon kapitèn nan lame women an. Li te yon bon moun, li te konn adore Bondye.

Yon anj te parèt devan l', li te di l' : Kònèy ! Kònèy! Bondye te tandè priyè w yo. Kounyea voye moun lavil Jope, pou yo al chèche yon nonm ki rele Pyè. Li desann lakay Simon, bòs tanè a, ki gen kay li bò lamè a. Li va di w sa pou w fè, Aprè sa anj lan te disparèt. Lamenm kònèy te voye de sèvitè l' avèk yon sòlda, pou yo te al chèche Pyè Jope. Li te eksplike yo tout bagay avan l' te voye yo ale . Yo te rive nan demen, bò midi. Avan yo te rive, Pyè te monte anwo tèt kay la, pou l' te al lapyiyè. Li t'ap tann manje midi a. Sibitman, li te vèn grangou anpil, epi li te fè yon vizyon. Li te wè syèl la louvri, li te wè yon gwo nap ki t'ap desann. Li te wè yon bann kalite bèt ladann, jwif yo pa konn manje. Yon vwa te di l', Pyè! Leve, tiye, manje. Li te di: Senyè ou konnen mwen pa konn manje move manje ni bagay ki pa pwòp. Menm vwa a pale ankò, li di li: bagay Bondye di ki bon pou moun k'ap sèvi l', oumenm pa di l' pa bon.

Sa te fèt yon dezyèm fwa, epi yon twazyèm fwa. Aprè sa nap la te tounen monte nan syèl la. Pyè te reveye, li pa t' konprann sa vizyon an te vle di. Nan menm moman an, mesye yo kònèy te voye yo t'ap mande ki kote kay Simon an te ye.. Yo te rive devan pòt la, lè sa a, Lesentespri te di Pyè. Mwen te voye mesye sa yo kote w, pinga w pran tan. Ale avèk yo toudswit. Pyè te desann. Li te salye mesye yo. Yo te pale l' de Kònèy, epi li te dakò pou l' te ale avèk yo. Nan demen maten, li te pran plizyè kreyen avè l' epi yo te derape pou yo ale lakay kònèy.

Yo te rive lakay kònèy nan demen. Kònèy te kouri al kontre avèk yo. Li te mete ajenou devan Pyè , li te kòmanse adore l'. Pyè te di ' : kanpe, se yon moun mwen ye tou. Li te antre lakay kònèy. Li te wè li te envite plizyè lòt moun, pou yo te vèn tandè mesaj Bondye a tou. Pyè te di yo : Bondye te fè m' konnen li te louvri pòt la pou nou. L'ap rele moun vèn jwenn li nan tout lòt nasyon yo, kounyea. Se poutèt sa, m'ap bannou mesaj yo te bay Pèp Izrayèl la. Mesaj sa a sè ke Jezi se senyèa pou tout moun. Aprè sa, li te pale de Jezikri avèk mirak li yo. Li te eksplike yo kòman chèf jwif yo te tiye l, men Bondye te fè l' leve sòti vivan pami mò yo. Pyè te di yo: tout moun ki mete konfyans yo nan Jezi va resevwa padon pou peche yo.

Kon l' te fin di pawòl sa yo, Lesentespri te kontwole tout moun ki te nan kay la. Sa te fè kreyen jwif yo sezi, lè yo te wè payen yo te resevwa kado Lesentespri. Pyè te vire kote yo epi li te di yo: èske gen yon rezon ki anpeche nou batize? Yo tout te dakò, konsa, tout nouvo kreyen yo te batize nan non Jezikri.

Nouvèl sou sa, te gaye rapidman tout kote kreyen yo te ye, nan tout peyi a. Lidè yo nan Jerizalèm te mande Pyè : ou te rete lakay payen yo epi menm manje avèk yo ?

Li te eksplike yo ekzakteman sa k' te pase. Li te pale de vizyon li te fè nan chanmòt Jope a, de foul moun yo ki te lakay Kònèy la, epi kòman Lesentespri te kontwole moun sa ye. Pou l' te fini, li te di: Bondye te ba yo menm kado avèk nou, lè nou te kwè nan nòt Senyè Jezikri a. Kisa m' te ye pou m' ta fè tèt avèk Bondye?

Kreyen yo nan Jerizalèm pa t' gen anyen pou yo te di, lè yo te tandè sa. Yo te di: Bondye bay payen yo padon peche yo avèk lavi etènèl.

229 – Moun Ki Konvèti nan Vil Atyòch

Travay 11: 19-30

Yon gwo pèsekisyon te kòmanse avèk lamò Etyèn nan. Sa te fè anpil kretyen te al rete nan zòn Nò a, nan yon vil ki te rele Antyòch . Lè yo te pwemye rive la, yo te preche jwif yo sèlman, men aprè sa, yo te pataje mesaj Levanjil Kris la avèk payen yo tou. Bondye te onore sa, epi li te ba ansèyman yo t'ap bay la anpil pouvwa. Anpil payen te vèn mete konfyans yo nan Jezikri.

Legliz Jerizalèm nan te tande sa k' t'ap pase Antyòch. Yo te santi yo te bezwen mennen yon ankèt sou sa. Se poutèt sa ki te fè yo te voye Banabas la. Lè Banabas te rive la, li te gade sa Legliz la t'ap fè- Li te dekouvri ke Bondye te beni yo avèk anpil favè.

Banabas te kontan anpil, konsa, li te ankouraje kretyen yo. Li te di yo se pou yo toujou kontinye sèvi Jezi fidèlman, epi rete tout bon nan sa li te anseye yo. Moun yo te dakò avèk ansèyman Banabas la, paske yo te konnen l' te bon moun, li te anba kontwòl Lesentespri, epi li te gen anpil lafwa. Sa te fè plis moun te vèn kwè nan Kris- an grann kantite. Rapidman Banabas te bezwen èd. Konsa, li te ale nan vil Tas, epi li te jwenn Sòl. Yo de a te retounen Antyòch. Pandan plizyè lane, yo te travay ansanm avèk kretyen yo. Yo te konn anseye gwo foul moun. Se te nan antyòch yo te pwemye rele disip yo kretyen. Senyè a te fè Legliz Antyòch la konnen ta va gen yon gwo grangou. Sa te rès anpil, espesyalman nan peyi Jide. Kretyen Antyòch yo te enterese anpil nan pwoblèm kòlèg kretyen yo nan Jerizalèm. Yo te fè yon ofrann pou yo, chak moun te bay sa yo kapab. Aprè sa yo te mande Banabas avèk Sòl pou yo te pote ofrann nan ale Jerizalèm pou yo.

230 - Prizon an Kraze

Travay 12

Banabas avèk Sòl te rive Jerizalèm nan moman wa Ewòd te pran desizyon pou l' pèsekite kreyen yo. Li te kòmanse fè sa avèk arestasyon Jak frè Jan an. Li te fè tiye Jak kareman. Lè l' te wè jan sa te fè jwif yo kontan, li te fè arete Pyè tou. Li te fè mete l' nan prizon. Pyè te gen 16 sòlda ki t'ap veye l' nan prizon an. Legliz t'ap priye pou Pyè san rete.

Nan lannwit avan lè Ewòd te fikse, pou yo te tiye l' la, Pyè t'ap dòmi nan mitan de sòlda. De men l' yo avèk de pye l' yo te anchennen. Devan chak pòt ki te nan prizon an te gen de sòlda ki t'ap veye. Yo te 16 sòlda, antou, ki t'ap veye l'. Sibitman yon anj te parèt. Limyè l' te klere tout kacho a. Pyè t'ap dòmi. Anj lan te manyen l' li te souke l', pou l' te reveye l'. Anj lan te di l': reveye e mete rad ou. Pyè te gade, li te wè anj lan, men l' pa t' kwè sa t'ap pase konsa vrèman. Li te panse l' te nan rèv. Men l' te leve, epi chenn yo te tonbe atè a. Anj lan te di l': swiv mwen. Pyè te swiv li, li te pase tout pòs gad yo, jouk yo te rive devan pòtay an fè a, ki bay sou lavil la. Pyè te wè kòman l' te louvri pou kont li. Yo te sòti, yo te pran lari. Menm lè a anj lan te kite Pyè. Pyè te kanpe pou kont li nan lari a, se lè sa a li te vèn konprann sa k' t'ap pase a. Li te vèn wè se pa reve l' t'ap reve. Li te di : kounye a, mwen wè se tou bon vre. Bondye te voye anj li delivre m'anba men Ewòd. Li te sove m'anba tout bagay pèp jwif la t'ap pare pou mwen an.

Lamenm li te ale kote kreyen yo t'ap lapriye pou li a, li te fwape pòt la. Yon sèvant, yo te rele wod te vèn reponn. Li te rekonèt vwa Pyè. Li te sitèlman kontan, li pa t' louvri pòt la, li te kouri al di moun yo :

-Men Pyè deyò a wi.

Moun yo te di li:

-Gen lè w pèdi tèt ou ?

Men l' te kenbe sa l' te di a, se vre. Lè sa a, yo te di li : se pa posib ! Pyè nan prizon. Se dwe bonnanj li ou wè a. Men Pyè te kontinye fwape pi rèd toujou. Lè yo te louvri pòt la, yo te wè l' yo pa t' manke sezi. Li te fè yo sèn avèk men l', pou yo pa t' pale. Epi li te rakonte yo kòman Bondye te voye yon anj al delivre l' nan prizon an. Yo tout yo te bay Bondye louranj, poutèt sa l'te fè a.

Lè l' te vèn jou, sòlda yo te gen yon pakèt tèt chaje. Yo t'ap mande kote Pyè te pase. Ewòd te fè chèche l' toupatou. Men yo pa t' jwenn li. Li te fè yo kesyonnen sòlda yo. Lèfini li te bay lòd pou yo tiye yo. Aprè sa Ewòd te ale nan yon plaj bò lmè a, epi li te fè yon diskou pou yon foul moun. Aprè l' te fin fè l', moun yo te rele, yo t'ap di: sa se pa vwa yon nonm, se vwa yon Dye! Ewòd te chaje avèk ògèy. Li te aksèpte sa, menm lè a yon anj Bondye te fwape l', paske l' te aksèpte louranj ki fèt pou Bondye sèlman. Menm moman an vè te kale nan tout kò l', e manje l'. Sa te fè l' mouri lamenm.

Pawòl Bondye a menm t'ap gaye pi plis toujou, li t'ap fè anpil pwogrè. Banabas avèk Sòl te kite Jerizalèm, yo te retounen Antyòch, yo te mennen Jan avèk yo.

231 - Premye Vwayaj Misynè a

Travay 13

Sentespri a te di Legliz Antyòch la: mete Banabas avèk Sòl apa pou mwen, pou yo fè travay mwen chwazi yo pou yo fè pou mwen an.

Konsa Legliz la te voye yo al fè travay Bondye a. Yo te pran Jan Mak avèk yo, yo te ale nan lil Chip. Lè yo te rive la, yo te preche nan sinagòg jwif yo, pandan yo t'ap deplase nan tout lil la. Yo te rele Sòl Pòl tou

Gouvènè lil la se yon nonm yo te konnen kòm yon nèg ki te gen anpil lespri. Se yon nonm ki te renmen aprann tou. Li te voye rele Banabas avèk Pòl pou yo te vèn anseye l' Pawòl Bondye a. Pandan yo t'ap pale, yon nonm ki te yon majisyen te vèn entèwonp yo. Li t'ap chèche anpeche gouvènè a mete konfyans li nan Kris. Pòl te di majisyen an : ou se lènmi Bondye. Sispann pale kont Bondye. Bondye ap fè w avèg. Lamenm li te vèn avèg. Se lòt moun ki te mennen l' sòti, pou l' te kite sal la. Gouvènè a te sezi, lè l' te wè sa. Li te vèn koute Pòl avèk plis atansyon. San pran tan, li te vèn mete konfyans li nan Jezikri.

Après sa, Pòl avèk lòt kòlèg li yo te pran batiman nan lavil Pafòs, pou yo ale nan lavil pèj, nan peyi Panfili. Etan yo te la, Jan Mak te kite yo, li te retounen Jerizalèm. Banabas avèk pòl te kite Pèj, yo te kontinye wout yo, jouk yo te rive Antyòch, nan peyi Pisidi. Jou repo a yo te antre nan sinagòg la, yo te chita. Chèf sinagòg la te di yo: frè m' yo si nou gen kèk pawòl pou nou ankouraje asanble a, nou mèt pale kounyea. Pòl te kanpe, epi li te pale avèk yo. Li te kòmanse fè yo sonje istwa pèp Izrayèl la. Après sa, li te di: Bondye te pwomèt, li t'ap voye yon sovè pou nou, k'ap sòti nan fanmiy wa David la. Jezikri te akonpli pwomès sa a. Chèf yo nan Jerizalèm te konnen bagay sa yo. Malgre sa, yo te tiye Jezi lè yo te Kloure l' sou lakwa a, yo te antere l' nan yon tonm, men Bondye te fè l' leve sòti vivan pami mò yo. Nou isit la pou nou di nou Jezi, se pitit Bondye a. Li pote padon pou peche yo, pou tout moun ki kwè nan li. Fè atansyon pou nou pa pèdi sa Bondye ap fè pou nou an. Kèk nan jwif yo te koute Pòl, yo te resevwa gras Bondye a. Kèk lòt te mande l' pou l' te retounen ankò jou repo k'ap vini an, pou l' pale sou tout bagay sa yo ankò.

Jwif yo te retounen, nan jou repo après a, yo te jwenn prèske tou moun nan vil la te sanble, pou yo te tande pawòl Senyè a. Lè jwif yo te wè fou l' moun yo, yo te pran fè jalouzi, yo t'ap pale kont pòl avèk banabas.

Pòl te di: se noumenm anpwemye ki te pou resevwa pawòl Bondye a. Men, nou pa vle resevwa l'. Nou pa merite pou nou gen lavi ki p'ap janm fini an. Enben, kounyea n'ap vire bò kote moun lòt nasyon yo, paske yo dispoze pou yo koute.

Payen yo te kontan lè yo te tande sa. Yo te pran fè louranj pou pawòl Bondye a. Anpil nan yo te kwè nan Jezikri. Pawòl Bondye a te gaye toupatou nan peyi a. Sa te fè jwif yo fache anpil. Alafen, yo te pran tèt otorite lavil la, pou yo te pèsekite Pòl avèk Banabas. Se konsa, mesye yo te oblije kite zòn nan. Men, disip yo te kite nan vil la te anba kontwòl Lesentespri, yo te kontan anpil.

232 - Sòti Nan Adorasyon Tonbe Anba Kout Wòch

Travay 14

Pòl avèk Banabas te ale nan yon vil yo te rele Ikòn. Yo te preche mesaj Levanjil Kris la nan sinagòg jwif yo. Aprè sa te gen anpil gwo reyaksyon. Anpil jwif avèk payen te kwè nan Jezikri. Men, te gen anpil lòt ki te fache, ki te fè popilasyon an revòlte kont kreyen yo. Rapidman tout vil la te chofe. Otorite yo te deside ke sèl jan pou yo rezoud pwoblèm sa a, se te tiye Pòl avèk Banabas. Apot yo te dekouvri sa, Bondye te fè yo kite vil la.

Yo te ale nan yon lòt vil, ki te rele Lis. Pòl te preche bòn nouvèl Kris la nan zòn sa a. Te gen yon nonm ki te chita bò la. Li te paralize depi l' te fèt. Li t'ap koute sa Pòl t'ap di. Pòl te fikse zye l' sou li, li te wè Bondye te mete lafwa nan kè l'. Konsa li te di l' : leve ! Kanpe! Lamenm nonm nan te leve kanpe, li te mache.

Lè moun yo te wè sa, yo te sezi. Yo te kòmanse kriye, yo t'ap di: dye yo vèn vizite nou. Moun yo te sanble kote yo te ye a, pou yo kapab wè dye yo, ki sanble avèk moun nan. Rapidman, yon prèt payen te kouri vini avèk kèk bèt pou l' te fè sakrifis. Limenm avèk pèp la te kòmanse fè fèt pou Pòl avèk Banabas.

Apot yo te endinye anpil, yo te chire rad yo. Yo te kouri al nan mitan foul la. Yo te pale byen fò, yo te di: mezanmi, sa n'ap fè konsa? se moun tankou nou, nou ye tou. Nou vèn isit la, pou nou anonse nou yon bòn nouvèl. Bòn nouvèl la, se pou nou vire do bay tout idòl yo, paske yo pa vo anyen, pou nou tounen vèn jwenn Bondye vivan an. Se limenm ki te fè syèl la, tè a, lamè a avèk tout sa ki ladann yo. Se limenm ki bannou tout sa nou bezwen, pou nou viv chak jou. Malgre sa, moun yo te vle fè sakrifis la pou yo toujou.

Pandan moun yo te sanble toujou, kèk jwif ki te sòti nan lòt vil yo, kote Sòl avèk Banabas te déjà pase yo. Yo pa t' pran anpil tan pou yo te vèn fè foul moun yo fache. Yo te pran gwo wòch, pou yo tiye Pòl. Yo te antoure l', yo te kalonnen l' avèk kout wòch pou yo tiye l', jouk li te tonbe san konesans. Sa te kontinye jouk yo te pansè l' te mouri. Yo te trnen kò l', yo te al mete l' andeyò vil la.

Kreyen yo te sanble bò kote l'. Sibitman, li te leve kanpe, li te mache retounen nan vil la. Nan demen, limenm avèk Banabas te ale nan yon lòt vil, kote anpil moun te kwè nan Jezikri. Aprè sa, yo te retounen al vizite kote yo te déjà pase yo. Yo te ankouraje kreyen yo, e yo te mete ansyen pou dirije Legliz. Tout vil sa yo te nan yon rejyon yo te rele Galasi.

Alafen, yo te pran bato, pou yo te ale Antyòch, pou yo te vizite Lgliz la ki te voye yo a. Lè yo te rive Antyòch, yo te reyini Legliz la, yo te rakonte yo tout sa ki te rive, pandan vwayaj la. Pòl avèk Banabas te rakonte yo sa Bondye te fè epi kòman li te louvri pòt pou payen yo, pou yo mete konfyans yo nan Jezikri.

233 – Eske Nou Oblije Kontinye Kenbe Lalwa Jwif yo?

Travay 15:1-35

Te gen kèk anseyan jwif ki te sòti Jerizalèm ki te rive Antyòch. Yo te kòmanse anseye nan Legliz la, ke Kreyen yo dwe obsève lalwa pou yo kapab sove. Pòl avèk Banabas te fache lè yo te tande sa.. Yo te chèche korije sa, lamenm. Sa te pwovoke anpil diskisyon.

Alafen, lidè yo te santi yo te bezwen èd apot yo. Se poutèt sa yo te voye Pòl avèk Banabas Jerizalèm avèk plizyè lòt frè. Lè yo te rive nan Legliz Jerizalèm nan. De mesye yo te rakonte apot yo avèk kreyen yo, tout sa Bondye te ba yo pouvwa fè pou li. Yo te fè yo konnen kòman payen yo te resevwa Levanjil Kris la avèk anpil chalè. Kèk nan ansyen patizan farizyen yo, ki te nan Legliz Jerizalèm nan, te kanpe, yo te di: se pou nou sikonsi moun lòt nasyon yo. Se pou nou mande yo pou yo obeyi lalwa Moyiz la tou.

Sa te pwovoke yon pakèt diskisyon. Finalman, lidè Legliz yo te konprann yo te bezwen rezoud pwoblèm sa, pou travay Bondye a kapab kontinye grandi kòm sa dwa. Yo te deside reyini ansanm, pou yo pou fè sa, epi yo pa t' ap separe, jouk yo konnen volonte Bondye sou sa.

Te vèn rive yon moman kote Pyè te pale avèk asanble a. Li te di: frè m' yo, nou konnen ki jan depi lontan, Bondye te chwazi m' pami nou tout, pou m' anonse bòn nouvèl la bay moun lòt nasyon yo. Bondye te padone peche yo, li te ba yo Lesentespri, men jan l' te fè sa pou nou an. Li Pa t' fè okenn diferans ant yomen avèk noumenm. Nou wè li te lave kè yo, paske yo te kwè nan li. Kounyea poukisa n'ap seye fè plan avèk Bondye konsa, lè nou vle fè disip yo pote yon chaj, ni zansèt nou yo, ni noumenm nou pa t' kapab pote a ? Okontrè, nou kwè se yon favè Jezikri fè nou, lè l' te delivre nou, men jan l' te fè l' pou yo a tou.

Après sa, Pòl avèk Banabas te rakonte sa Bondye te fè nan mitan payen yo. Yo te eksplike an detay mirak avèk mèvèy ki te fèt pami payen yo.

Alafen, Jak, (frè Jezi a) te kanpe, li te pale avèk asanble a. Li te di : Annou sonje sa byen, Pawòl Bondye a te déjà pale nou sou bagay sa yo byen lontan. Li te di klèman Bondye va rele payen yo dapre non yo. Men konsèy m'ap bay : sa pa bon pou nou mande payen yo pou yo obeyi kòmandman yo.

Men, Ekri yo, epi annou ba yo lòd sa yo sèlman:

1-Pou yo pa manje vyann yo te ofri bay idòl.

2-Pou yo evite tout dezòd lachè.

3-Pou yo pa manje vyann bèt ki mouri toufe, epitou pou yo pa manje san.

Legliz la te dakò avèk lide sa yo. Yo te mete yo nan yon lèt, epi yo te voye l' Antyòch pa Pòl avèk Banabas. Yo te voye de lòt moun ankò, konsa pou yo pa gen dout se te yo ki te voye lèt la. Yonn nan moun sa yo se te Silas. Lè yo te rive Antyòch, yo te remèt lèt la ba lidè Legliz yo. Yo te li l' devan manm legliz yo, yo te resevwa l' avèk anpil kè kontan. Tout moun yo te ankouraje, lè yo te tande libète yo genyen nan Kris la.

234 - Lèt a Kreyen Galat yo

Galat 1-6

Te gen kèk anseyan ki te sòti Jerizalèm ki te ale nan Legliz Antyòch la. Yo t'ap anseye ke payen yo dwe obeyi lalwa Moyiz la, pou yo kapab jwenn padon pou peche yo nèt. Aprè kreyen Antyòch yo te rejte doktrin sa a, menm anseyan sa yo te ale nan Galasi- nan legliz yo Banabas avèk Pòl te Fonde yo, pandan pwemye vwayaj misyonè yo a. Pòl te dekouvri ke kreyen Galat yo te aksèpte ansèyman sa a, se poutèt sa li te ekri yo lèt sa a, pou l' te eksplike yo libète yo genyen nan Kris la.

Li te di yo:

Mwen te sezi wè nou vire do bay favè Bondye a. Fo anseyan sa yo te di nou, nou dwe obeyi lalwa jwif yo, pou nou kapab sove nèt- epi nou te kwè nan sa yo te di a vre. Kòman nou fè fou konsa, jouk pou nou rive aksèpte yon mòd levanjil konsa?

Mwen te bannou bon jan Levanjil Kris la. Se sa k' fè menm si yon anj ta sòti nan syèl epi li ta preche nou yon lòt levanjil- anj sa se yon anj modi. Wi, nou te tandè m' byen. Kite m' klè nèt nan sa m'ap di nou la a. Nenpòt moun k'ap preche erezi sa a modi. Mwen koprann sa y'ap preche a-mwen te renmen tradisyon jwif yo tèlman ke mwen te chèche detwi Legliz Bondye a. Men Bondye te sove m'epi li te rele m' pou m' preche payen yo bòn nouvèl la. Li te anseye m' limenm pandan twazan an Arabi.

Kounyea, koute sa byen. Menm fo anseyan sa yo te ale Antyòch, epi yo te chèche mete kreyen nou yo nan esklavaj. Mwen pa t'aksèpte sa menm pou yon ti moman-non mwen pa t'aksèpte sa menm ! Alafen, Legliz la te voye Banabas avè m' Jerizalèm, pou nou te pote pwoblèm sa a devan apot yo. Yo te wè Bondye te rele m', pou m' preche payen yo bòn nouvèl Kris la, menm jan l' te rele Pyè pou l'anonse jwif yo bòn nouvèl la.

Men pita, mwen te gen pwoblèm avèk Pyè sou sa. Li te vini Antyòch, epi li te manje libman avèk payen yo, men lè kèk jwif te sòti Jerizalèm, li te separe lamenm avèk frè payen yo. Te gen lòt kreyen jwif ki te mele avèk li nan sa. Menm Banabas te tonbe nan ipokrizi l' la tou. Mwen te reprann Pyè devan tout moun, mwen te di l' : sa pa bon.

Men prensip la li pa t' konnen an : sè ke nan Kris la, pa gen ni jwif ni payen, pa gen ni esklav ni lib, pa gen ni fanm ni gason, Nou tout te mouri avèk kris la, lè yo te kloure l' sou lakwa a. Nou te leve sòti vivan nan lamò avè l', konsa, Kris rete nan nou kounyea. Delivrans sòti nan lamò Kris la. Sa pa gen anyen pou l' wè avèk obeyi lalwa.

Eske w konprann sa ? Kòman nou fè kite yo twonpe nou fasilman konsa ? Eske nou te resevwa Lespri Bondye a, paske nou te obeyi lalwa ? Eske Bondye te fè mirak, paske nou te tèlman bon ? Non ! Mil fwa non ! Se te poutèt konfyans nou nan Kris la.

Pinga fè foli konsa, tankou panse si nou obeyi lalwa, nou kapab ajoute yon bagay sou sa Bondye te fè a. Bondye pa t' deklare Abraram jis paske l' te obeyi lalwa. Sa te fèt depi plis pase 430 lane avan lalwa. Li te jis (bon nèt) poutèt lafwa li nan Bondye. Bondye te bay lalwa pita, pou l' te montre tout moun se pechè yo ye, epitou yo anba kondanasyon. Li fè wè anmenm tan, jan nou gen bezwen ijan, pou nou aksèpte pou l' sove nou anba peche nou yo.

Bondye te di Abraram: tout nasyon yo va beni nan oumenm. Reflechi sou sa. Pwomès Bondye te fè Abraram nan, li te fè l' pou nou tou, nan Jezikri. Eske w'ap vire do bay pwomès Bondye yo ?

Fo anseyan sa yo vle fè nou pèdi benedik syon sa yo. Yo vle fè nou pèdi libète n'ap jwi nan Kris la. Pinga kite yo fè sa ! Libète bannou kapasite pou nou sèvi lòt yo. Olye n'ap bat tèt nou pou nou obeyi lalwa, kite Lepri Bondye a dirije nou. Li kapab kenbe nou kont bagay sa yo, tankou tout dezòd lachè yo, sèvi idòl, fè maji, yonn lènmi avèk lòt, fè kont yonn avèk lòt, fè jalouzi, fè kòlè, yonn pa vle wè lòt, fè ti pil gwo pil, yonn anvye sò lòt, tafyatè, safte, elatriye. Lespri Bondye a bannou don

renmen, kè kontan , kè poze, pasyans, bon kè, seryezite, gen bon jan, aji avèk dousè, fè w konn kontwole kò w. Lespri Bondye a kontwole panse w yo avèk sa w anvè fè yo. Li ba w pouvwa pou w ...

- ... Padone moun kif è w sa ki mal.
- ... Pou w ede lòt moun lè yo gen bezwen.
- ... Pou fè gwo bagay pou Bondye.
- ... Pou bay moun ki investi lavi yo nan ou.

Pinga desann tèt nou anba lalwa, okontrè se pou nou kite Lespri Bondye a kontwole lavi nou. Koute sa byen, ou pa kapab twonpe Bondye, ou va rekòlte sa w te plante a. Destriksyon ap tann tout moun yo ki anba kontwòl la chè yo. Moun yo ki te simen sa ki fè Lespri Bondye plezi, Lespri a va fè yo rekòlte lavi ki p'ap janm fini an. Bondye konnen kè mwen, li konnen m' p'ap ekri pou m' vante tèt mwen devan moun. Se sa fo anseyan yo ap fè. Pou mwenmenm, mwen p'ap bat tèt mwen pou lòt bagay, pase pou lakwa Kris la. Paske grenmesi lakwa a, mwen mouri pou lemond, lemond mouri pou mwen. Mwen pote mak lamò li a nan kò m'.

Fè atansyon avèk sa mwen di nou yo. Se pou benediksyon Jezikri, Senyè nou an, toujou la avèk nou tout.

235 – Chante Depi Nan Prizon

Travay 15: 36-40

Pòl te di Banabas: “li lè pou nou al vizite Galasi pou nou wè kòman Legliz yo ap mache.” Banabas te dakò, men Pòl pa t’vle pou Jan Mak te ale avèk yo. Pòl te refize, paske li te di Jan Mak te vire do kite yo nan dènve vwayaj la. Yo pa t’kapab antann yo sou sa, konsa yo te separe.

Pòl te chwazi Silas pou l’ale avè l’. Pandan yo t’ap vizite Galasi, yo te jwenn avèk yon jèn òm ki te rele Timote. Tout kretyen yo te respekte l’anpil, konsa Pòl te ankouraje l’pou l’tete mete avèk yo nan ministè a.

Yon jou aswè, Pòl te reve l’tete wè yon nonm ki t’ap di: “tanpri, vinn nan peyi Masedwàn, vinn pote nou sekou.” Pòl te reveye epi li te sèten ke sa te sòti nan Bondye.

Kon yo te fin travèse lamè a, yo te ale nan yon vil ki te rele Filip. Yo te pale avèk yon gwoup fanm ki te sanble la. Yonn ladan yo te rele Lidi, yon fanm ki te konn vann bèl twal chè. Li t’ap koute Pòl ki t’ap preche, epi nan moman sa a limenm avèk fanmiy li te mete konfyans yo nan Kris. Aprè sa yo te batize, li te envite Pòl pou l’tete sèvi avèk kay li kòm sant pou ministè li.

Nan menm vil sa a te gen yon sèvant ki te gen yon move lespri sou li, li te konn fè mèl li yo fè anpil lajan, nan fè l’pase kat pou moun. Li te kòmanse ap swiv Pòl avèk Silas nan lari yo nan vil Filip la. Li t’ap rele byen fò: “Mesye sa yo ap fè nou konnen chemen pou nou pran, pou nou kapab jwenn delivrans lan.”

Li t’ap fè sa pandan plizyè jou. Finalman Pòl te vire, li te di lespri ki nan li a: “nan non Jezi mwen ba ou lòd, sòti nan tifi a.”

Menm lè a, lespri a te sòti sou li. Mèt li yo te fache anpil. Yo te pèdi tout espwa pou yo fè lajan avèk tifi a ankò. Yo te mete men sou Pòl avèk Silas, yo te trennen yo nan plas piblik la devan otorite yo. Yo te mennen yo devan chèf lavil Wòm yo. Yo te di: “Jwif sa yo sòti Filip y’ap plede montre moun yo yon bann bagay sou Bondye yo a. Sa pa bon. Chèf yo te antann yo antre yo epi yo te fè bat mesye yo piblikman. Aprè sa, yo te mete yo nan prizon kote chèf prizon an te mete yo nan chèn. Bò minwi, Pòl avèk Silas te kòmanse priye, yo t’ap chante epi yo t’ap fè lwanj pou Bondye. Sibitman, tè a te pran tranble byen fò, li te souke prizon an jouk nan fondasyon l’. Menm lè a tout pòt prizon yo te louvri, chèn tout prizonye yo te tombe.

Lè chèf prizon an te reveye, li te wè tout pòt prizon an louvri. Li te panse tout prizonye te sove, li te rale nepe l’pou l’tiye tèt li. Pòl te kriye byen fò: “tann! Pa fè sa! Nou tout la.”

Lè chèf prizon an te tandè sa, li te mande yon chandèl, li kouri antre nan kacho a. Li te lage kò l’atè devan Pòl avèk Silas, li te di yo: “mesye, kisa m’dwe fè pou m’delivre?” Yo te reponn li: “mete konfyans ou nan Senyè Jezi, epi w’a delivre oumenm avèk tout fanmi ou. Chèf prizon an te mennen yo lakay li epi Pòl te eksplike yo mesaj Kris la. Tout moun nan fanmiy li te kwè, epi yo te batize. Chèf prizon an te lave blese mesye yo, epi li te ba yo manje. Nan demen, chèf yo te voye sòlda nan prizon an. Yo te voye di gadyen prizon an: «ou mèl lage mesye yo epi yo mèl al fè wout yo.»

Pòl te voye yon mesaj tounen bay ch’f yo, li te di: «nou p’ap ale konsa. Se sitwayen nou ye, epi nou te fè bat nou an piblik aprè sa, nou te voye nou nan prizon san jijman. Kounyea ou vle pou n’ale trankilman. Si nou vle pou nou ale, se pou nou vini epi lage nou noumenm.»

Chèf yo te sezi lè yo te tandè mesye sa yo se te sitwayen women. Yo te prese al kote apòt yo, yo te prezante ekskiz ba yo, yo lage yo. Lèfini yo te mande yo, pou yo te kite vil la.

Pòl avèk Silas pa t’kite vil la toudswit, yo te retounen lakay Lidi, epi yo te ankouraje kretyen yo. Aprè sa yo te ale.

236 – Grèv Pa Kapab Anpeche Levanjil Gaye

Travay 17

Pòl avèk Silas avèk gwoup yo a te ale Tesalonik. Yo te pase twa semèn ap diskite avèk jwif yo. Li te eksplike yo kòman Kris la te dwe vini, soufri, mouri epi leve sòti vivan pami mò yo.

Li te di yo: “Jezi m’ap fè nou konnen an, se limenm ki Kris la.”

Te gen moun pami jwif yo ki te kwè nan Kris, menm jan avèk yon bann grèk. Sa te fè lòt jwif yo revòlte, epi yo te pran desizyon pou yo te kraze mouvman sa a. Yo te fè l’fache, yo te fè yon manifestasyon kont yo rapidman, tout vil la te vinn cho. Yo pa t’kapab jwenn Pòl, konsa yo te pran plizyè lòt kreyen epi yo te pouse yo nan lari a, yo te mennen yo bay chèf yo epi yo te di: “mesye sa yo ap mache fè dezòd toupatou. Yo pap mache avèk Seza. Yo di yo gen yon lòt wa, yon nonm yo rele Jezi. Kounyea fotè de twoub sa yo rive nan vil nou an, epi moun sa yo resesvwa yo lakay yo. Chèf yo te resevwa gwo lajan anba nan men kreyen yo, après a, yo te lage yo. Nan aswè kreyen yo te voye Pòl avèk Silas ale Bere.

Jwif Bere yo te byen resevwa mesaj Kris la epi yo te pran san yo pou yo te egzamine pawòl la, pou yo te wè si sa yo t’ap di yo a se te vre. Konsa anpil jwif avèk grèk te resevwa Kris. Nouvèl sa a te rive Tesalonik, yo te ale Bere pou yo te kontinye goumen kont mouvman an. Dezòd yo te vin tèlman rèd, ke kreyen Bere yo te voye Pòl ale nan yon bato. Yo te fè plan pou Silas avèk Timote te rete Bere.

Lè Pòl te rive alafen, li te rive nan yon mache kote li te pale moun yo de Jezi. Yo te enterese anpil nan pawòl ki di yon nonm te leve sòti vivan nan lamò a. Konsa, yo te mennen Pòl nan yon plas yo te rele mòn Mas la, epi yo te kite l’pale avèk yon foul moun. Li te di: “moun Atèn yo! mwen wè nou relijye anpil. Mwen te menm jwenn yon idòl ki make “pou Bondye nou pa konnen an”. Kite m’pale nou de Bondye a nou pa konnen an. Li se Senyè ki nan syèl la, ki kreye tout bagay ki sou latè a. Li pa rete nan kay moun fè. O kòmansman li te kreye yon nonm. Tout nasyon yo ki sou latè a te sòti nan li. Tout sa nou genyen sòti nan Bondye. Se limenm ki fè n’ap viv.

Bondye te pran pasyans avèk nou nan tout tan pase yo, men kounyea nou dwe repanti, paske li chwazi yon jou pou l’jije lemonn, pa Jezikri, sila ki te leve sòti nan lamò a.”

Kèk nan yo te ri lè yo te tande Jezi te leve sòti vivan nan lamò a. Gen lòt ki te vle tande plis sou sa aprè. Kèk nan yo te mete konfyans yo nan Kris.

Pòl te kite Atèn epi li te ale Korent, kote l’te rete tann Silas ak Timote.

237 - Premye Lèt a Tesalonisyen yo

1 Tesalonisyen 1-5

Pòl te fonde yon legliz nan Tesalonik, men li pa t'kapab pase anpil tan la. Pèsekisyon an te vinn rès nan zòn sa a. Kretyen yo te ensiste anpil pou yo te fè l'sòti nan kote sa a. Konsa, li te kite Silas avèk Timote pou yo te ede jèn kretyen sa yo. Li t'ap tann yo nan Korent.

Li te enkyete pou jèn legliz sa a poutèt pèsekisyon l't'ap sibi a. Finalman, Silas avèk Timote pote bòn nouvèl sou jan moun sa yo te rete kole avèk Kris, menm nan mitan tout soufrans yo. Lamenm Pòl te ekri lèt sa a, pou l'ankouraje yo.

Li te di: "mwenmenm Pòl, Silas avèk Timote, se tout tan n'ap di Bondye mèsi pou nou. Mwen pa janm bliye nou, lè m'ap lapriyè. Nou sonje lè nou te aksèpte Jezi nan mitan yon tanpèt pèsekisyon. Se pa t'avèk pawòl sèlman mwen te anonse nou bòn nouvèl la. Men tou, se te avèk pouvwa Sentespri a. Yo tout ap rakonte jan nou te resevwa m'lè m'te rive lakay nou, jan nou te kite idòl yo, pou n'te tounen vinn jwenn Bondye. Y'ap di tou, jan n'ap tann avèk pasyans Jezi, pitit Bondye a k'ap vinn sot nan syèl la.

Nou te resevwa nou byen menm jan nou te resevwa Levanjil la. N'ap veye sou nou tankou yon manman k'ap pran swen pitit li. Nou te pran responsablite pou nou pran swen tèt nou avèk pwòp mwayen pa nou, pou pèmèt sa vinn pi fasil pou nou. Lamou nou pou nou se tankou lamou yon papa, k'ap ede nou mache avèk Bondye.

Kounyea, Levanjil la ap travay nan nou. Moun yo rayi nou paske, yo rayi Levanjil la. Mwen ta renmen la avèk nou, pandan tan eprè sa, men Satan anpeche m'. Tande sa m'ap di: se nou menm ki tout espwa mwen, se pa lòt moun, se noumenm kif è kè m'kontan, se nou ki kouwòn mwen.

Lè m'te wè mwen pa t'kapab rete avèk nou, mwen te kite Timote, epi mwen te kouri vini isit la, mwen te di l'pou l'ede nou pandan nou anba pèsekisyon sa a. Pandan lontan mwen pa t'gen nouvèl sou jan nou t'ap viv. Finalman mwen pa t'kapab rete konsa plis. Mwen te voye mande Timote kòman nou ye.

Limenm menm li te vini epi li te ban m'bòn nouvèl de lafwa nou nan Kris epi de lamou nou pou li. Li te di m'nou te anvi wè m', menm jan mwenmenm mwen anvi wè nou anpil. Lwanj pou Bondye! Nou kanpe fèm nan konfyans nou. O, konbyen m'ap tann pou m'avèk nou pou m'anseye nou plis sou jan n'ap mache avèk Bondye a?

Kounyea, koute byen: kontinye viv yon jan ki fè Bondye kontan. Rete lwen tout dezòd lachè. Pa kite move lanvi pouse. Yo tankou moun lòt nasyon yo ki pa konnen Bondye. Se yon kalite lavi k'ap blese tout moun ki mele ladann. Li fè Lespri Bondye a k'ap viv nan nou an tris tou.

Pa bliye sa, Bondye ap jije tout moun k'ap viv nan kalite bagay sal konsa.

Okontrè, se pou nou renmen jan Bondye renmen. Poukisa m'ap di nou sa? Bondye te déjà anseye nou pou nou youn renmen lòt. M'ap mande nou sèlman pou nou renmen pi plis toujou.

Timote di m'nou gen enkyetid konsènan moun yo ki déjà mouri yo. Nou pa bezwen enkyete pou yo. Sonje sa byen, Jezi te mouri, men Bondye te fè l'leve sòti vivan nan lamò. Li va fè menm bagay la tou avèk tout moun yo ki mete konfyans yo nan li.

Lè Jezi retounen, li va fè moun ki te mouri nan li yo leve sòti vivan an premye. Aprè sa, kò kretyen yo ki va vivan toujou a va transfòm, epi ansanm yo va monte al kontre Jezi anlè a. Konsa, yo va toujou ansanm avè l'. Pinga dekouaje tankou moun yo ki pa gen espwa yo, okontrè se pou nou yonn ankouraje lòt avèk pawòl sa yo.

Byen antandi, nou pa gen yon dat ki di kilè sa va fèt. Men, nou dwe prepare nou pou nenpòt lè l'fèt la, nou kapab ale avèk Kris.

Lè sa va rive, moun yo k'ap viv nan peche yo, yo va tankou moun ki fèmen pòt yo lannwit epi ki panse yo an sekirite poutèt sa, epi sibatman yon vòlè antre lakay yo.

Vini Jezi a va fèt tankou lè yon fanm ap akouche. Vini Jezi a va fèt nan yon moman nou pa konnen. Jezi te mouri pou l'ban nou lavi ki pa p'janm fini an. Se pou nou yonn ankouraje lòt avèk verite sa a.

Men jan nou dwe sèvi kòm yon legliz jouk Senyè a vini:

Onore moun k'ap pran swen nou espiyèlman yo.

Viv byen yonn avèk lòt.

Pa viv nan laparès.

Pran pasyans avèk moun ki dekouraje yo.

Ede fèb yo.

Pa fè revanj lè moun fè w sa ki mal.

Toujou fè sa ki byen.

Men twa pati yo ki genyen pou yon moun viv yon lavi espiyèl:

Pwemyèman fè kè nou kontan, priye epi di Bondye mèsi. Se sa Bondye vle pou nou.

Aprè sa, koute Sentespri a lè l'pale avèk ou pa mwayen lòt moun yo, men fè sèten sa sòti nan Bondye.

Epi finalman, rete kole sou sa ki byen epi rete lwen sa ki mal.

Bon zanmi m'yo, nou se yon fanmiy, konsa priye pou mwen epi kenbe kominyon nou cho. Fè tout moun yo nan legliz la wè lèt sa a. se pou favè Jezikris la avèk nou.

238 - Dezyèm Lèt a Tesalonisyen yo

2 Tesalonisyen 1-3

Moun Tesalonik yo te renmen pwemyè lèt Pòl te ekri yo a anpil. Yo te li l'epi reli l'ankò. Yo te tèlman pale de jou Senyè a, yo te rive panse ke l'te kòmanse. Anpil nan yo te enterese anpil pou yo te konnen sa l'vle di, pandan te gen lòt ki te kite travay yo t'ap fè, paske yo te santi Senyè a t'ap al tabli wayòm li an. Rapidman, sila yo ki te kite travay yo te konn fè yo te bezwen èd nan men lòt yo ki te kontinye ap travay yo. Sa te rive nan zòrèy apòt Pòl, se poutèt sa, li te ekri dezyèm lèt li a.

Li te di: "Silas, Timote avèk mwenmenm te toujou ap di Bondye mèsì pou nou. Nou te di Bondye mèsì, paske konfyans nou nan Bondye ap grandi anpil, poutèt lamou nou yonn pou lòt ap grandi toujou tou.

Mwen kontan pale de nou nan tout legliz Bondye yo, pou jan nou gen pasyans, jan nou kenbe konfyans nou fèm nan Bondye, nan mitan tout pèsekisyon avèk soufrans n'ap sibi yo.

Bondye te onore nou, lè l'te chwazi nou pou nou soufri pou li a. Men jou a ap vini, kote Bondye va jije moun k'ap fè nou soufri anpil yo. Li va bannou repo, men yomenm yo va soufri pou letènite. Jezikri va retounen avèk anj li yo, nan yon flanm dife pou l'pini moun k'ap fè rebèl yo kont bòn nouvèl Jezikri a. Chatiman moun sa yo, se disparèt y'ap disparèt yo pou tout tan. Yap wete yo devan Senyè a, yap voye yo jete byen lwen pou yo pa janm resevwa pa yo nan bèl pouvwa Senyè a, epi nan lwanj yap fè pou li a.

Se poutèt sa, mwen p'ap janm sispann lapriye pou nou. M'ap mande Bondye pou l'ede nou pou nou viv yon jan ki dakò avèk lavi li mande pou nou viv la. Pou l'kontinye fè lemonn wè jan l'bon epi jan l'gen pouvwa, pa mwayen konfyans nou. Konsa, tout moun va fè louranj non Jezi poutèt nou.

Kounyea, annou konsidere lè Jezikri, Senyè nou an, va parèt pou l'sanble nou ansanm bò kote l'. Mwen konprann sa tèlman enterese nou- sa fè nou panse jou Senyè a deja kòmanse. Kite m'fè sa klè pou nou. Se pa konsa sa ye vre. Pa kite pèsòn twouble lespri nou fasil, ni fè nou pèdi tèt nou avèk okenn mesaj ki swadizan sòti nan Bondye... Pa kite pèsòn twonpe nou nan okenn fason. Paske avan jou sa rive, men sa k'ap rive an pwemye. Yon nonm mechan va monte sou pouvwa a. Li va prepare lemonn kont Bondye ki nan syèl la. Depi kounyea, fòs li yo deja ap travay nan lemonn. Se Sentespri a ki anpeche l'parèt deja. Yon jou ap vini, kote Sentespri a pra l'deplase aprè Legliz va anlve, li va pèmèt nonm sa a anpeche tout bagay ki sen. Li va chita nan tanp Bondye a, epi li va di se limenm ki Bondye. Li va fè tout kalite mirak avèk anpil bagay mal ki va kapte atansyon moun. Li va twonpe tout moun yo ki refize kwè nan laverite a. Bondye va pèmèt yo kwè nan li.

Après sa, Kris va vini epi li va detwi l'avèk souf bouch li. Sonje mwen te deja di nou tout bagay sa yo, depi lè mwen te avèk nou an. Men tou, sonje Bondye renmen nou! Li te mete nou apa tankou yon moun espesyal, paske se pou li nou ye, epi li te delivre nou, pa mwayen Lespri li a. nou rekonesan anvè Bondye, paske l'pèmèt nou patisipe nan prezante nou Levanjil la. Kenbe fèm nan ansèyman nou te resevwa yo.

Konsa, kisa pou nou fè pandan n'ap tann li vini an? Pwemye bagay pou nou fè se priye pou nou. Priye pou nou, pou nou kapab gaye bòn nouvèl la byen, pou plis moun kapab konvèti. Priye pou nou kapab fè travay la, san nou pa pè moun mechan yo. Men, asireman, Bondye ap toujou bannou fòs nan tan eprèv yo, menm jan l'te fè sa pou nou an.

Lòt bagay nou dwe fè, se separe avèk yon frè ki pa vle travay. Sonje jan nou te travay di, pandan nou te avèk nou. Mwen pa t'janm rete san travay epi kite moun ban m'manje pou grenmesi. Non, nou te travay - epi nou te travay di. Ni lajounen, ni lannwit. Nou pa t'yon chaj pou pèsòn.

Byenantandi se ta nòmàl pou m' ta aksèpte nou sipòte m'. Mwen pa t'fè sa, paske m'te vle bannou yon egzàn pou nou swiv.

Men prensip nou te anseye nou: "moun ki pa travay pa dwe manje!" Nou te pran nouvèl gen kèk nan nou k'ap fè parese epi ki pa vle fè lòt bagay ke foute bouch yo nan afè lòt moun. Men, koute sa m'ap di nou, nan non Jezikri Senyè a: "fè travay nou trankilman, manje pwòp manje pa nou, epi pa janm sispann fè sa ki byen. Pinga gen okenn rapò avèk moun ki pa swiv prensip sa yo.

239 - Demonstrasyon nan Vil Korent lan

Travay 18

Lè Pòl te rive Korent li te jwenn yon Jwif ki te rele Akilas avèk madanm li Prisil. Yo te konn fè tant, menm jan avèk Pòl. Konsa yo te deside pou yo travay ansanm. Chak semèn Pòl te ale nan sinagòg la epi li te pale avèk jwif yo. Li te eksplike yo ke Jezi se te Kris la.

Silas avèk Timote te retounen vinn jwenn li. Se te rapidman aprè yo te rive a, jwif yo te voye mesaj Pòl yo jete. Yo te menm pale mal kont non Kris la. Avèk sa, Pòl te te di: “konsyans mwen klè. Mwen te ban nou bon nouvèl la ke Kris te vini. Mwen te eksplike kòman nou jwenn delivrans nan li. Nou te voye l’jete. Se poutèt sa, si nou peri se nou ki chèche sa. Depi kounyea m’ap vire kò m’bò kote moun ki pa jwif yo.

Kèk jwif te kwè nan Kris la, chef sinagòg la te yonn nan yo. Menm lè a yon bann payen te kwè nan Jezi tou.

Senyè a te ankouraje Pòl nan yon rèv, li te di: “ou pa bezwen pè. Se pou ou kontinye pale. Okenn moun pa ka fè w anyen isit la, paske mwen gen anpil moun nan vil la ki pou mwen.”

Konsa, Pòl te rete Korent, pandan yon lane edmi, li t’ap anseye epi preche pawòl Bondye a.

Yon jou, jwif yo te chwazi yon nouvo chèf ki te òganize yon atak kont Pòl. Yon foul moun te kenbe l’, yo mennen l’nan tribinal la, epi yo te di jij la: “nonm sa a ap chèche pran tèt moun, pou yo sèvi Bondye nan yon fason ki kont Lalwa.”

Avan Pòl te kapab defann tèt li, jij la te di jwif yo konsa: “kòman nou fè pèmèt nou vinn mennen nonm sa a kote m’? Afè ‘lalwa jwif yo pa enterese m’. Mwen okipe nan jije epi pini kriminèl, mwen pa pèdi tan diskite sou pawòl avèk nonon. Pa fè m’pèdi tan m’.” Aprè sa, li te mete yo deyò nan tribinal la.

Yon foul moun te pran chèf sinagòg la, yo te bat li devan tout moun. Jij la pa t’menm gade yo.

Lè Pòl te panse li te fin fè sa l’te dwe fè a nan Korent, li te pran desizyon pou l’retounen Antyòch. Akilas avèk Prisil te ale avè l’jouk yo rive Efèz. Pòl te preche nan sinagòg ki te la a, moun yo te vle pou l’rete plis, pou l’ te kapab anseye yo, men l’te refize. Li te di yo: “m’ap retounen ankò, si Bondye vle. Aprè sa, li te kite yo, li te ale Jerizalèm avèk Antyòch.

Aprè Pòl te kite Efèz, yon nonm ki te rele Apolòs te vinn nan sinagòg la. Se te yon nonm ki te konn pale byen anpil. Li te pale de Jezi san kache anyen. Malerezman, se te sèlman sa Jan te anseye yo li te konnen. Akilas avèk Prisil te mennen l’lakay yo epi yo te montre l’chemen Bondye a yon jan ki te pi kòrèk. Aprè sa, Apolòs te vinn yon gran predikatè pou Bondye epi li te kapab pran Labib epi montre klèman Jezi se Kris la.

240 - Grèv nan Vil Efèz la

Travay 19

Pòl te kite Antyòch epi li te ale Efèz. Lè l'te rive la, li te jwenn douz disip la. Li te mande yo: "Èske nou te resevwa Sentespri lè nou te kwè?"

Yo pa t'konprann. Yo te reponn: "yo pa t'janm di nou te gen yon Sentespri."

Lè sa a Pòl te mande yo: "ki batèm nou te resevwa?"

Yo te reponn li: "Batèm Jan an."

Pòl te di yo: "Jan te vini pou l'prepare chemen an pou Jezi. Li te batize moun ki te vle retounen vin jwenn Bondye epi pou yo te aksepte Kris. Men kounyea Jezi te vini."

Kon yo te tande sa, yo te resevwa batèm nan non Jezi. Aprè sa, yo te rresevwa Sentespri a epi yo te kòmanse fè louranj pou Bondye nan plizyè lang.

Pòl te rete efèz pandan plizyè lane. An pwemye, li te ale nan sinagòg la epi li te preche. Nòmalmman kreyen yo te dwe jwenn yon lòt kote pou yo reyini ansanm.

Bondye te fè anpil bèl bagay pa mwayen lapòt Pòl. Tout moun nan reyinyon sa a te tande pawòl Bondye a. Malad yo te geri, li te chase demon yo.

Kèk jèn gason ki te wè Pòl ap chase demon, konsa yo te deside yo t'apral fè sa tou. Yo te di yon nonm ki te gen demon sou li: "pa pouvwa Jezi Pòl ap fè konnen an, mwen ba ou lòd sòti."

Lespri a te di: "mwen konnen Jezi, mwen konnen Pòl, men noumenm ki moun nou ye?"

Lè sa a nonm nan ki te gen move lespri a fonsè sou yo, li te bat yo. Li te chire rad yo. Yo te kouri al lakay yo tou touni avèk kò yo an san.

Moun yo te pè lè yo te tande sa, men yo te vin gen gwo respè pou non Jezi. Anpil moun te vire do bay peche epi yo te aksèpte Jezi. Yo te pote liv maji yo vini, epi yo te brile yo devan tout moun.

Te gen yon òfèv ki te fè yon reyinyon avèk tout moun yo ki te konn fè tanp ki te koute chè pou yon idòl yo te rele Dyàn. Li te di yo: "mesye, nou konnen se travay sa a kif è nou viv. Men nou wè avèk zye nou, nou tande avèk zòrèy nou sa nonm yo rele Pòl la ap fè. L'ap mache di: "dye moun fè avèk men pa Dye. Se konsa li rive pran tèt anil moun, pa isit la nan vil Efèz. L'ap fè moun y opa sèvi Dyàn ankò. Sa se yon ensilt kont Dyàn. Epi tou sa ap fè nou pa ka fè lajan ankò."

Moun yo te vin an kòlè anpil jouk yo te kòmanse rele: "Dyàn moun Efèz yo, se gwo nègès!"

Yo te kouri sòti deyò, yo t'ap fè sa nan tout lari. Rapidman, sa te gaye nan tout vil la, epi dezòd la te gaye toupatou. Yon foul moun te pran kèk kreyen, yo te ale avèk yo nan teyat la. Tout moun lavil la te ale pou yo te wè sa k't'ap pase.

Foul moun yo te kontinye rele. Kèk nan yo t'ap di yon bagay, kèk lòt t'ap di yon lòt bagay. Sitiyasyon an pa t'bon menm. Pifò moun yo pa t'konnen poukisa yo te la. Sa te rete konsa pandan dezèdtan.

Pòl te vle al nan teyat la, pou l't'al defann kòz Kris la, men zanmi kreyen yo pa t'vle kite l'ale. Menm kèk chèf nan vil la te voye di l': "pa ale nan teyat la."

Finalman, yonn nan chèf yo te kanpe devan foul moun yo, li te di: "moun Efèz yo! Okenn moun pa kapab di imaj Dyàn nan pa t'sot nan syèl tonbe atè isit la. Mesye yo nou te mennen isit la pa t'fè anyen kont Dyàn. Yo pa t'vin vòlè tanp li yo ni pale mal kont non l'."

Si òfèv yo gen pwoblèm avèk Pòl, se pou yo rele l'nan tribinal. Pou kounyea, al lakay nou, pou chaj pa tonbe sou nou, pou atwoupman san rezon.

Avèk sa, moun yo te retounen lakay yo.

241 - Premye Lèt a Korentyen yo (1^{er} Pati)

1 Korint 1-7

Pòl te Korint lè l'te resevwa nouvel konsènan pwoblèm sa yo nan legliz KorintLamenm, li te ekri yo lèt sa a. Li te di: «se tout tan m'ap di Bondye mèsè pou sa l'fè pou noumenm, frè lavil Korint yo. sa parèt klè pou tout moun ke Bondye bannou anpil kado espiyèl. Pou nou sèvi l'jouk Jezi vini ankò. M'ap touche pwen an dirèkteman. Mwen konprann gen divizyon nan mitan nou. Mwen te tande yon pati nan nou di mwen se moun Pòl, yon lòt pati di mwen se moun Apolòs, yon lòt pati di ankò, mwen se moun Pyè, yon lòt pati di "mwen se moun Kris la. »

Poukisa n'ap pèdi tan nou avèk mòd bri konsa? Pandan, mwen te avèk nou, mwen te fè fason pou m'te bannou bon nouvel la tou senp, jan l'ye a. Mwen pa t'janm retire zye m'sou lakwa Kris la. Mwen pa t'okipe de moun ki kwè pawòl ki fè nou konnen Kris la mouri sou lakwa a, se pawòl moun fou.

Mwen konnen, pou noumenm ki te delivre yo se pouvwa Bondye a. Lit sa yo sòti nan ògèy nou.

Eske nou pa dekouvri Bondye sèvi avèk bagay fou yo, pou l'kapab montre bon konprann li? Sonje jan m'te al lakay nou tou fèb. Mwen pa t'fè sa avèk bèl pawòl bon konprann lèzòm. Non, mwen te kanpe nan mitan nou ap tranble sitèlman mwen te pè. Mwen te chita nèt sou Lespri Bondye a ,pou l'te fè travay li nan lavi nou. Epi li te fè sa. Konfyans nou gen nan Bondye a pa chita sou bon konprann lèzòm, men sou pouvwa Bondye. Apolòs avèk mwenmenm, nou pa t'anseye nou bon konprann Bondye a. Se Lespri Bondye a ki anseye bagay sa yo.

Mwen konnen kòman pou m'anseye bon konprann Bondye a bay moun, ki gen matirite nan fason y'ap mache avèk Senyè a. Men mwen te oblije montre nou bagay tou senp, tankou lè yo bay timoun pitit lèt, yo pa ba yo gro manje. N'ap lite antre nou, gen jalouzi antre nou. Lè yonn ap di: "mwen se moun Pòl", epi yon lòt di: "mwen préfère Apolòs", Lè sa a nou aji tankou moun ki pa menm konnen Kris la. Ki moun Pòl ye? E ki moun Apolòs ye? Yo se sèvitè Kris la. Yo te la pou yo travay avèk nou. Bondye te di: "Pòl, al plante grenn konfyans lan. Apolòs wouze l'. Kounyea kite yo poukont yo. M'ap fè l' pouse. Nou chak se sèvitè k'ap fè travay Bondye bannou fè a. Se Bondye ki fè plan pou tout travay la.

Pwoche pi pre pou nou gade noumenm yo rele apòt yo. Nou tankou moun yo fè prizonye nan lagè, ke yo fè ap fè parad nan lari, jouk yo tiye nou alafen. Nou fou pou Kris, nou fèb epi yo rayi nou. Nou pa gen kay, epi anpil fwa moun ki avèk nou yo grangou. Nou dwe travay di pou nou viv. Nou dwe beni moun ki modi nou, nou dwe pasyan avèk moun k'ap abize nou. Lè moun mache pale mal nou, nou dwe pale byen de yo. Nou tankou "fatra" nan lemonn. Malgre sa, mwen se papa espiyèl nou. Nou dwe swiv egzanp mwen.

M'ap fè plan pou m'vini vizite nou, lè m'rive, èske mwen va genyen pou m'korije nou tankou pitit mwen?

Non, mwen panse nou vle pou mwen vini avèk yon lespri dou. Se poutèt sa, m'ap voye Timote pou l'fè nou sonje tout prensip k'ap dirije lavi n'ap mennen nan Kris la.

Genyen kèk pwoblèm pou nou rezoud rapidman. Premyèman, mwen te tande gen yon moun nan legliz la k'ap viv avèk madanm papa l'kòm fanm li. Mwen pa kapab kwè nou pèmèt yon peche sal konsa nan mitan nou. Koupe kominyon nou avèk yon nonm konsa imedyatman! Peche se tankou leven. Kite l'pou yon ti tan, epi l'ap fè tout pat la leve.

Mwen te aprann tou ke nou pra l'kanpe devan jij yo ki pa menm kretyen pou n'egle pwoblèm nou genyen antre nou. Eske pa gen moun nan mitan nou ki kapab règle bagay sa yo? Koute sa byen, jou a ap vini kote nou va jije anj yo. Nou va jije moun yo nan lemonn tou. Konsa nou kapab règle ti

pwoblèm sa yo ant frè yo. Si pa gen pèsòn nan legliz la pou regle sa, sipòte enjistis la senpman. Se pou nou kite yo piye nou pito.

Gen pwoblèm dezòd lachè a. prensip senp lan, sè ke kò nou pa t'fèt pou dezòd lachè. Bondye te fè nou pou limenm -kòm kretyen- kò nou se tanp Sentespri a li ye. Lè l'te peye pou nou, Sentespri a te pran kò nou pou li. Nou pa mèl tèt nou ankò. Nou pa fèt pou nou bay Bondye glwa nan tout bagay.

Bezwen seksyèl fèt pou yo satisfè nan maryaj. Bondye te ban m'kapasite pou m'rete pou kont mwen, men se pa tout moun ki gen don sa a. Se poutèt sa, yo dwe marye olye yo kite lanvi brile yo. Depi de moun marye, yo yonn fèt pou yo satisfè dezi lòt.

Mwen konnen gen nan nou ki marye avèk moun ki pa konvèti. Rete avèk moun sa a avèk lespwa ou va genyen l'pou Kris. Si l'separe avè w, ou pa kapab fè anyen nan sa. Aksèpte sitiyaasyon Bondye te ba w la nan lavi. Asireman, yon moun dwe fè efò pou l'sòti nan sitiyaasyon li ye a, si l'kapab, men pinga bay tèt ou pwoblèm nan chèche goumen pou w sòti kote Bondye te mete w la. L'ap fè ministè w la reyisi kote l'mete w la.

242 – Premye Lèt a Korentyen yo (2^{em} Pati)

1 Korent 8: 1-16

Pòl te ekri lèt sa a avèk repwòch kont divizyon ki te gen nan legliz la ant plizyè gwoup ki t'ap kritike youn lòt. Aprè li chèche rezoud plizyè pwoblèm ki te pran rasin nan asanble a. Li te kòmanse konsa: "nou te poze m'plizyè kesyon, konsa m'ap reponn yo yonn aprè lòt. Pwemyè a gen rapò avèk vyann yo te ofri bay idòl yo. Asireman nou konnen sa byen ke yon idol pa yon dye vre. Se sèlman yon mòso bwa oubyen yon wòch. Men, manje kalite vyann sa yo kapab fè yon moun ki fèk sòti nan idolatry mal. Nou pa dwe janm fè peche kont yon frè kreyen. Se poutèt sa mwen pran desizyon pou m'pa fè anyen kont yon frè ki kapab fè l'tonbe nan peche.

Men yon lòt prensip ki pou dirije lavi nou. Fè tout sa nou kapab pou nou genyen lòt yo pou Kris. Nou te wè egzanp mwen bay. Mwen voye anpil privilèj jete, epi mwen fè tèt mwen esklav tout moun pou m'ka mennen mezi m'kapab vin jwenn Kris la. Se menm jan avèk yon moun k'ap fè egzèsis pou l'al nan konkou, k'ap fè tout sa l'kapab pou l'genyen konkou a. Sa mande pou l'kontwole tèt li nan tout aspè nan lavi li. Li p'ap fè anyen ki ka fè l'pèdi- E tout sa pou yon kouwòn ki p'ap dire lontan.

Tandiske rekonpans mwen ap la pou tout tan. Se poutèt sa m'ap fè tout efò pou m'genyen.

Bondye p'ap kite yo tante nou yon jan ki depase sa nou kapab sipòte. L'ap bannou fòs pou nou sipòte l', jouk nou kapab sòti anba li.

Tout sa te gen rapò avèk manje vyann yo te ofri bay idòl yo. Chèche ede lòt yo pou yo byen chita nan lafwa. Lè yon moun envite nou vin manje avè l', manje san poze kesyon. Men si yo di li te ofri bay idòl yo, pinga manje l'. Kèlkeswa sa n'ap manje a oubyen sa n'ap bwè a, oubyen nenpòt sa n'ap fè a, fè tout pou Bondye kapab jwenn louranj ladann, epi pinga fè lòt yo bagay ki mal.

Mwen te tandè kèk move nouvèl. Genyen nan nou ki sèvi avèk manje Senyè a tankou yon okazyon pou nou manje pwòp manje nou. Gen nan nou ki manje anpil manje epi gen lòt ki grangou ki chita la san anyen. Kòman nou ka fè frè nou wont konsa?

Sonje sa byen, pen an avèk diven an, se kò avèk san Senyè a yo reprezante. Pinga fè tèt nou vin koupab nan abize senbòl sa yo. Derespekte kò avèk san Senyè a, se rezon sa a ki fè anpil nan nou malad, anpil nan nou enfim epi menm mouri. Se poutèt sa, se pou chak moun egzamine tèt yo byen, avan yo mete ansanm bò tab la pou yo manje manje Senyè a. Montre respè pou Senyè a, epi respekte yonn lòt.

Nou te poze kesyon konsènan don espiyèl yo. Sonje sa byen. Lespri Bondye a aji avèk kreyen nan plizyè fason. Li bannou chak yon don, nan bi pou nou sèvi lòt yo. Se menm jan avèk kò moun. Chak manm travay pou byen kò a. Se menm jan sa ye tou pou kò Kris la. Yon mnam pa ka di lòt yo: "mwen pa bezwen w" non. Nou tout bezwen don lòt yo. Don yo pa menm, men yo tout sòti nan menm Lespri a. Men don nou yo inital si pa genyen lamou. Se lamou ki fè don nou yo travay pou byen lòt yo. Lamou fè w'gen pasyans epi emab olye w renmen tèt ou ase. Li fè w'toujou prepare pou w sèvi byen avèk lòt yo. Li pa kite w' fache fasil oubyen chèche avantaj pa w ase.

Lamou mache avèk laverite, men li p'ap chèche konnen sa lòt yo fè ki mal. Li toujou sipòte tout bagay epi li wè sa ki byen pou lòt yo. Sonje sa byen, don nou yo bèl anpil, men se sèlman bagay ki la pou sèvi pou yon tan yo ye. Lamou ap toujou la.

Avan m'fini lèt sa a, mwen vle fè nou konnen Levanjil la klèman. Kris te mouri pou peche nou yo, li te antere, epi li te leve sòti vivan nan lamò. Apòt yo avèk lòt moun te wè l'leve sòti vivan nan lamò.

Finalman li te fè m'wè l'tou. Se mwenmenm ki pi pitit nan apot yo. Mwen pa menm mérite pou yo ta rele m'apot, paske m'te pèsekite Legliz Bondye a. Se favè Bondye fè m'lan kif è mwen sa m'ye a.

Leve Jezi sòti nan lanmò a se sa ki baz lafwa nou. Si l'pa t'vivan, moun ki mouri yo pa t'ap egziste ankò.

Si Kris pa t'leve sòti vivan nan lanmò, pa t'ap gen okenn espwa nan lemond. Tout sa nou t'ap genyen, se sèlman lavi nou gen nan mond lan kounyea.

Men Bòn Nouvèl la se sa: "Kris te leve sòti vivan nan lamò. Konsa, paske l'te leve sòti vivan nan lanmò a, nou va leve menm jan an tou. Kris gen pou l'gouvène mond sa a, li va detwi lamò.

Dènye twonpèt la va sonnen, moun yo ki te mouri nan Kris la va leve sòti vivan avèk kò yo glorifye. E aprè sa kò kretyen yo ki va vivan toujou va transfòme. Konsa, lamò va pèdi pouvwa l'te genyen an. Li va pèdi definitivman viktwa l'te genyen an. Èske nou kwè sa? Bondye bannou laviktwa nan lamò avèk rezireksyon Senyè Jezikri a.

M'ap fini lèt sa a, pandan m'ap fè nou sonje ke kretyen yo nan Jerizalèm bezwen èd finansyè nou. Se pou nou chak mete enpe lajan apa pou nou ede yo. Bay daprè jan Bondye beni nou. Mete ofrand lan ansanm, après a, mwen va voye kèk nan nou Jerizalèm, pou n'al pote l'ba yo.

Kenbe fèm nan konfyans nou epi pran kouraj. Fè tout bagay avèk amou. Akilas avèk Prisil mande m' pou m' salye nou pou yo.

Mwen mande Bondye pou l'bannou favè Jezikri Senyè nou an. Zanmi m'yo, mwen vle nou konnen mwen renmen nou.

243 - Deziyèm Lèt a Korentyen yo (1^{er} Pati)

2 Korent 1-6

Legliz Korent lan pa t'byen resevwa pwemyè lèt Pòl la. Konsa, li te vwayaje nan lamè pou l'te al rankontre avèk yo. Sa pa t'mache byen ditou. Aprè sa, li te voye yon lèt byen di ba yo – yonn ki pa parèt nan Bib la. Tit te retounen avèk nouvèl ki te fè konnen jan yo te vinn pran konsyans ak jan yo te repanti pou peche yo te fè yo, ki te fè Pòl kontan. Se aprè sa Pòl te voye lèt sa. Li te di:

Se pou favè Bondye a avèk kè poze Senyè nou an Jezikri avèk nou.

Jan nou konnen sa a, mwen te fè plan pou m'te vinn vizite nou avan m'al vizite legliz nan Masedwàn yo. Mwen te chanje lide, paske mwen pa t'vle vinn fè nou yon vizit ki ta pote lapenn pou nou ankò. Mwen te santi lè m'va vini finalman, mwen ta renmen pou sa ta yon sous kè kontan, pou nou e non yon sous kriye. Poutèt sa olye m'vini, mwen te prefere ekri denyè lèt sa a, se pa pou m'blese nou, men pou m'montre nou jan m'renmen nou anpil.

Nonm sa a ki te kreye tout pwoblèm sa a te blese ni noumenm ni mwenmenm tou. Mwen fè louranj pou Bondye dèske l'te repanti. Frè m'yo, se pa lè pou nou chita sou sa nonm nan te fè ki mal la. Kounyea, se pou nou padone l'. Montre l'jan nou renmen l'. Pinga kite Satan pran avantaj nan sitiasyon sa a. Aprè m'te fin ekri nou lèt di sa a, mwen te bezwen konnen kòman nou te reyaji. Mwen te voye Tit pote lèt la ale. Mwen te mande l'pou l'retounen, pou l'te ka fè m'konnen kòman nou te reyaji. Plan nou te genyen se te jwenn ansanm Twoas. Mwen te ale la, men l'pa t'ankò rive. Bondye te ban m'okazyon pou m'te preche Levanjil la nan Twoas, men se te sou nou tout atansyan m'te fikse. Mwen te kite Twoas e mwen te pran yon bato pou m'ale Masedwàn, mwen te gen espwa mwen t'ap jwen li la.

Men, avèk noumenm ki te okipe lespri m'nan, kè m'te sere anpil. Bondye te fè m'dekouvri plizyè vérité, pandan m' te pèdi espwa a:

Pwemyèman, mwen te dekouvri ke lavi nou se tankou yon parad laviktwa women yo. Kote moun t'ap brile lansan nan wout la, epi odè a te fè sòlda yo sonje viktwè yo a. Men menm odè sa a fè prizonye yo gen repiyans, paske l' te fè yo sonje yo pra l'tiye yo, kon yo rive Wòm.

Se noumenm ki moun yo k'ap brile lansan an nan wout la, pandan Kris ap fè parad laviktwa a. Lemonn ap mache dèyè l'. Pou noumenm, ki gen laviktwa nan Kris la, nou santi odè laviktwa a. nou bay lemonn repiyans, poutèt jijman k'ap vini pou yo a.

Aprè sa, mwen te panse sou jan moun nan lemonn fyè anpil avèk lèt rekòmandasyon yo genyen. Mwen te panse de nou, epi mwen te dekouvri noumenm nou se lèt Kris la, noumenm nou te fè, ki te ekri pa mwayen Lespri, epi tout moun kapab li. Se poutèt sa, mwen gen konfyans pou m'kontinye avanse. Se pa mwen ki fè travay sa a. Se Lespri Bondye a ki bay lavi a.

Konpare sa avèk lèt yo ki te ekri sou wòch yo, Moyiz te bay la. Pou kèk tan figi l'te klere tankou so1èy, se sa k'fè l'te mete yon vwal kouvri figi l'. Paske lè l'te fè sa, moun yo pa t'dekouvri. Lè klare a te disparèt, vwal sa toujou rete la. Li kouvri kè yo, lè y'ap li Lalwa, konsa, sa fè yo pa kapab konprann li.

Lè yon moun vinn jwen Kris, vwal sa a deplase. Lespri Bondye a pote libète pou li. Epi sa fè l'vinn tankou yon glas k'ap fè moun wè pouvwa Bondye a.

Pandan m't'ap panse sou vwal la avèk limyè Levanjil la, mwen te panse pou m'te aji prese, prese. Konpasyon Bondye klere nan nou. Se enpòtan pou nou sèvi avè l'. Nou dwe voye jete tout sa k'ta vle fè nou tounen dèyè. Mesaj nou an fèt pou l' klè pou tout moun wè. Men dye mond sa a mete yon vwal sou zye moun yo ki pa kwè yo. Se pa nou yo rejte, paske se Jezi ki limyè lemonn, se pa noumenm. Se limenm yo rejte.

Pandan m't'ap ale Masedwàn, tout panse sa yo t'ap pase nan lide m'. Mwen te santi m'fèb, mwen pa t'kapab fè anyen. Men, aprè sa, mwen te dekouvri se Bondye ki te ban nou travay sa pou nou fè. Li sèvi avèk moun fèb pou l'fè travay ki la pou tout tan an. Yo kapab pouse nou fasilman epi kraze nou, men sa p'pa chanje anyen. Se sa menm ki te rive avèk Jezi. Menm jan sa te ye pou li a, se konsa sa ye pou nou tou. Soufrans nou avèk lamò nou va pote lavi pou lòt yo.

Mwen pa t'konnen sitiyou nou. Men, mwen te dekouvri ke ankourajman nou pa t'sòti sou latè. Li sòti nan Bondye. Se poutèt sa, nou p'ap kite sa.

Men sa k'pa pase nou isit sou latè a, pa kapab konpare avèk sa Bondye sere pou nou nan syèl la. Li te bannou Lespri li, men sa se sèlman yon avalwa sou sa l'rezève pou nou an. Pandan nou nan kò sa a, nou pankò nan kay nou ki nan syèl la. Men kon nou kite kò nou, lamenm n'ap menm kote avèk Senyè a. Pa kesyon si nou isit la oubyen nou nan syèl la avè l'. Bi nou rete menm bagay la. Se poutèt sa, annou travay ansanm pou nou prepare moun, pou jou kote yo va kanpe devan Bondye a. Kris te mouri pou nou, konsa annou viv pou li.

Annou panse sou travay Bondye te bannou pou nou fè a. Chak moun ki vèn jwenn Kris, li se yon nouvell kreyati. Ansyen lavi l'la pase epi yon nouvell lavi parèt. Bondye pèmèt nou pran pa nan sa. N'ap travay ansanm avèk Kris.

Se sa k'fè Bondye vle pou nou separe avèk tout bagay ki kapab fè nou tounen dèyè. Se sa k'fè nou dwe fè atansyon pou nou pa mare avèk yon moun ki pa kwè. Se poutèt sa nou kenbe tèt nou pi avèk Sentespri a, konsa pou nou travay ansanm, epi fè travay Senyè a bannou pou nou fè a.

244 - Dezyèm Lèt a Korentyen yo (2^{em} Pati)

2 Korent 7-13

Dezyèm mwaye nan 2Korent lan pi pèsònèl nan tout lèt Pòl yo. Bi apot Pòl se te retabli relasyon ant limenm avèk Legliz la, avan l'vìn vizite li. Li te kontinye pou l'di konsa:

Lè m'te rive Masedwàn, mwen te toujou ap panse de nou. Mwen pa t'konnen kòman nou te esevwa lèt mwen an. Men aprè mwen fin rankontre avèk Tit, rapò l'te ban m'lan te fè m'kontan anpil. Li te di m'jan nou renmen m'epi jan nou te vle fè byen. Nou te di ke lèt mwen an te fè nou lapenn, men se yon lapenn ki sòti nan Bondye. Li te pouse nou repanti epi l'ap fè nou mache avèk Bondye. Mwen pa t'janm kontan anpil konsa.

Lòt bagay kifè m'kontan ankò se lè m'wè jan Legliz isit la nan Masedwàn ap bay pou ede sila yo k'ap souffri nan Jerizalèm nan. Yo te mete ansanm pou yo ede rezoud pwoblèm sa a, menm si yomenm yo te pòv. Kreyen yo te bay dapre mwayen yo, e menm pi plis ke sa mwayen yo te pèmèt yo. Mwen te mande Tit pou l'te pale nou de bezwen sa a, paske mwen konnen nou ta vle swiv egzanp kreyen Masedwàn yo, se egzanp sa Senyè nou an, Jezi te bannou. Li te kite richès li yo nan syèl la pou l'vìn pòv, konsa pou nou te kapab vìn rich.

Tit te di m'nou te dakò lamenn epi nou te vle bay pou ede nan bezwen sa. Louranj pou Bondye.

Koute sa byen kounyea, prensip bay yo senp. Pwemyèman, chak moun k'pa fè jaden konnen, li pa kapab rekòlte anpil si l'pa plante anpil. Lè n'ap bay, se menm jan avèk moun k'ap fè jaden an. Si w'plante anpil w'ap rekòlte anpil.

Après sa, chak moun dwe deside sa l'deside bay la nan kè l', epi bay li. Bondye renmen lè moun bay avèk kè kontan. Finalman, lè yo plante yon grenn, li prodwi anpil lòt grenn. Se menm jan avèk bay. Bondye fè sa w'bay la vìn anpil. Men kijan l'fè l'vìn anpil. Premyèman moun ki resevwa l'la gen rekonesans pou sa. Dezyèmman, Bondye beni w'pou sa. Après sa, moun ki resevwa l'la priye pou ou epi ou priye pou li tou. Epi finalman, li vìn pare pou l'bay anpil pou ede lòt moun ki nan bezwen tou, lè l'kapab epi l'ap kontinye avanse pi plis toujou.

Kounyea, m'ap pale de lèt mwen yo. Mwen konnen gen moun ki di: lè Pòl ekri nou li rès konsa, li sevè. Men lè l' la nan mitan nou li tou dou.

Pinga nou mete sa nan tèt nou. Se yon sèl moun nan mwen ye. Mwen kapab fèb nan deyò. Men zam map sèvi nan batay m'ap mennen an, se zam ki gen pouvwa devan Bondye, pou kraze tout bagay ki kanpe kont li. Pinga fè m'sèvi nan sans sa a, lè nou wè yonn avèk lòt.

Èske sa t'a kapab ede si m'vante tèt mwen? Nou konnen byen mwen pa renmen fè sa, men m'ap fè sa pou m' kapab ede nou pou nou nan Kris toutbon. Nou kite lòt moun vante tèt yo, e yo pa menm renmen nou. Mwen te bat tèt mwen nèt pou nou, konsa nou ta kapab fè louranj mwen enpe.

Mwen se yon pitit Abraram nan plizyè fason. Mwen sèvi Kris avèk plis zèl pase tout lòt yo. Poutèt m'ap mache avèk Kris la, kò m'te souffri tout abi moun ka fè moun. Vwayaj mwen te fè pou Bondye yo te fè mwen te ekspeze anba tout malè ki kapab fwape yon moun. Mwen te toujou an danje, mwen te voye jete tout bagay ki gen valè nan lavi poutèt Kris la. Soutèt tout bagay sa, mwen te toujou gen yon fado sou do m', poutèt byenèt tout legliz yo.

Mwen pa kapab kenbe sa poukont mwen, kite m'di sa nan fason sa a: mwen konnen yon moun k'ap viv nan Kris la, ki te transpòte jouk anwo nèt nan twazyèm syèl la. Mwen pa konnen si l'te vivan oubyen si l'te mouri. Tout sa m'konnen sè ke, pandan l'te nan paradi li te wè epi li te tande yon bann bagay bouch moun pa ka pale.

Kite m'kanpe avèk foli sa a. Mwen gen yon sèl bagay m'ap vante tèt mwen pou li. Bondye ban m'yon kalite maladi nan kò m' k'ap fè m'soufri pou revelasyon espesyal yo li te ban m'yo. Mwen te lapriyè

l'twa fwa pou m'mande l,'pou l'wete l'sou mwen. Chak fwa li reponn mwen: se favè m'ase ou bezwen. Paske lè w fèb, se lè sa moun wè pouvwa mwen nan ou.

Kounyea, se nan sa mwen vante tèt mwen - nan feblès mwen!

Bondye te ban mwen li, pou l'te fè wè pouvwa li. Se poutèt sa, lè m'fèb se lè sa mwen fò.

Bon, mwen se yon moun fou, paske mwen vante tèt mwen twòp. Kounyea, se nou ki pou vante tèt nou sou mwen. Lè lòt ap chèche konnen si mwen se yon apot ou non, sa pa yon kesyon ou gen pou diskite sou li.

O chè frè m' yo. Mwen gen yon sèl enkyetid ki kouvri tout kontanman mwen. Mwen pè pou nou tout pa dekouraje lè m'vèn kote nou. M'ap panse ke mwen kapab jwenn tout bagay menm jan. Mwen avèti nou. Si se sa mwen jwenn, nou va wè pouvwa Bondye a k'ap travay nan mwen an, e nou p'ap renmen sa.

Tan nou pral pase ansanm ap pi bon si nou fò epi mwenmenm mwen fèb. Se sa k' fè mwen ekri nou lèt sa a, kounyea.

Finalman frè m'yo chèche pou nou vèn bon nèt nan tout pwèn. Se pou nou renmen yonn lòt tankou moun k'ap viv pou Bondye. Se pou favè Senyè nou an Jezikri, lamou Papa a, avèk kominyon Sentespri a avèk nou tout!

245 - Lèt a Women yo (1^{er} Pati)

Women 1-7

Pòl te ale Korent, kote l'te pase twa mwa. Pandan tan sa a, li te voye lèt sa a bay kretyen yo nan Wòm. Toupatou sou latè li te di y'ap pale jan nou gen konfyans nan Bondye. M'ap fè louranj Bondye tout tan pou nou. Mwen vle ale epi patisipe nan travay espartyèl nou an.

Se yon devwa pou mwen pou m'anonse Bòn Nouvèl la bay tout moun: kit yo sivilize, kit yo pa sivilize, kit yo konn li, kit yo pa konn li.

Mwen pa wont anonse Bòn Nouvèl la: Se pouvwa Bondye a ki pou delivre nenpòt moun yo ki kwè a, kèlkeswa moun li ye a. Moun kapab jwenn Bondye sèlman pa konfyans li mete nan li. Moun ki pa gen konfyans nan li va jije.

Se poukisa? Se paske lòt mechan.

Bondye fè yo konnen l'nan plizyè fason. Bondye fè yo konnen l' nan plizyè fason. Tout sa ki antoure yo pale de Bondye. Men yo fèmen lespri yo. Gen de gwoup moun nan mond sa a. Yon gwoup adore sa Bondye te fè, yo panse sa fè yo gen bon konprann. Men okontrè, se fou yo vèn fou, paske yo mete Bondye akote, yo tonbe nan dezòd moral. Peche yo detwi entelijans yo, yo pote lamò avèk yo tout kote yo pase. Yo vèn abil nan fè sa ki mal epi, yo kontan wè lòt moun yo k'ap fè sa ki mal tou. Lòt gwoup moun yo ki nan mond sa a, se sila yo ki kreye pwòp jistis pa yo. Yo vante tèt yo pou bòn zèv yo fè. Yo panse se ekspè yo ye nan sa ki bon avèk sa ki pa bon. Y'ap jije lòt yo pou bagay mal y'ap fè, pandan y'ap fè menm bagay sa yo an kachèt. Yo mete nan tèt yo si yo jije lòt yo, sa ap fè yo chape anba jijman Bondye a.

Nou tout nou nan de gwoup sa yo. Kòlè Bondye pare pou l'tonbe sou tou lè de gwoup sa yo. Tou lè de gwoup yo se pechè ki nan yo. Y'ap diskite pou yo konn kilès ki pi bon, men vérité a se yo tout nèt ki fè peche. Pa gen yon sèl ki fè sa ki byen, pa menm yon sèl. Nou tout koupab devan jijman Bondye.

Se poutèt sa Bondye te voye pitit li a, Jezikri. Li bay tout moun ki mete konfyans yo nan li bonte l'la. Li pa bezwen konnen kimoun li ye. Tout moun se pechè. Yo tout bezwen delivrans. Jwif yo gen plis pwoblèm avèk sa. Yo deklare Abraram se papa yo. Men, si gade pi pre, an reyalyte Abraram se papa lafwa a. Li pa t'gen relasyon avèk Bondye, paske l'te bon. Non, li te senpman fè Bondye konfyans epi sa te fè Bondye kontan.

Jwif yo konsidere David tankou gran wa yo a. Men, David te jwenn plezi l'nan bonte Bondye, non nan bonte pa l'. Ni Abraram, ni David te bon nèt paske yo te gen konfyans nan Bondye. Se menm jan an tou, nou vèn bon nèt sèlman pa mwayen konfyans nou genyen nan Jezi, Senyè nou an. Nan li nou resevwa favè Bondye, epi nou gen lapè li. Se konsa nou kapab byen menm nan soufrans nou yo. Nou konnen Bondye ap sèvi avèk yo pou byen nou.

Kounyea, men pwèn m'ap fè nou wè a. Kris te fè sa pou nou etan nou te nan peche nou yo. Sa fè wè kòman Bondye renmen nou. Kris te mouri lè nou te pechè degoutan. Avèk sa nan lespri nou, konbyen bagay li kapab fè pou nou kounyea, paske nou vèn bon nèt devan zye l', nan Jezikri.

Annou panse konsa. Nou tout sòti nan yon sèl moun, nan Adan. Nou tout se pechè akòz limenm. Lamò avèk jijman chita sou tèt tout moun ki te janm viv - akòz limenm. Kounyea, gen yon lòt moun, se Jezi. Akòz limenm, nou kapab vèn bon nèt. Akòz limenm, nou te kapab resevwa favè Bondye a epi lavi etènèl.

Mwen kapab tande yon moun k'ap di: "Ebyen, si bòn zèv nou yo pa gen anyen pou yo wè avèk vèn bon nèt devan Bondye, konsa nou kapab fè kantite peche nou vle." Se pa sa ditou.

Batèm se yon pòtrè vérité sa a. Plonje anba dlo a fè wè jan nou mouri pou peche, epi antere - menm jan Jezi te mouri epi antere pou peche nou yo. Lè l'te leve sòti vivan nan lamò, li te kite peche dèyè

Sòti nou nan dlo a se yon pòtrè rezireksyon l' lan, se yon pòtrè ki montre kòman nou kite peche dèyè tou. Se poutèt sa, nou fèt pou nou viv yon lòt fason. Nou separe avèk peche, paske si se pa sa, li fè moun esklav. Lè w kite l' domine w, li fè w vìn esklav li. Se menm jan an tou, lè ou soumèt tèt ou anba gras Bondye, ou vìn esklav Bondye. Nan tou lè de kote yo ou pa lib pou w fè sa w vle. Konsa, ou gen pou w fè yon chwa, anba kilès ou vle soumèt tèt ou. Peche pote lamò, men Bondye bay lavi etènèl nan Jezikri, Senyè nou an.

Yon moun kapab byen mande: "Èske Lalwa Bondye a, se pa yon mwayen li te bannou pou nou vìn bon nèt. Ou mèt bat kòw! Li enposib pou w obeyi lalwa. Nou te resevwa l'pou l'te kapab fè nou wè peche nou, konsa tou nou te konnen nou pa t'gen espwa, epi nou te bezwen èd.

Lè m'gade lalwa pou l'ede m', mwen gen yon pwoblèm lamenm. Mwen vle vìn bon nèt, men mwen pa konnen kisa pou m'fè pou m'bon. Mwen pa vle fè sa ki mal, men se sa m'ap fè tout tan. Mwen se yon esklav, mwen pa gen le chwa. Mwen rele, mwen di: "kisa pou m'fè pou m'delivre?"

Glwa pou Bondye! Mwen delivre nan Jezikri ki te mouri pou mwen an. Pa gen kondanasyon pou nou ankò epi nou gen pouvwa pou nou kanpe kont peche.

246 - Lèt a Women yo (2^{em} Pati)

Women 8-16

Pòl te kontinye avèk lèt li a pou kretyen Wòm yo, li te di:

Delivrans nan Kris la pote anpil benediksyon pou nou. Pwemyèman, nou te jwenn adopsyon nan yon nouvell fanmiy. Bondye se papa nou. Lespri li abite nan nou. Nou vinn eritye tout sa Jezi genyen yo. Tankou yon manm nan fanmiy selès la, nou gen kè poze pou sa ki kapab rive nou nan lavi sa a. Nou kapab soufri isit la, men sa pa anyen lè nou konpare l'avèk bèl bagay k'ap tann nou nan syèl la. Dezyèm benediksyon an se sa Lespri Bondye a ap fè nan lavi nou. L'ap prepare nou pou n'al nan syèl la. Li ede nou priye. Li chanje panse nou. L'ap bannou fòm pou nou pi sanble avèk Jezi chak jou. Twazyèm benediksyon an se ke Bondye se papa nou, kounyea! Sa vle di nou enpòtan pou li! Li p'ap kite anyen rive nou li konnen kip a bon pou nou. Anyen pa kapab separe nou avèk lamou li. Menm avèk gwo benediksyon sa yo, mwen genyen yon gwo lapèn toujou. Mwen pa ta renmen pou jwif yo pa nan sa Bondye ap fè avèk nou. Yo se paran mwen daprè lachè, mwen ta bay tout bagay pou yo sove. Mwen ta prefere pèdi pwòp delivrans Kris la te banm lan, si yo ta kapab resevwa l'konsa. Men mwen konnen rejte yo rejte Kris la pa chanje pwomès yo Bondye te fè Abraram yo pou sa. M'ap toujou kenbe nan lespri m'ke pwomès Bondye yo pa pou moun yo ki fèt nan yon fanmiy espesyal prezizeman. Bondye toujou chwazi yon pèp ki pou li nan mitan foul la. Jwif yo pa kapab blame okenn moun, men pwòp tèt pa yo, paske Bondye fè plan l'lan byen senp. Moun sove lè yo kwè nan Jezi kòm sovè e Senyè yo, epi Bondye te fè l'leve sòti vivan nan lamò. Tout moun ki rele non Senyè a ap jwenn delivrans.

Èske nou pa wè sa? Paske Izrayèl rejte Kris la, se yon opòtinite pou nou. Nou kapab vinn manb nan fanmi Bondye a! Se menm jan avèk yon branch yo koupe nan yon pye bwa epi aprè sa yo grefe yon branch sovaj ladann. Izrayèl te koupe pou yon tan, konsa pou payen yo te kapab konnen Bondye. Men pinga tonbe nan lògèy! Si yo kapab koupe yon branch natirèl, konbyen sa ap pi fasil pou yo koupe yon branch ki grefe. Jou a ap vini kote tan payen yo va fini. Nan moman sa a Bondye va koupe branch sovaj yo epi regrefe branch natirèl yo nan plas yo ankò. Lè sa a Izrayèl va aksèpte delivrans lan Kris pote a.

Pwofite aksèpte pitye Bondye a, pandan nou kapab fè sa a. Ofri l'kò w tankou yon sakrifis vivan. Mete peche akote epi viv yon lavi ki fè l'plezi. Chanje fason w panse avèk fason w aji, kounyea. Men yon lis bagay ou dwe fè pandan w'ap viv pou Bondye sou latè:

- Travay ansanm avèk frè kretyen w yo.

Chak moun genyen kado espesyal li resevwa nan men Bondye a. Nou fòme yon sèl kò ansanm.

- Se pou w viv yon lavi ki chita sou yon nivo ki wo, epi fikse atansyon w sou sa Bondye vle pou w fè.
- Soumèt ou anba otorite sivil yo. Paske w gen yon kay ki nan syèl la pa vle di ou pa anba otorite gouvènman tèrès la. Lè w pa obeyi yo, se Bondye ou pa obeyi.
- Ou pa fèt pou w dwe moun lajan. Men okontrè ou dwe yo lamou ou.
- Toujou viv kòm si tan travay ou gen pou w fè a prèsk fini.
- Pinga kite anvi lachè yo avèk imoralite vire tèt ou. Okontrè aji menm jan Jezi te aji a. koute sa byen, Bondye trete nou chak yon fason diferan.

Konsa, se pou nou yonn respekte lòt pandan n'ap mache avèk Senyè a.

247 - Pòl Ap Ale Jerizalèm

Travay 20-21:17

Pòl te pase twa mwa Korent. Aprè sa, li te retounen Twoas, kote l'te pase yon semèn avan l'te derape pou Jerizalèm. Nan lannwit avan Pòl te kite Twoas la, Li t'ap preche nan legliz la nan twazyèm etaj yon kay. Li te preche pandan plizyè èd tan. Rive byen ta nan lannwit. Yon jèn gason te chite arebò yon fenèt. Li t'ap kabicha epi li dòmi nèt ale. Li t'ap dòmi sitèlman, li te pèdi ekilib, li sòti nan twazyèm etaj la li te tonbe anba. Lè yo te leve l', li te mouri. Pòl te desann, li te pran l' nan bra l', epi li te di:

Nou pa bezwen pè, li pa mouri. Finalman li te gade anlè epi li te di: nou pa bezwen pè, li vivan.

Tout moun te kontan epi ansanm yo te desann sot anlè a.

Yo te kontinye sèvis la jouk solèy te leve. Aprè sa, li te pati pou Jerizalèm. Yo te mennen jènòm nan tounen lakay li, yo te toujou kontan paske li te vivan.

Pòl te pran batiman pou l'ale nan yon vil ki te toupre Efèz. Ansyen Legliz Efèz yo te al kontre avè l'la.

Li te pale avèk yo, li te di yo: "lavi mwen se te yon liv tou louvri pou nou. Mwen pa te kache nou anyen.

Nou te sibi pèsekisyon ansanm, men nan mitan pèsekisyon an mwen te kapab eksplike tout moun nan rejyon an Levanjil. Men kounyea mwen pra l'kite nou, mwen prale Jerizalèm. Nou p'ap janm wè m'ankò. Sentespri avèti m'prizon avèk anpil soufrans ap tann mwen. Mwen aksèpte sa, paske mwen vle akonpli sa Bondye vle nan lavi m'. Pòl te ankouraje yo pou yo viv pou Senyè a epi pou yo fidèl pou li. Aprè sa yo tout te mete ajenou ansanm, yo te lapriyè. Tout gwoup la te kriye, yo te anbrase l'. sa k' te fè yo lapèn plis, se paske l'te di yo: "nou p'ap janm wè m'ankò."

Pandan l't'ap kontinye fè wout li pou l'ale Jerizalèm, batiman te pase nan vil Ti, paske l'te gen yon pakèt chaj pou l'te debake la. Sa te pèmèt Pòl jwenn okazyon pou l' te rete la avèk kèk kreyen pandan kèk jou. Yo te di l': "Lespri Bndye te di nou ou pral sibi anpil pèsekisyon Jerizalèm."

Lè lè l'te rive pou l' te ale, tout legliz la te mache ale andeyò vil la avèk Pòl epi yo te ale nan pò a. Yo te mete ajenou ansanm bò rivaj la, yo te lapriyè ansanm. Li te monte abò batiman an li te ale.

Batiman an te kanpe nan pò Sezare a. pò ki pi prè Jerizalèm nan. Pòl te rete lakay Filip, yonn nan sèt premye dyak yo. Pandan l'te la, yon pwofèt te pran sentiwon Pòl epi li te mare men l'avèk pye l'. li te di: "Jwif Jerizalèm yo pra l'mare mèti sentiwon sa a epi yo pra l'remèt li bay payen yo."

Tout moun te enkyete lè yo te tandè sa epi yo te mande Pòl pou l'pa ale Jerizalèm. Li te di yo: "tanpri sispann kriye. Kriye n'ap kriye a ap fè m'kriye tou. Mwen pare pou yo mare m'pou Senyè a. Mwen pare pou m'mouri pou li."

Aprè kèk jou, Pòl te ale Jerizalèm. Lè l'te rive la, kreyen yo te resevwa l'ak kè kontan.

248- Grèv nan Jerizalèm

Travay 21:15- 22:30

Pòl te rankontre avèk ansyen yo nan legliz Jerizalèm epi li te fè yo konnen kòman payen yo te mete konfyans yo nan Kris. Yo tout te fè louranj pou Bondye lè yo te tandè sa.

Men aprè sa, ansyen yo te fè Pòl konnen sa ki te ba yo enkyetid, yo te di l' : "Kretyen Jwif yo panse w'ap anseye Jwif yo pou yo pa sèvi avèk Lalwa Moyiz la. Nou bezwen fini avèk rimè sa a. Gen kat moun ki te fè yon ve. Ou pra l'avèk yo, w'a patisipe nan sèvis y'ap fè pou mete tèt yo nan kondisyon pou sèvi Bondye ankò. W'a fè tout depans pou yo. sa va fè wè ou toujou ap obeyi Lalwa Moyiz la.

Pòl te dakò. Konsa li te fè ve a epi li te ale nan tanp lan avèk mesye yo. Sèvis la te dire sèt jou, Nan dènye jou a, kèk Jwif ki te sòti Efèz te wè Pòl nan mache a avèk yon kretyen payen ki te sòti nan menm vil avèk yo. Pita yo te wè l'nan tanp lan. Yo te kwè kretyen payen an te avèk li tou. Yo te rele: "vèn pote konkou, men nonm nan k'ap fè tout moun vèn kont nou an. Kounyèa, li fè moun ki pa jwif antre nan tanp lan."

Rapidman, foul moun yo te vèn tounen yon bann moun vyolan. Yo te mete men sou Pòl. Yo trennen l'deyò, epi yo te kòmanse bat li. Sòlda women yo te kouri antre nan foul la, pou yo te fè yo sispann bat li. Kòmandan yo a te mete Pòl nan chèn epi li te ba yo lòd pou yo mennen l'nan kazèn nan.

Foul la t'ap rele yo t'ap di: "tiye l'! epi yo te kòmanse avanse kote sòlda yo. lè sòlda yo te wè sa, yo te pran Pòl, yo te pote l'. Lè yo te rive nan kazèn nan, Pòl te di kòmandan an: "Èske m'kapab pale avèk foul la?"

Kòmandan an te sezi, men finalman, li te kite l'pale.

Pòl te kanpe nan eskalye a epi li te leve men l'anlè. Tout moun te vèn rete trankil. Li te di: "mwen te resevwa yon edikasyon totalman jwif. Mwen te fè wè jan m'te renmen relijyon nou an lè m' t'ap pèsekite moun yo ki te mete konfyans yo nan Jezi yo. Mwen te fè mete gason ni fanm nan prizon, epi mwen te menm fè tiye plizyè nan yo.

Yon jou mwen t'ap ale Damas pou m'te mennen plis prizonnye tounen Jerizalèm. Sibitman, yon limyè klere klere te antoure m'. Mwen te tonbe atè epi mwen te tandè yon vwa ki te di m: Sòl, Sòl, poukisa w'ap pèsekite m'?"

Mwen te di: "kilès ou ye Senyè?" Vwa a te di: "mwen se Jezi, nonm Nazarèt la- sila w'ap pèsekite a." Aprè sa, li te di m'antre Damas epi li va di m'sa pou m'fè.

Kon m' te rive nan vil la, yon kretyen te vini epi mwen te kwè nan non Jezi epi mwen te batize.

Mwen te retounen Jerizalèm. Mwen t'al priye nan tanp lan. Senyè a te pale avè m'ankò. Li te di m': "m'ap voye w nan peyi byen lwen, kote w va preche payen yo. Lamennm kon Pòl te di payen an, foul moun yo te vèn fache ankò. Yo te kòmanse rele epi yo t'ap voye pousyè tè anlè. Yo te voye rad yo atè, epi yo t'ap rele: "tiye l'! wete yon nonm konsa sou latè!

Rapidman, kòmandan an te fè mennen Pòl nan kazèn nan. Li te bay lòd pou yo bat Pòl, jouk li te reponn tout kesyon yo. Kon sòlda yo te pare pou yo te fè sa, Pòl te di yonn nan yo: "Èske lalwa pèmèt yo bat yon sitwayen women san jijman?"

Sòlda a te fè kòmandan an konnen sa toudswit. Kòmandan an te ale kote Pòl epi li te mande l'èske l'se yon sitwayen women.

Pòl te reponn: "wi mwen fèt yon sitwayen women."

Lamennm, sòlda yo te ki te pare pou bat Pòl yo te deplase kote l'. Kòmandan an te vèn pè pou pwòp lavi li paske l'te mete yon sitwayen women nan chèn- epi prèske bat li- san yon jijman nòmàl

249 - Konplo pou Tiye Pòl

Travay 22:30 – 23:35

Kòmandan an te vle konnen egzaktman sa ki te pwovoke dezòd bò tanp lan nan Jerizalèm nan. Konsa li te mennen Pòl devan konsèy Jwif la. Pòl te di: “frè m’yo, mwen kanpe devan Bondye avèk yon konsyans ki klè.” Lè l’tande sa, gran prèt la te bay yon moun lòd pou l’ba l’ yon souflèt.

Lè sa a Pòl te di l’: “ou pòtre yon miray blanchi avèk lacho! Se Bondye ki va frape w. ou vyole lalwa lè w bay lòd pou yo frape m’nan.”

Yonn nan mesye yo te di: “kòman w fè pèmèt ou pale avèk gran sakrifikatè Bondye a konsa?”

Lamenm Pòl te di: “Eskize m’, frè m’. Mwen pa t’konnen se te gran prèt la. Lèzekriti di: “pa pale mal kont moun k’ap dirije pèp la.”

Après sa, kòm li konnen konsèy la fèt avèk de gwoup moun ki pa t’kwè menm jan, li te sèvi avèk sa pou l’bloke yo. Te gen sadiseyen yo avèk farizyen yo. Sadiseyen yo pa t’kwè nan moun leve sòti vivan nan lamò. Yo pa t’kwè genyen ni anj ni espri. Farizyen yo kwè nan tout sa yo. Pòl te di: “mwen se farizyen, y’ap jije m’paske m’kwè nan moun leve sòti vivan ankò nan lamò.”

Lamenm de gwoup yo te kòmanse diskite, len t’ap rele sou lòt. Yonn nan yo te mete men sou Pòl avèk raj. Gen lòt ki t’ap chèche trennen l’deyò. Sòlda yo te al pote l’sekou pou yo pa t’dechire l’. Yo te mennen l’tounen nan kazèn nan.

Nan Lannwit lan, Senyè a te di Pòl: “pran kouraj. Menm jan ou te kanpe pale pou mwen Jerizalèm nan, se konsa tou ou va pale pou mwen nan lavil Wòm.”

Nan demen, karant mesye te reyini ansanm epi yo te fè yon ve. Yo te di: “nou p’ap manje, nou p’ap bwè tout tan nou pa tiye Pòl. Après sa, yo te di chèf relijye yo, yo te di: “di kòmandan an nou vle egzamine ka l’la pi byen. Kon l’rive toupre nou n’ap tiye l.”

Yon neve Pòl te konnen sa, konsa li te kouri al nan kazèn nan, li te fè l’konnen sa. Lè Pòl tand sa, li te rele yonn nan sòlda yo, li te di l’: mennen jèn òm sa a kote kòmandan an. Li gen yon mesaj pou li.”

Konsa, sòlda a te mennen neve Pòl la kote kòmandan an. Li te di: “prizonye a vle pou w tand sa jèn òm sa a gen pou l’di w’.”

Kòmandan an te pran jèn òm nan akote, li te di l’: “kisa w vle di m’?”

Li te di kòmandan an sa l’tè tand a egzateman. Kòmandan an te di l’: “ale, men pinga di okenn moun sa.”

Nan lannwit lan, kòmandan an te rasanble yon gwoup ki genyen ladann, 200 sòlda, swasantdis kavalye, epi desan sòlda avèk lans nan men yo. Nan lannwit lan, li te voye Pòl ale avèk yo. Yo te mennen l’Sezare kote yo te remèt li anba pouvwa gouvènè Feliks.

Kòmandan an te ekri lèt sa a, pou l’tè voye avèk yo. Li te ekri: “Jwif yo t’ap chèche tiye nonm sa a, men mwen te pote l’sekou, paske li se yon sitwayen Women. Mwen te voye l’devan konsèy jwif yo, men mwen te jwenn se te pwoblèm yo gen avè l’sou kèk afè relijyon. Finalman, mwen te konprann li pa t’fè anyen ki mérite lamò oubyen prizon. Kounyea, mwen te resevwa enfòmasyon te gen yon konplo pou yo tiye l’. Se poutèt sa mwen voye l’ba ou. Mwen voye moun ki akize l’yo tou pou w kapab tand ka yo a.”

Lè Pòl te rive Sezare, yo te mete l’nan palè Ewòd la, jouk moun ki t’ap akize l’yo te vini.

250 - Feliks, Festis Avèk Wa Agripa

Travay 24-26

Gran prèt la te ale sezare avèk kèk ansyen epi yon avoka. Yo te prezante ka yo a kont Pòl devan gouvènè Feliks. Yo te di: “nonm sa a se yon gwo nwizans pou pèp jwif la. Li mete dezòd tout kote l’pase. Kounyea, li te vini Jerizalèm, li pwofane tanp nou an.”

Pòl te defann tèt li. Li te di: “mwen pa t’fè anyen ki te mérite sa yo te fè m’nan. Se vre m’ap sèvi Jezi, moun Nazarèt la, mwen pa t’sanble yon foul moun epi preche yo. Mwen te sèlman ale nan tanp lan pou m’akonpli yon ve. Sibitman, san rezon, yon bann moun vyolan te kenbe m’epi yo t’ap chèche tiye m’. Se yomenm ki te dwe vini la a, pou yo defann tèt yo pou sa yo te fè a, se pa mwenmenm. Moun sa yo ki kanpe devan w la pa gen anyen kont mwen. Yo te menm dakò avèk mwen sou vérité prensipal la, ke Bondye kapab fè moun leve sòti vivan nan lamò.”

Feliks te tandè tou de gwoup yo, men li pa t’fè jijman. Li te panse Pòl te kapab peye l’kèk kòb pou l’tè lage l’. Men gouvènè a te bay Pòl libète pou l’wè zanmi l’yo. Feliks te rankontre avè l’plizyè fwa kote yo te pale sou konfyans nan Kris la. Yon lè li te tranble epi li te di: “mwen pa pare kounyea. Mwen va pran desizyon sa nan yon ki pi favorab.

Après de lane, Festis te vin gouvènè nan plas Feliks. Li te vle fè lidè jwif yo plezi, konsa li te di Pòl: “Èske w pa t’a vle ale Jerizalèm pou yo ka jije w devan m’ sou afè sa a?

Pòl te reponn li: “mwen dispoze pou m’mouri si m’mérite mouri vrèman. Men w’konnen mwen pa koupab pou akizasyon yo mete sou do m’yo. Poutèt sa, si w’vle voye m’Jerizalèm, mwen mande w’voye m’bay Seza.”

Festis te di: “bon, ou mande pou Seza tandè kòz ou a, ou pra l’dèvan Seza.”

Kèk jou aprè, wa Agripa avèk sè l’tè al vizite gouvènè a. Festis te pale de Pòl avèk jijman l’lan. Agripa te di li ta renmen tandè l’. Konsa, nan demen, te gen gwo foul moun ki te rasanble, epi yo te mennen Pòl devan gouvènè a avèk wa a.

Lè Pòl te antre nan sal la, se te yon bon okazyon pou li. Li te di: “mwen kontan kanpe devan w wa Agripa, paske oumenm ou konnen tout koutim jwif yo avèk kalite kesyon yo renmen diskite sou yo yo byen.

Mwen pa yon etranje pou jwif yo ki rete nan peyi Izrayèl. Yo te konnen m’dèpi m’tè timoun piti. Yo konnen mwen se yon farizyen epi mwen trè estrik konsènan lalwa. Poutèt sa, gen yon lè mwen te konn pèsekite moun yo ki t’ap sèvi nonm Nazarèt la.

Mwen te nan wout pou Damas lè yon limyè klere klere te fè m’tonbe atè. Lè sa a, mwen te tandè yon vwa ki te di: “Sòl, Sòl, poukisa w’ap pèsekite m’?”

Mwen te di: “Kilès ou ye, Senyè?” Vwa a te di: “mwen se Jezi, sila w’ap pèsekite a. Leve kanpe. Ou se sèvitè m’kounyea. Mwen pra l’voye w kòm temwen pou mwen – devan jwif yo epi devan payen yo.”

“Wa Agripa, mwen pa t’dezobeyi apèl mwen te resevwa a. Mwen deklare Jezi se Kris la tout kote m’pase. Mwen di moun yo pou yo chanje lavi yo, pou yo tounen vin jwenn Bondye.

Bon, poukisa jwif yo vle tiye m’ nan? Yo konnen Lèzekriti anseye ke Jezi te gen pou l’soufri, pou l’mouri epi leve sòti vivan nan lamò. Bòn nouvèl la sè ke li pote limyè pou tout moun, ni pou payen yo ni pou jwif yo tou.

Festis te rele li te di: “Pòl, w’ap pale tankou yon moun fou. Twòp lespri fè w pèdi tèt ou. Pòl te reponn, li te di: “mwen pa pèdi tèt mwen. M’ap di laverite epi wa Agripa ou konnen tout bagay sa yo. Wa Agripa, èske w’pa kwè sa pwofèt yo te di yo? Mwen konnen ou kwè yo.”

Wa a te fè l'fè yon ti rete, li te di l': "Èske w'panse pale w'pale avèk mwen pou kèk minit lan ka fè m'konvèti?"

Pòl te reponn li, kit mwen kapab kit mwen pa kapab, sa m'ta renmen jodia se pou tout moun ta mete konfyans yo nan Jezi menm jan avè m', eksèpte chèn sa yo. "

Pita, wa Agripa avèk gouvènè a te antann yo pou yo libere Pòl. Yo te di: "nou t'ap libere l'si l'pa t'mande pou l'ale devan Seza, konsa, se la n'ap voye l'.

251 - Tanpèt nan Lamè a

Travay 27

Aranjman te fèt pou Pòl te ale Wòm nan yon batiman. Yo te voye yon kòmandan avè l'ki te rele Jiliyis.

Li te trete Pòl byen, li te pèmèt li al wè zanmi l'yo, nenpòt lè l'te rive nan yon pò. Vwayaj la pa t'fèt rapid, paske lamè a te move. Aprè anpil reta avèk chanjman bato ki te fèt plizyè fwa, yo te vinn rive yon kote ki te rele Bopò nan zile Krèt. Livè te prèske rive, yo te dwe rete la.

Men kaptenn nan te vle fè kèk mil anplis pou l'te kapab jwenn yon pi bon pò. Tan an te klè epi te gen yon bon van ki t'ap vante. Pòl te di Jiliyis: "mande kapitèn nan pou l'rete la! S'il pa fè sa, l'ap pèdi batiman an avèk chaj la epi menm kèk moun kapab mouri." Kòmandan women an te panse sou sa Pòl te di a, men li te prefere pèmèt kapitèn nan deplase pou l'ale nan yon lòt pò.

Yo te kite Bopò epi yo te kòmanse navige bò kot la. Sibitman yon tanpèt van te pouse batiman an ale pifon nan lamè a. maren yo te goumen kont van an, men tanpèt la te vinn pi rèd. Finalman kapitèn nan te sispann goumen kont van an epi li te oblije kite van an pote l'ale.

Aprè plizyè Jou nan tanpèt la, maren yo te jete chaj ki te nan batiman an nan lamè. Nan demen ankò maren yo voye tout aparèy batiman an jete nan dlo avèk pwòp men yo. Yon lè tout moun te panse yo t'apra l'mouri. Yo pa t'wè ni solèy ni lalin pandan plizyè jou. Yo pa t'janm manje anyen.

Pòl te kanpe devan moun yo, li te di: "mwen te di nou pinga kite pò a. nou pa t'koutè m', men kounyea mwen gen yon bòn nouvèl pou nou. Yon anj te parèt devan m'yèswa avèk yon mesaj ki sòti nan Bondye, li te di: "ou pa bezwen pè! Ou va parèt devan Seza. Okenn moun ki nan batiman sa a p'ap mouri. Sa Bondye di se laverite.

252 - Nofraj nan Ale Wòm

Travay 28

Après 14 jou nan terib tanpèt sa a, batiman Pòl te ladann nan te fè nofraj nan yon pil sab, nan lamè a bò zile Malt. Tout moun te ale atè. Moun nan zòn nan te vèn ede yo. Yo te sanble dife paske, lapli t'ap tonbe. Epi te gen anpil freddi.

Pòl t'ap ede sanble bwa. Pandan l't'ap mete enpe nan dife a, yon sèpan ki te gen pwazon nan kò l'te mòde l'nan men. Pòl te jete bwa a, men sèpan an te rete kole nan men l'. Moun nan zòn nan te di: "a li se yon gwo kriminèl! Li te chape nan nofraj la, epi men jistis Bondye ap pousib li toujou."

Pòl te sekwe sèpan an, li te lage l'nan dife a. Yo t'ap tann pou l'vèn anfle oubyen pou l'te tonbe mouri frèt. Aprè kèk tan, yo te vèn konprann li p'ap mouri. Lè yo wè l'pa t'mouri, yo te di li se yon dye. Gouvènè zile a te louvri kay li epi li te fè pwovizyon pou moun yo ki te fè nofraj la. Pòl te tandè ke papa gouvènè a te malad epi kouche nan kabann. Li te ale epi li te mete men l'sou tèt li. Li te geri lamennm. Nouvèl sa a te gaye nan tout zile a. Aprè sa, moun yo te kòmanse mennèn lòt moun malad ba l' pou l'te geri yo.

Yo te rete Malt jouk livè a te fini. Jiliyis te chèche plas pou yo nan yon batiman ki t'ap ale Wòm. Lè yo t'ap prepare pou yo ale, moun yo nan zile a te pote pou yo tout sa yo te bezwen pou vwayaj la.

Lè yo te rive Wòm, yo te mete Pòl nan yon kay kote l'te rete, jouk li te al jije devan Seza. Li te toujou gen yon sòlda bò kote l', men li te toujou lib pou l'resevwa zanmi ki vèn vizite l'. Kreyen yo nan Wòm te byen resevwa l'epi yo te ankouraje l'.

Li te voye yon lèt bay lidè jwif yo nan zòn nan. Li te rakonte yo sa k'te pase Jerizalèm epi poukisa li Wòm. Yo te jwenn ansanm epi yo te pale konsènan wayòm Bondye a. yo t'ap diskite tout jounen jouk rive ta nan aprè midi. Gen nan yo ki te kwè nan mesaj la, gen lòt menm ki pa t'kwè. Pandan yo te pare pou yo ale, Pòl te di yo: "pwofèt la te gen rezon lè l'te di: "nou va tandè, men nou p'ap konprann, nou va gade, men nou p'ap wè. Enkredilite nou fè zòrèy nou bouche epi kouvri zye nou. Nou mèt kwè sa- payen yo ap tandè epi y'ap wè, epi Bondye va padone peche yo."

Pòl te rete nan kay la pandan de lane, li t'ap tann jijman an. Pandan tan sa a, li te resevwa anpil vizitè, epi li te preche Levanjil Kris la. Pèsòn pa t'anpeche l'fè sa.

253 - Onezim

Filemon 1

Onezim se te yon esklav ki te sove kite kay mèl li Filemon. Li te ale Wòm epi li te kontre avèk Pòl ki te ede l'vèn gen yon relasyon pèsònèl avèk Jezikri. Onezim te rete avèk li epi li t'ap ede l'nan ministè l'la. Probableman li te konnen lè a te rive pou esklav ki te sove kite kay mèl li a tounen al jwenn mèl li. Pòl se te zanmi Filemon, se poutèt sa, li te ekri l' lèt sa pou pou l' te ede l' rekonsilye avèk Onezim, li te di:

Filemon - bon zanmi m'nan- mwen salye nou, fanmiy ou epi legliz la ki lakay ou a. Mwen priye tout tan pou nou. Mwen di Bondye mèsi pou lanmou ou genyen pou Senyè Jezikri a avèk pou zanmi kreyen yo. Kouraj moun ki konn kontre avèk ou yo remonte nan konfyans yo nan Bondye.

Chè frè, ou konnen m'byen. Mwen pa janm ezite pou m'di w yon bagay nòminal nan sa k'bon ou sa k'pa bon. Mwen toujou fè w sonje vit sa pou w fè nan Kris la. Men mwen p'ap fè sa fwa sa a. M'ap mande w yon sèvis pito.

Reflechi byen sou sa nan lespri w. mwen se yon vye granmoun ki nan prizon, poutèt Jezikri. Nan feblès mwen, Bondye te voye yon èd pou mwen ki te rele Onezim - yon nonm ki te fè w soufri epi chagren. Men, Bondye te voye l'ban m'epi li te fè m'kapab mennen l'bay Jezi. Li te remèt lavi l'bay Kris epi li te vèn tounen yon èd enpòtan pou mwen.

Nan yon fason, se kòm si se te oumenm ki te voye l'vèn ede m', paske ou pa t'ka vèn fè sa pou mwen oumenm. Mwen pa konnen kijan m' pra l'fè pote chaj la san limenm. Men ni mwenmenm ni limenm nou konnen li dwe tounen al jwenn ou. Li t'ap ede m'nan plas ou, men nou pa t'gen pèmisyon w.

Koute sa byen, li te yon esklav initil lè l'te sove kite w la. Kounyea l'ap tounen tankou yon frè itil nan Kris, yon travayè ansanm avèk ou nan ministè a epi yon bon zanmi m'. Re Resevwa l'avèk amou, lè l'retounen lakay ou.

Bon, pou sa li te pran pou ou yo – ou mèl mete yo sou kont mwen. M'ap peye w yo mwenmenm. Mwen pa vle fè w sonje ou dwe m'lavi.

Tanpri souple resevwa l'kòm si se te mwenmenm ou t'ap resevwa. Sa fè m'kontan anpil lè m'tande ou te aksèpte Onezim tounen lakay ou epi nan lavi w.

Men, kisa m'ap di w konsa? Mwen konnen w'ap fè sa, e menm plis ke sa.

Anmenm tan, prepare chanm vizitè w la pou mwen. Mwen konnen w'ap priye pou yo lage m'nan prizon an epi pou m'retounen al vizite w. Mwen konnen Bondye va tandè lapriyè w yo.

Salye tout bon zanmi m'yo ki la. Se pou benediksyon Senyè nou an, Jezikri, toujou l'avèk nou.

254 - Nouvèl Syèl Avèk Nouvo Tè a

Revelasyon 21

Bondye te montre Apòt Jan an evenman mèveye ki va fèt nan tan fiti a. Bondye te mande l ekri sa l te wè, poutèt nou kapab li l. Jounen jodia nou rele l liv Revelasyon an. Nan fen liv la, Jan di, ...

Sibitman, mwen reyalize ke tout sa m wè a, tou nèf. Mwen voye zye m gade syèl la, epi ansyen syèl ki te la pa la ankò. Se yon nouvo syèl ki ranplase li! Mwen voye zye adwat agòch epi ansyen tè a pat la ankò. Se yon nouvo tè a ki ranplase l, epi nouvo a pa genyen lanmè ankò!

Mwen te leve zye m'anlè epi mwen te wè yon vil sent, ki t'a vini sòti kote Bondye ye a nan syèl la. Se te nouvèl Jerizalèm nan. Li te bèl anpil. Li te tankou yon madanm ki byen abiye pou mari l' nan jou maryaj la.

Après sa, mwen te tande yon vwa. Li te di: "gade, Bondye pral rete avèk pèp li a! li pral Bondye yo epi yo va pèp li. Li pral siye tout dlo tristès nan zye yo. L'ap mete lamò, kriye, tristès avèk doule deyò. Tout bagay ap vinn diferan."

Après sa, Bondye te di m': "tout sa w wè yo se laverite. Tout bagay ap vinn nouvo. Mwen se Alfa avèk Omega, kòmansman avèk lafen an. Mwen bay yon sous dlo vivan pou moun ki swaf yo. Mwen se papa moun yo ki te delivre yo. Se pitit mwen yo ye, epi mwen te ba yo laviktwa.

Men sila yo ki pa t'kwè yo, se lach avèk mechan yo ye. Moun k'ap pwatike maji yo, moun k'ap fè dezòd lachè yo, kriminèl yo, moun k'ap sèvi idol yo ansanm avèk tout moun ki pa renmen laverite yo, men ki pito manti a. Lè m' fin fè sa m'ap fè la, m'ap voye yo tout nan letan dife a. Sa se dezyèm lamò a."

Après sa, yon anj te vinn kote m', epi li te di m': "vini epi m'ap fè w wè pi byen."

Li te Mennen lespri m'sou yon mòn ki wo, pou m'te kapab wè vil sent lan ki t'ap desann sot nan syèl la. Nouvèl Jerizalèm nan te abiye avèk laglwa Bondye a, li te klere tankou bijou kit e gen anpil valè. Miray li yo te gen douz pèt, twa nan chak kote. Pèt yo te gen non douz tribi Izrayèl yo, epi fondasyon vil la te gen non douz apòt yo. Tout te fèt avèk wòch ki gen anpil valè.

Yon anj te mezire vil la. Li te genyen 1500 mil nan chak bò, tankou yon gwo kib. Miray yo te fèt avèk jasp... epi tout ri vil la te fèt avèk lò. Pèt yo se te douz pèl...

Pa t'gen lanp nan vil la, paske Bondye avèk timounton an te sèvi kòm lanp. Moun ki te lavil la pa t'bezwen ni solèy ni lalin pou klere yo paske laglwa Bondye se te limyè yo epi ti mouton an se te lanp yo.

Pèt yo te toujou louvri paske li te toujou fè jou la a. Tout nasyon yo kapab ale la nenpòt lè. Men pa gen plas la pou moun yo ki mechan yo epi ki sal yo. Sèlman moun yo ki gen non yo ekri nan liv lavi ti mouton an gen dwa pou yo antre nan vil la.

255 - Nouvèl Jerizalèm nan

Revelasyon 22

Jan kontinye esplike tout sa li wè nan nouvo vil Jerizalèm nan.

Pandan m't'ap gade nouvèl Jerizalèm lan, anj lan te montre m'rivyè dlo lavi a. Li te klè tankou kristal, epi li t'ap koule sòti nan twòn Bondye a avèk ti mouton an. Li t'ap koule desann nan mitan ri prensipal la.

Pye bwa lavi a te sitiye nan toulè de bò rivyè a. lit e gen douz kalite fwi ladann epi li te bay yon rekòt chak mwa. Tout nasyon te ale nan pye bwa a epi yo te jwenn bon jan gerizon nan fèy li yo. Se lè sa a mwen te rive konprann anyen p'ap modi ankò.

Sèvitè Bondye yo te ale devan twòn li a epi yo te adore l'. Li te pèmèt yo gade epi wè fas li, non li te nan fron yo.

Pa t'gen lannwit nan vil la. Konsa, moun yo pa bezwen ni limyè solèy ni lanp ankò. Senyè Dye a limenm li va ba yo limyè. Li va gouvène kòm Wa dè wa e Senyè dè senyè.

Mwen t'ap gade tout bagay sa yo, lè anj lan te vire bò kote m', li te di: "sa w'ap gade yo va akonpli rapidman. Moun ki li sa w te ekri yo va beni."

Nan moman sa, mwen te mete ajenou pou m' te adore anj lan. Anj lan te sezi. Li te di: "pinga fè sa. Mwen se yon senp sèvitè menm jan avè w. Adore Bondye."

Après sa, li te di: "koutè sa byen. Sa w te ekri yo trè enpòtan. Fè fason pou moun yo li l'. Pa enkyete sou jan yo va reponn, kite sa nan men Bondye."

Sibitman, mwen te tande Jezi t'ap pale avè m'. Li te di: "m'ap vini, e lè m'ap vini, m'ap vini vit! Mwen va bay rekonpans pou sa chak moun fè. Mwen se Alfa e Lomega, pwemye a avèk dènye a, kòmansman tout bagay epi lafen tout bagay (aboutisman tout bagay).

Mwen va beni moun yo ki prepare pou vini m'lan. Mwen envite yo pou yo vèn manje nan pye bwa lavi a. Yo va kapab antre nan pòt vil la epi antre andedan l'.

Mechan yo p'ap antre la, yo va rete deyò.

Mwen te voye anj sa a kote w. mwen te mande l' pou l' montre w bagay sa yo. Mwen sòti nan ras David la. Mwen se bèl etwal k'ap klere chak maten an."

Sibitman, mwen te tande: "Lespri Bondye a ansanm avèk Lamarye a te di: "vini non Senyè Jezi!"

Se pou tout moun ki tande sa di: "vini non Senyè Jezi!"

Mwen te tande ankò: "Si ou swaf vini! Vini epi bwè nan dlo lavi a."

O chè zanmi mwen yo. Fè atansyon sou sa w'ap fè avèk liv sa a. Bondye va jije w dapre jan ou sèvi avè l'. Pinga mete sa k'pa ladann. Pinga w retire ladann epi chwazi kwè sa w vle kwè. Li totalman vrè.

Pandan m't'ap ekri liv sa a, sibitman mwen te tande Jezikri ki t'ap di: "genyen yon lòt bagay ki vrè.

M'ap vini ankò - epi se avan lontan."

Mwen te di: "Amèn ! Vini Senyè Jezi!"